A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

ЖОЛМУРЗА
АЙМУРЗАЕВ

Мэнзиллер

ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ

МӘНЗИЛЛЕР

Роман

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1991

84 кар 7 Аймурзаев Ж.
А—39 Мәнзиллер: *роман*—Нөкис:Қарақалпақстан, 1991, 260-б.

Өзиниң сексен жыллық мерекесин өткен жылы белгилеген ақсақал жазыўшымыз торқалы тойына саўғалы келди.

«Мәнзиллер» —оның көп жыллық изленислериниң жуўмағы. Көзи менен көрген, кеўилге түйип қалған қыянкести ўақыяларды автор жуўмақластырып, Қарақалпақстанда революциялық ҳәрекеттиң бленыўын, ондағы рус большевикларының ролин, жергиликли революционерлердиң өсип жетилиўин, рабочий класстың қәлиплесиўин, совет властын орнатыў, бекемлеўдеги тарийхый процесслерге өз көз-қарасынан баҳа береди.

Тарийхта аты қалған адамларға, бир қатар ири ўақыяларға да жазыўшы өзинше жантасады. Оны қалай қабыллаў оқыўшының өз еркинде.

4702270201—051
А 20—91
М—357(04)—91
ISBN—5—8272—0691—1

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1991

На каракалпакском языке

Аймурзаев Жолмурза Мурзаевич

ДАЛИ

Роман

Издательство «Каракалпакстан»
Нукус—1991

Редакторы **А. Халмуратов, А. Нурлепесов**
Художниги **К. Рейпназаров**
Худ. редакторы **А. Әметов**
Тех. редакторы **К. Бекниязов**
Корректоры **Т. Сейданова**

ИБ 3778

Териўге берилген ўақты 20.10.1990-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 10.04.1991-ж. Қағаз форматы 84x108¹/₃₂. Типографиялық қағаз № 2. Әдебий гарнитура, кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 11,25 баспа табақ, 18,9 шәртли баспа табақ, 18,96 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Заказы 177. Баҳасы 3 м. 90 т.

«Қарақалпақстан» баспасы. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚСР баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Биринши бап

АЛДАНҒАНЛАР

Түлкиликтен алдына адам салмайтуғын Қулбай жүрген жерinde бажасының тәрийпин дәстан ете-ете, ақыры дийдине жетти. Байдың дүньясы, дүньясы ғана емес, оның жарлы-жақыбайға мийрим-шәпәҳәти, адамгершилиги, инсаплылығы ҳәм қолы ашықлығы ҳаққында жерине жеткерип тәрийплеўи онысыз да ашлықтан тирсеги қағысқан кәмбағаллардың Маталақ байдың дарғайына шубырысып келиўине себепши болды.

Гейде Қулбай: «алғанға да береди, алмағанға да береди», «Кеўли ашық, қолы жазық адам» деп Маталақты мақтап отырып, өзиниң өтиригине өзи де ишенип кете жазлайды. Кейин: —«Әй; өзиңди бас! Мен билген Маталақ болса сала қулаш қылып қудайдың өлимин берер», —деп қояды ишинен.

Қулласы-кәлам, усындай инсаплы байдың есигинде жүрсек «еплеп халық болып кетермиз» деген талап керлер көп екен. Әўели Қоңыраттан Айтмурат келди. Оның изин ала жыртық шапанын сүйретип Сейит, Нийшан қаладан Бегжан жалаң аяқ, Шымбайдан Шымберген келди. Сатлық тоғайынан бажбан менен оңыспай жүрген Сапар, Сейтмуратлар да бала-шағаларын ертип таяр болды. —Урыўласым екенсең, жат жерде қаңғып жүрме, —деп Қурбанды Төрткүлден Маталақтың өзи алдын ертип әкелди.

Бас-аяғы бир-еки айдың ишинде отқа айдаса да, суўға айдаса да, «яқ» демейтуғын қырық дийханның басы жәмленди. Қатын-қалашы, үрпе-шүрпелери тағы бар.

51668

Құлбай оларды ертип елден жырақтағы, өткен гүзде байдың бурынғы дийханлары таслап кеткен гөне төлелерге апарып орналастырды. Бул Маталаққа қараслы «Қуўлы көл» диң партаўы еди.

Есабына пүтин Құлбай усы этирапқа салы егилсе әрре туратуғынын биледи. Қол күши керек болса, мине, ол да тайын.

—Сизлер малай емессизлер! Ағайин болыўға келгенсизлер. Байға қол ушы көмек бересизлер. Хызметиңизге ылайық ҳақы аласыз.

Құлбай сырты тери менен тысланған дәптерине бала-шағаларын-әм қосып, қырық дийханның жер—малын жазып алды. Кейин кимге қандай нәрсе-қара зәрүрлигин сорады. Қазан-табақтан баслап, көрпе-төсеклик шыт-шуберек, тайпахта, ҳәттеки, ийне сабаққа шекем берди.

—Ал, қарын жағы қалай? —деди ол қуўақылана көзин қысып. —Сырнай шығар?!.

Қасындағы шабарманларының бирин бай аўылына шаптырып, арба менен дән алдырды. Оны да үлестирип болды. Кейин:

—Маталақ бай ҳәзир сапар да жүр. Үлкен-үлкен бес шәҳәрде бес мәкан жайы, сарайы бар. Кемис-күмтығыңыз болса меннен питкересизлер. Хызметти де меннен аласызлар.

Құлбай берген нәрселериниң ҳәммесин қағазға түсирип, бармақларын бастырып алды. Гезек Айтмуратқа келип, оның да бас бармағын сыяламақшы болып атыр еди, ол қамыс қәлемди қағып алып, арап ымласында қолын қойып берди.

—Хат —саўатың бар ма?! —деди түри кеткен Құлбай. Өйткени, қағазға түсирилген атлардың санында азы-кем қолы суқлық етип қойған еди. Тери тыслы дәптерди қойнына муқыятлап салды да ол өзиниң албырағанын билдиргиси келмей:

—Хат —саўатың болса жақсы екен... Ети тири жигитке усайсаң. Бүгиннен баслап, усы қырық ағайиннің одан басысаң, —деди оңашалап.

—Келистире алмаспан...

—Өзим жәрдемлесемен... Ал, оданбасы, анаў қырдың астында байдың қойы бар. Шопанға барып, «Құлбай ағаның еки текесин бер» дейсең. Алып келип бүгин бир ыссы сорпа ишиң. Ертең... партаўдың шеңгелин шабыўға шығарсызлар.

Құлбай ишинен «буным мақул болды, оқыған адамнан түрли бәле шығады, өзин өзине жегизейин» деп қойды. «Тырып ете алмайды».

* * *

Терисн сүйегине қатып, қабырғасын емин-еркин санаўға болатуғын еки қотыр текени айдап келген Айтмуратқа ҳәмме аң-таң қалып қарады. —Урлық па, —деп биреўи гүманланса, малдан адасып қалған ба деп шамалады тағы биреўи.

Айтмурат еки текениң жағдайын түсиндирди.

Текелер сойылып, ети қырық үйге бөлинди. Көптен гөш жемеген еркеклердиң езиўше күлки үйирилди. Көптен қазанға ет аспаған қатынлар бирден яўқылдасты. Гөшти қазанға салыўдан биреўлери тезлик менен шигиннен гүртиклик қамыр ийлеп, тағы биреўлери жең түрини жүўери желпип, дигирман тартып ун етиўге киристи. Үйдегилердиң қарап отырғаны жоқ. ең болмаса шөпшек терип, қазан қайнатып атыр.

«Жарлының бир тойғаны шала байығаны» —деп қотыр текениң гөши жарлыларды бир тойдырды. Аўқат пенен үйқы егиз, қарны тойған адамлардың қабағы қалынласа баслады. Еркеклер тис шуқлап, биразы майданға шығып, жан-жағына қарады. Ал, биразы ет жеп болғаннан-ақ:

—Төсек сал қатын! —деп уйқының қушағына кирди.

Құлласы Құлбайдың берген қотыр текелери буларға шеп болмады. «Сөйлегенде Ораз ҳақ, ертеңге қудай разақ» дегендей бүгинги сорпаның он еки мүшени болбыратып, қара терге шомылдырғанына ырза болды. «Не болса ол болсын, бала-шағаға саўын болсын» дегендей теке болса гөр болсын, денемизге дәрман бергендей сорпасы шын-шын терге батырды» деп ғаўқылдасты бир-бирине.

Ҳәркимниң өз дәрти бар. Қара қотырға батқан қос теке бир күни өлип қалып, мойныма түсе ме деп уўайымлап жүрген шопан, қайғыдан қутылды. Өйткени, Құлбай жайлаўға барған сайын шопаннан: теекелер, қотыр текелер өлмеди ме, тириме?! —деп сорап турар

еди. Соған қарағанда: —усы текелер өлсе, өзи көтерем арық болса да, семиз текениң баҳасы менен төлеймен-аў. «Жоғалған пышақтың сабы алтын» деген бар ғой, —деп шопан бала шырт уйқысынан оянар еди. Текениң аман кеткенине шопан қуўанды, текениң сорпасына қанып, етине тойғанына булар қуўанды.

«Қуўлы көл» деп, дийханлар беттеп қайтыўдан Қулбай Маталақтың салқын сарайына кирген еди. Дийханларға берилген қәрежетлердиң изине еки қотыр текени де еки жасар еки серке деп тиркеп қойды. Маталақтың Шымбайдағы ғәзийнеханасының, ғәлле-ханасының гилти, бийлиги усы Қулбайдың қолында. Өмир шерик дүнья шерик болғаннан соң, елди қалай алдап, ерди қалай жумсаўдың тәсилин еки бажа жақсы биледи.

Қулбай домбай қара, иснк қабақ, қана сақал жалбыраған қалың қаслы, жалпақ бетли, бирақ мурны шымшыған қамырдай пушық адам. Жалпақ бетиниң қақ ортасындағы пушық мурнының еки тесиги былай қарағанда дызылдаўықтың ининдей көринеди. Оның ырас аты Қурбанбай еди. Қурбанбай Маталақтың Төртқүлден Шымбайға кәрўанын тартты. Әўеле арба кеш болса, соңынан исенимли адамы болды. Пайда шерик болып байып кетти. Қарны тойды. Семирди, жақсы кийинди. Дүнья жыйды. Қалтасы ақшаға толды. Кейнинде оны айтқанынан бир ели шығалмайтуғын дәрежеге жетти».

Не ушын Қурбанбай —Қулбай болды дерсиз? Қурбанбай қой аўзынан шөп алмайтуғын бала еди. Соңғы уақытлары қозыдай жуўас жигитимиз қасқырға айланды. Бирдейине пайыў —пияда жүретуғын жигит жорға минип, журтты қақтырып кететуғын болды. Жазықсызға азап—ақырет бериў, базар күнлери тал түсте «меники туўры» деп бүлгиншилик салып, көпшиликти бүлдиретуғынды шығарды.

Ийт таластырыў, қошқар дүгистириў, жорға жарыстырыў, қораз урыстырыў, ешек таластырыў, түйе төбелестириўди кәсип ете баслады. Гилең қалтаман, жалатай, қақайларды изине ертип алды. Қолынан не келсе, қонышынан басты. Қошқары жеңилсе де, жорғасы жолда қалса да байрақты басып алатуғын дәрежеге жетти.

Бийзар болған халық: —Бул қутырған қул. Еле

қудыққа да қармақ салады. Қурбанбай емес, Қулбай, бул, —дести.

Қурбанбай ериң бурынғы,
Қулбай болдың қурып қал!
Жыйнадың гилең урыны,
Гөринде тик турып қал!

Деген қосықты шығарған адамды Қулбай излеп қумбыл болған. Аўылларды аралатып аңлытып адам жибертип, қосық жазған адамды таба алмай тыпыршыды Қулбай. Ел —еллигин етип, оның кимлигин айтпады. Соның арасында журтшылық арасында мынандай да қосық тарады:

Бир «қудайға» мың пайғамбар бағынар,
Бағынарда баўырын төсеп жағынар,
Жылағанда көзинен жас ағылар,
Қулбайда мың түрли ҳийле бар екен.

Мийрим —шапаат жоқ қылған исинде,
Зулымлықтың зәҳәри бар түсинде,
Азанда ас ишсе, тояр песинде,
Қарының қаплаған жылан бар екен.

Маталақ бай ма еди, сениң бир дайың,
Оннан да байыўдың таптың қолайын,
Дүнья —малың дүзде қалған қудайым,
Деген тилек ҳәр бир үйде бар екен.

Жәлладлары қосықтың ийесин таба алмағаннан кейин өзи қосық жазған адамды көзим менен көрип, қолым менен услап, жер менен жексен етемен деп атына минди.

Ашыў кернеген Қулбай, аўылма —аўыл жүрип тың-тыңлады, бирақ қосық жазған адамның өзин таба алмады.

Суаттағы падашылардан, қырда қой бағып жүрген қойшылардан төбениң басында, теректиң саясында, жаптың жағасында, дүмпешктиң үстинде, тоғайдың ишинде, усы қосықты айтып жүрген, жаңлаған даўысларды ғана еситти. Қосықтың қуўатын тоқта

тыўға Қулбайдың құдireти келмей, қаралай өшип үйине қайтып келди.

Ашыўға минген Қулбай үйиниң ишин пәтеңге келтирди. Аш қасқырдай ҳәр кимге алып умтыла бергеннен соң:

—Елдиң аўзын тыйыў «айды шалғайының менен жаба алмайсаң» деген менен барабар. Ағасы, күйип-писе берме. Қисилердиң кеўлине тийип қәйтесең, — дегени ушын жанынан бетер жақсы көретуғын, қуралай көзли ҳаялы Қурбанайды да жерден алып —жерден салды.

Күйип-писип, парты шығып отырған Қулбайдың үстине ат қосшылары менен Маталақ кирип келди. Орнынан ушып турып, бас ийип, қол қаўсырыў, өзи семиз адамға, аңсат болмайды.

—Яшыуллы, кеширеғөр, кеше Шымбайға келди деп еситип едим?

—Барыўың керек еди, Хожамурат байдың үйинде зыяпат болды.

—Сизиң даңқыңызды, сақый жүрегиңизди еситип қырық еркек, қырық қатын келди. Солардың ҳәлекшилигинде...

—Олар қайда?

—Барлығын «Қуўлы кел» деги жер төлелерге бе-наластырдым. Әлле қашан салы егетуғын парғаўлардың шеңгелин шабыўды баслап жиберди.

—Онда бармағаның тийимли болған екен.

—Барлығын қамырдан қыл суўырғандай етип келистирип жибердим.

—Өзиниздиң мектептен шыққансаң, ақыры!

—Шәкирт устазына усамаса бола ма, бажа? услай берме...!

—Жоқ, бажа, майлы жағы сизики-ақ болсын, майсыз жағы да бизге жетеди. Әбзели, сизден қалғаны-ақ бизге болып атыр, —деп күлди Қулбай.

—Майсыз жилик аўзыма татымайтуғынын билип-сең.

—Тисимиз шыққан баламыз...

—Дурыс, Қурбанай, бул не, қабағың жаўар булттай түнерипти?

—Қәйдем.... шаршаған шығарман, —деди балдызы.

—Шаршама, жақында Толғанайдың қасына алып кетемен.

—Рахмет, Төртқулды көрсем әрмансызбан...

Маталақ Қулбайға бурылды:

—Қәне адамларды көрейик?...

—Кеше аттырып келген он қырғаўылым бар, соннан қуўырсын, биротала жеп барайық!

—Қурбанай қуўыра берсин, бизлер барып көрип келейик.

Аўқат жөниндеги мәселени усылай шешти. Өзлери атланып, Қуўлы көлге қарап жүрип кетти. Боз жорға менен жийрен жорға жарысқа түскендей сентелеп тасланып киятыр. Жаныўарлар жылаў қақтырмайды, қамшы силтеттирмейди. Жолдың тегис жерлерине келгенде төрт аяқ келеп ағаштай керилe тасланады. Суўлық шайнап оқыранып, еки мурны парылдап, жол таласқандай қос жорғаның үстиндеги еки «бай патша» шалқайып тасланып ширенип отыр.

Ат қосшылар булардың сөйлеген сөзлери жетер-жетпес изиректе киятыр. Көз ушынан Қуўлы көлдиң қубла жағындағы тораңғыллар көрине баслады. Тораңғыл көрингеннен кейин, изде киятырған еки ат-қосшы атларын қыстастырып, Маталақ пенен Қулбайдың қубла жағындағы жолдан айланып, булардың алдына түсти. Маталақ еки ат қосшыға да, «ҳәмме ўақыт той -тамашаға, мереке-мәжилиске ямаса қалың халыққа барсам, мылтықларыңды тақымға қысып, мениң алдымда барың» деген еди. Сол сөз бенен еки ат қосшысы Маталақ пенен Қулбайдан бурын Қуўлы көлде ислеп атырған адамлар арасына барып тоқтады.

Ҳә, демей-ақ Маталақ пенен Қулбай да қулдыраўы менен дийханларға жетип келди. Булар келиў менен адамлар бирден уйлығысты. Қолларын көкирегине қойып, бас ийип, тәжим етти. Маталақ мыйығынан күлип турып,әбжиллик пенен алғыс айтты. Ҳәмме бирден ғаўырласпастан тик турып, ҳаялы-еркеги жапырла жан-тәни менен сәлемлести. Маталақтың мыйық тартып турғанын көрген Қулбай дәрриў қызара бөртип күлгенге усады. Аўзы ашылған ўақытта мурнының тесиги тарайып кетти.

Маталақ мүләйимлық пенен еле басын екшеп тур. Бираздан кейин жүзине жымыйысып күлки үйрилди де, ҳәммени шолып кетти.

Кейин:

—Ҳармаңлар! —деди қуўанышлы адамға усап Маталақ. —Бар болыңыз! —деди турған адамлар бирден даўыс қосып.

—Аўҳалларыңыз қалай? —деди Маталақ уламаға тән жумсақ даўыс пенен.

—Жаман емеспиз баяр аға, —деди бир даўыс.

—Жер жақсы екен, —деди тағы биреўи.

Жер—жақсы да, өгизлер арық, —деди тағы биреўи.

—Азықты таўысып жүрмиз....

—Шигинимиз де таўысылды...

—Бийдайдың уны берекетли болады деп еди...

—Бийдай қайда, саған?!

Жүўери болса да болар еди?...

—Арпаның унын айтса?!

—Тоқтатыңлар, шаўқымды! —деген Қулбайдың даўысы заңқ ете қалды. Қырғый шапқан шымшықтай адамлар тым-тырыс болды.

Қулбайдың қаҳәрли даўысына Маталақтың қайыл болмағаны түри-түсинен белгили еди. Бажасына ала көзленип қарап қойды.

—Уа, ағайинлер, мүтәжиңизди биреўиниз айта аласыз ба?!

—Айта аламыз! —деди Айтмурат.

—Қәне, берирек кел, айт, иним!

—Адамлардың айтқанларының барлығы да керек.

—Тағы да?

—Усыманға келгели қотыр текениң ғана етин жедик. Аўыр мийнет еткен адамлар, анда-санда сорпа ишип турмаса күш-қарыўы болмайды екен.

—Дурыс, —деп мақуллады Маталақ.

—Ал, өгизлер гүндени тарта алмайды.

—Оларға не бәле көринипти?!

—Арық, тамға сүйеп қойғандай. Жерлер ғой отлақлы, Билмедим буларды қайда баққанын....

—Жаман екен...

Маталақ Айтмураттың сөзине тағы да жортағамыйық тартып, көзабаға алғыс айтқан болды да, Қулбайға: —адамлардың айтқанлары дурыс. Тезлик пенен телекте турған бийдай, жүўерилерди, анаў күни Лепесбайдан алған ақ унлардан бергиз. Бурынғы жатқан гүриштен бергиз. Булар да палаў жесин. Май бергиз, теке берме, қой-ешки бергиз. Өгизше бергиз.

Ал өгизлердиң арықларын падаға айдаттырып жибер де, атаўдағы маллардан бурын қосқа қосылған, арбаға жегилген, шығырға айдалған семиз, күшли өгизлерден бүгин түн менен алдырып бер. Булар истен қалмас ушын қатыны-еркеги болып ишки жап-салманың қазбағы керек. Бола ма, ағайинлер, —деди Маталақ халыққа жалт қарап.

—Болады, хожайын! —деп адамлар гүў ете қалды.

—Қулбай, адамларға жуўап бериң, ислерине барсын.

—Жумысларыңызға барыңлар!

—Ҳаял-қызларды алып қал! —деди Маталақ және: —Қатынлар, қайда барасызлар, тоқтаңлар! Қатынлар байларына жалт қарады. Сөйтти де турып қалды.

—Берманырақ келиңлер! —деген Маталақтың сөзинен кейин ҳаяллар үрпейисип ҳәрқыйлы ойлар менен зорлыққа ушырағандай зорға бир адым атты. Маталақ зәңгиге ширенди. Маталақтың еки көзи жайнап, еки бетиниң алмасы қызғын дөнип ҳаял-қызларға тағы бир мәртебе қарап шықты.

—Меннен тартынбаңлар! Мен сизлерге ағайин боламан, ғамхор боламан. Еркеклер керегин айтты, сизлер ҳеш нәрсе демединизлер.

—Тартындық.... —деди шалама-шекки шыққан бир даўыс.

—Еркеклер менен ерлик исиндемиз. Үстимизде кийимимиз жоқ, деди Арыўхан.

—Болады, барлығын бергиземіз. Тағы?

—Көрпе-төсек те жетпейди.

—Изейде жатырмыз...

—Көрпемиз бар, төсегимиз жоқ?

—Дигирманымыз жоқ.

—Қырық үйге бир дигирман.

—Сабын жоқ.

—Май жоқ.

—Шуўламаңлар! —деди тағы Қулбай артта турған жеринен Маталақтың қатарына келип.

—Қулбай, қышқыра берме!

—Тағы не керек?

—Барлығы усылар.

—Қулбай, ғәзийнеханадан кийим-кеншеклик шытшуберек бер. Айдынлы бер. Усы ҳаял-қызлар не сораса соны бер, аямай шаша бер. Мийнет еткен, бизге

ағайын боламыз деп хызметин аямаған арыўлардан сен де жан аяма, бола ма?

—Болады.

—Қарындас, анаў суў қабақтан бир шәңгил суў алып бер? —деди күле шырай берип көзи ойнақшыған Маталақ.

Айзада албырақлап қалды да, байдың өзине айтып турғанын билип суў қабақтан бир шәңгил суў алып берди. Ол суўды берип атырған ўақытта Маталақ мийри қанғанша айдай жүзине қуштарлана қарады. Айзаданың ала көзинен муҳаббат жалынының ушқыны жанып турғандай көринди. Маталақтың жүрегин жалын шарпыды. Айзаданың сулыўлығы Маталақты мәс етти. Маталақ суўдан бир симирди де, Айзадаға шәңгилди қайтарып берди. Жипек орамал менен аўзын сүртти. «Ҳә, тандыры шыққыр, көзи ағып түскир, мениң Айзадамды көрип қалды-аў. Уў ишкир, дәрти суў емес, жақыннан көриў еди», —деп түсинген Арыўхан аналық жүрек пенен Айзаданы аяды.

—Жақсы, хош болыңлар! —деп Сәмен жорғаның басын бурды. Сәмен жорға жүриси менен Маталақты бесиктеги баладай тербеди. Маталақтың мәслиги сонлап, шады-қуррам болып киятыр. Арадан әллен ўақыт шелли, көктеги жулдызды гөзлегендей шалқайып тас-өткеннен кейин кейнинде киятырған Қулбайға «теңлесип жүр» дегендей қамшысын силтеди. Қулбай жийрен жорғаға тақымды қысып жибергени де сол еди, жийрен жорға зымырап жетип барып, Сәменге қатар-ласты. Маталақ кейнине жеткен жорғаның дебдиўи менен шалтлыққа дөнип баратырған Сәменниң жылаўын тартты. Жорғалар жипек желис пенен қатарласа жүрди.

—Қартайыпсаң Қулбай?

—Неге, яшуллы?

—Бүгин мени яшуллы деме, жасы киши де...!

—Аўа, иним....! —деп мырс етти Қулбай.

—Және гөне дәртим қозғалды...

—Қатты кеттиңиз «иним»...!

—Жилли болажақпан... жилли, оны көрип сенин де жилли болмағаның қалай?!

—О—о! Түсиндим.

—Ай жүзлер...

—Ала көзлер...

—Жуңқа додалақлар!

—Бадам қабақлар!

—Сәрўи бойлы, қодди қәўметлер!

—Барлығы дурыс, ағажан.

—Мени аға деме, деймен, мен Ләйлиниң Мәжнунимен...

—Илаж не?

—Илаж, үйлениў керек. Барлық қатыннан безип, дүнья—малды жолына шашыў керек. Мен Төрткүлге кетпеймен. Ҳеш қайда да бармайман. Тек Қуўлы көлдиң ултанында уялмайман. Маған жаңағы қызды алып бересең.

—Әжеп болады!

—Қуры, «әжеп» тен нан писпейди! Ант ишесең!

—Ант урсын, алып беремен.

* * *

«Маталақ дегениң Қулбай тәриплегеннен де бир мийримли адам екен» деп Қуўлы көлдиң қула майданында дүт-тоғай тораңғыл астын адамлар урда-тут тазалап болды. Урылған балталардың тоқылдысы таң азаннан түн жарпына шекем тынбады. Қалың бүкледи өртеди. Шеңгел, жантақ, ақбас, қарабарақ, қаңбақ, түйесиңир дегенлер атыз шетинде таў-таў болып үйилди. Сөйтип салы егис жерлерин тағы кеңейтти.

Маталақ ўәде қылған азық-аўқат пенен кийимкеншеклик затларының бәрин бергизди. Бир өгизше менен қой-ешкилердиң де басы қублаға қаратылып, жанлары жәҳәннемге кетти. Буның ҳәммеси Айзада ушын екенин Айтмурат әлле қашан-ақ сезген еди. «Ҳадал мийнетимиз, маңлай теримиз ушын емес, Айзада барлығы сениң ушын, қолыма қаршығадай ендиенди қонған пайытында қәлпең тағы ким болар екен?! деп Айтмурат өткен айлы түнде Айзадаға налып еди.

Айзада болса мине: түн жамылып отырман, сөзимнен тайсам пирли түн урсын, айдың ана сүти тақылетли аппақ нуры, мынаў жулдызлар урсын!... деп жуңқасының ушын тислеп қамсықты.

Айтмурат қыздың өзи ушын тәўекелге бел буўғанын, тәғдирдиң не бир машақатына тайын екенин сезип, туңғыш рет қушағына тартты.

Ертеңине бир гүл мыйықлы арба гөне төлелердин қасына келип тоқтады. Ишинде Қулбайдың ҳаялы

Құрбанай бар, бир қазан палаў әкелипти. Арбакеш бала тезлик пенен еркеклер менен ҳаял-қызларды жыйнады.

Алды шаң-тозаң басқан бети-қолын жуўып, шалғайларына сүртинип кейин бири-бириниң қолына шәңгилден суў қуйып атырған адамлар әлле нәрселерди сыбырласып атыр.

Олардың ҳәммеси өткен жылдан болып қалған топаны бар, салы қырманға жыйналып, моллам дөгерек болып отырды.

—Ҳәрмән ағалар, ағайинлер, апа-сиңлилер, —деди Құрбанай.

—Ағайин болып, қалыс хызмет етип атырған екенсизлер, қәдемиңизге гүл питсин! Әри сәлем берейин, әри ҳармасын айтайын, әри өз қолымнан дәм тарттырайын деп шыға бердим...

Адамлар «көргенли жердиң қызы-дә!» деп ғаўқылдасып қоя берди. Ал, Айтмурат менен Айзаданың ниши ғым ете қалды. «Шүдигарда неғып жатқан батпан қуйрық!....»

Құлбай дегенің-әм силтеўин жақсылап берген екен, сонша қатын-қалаштың арасынан Айзаданың анасы Арыўханды тапжылтпай таўып:

—Апа, мында келиңиз? —деп оны оң қапталына отырғызды. Кейин: —Мен палаўды салыстырайын. Мына жасы киши қәйнимлер табақ тартсын! Арбакеш балаға даўыслады: —Самаўырынды түсириңлер! Қайтып қалған шығар, отты басың!. Ағайлар палаўды жеп боламан дегенше қайнар.... Өзи менен бирге келген еки келиншектиң бирисине дәстүрхан ушын алып келинген ақ таўарды алып кел деп буйырды. Ол сүттей ақ сүпти, топанның үстине жазып жибергенде ҳаяллардың ишинен биреўи «әттеген-ай май тамып, зая болады ғой» деп келте қонышлық етип алды. Оның қасында отырған ҳаял: «қойшы, не қыласаң....» деп жуўан санын бурап алды.

Дәстүрхан жайылды. Самовар қойылды. Құрбанай еки билегин түринди. Жалт-жулт еткен кепкирди қолына алды. Қазанның қақпағын ашқаннан-ақ сары палаўдың жағымлы ийиси муңқ ете қалды. Құрбанайдың қолы-қолына тиймей нақышлы бадыяларға сары палаўды салыстыра баслады.

Табақ төртеў арадан тартылды. Адамлардың алды палаўға қол ура бергенде:

—Ас ийеси менен татлы деген, келиңиз, бирге жейик? —деди Айтмурат.

—«Сөз жуйесин тапса, мал ийесин табады» дегендей, орынлы сөз. Болады, —деп бир табаққа палаў салды да, Айтмуратлардың қасына барып отырды. Еки келиншек менен арбакеш балаға:

—Тойып турмыз, қайнағамыз, —дегендей сизлер де қарап турмаң. Қазанда палаў көп, салып жейбериң дегеннен соң, келиншектиң биреўи палаў салып, оларды жеўге қарады. Табақлардың түби көрине баслағанда Құрбанайға алғыс жаўа баслады.

—Қолыңызға гүл питсин!

—Палаўыңыз шийрин екен.

—Рахмет, қарындасым. Ретли жерде илип қалатуғын Айтмурат:

—Тамағына тойып болып танысты деп айыпқа буйырмаңыз. Сиз ким боласыз? —деп сорады, лийкинли түрде.

Келиншек мыйық тартты:

—Мен Маталақ байдың балдызы, Құлбайдың елтиси боламан.

—О—о—о..... Әйтеўирде...! —деген сеслер гуў етип басылды.

—Қалайда қолыңыздан асқан аўқатыңыз мазалы екен, —деди Алламурат.

—Жеңгемниң өзи де шеп емес екен, —деп жымыйды Айтмурат. Ҳәмме күлисти.

—Қой, өйдеме, қарындасымыздың кеўлине келип жүрер.

—«Әлпиң алысса атаң менен ойна» деген, ойын сөзге түсинемен. Ойын-күлкиден айырмағай, қудайым! —деди минайымлық пенен Құрбанай.

—Бахтың ашылсын!

—Бундай ис анаў-мынаў ҳаялдың қолынан келмейди.

—Мәрт екенсиз! —деп қойды Айтмурат.

—Мәртлик ете алатуғынларға мәртпен. —Оның төркининде нелер жатырғанын Айтмурат та, келиншек те түсинди. Аўқат үстинде Құрбанай Айтмурат ҳәм басқалар менен бирме-бир сорасып танысты. Сораса келе Айтмурат аўылласы болып шықты. Құрба-

найдың әкеси оғада жарлы еди. Аўылда күн көре алмай ел гезип, қол ушы талап қылды. Күнликшилик менен өмир өтти. Бир ўақытлары Айтмураттың әкеси менен Құрбанайдың әкеси қол серипке құрып екен дақылы болмай, екеўи еки жаққа тентирей кеткеннен соң, аўылдан ажырасып қалған еди.

Айтмурат пенен Құрбанай танысып билисип болғаннан соң Құрбанай бул еки жас ушын әлле бир тәўекелге бел буўғандай еди...

Дәстүрхан жыйналып, дийханлардың пәтиясын алған Құрбанай арбаны қостырды. Кейин жыйналғанларға:

—Үйде хызмет бар еди, —деп Айтмурат пенен Арыўханды арбаға мингизип, өзи менен бирге алып кетти.

Құрбанай өзиниң кирип-шығатуғын үйине Арыўхан менен Айтмуратты қалдырды. Өзи Маталақ пенен Құлбайдың отырған төрги өжиреге кирди. Құрбанай есикти ашып кирип келгенде Маталақ көзин қысып қуўлана қарады. Құлбайдың қабағы үйиўли екен. Түрин бузбайын деп еди, Маталақтан тартынды ма, көзабаға ол да күлимсиреди. —Не қылдық?!

—Барлығын өзиниз айтқандай етип иследим.

—Алып келдиң бе?

—Аўа, Ағасын да қосып алып келдим.

—Ағасының не кереги бар еди? —деп шыдамсызлық етти Құлбай.

—Қыз ағасысыз болмайды.

—Бийкар қылыпсаң....!

—Мени де саған таңған ағаларым ғой. Болмаса... Маталақ пенен Құлбай ғарқылдасып күлисти.

—Оғада жақсы болыпты. Ағасы сол жақта отыра берсин, анасын бери жибер. Әўеле анасының пикирин алайық, —деди Маталақ Құлбайға қарап.

—Болады.

Құрбанай шығып, тезлик пенен Арыўханды ертип келди. Арыўхан әдеп ийба менен отырғанларға сәлем берди.

—Мен чай әкелейин, —деди де Құрбанай шығып кетти.

—Келиң, отырыңыз, —деп отырар орынға ишарат етти Маталақ.

—Арыўхан ҳаўлықпастан, албырамастан туғырға

қонған қаршығадай қәдди бойын, сын-сынбатын бузбастан Маталақтың үсынған орнына отырды. Арыўханның айдай жүзи, қыйылған қасы, жаўдыр ала көзлерине көз қыйығын бир таслап қойды да, Маталақ Құлбайға:

—Қарындасты жолдан қалдыра берейик, —деп қойды.

—Жүзи ысық екен, қарындастың, —деди Құлбай лийкинли.

—Жақсының жаты болмайды дейди ғой.... —деп қосты Арыўхан «Жаты болмайды» ...»деген Арыўханның сөзи Маталаққа жағып кетти де ериксиз:

—Дурыс, дурыс, оғада дурыс айттыңыз, —деп қуўанды.

—Қулағым сизде, —деди Арыўхан. Құлбайға ала көзиниң астынан қарады.

—Мынаў отырған Маталақ байдың Хорезм менен Қарақалпаққа ғана емес, арғы шети Мәскеў-Макарияға байлықтан даңқы кеткен. Бул дүньялар байдың өзи ушын ғана емес, барлығын өзлериңиздей жетер-жетпес, жарлы-жақыбайлар ушын жыйналған. Ҳәзир қарын тойдырыўда аңсат емес. Маталақтың сақыйлығын азлы-көпли көрип атырсызлар. Қолда барын халқынан аямайтуғын азамат.

Маталақ Құлбайға «гәптиң поскеллесин айтсаң-ә!» ...дегендей жаман көзи менен қарады. Құлбай гәпти даўам етти.

—Анаў күнден бери «Алламуратты аға десем, сизди ана десем армансыз болар едим. Жарлы болса да жақсы адамлар екен» деп бир жақсы гәптиң ушлығын шығарып жүр. Мен сизлерди шақыртып ашық сөйлесейин дедим.

Арыўхан олардың нийетин аңлады. Әкеси теңи адамға гүлдей қызын сорап атырғанына ызасы келсе де өзин басты ҳәм:

—Биздеги ағасына әдеп айтыў керек еди.

—Ағай сизден өтип қайда барар дейсең?! Оның үстине қыз кеўлинде урылған құлыптың сыры әўеле алла тағалаға, кейин анасына мәлим....

—Шақыртқаныңыз, сөз салғаныңыз бөтен емес. Қәйдем билейин, қыздың кеўил сарайында не бар екенин?! Оның үстине қыз еле «сары аўыз» палапан ғой. Ҳәзирше узатқандай нийетимиз де жоқ.

51668 3459

Қулбай тақыўланып кетти: —Перзенттиң ата-анаға жас көринетуғыны рас. Оның шамасы сырт көзге мәлим. Мына Құрбанай келиниңиз де «жаспан» деп қыйқаң шығарып еди. Ҳәзир қандай?! Жаслықта көрискен көз, берилген кеўилдиң жыллы табы бир өмирге кетеди, жеңге!

Арыўхан Қулбайды бир аўыз бенен иркип таслады.

—Жыллы табы ма, өмир бойы өртенип өтетуғын дозақ оты ма..... буны қуда биледи.

Маталақ жупқа орамалының ушын тислеп төмен қарап отырған Арыўханға сездирмей Қулбайдың жамбасын бурап алды. Оның көз-қарасынан «тақыўалық, сөз жарыстырыў сениң не теңиң еди?! Тоқ етерин, беретуғын туўарыбды айтып қоя қоймайсаң ба?!» дегенди аңғарыўға болар еди.

—Елде не көп, қыз көп. Маталақ байдың қайын атасы —қәйин енеси болыў үлкен мәртебе. Орның төрде, қоран толы мал, бай —бәтшелер кийетуғын сәнли кийимлерге малынасаң. Тек мақул десеңиз болды, азамат азаматлығын етеди. Ықлас қалас деген... Болмаса....

Арыўхан бул «болмаса» ның аржағында «бәрибир бизиң пәнжемизден қутыла алмайсыз» дегенди аңлады.

—Буўынсыз жерге пышақ салдыңыз. Үйдеги менен ойласып көрейик. Ағайин-туўған деген де бар....

Сол ўақытта Құрбанай дәстурханды алып келип жайды. Чайды әкелди. —Аўқатқа да қаран жибердим, —деди де шалтлық пенен шығып кетти.

Маталақ пенен Қулбай Арыўханға жалыныў менен, жүрек жигерин төсегендей, ишки-баўырына кирип қайылшылығын алыў ушын жалынып-жалпайып чай ишиўге қарады.

Олар ишқы—әширет исине қонақ болып отырғанда Айтмурат пенен Құрбанайдың «сылтаўы саз гүле, бәҳәнеси басқа....» еди. Бир-бири менен ҳағынан жақын едим. Жетимлик кемлиги усы Айзаданы жаным-дай жақсы көриўден кейин ғана басылды. Айзадасыз тура алмайман. Айзаданы Маталақ зорлап алса, Маталақты да, Айзаданы да, өзиңди де заялайтуғыным турған гәп. Сизиң ашық кеўлиңизди, адамгершилигиңизди сезгеннен соң шынымды айтып отырман.

—Мен де айттым ғой. Әдиўли апамның ақ төсегин жат нашарға бастырмайман. Ондай болған күнде мен де Қулбайдан, ол да жездемнен айра түседи. Өйткени, мениң апам буның бесиншi қатыны. Ана ҳәяллары қартайғаннан соң бизлер үндемеймиз. Мен тек жездемнен уялғанымнан, байымнан қорққанымнан ғана ерниксиз хызмет ислеп жүрипмен. Мен оғада ашық қатынман. Айттым ғой, ағайинлерим усы Қулбай жаманға мени басып-жеңиўип берди. Кетейин десем аўылға апармайды. Қулбай нағыз қанхор. Қәпеспе турған бир қустайман. Мениң күним Айзаданың басына түспеўи ушын, оның Маталақтың шеңгелине түспеўи ушын жәрдем етемен. Тек басқа биреў билмесин. Айзаданы қутқарып болып өзим де Қулбай жаманнан өкпемди көтерермен...

Олар усыған бекинди.

Айтмурат пенен Құрбанайдың құпыя сырынан бийхабар ҳәм бундай бола қояды деп ойламаған Қулбай менен Маталақ Арыўханның басын аўыртып еле отыр. Арыўхан бир қасқыр менен бир шағалдың алдына түскен қозыдай қатты ойда отыр. Қулбай қушақ ашып, жалынып-жалпайды да, көз алартып қорқытты да. Буған Арыўханның шығыр талдың шақасындай ийилседе сынатуғын түри жоқ.

Маталақ та, Арыўханның ишки-баўырына кирип баратыр. «Базда: өзиңизге де, атаңызға да, ел-халыққа хабарласпастан, берсе қолынан, бермесе жолынан ала алмас едиңлер? Ҳәзир сизлердиң тәғдирлериңиз менин қолымда. Не қыламан десем, ерким бар» деп те сыясат етти. Бул сыясатқа қарсы Арыўхан сулыў сөзлер менен парасатлы кеўилден жуўап берди. «Қайтып кирер есикти қатты жаппа» деген бар. Ат-абыройыңыз бенен бизди азапта қалдырып, жарымеслердиң исин ислесеңиз өзиңиздиң абыройыңызға дақ түсер. Ақы рет-азап бериў, халықты қайғы —зарда қалдырыў, бир қыз ушын қыян —кески урыс шығарыў жалатайлардың қылыўасы. Бундай жол сизге жараспайды.

Сиз тиренши таўдай, төрт жағыңыз қубла адамсыз. Биз болсақ қумырсқадай ҳалы бар ғана адамбыз. Аяғыңыз бенен бир бассаңыз, женишлеминиз де қалмаймыз. Қара күш пенен емес, ақылдың алғырлығы менен не еткен мақсетке муўапық болар деймен. Мениң де, ағасының да, ағайин-туўғанларының да, қыздың

өзиниң де сизлерге қарсылығы болмас еди, егер сизлер өмир гилтин ҳақыйқатлық гилти менен аша билсеңизлер. «Ақыллы адам—адам, ақылсыз адам—надан дегенге де қулақ қойың. Гилт табылса бағдың гүлиниң барлығы сизлердики, жемиси бизлердики,—деди Арыўхан салқын қанлылық пенен ҳәр сөзин сәддесәдде сөйлеп.

—Мине, Қулбай, Арыўханжан дурыс айтады. Гилтти табыў сиз бенен бизиң қолымызда. Табамыз, таппасақ болмайды, —деген ўақта Қурбанай келди. —Жаңағы беремен деген паша постынлар, шатыраш көйлеклер менен мақпал камзолларды алып кел. Қызыңың да пайын алып кел—деди Маталақ Қурбанбайға, Қурбанай келиў пәти менен ҳеш нәрсе айтпастан изине қайтты.

—Сизлер маған сый —сарпай бережақсызлар. «Суф демей атырып жазылғаны қалай болады» дегендей болайын деп тур. Мен қара басым сизлердиң берген ас—аўқатыңызды, кийим —кеншегиңизди, сый—сарпайыңызды үлкен сыйласық пенен аламан, өзиме бир салтанат деп түсинемен. Солай да, ҳәзир бул оғада орынсыз болайын деп тур. Алыс —берис деген ара жақынлағаннан кейин соң ғана жарасады. Ҳәзир ол затларды көрген халық: «қызын ойласыққсыз өзи сатып келген екен» деп ортаға от таслайды. Сизлерге ҳеш нәрсе болмаса да, ортаға тасланған от алды менен мен бийшараны өртейди, —деди Арыўхан ақыллылық пенен.

—Журт не демейди. Бирақ, өзегиң талғанда беретуғын бир тислем наны жоқ. Және биреўлери байға қәйин журт болғаныңызды күнлейди де. Қолымызды қайтармаңыз. ,

Қулбайдың бул сөзлеринен кейин Арыўханға да, Айзадаға да арнаўлы ҳасыл затлардан тигилген тайын кийимлерди алып келди ҳәм Маталақтың алдына қойды. Өзи ишарат пенен баяғы қәлпинде Қулбайға жаман көзи менен қарап шығып кетти. Маталақ — қутлы мүбәрек болсын! Той—тамашаға кийиўге буйырсын! Бизиң ҳәзирше сый—сарпайымыздың ушы, басланғаны усы болды», —деп барлық затларды қушағын толтыра Арыўханның алдына қойды. Арыўхан бийлаж алды. Қолайсыз болар деп:

«—Сыйлағаныңыз ушын бала —шағаңыздың рәҳәтин көриң —деди.

Сый—сарпайларды жерге қойып атырған ўақытта Қурбанай асығыслаў кирип келди де:

—Бир жигит келип тур, кирсин бе? —деди.

—Тоқтап турсын! —деп жулып алғандай етти Қулбай.

—Намазға айтып келипти!

—Неўе.....?!

—Биреў өлген дейме?...

—Ким өлген екен?

—Билмейжен...

—Мынаў апаңды өзиң отырған өжиреге апар, сарпайларда қалмасын, —деп буйырды. Кейин:

—Майдандағы жигит кирсин! —деди.

Қурбанай затларын өзиниң өжиресине апарды. Арыўханды отырғызды. Өзи шығып кетти.

—Дуньяң молайсын, апа! —деди Айтмурат лайкинли.

—Сорама, зорлыққа ушырадым.....

—Ырастан алдың ба?

Арыўхан басын шайқады.

—Енди не қыласаң?

—Усыманға таслап кетемен.

Намазға айтып келген жигит қол қаўсырып ишке кирди.

—Не гәп! —деп сорады Маталақ сәлем—әликтен соң.

—Қуданың ҳәмири, ешек теўип Ешназар ахун тосаттан жан тапсырды.

—Ешектиң арасында не қылып жүр?

—Бир диўана келген екен. Соның ешеги теўген.

—Түсиндирип айт.

—Дийўана ешегинен түсип, қудай жолы сораған ўақытта ешеги қурғыры маша көрген бе, ақырып жиберипти. Дийўананың қудайы сораған сөзин ешектиң ақырған даўысынан еситпеген ахунжан оны бир шыбық пенен артынан барып тартып жиберген. Ешек сәдделегенде туяғы ахунжанның маңлайына тийип, ахун аўнап түскен ҳәм тарса қатыпты.

—Ой бийшара, қаза деген, әжел деген.

—Уламалар сизлерди күтип отыр. Ҳәзир өзиң менен ертип кел деди.

Маталақ пенен Қулбай кийинди. Қурбанайға «қонақларды өзиң күте бер» деп тапсырды. Таяр турған ат қосшыларға сабаттан «сойыслыққа еки өгизше, бир сыйыр алып кел» деп буйырды да, өзлери қалтасына молдан ақша салып кетип қалды.

Дәртли менен дәртлессең дәрт қазаны қайнайды, —дегендей Арыўхан, Қурбанай, Айтмурат үшеўи дәртлести. Үшеўиниң мақсети, ойы бир жерден шықты. Арыўхан усыманға келгенде дүньяның бәлесин ойлап қорқып, қысының—қымырылып келген еди. Әдгименің Айзада ҳаққында болатуғынына ол көзи жеткен еди. Бул ҳақыйқат болып шықты. Арыўханның ойынан басқашарақ болып шықты. Арыўхан «мени шақыртып, қасыма адам қосып ямаса өзимди жиберип Айзаданы зорлық пенен басып—женипин алдырады» деп ойлаған еди. Бул ойдан аўлақ болғаннан соң да Маталақ пенен Қулбайға «көрермиз дей берейин», деп ойлады. Қулбайдың қақпаны, Маталақтың дузағы Арыўханды иле де алмады, түсире де алмады. Жүйесин келистирип, сөз айтқан Арыўхан қыспақтан шыға билди. Қарсыласын тирсе берген, шарбаяшылық ете берген менен пайда шықпайтуғынына Арыўханның көзи жетти. Бунда тек ақыл-парасатты ислетиў керек.

Арыўханның парасатлылығына әсиресе, Айтмурат ырза болды. Қурбанай қуўанды. Арыўханның қол қаўсырып еки қанхорға «ләббай, сизлер айтқандай болсын» демегенине тәсиййн қалысты.

—Мына затлар усы жерде қалады, —деди Арыўхан шарт кесип сөйлеп. Маған қызымның көз жасына келген дүньясы керек емес, мен анаман!

—Мени олар пөстөктей сабайды,— деди Қурбанай.

—Сабамайды.

—Бундай ҳасыл затларды гөне төледе қалай қорлап қояман. Бул да үйимиз болады, таза жерде турсын —деп өзи қойып кетти дең.

—Әжеп болады, апажан, —деп Арыўханның ҳийле таўып бергенине қуўанды Қурбанай.

—Мен қайтайын, —деди Арыўхан.

—Апажан, қуры қол кеттиң ғой?

—Жоқ, ҳеш нәрсе керек емес.

—Ҳеш болмаса ағама бир—еки майлы шөрек алып кет—деп жалынып бир—еки майлы шөрек берди.

—Айтмурат аға, қысса оқыйман деп едиңиз.....

—Ендиги сапар.....

—Келип турыңлар.

Арыўхан менен Айтмурат Қуўлы көлге жол тартты.

* * *

Арыўханның адамларға дуў—дуў гәп боламан-аў деп ойлағаны бийкар екен. Арыўхан оңашада Айзадаға Маталақ пенен Қулбайдың сөз салғанын жатығы менен түсиндирди. Алламурат бул гәплерге пысырып та қарамады.

Қыз қәмалға келди. Несийбеси ким менен қосылады, ол қудайдың иси, —деди де қойды.

Айзада ой теңизине шүмди: Қасқырға тап болған қозыдай қан жылап кете берсем жас өмирим қор болады. Өйбей, бес қатынның үстине сорағаны несиң?! Бәринен де бетер жаслық кеўилден сөз берген, ўәделескен азаматым Айтмуратты не қылар екенмен, оның аўҳалы қыйын болады ғой, —деп қатты қыйналды.

Айтмурат пенен Арыўхан келгенде кеўили алып-ушып, шыдамсызлық пенен күтип турған Айзада алдынан шықты. Алды менен анасына қарады да,, кейин Айтмуратқа нәзер аўдарды. Екеўиниң де қабағын керпеген ашыўдың жоқлығын сезген Айзада Арыўхан менен азырақ сөз қатысты да, Айтмураттың қасына келди.

—Балаларым, абайлаң! —деди Арыўхан. Енди сизлер тистиң ишинде жасаған тилдей жасайсыз.

—Не болды? —деди Айзада Айтмураттың жүзине телмирип.

—Сенн бердик....

—Не....?! деп шоршып түсти Айзада.

—Ендиги жума күни узатыласаң...?!

—Қайда, Ийшан бабаға ма?

—Яқ...

—Енди қайда?

—Маталақ байға.

—Ойыныңның жаманың... —деп шоршынды Айзада.

—Байдың қатыны, жарлының ҳожайыны боласаң.

—Айтмурат, ас мени, тирилей көм, қара жерге, —деп бойын таслап жылады Айзада. Бойын таслаға-

ны Айзаданы сүйеп, қушақлап, қатты баўырына басты, Айтмурат.

—Сени ҳешкимге де бермеймен, Айзада!

—Солай ма? Жаслы көзлери менен жигиттиң жүзине телмирди.

—Ўәдем—ўәде!

—Қуўандырма да, қапаландырма да, ырасын айт?

—Ырас. «Бир басқа бир өлим барды, Сәнемжан деген. Сеннен айра түссем тириликтиң жулдызының өшкени. Ҳеш ўақта да, ҳеш кимге де бермеймен.

«Қуўлы көл» диң қос шынарындай қушақласқан еки жас мынаў далаға саўлат берип тургандай көринеди. Сулыў тәбияттың қушағына жарасқан еки жас бир денеге, еки баслы бир денеге мегзейди. Өткинши жаўын жаўды. Кейин даўыл болып жер қурғады, булт астына сиңген күн шықты. Еле 'Айзада менен Айтмураттың отлы қушақлары жаздырылар емес....

* * *

Төленің пәтиктен түскен емески жақтысында көрпе сырын отырған Айзаданың үстине күтилмеген жерден Қулбай келди. Аш қасқыр аўзын арандай ашып, анталап келгендей көринди. Айзадаға. Орынан ушып турды. Есикке қарай умтылғанын билмей де қалды. Қулбай қыздың қорыққанын билди де, жүзи жылыды. Қулбай төрге өтти. Айзада от жағыў ушын отын әкелмекши адамдай болып сыртқа шықты ҳәм атызлар бетте жүрген адамларға қарай зыр берди.

Тирсеги қағысып қос алдында жүрген апасының қолынан өгизлердиң бас жибин алды. Алламурат «тап, гәп!» деп жерди сүре берди. Арыўхан атыздың басына барып, азы—кем дем алыўға отырғаны да сол еди, мурнынан зирек—зирек қан ақты. Жалбырап жүрген жеңинен жыртып алып, мурнына тықты, қанларын сүртти.

Жийрен жорғаны сүрип келген Қулбай Айзаданың әкеси Алламуратқа көмеклесип атырғанын көрип таң қалды. «Жин бе, шайтан ба, бул қыз!» деп ишинен бир суўық демин алып қойды. Қашқан қызды қуўып келген екен деп айтпасын деп сыр билдирмей:

—Ҳармаңызлар! —деп өте берди ҳәм Айтмураттың қасына барып тоқтады.

Қулбайды көрген Айзада көз астынан қарап, жинишеи бетер жаман көрди. Булда болған ҳәдийсени ағасына ямаса анасына «иллә» деп аўзын ашып айтпады.

Күн ыссы. Жумыс аўыр. Әўеле шел шабылды. Онынан кейин атызлар тегисленеди. Тоғай орны болғаннан соң тораңғылдың, жийденің, жигилдиктиң, жыңғылдың, шығыр талдың, ақ секиттиң түбирлери қалған. Олардың бәри де қопарылып тасланып атыр. Бир жағынан сүрилип, бир жағынан суўғарылып салылар себилип атыр. Биреўлер бүкли жерлерге от берип өртеп жүр. Биреўлер батыл болған жап-салмаларды қазып, шеллерди сеплеп жүр. Биреўлер ернеклери уныран, көмилип қалған гөне керизлерди қазып атыр. Биреўлер шығырдың көшерине гүзелерди дүзип байламақта.

Қулласы —қәлем, қыймылдаған адам, қыбырлаған жан, қарап отырған биреўи жоқ. Барлығы да тик турып, урда—тут хызметте жүр. Айтмураттың қасына барған Қулбайдан олар қорыққан еди. Ана бирде Қурбанай соңша еркектиң ишинен сол жигитти сайлап алып кеткенге «бир бәле» таўып қойып, соған келип тур ма деп ойлап еди. Олай болмай шықты.

Қулбай аттан түскенде Айтмурат жуўырып барып жийрен жорғаны жылаўлады. Екеўи сәлемлесип сорасты. Тораңғылдың саясында самалға қарсы екеўи отырып алды. Айтмурат Қулбайдан қәўипсинбеди. Қулбайдың жаман қәсийетлерин, минез—қулқын, Қурбанай Айтмуратқа бармақ санағандай етип нақма-нақ айтып берген еди. Сол ушын Айтмурат Қулбайдан қорқып, тартынбады. Қулбайдың не айтпақшы болып отырғанын ҳәр тәреплеме ойлаған Айтмурат әлле қашан-ақ оған қайтаратуғын жуўабын таярлап қойған еди.

—Сениң даўысың жақсы дейди ғой, бала!

—Еплеп...

—Дуўтар да шерте аласаң ба?

—Шертемен.

—Қыссахан дейди?!

—Еплеп...

—Саўатың да бар?

—Жаза аламан.

—Намазлығыңды билесең бе?!

—Билемен.

—Жақсы екен.
—Жаман емес...!
—Қосықта шығара алатуғын болдың ғой?
—Ҳәзирше шығарғаным жоқ.
—Қашан шығарасаң?
—Тоғыз ай толған соң...

—Қуў жигит екенсең... —деп Қулбай езиўи жайылып, көзинен жас аққанша күлди. Қулбайдың минез—қулқына түсинген Айтмурат та ишек—силеси қатып күлгенге усады. Екеўи кең даланың еркесинде майданды басына көтерди. Күлисти, жуўан, нақыл айтысты. Бири-бирин сынап, лийкинли сөзлер айтысты. Көп ўақыт отырды. Ол орнынан турған ўақытта Айтмурат оннан бурын турып, қарсы алдында қадалды. Көзин алмай тигиле қарап турды.

—Сен ҳақыйқаттан да азамат екенсең. Қәлеген ўағында үйге барып турыўға, бизлер менен дуз—дәмек болыўға рухсат етемен. Гүзде астына ат миниземен. Үйлендиремен. Меним иним боласаң, усы адамлардың ишки басшысы сен боласаң. Сен енди бизге жақынлығынды билдириўиң керек. Айзаданы Маталақ ағаға алып берейик. Сен буған себепши бол. Маталақ сеннен жаның аямайды. Меним айтқанларымды қыл.
—Қашан?
—«Өлимнен басқаның ертеси жақсы» деген...
—Қыздың назы болады деген, жуўғарада жүўенленер ме екен, шайтан қыз...?
—Жигит ағасы жүўенлемесе ким жүўенлейди?
—Көрейик.
—Көрейикти қой. Асаўды тусаўла, айтқанынды қылдыр. Әке—шешесинен, адамлардан қорқпа. «Ағам барда арқам тамда» деп маған сүйене бер бола ма?!
—Болады.
—Азаматсаң, бәрекеллә! Бер, қолыңды?
—Жумыстың жағдайын билейик, қол қайда қашатуғын еди.
—Азамат не қылмайды. Қәлесе таў қопарады.
—Таўға шама келе қояр ма екен?!
—Көремиз.
—Әкел, қолыңды.
—Бул бирақ ант емес, —деп шарт еттирип алақанын урып жибергенде Қулбайдың алақаны от жаққандай болып кетти. Қулбай алақанының шым етип, ашып аўырғанына зорға шыдап Айтмуратқа қарай алмады. Атына қарай жүрди. Атланатуғынын билип, Айтмурат атын шешип жибин түйдеклеп ерининң басына қыстырды. Сол жағына шығып зәңгисин басты. Қулбай атқа минген ўақта жийрен жорғаның бели майысыңқырап кеткенге усады.

Уялған ҳәм алақанының аўырғаны жуўғарада тарқамай атырғанлықтан ба Қулбай да, артына қарамай да жийрен жорғаға тақымын қысып жибергени сол еди, ол жорғалап зытып кетти. Көп ўаққа шекем кейнинен қаран турған Айтмурат май басқан алақанының бир отын шығардымба, дегендей мыйығын тартып күлимсирен кең майданға көз таслады.

* * *

Айтмурат, Айзадаға баўырманлық қылған Қурбанай, есабын таўып күнде, күн ара Қуўлы көлге келип турды. Бүгин Маталақ пенен Қулбай көл етегиндеги сабаттағы малларын көрип, сонда қонбақшы, ертеңине қырдағы қой —ешкилерин көрип, онда бир күн болмақшы болып атланып кетти.

Халмурат бай арқалы Орынборға адам қосып, сол жақтан товар алып келмекши. Соның ушын маллардың, жылқылардың қой —ешки түйелердиң семизлерин базарға шығарып сатттырмақшы еди. Оның үстине Айзадаға үйленнў мақсети алдында тур. «Шырўан болса шеңгел басында шорпа...» дегендей ақшаның керек емес жери бар ма? Ең тийкарғысы: «қойын сатып қозы еткен байлары.....» дегендей при малларды сатып, майда мал алыўда булардың басына қонған саўда. «Еки күнде елге айланамыз!» —деген сөзди есткен Қурбанай қуўаныш пенен қол қаўсырып, бас айып: «ай барып, аман қайтың» деп қалған еди.

Жездеси менен өмирлик жолдасы кеткеннен кейин Қурбанай мың сан еки бәҳәне менен Айтмуратты, Айзаданы алдырған еди. Қырғаўылдың гөшине сорпа, бөденениң гөшинен қуўырдақ, түйе таўықтың гөшинен дуўрама, мол—молақай етип салып қой гөшинен сары палаў таярлаған. Үлкен салқын сарайда үшеўинен басқа жан жоқ. Гүл —мыйықлы дәрўаза илинген. Қапылардың бәрине тәмби басылған. Сыртқа қарап турған айналарға шытлар тутылып, май-

данға жақты көринбестей, тастай түнек етилген. Тек күни-түни қырқыншы аспа лампа жанады да турады. Қәлесе жағады, қәлемесе өширеди.

Қулбайдың қасқырдай бир ийти, ешектей бир көпеги бар. Қурбанай екеўин де жазлырып жиберди. Олар таныс адам болмаса, бийтаныс адамды жайға жақынласпайды.

Шағал—мәслик пенен шадықуррам болған Қурбанай Айтмуратты, Айзаданы оғада ҳүрмет етти. Шығысы бир, Айзада менен жынысы бир болғаннан соң, жарлының тухымлары жүрек қосқандай, егиздиң сыңарындай бир-бирин баўырына басты. Қурбанайдың ғамхорлығына ырза болған Айзада менен Айтмурат тар соқпақтан айдын жол алғандай қуўанды. Қурбанайдың Маталақтың жаўызлығына қарсы Айзада менен Айтмуратқа шын жүректен жәрдем берип отырғанына екеўи де толық түсинди.

—Тағы да бир қосық айтшы? —деп Қурбанай Айтмуратқа дуўтарды узатты.

—Түнги даўыс бираз жерге барады ғой.....

—Булманда ўай-ўай салсаң да сыртқа шықпайды. Биз ең төрги өжиреде отырмыз. —Айта берсе Айтмурат, —деп Айзада да Айтмураттың жүзине қыйылып қарады. Айтмурат отлы көзден йош алғандай дуўтарды қолына алды.

Ала мойнақ дуўтар гүмбирледи. Изинше жигиттиң ышқыға толы ҳаўазы қосылды.

Гүмшалардан гүллер өнип, бағы —бостанға жарасқан,
Бағы қуўрап, шөлде қалып, гүмша —гүлден айрылмасын,
Шайырлардың шийрин сөзи, ышқы дәстанға жарасқан,
Дәстан сөзи мүлтик болып, шийрин тилден айрылмасын!
Саҳра —шөллер қарап болар, бир тамшы суўға зар болып,
Жасыл дөнген көклер солар, тамшыға интизар болып,
Ышқы отына мәс болған бүлбүл гүлге қумар болып,
Бир—бирине бәрдам болып, бүлбүл гүлден айрылмасын!
Айзада, ышқын арнады, булдур бизге мақсет —мурат,

Қурбанай шарасын тапты, көрилди мың бир рәҳәт!
Мәрт болып ярды сүйген, ар—намыслы азамат!
Айтмурат әрманға жетип, шийрин сөзден айрылмасын!

Еки күн, еки түн шабандоздай шалқыған Айзада менен Айтмурат Қуўлы көлге келип, төледеги төсегине бойын бир таслады. Көзиниң шырымын алыў ушын шийрин уйқының қушағына кирди.

Қурбанай қазан —табағын, ас-аўқатын жыйнады. Қалған аўқатларды дийқанларға бөлип берди. Кепирен төсек менен пашшайы көрпелер жүклерден орын алды. Қалған аўқатлар еки ийтке несип етти. Оларды да өз жайларына байлады. Әйнеклердиң перделерин жыйнады. Үйдиң ишин сыпырды. Барлық нәрсени тақ-туйнақтай етти. «Ақ түйени көрдиң бе,жоқ....» дегендей Қурбанай да әдеттегише өз жайына барып жатып қалды.

* * *

Атызда жүрген дийханға «енди есапласыў керек» деген бәлени шығарды, Қулбай. —Маталақ пенен Қулбайдың бул тутымы адамларға аўыр түсти. Адамларды алдастырып, қақпанына түсирип алған Қулбай Маталаққа мың сан еки ҳийлени үйретти. Буның бәри Айзаданы қырқ үйли хожалық «ләббай» деп бирден басып —женишп бере қоймағанлықтан еди. Сол ушын жәм —жақтан искенжедей қысайық, азап — ақыреттиң тандырын өртеў керек деп ойласты, еки бажа.

Аш қасқырдай ашыўға миниген Қулбай салы баслап, алды дәнге айнала баслаған күнлердиң биринде адамларды атыз басына жыйнады. Дыр қамшыны билегине қыстырды. Бир қолында сыя қәлем, бир қолында дийханлардың не алып, не жеген жормалы. Бақыра —бақыра даўысы қарлыққан Қулбай жийрен жорғаның үстинде турып дизимди оқып турды.

Айтмурат Атамурат улы —алты жүз алпыс манат,
Алламурат Қутлымурат улы —үш жүз бир манат,
Арыўхан Қутлымурат келини —бес жүз елиў манат,
Сейит Шора улы —бир жүз сексен манат,
Сейтмурат Палўан улы —төрт жүз алпыс алты манат,

Бекман Елмурат ұлы—алты жүз сексен сегиз манат,

Қырық хожалық баслықларының барлығына тийисли ақшаны

Қулбай шалт —шалт оқып берди де, «барлығы болып *оң мың төрт жүз тоқсан тоғыз* манатты жума күни таўып әкелип бересизлер» деп жыйналған халыққа доқ урды.

—Барлығымыздың алғанымыз бирдей, ал, ақшасы бири аз, бири көп, ол қалай?

—Биреўиниң алған заты, кийим —кеншеги қымбат, биреўиники арзан.

—Ишкен —жегенимиз бирдей ғой, қарын да бирдей ғой?

—Алған затымыз, товарымыздың бәри бирдей еди.

—Несийе ал ма етти, сүйек жыртар.....! Ҳәмме ериксиз күлип жиберди.

—Көп былшылдамаңлар! Табасызлар!

—Салыдан алатуғын ҳақымыздан усласаңыз қәйтеди?

—Оған шекем тағы да азық —аўқат, кийим —кеншек аласыз. Қарыз көбейеди.

—О —ҳо —ҳо!.... —деп гүўледи даўыслар.

—«Еле несин көрипсең, қыл таққан соң ғаңқылдайды» деген

—Қайдан табар екенбиз?

—Наўамыз жоқ ғой?

—Наўаңыз жоқ болса усы ақшаға он жыл хызмет қыласыз.

Таппасаңлар, мал —мүлкиңиз қазналық, өзлериңиз тутқын, жазаланасызлар.

Қор болатуғын жағына енди шықтық, деп адамлар қайғы— уўайымға батты. Ҳаял —қызлар сыңсыды, еркеклер суўық демин алып, қабырғалары қайысты. Айтмурат Қулбайға жалыныўдың пайдасыз екенлигин түсинди. Өзинде бир исеним пайда болды. Халықтың қайғы —азапқа түсетуғынына көзи жетти. Маталақ пенен Қулбай тәрепинен мийримсизлик пенен берилетуғын жазалар көз алдына келди.

—Таўып беремиз, —деди Айтмурат бирден.

—Қайдан?! —деди шаңқ еткен даўыс пенен Қулбай жалт қарап.

—Ел еллигин етеди. Қырық хожалықты қор қылмайды.

—Табамыз.

—Қайдан?

—Аўылға бараман, қарызға ақша жыйнайман. Ағайинлер, қапа болып, қайғыға батпаң.

—Адамлар гүўлеп Айтмуратқа алғысын жаўдырды.

—Жума күни әкелмесең, жазалы боласаң.

— Алып келемен.

—Онда болды, жума күни келемен. Егерде қарызды төлеўден бас тартып қашып кетсеңлер аўыр жазалы боласыз! —деп Қулбай жийрен жорғаның басын бурды.

—Ағалар. аналар, жора— қарындаслар! Буның барлығы дөҳмет! —деди оның қарасы семген соң Айтмурат. Маталаққа қарыздар екенимиз дурыс. Бирақта соншама мың манатқа жеткен жоқ. Мейли, не болса да бул зулымлар алмай қоймайды. Төлемеген күнде бизлерди өлим саўдасына ҳәлеклейтуғыны да көрипип тур. Сол ушын мен ҳәзирден баслап аўылға кетемен. Алды менен ағайинлерге, дос —туўысқан, дайы —жийен, бөле, қудамдалы адамлардың алдынан өтемен. Ақша төлемесе қырқ хожалықтағы сексен адамның сергизданлыққа түсетуғынлығын, өлим қәўип астында турғанын айтаман.

—Берекет тап баўырым! —деп Алламуратның кеўили бузылып қоя берди. Адамларда гүўлеп кетти.

—Өле —өлтенимше қарыздармыз қарағым!

—Өркенің өске азаматым!

— Алғыслар болсын!

Ақырын адым басып, ойлар толқында қалыққандай қәдемин зорға басып киятырған Айтмурат тораңғыллықтан өте бергенде Айзада кейнинен жетти. Ол жалт қарады.

—Айзада?!

—Қайда барасаң? —деди Айзада отлы көзлери жаўдырап.

—Аўылға....

—Соншама ақшаны қайдан табасаң?

—Барлығын болмаған менен қолға илингенин алып келермен.

—Ондай етпе?

— Сонда не қыламан?
—Мени сат!
—Қайда, кимге?
—Базарға сал.
—Айзада, ондай деме.
—Халық қайғы —азап пенен қан жутқанша, мен сатылыўым керек.
— Жоқ. Сени сатыў—халықтың абырайын, ар-намысын сатыў деген сөз.
— Булай болмаған күнде алды менен сени жоян қылады.
— Сенсиз мениң өмирим өмир емес.
— Айзада, жылама, езилген жүректи езбе, кейинтан азат етпесем азамат емеспен! Табаман. Ием маған. Өзиңди беккем тут!
— Ай барып, аман қайт! Халық ушын олжаң мол болсын!—деп Айзада айтарын айтса да ерикпей кезлери жасаўрап, кеўли бузылды.
Айзада аздан кейин артына айланса Айтмурат төбешиктен асып түскен екен.

* * *

Адамлардың алдында Айтмураттың ўәде қылған себеби мынаў еди: Айтмурат Құрбанай менен қол уласқанда, Құрбанайға қуштарлығынан емес, Құрбанайдың Айтмуратты жан жүрегинен жақсы көрген мийрибанлығында еди.
Илаж жоқ... Құрбанай қақпанда... Құрбанай құрсаўда. Құрбанай қәпеске түскен бүлбил, қасқырдың аўзына илинген қозы. Сол ушында Айтмуратқа ағасындай баўыр басқан Құрбанай оны өзине сүйеў көреди.
Нешше күнлерден берли кеўил қосқан үшеўиниң ойлаған ой-пикири, тутқан мақсети бар.
Айтмурат пенен Айзада Құрбанай бир-бирине керек болса жаның да аямайды. Буған олар ант ишкен еди.
Құрбанайдан усы он мың манатты аламан деген исеним менен келген Айтмурат еки күннен берли Құрбанайдың қасына бара алмайды. Үшинши күн деген-де Маталақтың сарайының батыс жағындағы дийўалы менен қосыла өскен гүжимниң шақасына өрмелеп там басына шықты. Жән-жаққа қарады. Сарайдың ишинде үлкен айўан. Айўанға гүмбирленген ақ отаў тигиўли тур. Терис айўанның барлық жери нағыс пенен кестеленип ойылған.
Терис айўанның түслик тәрепиндеги мүйеште бир қәпесте бөдене тынбай сайрап тур. Оң жағындағы мүйеште қарлығаш уя салыў ушын қыстырылған қутыдан қарлығаштың шырылдысы еситиледи.
«Биреў көрип қоймағай» деп қатты қәўип астындағы Айтмурат, тамның басына минерин минди де, енди түсиўин ойлады. Күшигиндей аңлып жатыў менен аңы қашқан Айтмурат тақатсыз аўҳалда қалды, сол гезлери бөдененің қабақшасына суў қуйыў ушын Құрбанай қолына гүмис мысқуманын ала шықты.
Құрбанайды көрген Айтмураттың жүреги жарылып кете жазлады. Бөдененің жибин жаздырып, шығыр талдың шақасынан сулыў етип өрилген дүўденди төмен түсирди. Бөдененің қабақшасына суў қуйды. Тағы да жиптің бир ушын тартып орнынан шығарып қойыў ушын жоқары қараған Құрбанайдың көзине Айтмураттың бет-әлпети көринди. Құрбанай ан-таң, оным ба, түсим бе деп ойланып турғанда:
— Құрбанай!—деген Айтмураттың сыбыры еситилди.
— Хаў не қылып жүрсең?
— Саған келдим.
— Көрсе өлтиреди ғой...
— Өлимге басымды байлап келдим.
— Жасырын, булар ҳәзир кетеди.
— Болады, хабарласып тур.
Сол ўақытлары Құлбай шығып қалды. Гүбирлини шалама-шәкки қулағы шалған Құлбай қәўипленип қарады.
— Бул не, ким менен «хабарласыў....?». Не деп гүбирленди?
— Мына бөденеден хабар алмасаң шөллеп өлиўге келген екен деймен?
— Қәйдем, биреў менен сөйлесип атыр ма деп....
— Мынаў зинданға ким, қайсы тесиктен киреди?
«Гүман ийманнан айырар». Жүр, жездем қарап тур. Тура берсе Айтмуратты сезип қояр деген қәўип пе-

нен Құрбанай Құлбайдың май басып былқылдап тұрған арқасынан ишке қарай иіттерди.

— Арқаңды да май басыпты. Буниа тулып бола берип.... Жарылып кетерсең...

— Атаңа нәлет, түпирип қара, көзің тиер!

— Атама тил тийгизбе.... Харам гөшке көз тиймейди.

— Харам гөшің не! Сени...!—деп мушын ала умтылды.

— Қой, гөшің хадал-ақ болсын! Тез бар, жездем күтип қалды.

— Күтип тур.... Болмаса сени ме сени...!

— Буның менен ойнап та болмайды

Қызара бөртип, ғаллағалақтың баласындай аўдаңлап шыққан Құлбай, сыпаға жорғаны тартып, зорға минди. Аттың үстинде күтип турған Маталақ Құлбайды қулындай етип изине ертип кетип қалды. Құрбанай булар кетиўден дәрўазаны жаўып иштен илди. Есикке тәмби басты.

— Айтмурат?

— Неўе! Кетти ме?

— Зымырап, көзден ғайып болды. Секир,—деди Құрбанай.

— Ал, секирдим усла!—деп хәзиллести жигит.

— Ал, туттым!—Келиншек те хәзил менен жуўап қайтарды.

— Анаў арқанды тасла!

Айтмурат арқанды еки бүклеп, сүтинге мықлап илдирди де, оған асылып сыпырылып түсти.

Бир-бир шәйнектен шай ишилген соң жигит бул қупыя келистиң мәнисин айтты.

— Мен саған үлкен умит менен келдим. Қырық хожалықтағы сексен адамның тәғдийри сениң қолыңда.

Мен еки күннен берли сениң есигиңди аңлыйман. Кире алмадым. Ақырында гүжимниң шақасына өрмелеп, сарайдың үстине шықтым. Төменнен көре алмасам, жоқарыдан нәзер салайын; көрермен дедим. Тилегим дурыс екен, дийдарласып отырман, ырзаман.

Бизлерге Құлбай барып қан қуйды. Есапласқанда қырық хожалық он мың манатлық қарыздар болып шықты. Жума күни таўып бермесеңлер барлығыңды

жазаға гириптар қыламан дедь. Урды, урысты, азап берди.

Түрмысқа жат, денеден тыс, дәстүрден аўлақ бир дәлийллерди тапты. Бояр менен дийқанның есапласыўы гүзде, қырман алынған соң болмайтуғын ба еди. Ал, бул барлық берген затларын, азық-аўқатларын, кийим-кеншеклерин арттырып, еки қотыр текеңиң сорпалығы болмаса да ақшасы семиз болып есапланған.

Құрбанай, өзиң билмейтуғын жағдай жоқ, бурынғы дийханларға еткен тутымын бизлерге де ислей баслады. Буның барлығы Айзада ушын, халыққа қысым жасап, адамларды азап менен ашқа қатырсақ, Бересиниң орнына аламанды» көбейтсек, олар Айзаны өзлери-ақ береди, деген ҳийле менен ислеп отыр.

Бизлер он мың манаттан артық ақшаны он жылда да таба алмаймыз. Тентиреп, телмирип күн көрип отырған халдан, да айрыламыз. Барлығы қызыл көтелеги шыққан жарлы. Қара пулға зар адамлар.

Сениң мехрибанлығыңды, сениң мәрт жүрегиң менен адамгершилигиңди, жарлыларға болған мийримшаппатыңды ҳүрметлегеним ушын, Құрбанай саған уллы умит менен келдим. Сен бул жақсылығың менен тек ғана мени емес, кеўли дағлы, еки көзи жаслы, ылғый жарлыларды аман алып қаласаң.

— Не қылыўым керек?

— Құлбайдың ҳасыл дүньясы менен ақшасы таўтаў болып үйилип атыр. Керек болса аларсаң, ол ақшасының есабында умытқан деп едиң. Он мың манат ақша таўып бер. Зулым менен есапласыўдан гөре сениң менен есапласыў аңсат болар.

Құрбанай ойланып қалды. Кейин:

— Болады,—деди.

Айтмурат өзин услап тура алмай, қуўаныштан Құрбанайдың аяғына бас урып еңиреп қоя берди.

— Турың Айтмурат аға! Ер жигиттиң еңиреген айып болар.

Шыңғырлап, еки таўлы зер арша ашылды. Келиншек онда буўат-буўаты менен жатқан ақшадан он мың манатты жипек орамалға түйип әкелип берди.

— Ақша санаған бармақларыңнан! Ақша берген қолларыңнан! Мийрим-шапәәттиң нурлы шырағы жанған көзиңнен! Туўысқанды төбеңе көтерген ба-

сыңнан!—деп Айтмурат құдиретли қуўаныштың қуўаты менен Құрбанайға миннетдарлық билдирди.

Соның арасында үсти-үстине дәрўазаның қағылыўы булардың төбесинен жай түскендей етти.

— Албырама, Ақшаңа беккем бол! Мен сени тамның басына шығараман. Арқан орында.... Айтмурат там басына шықты-аў дегенде Құрбанай өтириғине көзин уўқалап есиктиң тәмбисин ашты.

— Тиримедиң?!

— Силем қатып қалыпты.

— Әй, қатпай өлгир!

— Аўзыңнан өлим түспейтуғын болды, мен өлсем орныма пияз егерсең!

— Ана атларды жалаңашлап орынларына байла! Шыраны өзим жағаман,—деди Құлбай. Есиктиң аўзында турған Маталақ екеўи ишке кирип, күндеги орнына жатып қалды. Атларды жайғастырып жүрип Құрбанай гүжим бетке шықты. Айтмурат гүжиминиң шақасына асылып тамның басынан түсип киятыр екен.....

Құрбанай сәмен менен жийрен жорғаның ер-жүўенин алды. Алдына беде салып, орынларына байлады. Есиктиң алдына келип, аспанға қараған Құрбанайдың көзине «хош бол» дегендей батып баратырған Шолпан жулдызы көринди.

— Таң да атып киятыр екен! Айтмурат, таңың атқай!—деп уллы тилек менен қапыны жапты да, тәмбени тиреди.

* * *

Сәрсенби күни Маталақ Құлбайды таң азаннан оятты. Бүгин ярым ақшам аўғаннан-ақ Маталақтың уйқысы келмеди. Хәр қыялдың басына барған ол ең ақырында қалай болғанда да Айзаданы қан төгиспе болса да, қыян-кески болса да алып келиўге шабарман жибериўге қарар етти:

— Буннан артық күте алмаймыз. Бүгин Айзаданы алып келемиз—деген Маталақтың сөзин Құлбай бирден мақуллады.

Жуўынып-кийинип болғаннан кейин сейисханаға екеўи бирден кирди. Жорғалар дәрўазаны ашқанда оқыранып қойды... Көзлери масаладай жанып тур. Адамды сағынғандай басларын ийзеп, тыпыршып

екеўи де жибин шешиўге барған Маталақ пенен Құлбайды ийискелейди.

Күндеги әдетинше далаға шығарып байлап, дорбаны толтырып жем берди. Арқа мойынларын, саўырысын, арқа жонын қысып—қармаған болды. Текийменттен исленген нағыслы терликтиң астына ербасарға қолайлап исленген бир метрдей кийизшени алды. Оның үстине еркешени салды. Жипек жонаны қойып, ерди салды. Қос айыл қатты тартылды. Екн ат та таяр болды. Күтими зор арғымақлар жол жүриўди сағынғандай, еки қулағын қайшылап, жулдызды гөзлеп, қазығын шыр гүбелек айланады.

Маталақ пенен Құлбай арғымақлардың әжайып тулғасына ышқы кеткендей екеўи еки жақтан бираз қарап турды да, чай ишиўге ишке кирди. Ишке кирсе Құрбанай әлле қашан азанғы алқас пенен чай-пайды таярлап булардың келиўин күтип отырған екен.

Чай ишип отырып әңгимеден әңгиме шығарып атларына мақтады. Шымбай қол асты бойынша барлық той-мерекеге, ҳайтларда байраққа шапқанда биринши байрақты алатуғын еди. Байдың қол асты деп арқасы Арал, күбласы Қаратаў, шығысы Жаңадәрья, батысы Әмиўдәрья, Қускананың таўы, Дамбал кеткен, Зайыр, Қазанкеткен, Ақтуба, Қаттығар, Қызкеткен, Кегейли менен Қуўаныш жарманың еки бойы есапланатуғын еди. Усы аралықтағы тойлар мейли қырда да, ойда да Маталақ пенен Құлбайдың темир көги менен Шамал көги қатнаспай, бас байрақты алмаған сапары жоқ.

— «Бажа-бажаны көрсе басы қышыйды» деген. Бүгин екеўиң жүдә ғурыжланып отырсызлар ғой. Тоғыз айлаўға ат қосқан адамлардың,—деди Құрбанай. Сен не шабандозлардың елтисиндей атларды мақтағанға елирип отыр екенсең.

— Сизлердиң тәпсиниз урғаны ғой...

— Арғымақлардың базда минип аяғын жазып турың деген еди, сейислер. Соған...

— Жазылсын!

— Кеште қонақ келеди. Қошқарларды сойдырып қой,—деди Құлбай.

— Кимге сойдыраман?

— Хим....м! Айтпақшы, атқосшылардың жумысы бар. Ырасында да малларды ким сояды?—деди Құлбай.

— Анаў дийханлардың арасындағы анаў күнги мал сойған жигит бар ғой, қолы жеңил екен. Ҳәзир кетип баратырып соған айтсақ қәйтеди, Құлбай.

— Бул итималға келеди. Оның усыманда да болып қонақты күтискени де шен емес,—деди Маталақ лийкинли.

— Аўа, қолының еби бар бала екен. Табақларды жасаўға да шебер. Аты ким еди өзиниң?!—деп өтирикшиге атын билмейтуғынға усады Құрбанай.

— Айтмурат қыссахан деймен мен.

— Қой, басқа шығар? Я сондай ма еди, ядымнан көтерилипти,—деп әбден исендирди ҳаял.

— Кеште қысса да оқытармыз.

— Аўа—аўа,—деди ишинен қуўанған Құрбанай Маталақ пенен Құлбайға жалт-жалт қарап сөзин мақуллап.

Үшеўи де кеште әкелип Айтмуратқа қонақларды күттириўге келисти. Құрбанай усы үйге келгели талай қонақларды күтти. Солардың қашан келип, қашан кететуғынын, кимлердиң келетуғынын Құрбанай Құлбайдан ҳеш уақытта да сораған емес. Ҳәзирде де сораған жоқ. «Пәленди исле, төленди қыл» десе болғаны барлығын иследи. Бүгинде не болады, ол не қонақ, кимлер келеди, оның менен Құрбанайдың қызығып отырған жағдайы жоқ.

Азанғы ҳалқасын жеп, чайын ишип болғаннан кейин бажалар жөткирининп, кекирининп, қақырынтислерин шуқлап болды. Майданға шықты. Атлана минди. Қуўлы көлге барып Айтмуратқа иследығын ислерин түсиндирип, өзлери «аңға баратырмыз...» деп Нурым түбектиң тоғайына раўана болды.

* * *

Қос ат жеккен фаэтон кеше кеште Төрткүлден шыққан еди. Фаэтонға жегилген қос аттың ноқтасына, мойнына, жалына еки қулағының ортасына ҳәрқыйлы қоңыраўлар қыстырылған, жол бойынша қоңыраўлардың жыңғыры, жолдың еки жағында отырған елди, жолаўшыларды таң қалдырды. Жаңғыр-зуңғырды еситпеген, көрмеген ел бул ҳәдийсеге жағаларын услады. Қаратаўдың арқа тәрепинде бундай фаэтонды адамлар көрмеген еди. Сонлықтан ҳәрким ҳәр нәрсеге жорыды.

— Ақ патшаның өзи емес пе екен?

— Әй нағылған. Қыз узатып киятырған байбәшелердиң бири шығар...

— Төрткүлдеги үлкен ҳәким бекен? Омыраўынан тер тамшылап, ақ көбик болған қос атлы фаэтон түс аўғанда Маталақтың сарайының алдына тоқтады. Арбакеши кең жаўырынлы, сары сынлы, қошқар шақ муртлы, басына шийразы қаракөлден папақ кийген, қыр мурынлы жигитти төрткүлли менен шаббазлылар «Садулла бала» деп атайды. Садулла бала қайсыманда ҳәзлик болса солманның паяндозы. Жалатайлықтың ҳәрқыйлы «мектебин» тамамлаған еди.

Буның анық аты Сафа. Өзиниң ҳәрқыйлы ҳийлелик, әбжиллик, гезендехорлық, бәңгилик, алдаўшылық, суўжуқпаслық минезлерине қарай буған ҳәрқыйлы ат тағылған. Буның әлпи алысқанлар буны мақтап «Садулла бала» дейди. Жеги қурттай болғаны ушын жаман көргенлер: «Сафа» суйық.....», «Сафа кимниң тарысы писсе соның таўығы»—деген атларды таққан.

Маталақтың Төрткүлдеги дийқаны Құрбанды қан жуттырып қуўдырып жибергенде усы Сафа еди. Сафаның уяты-ары жоқ. Жаманлық қылып турып билдирмеген киси усап тура береди. Құрбан күн көриў қыйын болғанлықтан «Шымбай жақта жер кең ғой, ели-халқы миймандос деп еситемен» деп, Маталаққа жалынып-жалпайып күн көриў ушын келген еди.

Фаэтон тоқтаўдан оны күтип турған адамлар оған қарай жүрди. Фаэтоннан түсип атырған Толғанайды көрген Құрбанай қулашын жая тасланды.

— Толғанай, апажан!

— Құрбанай, баўырым!—деп екеўи қушақласып жылап-сықласып алды. Аңсыз турған адамлар Маталақтың сүйиклиси, Құрбанайдың туўысқан қызы апасы Толғанайды биринши мәртебе көрди. Сонша сыясат, сонша бадабат, сонша салтанат пенен келген Толғанайды адамлар, бас ийип, қол қаўсырып ийба менен күтип алды. Сәлемлести, сорасты. Құрбанай қасындағы адамларды таныстырды:

— Мынаў Айтмурат қыссахан деген жигит, жүреги таза, өзи ҳақ кеўил, киши пейил ҳаўазы жанға жағатуғын жақсы жигит.

— Мынаў Құрбан ага, төрткүлли.

— Құрбан ағаңды билемен. Бул да жақсы киси. Құрбан ағаңа Шәрийпа құрдас сәлем айтып атыр.

— Саламат болсын. Рахмет,—деп Құрбан қос қолын көкиреғине қойып бас ийип ийба етти.

Толғанай Аралдың айдынында жүзген ақ құўыдай ақырын жылысып сарайға қарай қәдем қойды. Адамлар екиге айырылып жол берди. Сын-сымбаты, қәдди-қәўмети, келискен, бағлар ишине жарасқан сәрўи талдай сулыў Толғанай бултта бөлип жылжып баратырған ақшамғы айдай болып сарайдың қапысынан ишкериге қарай өтип кетти.

Құрбан менен Айтмурат Садулла баланы ишке киргизди де, өзлери тапсырылған жумысларына киристи. Айтмурат пенен Құрбан Толғанайдың келискен қәдди-қәўметине суқлана қарады. Шашбаўына тилла моншақлар тағылған, қалың қолаң шаш бөкесеғине түседи. Дүп-дүзиў, ақ сүйрикке усаған сылықгырдай ақ бармақлар, оның үстине биз өкшели, қажары етиктиң аяғына жарасқаны жүзикке қас қондырғандай сезиледи. Кең маңлайға жарасып турған қарлығаштың қанатындай қыйылған қара қас. Бадам қабақ астында жаўдыраған қара көз, тебендей кирпиклер, ала көзди аўдарып таслап, күле шырай бергенде мәрўерттей, ҳинжи-маржан болып дизилген аппақ тислер. Шийедей уўылжыған, ләблер, жупқа додақ, бўлкылдеген ақ тамақ, талай адамлардың көргенде жүрегиле қумарлықтың ушқының таслаған.

Айтмуратты Толғанай менен Құрбанайдың бир-бирине егиз қозыдай уқсаслығы таңландырды. Чай ишип, маўқын басып болған Толғанайға: «жездем менен Құлбай аңға барамыз» деп кетти деди.

— Ҳәзир аң бола ма? Уақты емес ғой,—деди Толғанай. Мүмкин Есимниң бойындағы сабаттағы малдар менен аржағындағы Қызылдағы қой-ешки бағылып атырған жаққа кеткен шығар?

— Құрбанай: Кеште қонақ болады, қой сойлырып қой,—деп Айтмурат пенен Құрбан ағайды жиберипти.

Айтпашақ апа, кешеден бери қосық еситпеген шығарсаң, Айтмурат деген сондай хош ҳаўаз, сондай қоша дәс, дуўтарды гүмбирлетип сөйлетеди. Кеште қонақ келсе тыңлай алмай қаларсаң, ҳәзир айттырып берейин бе?

Зериғип, зорға отырған Толғанай «сөйтпин» деп

қуўанып кетти. Арбакешти оятайын ба деп еди, Толғанай «жоқ» деп жуўап бергеннен кейин, майданға шықты. Айтмурат пенен Құрбанай шақырып алып келди. Бир-бир чайник чай қойды.—Апаң да жаңлаған даўысыңды бир еситсин, сениң даўысыңа қумар болып уйықламай отыр,—деп Құрбанай дуўтарды Айтмураттың қолына берди. Көз астынан урлаңқырап Толғанайға бир қарады. Дуўтарды сазлады, муқамына келтирди. Дизе бүгип отырды. «Бир жигит мынадай деп қосық жазған екен...» деп баслады да, әллен ўақытқа шекем Құлбайдың сарайынан йошлы қосықлар изли-изинен еситилип атты.

Йошлы қосықлар, интизар кеўиллердиң әрманын сөйлеген. Бул Толғанайдың шаршағанын шығарып, дем алайын деди. Шын жүректен алғыслар айтқанға Айтмурат ырза болды. Төртқүлден фаэтонға жүкленип келген ҳасыл затлардың ишинен маўыты шапанды Айтмуратқа сый-сарпай деп жапты. Аяғына етик, басына шөгирме, ишки кийимге шекем берип:

— Азда болса көптей көрип, тақанда болса көктей көрип... ала қойың—деп миннетдаршылық билдирди. Айтмурат пенен Құрбанай қосыла бирдей орнынан турды. Толғанай Айтмуратқа сарпайларын бере баслағанда Құрбанай шатлық пенен ишке кирип кетти.

Кирсе де тез шықты. Қолында түйиншик.—«Ат өлседе қәде өлмес, арық қойдан төслик ал» дегендей Құрбан аға бизиң үйге биринши қәдем басыўыңыз. Қәдемиңиз қутлы, жоллыңыз қайырлы болсын! Қосық айтпасаңызда кеўлиңиз ашық екен, биз де Сизге сый-сарпай жаппақшымыз. Қабыл алыңыз!—дегенде Құрбанның кеўили бузылыңқырап кетти.

— Бахтыңызға жарассын!—деп шапан кийгизди.

— Басыңызға пана болсын деп шөгирме кийгизди.

— Белиңиз беккем болсын!—деп түрме белбеў буўды.

— Басқасын өзиңиз кийерсиз,—деп етик пенен ишки кийимди қолына берди. Қуўанғанынан ҳеш нәрсе айта алмай қолындағы ишки кийимлери менен етикти қойып, Құрбанайдың маңлайынан, еки бетиниң алмасынан шорп-шорп сүйип алды, алғыс айтты.

— Бала, сен ҳәз еттиң!—деди Айтмурат келип.

— Сен ше?

—Мен,—деп қызарып кетти жигит.

— Киш-кишлеген нәмәртти!—деп Толғанай күлди.

— Ештен кеш жақсы деген,—деп Толғанайдың айдай жүзине қарағанда, ала көзинен шыққан ушқын өзине ериксиз тартып алғандай Айтмурат Толғанайды сүйип алғанын өзи билмей-ақ қалып, «кешириңиз» дегендей Құрбанайға жалт қарады.

— Енди әрмансыз болдыңыз ба?.....

— Көкиректе әрман қалмасын!—деген деп күлди.

— Дурыс...!—деп Айтмурат пенен Құрбан да қосыла күлисти.

Соның арасында майданда сыңсып жылаған қыздың даўысы еситилди. Шаўқым көтерилди.

— Ишке киргиз деймен!

— Бул үйдегилер қырылып қалған ба?

— Қайда кетти булар?

— Неўе—деп Құрбанай шықты да, ишке жалт берип кирип кетти.

— Сизлер мына беттен дәрўазадан шығың, кийимлерди жасырың. Жүр апа,—деп Толғанайды Құрбанай қолынан тартыўы менен сүйреп шықты. Құрбан менен Айтмурат дәрўазадан шығып, алған сый-сарпайларын дәрриў дәрўазаның ишиндеги ақырда жатқан сабанның астына таслады. Тезлик пенен шаўқым шыққан жаққа келди.

Кийим-кеншеклери алба-далба болып, жыртылған бети-аўзы даладай қан, шашы уўдар-дуўдар болған Айзаданы аттан түсирип, шарбаққа киргизгеннен соң шырпылдатып қамшыға тутты. Бул сумлықты көрип шыдамаған Айтмурат жуўырып барып араға түсти.

— Мәке, өзим алып киремен, қыйналма!—деди.

— Айтмурат ағажан!—деп Айзада ҳалдан кетип сылқ етип жығылды.

Ишкериден Толғанай шықты:

— Бул не?—деди ол түсин суўытып. Оның келбетинде бағанағы гөззаллықтың нышаны да жоқ, атылыўға бейим жыланға мегзер еди.

— Уры қыз,—деди не айтарын билмей Маталақ. Қойларды айдап баратырған екен...

— Жоқ, уры емеспен,—деди ҳәлден тайған Айзада-бөртип.

— Сен урысаң!—деп умтылды Қулбай қызара

— Сизлер уры!—деди қалтырап-қақсап, солығын баса алмаған Айзада.

— Ур, өлтир ямаса ишке киргиз!

— Аға, урма, өзим киргиземен!—деп ара түсти Айтмурат.

— Өзлериниз апарайық, ишке кирип дем ала бериң.

Маталақ пенен Қулбай ишке кирип кетти...

Құрбан қара тер болып, ақ көбиги шыққан еки арғымақты еки жерге қаңтарды.

— Айзада ишке кир, өзим барман! Қашып кетемиз!—деп сыбырлап. Сөйтип Айзаданы ишке сүйеп киргизип. Барлық мәселеге түсинген Құрбанай қыз ишке киргеннен кейин, алдап-арбап, бет қолын жуўдырды. Сезинкленген Толғанай тура алмастан Маталақтың үстине кетти.

— Айзада барлығын түсинемен. Жылама, бир илажын табармыз,—деген Құрбанайдың жыллы сөзи Айтмуратқа қанат питкерди.

— Мына еки бедеў атқа минип екеўимиз қашамыз. Мен бул қызды Төрткүлге Құрбан достымның үйине апарайын деди. Бул сөз Құрбанайға мақул түсти. Бул мәселәҳәтти еситкен Айзадаға жан енди.

— Бул не?—деди ашыўлы кирип барған Толғанай Маталаққа.

— Уры қыз?!...

— Тақыр жерде буқпаңыз, ақыйры-насырға шаппасын десеңиз, нийетиңизден қайтыңыз. Ҳәзир ше мен тиримен. Алла-жалла нийетиңизден қайтпасаңыз. Мениң нем кетипти, дуйым журтқа масқара етемен!

Қапы тарс-с етип жабылды.

— Толғанайды ким шақырды?—деп сорады Құлбайдан.

—Билмедим!

—Бәлким, Құрбанай болып жүрмесин?!

— Қәйдем...

— Шақыр, ол бийҳаяны! Құлбай Құрбанайды алдына салып қуўып келди.

— Апаң ким менен келипти?—деди Маталақ түнерип.

— Садулла бала дегендей ме, мурты ҳәррийген биреў ғой...

— Буларды ким шақырыпты?

— Қәйдем. Хабарым жоқ.

— Шақыр, Садулла баланы?
— Қорқаман.
— Не, жеп қоя ма?
— Мәс, не сөйлегенин билмейди. Шайға да турған жоқ...
— Онда өзиң алдыңа салып айдап кел! Құлбай шығып кетти.
— Не болса да апаңа айтып түсиндир, болар не болып қалды, балдызым.
— Көрейик, жезде.
— Қызды кийиндириң, алдастырып, жубатың!
— Әжеп болады...
— Қыздың көзи қызылда. Қызықтыр...
— Дурыс жезде.
— Апаңды бас, шатақ шығармасын. Абырай төгилсе ҳеш кимге жақсы ат емес. Апаңа хызметкер болсын деп әкелдим, басқа ой жоқ.
— Рахмет жезде! Бирақ, нәресте қыз кийиктиң ылағындай сизиң қасқыр минезиңизден қорқып қалған. Ҳәзирше, қасына бармағаныңыз мақул.
— Ол айтқаныңның жөни бар. Бар, кете бер. Иске кирис.

* * *

Муртын ҳәррийтип Садулла баланы сүйеп, Құлбай кирип келди.
—Ассалаўма алейкум—деди тили зорға айланып Садулла.
— Сәлемиңе сабын ал, заңғар! Неғып жүреең, бунда?!
— Төртқулге, үйиңизге барып едим. Апам арақ берди. Ише бериппен. Қарасам Қаратаўдан етип Назархан деген жерге келиппиз. Чайханадан тағыда ништирди. Мына киси жаңа жулқылап оятып, сизиң алдыңызға алып келди.
— Ақылсыз...!
— Биреўди ур десең урдым, өлтир десең өлтирдим, енди бүгинлиги ақылсыз болдым ба, бай аға?!
— Жақсы, барып уйықла! Азанда сөйлесемиз.
Маталақ пенен Құлбай бети-қолын жуўынып болғаннан соң хызметкер шай менен писип таяр турған қуўырдақты әкелип қойды. Екеўи ләм-мим деспей дәстурхан дөгерегине отырды.

Құрбанай болса жездесиниң өтинишин Толғанайға Айзаданың көзинше усағын түсирмей айтты. Маталақ пенен Құлбайдың көзиниң тасасын алып Айтмурат пенен Айзаданы қашыратуғынын да жасырмады.
Айтмурат та буның әнжамын жеген. Бағана атлардың ер-жүўенин алың!—деген Құлбайға...
— Қызып келген атлар, терин бассын. «Шаншыўлап жүрер» деген сылтаў менен еки атты, ҳәўиздиң аржағындағы бағқа, тасаға байлаған еди.
Айтмурат Құрбанға «сен де кейнимизден жет» деп еди, Құрбан қайыл болды. Ол да сәмен жорғаның ерин алмастан қойыпты.

* * *

Маталақ пенен Құлбайдың қорлығы ҳәдден асып кетти. Бурын урып-сөгетуғын еди, ҳәзир қол-аяқты байлатып қойып «жуўындыхор» жигитлерине сабататуғын болды.
Қырық дүрре, жүз дүрре деген бәлени шығарып, қатты шыйратылып есилген арқанды бир адам суўлап турады. Соннан кейин бул арқан темирдей таўланып ҳәр урған сайын мийтиндей тийеди. Сүйегиңди қақ жарып, етиңди тилким-тилким қылады.
Оның үстине арқанды жалаңашлап, шеңгел менен сабайды. Шеңгел менен жаза алғанлардың арқасына кирген тикенди бала-шағасы айлап ала алмай жүреди. Арқасы жарадан жаўыр болған бийшаралар, сонда да атызындағы жумысынан қалмайды.
Қотыр теке, аўсыл менен аўырған өгиздиң етин аўыздардан уў қылып шығарды. Товарларды, көрпе-төсек емес, кепин ушын берген екен, етти етимизди жеў ушын берген екен, унды үнимизди өшириў ушын берген екен, чай-қантты шаяндай талаў ушын берген екен,—деп қырық хожалық зарланғанда наласы көкке жетеди.
Мине, ақырында күпә-күндиз қолымыздан қызымызды алып кетти. Бийшара қыз атқа адам усап та миндирилмей, көкбар усап тирилей тақымға бастырылып кетти.
Ағайинлер, өлим-өлим бир өлим, күнде өлип жүргенше қуданың не салғанын көрейик деп журтты жыйнаған Бегжанның сөзи тыңлаған адамлардың

қуйқасын жуўлатты. Тула бойы тўршикти, көкирегинде кек қайнады. Қабарған кеўиллери аўыр газаптың оты менен жанғандай болып кетти. Барлығы бирден қатын бала-шаға демей, биреўлер балта, биреўлер бел, биреўлер шоқмар, биреўлер тартқыш, тағы биреўлер темир жаба менен гүректи қолларына алып яўқылдасыўы менен Маталақтың сарайына қарай «жүрис» етти.

Қурдай болып қаплап киятырған адамларды көргенде Маталақ пенен Қулбай ат қосшыларын жыйнап алдына шығажақ болды. Олардың мына келисинен қорыққан Маталақ пенен Қулбай өз адамларының қолына мылтық берип:

— Егер зәрүр болса атасыз, шабасыз, жер менен жексен қыласыз!—деп буйрық қылды.

Өзлери де изинше қолларына қурал алып шабарманларының изинен кетти. Кетсе де есикти, дәрўазаны беклеп кетти.

Соның арасында түн қойыўласты.

Бағана Маталақтың айтыўы бойынша Айзаданы муздай кийиндирген Толғанай менен Қурбанай Айтмуратты тамбасына шығарған еди. Сол ушын Айтмурат бурынғы әдети бойынша гүжиминиң шақасы арқалы тамның басына шыққан еди.

Тап сол ўақытта уллы шаўқым көтерилди. Адамлар келип қалды.

Маталақ пенен Қулбай кеткеннен-ақ Қурбанай, Қурбан, Толғанай үшеўи шатлық пенен Айзаданы тамның басына шығарды. Айтмуратқа қосты. Айтмурат пенен Айзада тамнан түсемен дегенше Қурбан атларды тайын етип турды. «Сизлер Бекжан дайының аўылында мен жеткенше еки күн иркилип турың, бирге кетемиз. Хош бол! Алдыңызды алла ашсын!»—деп Шамал көкке Айтмуратты, Темир көкке Айзаданы мингизди.

Дүбелеп келген халық Маталақтың адамлары менен айқасқа түсти. Анда-санда атылған мылтықтың даўысы болмаса, адамлар қолындағы қураллары менен-ақ бир-бирин сулатып салды. Биреўи айқасып атыр, биреўлери мушласып атыр. Биреўлери кегирдектен алып буўып таслап атыр. Биреўлер тебисип жүр, биреўлер тислесип, шайнасып жүр. Қулласы—қалам кимди ким урып атыр, тастай қараңғыда билинер емес. Биреўдиң мурны қанаған, биреўдиң тумсығына таяқ тийген, биреўдиң қолы менен аяғы шыққан, базы биреўлериниң аяқ-қолы сынған. Саў адам жоқ. Жыртылған кийимлер менен жосып кеткен қан.

Төбелес тәўир-ақ узаққа созылды. Шошқа ататуғын жалғыз пытыра менен оқлаған қоша мылтықларын үсти-үстине көширип Маталақ пенен Қулбай дуў сыйына қарамай жапырып киятыр. Булардың оқларынан көп адамлар қулады. Не деген менен мылтықлы жаўға төтепки бере алмады. Бағдың ишине қарай таса-таса менен жасырынып баратырған адамларды услап алып Маталақ пенен Қулбай басып келгенлердиң өлимнен қалғапларын сейисханаға қаматтырды.

Сейисхананың дәрўазасын бекитип, сарайдың әтирапына мылтықлы қараўыл қойды. Өлгенлер бағдың әтирапында, аўыр жарадар болғанлардың биразы ыңырсып қулаған жерлеринде жатыр. Әтираптың шаўқымы басылып дүнья тым-тырыс болғандай болды. Ярым ақшам да аўа баслады.

Қутылмеген жерден сарайдың ишинен ўай-ўай салған Қурбанайдың ашшы даўысы еситилди. Оған қоса қәҳәрли шыққан Толғанайдың даўысы еситилди.

— Бул не шаўқым?—деп жуўырып барды Қулбай Қурбанайға.

— Қашып кетипти!

— Ким?

— Айзада.

— Айзада жоқ!

Баяғы шаўқым шаўқым ба, ҳәзирги шаўқым оннан бес бетер болды. Маңлайына муш пенен урған Маталақ жараған үлектей буўырқанды. Ҳеш жерде көрдим-билдим деген адам да жоқ, изде жоқ, сөз де жоқ. Сарайдың әтирапының барлығын, қусшының тазысындай тимискилендирип қараттырып шықты. Ушты-күйди Айзада жоқ болды. — Атлар да жоқ.

— Екеўи де ме?

— Аўа...

— Ўай-ўай!!! Ҳеш бириң дузымды ақламадыңыз! Қул-ба-бай!!!!

Маталақ пенен Қулбайдың қара уўайымның қақпанына түсип, күйиктиң дәртинде лаўлап жанып атырғанын көрген Толғанай менен Қурбанай қуўаныштан толып-тасып Қурбанды оңашалап:

— Кетти ме?—деп сыбырлады. Құрбан басын еңкешеди.

— Жоллары болсын!—деп алғыс айтты Құрбанға апалы-сиңлили арыўлар.

Ақмақ аттан түсемен дегенше ақыллы аңқаудан асып кеткен еди.

— Атар таңға жүрейик, аспанға ушса аяғынан, жерге кирсе шашынан тартаман,—деп Құлбай бажасын тынышландырғаны менен алтын қабақ атылып кеткен еди.

Екинши бап

ҚАШҚЫНДЫ ҚУҒАНДА

Маталақтың үйиниң алды жетер-жердиң бийи менен кәт-құдаларына толы. Барлығыда ғәзебин қайнатасып, бетине шығып тургандай.

Бийлер менен кәт-құдалар бағдағы ҳәўиздиң бойындағы әтирин келтирип иленген, ғалы-гилем, ҳасыл еркеше менен жипек көрпешелер төселген, ырайлы тақта сыпада қушақ толтыратуғын пәр көпшиклерге сүйенип отыр.

Ыссылағанлары пүтин бир териден тигилген шөгирмелерин қасына қойып тақыя менен, базы биреўлери қурашы менен, тағы биреўлери шабандозлай орамалды басына тартып алған қәлпинде отыр.

Ал, териси жуқарған, шамал жақпайтуғын тары менен, нәшебент қыйлылары сарайдың ишиндеги гүмбирлеген ақ отаўда пейнкке қашып отыр. Барлығының алдында толы дастурхан...

Майданда Құрбан гәўмис сыйырды сойып, төрт-бес қазанда сорпа писирип атыр. Оның аржағында жазғы асханада Садулла бала еки қазанға май күйдирип палаў асыўдың тәтәрригинде. Азанда бес қойды сойып таярлап, кабап пенен жаў бөректи таярлап, азанғы чайдың алқасын берип болған Садулла баланың еки көзи урлықшы пышықтың көзиндей жанып тур. Төртқүлден алып келген арағын жасырып ишип, еле таўысқан жоқ еди. Бүгин де азанғы ашаўға қағып алған Садулланың кейпи бәлент.

Отаў менен өжиреде отырған нәшебентлерде онан пәс емес. Ҳәр бири бир-еки урт қағып алғаннан кейин көзлери масаладай жанды. Еки бетиниң алмасы тандырдан ҳәзир шыққан зағарадай қызарды. Әңгиме-дүканға жан ене баслады. Айырымлары шебирени езиўге қарады.

— Маталақжанды шақыр. Мәсләҳәтке қояр не мәселеси бар екен?—деп төрдеги ғарры от жаққышты жумсады.

Бираздан соң Маталақ бағда отырған бийлердиң алдына да келди. Үйдеги яшыўлкенлерге айтқан сөзлери қайта-қайта тәкирарлады.

Сол ўақытлары бир көзин ақ жипек орамал менен таңған Құрбанай Маталақтың алдына бир чайник чайды әкелип қойды. Өзи бир еки адым кейнине бәсип изине қайтты. Түндеги төбелеспе Құлбайдан таяқ жеп, оң көзиниң қабағы көгерген еди. Сол көкти билдирмес ушын, «көзиме терискен шықты» деп ақ орамал менен таңып жүргени еди.

— Дурыс, Маталақжан! Оғада жаман болған екен.

— Намысыңа тийе қойған екен дә!

— Қыздың ким менен кеткени мәлим болды ғой. Тезирек атланып излеў керек.

— Ушса аяғынан, жерге кирсе шашынан тартып...

— Ат керек болса мениң байраққа шаўып жүрген ана аргымағымды минсин.

— Ат бар,—деди Маталақ.—Тек сол жалатайды қолыма әкелип берсеңиз болды...

— Ел бийлеген ерлердиң кеўлине тийгенлерди тирилей жерге көмиў керек.

— Мен қалаға, қазыға билдириў ушын бараман.

— Үй—ишиндеги бала-шағаларды да пәтеңге келтирме! Оларда не гүна бар?—деди тағы биреў.

— Қыздың әке-шешесиниң жанын келиге қамаў керек.

— Қашып кетип қалмасын, олар...

— Гөрге барар. Кешеги төбелеспе силеси қатты. Жатыр ғой өлеси болып...

— Қәне, қуўғыншы болып кимлер барады?—деди кәткудалардың бири.

— Маталақжанның өзи айтсын?

— Бирлигине Құлбай барады!—деди Маталақ.

— Тағы ким?!

— Екиншисине Құрбан деген жигит бар, ол да өзимизге тәбийғый, киминиң қандай екенин, қайда баратуғынын жақсы биледи, сол барады.

— Және бир топарға мен барайын,—деди Жапалақ сары.—Еки жигит бериң, қасыма.

— Қуўғыншылар атқа қонды.

— Қыдыр ата жолдасыңыз болсын! Ай барып аман қайт!—деди барлығы бирден.

Қол қаўсырып, бас ийип, уллы үмит менен тилекке ырза болған кисидей Қулбай менен Құрбан бир тәрепке, Жапалақ сары екиниси тәрепке пәтияны алып жолға жүрип кетти.

Асылған қазандағы сорпа менен палаўлар гезек-гезек мийманларға тартылды, өзи қайттыға ас-аўқат желинди. Тағыда чай ишилди. Маталақ барлық бийлерге сый-сарпай берди. Ҳәмме орнынан ушып турып, қол жайып:

— Той-тамаша бола бергей! Куда қапа қылмайма! Мақсет-мурадыңа жеткейсең! Аллаҳу акбар!—деп пәтия берди.

Қәтқуда, бийлер ишти-жеди, ҳәз етти, сый-сарпайларын алды. Көкнар ишти. Кеўилин көтерди. Салқын сарайда дем алды. Бузаўбасты талаған қара қумырысқадай дениң арасында тум-тусқа тарап көзден ғайып болды.

Жаңа ғана сулыў сәнге, шадлы шаўқымға, әҗиме-гүрринге, ҳүрмет-иззетке бөленип турған Маталақтың сарайы енди үстинен ел көшип кеткен қарабаханадай болып қала берди.

— Төрт дийўал қысқан Толғанай бир мәҳәли ишten шықты. Енди оған ҳәмме нәрсе жат еди. Салқын саялы бағлар, көзине шеңгелдей көринди. Алма-анарлар, қарға-қузғынға таланғандай сезилди. Нәрўан гүжимлердиң, жазғы жипек жел менен жайқалып турған шырайлы жапырақлары шағаладай шуўлап турғандай еситилди Толғанайға.

Толғанайдың кейнинен туўысына шыдамаған адамдай, меңиреў кисидей мыйы мең-зең болған Маталақ шықты. Ол жән-жаққа қарап үлгермей-ақ Құрбанай шықты. Әтирапқа нәзер салды. Толғанайдың түригүсине қарап ашыў кернеп, арыслардай аўыз салайын деп турғанын сезген Құрбанай:

— Апа, не қылып турсаң? деди.

— Қарабақананың дүзде қаңырап қалғанын қайғырып турман...—деди ызалы түрде.

— Қайғырма! Қайғырғанлар қан жута берсин.

— Онда қәне еди?!

Маталақ апалы-сиңлилерге жеп жиберерликтей етип қарады.

— Қассапшыға ет қайғы, қара ешкиге жан қайғы... Қысқартың!

—Жүрегин жибитетуғын жас қыз керек-миш, буған!

— Сампылдыны қоясызлар ма, жоқ па?!

— Жоқ!—деген даўыс шыңқ ете қалды.

— Мен сизлерди ҳәзир...—деп белди ала умтылды Маталақ.

— Биз де сизди аямаспыз. Кел, мәрт болсаң!—деп Толғанай есиктиң алдында жатқан айбалтаны ала умтылды. Маталақ мертилген арыслардай айбат шегиўи менен тапжылмастан турып қалды.

— Кел. Кел-кел,—деп нықыртты Толғанай.

* * *

Қара түндеги қан жосылған төбелестен кейин, азанда тағыда ақырет-азап берген Маталақ сейисханаларға қамалғанларды гүўенлеген қозыдай жаздырып жиберди. Буны атыздағы жумысы қалып қоятуғын болғаны ушын иследи. Екинши жағынан базы биреўлер оғада аўыр жарадар. Ертең булар өлип қалса, ол уллы ўәяздың қулағына барып жетсе...

— Таң алдында босатылған адамлар «Қуўлы көл» деги төлелерине шаңқай түсте зорға жетти. Жол бойынша сыңсыған, жылаған аўыр гүрсинген адамлардың наласы жүрекке батар еди. Биреўи ақсаған, биреўиниң қолы шыққан, тағы биреўи тобығы я урышға мажыққан, биреў көзин, биреўи мурнын, биреўи бетин таңған. Бир-бирине сүйенисип зорға келди. Көле алмай жолда қалғанларын ҳаяллары азанда барып ешекке мингизип алып келди.

Маталақтың үйи менен «Қуўлы көл» диң етегине шекем ен даланың көриниси пүткиллей өзгерип кетти. Уллы урысқа түсип, саўашта сыпырыла қырылажақ болып, жарадар үйинде жатқан ләшкерлердиң

сүлдери көз алдына келеди. Биреў-биреўге жете алмай, биреў-биреўди сүйей алмай, сүйегенлердиң өзи де кимге сүйенерин билмей киятырғанлардың бул келиси оғада аянышлы еди.

Төлелерине табаны тийиўи менен барлығы бирден тапжылмастан төсек тартып жатып қалды. Бир-биреўдиң ҳалын сорайтуғын адам да болмады. Барлығы бирдей жарадар. Тек бирли-ярым ғана ҳаяллар қашыққырап аман қалған. Басқалардың барлығы жосылып қалған, қанға боялған. Ҳаяллардың аман қалғанлары алды менен күйеўлериниң, оннан кейин иргелей қонсыларының, олардың изинен усыманда төледе жасаўшылардың қанлы кийимлерин жуўмақшы.

Бүгин үш күннен берли ҳешким салы атызынан хабар алған жоқ. Тула бойы таяқтан силейген адамлар еле төсегинде жатыр. Ҳәркім ҳәркыйлы ем қылып атыр. Қаны тыйылмағанлар чайдың қуўрап қалған шәмбесин тақып атыр. Биреўлер сүйеги сынған шығар деп мумыя жутып атыр. Биреўлер кийиз күйдирип жарасының үстине басып атыр. Биреўлер ғаўашаның шақаларын отқа жағып, қыймайыны аралластырып жарасына жағып атыр. Тағы биреўлери боянның, шеңгелдиң, қарабарақтың, қуўрайдың тамырларын қайнатып, езип, оған әдираспанды аралестырып май етип денесине сүртип ҳәм ишип атыр. Қуллласы ҳәр қыйлы жол менен емленип атырған, аўыр жағдайда атызға шыға алмай жатыр.

Ал, Алламурат пенен Арыўханның тек сүлдери бар. Қыздың атасы менен анасы болғаны ушын алды менен усыларға көбирек тийди. Алламуратты әўел басқа тан-ақ таяқ пенен сулатып таслады. Арыўханды урып-урып естен тандырып, әлле қашан бир шуқырға таслаған еди. Өзи таяқтың зарпы менен ессиз жатқан адамды қашып кетеди деп Алламураттың аяғына тусаў салған Маталақ теўип-теўип кеткен еди.

Азанда қайтқан адамлар жолда көрип ярым жолда екеўин ешекке теңлеп артып зорға әкелген еди. Қонсы ҳаял еки күнге шекем екеўиниң де аўзына суў тамызып, үмитти үзип отыр.

Бүгин үшинши күн азырақ тәўир. Қара шигинниң унынан екеўи де азырақ басалай ишти. Бурыннан берли халық қолланып киятырған жантақтың сөгинен

пайдаланды. Көзиниң жараланған, муштан зәрде алған жерлерин жантақты қойыў етип қайнатып соны жақты. Тепкиниң тәсиринен аўырған ишиндеги аўырыўлардың ашшы зардабын жазыў ушын жийдени, шигилдик жийдени чай алқаста былайынша жей берди. Бул аўырыўлардың жазылыўына шыпа берди.

Қара түнде қақсап, күндиз кеўли жай таппай жабырқана жатқан Алламурат пенен Арыўханның көрген азабы, бул сапары бурынғыдан бес бетер болып кетти. Екеўи бирден азап-ақыреттиң сумлығын көргени, көз аштырмайтуғын қара бултлы қайғы болды. Ерке қызы Айзададан қәпелимде айра түсти. Айзаданың арын арлап, даўын даўлаўға барғанда мийримсиз Маталақтың зорлығына ушырады.

Қәпелимде қан төгиспе төбелестиң болыўы барлық адамға да қолай түспеди. Маталақтың өзи де көп зыянда қалды. «Иши аўырыў өзи менен кетпей ыштанды да ала кетти...» дегендей бул төбелес ҳәм бир-биреўге өшпенлилик Маталақтың Шамал көги менен Темир көгин ала кетти Көкиректеги кектиң ғазабынан, жаманлықтың жуўмағынан дөреген көрсе-қызарлықтың далбаўы он мың манаттан, ҳасыл кийим-кеншеклерден айырды.

Бунан да бетер жарлы бийшараларға үлкен зыян тийди. Залымның заҳметине дуўшакер болған бийгүна жәбиркешлер жәбириў-жапада қалды. Базы биреўлердиң я қолы, я аяғы сынып мешеллик саўдасы басқа түсти. Суп-сулыў, айдай ашылған жүзлерге, қыйғаш қаслар астындағы бадам қабақларға дақ түсти. Ақ мерўерттей жарқыраған, ҳинжи-маржандай дизилген тистен айрылды. Базы-биреўлери писте мурнынан, ақ маңлайдан жарадар болып, жаралар таңбадай батты.

Қырық қатын менен қырық еркектиң арасындағы күйде тынбайтуғын қарым-қатнаслар пышақ кескендей тоқтады. Малларға от салыў, таўықларға жем бериў дегенлер умтылып қалғандай болды. Маллар өзи жүрип, өзи отлап, қазығына келгени келип, келмегени тоғайда жүретуғын болды. Таўықлар кетектерден өзи кирип өзи шығатуғын ҳалға жетти. Маллардың ҳалға қарайтуғынлардың «ҳалы қуда менен» дегендей барлығы бирден дерлик аўыр азап, мийримсизлик, таяқтың зарпы менен төсек тартып жатып қалды.

Жөн алды, қарабарақ ҳәўлиге атланған қуўғыншылар өзлеринше пәмлеп: «булар тоғайдан басқа жақта пана таба алмас» деп Байнияз мақсымның аўылының ортасы, Ерполат жыраўдың аўылының арқасы, Бекеш бийдиң аўылының алды, Үсен жайдың үсти, Шоқторақғылдың арасы, Найым ийшанның мешитиниң түси менен Байыс тоғайына қарай шығатуғын жолға түсти.

Байис тоғайына шығатуғын отыншылардың жолы менен алаңнан асып түсип, Қуў телпек аўылына барып ат басын ирикти. Саратан ыссысында атлар зорықты. Саўырысынан ақ көбик ағып, қара терге шомылып, қатты алған деминен танаўлары далыйып кетти. Оның үстине сона-шыбынға шыдамай өңкип-өңкип қояды.

Бул аўылға ерте жететуғын еди. Бағана мәмелек айландырғандай жән-жақта жары жолдан айланып бираз ўақыты кетти. Алыстан үрген ийтлер менен гөне тамлардағы байыўлының жағымсыз даўысы, узақтан шағаллардың шуўлап улығаны еситиледи. Ҳәр жолдың дербентине қосылар, айрылар жерине үнилип из кесип, ҳәр қалыңлыққа, қамыслыққа, қопалыққа сабатлар менен сай-салаға, ой менен қыр-дөңге, даўрық салып: дүбер барып, ҳә демей-ақ атларды шаршатып алды.

Қуўтелпек аўылы онша көп елатлы емес. Жаўынның суўындай жән-жақтан жыйналған еди. Булардың да көпшилиги қырық қатын менен қырық еркектен бурынғы Маталақтың малайлары. Ақырет-азапқа шыдамай, маңлай терин төгип ислеген ҳадал ҳақысын ала алмай ақырында есабын таўып усыманға қашып келип отырған үйлер. Деңгеһеңиң гөшиндей жаңа басын қураған. Жаңадан қыйтақлап, күлшелеп жер ашқан. Қурама дегендей ҳәрқыйлы урыўдан қуралған.

Зорлық-зомбылыққа ушырап, еки қолын мурнына суғып, шобыты шыққан гөне көрпе-төсегин, көлик болмағанлықтан арқалап келген оғада ашырқап қалған адамлар.

Бурын даў-жәнжелдиң дәрдесерине көп түскен. Болыс-бийлер менен бай-моллалардың дәҳмети менен таяғын, тепкисин көп көрген. Намысқа тийетуғын, жан-жигериниң нәзик тамырларын шаяндай шағатуғын ашшы сөзлерге тойынған елат. Үй-ишги, мал-мүлки, киндигиниң қаны тамған жери, мәнзил-мәканы талан-таражға түскен. Мийримсиз Маталақлар қақсатып, барлық дүньясын қағып алған.

«Ертең бир күни бизиң де қарнымыз тояр» деп отырған елатқа ат терлетип, еки адамның ашыўлы келиўи ҳүрейин алды. Олар көз ушында көрине баслағанда, ақ булардың киятырғанын алды менен көргенлери бир-бирине хабар берди. Үйлеринен балашағаларына шекем шығып қарады. Олар жақынлағаннан соң қырғыйдан қашып, путаның түбине урған шымшықлардай барлығы бирден үйлерине кирди. Аўылдың ишги суў сепкендей тым-тырыс болды.

Қулбай менен Қурбан аўылдың күн батар шетиндеги үйге келди де, бирден тоқтады.

— Хабарласқандай ким бар?!—деди Қулбай даўыслап. Майданға шығып кет!

— Әжеп болады...!—деп орта жасар, қара сақаллы киси далаға шықты.

Қулбай атының үстинде турып иштен шығып сәлем берген адамға қол созды. Ол тартыныңқырап турып қолынан алды. Бетине жалт қарады, Қулбайды бирден таныды. Көз алдына өткен өмири елеследи. Қулбайдың қолынан алғанда оның жумсақ алақаны ол адамға жылан услағандай жеркенишли сезилди.

Үйден шыққан адам Шымберген шәнкилдек еди. Баяғы бир жылы Қуўлы көлде Маталақтың бир қара қозысы салыгершиликте батып өлген еди, оны усы Шымберген шәнкилдек билқастан өлтирген деп бир көзин ойып алған еди. Үй-ишги, дүнья-малын өртеген еди. Ҳаялы менен өзин қуўып жиберген еди. Ол ўақытта Шымберген шәнкилдек қыршылдаған жас жигит еди. Ҳәзир бир көзи соқыр, қуў шекели, қара сақаллы, буўдай ирең, талма бойлы, кең жаўырынлы киси болыпты.

Шымберген шәнкилдек Қулбайды таныўын таныса да «басыма тағы да бәле арттырарман» деген қыял менен гәп қозғамады. Лийкин «әлиниң майданына шыққан екен, мен де бир гәлле көрсем бе екен» деп ойланып турды да, ел бүлинер, бир басқа бир көз де жетер. Ендиги өмирдиң болары болды деди де, Шымберген шиңкилдек Қулбай менен сөйлесиўди қысқартқысы келип, шәрт кесип жуўап бере берди.

— Хош хызмет, мийман?!
— Бул қайсы аўыл?
— Қуўтелпек аўылы.
— Булманнан Бәйис тоғайы узақпа?
— Онша узақ емес.
— Қалай барамыз?
—Көк өзектен кейин Есим өзек, онан соң Бәйис тоғайы басланады.
— Қанша ўақта жетемиз?
— Оны жүрисиңиз биледи..
— Орта желис пенен жүргенде?!
— Аўыл жатарда жетесиз...
— Егер жете алмастай болсаңыз Матеке сыйықтың әўлийесиниң дөгерегинде шашаўлар қонған ел бар. Соған қудайы қонақ болсаңыз да болады.
— Қай урыў, олар?!
— Бессары менен қазақлар араласып отыр. Яқ, оны мақул көрмесеңизлер әўлиеге түнесеңиз де болады.
— Әўлийеге?!—Құлбайдың көзи патлыйып кетти.
— Жақсының да, жаманның да түбинде баратуғын жери сол. Әўлийе мийман жатырқамайды.
— Бүгин пийшемби ғой. Сол әўлийеге жолбарыс түнейди дейтуғын еди,—деп қапылтты Құрбан. Құлбайдың зәрреси ушты. Бирақ, дәрҳал есин жыйнап алды.—Усы жерден екн атлы өтпеди ме? Бир еркек, бир нашар...
— Жоқ излеп жүрсизлер ме? Көрмедик.
— Жоқ емес, жолдасымыз еди. Олар төте жолдан кетип еди...
— Көзимизге түспеди, мийман...
— Кеттик!—деди Құлбай Құрбанға.
Ат туяғының даўысы көпке шекем еситилип турды. Ал, Шымберген болса, оның кейнинен «ат жолында бурыш-пияз» деп қысым топырақ шашты.
Шымбергениң қасына бирим-бирим адамлар топылысып келип қалды. Ҳәмме таң қалып, Шымбергенге бир, кетип баратырғанларға бир қарайды. Түрли қыялға дөнеди. Барлығының да буларды билиўге ғыжырданы қайнап тур.
— Булар ким?

— Мийримсиз Маталақтың бажасы!
— Ҳә.— ө ә-деп халық гүў ете қалды.—Жаңа айтпайсаң ба?
— Булар не қылып жүр...?!
— Бәйистиң тоғайын сорайды. Биресе, жолдасларым бар еди дейди.
— Түсинбедик.
— Бағана киятырғанда Маталақ па екен деп қорқып едим.
— Ол келмегей, ол келсе барлығымызды қайтадан алып кетер еди.
— Көзиниздиң ойылғаны, арқамыздың жаўыр болғаны жетер.
— Келмей-ақ қойсын, аты-жолына бурыш-пияз.
— Оның аўылымызға қара қустай тийип, жанымызды шигиндей қуўыратуғынына көзимиз жетеди.
— Барлығы да қурсын. Ашыў менен кек алатуғын, тағыда, көз ойыспа болатуғын ўақытлар аман болғақ бир келер. Сол ўақта сары уўайымға бөлеген, сары шаян, жегиқурт , жексурын жаўыз Маталақ пенен де қанжар Құлбай менен де бир гәлле көресиз. Ҳәзир барып кешки салқын менен атыздағы исимизди өндирейик!—деди Шымберген. Адамлар Шымбергениң сөзин мақул көрди. Бел-кетпен, темир жабаларын ийнине салып, атызларына қарай кетти.

Құлбай менен Құрбан Қуўтелпек аўылының күнбатығар арқасына бурылды. Ҳәр жерде бир шоқатланған қызыл қумнан асып түсти. Көз жетпес тақырлық пенен созылған кебирлик алаңға шықты. Алаңның ҳәр жеринде құрт жеген тарыдай, көсенамай адамның ийегиндеги сийрек сақалына усаған, анда-санда көгерген қарабарақ пенен қуўрайдан басқа хеш нерсе көринбейди. Өзи өлип, гөне төбениң қасында илдирилдеп қалған молланың мелле сәлесиндей қуўрап қалған қанбақлар көринеди.

Алаңдағы кебирликтиң үстиниги қабаты, ийт жыртқан теридей мыжымырланып қалғандай сезиледи. Дузы аўыр болып ийленген шигиниң қамырындай көпшиип, көкшил тартып, быжып тур. Аншылықтың зәрпы бетине суў болып шыққандай күнге шағылысып жалтырап көринеди. Япырмай бала, анаманда суў бар екен деп ынтығып барсаң, аспандағы ала бултай буландырап, жетип келсең, кебир екенин билесең.

Базы бир сайларда, ескилердың жараларында текеның сақалындай тик өскен шеңгеллер менен қәлүенлер көринеди. Жол өнбей киятыр. Екеўи де елден шыққаннан берли еки аўызда ўарсақы сөз сөйлемеди. Қалай жүрип, қалай киятырғанын сезбеген адамдай меңиреўи шыққан Қулбай этирапты шарлайды.

Ана аўылдан өттик, ана шоқ терекликке жеттик, енди ана төбеден өтемиз, ана тамға жетемиз, сөйтип тез-ақ баратуғын жерге жетип қаламыз ғой деп белгилейтуғын белги жоқ, көз жумып жүрип киятырсаң, жолың өнип киятырса да билинбейди. «Алаңнан асатуғын болсаң азығың мол болсын» деген халықтың нақылы ядына сап ете қалды. Бет алдына қарап, қарсы алдынан көз алмай киятырған Қулбайдың мойны талды ма деймен, тез-тезден мойнын бүлк еттирип, мойын сүйегин шырық еттирип киятыр.

Кеш болғанда аўыл ямаса қонақ жер таба алмасақ қалай болар екен деп Қулбай, қула дүзде қара уўайымға түсип кетти.

Қурбан болса Айтмурат пенен Айзадаға берген ўәдеси бойынша айтқан жерине ўақтында жетип барыўды ойлап, киятыр. Қулбайдың қақпанынан қалай қутылыў керек? Елге жетип, Қулбай еркинликке жетип, тамақсаў маңлайы қара аўқат-асқа тойып уйықлағаннан кейин қашсам ба екен деп ойлайды. Егерде мен Айтмурат пенен Айзадаға жетип бармасам, олар басқа елге шығынып кетиўге мәжбүр болады. Маталақтың Шамал көги менен Темир көгин ҳәмме таныйды. Онда қолға түседи деп тағы қайғырды.

Қалай болған менен Қулбайдың қолайын табыўдың ҳәр қыйлы жолын ойлап киятыр. Айқассам ба екен, айқасыўдың изи төбелес, төбелестиң изи биреўди сулайтып салыў ямаса өлтириў болады. Жағаға асылып, желимдей жабысып алып жибермесе, әлбетте бул ўақта илаж қатты шара кериўден ибарат болады. Жаслаў ўақтымда Садулла баланыда сабағанман, бул соннан артық па екен? Көптен берли қара күштен қутылған. Қарнын май басқан. Айқасқаннан кейин пырқына писип пыснап қалмас па екен? Мақаўдың мойнының жуўанына қара, деп артында киятырған Қурбан Қулбайды қыял тәрезисине салып, өлшеп, сынап, минейди.

Қулбай қула дүзде ой теңизине шомылып, толқындай теңселип, тербеледи. Өйткени, азандағы қызбашылық кетпеген. Бойдың қызыў ҳәўири тарқаған. Тула бойы, он еки мүшеси өз қәлпине келген. Солайда болса азаннан берли ҳәўлирип шабысқа езилген еки тақымы зар қақсап, арқасы қурыса, мойны талған, силикпеси шығып шаршаған.

Аўылдан шыққанда ғоддаслап, далбайға шапқан қустай қожырақлап шаўып жортып киятырған адамға ҳәзир аттың желиген жүриси де жақпайды. Атлардың базда көтерилген қамшыдан сескенип, қаттырақ жүрейин десе, басын тартып жипек желиске салады. Майда жүрис пенен мийи меңзеў болған Қулбайдың базда көзи жумылып кетип, басы алдына еңтерилип келип кетеди. Көзи көкнаршының көзиндей селк ете қалғанда тарса ашылады.

Күн еңкейип, уясына қоныўға мейил берди. Лалаптай шапағы көк аспанды қаплап кетти. Тасқан суўдай жылжыған қызыл сәўле көкшил дөнген кебирликтиң үстине бояў жаққандай басқаша дөндирди. Жанлы мақлуқ жатақ жайына умтылды. Шаңқай түсте шыр-пыры шығып әл аспанда шырқырап турған поюша торғайлар пәл-пәллеп төмен түсти. Паналайтуғын жер, жай излеп шырылдай баслады.

Қула дүздиң ғалма-ғалы Қаратаўдың тасындай еңсесинен басып киятырған Қулбайдың аты сүрининп кетти.

Қалғып киятырған Қулбай «астаупуралла...» деп шоршынып кетип абынып, ерниң басынан услағанының билмей-ақ қалды. Көзин шайдай ашты. Ердиң басын жибере келе дизгинге жабысты. Артында киятырған Қурбан да ашалақта-жумалақ көзин ашты. Атының басын иркти. Қурбан да қалғып киятырғанын көзин аңқаннан соң сезди. Ҳаўлықпанын майығын тартып, атына бир қамшы тартып Қулбайға қатарласты.

— Күн батыўға шамаласты,—деди, Қулбай қосжақпаслаў сөйлеп.

— Еле елат түўе тоғайлық та көринбейди.

— Қарабаланың шөли деген усы шығар?—деп күлимсиреди Қурбан.

— Жерде кең екен, шөл де көп екен, ушы-қыйыры жоқ тақыр да мол екен.

— Үйдиң әтирапында жүргеннен соң жердиң кеңлигинде умытқансыз ғой...

— Дурыс бала. Беш күним хош күним деген, бизге қуданың берген дәўлети...

— Кең дүньяда қуданың дәўлет бермеген адамлары жасайды.

— Я....!—деп бурылып қарады Құлбай.

— Солай, дүнья кең...

— Еки дүнья бир қәдем.

— Дүньядағы жарлы-жақыбайлар да «қуданың бендесимиз» деп қудадан бахыт та, ығбал-дәўлет те сораған, барлығына беретуғын қуданың байлығы жетпегеннен соң сизлерге берген де қойған шығар. Гәп пенен илип түсти Құрбан.

— Олай деме!—Қудайға ҳәси боласаң.

— Қуда бермегеннен соң жарлы халық ығбал-дәўлетти, ҳадал мийнетим, пидәкерлик хызметим менен табайын деп «қуда бергенлердиң» табаны астында езилип-еңиреп жүргени екен ғой,—деп Құрбан Құлбайдың қытығына және тийди.

— Олай деме!—Қудаға ҳәси боласаң.

— «Ҳақ» пыз дейди, ҳарамлық пенен байығанлар.

— Ҳа бала... дегбирден саспа!—деп қойды Құлбай Құрбанға.

— Мениң бабам да, әкем де қудаға жалбарынып, зар жылап өткен. Бирақ, қудадан алған қара тыйыны жоқ.

— Демек, қуда бермеген...

— Неге, олар қуданың қара танасын урлаған ба?

— Ҳәй бала...! Қой енди, сениң менен сөйлесиң диннен шыққандай, жағдайым жоқ. Шаршаған шыбын жанымды шымшыма,—деди Құлбай.

— Қарың үлкен. Ғамың аз, ақылың сайыз, ойың орта болғаннан хабарың жоқ екен...!

— Сен мениң менен урыспақшымысаң?

— Урыспайман. Бирақта ҳақыйқатлықты жасыра алмайман.

— Қандай ҳақыйқатлық? Ол «не деген сөз» деп таңланғанға усады Құлбай.

— Айдың оң беси қараңғы болса, он беси жақты. Дурыс, бул қуданың ҳәмири менен, ал сонда не болыпты?

— Бир дәўран келер, елдиң бахты ашылар.

— Сен өзиң дәртли жигит усайсаң... Маған мақсетиңди айттың!

— Сен қулағыңды сал. Жол өнсин! Әңгиме айтып берейин.

— Айт!

— Ал, тыңла!—деп атының жылаўын қағып жиберип, Құлбайға қатарласқан Құрбан әңгимесин баслады.

— Сениң бажаң Маталақ. Маталақтың бир ўақытта мендей сен де малайы едиң. Адамларды алдадың, арбадың Маталақтың мойнына жеги қурт болдың, оның шықтың, солына шықтың. Арқасын қасыдың, дүньясын дорбалап тасыдың, «урыны қарақшы басты» дегендей, зорлық-зомбылық пенен тапқан дүньяны сен сүйлеп суўырып ала бердиң. Ҳақыйқатында усы дүньялар анаў дийханлар менен мениң маңлай теримнен өнген.

Мениң бабаларым Маталақтың мийримсиз әкеси Қарабай қанхор дегенниң қолында қулы болған. Қарабай қанхордың әкеси Тайыр тайлақ, Тайыр тайлақтың әкеси—Зияўатдин залым, оның әкеси Ҳәмиратдин ҳәким, оның әкеси Дилмухаммед дүньяхор деген болған.

Халық күйгенинен буларды жети бабасынан жети мәртебе жеркенишли жүректен жаман лақапларды таңған. Сиз түсинип киятырған шығарсыз. Қалғыман. Усындай дүньяпаразлардың, ҳарам тамақлардың қолында әкем бабаларым Нарбота, Султамурат дийқан жүрип, дәрттен дәрманы қурып, езилип, еңиреген адамлар. Ал, сениң де атың Құрбанбай еди.

Бурын қой аўзынан шөп алмайтуғын мүсәпир бакла едиң. Енди Құлбай болып, қулдан шыққан қасқырға, кисапырға, қанхорға айландың. Бирге өскен бизлерди танымайсаң. Жүрер жолыңнан, отырар орныңнан адастың. Кисиниң малына, достыңның дүньясына, туўысқаның маңлай терине, жора-жолдастың жанына төңгерип алған сүйген ярына асылатуғын болдың.

Бизлер еңирегенде көз жасына етеги толған әрманлы халықпыз. Ар-намыстан адамгершиликтен айырылмадық. Дүньяға сатылмадық. Кисиниң ҳақысын жемедик. Қорлап көз жасын ағызбадық, ат-тонын басып алмадық. Ҳүжданымыз қалғымады. Сейит те, Бегс

жан да, Алламуратта, Айтмурат та, ҳәттеки, Шымберген шиқкилдек те солай.

— Сен бала тереңнен кеттиң.

— Тыңлай бер. Досты тыңла да, өзиңше өмир сүр деген. Тереңнен кеткенде сени дос есаплап, саған халық тилегиниң наласын айтып атырман. Сақ болсын деп киятырман,—деди Қулбайдың қатты ашыўға минип киятырғанын көз қарасынан аңлаған Қурбан. Сондай тәсил менен табан тайдырмаса, кейин төбелес болар деген гүман менен Қурбан.

Мине, кеше жарлы халықты күпә-күндиз жастап тасладыңыз. Қанша бала-шаға, қатын-қалаш, кемпир-шал қанға боялды. Кеўли сүймеген қызды көкмардай етип, тирилей тақымға басып, алып кеттиңлер. Жарлыларға жала жаўып он мың манат қарыздарсыз деп заўал салдыңлар. Бул ислерди ислеп жүргениң биреўи сен ғой.

Маталақ пенен бажа болғанына да ҳадал дәстурқанның басынан ҳарам дәстурханға көшкенинше де көп ўақыт болды. Жаңағы Қуўтелпек аўылындағы үйлердиң барлығы дерлик сизлердиң зулым, мийримсиз пәлжеңизден зорға дегенде қашып қутылған малайларыңыз, «қулларыңыз». Жаңағы бизиң менен ушырасқан адам Шымберген шиқкилдек деген баяғыда сениң аўыр азабың менен сондай аўҳалға түскен адам. Сен оның менен дурыслап аманлық-есенлик сораспадың да. Себеби, сениң көзиң әл аспанда. Адамларды менсинбейсең. Қутырып кеткенликтен кимди қалай сабағаныңды, ақырет-азап бергенинди билмейсең. Билсең де жалғаннан көрмеген сезбеген боласаң. Алламурат бийшараның Айзада атлы қызын тартып алып, анасы Арыўхан менен екеўин аяўсыз сабадыңлар. Усы адамгершиликке жатама?

— Ҳаў бала!—деп бурылып бир қарап қойды Қулбай таңланып.

— Олай қарама.

—Неге?

— Қолың менен ислегениңди мойның менен көтересең.

— Бул гәплериңе түсиндим. Оны ўақтында көремиз...

— Ал, онда айда!—деп Қурбан барлық ойы арқа-

лы жүрек кегиниң түйинин түсиндирип, бир нәрсени ескерткен киси усап, ҳийлелик пенен сөйледи.

Күн батыўға таялды. Алаң үстине қарай қол созып тургандай биик төбениң үстинде бир нәрсе мунарланып көринди.

— Әне биик төбе көринди,—деди Қурбан алдына қарай оң қолы менен қамшысының ушын шошайтып, сол жағынан артына бурылып, Қулбайға қарап.

— Жақынлаған усаймыз. Күн уясына кирмей баратуғын түримиз бар,—деди Қулбай.

— Бул жол қублаға қарай созылды... Бизлер сирә мынадан бурылып жүрейик. Қуў далада жап-салма жоқ. Ҳәлек боламыз ба?—деди Қурбан тағыда Қулбайға жалт қарап, не айтар екен деген кисидей.

— Бул жол саған айланып барып қосылмас па екен?

— Барар. Арбакешлер арба жолы болған соң айланып жүрген, ал, бизлер салт атлымыз, дуўрысынан баса берейик.

— Онда, жүр, кеттик!

— Жақсы.

Қурбан атының басын бурып жолдан шықты. Күншығыс арқаға қарай бурылды. Екеўи де жеделирек жүриўди баслады. Қурбан менен Қулбайдың көзине мунарланып көринген, узақтағы көринген Мәтеке сыйықтың әўлийеси еди. Жол аздан кейин ақ басқа жаққа бурылып кетти. Қуўтелпек аўылы менен Мәтеке сыйықтың әўлийесиниң ортасында «Қасқыр жарған» деген жер бар еди.

«Қасқыр жарған» дегенниң мәниси мынадай».

Қыстың қыраўлы күни еди. Түп десе түпирик жерге түспейтуғын қара боран. Қарсылдаған қар табанның тийгенинен түрли намаға салып қарсылдайды. Суўық шамал, шымыры аяз, қулағың менен мурныңнан, бетиңнен сүйип алғанда темир басқандай тоңдырар еди. Үрген үргин, дүбелей даўылдай, ушқан қарлар дүбеп тур. Арбашылар менен түйекешлердиң отын тасып жүрген жолы болмаса, басқа жерлерде қалың қарға абынып жүре алмайсаң. Ақ буўрадай шөгип жатқан қалың қар болар емес.

Усы ызғырық аяз қарсылдаған қалың қарда еки түйеши Уәйис тоғайынан отын алып қайтты. Жолда алаңнан күндиз асып түсе алмады. Усы алаңнан ортасына ярым ақшамда зорға жетти. Топа-торыстан бир

үйир қасқыр ушырасып қалды. Түйелердің изинен бетин-аўзын таңып, бүрисип киятырған түйекешлер, гә түйеге ерип, гә кейин қалып киятыр еди.

Қанға жерик сум қасқырлар, түйеден әдеўир-аў кейинде киятырған түйекешилерди түйеден бөлип тастады. Биразы түйени талады. Биразы түйешилерди талады. Бир заманның ишинде пышық бығырласы болды да қалды. Қутырған қасқырларға қарсы шығатуғын қурал жоқ. Түйешилерди қасқыр талап өлтирген. Түйешилерди өлтиргеннен кейин түйелерди де жарыпты.

Түни менен адамлардың етин жеп, сүйегин қалдырыпты. Сәске ўақта адамлар менен түйелердің сүйегининң үстинен шыққан отыншылар адамлардың сүйеклерин жыйнап, жолдың еки шетине екеўин «шейит өткен» деп көмипти. Сол күннен баслап усыманның атын «Қасқыр жарған» деп қойыпты.

Мине усы күннен баслап, усы ўаққа шекем бул аймаққа жекке жарым адам түнде жүриўге тәўекел ете алмайтуғын болды.

Усыманға келгенде жолаўшылар менен отыншылар қорқысын зорға өтер еди. Қолына қурал алып жүрер еди. Қурал алғанда да аўыл бойынша бир мылтық. Оған да нәўбетлесип турар еди. Өзлери өз қоллары менен қорғасынды еритип, қуйма оқ ислеп алар еди. Ал, мылтық таппағанлары он—онбес адам болып, қолына балта, шоқмар алып жүрер еди.

Булманың екинши бир пайдалы жағы бажбанлар жоламайтуғын еди. Егерде отыншылар усаманға шекем отынға бажы төлемей аман келсе, демек бажбаннан қутылды деген сөз. Биринши мәртебе отыншыларды услаўға келген бажбанларға қасқырлар ушырасып топылыс жасаған. Сол ушын: «ақшасының аты өшсин» деп бажбанлар отыншыларды булманларға шекем қуўып келмейди. Усылай қарай кеткенин сезсе де иллә деп аўзын аша алмайды. Изине түспейди. Бул жағынан отыншылар отын төлеўинен қутылады.

Күн батып, геўгим жабылды. Қас қарайып, жер бети қара пердесин жамылды. Алыстан мунарланып көринген бийик зымзыя болғандай көзге илинбей қалды. Қолтаманға бейимлеў еди деп қыяллады булар. Күн шығысқа дуўырлап жүрип киятырған атлардың шеп жы-

лаўын бурып қағыў менен пүткиллей арқаға қарай бет алды.

Көз илгендей жерде от та, жақтының сағымы да көринбейди. Үрген ийттиң, шақырған қораздың сеслери еситилмейди. Әри жүрди, бери жүрди. Ҳеш қандай нәтийже шықпады. Тасбақа жүрис менен түнги жолдың өниўи қыйын болды. «Жер қатты болса, өгиз—өгизден көреди» дегендей Қулбай Қурбаннан көрип, бир нәрсе дейин десе, бағанағы сөзлеринен гүдикленип бир аўыз да сөз айтыўға тили бармай киятыр.

Жолдың бундай бурыў болғаны көкирекке әлле қандай қорқыныш салып киятыр. Сол бир қорқыныштан уйқысы шайдай ашылған Қулбай илажсыздан шыдамай, не қыларын билмей, ақырында зорға тил қатты.

— Әй, ийим-ай! Бағанағы жолдан шықпаў керек еди! — деп қәўетерленди.

— Дурыс шықпаўымыз керек еди...! — деген сөзи бөлинип қалды.

— Ол жол қалай болғаны менен таң атқанша бизди бир жерге апарар еди, — деп қыйналып сөйледи Қулбай.

— Еле де бир жағына шығармыз...!

— Япырмай усы бир арқаға қарай кеткенимиз жоқ па? Ҳо, анаў көринген жулдыз бағана оң қол тәрепимизде еди. Ҳәзир құблада қалып баратыр. Аттың басын оңға қарай бурыңқырайық-деди атының басын алды менен өзи бурып.

Булар сол жүриси менен күн шығысқа да, күн батысқа да арқаға да, жән-жаққа бурылып, ҳәр қыйлы жүрип көрди. Дуўры жол табылмады. Өз-өзлеринен қысынаға түсти. Базда улыған қасқыр менен шуўлаған шағаллардың даўысы еситиле баслады. Әсиресе, қара қулақтың қулаққа безилдеген даўысы тилди гүрмелиўге келтирип еди. Өйткени, қара қулақ бар жерде жолбарыс та, болады дейтуғын еди. «Мың пайғамбардан, бир қудай артық» дегендей мың қасқырыңнан, бир жолбарыстың айбаты—ақ жүрегимизди жарар деп Қулбай қорқанынан қаралай өшти.

Қорққанға қос көринип, бир нәрселер тәп берип ум-тылып, арандай аўзын ашып тургандай сезиледи. Баз-да аттың пысқырғаны, жүрегин жара жазлап, төбе шашын тик турғызады. Еки жақтағы қалың тораңғыллар менен шығыр тал, мәжнүн таллардың, жигилдик пенен жийделердиң шақалары мойнына, бетине, ямаса маңла-

йына шырп етип, кетсе ушып түсип, апыл-тапыл ердің басына ямас жүйенге асылады.

— Еле жолдан дәрек жоқ па? — деп сыбырлап сөйлеп Құлбай.

— Жоқ.

— Бәлеге ушырамасақ болар еди?!

— Не болса болар дағы... Барлығы қуданың буйрығы дейсіз ғой!.. деди Құрбан.

Жолдан жаман шыққан екенбіз...?!

— Табамыз..!

Булар сыбырласып сөйлесіп, қайықтардан шығып, қайда баратырғанын да білмейді. Құлбайдың аты бір нәрседен сәтем алды. Қайшы құлағын тікірейтіңкіреп, тұмлы-тұсқа қарады. Жаңа ғана гөне жылғаға түсе бергенде қаймығып жалт берді.

«Әстапуралла..!» деген сөздің аўзынан ериксіз шыққанын білмей қалған Құлбай атының жылаўын қатты тартты.

Артына жалт қараса атының басын бурып, қашыўға қолайласқандай болып жүрген Құрбанға көзи түсти. Ҳақыйқатында да батырсының киятырған Құрбан да қорқып, қалтырап қалған еди. Жолбарыс ямаса ылақкан қасқырлар топылыс жасаса Құлбайға қарамастан қашажақ еди.

— Ол не? — деди Құлбай қорқып, қалтырап.

— Білмеймен, көзиме көрінбейди, тастай түнек.

Құлбайдың көз алдына мына ўақыя елеслеп кетти. Бир жыллары Шортанбай тоғайы пышық мурны батпайтуғын қалың тоғай еди. Құлбай усы Шортанбай тоғайында туратуғын туўысқанларына қыдырып барды. Барған жеринде аўқаттан кейин, жатар алдында Құлбайдың қоныў отырған туўысқанының қорасындағы ешки-қойларына қасқыр шаңкан. Бир-еки қой-ешкилерди тамақлаған. Қой қаны ақса да, жаны шыққа да бақырмайды, ал ешкилер мә-ә-әлеп маңырай баслаған. Бир бәлеңиң болғанын білип, адамлар барса, қораның ашық жеринен қасқырлар кирген екен.

Мал ийеси қасқырларды қуўаман деп жүргенде қасқырлар мал ийесин талаған. Ўай-ўайлаған даўысқа еки адам барған екен, қасқырлар болса оларға да шаўыпты. Жарадар болғанлар жан ҳалатта жаршыдай болып қышқырғаннан кейин пүткил ел жыйналыпты. Қасқырларды қуўыпты. Демниң арасында қасқыр еки қой ме-

нен бир ешкини буўып таслаған екен. Ал, адамларды аўыр жарадар еткен.

Мине, сондай усы киятырғанымызда ылыққан қасқырларға жолыққақ, олар қуўса, бизлер жөн алды қарабарақ, қара түнде қашсақ булмаилардың ойлы-теңин, жыға менен ески ларларын, оқпан шуқырларын, сай менен салаларын бидмеймен. Қамшыға шыдамай қыза шапқан ат я ойға, я жырға, я оқпанға жығылса, аттың жулыны үзилип кетип өлсе, биз жаяў қалсақ, қайда барамыз? Қасқырларға жемтик боламыз... деп ойлады.

— Қыз алмай қумаран қап, Маталақ!!!

Салысы суўға кеткен ол бирден селк ете қалды. Ети түршигип, тула бойы қалтырап, тоңып кеткендей болды. Мийи мен-зең болып басы айналды. Еки шекеси зырқылдап кетти. Ишинен кәлиймә-шаадат қайтарып, «тәҳәрет алғаным да жоқ еди» деп сыбырланды.

Суўық демин бир алды. Сабан гүдиге қойылған ҳарақшыдай басын көтерип, қасындағы жортып баратырған Құрбанға сыбырлады.

— Шырағым, сен усы қайда баратырсаң? Өлиўге қуштармысаң?

— Неге?!

— Ҳәкисине қара қулақлардың улыған жағына қарай жүресең.

— Жүрип киятырған өзиң ғой. Меч сениң изиңдемен. Ерип киятырман.

— Солай ма еле? Ақылымды алдырғанман.

— Неге алдырасаң? Қорықсаң қашамыз...!

— Ҳаўа қашып болыпсаң... Аш қасқырлар қуўса, изиңе түссе, таң атқанша кейиңиңнен қалар ма екен? Қашанға шекем қашасаң, өлимге тап боласаң.

— Сонда не қылайық?

— Саған бир нәрсе қыл дегендей өжетлене бересең ғой. Булай қарап жүргенде болмады ма? — деп атының оң жылаўын бурып күн шығысқа қарай тағы да Құлбайдың өзи алдына түсти.

— Ол жақта қайда бармақшысаң?

— Әкемниң үйиңе...! Неге бақыра бересең?... Мен гереңмен бе? Қайсыман да жүргениңди билесең бе?

— Ҳеш нәрсе болмас — аў аға...! Бунша не қорқа бересең?!

— Булманда батырлық қылыўдың ҳеш кереги жоқ. Қәне, бир заман үндемей жүрши...

— Бул жүристен таң атқанша да жете алмаймыз.
— Не қыл дейсең, сонда?
— Қатты даўыслап бақырайық.
— Аш қасқырларды шақырыў ушын ба?
— Ел жақын болса даўысымызды еситер, адасып жүргенимизди сезгенлер даўыс берер.
— Оннан соң еле де...!
— Неге?
— Аш қасқырлар даўысыңды еситип, адамлардан бурын келип екеўимизди деңгеге теди.
— Уай, қойшы өтағасы...
— Ал қойдық. Өлгенше бақыр...! Сөйтте, ийманыңды үйире бер.
— Қасқыр деген жин қайдан пайда болды сизге...?
— Сөйлеме десе қылмадың ғой...

Құрбанның сөйлей бергенин жақтырмай киятырған Құлбай аты пысқырып жибергенде қулашын керип атының басына қамшы менен шыр еттирип салып жиберди. Табан астынан қамшы зардабына шыдамаған ат шыр гүбелек айланды. Шырылдаўықтай шыр гүбелек айланған аттың үстинде отырған Құлбайға көк аспан төңкерилип түскендей болды. Не қыларын билмей жалма-жан ердиң басына қатты асылып алды. Қайта-қайта «астапуралла?» — деп ишинен кәлийма-шаадат қайтарып, атын димары қурып барып зорға тоқтатты.

— Не болды?
— Не болғаны қурсын! Менде шыбындай жанның шереги де қалмады. Мениң саў басымды саўдаға салды, маңлайы қара Маталақ. Қызы да қурысын, жигити де қурысын. Бундай талап пенен жеген дузы да қурысын! — деп күйип-писти Құлбай.
— Сиз бир күнге қыйналып атырсыз, ал биз өмир бойы қайғы басқан азапта, қыйыншылықта жүрмиз.
— Қыйналып атырғаным жоқ, қорқып баратырман қарағым.
— Қудай жанды ҳәммеге теңдей береди дединиз ғой бағана...?
— Маған «қорқақлаў» жағын берген шығар, — деди Құлбай ҳәкисленип.
— Сол ушын «батырлаў» жағын алғанға исениң.
— Маталаққа бир емес, он қыз болса да таўып берейик. Кейнимизге қайтайық!

— Өзиңиз батырсынып жолға шығасыз, тағы ярым жолдан қайтасыз?
— Қайта қояйық, ҳәкисленип қаттың да турдың ғой? — деп атының жылаўын тартып, қалшыйып турып қалды Құлбай.
— Онда өзиңиз қайта бериңиз. Өзим-ақ излеймен!— деди Құрбан сыр шашпай.
— Япырмай, иним-ай айтқанды тыңламадың ғой?
— Өзим-ақ алдында жүрейин, жесе мени жесин.
— Жоқ, қасқыр изиндегиге шабады дейди.
— Жүр онда!
— Ҳеш болмаса жолды тапсақ еди? — деп атының жылаўын жаздырды.
— Жол табылмады! — деп қаттырақ сөйледи Құрбан.
— Бақырма деймен! Ақыры айтсаң да еситемен ғой? — Қасқыр деген мақаў мыға арт бетимизден улып атыр.
— Сен бағанадан берли былай ғана бир жүрмедиң деген Құлбай атының басын қубла шығысқа бурды. Недәўир жүргеннен кейин. кишкене шоқатқа келди. Оның үстине шықты, жән-жағына қарады. Тың-тыңлады. Ҳеш нәрсе көринбейди. Ҳеш қандай сағым да жоқ. Дүнья тым-тырыс.
— Усыманға от жағып таң атқанша отырсақ қәйтеди.?
— Шаршап киятырған адам оттың ҳәўири менен буйығып қатып қалармыз. «Уйқы менен өли тең» деген. Қасқырлар «кәбап» қылар, кете берейик.
— «Жаңылмай жүрген дөң асар» деген.

Екеўи еңиренлесип ойласты. Ақырында жол жүриўге келисти. Шоқаттан төмен түсип тағы тум-тусқа қарай жүрди. Сол шоқатқа айланып жүрмиз бе, я бул шоқат бизди айланып жүрме деп қәўип қылған шоқаттың қубла күн шығысына қарай бурылды.

Әри жүрди, бери жүрди, шаршаған үстине шаршады. Қара түнде жүриўден тыңылып кетти. Кишкене қалың бүктиң қасына жақынлаған ўақта Құлбайдың аты бирнәрседен сәтем алды. Сол бүктен узақлаў емес жерде қарақулақ улыды. Бир қарақулақтың даўысы жән-жақтан еситилгендей болды. Құлбайдың сәти қашты. Албыраған үстине албырады. Қорыққан сайын қорықты. Қорыққаны менен турмай, тақымын қысып жибер-

генде аты булқып, жолдан шығып, құлағын тикирейтип турып қалды. Қамшы менен шырт еттирип жиберип еди, ат оқыранғанда танаўы парылдап, құлақларын тикирейтип үркип турды. «Сирә булмағанда бәле бар» деп айланғаны да сол еди, бүктен өте бергенде түйе сиқыр менен өркешлене өскен қалың бүктиң астынан бир топар шошқа пырқылдаса жөнелди.

Қашқан шошқаларды көрген ат танаўы парылдап, шаншылып қараў менен қайшы құлақларын қадап, асланға, секирди. Өзи зорға киятырған Құлбай, секирген атының басын бурып, құблаға қарай зымырап кетти.

— Ҳәй тоқта! Қайда барасаң! — деген Құрбанның даўысын қорыққанлығынан, аттың қатты шапқандағы дүрсилдисинен еситпеди. Демниң арасында бираз жерге кетип қалды. Өтип кеткен шоқаттың түсына барды. Шоқаттан да өтти. Жылғаны жамбаслап еле қашып баратыр. Жылғаның ишинен еки қасқыр жалт берди. Қасқырлар қашан Құлбайдың «шабандозлардай» изинен қуўды.

Қуўған қасқырлар Құлбайға жанталасып жетип қалды. Қуўсырып қалған қасқырлар шамал менен базда желбиреп киятырған шалғайына шабады. Базда атының алдынан айланып зып береди. Базда үзенгиге аўзы жетер-жетпес болып секиреди. Секирип шапшығанда аттың қуйрығын тислеп алғандай болады. Базда Құлбайдың шалғайын шарппа тислеп тартқандай болады.

Құлбай оннан сайын кәлиймa шаадат қайтарып, ҳәрнәрсени бир ойлап, қысылғанынан қара терге шомылды. Ақ көбикке саўырсы көпирген ат, ҳаллас урып зымыран киятыр. Базда ески атыз-арықтан, шел-шуқырдан, қашбақтан секирип өткенде, түйе сиқырды шомалақтан қайтқанда Құлбай аттан ушып кете жазлайды.

Еки қолы менен ердиң басына қатты асылып алған. Жаўында қалған күшигендей көзи бақырайып, ерде отырған тап усы минутларда бир түрли аянышлы көринер еди.

Құрбан Құлбайдың соңынан әри бақырды, бери, бақырды. Ол сол зымыраўы менен көз ушына кетти. «Бундайда қоян жүрек қорқақ адам болама екен?» деп таңланды Құрбан. Қалайда кейнинен жетип тоқтатпаса болмас деп Құрбан да Құлбайдың кейнинен ҳайт қойды. Узын-қуйын ат шапқан Құрбан жулдыздай ағылып ҳә демей кейнине жақынлады.

«Мынаў қорыққанынан есинен айрылған екен» деп желдей зымырап, зуўылдап, оқтай атылып киятыр Құрбан, уллы даўрық менен бақырды. Құрбанның даўысы Құлбайға еситилсе де түн ишинде тоғайдан жаңғырып шыққан даўыс әлле қайлардан сес берди. Құрбанды ермеклеп турғандай, туў алыстан тәкирар етип турғандай сезиледи. Даўыс еситилсе де Құрбанның кейнинен қуўып киятырғандай. Құлбай сезсе де ҳеш иркилмеди, иллә деп аўзын да ашпады.

Иркилместен атлығып киятыр!!!. «Әй, аллам аманссең ел көргеймен, атым оқпанға жығылмағай, сайларға сүрнкпегей. Кейнимнен қуўып, зәңгилесип киятырған мына әзирейллер шаршап жете алмай қалғай» деген ойы-ақылының жетип болғаны усы. Қайтарыла берип қасқырларға топылыс жасап, даўрық салып, айбат стиў Құлбайдың мыйына да келмеди.

Артынан қуўып киятырған Құрбан бийиктен асып түсти. Айлана шаўып, алдын орап алмаса Құлбайдың тоқтамайтуғынын Құрбан сезген еди. Төбеликтиң туў сыртынан асып түскен Құрбанның көзине алдыңғы жағында жылтылдап жанған от көринди. Көкирегинде қуўаныш пайда болды.

Исеним менен шапқан Құрбан Құлбайды қуўсырып жетип қалды. Еки қасқырдың өшегисе қуўып киятырғанын сезген Құрбан қатты даўырық салды. Қасқырлар Құрбанның даўысынан сескенди. Күн батар жаққа қарай ҳайт қойды. Қашқан қасқырды қуўмай-ақ қояйын деген Құрбан Құлбайдың изинен жетти.

— Тоқта! — деди.

Құлбай сес бермеди.

— Тоқта деймен?!

Үн жоқ. Дизгин ушына қуйып баратыр.

Қасқырлардың кеткени, Құрбанның изинен жеткенин Құлбай сезсе де, аман-екен тири қалды, аттың жылаўын тартыўға қолының күши жетпеди. Кейнинен киятырған аттың дүбири менен аяғының дүрсилдисин еситип киятырған Құлбайдың аты оннан сайын зытқыйды. Кейнинен киятырған атты алдыма салмайман дегендей жәнийар барған сайын жылдырымдай ағылады.

Бурын байраққа шабылып жүрген ат, ақ көбик болып, қара терге шомылып, жоны қызған сайын, қанат қағып ушқан қырғыйдай зымырайды. Аттың өзи тоқтамайтуғынын билип Құлбай, ең соңғы барлық күшин

жыйнады. Қос қоллап жылаўды қатты тартты. Ақырында азырақ ақыл кирди, Құлбайға. Аттың жылаўын дуўры тартыў емес, ал бир жағына тартыў кереклигин сезе түсирди.

Оң жаққа жылаўды тартты. Ат жалт берип оң жаққа бурылды. Ериксиз бурылған ат кишкентай ғана оқпанға сүрнигип, алдыға қарай аўып кетти. Баўырлай жығылды. Үстиндеги, еки санының димары қурып киятырған Құлбайдың аяғы зәңгиден шығып кетип, аттан аўнап түсип, тамнан тасланған постындай жерге жалп ете қалды. Өзи семиз, өзи тула бойында күш-қуўат қалмай ҳал-дәрманы қурып киятырған Құлбай жығылғанынан-ақ сеспей қатқан адамдай, жер дастанын есиз қалды.

Абынып, алды бетине қулаған ат, апыл-тапыл орнынан секирип турып, сескенгендей алдында турған тораңғылдың түбине барып, дур етип бир силкинип, суўлық шайнап тура қалды. Кейиннен қуўып киятырған ат қасына келгенде бурылып оқыранды да артына айланып турды. Құрбан жалма-жан аттан түсти. Еки атты еки тораңғылға байлады. Кишкентай жән-жаққа қарады да, Құлбайдың қасына жуўырып келди. Келди де, Құлбайдың басын сүйеди. Төмен буғып көкиректе басын қойып тынлады. Жүреги дүрсилдеп, тамырлары да жүрип тур. Еки аяғын, еки қолын керип-созып көрди. Сынған, шыққан, аўыр жараланған ҳеш жери жоқ.

— Құлбай аға! Құлбай аға!

— .....?!...

— Құлбай аға деймен! — деп азырақ силкти.

— Құлбай аға — деймен — деп тағы да қаттырақ силкти.

Сес жоқ.

— Буўып тасласам ба екен. Жоқ, бул нәмәртлик болар...

— Ўақ басым...! — деди Құлбай әллен ўақта.

— Не қылды?

— Не қылғанын сорайсаң, маңлайым қурып қалды.

— Басынды көтеринкире?

— Ҳал-дәрманым жоқ.

— Басынды сүйейин бе?

— Сүйе басым жарылдыма деймен?

— Қан бар ма?

— Жоқ.

— Мыйым мең-зең болды ғой. Ўай-ўай басгенем!

— Басың тақыр жерге тийген, тас емес бас қатты ғой.

Құрбан ғабыр-ғубыр оң дизеси менен Құлбайдың геўдесин көтерип, өзине сүйеп отырғызды. Ол көзин ашып, жан-жағына қарады. Басын қозғалтыўға қорқады. Солай етип көп ўақыт отырды. Құрбан қолы менен басын сыйпайын десе, ўай-ўай, қол тийгизбе деп, өзи де қолы менен услап көрмей, қалтырап, қақсап әллен ўақытлар отырды.

Құлбай көп ўақыттан соң, Құрбанның «қара бәледей» қасқырлар тағы бир жағымыздан келип қалар деген сөзи менен Құлбай басын қыймылдатып, әўеле услап, жарылмағанын, қанамағанын тексерип көрди. Ҳеш қандай жара ямаса қыршылып қанаған жери жоқ. Тек жерге урылып, мыйы азырақ зеңген. Бурын аттан жығылып, көптен берли қыйынлықты көрмеген қам семиз Құлбайдың қуры далаға ат шаўып, қасқырлардың қуўғынына ушыраганының ақыбети усылай тамамланды.

— Аттың ерин ал!

— Неге?

— Бир маңлайы қара екенсең? Аттың терлиги менен қағыў керек.

Құрбан саққа жүгинип отырған жеринен турды. Құлбайдың атының ерин алды, терлигин алып келди. Құлбайдың арқасынан, бет алдынан терлик пенен қақты!. Қайтадан атты ертледи. Сөйтип Құлбайдың қасына келди.

— Өзи жолға шықсаң тәўип алып жүриўиң керек екен, — деди күлимсиреп.

— Пышыққа ойын, тышқанға өлим деген...

— Аўа, қасқырларға ойын, сизге өлим бола жазлады.

— Жаманға буйырма! Қолымнан тарт!

— Әжеп!

Құрбан Құлбайдың қолынан тартып турғызды. Ол әдетинше калийма шаадат қайтарып орнынан турды. Басын ақырын қозғап, шайқап көрди. Аўылжыған мый орнына түскендей аўырмады. Жығылғанда қолынан ушып кеткен қамшысын путалардың арасынан зорға таўып алды.

— Ал, жүрейик! — деди атының қасында ойланып турған Құлбайға.

— Қайда барамыз?
— Жол табамыз.

Жол табылмай-ақ усы турысыма гөрге тирилей кирсем жақсы болар еди. Сүйеклерим де зар қақсап баратыр.

— Тағы жүргеннен кейин етиң қызып, аўырғаны билинбейди.

— «Басы аўырмағанның қудай менен не иси бар?» — деген.

Қулбай қара геўдесин зорға көтерип әллеқашан ўақытта атына минип болды.

Қурбан Қулбайдың атының шылбырын жетекке алды. Бул ушын ерининң басына гүрмек шалып байлады. Алдыңғы от шыққан жаққа қарай бурылды. Көп ўақыт жол жүргеннен кейин алдынан толы суўлы жап шықты. Буның көпири өрде ме, ықта ма, көпири жоқ па оны билмегенликтен қайда, қалай қарап кетерин билмей көп ўақытлар турды. Сағa бетине кейин келермиз. Егерде көпири болмаса жайпаўытлаў жерин тапып алып кешип-ақ өтермиз деп жаптың ығына қарай жүрди.

Бир азғантай жүргеннен соң жигилдик аралас жийделикке келди. Жийделиктиң этирапы жайылым суў екен, жайылым суўды көрип Қулбай қара уўайымға батты. жайылым суў жатқан жер бурын бозлақ болған болып, жақында суў алған болса, бозлақта оқпан, үңгир көп болады. Үлкен оқпанларға ат түўе, түйе сыйып кетеди. Оқпанға кетип өлермиз.

Бирақ, Қулбай қорыққанын билдиргиси келмей: «зәрре тоқта, мыйым аўылжығандай болып кетти» деп Қурбанды тоқтатты, жайылым суўды жағалап өтейик, усы сапар мениң айтқанымды қыла ғой? — деп Қурбанға жалынышлы сөйледи. Қурбан Қулбайдың сөзин қайтармады. Жайылым суўдың арқа бетинен узағырақтан айланып жүрди.

Жайылым суўдан әллеқашан ўақытта айланып өтип болды. Буларда өтти, қарсы алдынан жылтылдап көрингen от та өшти.

— Жинниң оты емес пе екен?
— Не деп киятырсаң?
— От өшип қалды.
— Ол мәңги шырақ емес ғой.
— Енди қайдан табасаң?
— Табамыз, — деп Қулбай пәтлирек жүрди. Арадан

тағы да әллеқашан ўақыт өтти. Тоғайда тысырлап отлап атырған анда-санда маллар ушыраса баслады. Падапада болып бүктиң араларын соқпақ етип таслаған маллардың сүрдеўи көринди. Төбешиктиң тусынан өте бергенде баяғы жылтылдаған от тағы көринди. От өшпеген екен-дағы. Төбешиктиң тасасында көринбей қалған екен. Бираз жүргеннен соң ғаўырласқан даўыслар еситилди.

— Ой алла! — деп Қулбай қуўанғанынан даўыслап даўысының қалай шыққанын билмей қалды. Көпирден өтти. Жийделиктен шыққан ўақта булар бираз адамларға гезлести. Топарласқан адамлар таңланыўы менен Қулбай менен Қурбанға қарай жүрди.

Мен сизлерге бажы төлемей отын шаппақ демедим бе! — деди Қулбай абай—сиясат етип билдирмей шылбырды Қурбаннан тартып алып, алдыға шығып.

— Кимлерсиз, өзлериңиз! — деп қосып қойды Қулбай дөхмет пенен сөйлеп.

— Отыншылармыз...

— Нешше мәртебе айтыў мүмкин. Балталарыңды бериңлер!

— Бажбан тазадан болғаннан соң излеп таба алмадық.

— Таза болған сол бажбан мен.

— Ассалаўма алейкум! — деп барлығы бирден жабырласып көристи.

— Уәлейкум ассалам! — деп Қулбай менен Қурбан да көристи.

— Бажы төлейик десек сизди таба алмадық.

— Мени таппай, отынды шаппаў керек еди.

— Кеширесиз?

— Балталарыңды бериңлер! — деп даўрықты Қулбай.

— Бажбан ага! — деди биреўи.

— Бажбан иним! — деди жас үлкенлеўи.

— Бажбан шырағым — деди тағы биреўи.

— Пәтиямызды берейик...

— Ақша берейик...

— Бизлерди бул сапары жибере ғой.

— Елимиз узақ еди. — деп барлығы бирден қалтасынан, қойнынан ақша шығарып берди.

— Бунан былай бажы төлемесеңиз түйелериңизди алып патыалық қыламан, өзлериңизди — қазы—қала-

ның алдында гүналы етемен деп ақшаларын жыйнап алды Құлбай.

— Барлығы неше түйе? — деди ақшаны қалтасына салып отырып.

— Он бес түйе.

Жарийма салыўға болатуғын еди. Лейкин, биринши мәртебе тиймей-ақ қояйын! — деди жан енгендей Құрбанға көзин қысып қойды.

— Берекет табыңыз! — деп жабырласты отыныслар.

— Буннан былай мениң рухсатымсыз, бир түбирде отын шаппаң!

— Жақсы.

— Жүр бала, басқа жағын да қарайық, — деп атының басын бурды.

— Хош болың, бажбан аға, — деп отыныслар да өз жолына түсти.

Жариймадан аман қалдық деп өз ара гүбирлесип отыныслар, кейнине қарамастан бираз жерге барып қалды.

— Дүнья табыўдың жолы табылса қуданы да умытады екенсиз? — деди Құрбан.

— Ақшаны алғанда «қуда берди» — дедим ишимнен

— Адамларды алдағанда не?

— Қуда, өзиң кешир! — дедим.

— Адам ушын емес, ақша ушын туўылған екенсиз. Қашқанда бағана нени ойладыңыз?

— Оны қой. Халық қазна — оннан пайыңды жулып алмасаң, олар өзлери бермейди.

— «Кемликтиң бир күни кемалы бар» дегендей кемликтен камалға келген адамсаң. «Қолың келди Құрбан қул, сырнайыңды былғап ур» деген Құлбай аға. Қаяғыңа тасласаң да пәр төсекке қулайсаң. Сизге ақша болса қандай, шаққанласып кетеди екенсиз.

Тийинниң татын жалағыңыз келсе басыңыздың, мең-зең болып аўырғанында билмейди екенсиз.

Барлығына бес бармақтай түсиндим. Жолдас болыўға жарамайды. екенсиз. Жолда қылып киятырған ҳәреketлериңиз ушын-ақ буўып таслап, бир шуқырда қалдыратуғын адамсаң.

Бизлерди қул қылып, қанымызды қайнатып, қарындай партлап, күйдиргениң аздай, мынадай ҳайўаншылық қылўларың ушын қара басыңды оқпанға тығып жиберсе болады. Мийримсиз минезиңдей болып сеннен перзент дөремегей. Ондай перзенттиң басын кесип таслап, туқымы тамырласпастан бурын жер менен жексен етиў шәрт! — деп ашықтан-ашық айтайын десе аўзы бармай: айтпайын десе иши жанып өртенип киятырған Құрбан өз-өзинен кекли жүрек пенен гүбирленип, жы-
дағы қайнап киятыр.

Өркешленген қумның қубла жағынан өте бергенде оның етегинде отырған бир шоқ аўылға келди. Аўылға киятырған еки атлының алдынан ийтлер шабалана шығып, қарсы алды. Аўылдың қубла жағындағы жеккерек тигилген үйге тоқтады. Аттан түспестен «хабарлас» деп қыйқыўласа да ийтлердиң шабалана үргенинен булардың даўысын ҳеш адам есит... Әдден ўақытта қатты шыққан даўыстың даўрығы менен үйден ўақытта қатты шайлығып орнынан турды.

— Бул не, шошқа ма, қасқыр ма, ийтлер шабаланды ғой, тур қатын, хабар ал.!

— Өзиң шықшы, қорқаман! — деди қатыны аўдарылып түсип.

— Бизлермиз, далаға шығып хабарласыңыз!

— Бизлериң ким?

— Аўыл адамлары...

— Қайсы аўылдың? Не хызмет?!

— Әбден ез-ә! — деди Құлбай өз-өзинен.

— Жолаўшымыз. Бизиң ҳешкимге зыянымыз жоқ.

— Япырмай, бала. Ярым ақшамда? — деп қатты қыйналып, еснеп, керилип, созылып, арқа-мойнын пытырлатып, бармақларын шытырлатып зорға дегенде ишки кийимин кийип болды. Шапаның жамылды. Геўшин излеп тапты. Ошақтың есик бетинде турған мысқуманды шығып баратырып қағып кетти. Мысқуман ошаққа аўдарылды. Еле қозы сөнбеген ошақтағы қозлы бурқ ете қалды. Күл көк түтиндей жағымсыз ийси менен бурқасынлап кетти. Сүрмелеклеп жүрип қумғанды ошақтан алды.

— Кимлер боласыз, қайдан жүрсиз, жол болсын? — деди үй ийеси.

Мен Матаяқ байдың бажасы Құлбайман.

— Құлбай....! — деп таңланды, оның үстине «қанхор» деген сөзди қосса жазлап қалды.

— Аўа.

— Мынаў жигит ким болады?

— Бул ат қосшым. Қонақ жер излеп киятырмыз.

— Қонақ жер де... — деп ойланды үй ийеси.

— Аўа, қудайы қонақ қылың! — деп Құлбайдың жалынышлы сести шықты.

— Аттан түсиңлер, онда.

Құрбан тезлик пенен аттан түсти, Құлбай аттан түсейин десе, бойы қол тийгизбей, әсиресе оң қолы етип аўырды, сыйпап көрип еди, етлери ... ашыды. Сүйеклери сырқырап, еки ийни, ... саны менен балтыры зар қақсап қоя берди. Бираз ўақта аттан түсти. Өзиниң атын байлап болған Құрбан Құлбайдың атын да байлады.

— Ҳә, қатын, қонақларға ... сал! — деген сөзди еситкеннен-ақ ... жалма-жан орнынан турып шыраны жағыўға шырпы таба ... Мысқуман төгилген ошақтан қоз да табылмады. Үлкен қара қазанның астындағы ошақтан қоз таўып алды. Үстине қамыстың үпелеги менен қуўрақ майда шөпти салып, үплеп-үплеп шөплерди сасытып, әллен ўақта отта алыстырды. Жанып турған оттың бир шақасын шүтик шыраға тийгизип, шыраны жақты. Мысқуман төгилген ошақтағы күлди де, тазалап алып ошаққа от жағып жиберди. Отынларды қалады. Шырпылдаған Қалжан жамылған көрпе-төсеклерди жыйнады. Сыпырып-сыйырып тазадан төсек салып болды.

— Болдың ба?

— Аўа, кире бериң!

Құлбай оң қолын сол қолы менен услап үйге баслап кирди. Ший есикти түрип: «ишкерилең миймандар» деген үй ийеси Төрениң мирәти Құлбайға қолай түсип, зып етип кирген еди. Құлбайдың изинен Құрбан да сәлем берип кирди. Үй ийеси Төре де кирди. Құлбай үйге кириўден түйеден постың таслағандай төрге шығып, ... Оңайыйып отырып алды. Аманлық-есенлик пенен де иси болмағаны. Оны Құрбан әмелге асырды.

Құрбанның әдеп-ықрамлылық пенен қонақ жайдың кеўлин алғанын қызғанған Құлбай оң ийни менен оң қолын сыйпап қыйланыўға қарады. Құлбай отырған сайын қаралай өшип баратыр. Ошаққа ... салынған қуўрақ тораңғыл шартылдап, жанып жалынның

қызыл тили шәўгимди жалады. Маңлайына ыссы жалынның ҳәўири тийген Құлбай қара терге малынды.

— Бул не, қолайсыз отырсыз ғой, бир жериңиз аўырып отыр ма? — деди үй ийеси.

— Аўа. Қолым жанымды шығарып баратыр. Аттан жығылып оңпанға түстим.

— Азырақ жатып турың. Мәйек пенен шуўда әкелейик.

— Қолымды таңбаса болмайды. Қолым сынбаған шығар да, шыққандай сызлап, шымбырлатып, солқылдап баратыр. Үй ийеси Төре орнынан ушып турды. Ағаш сандық үстиндеги қаршыннан еки қамтым шуўда жип алды. Мәйек алып кел! — деди ҳаялына.

— Жақсы! — деп Қалжан сол заматы орнынан ушып турды. майданға шықты. Жазғы қораның ишиндеги таўықлар туўатуғын кетектен етегин толтырып мәйек алып келип зеренге салып Төрениң алдына қойды. Ошаққа қойған қара қумғанда быгырлап қайнады. Қанжылым суў менен миймандардың қолын жуўдыра баслады.

— Қолымның сүйеги шатнаған болса керек...?!!

— Сынғанда, шыққанда, шатнағанда Сизди бундай отырғызбайды.

— Әй қәйдем билейин. Жаным шығып баратыр.

— Мен ҳәзир сыныкшы таўып келейин! — деген сөз Құлбайдың қулағына майдай жағып сала берди.

— Әкел! Әкел, әкелегөр қарағым!

— Ҳәзир.

— Өзимниң аўырлығымдай дүнья алса да қолымды қарасын!

— Жоқ-ә... миймандың сыйлайды ғой, — деп Төре шығып кетти. Аттан абына қулағанда жер бетлерин қыршықгыраған екен. Ыссы суў тийгенде қыршылған бети уўдай ашып кетти. Зорға дегенде бет-аўзын сүртинип болды.

Төре өзи менен бирге жасы елиўлерден асқан, сары сынды, сулыўшық, жаңа сақалы буўрыл тартқан, узын бойлы, кең жаўырынлы, жоталы биреўди ертип келди ҳәм үйдегилерди таныстырды. Құлбайдың қаралай өшип отырғанының себебин айтып, жағдайын түсиндирди. Құлбай менен Құрбанға үйге өзи менен алып келген адамның ким екенин айтты.

— Бул Жумамурат шанышбайдың туўысқан ағасы.

Досмурат тәўип дегенниң урпағы. Буннан шипә таппаған жан жоқ. Таўдан гия терип, дәри-дармақта иелейди. Бул Бегмурат сыныкшы деген атамыздың баласы. Бул кисини Аралдың кубласы, Каратаўдың арқасында билмейтуғын адам жоқ.

— Аўа, еисткенмен. Ана бирде бажамыз Маталақ байдың үйине қонып кетипсиз.

— Ҳә, Қулбай деген болдыңыз ғой, онда сиз.

— Аўа... аўа...

— Оғада жақсы.

Елмурат есиктен кирип келиўден-ақ бети-аўзын тыржыйтып, қабағы қатып отырғаннан-ақ усы адамның бир жери майырылғандай деп ойлаған еди. Төре Елмуратқа мийманымыз аўырған деген сөзди айтқан жоқ еди. Тек мийман келди, бирге сөйлесип отырың! — деп мирәт етип келди. Аўырыў десем тәўиплердиң әдети бойынша ақша ямаса мал яки таўық, я гәлле бериў керек.

Қулбайдың сол қолы менен оң қолын, ийнин сыйпап отырғанын көрген Елмурат, Қулбайдың шешиндирип, оң қолын қарады.

Ийни исипти. Билеги баўырдай, көк талақ болып кетипти.

Қолының бармақларын қыймылдатып, ийнин сүйеклерин сықырлатып көрди. Сүйеклер сынбаған аман екен.

Қалтасынан бирнәрселер шығарып, мәйек пенен аралластырды. Оны суўық суўға көп ўақытқа шекем малып турды. Бираздан кейин оң ийниниң ушы менен талақтай көгерген жерлерин таңып таслады. Шуўданың ысыслығы жаққан оң билеклери менен бармақлары шымырлай баслады. Таңып болғаннан соң бираздан кейин: қыймылдамай жатың! — деп төсек салып жатқарып таслады. Азанда келип көремен. Қыймылдамай жатың, «тыныш уйқы» деп кетип қалды. Қулбай бир пул да ақша бермеди. Төре үйинен шықты да, шертектиң үстинде ағашларға қонақлап отырған бир түйе таўықты Елмураттың изинен үйине апарып берди.

— Ҳеш болмаса отыншылардан алған ақшадан да бир пул бермегенине Қурбанның ашыўы келди. Жини тырысып, Қулбайдың үстине дүрлеп минип, буўа қойсам ба екен деп жығырданы қайнап кетти Қурбанның.

Мийманлар шай ишти. Аўқатқа ҳәлеклемеди. Қурбан менен Төре атларды жайғастырып, барлығы жатыўға қарады. Узақ жол жүрип, аттың соққысына ушыраған, қасқырдың аўзына жем бола жазлаған Қулбай, қурылдысы жер жарып, уйықлап қалды. Қурбан да Төре менен әри-бери сөйлесип отырды да, булар да уйқыға жатты.

* * *

Арадан еки күн өтти. Қутырынған Қулбай бул аралықта күн-түн демей барлық үйлерди, төлелерди, шертеклерди қоймастан қаратқызды, ҳеш жерден ҳеш қандай дәрек табылмады. Айтмурат пенен Айзаданы көрдим-билдим деген адам болмады. Тоғайды тасалап отырған адамларды пәтенге келтирди. Ой менен қыр, түйе сиқыр менен төбе, сай менен сала жыра менен қолтық қалың бүк пенен пышық мурны батпас қалың тоғайларға шекем тинтилип қаралды.

Ўәйис тоғайы менен Есим өзектиң еки бойы, Қызыл қумға қарай кететуғын Аннаттың көли барлығы да қалдырылмай көзден өтти. «Уште-күйди жоқ болды» дегендей Айтмурат пенен Айзаданың дәреги табылмады. Есим өзек, Көк өзек, Қара өзек, Босайдың бойы, Мискин қумының арқа-шығыс жағы, Жаңадәрьяға шекем шолды. Қәрўаншы менен жолаўшылардан, шопан менен отыншылардан, қулласы көзге көринип, ушырасқан адамлардан қоймай сорады. «Пәлен жерде кетип баратырған екен, пәленниң ямаса төленниң үйинде отырған екен, пәлен тоғайда ямаса аўылда жүрген екен» деген бир де сөз есите алмады.

Есим тоғайы менен Ўәйис тоғайының бажбанлары ҳәм сол тоғайда жасаўшылар: «табылса хабар беремиз, услаймыз, сизлер қайта берицизлер» дегенде Қулбай қайыл болды. Келеси күни барып Қулбайдың бетиндеги қолындағы исиклери қайта баслады. Басы аўырғаны, қулағының шыңлағаны, мыйының аўылжығаны қойды. Шаққанласты. Шымбай уезди арқалы, тоғай төресин қосып, тағыда отряд жиберемен деп тоғайдағыларды сиясат қурып, қорқытып хошласпастан жолға шықты. «Дийдар несип, дуз несип» дегендей дийдарластық, дәстурханыңыздан дуз-дәмек болдық. Рахмет «сизлерге» деп адамлар менен хошласып Қулбайдың кейнинен жеткен Қурбан, Қулбайға қабағын үйип бир қарады.

Қурбанның қан тамырлары қызғандай тула бойы

жыбырлап, кек ғазабы мыйын жеп киятыр. Қалай болған менен Құлбайдың жинин келтирип, кеўилине қозғалаң салыўды ойлады. Сыныққа сылтаў таўып жәнжеллесиўдиң жолын изледи. Оң жағынан зып берип қашқан қоянды көрген Құрбан бирден бақырып жиберди. Қыйқыў салып қоянға қарап шапты. Тым-тырыс киятырған Құлбайдың аты сәтем алып бирден секирди. Құлбайдың қурашы басынан ушып кетип, жерге жалп ете қалды.

Құрбанға қоян жеткерсин бе, зымырап қашыўы меменен көзден ғайып болды. Ат шаўып айланып келди. Айланып келсе, Құлбай жерге түскен қурашын қалай алыўдың есабын таппай, тыпырпып турған атының басын ирке алмай, күйип-пишип ҳәлекленип жүрген екен. Құрбан шаўып киятырған Құлбайдың жерге жатқан қурашын қалай алыўдың есабын таппай жүргенин сезди. Шаўып келген пәти менен бойын төмен таслап, еки бүкленип, еңкейип, қурашын қағып алды. Шабыўы меменен Құлбайды бир айланып, атының басын зорға ирктирди. Құлбайдың қурашын қолына берди.

Қурашты силкип жибергенде аты тағы сәтем алып Құлбай аттан аўнап түсе жазлап «астапуралла» деп ердиң басына асылып зорға қалды. Буны көрген Құрбан Құлбайға билдирмей мырс етип күлди. Құлбай қатты ашыў үстинде қурашын кийип жолға түсти. Бираз жүргеннен кейин қатты ашыў менен бир жутынып, Құрбанға жаман көзи менен қарады.

— Өзиң баламысаң?!

— Жигирма жыл бурын бала едим. Ҳәзир жигирма беске шықтым.

— Саған қоян жеткеретуғын ба еди?

— Услап алып, қоянның гөшинен дуўрама қылып берейин деп едим, — деп күлимсиреди.

— Қоянды емес, өзимди дуўрама қылыў мәқсетиң бар шығар?!

— Бул адамлар дуўрама етип үйренгенлердиң қолынан келмесе, бизлердиң қолымыздан келмейди, — деди Құрбан лийкинли.

Құлбай үндей алмай қалды.

Тоғайдан түс аўғанда шыққан олар ымырт жабылып, қас қарайғанда тоғайдың ортасына келди.

Қалың тоғайды жара шыққан гузар жол екиге бөлинди.

Қайсы жол менен кетиў керек екенлигин Құлбай менен Құрбанды қатты ойландырды.

— Мына жолдан жүрейик! — деди Құлбай.

— Мына жолдан жүрейик, — деди Құрбан.

— Сен мени тағыда адастырасаң...

— Неге адастырамаң, жолды баслап киятырған өзиң ғой?

— Кешегиниң алдыңғы күни былай жүрейик деп мени оқпанлыққа апарып өлтире жаң болдың... Құдай яр болып өлимнен қалдым.

— Ақыллы өзиңнен, аўмақ өзгеден көреди! — деген.

— Мен ақмақ болғаным ба?

— Ахмақтан да артық малқамдасаң!

— Мен бе?

— Аўа сен! Ҳарамы ҳайўан!

— Атаңа нәлет, не деп турсаң?!

— Құлбай қанхор деген жаўызсаң.

— Мен сендей малайымнан бундай сөзди еситкеннен гөре, өлгеним артық.

— Нәмәрт алдаўшы, жеп құртсаң.

— Мә саған! — деп қамшы менен Құрбанның басына шырп еттирип еди, қамшының ушы Құрбанның бетин оттай жандырып жиберди.

Құрбан атының басын бурған ўақта Құлбай зыпланып ди. Құрбан кейининен жас қырандай жалтырып киязулдыздай ақты. Құрбанның кейи ушты Демде бираз тырғанын сезген Құлбай күйиндай ушты Демде бираз жерден асып кетти. Қорқып қысынғанынан Құлбай аттты қамшылай берип, жолдан да шығып кетипти. Қалың тоғайға кирип кетипти. Торанғыл ... менен жийделиктиң қашты. ...улери менен айлана тасасы, маллардың жүрген с...

Көп ўақыттан кейин Құрбан Құлбайдың изинен жеткен. Бүркиттей ... қақ жаўырынынан қапсыра құти. Еки ат та торанғылға тиреле тоқтады. шақлай тарты. ... Құрбан айқасыў менен әлле ўақта Құлбайды аттан аўдарып таслады. Құлбай қашажақ еди. Құрбан шақ... изинен қуўып кетти. Жуўырып баратырғанда аяғынан қағып жиберенде Құлбай аўнап түсти. Урды, тепти. Құлбай орнынан турды. Бирден алыса кетти. Биресе Құрбан, биресе Құлбай асты-үстине шықты. Қамсемиз пыснап қалды. Құлбайдың ҳал-дәрманының әззилегенин билген Құрбан өлгенше сабады.

Қанға боялған Құлбай есінэ қалды. Тағыда қарны-на, арқасына, жумалатып жүрш теуіп, Құлбайды қара текеніц терисиндей ийледи. Құлбайдың аўзынан, мурнынан, тула бойынан аққан қан киийм-кеншегин боян таслады. Есинен аўып қалған Құлбай «ийманлы өлидей» аўыр дем алып, өлим ҳаўтында жатыр. Уры-ўын урды. Есинен тандырды. Енди не қылыў керек деп ойланды Құрбан.

Өлтиргеним болмас... Нәўертлик болар. Оннанша өлимнен өзгешелеў, халықтың көзине қарай алмайтуғын бир масқарашылық ты исесем қалай болар екен деп ойланды, Құрбан. Өзи стирын ҳаллығыўын басты. Қан тийген жерлерин сүртти Мүш тийген, теки тийген жерлерин сыйпап, сүртип қояды. Әбден дем алды, солығын басты.

Құрбан бирден орнынан ушып турды. Жан-жаққа қарады. Жерге қулағын қойып тың-тыңлады. Ҳеш қандай сес, ҳешқандай дүрсилди, еитилмеди. Қулаўын жая жатқан Құлбайды қапсыра қушақлап еди. Атлар сәтем алғандай қулақларын тикирийтип Құрбанға қарай пысықырынды. Ақырын барды да Құлбайдың атының жибин қысқа етип, торанғылға байлады. Өзиниц атын да екинши торанғылға байлады.

Кейин Құлбайды қапсыра қушақлап көтерди. Аўыр екен. Құрбан апарыў қыйын болды. Сүйреп атының қасына апарды апарыў қыйын болды. Сүйреп атының қаөзине үйретти. Дорбада жем бар екен, аўзына илди. саўырсын, төсин, маңлайын қасып Құлбайды атқа сүйеп, ердиц үстине шығарды.

Құлбайдың еки аяғын ердиц артындағы еки жин бенен еки саннан ек... жаққа таңды. Белден, қолтық астынан тырмаш алды. С...тип Құлбайды әри-бери қозғап, аўдарып көрди. Құлбайдың алдерди қозғалмады. Аттың жүўенин алды. Дорбаны Құлбайдың атын жетеледи. Тоғайдан шыққаннан кейин Құлбайдың атының жүўенин сыпырып алды. Атты гүзарға салып қамшылап қуўды. Қамшы тийген сайынан сайын шаўып кетти. Ат қарасын жоғалтқанша Құрбан артынан қарап турды. Соң Ғурбан құбла-шығысқа қарай шаўып кетти.

* * *

Еки күн таңды кирпикилмей атырған Айтмурат пенен Айзада Құрбанды үлкен үмит пенен күтип отырған

еди. Құрбан келмесе Матаўақ пенен Құлбай қуўып келип, қолға түсиреди, соң ҳалымыз қыйын болады деп Айтмурат қайғырды. Анам менен атамның аўҳалы қалай болып атырған екен деп Айзаданың уўайымы да басынан асты.

Түн қусы менен таласа уқсандай Құрбан қараңғыны қақ жарып, ярым ақшам еўганда жетип барды. Бекжанның соқыр кемпири ылашықта жатқан жеринен ушып түргелди. Кемпирдиц жан-жаққа қолын сермеленгенинен Айзада оянды. Айзада Айтмуратты оятты. Құрбан менен қуўана көристи. Оның үстине бултан шыққан айды күткендей, жол қарап дилгир болып отырған Айтмурат пенен Айзаданың қуўанышы қойнына сыймай кетти. Құрбан болмаса булардың Төртқулде танысы жоқ. Көристи, сөйлести, Құрбан барлығын түсиндирди.

— Атларыңыз қайда?
— Анаў гөне төледе.
— Тезлик пенен ертлең.
— Қуўып киятыр ма?
— Жоқ, кетемиз.

Айтмурат пенен Айзада тезлик пенек атларын ертлеп, майданға алып шықты. — Апай аманлық менен көрискеймиз, Бегжан келсе айтарсаң! Ақ пәтаяында бер! Бизлер жолланып баратырмыз! — деп Айтмурат баяғы басы бузылмай турған он мың манаттан кемпирге жүп ақша берди. Ҳәмме қолын жайды.

— Қырық шилтер ғайып еренлер яр болып, Қыдыр ата жолдасың болсын! Душпаның дәртли болсын, досларың дәрман берсин, сүринбегейсең, несийең нақ болсын, жолыңда шырақ болсын! Белиң берик болсын, жолың ҳақ болсын! Ай бар да, аман қайт! Саў-саламат болғайсызлар, аллаҳу-акбар! — деп кемпир кеўил сөзин айтты.

— Балаларым, қызым, ана дорбада кешеги жолға деп писирип қойған мәйек бар. Ана шанаштың ишинде шигинниц зағарасы бар, ана ағашқа илиўли турған қалтада қара тақан бар. Соның қасындағы жыртығы жамалған қалташада жийде тақан бар. Мен үйдемен. Сизлер дүзге баратырсызлар. Әлле қандай күн болады. Барлығын алың, айналайынлар! «Бир күни кемликтиц кемалы барды» деген қудайым жетилисип, жалғасып кеткейсизлер — деди кемпир қамсығып.

Қанға боялған Құлбай есінз қалды. Тағыда қарына, арқасына, жумалатып жүрш теуш, Құлбайды қара текеніц терисиндей ийледи. Құлбайдың аўзынан, мурнынан, тула бойынан аққан қан киийм-кеншегин бояп таслады. Есинен аўып қалған Құлбай «ийманлы өлидей» аўыр дем алып, өлим халатында жатыр. Уры уурды. Есинен тандырды. Енди не қылыў керек деп ойланды Құрбан.

Өлтиргеним болмас... Нәўбртлик болар. Оннанша өлимнен өзгешелеў, халықтың көзине қарай алмайтуғын бир масқарашылық ты ислесем қалай болар екен деп ойланды, Құрбан. Өзи стирып халлығыўын басты. Қан тийген жерлерин сүртти Мүш тийген, тепки тийген жерлерин сыйпап, сүртип қояды. Әбден дем алды, солығын басты.

Құрбан бирден орнынан ушып турды. Жән-жаққа қарады. Жерге қулағын қойып тың-тыңлады. Хеш қандай сес, хешқандай дүрсилди, ешитилмеди. Қуланың жая жатқан Құлбайды қапсыра қушақлап еди. Атлар сәтем алғандай қулақларын тикирейтип Құрбанға қарай пысықырынды. Ақырын барды да Құлбайдың атының жибин қысқа етип, тораңғылға байлады. Өзиниң атын да екинши тораңғылға байлады.

Кейин Құлбайды қапсыра қушақлап көтерди. Аўыр екен. Оны сына апарды? апарыў қыйын болды. Сүйреп атының қасына үйретти. Дорбада жем бар екен, аўзына илди. Құлбайды атқа сүйеп, ердиң үстине шығарды.

Құлбайдың еки аяғын ердиң артындағы еки жип бенен еки саннан ек. жаққа тартып тастады. Белден, қолтық астынан тырмаш алды. Сөйтип Құлбайды әри-бери қозғап, аўдарып көрди. Құлбайды Құлбайды әри-бери қозғап, жүўенин алды. Дорбаны алдери қозғалмады. Аттың Құлбайдың атын жетеледи. Тоғайдан өзиниң атына минди. Құлбайдың атының жүўенин сыпырып алыққаннан кейин зарға салып қамшылап қуды. Қамшы тийген атымырап шаўып кетти. Ат қарайын жоғалтқанша Құрбан артынан қарап турды. Соң Құрбан құбла-шығысқа қарай шаўып кетти.

* * *

Еки күн таңды кирпикилмей атырған Айтмурат пенен Айзада Құрбанды үлкен үмит пенен күтип отырған

еди. Құрбан келмесе Матаяқ пенен Құлбай қуўып келип, қолға түсиреди, соң халымыз қыйын болады деп Айтмурат қайғырды. Анам менен атамның аўҳалы қалай болып атырған екен деп Айзаданың уўайымы да басынан асты.

Түн қусы менен таласа ушқандай Құрбан қарағыны қақ жарып, ярым ақшам еўғанда жетип барды. Бекжанның соқыр кемпири ылашықта жатқан жеринен ушып түрғелди. Кемпирдиң жән-жаққа қолын сермеленгенинен Айзада оянды. Айзада Айтмуратты оятты. Құрбан менен қуўана көристи. Оның үстине бултан шыққан айды күткендей, жол қарап дилгир болып отырған Айтмурат пенен Айзаданың қуўанышы қойнына сыймай кетти. Құрбан болмаса булардың Төртқулде танысы жоқ. Көристи, сөйлести, Құрбан барлығын түсиндирди.

— Атларыңыз қайда?
— Анаў гөне төледе.
— Тезлик пенен ертлең.
— Қуўып киятыр ма?
— Жоқ, кетемиз.

Айтмурат пенен Айзада тезлик пенек атларын ертлеп, майданға алып шықты. — Апай аманлық пенен көрискеймиз, Бегжан келсе айтарсаң! Ақ пәтиянды бер! Бизлер жолланып баратырмыз! — деп Айтмурат баяғы басы бузылмай турған он мың манаттан кемпирге жүп ақша берди. Ҳәмме қолын жайды.

— Қырық шилтер ғайып ерлер яр болып, Қыдыр ата жолдасың болсын! Душпаның дәртли болсын, дослариң дәрман берсин, сүринбегейсең, несийең нақ болсын, жолыңда шырақ болсын! Белиң берик болсын, жолың ҳақ болсын! Ай бар да, аман қайт! Саў-саламат болғайсызлар, аллаҳу-акбар! — деп кемпир кеўил сөзин айтты.

— Балаларым, қызым, ана дорбада кешеги жолға деп писирип қойған мәйек бар. Ана шанаштың ишинде шигинниң зағарасы бар, ана ағашқа илиўли турған қалтада қара тақан бар. Соның қасындағы жыртығы жамалған қалташада жийде тақан бар. Мен үйдемен. Сизлер дүзге баратырсызлар. Әлле қандай күн болады. Барлығын алың, айналайынлар! «Бир күни кемликтиң кемалы барды» деген қудайым жетилисип, жалғасып кеткейсизлер — деди кемпир қамсығып.

— Анажан, баўырыңа қыс мени, мениң ғәрип анам не қылып атыр екен? Сол ғамды көрсеңиз, көзи жаслы, кеўли ғамлы Айзада атлы қызыңды бақҡанман, Шайдан қашқан шөжедей қақатымның астына жасырғанман. Қанлы аўыз қасқырға жуттырмай, жолға шығарып салдым де, ана! — деп Айзада бозлап баўыры еригеннен көзинен жас өгип, кемпир менен қушақласып хошласты. Айтмурттың, Құрбанның маңлайларынан бир-бир сүйди. Кемпирдиң берген шигин загарасын, писирген мәйегин, қара тақан менен жийде тақанын алды. Ҳәмме майданға шықты.

— Хош анажан! — деди кеўли бузылып қараған Айзада.

— Хош қызгенем! — деди кемпир кеўли бузылып.

Айтмурат пенен Айзада, Құрбан жүрип кетти. Көзи көрмесе де көп ўақытқа шекем кемпир базда қолын көтерип, булардың қарасы көринбей кеткенше шекеги кеңисликке тигилип қарап турды. Аналықтың аймағында өскен Айзадаға кемпирдиң киши пейил, адамгершиликли, аршыл ақ кеўил, ҳадал ниет, ҳақ көкирек екенин билген Айзада көп жерге шекем көзинен аққан моншақ жасты тыя алмады.

* * *

Босайдың шығысындағы қумлықтан, гә тақырлықтан, жолдың қолайлы жерлеринен тынбай жүрип киятырған Айтмурат, Құрбан, Айзада Бес төбениң арқа шығысына жақынлады. Булар Бес төбениң баўрайын басқанда тан да атты. Қуяшлы атқан шуғлалы тан жер жүзин нурландырып жиберди. Шапағын шашыратып күн де шықты.

Бес төбениң баўрайына кирдик десе де, Назархан тоғайының шығыс-арқасына жаңа қәдем басқанда тоғай тәрептен шаң буўдақлана бурқылдады. Қуйындай дөңгеленип әл-аспанға көтерилди. Булар бир төбеликти тасалады. Бир топар атлы шаўып киятырғандай сезилди. Нөкистиң үсти, Қабақлы атаның арқасы менен Бекбай тоғайының тусынан дуўрылап киятырған қуўғыншылар шығар деп ойлады.

Бурқырап көтерилген шаңды көриўден өзлерин төбениң тасасына тартқан Құрбан менен Айтмурат, Айзада тасаға атларын байлап қалдырды да, өзлери жән-жағына қараў менен төбениң үстине өрмелеп шықты. Буғып жатып, жуўсанның, көк шөплердиң тасасынан шаң шыққан жаққа қарады. Шаңның бурқылдап, қуйындай көкке бурқасынлағаны еле басылмай тур екен. Көкке созылып, қалыңланып, бултгай ысырылып, баратырғандай көринди.

Олар бул неден көтерилген шаң екенин билиўге тырысты. Ор қазып, орда жатып душпанларын аңлыған мергенлердей үшеўи бирден шаңнан көзин алмай тигиле қарап жатыр. Шаң бурқасынлап көтерилсе де көкке созылмай жуқарды. Тоғай менен қумға кирер жердиң аралығындағы бозлақтан көтерилген шаң бара-бара көкке ушып, түтиндей жоғалып кетти.

Үшеўи де ҳайран болып бир-бирине қарады. Әллен ўақта және бир жерлерден шаң шықты. Кейин тағы жоқ болып кетти. Аздан кейин тағы да көтерилди. Бул неде болса тоғайдан шығып, арқаға киятырған ат па, мал ма, ҳайўан ба соның шаңы болды? — деп бир-бирине тағы да қарасты. Еркеклер оны ҳәр нәрсеге уйғарды. Айтмураттың аты байланған шөп қопарылып кеткен бе, жуўсан гүйсеп турған атын қайта байлап келди.

Шаң шыққан жаққа көзин алмай қарап турған Құрбан менен Айзаданың көзине бир пада кийиктиң киятырғаны көринди.

Түни менен таса-тасадан барып, дәрьядан суў ишип, таңды атырып, қырдағы жайлаўына баратырған кийиклер екен. Кийиклер топарын бузбастан булар турған төбениң тусына келгенде бирден қызығып қараған Құрбан басын көтерди. Үшеўинде бүкке түсип жатқан жеринен түргелип отырды. Буларды кийиклер де көрди. Құлақларын тикирейтип, жалт қарап, топарласып тура-тулақларын қалысты. Демниң арасында топарласып, бир жерге уўлығысып, едирейисип ала көзлерин жаўдырата қарады. Тан қалғандай топарын бузбастан ғаз мойыларын созып үрке қараўын көп ўаққа шекем жазбады. Кейин әлленеден сетем алғандай дүркиресе жөнелди. Аша туяқлардан ушқан тозақ оларды көрсетпей таслады.

Кийикти сылтаўлап дем алған үшеўи төбеден төмен түсип атлана баслады. Айтмурат, Айзаданың зәңгисин басып, қолынан демеп атына миндирди.

Бес төбени басып өткен олардың көзине әўеле Шылпық, соңынан қара думан қонақлаған Қаратаў көринди. Назарханың арқа еңсеси менен елсиз жерден киятыр-

ған атлылар Қыпшақ гүзарына келип тоқтады. Усы киятырған жол-батысы Үстирт арқалы, Гурьев менен, Ақсарайдың үстинен Каспий теңизиниң шығыс-арқа шетин кесип өтип, Саратов, Орынборға кетеди Бир жағы Шалқар менен Ақтөбеге созылады.

Қыпшақ гүзарының аяғы Әмиўдәрья арқалы Хорезм ўәлаятының кәрўан жолына қосылды. Ал, Әмиўдәрьяның арқа жағы Қаратаў асып Шаббаз шәҳәриниң үсти менен Төртқулден өтеди, кейин Ақ қамыс арқалы, Қызыл қумның дәл ортасы менен Бухара, Самарқандға барады. Және бириси Чаржаў менен Мары, Ашхабад арқалы Базиргеннің үсти менен Көкшениң көксин басып, Иран, Түркия сыяқлы шет мәмлекетлерге ушласып кетеди.

Қурбан көрген-билгенин, еситкенлерин, усылай әҗиме етип киятыр. Қара таўды қақ жарып өтетуғын жол Урысайға тумсығын тиреп жатқандай көринеди. Урысайдың қорқынышлы тарийхы халыққа көп таралған. Ҳақыйқатында да оғада жаман, қорқынышлы жери Қаратаўдың қай жағынан келсе де усы Урысайдан өтпеўдиң илажы жоқ.

Бирнеше әсирлерден бери усыман Урысай атанған. Ең әўел баслап, байлардың, саўдагерлердиң жүк тасыған кәрўанын жарлы жақыбайлар күйгеннен талған. Индиядан, Исфаҳаннан, Мәкке менен Мешҳедден келетуғын байлар менен саўдагерлердиң кәрўанлары Шымбай, Қоңырат Хожелиге усыманнан өтетуғын болса, Мәскеў, Макария менен Самара, Орынбордан Шаббаз, Төртқул, Бухара, Самарқандқа, Хорезмге, Чаржаўға, Мары, Ашқабадқа баратуғын кәрўан тартқанларда усы Урысай арқалы жүреди.

Урысайға ким бурын келсе оның қолы бәлент. Усы жерден Маталақтың маллары менен кәрўанлары да талай сапар өткен. Дийханшылық өнимлери Әмиўдәрья арқалы кеме менен жиберилер еди-дағы, ал, қарамал менен майда малларды Қаратаў арқалы усы Урысайдан өткерер еди. Ҳийлекер Маталақ ҳеқикимге дүнья-малларын талатпаў ушын, дүнья жиберер алдында бирнеше атлы жигитлердиң қолына жаў-жарақ берип, Урысайға қараўыллыққа жиберер еди.

Бир сапары Маталақ ақылгөйлеринен «Құбладан келгенлер Шаббаз тоғайы менен Бадай тоғайының тумсығына келип тоқтайды екен. Түнде Урысайдан өтиўге

қорқын, усы тоғайдың шыққан жеринде түнейди. Ал арқадан келген кәрўанлар Қаратаўдың, дәл үстинде, Урысайға узақлаў жерге түнейди» дегенди еситти.

Баратырған да, киятырғанда демек, ериксиз усыманларда түнейди деп Бадай тоғайынан шыға берген жердеги жолдың айланын Қаратаўға кирер босағасынан жай салдырды. Өжирелерин төсестирди. Қазан-табақ, шайник-кесе, самаўрын сазлаттырды, кәрўаншылар ушын жай дүзетип, ақшаға дүзақ құрды. Қыпшақ қаласының түсынан, гүзар жолдың үстинен де бир жай салдырды. Өткеннен де, кеткеннен де бажы пулы алып, пайда етти. Сол ушын суўдан болса да, қырдан болса да Маталақтың дүнья-маллары Урысайда да, Жумыртаў менен Қаратаўдың қабағында да, Тақыятас тумсығында да талан-таражға түспейтуғын болды. «Құдайы бергенге құлай береди» дегендей Урысайдың қәўип-қәтери Маталаққа мал-дүнья болып жыйналды.

Қурбан менен Айзада, Айтмурат күн батардың алдында Уры сайға келди. Урысайға жақынлағанда алдында баслап киятырған Қурбанның аты бирнәрседен сәтем алғандай, құлағын қайшылап пысқырып, тикке алдына қарап оқыранып турып қалды.

Үшеўиниң де зәрреси ушып кетти. Жалма-жан мойынларын созып алдына қарады, ҳешнәрсе сезилмеди, көринбеди.

Үшеўи иркилиў менен топарласып ердиң үстинде зәңгиге табан тиреп тик турып, мойынларын созып тағы қарады. Ҳешнәрсе жоқтай көринди. Қурбан атының жылаўын қағып қамшы менен саўырсына шырп еттирди. Ат бирден секирип, оқыранып, далбайланып зорға адым атты. Уры сайдың шуқырына жақынлаған сайын атлар осқырынып, аяқларын ғаз-ғаз таслап адым атады.

Бир гезлери атлар зорға Уры сайдың шуқырына түсти.

Уры сайдың қубла кирер жеринде үшеўи де тоқтады. Ойға көз жиберди. Қараса бир тода аш қасқырлар өлген еки ат пенен оның ийелерин таласып жеп атырған екен. Буны көрген Айзада менен Аймураттың, Қурбанның қуйқалары жуўлап Еки адамды таласып жеген қасқырлар қанға боялған. Алды менен ишек-қарнын жарып жеп, еки қолы менен аяғын, басынан бөлиниўге келген екен. Еки аттың да етин жеп, сүйегине тақаған.

Енди олар Бадай тоғайы арқалы Шаббаз тоғайына

киретуғын жолға түсти. Қаратаўдың құбла тәрепиниң жерининң, жолының соқпағының, ойы-шуқырының барлығы Қурбанға таныс.

Қурбан әкеси Елмуҳаммет пенен талай мәртебе Маталақтың кәрўанын тартқан. Қайсыманға барса да қол қаўсырып қарсы алатуғын жарлы-жақыбай жолдаслары бар, көз көрген-таныслары көп.

Лекин Бийбазардан аман-саў өтиў керек. Бийбазарда И. И. Першин деген пахта заводының ийеси — Маталақ пенен дос. Маталақтың байраққа шаўып жүрген Темир көги менен Шамал көгин жақсы таныйды. И. И. Першин Маталақ қусаған жер ийелери ҳәм саўдагерлик қылатуғын жергиликли байлар менен татыў қатнасады. «Ғарға ғарғаның көзин шоқыйма» дегендей булар бир-бири менен аўыз жаласып, пайда шерик болып қалған.

Бир жылдың ишинде Бийбазардағы пахта тазалаў заводының өзинен ҳәрқыйлы фирмаларға 250379 маналық тазаланған пахта сатты. Соның менен бирге өз заводында басқаларға қараслы 73950 пуд пахтаны тазалап берди. Ҳәр қыйлы адамларға 34807 пут шийит сатты. Оның бир жылы ишиндеги пүткил товар айланысы 270280 манат болды. Першининиң тазаланған пахталарын орысият жақтағы фирмаларға тасып бериўге Маталақтың хызмети Першинге оғада уллы болды.

Егерде Першин Темир көк пенен Шамал көкти Аймурат пенен Айзаданың астында көреғойса сөзсиз, желимдей жабысып алады. Қурбан бул аўҳалларды сезгенликтен Шаббаз тоғайы арқалы Сарбийге шығыўды ойлады. Бадай тоғайынан шығыўдан-ақ дәрьяны жағалап, бажбанлар соқпағы менен Сарыбийге шықпақшы болып жол тартты.

Першининиң тек Бийбазарда емес, Сарыбийде де пахта тазалаў заводы бар. Усы еки-үш заводтың тазаланып шығарған пахталарын тасыўды да Маталақ мойнына алған еди. Усы жылларда Төртқулдан Чарджоуға жүк тасып, дәрьяда 315 кеме жүрер еди. Сол 315 кеменің 153 данасы 800 путтан 2000 путқа шекем жүк көтеретуғын үлкен кемелер, қырқ сегизи 500 пудтан 800 путқа шекем жүк көтеретуғын орта кемелер, қалғанлары, 114 пудтан 500 пудтға шекем жүк тасыйтуғын қайықлар еди. Усы кеме менен қайықлардың 15 үлкен, 8 орта кемелер ҳәм 10 қайығы Маталақтики еди.

Кемелер, қайықлар өрге қарап салдаў менен, ямаса шамал оң келеғойса желқомлар менен жүреди. Төртқулдан Чаржоўға өрге қарап 20—30 күнде барса, ыққа қарап 10 күнде келетуғын еди. Кемелерде салдаўшылар айлап салдаў тартады.

Қурбанның бесиниң бабасы Досмуҳаммет деген қызыл көтелеги шыққан жарлы, өмири салдаўшылық менен өтти. Аўыр азап, қайғылы, қара түндеги қанлы талақтың зардабынан, аўырса да баярларының зорлығы менен салдаў тартып баратырып, жолда, Түйемойынның түсында азапланып аштан өлген еди. Қурбанның бул гүрриңлерин Айтмурат менен Айзада ертектей керип тыңлады.

Базда тоғайдан, базда қырдан, базда сай-сала менен ой-шуқырдан жасырынып өткен Қурбан, Айзада, Айтмурат қара түнди қақ жарып ярым ақшамда Төртқулға жетип барды. Төртқулдың Сарыбий дәрўазасынан кирместен Төртқулдың ғырра арқасындағы қум менен Қараған байдың жерининң шети менен арқаға айланды. Төртқул менен Шораханның арасындағы тас қудыққа шықты. Тас қудықтан Шыбықлы аўылының күн батар тәрепинен Хожа жер арқалы Шорахан көшесине кирди.

Қурбан өзининң ески үйине келди. Айзада менен Айтмуратты сол гөне жайдың бир өжиресине орналастырды.

Айзада менен Айтмурат Қурбанның үйине жайғасса да Темир көк пенен Шамал көк ҳеш жерге жайғаспады. Арадан алты күн өткен де Дарған атадан келген бир саўдагерге сораған пулына сатты. Еки атты алған саўдагер сол күни-ақ Дарған атаға қарай Әмиўдәрьяның сол жағындағы Бухара жолы менен раўана болды.

Қурбанның әкеси Елмуҳаммет жаслайынан-ақ өлип қалған еди. Соннан қалған гөне жайды тек аллаға сыйынып дегендей, Қурбанның анасы жалғыз турады. Ол ана да езилип, еңиреп, сүйеги сипсе болыўға шамаласып турған жетпистеги кемпир еди.

Кемпирге халық Анар мама деп ат берген. Ол усы ўаққа шекем кисиниң хызметин қылады. Биреўдиң баласын бағады. Биреўдиң үйине қараўыл болады. Биреўдиң үйининң нанын жабысады. Тандырына от жағысады. Қулласы — қалам ерте турып кеш жатады. Азаннан кешке шекем тынбайды.

Қурбан анасына қашып келген жағдайын айтты. Айзада менен Айтмураттың турмыс қурғанын, басларына

түскен мүсийбетти айтты. Анар мама еки үлды, бир қызды қудай берди деп қуўанды. Қатты қушақлап, маңлайынан сүйип қушағына қысты. Баўырына басты. Айзада да Анар маманың аналық баўырына кирди.

* * *

Қалың тоғайдан шыға бергенде және қасқырлар қуўып, қуў даладан асырылып тасланған Қулбай еле аттың үстинде былқ-сылқ етип артылыўы менен киятыр. Қасқырлар қанша қуўса да ат жеткермеди.
Сонша ұлбыста Қулбай да түсип қалмады. Қурбан мықлап шандып байлаған екен. Қуўлы көлдиң құбла жағы менен желип келген ат Маталақтың сарайының алдында турды.

Ақ көбик болған аттың танаўы ҳарлап, пысқырынып турғанын ең биринши ирет Толғанай көрип таңланды. «Өйбей маңлайым-ай...» деп ҳаўлығын, үйге киргенин билмей де қалды. Толғанайдың шаўқымы менен үйдегилер өрре турды. Маталақ пенен Садулла бала, Қурбанай менен Толғанай майданға жуўырысып шықты. Маталақ пенен Садулла аттың қасына барды. Ерге үстине таңылған Қулбай екенин көрди. «Уай-ўай, әй-бей, не болған, бул не деген сумлық, тириме өзи...» — деген ҳаяллардың шаўқымын Маталақ жекирип басты.

Маталақ пенен Садулла шандып байланған, таңылған Қулбайдың аяқ-қолларындағы, белиндеги жиплер менен ердиң артындағы үзенгини шешти ҳәм ақырын сүйеп аттан түсирди. Жерге жатқарды. Маталақ пенен Садулла көтере алмады. Толғанай бир аяғынан, Қурбанай бир аяғынан услады. Бас бетинен Маталақ пенен Садулла бала көтерип үйге киргизди. Ақ отаўға апарып төрине жатқарды.

Садулла бала ат жайғастырыўға шығып кеткен соң бас ушында Қулбайдың жүзине пилдей үңилип отырған Маталақ, ақырын: «ҳәзирше ҳеш кимге ҳеш нәрсе айтпасын, ҳаялшылық етип даўрық салмаңлар. Өзинен билейик, сорайық. Билген күнде де шаўқым шығарман. Барлығын өзим шешемен. Кисиден таяқ жесе де өзим кек аламан. Айтсаңлар ашкара боламыз. Абырайымыз төгиледи» деп ҳаялларға зинҳарлады.

Қатынлар қыймылдамастан «мақул» дегендей басын ийзеди. Сол ўақта Қулбай суўық демин алды. Ақыры

оғыйын деди. Қайт етпекши болды ма, аўзын ашты да, жутынғандай болып, ернин тамсанды. Маталақ дәрҳал суў әкелиўди буйырды.

Қурбанай бир кесе суў әкелди. Маталақ кесени Қурбанайдан алып Қулбайдың аўзына суў тамызды. Ерин ҳөлленген Қулбай аўзын ашты. Суў ишкиси келгенин билген Маталақ кесе менен тағы суў ишкизди. Суў ишкен Қулбай оғыды.

— Чай әкелиң! — деп сыбырлап сөйледи Маталақ.

— Яқшы! — деп орнынан турып кетти Қурбанай.

— А...л...л...а! дегендей бирнәрсени сыбырлады зорға тили гүрмелген Қулбай.

— Қулбай, мен-мен, мен Қурбан жалаңаяқ қайда?! Қурбан?!

Үн жоқ.

— Қорықпай-ақ қой, үйде жатырсаң.

— У...й...ы...қ...лаў....! — аржағын айта алмады.

— Уйқылаў, деп атыр — деди Толғанай.

— Уйықласын! — деп Маталақ жән-жағын сыйпады. Қурбанай чай әкелди.

— Чай ишпейди.

— Уйықласын.

— Бизлер кетейик. Сен басында отыр, — деди Маталақ Қурбанайға.

— Қорқаман.

— Екеўимиз отырайық! — деди Толғанайдың сөзинен кейин Маталақ шығып кетти.

— Шығып қара, узақлап кетти ме? — деди Толғанай.

— Яқшы! — деди Қурбанай майданға шықса бағ бетке айланып баратырған Маталақты көрди. Қурбанай ақ отаўға қайта кирди.

— Мойны төмен салып бағқа қарай баратыр! — деп отырды Қурбанай.

— Мойны жуўынып түспенди[illegible] усының! — деп аўыр сөйледи Толғанай.

— Мен күйдим. Бетине бирнәрсе айтайын десем-ақ, ламаң.

— Күйгенимнен айтаман. Сен сыйласықлы болабер. Не қыласаң қарсыласып. Аўыр тасты ийниңнен алып таслаў қыйын. Әўеле екшеп-екшеп ҳалыңды сынап көриў керек, болмаса бирден қағып таслай алмайсан. Маталақ пенен Қулбай бизлердиң үстиңизге түскен Қа-

ра таўдың тасы менен барабар. Оны жуўғарада көтерип таслаў қыйын.

— Көтерип таслайық десек күш-қуўат бар-ау... Бирақ...

— Мине, сол бирағына мен түсинбедим.!

— Қалай?

— Сениң исенген адамың бар шығар?

— Бар.

— Ол ким?

— Айтмуратлар...

— Неше Айтмурат?

— Оғада көп.

— Қалай?

— Айтмураттың қасындағы барлық азаматлар Маталақ пенен Қулбайды жынынен бетер жаман көреди. Айзаданы үйге әкелмеў керек дегенди мен талай айлар бойы жездеме де, мынаў ҳарам гөш, малқамға да зарладым. Буның барлығы сөнинан. Мойнын жулып таслап, ғарға-қузғынның алдына тасламаған екен мынаны! —... — деп күйип-писип сөйледи. Қурбанай.

— Ой деп не қыласаң, оңыса бер!

— Қашанға шекем оңысасаң!?

— Не қыласаң, тоғыраққа от қоя алмайсаң?

— Майлы шорпаның орнынан машаба, палаўдың орнына шигин быламық жегеним артық. Ар-намысқа тийип, күни-түни астым жер, үстим тепки болып жүргеннен өлгеним артық.

— Мен де отырмаң ғой, көп қатынның бири болып?..

— Саған жылында бир-еки барады, ал мениң маңлайымда отырып екеўи бирден азап береди. Мен шыдай алмайман, шыдайтуғын шыбын жан әззиледи апа!—деп қамсықты Қурбанай.

— Билмедим! Булардың сениң бир [illegible] емес, адамлардың барлығы жек көреди [illegible] Зулым, алдаўшы, ҳийлекер қанхор! — [illegible] сөзлерди есткенде қуйқаң түршигеди.

Буларда қанаат жоқ ғой, апажан, Хийўада, Ханқада, Шораханда, Шаббаз, Төрткүл пенен Шымбайда үй-үскенелери, ҳәр қалада бир елтиси болса, Исфаҳан менен Орынбор, Мәскеў, Макарияда да бир бәлеси бар шығар. Соңғы ўақта жездем сол жақларға тынбастан қатнайтуғын болды.

— Не қылайын қарағым, еркектиң елиў журты болады дейди ғой?

— Бурын екеў еди, енди Маталақ бай елиў журтты да жеп қуртатуғын болды деп халық ғаўырласады.

— Көп ғаўырлыдан не пайда бар?

— Шамал болмаса шөптиң басы қыймылдамайды дейди, усы ғаўырлы булардың басын жейди.

— Не қылайық? Отырсаң опақ, турсаң сопақ... Бир нәрсе дейин десең «қатынның ақылы қысқа, шашы узын» деп кемситеди. Жарлыға күн жоқ. Жарлыға өмир жоқ. Азап-ақырет көрип, қарғысық көрип қашанғаша қан жутып шыдайсаң. Төрт дийўалдың ишинде ошарылып ерикпиз отырасаң.

Ал кеткенде қайда барасаң? Киретуғын тесик, бататуғын көл, баратуғын жер жоқ. «Онда барсаң Масайық, бунда келсең Масайық, енди қайда қашайық?» дегендей бес қаланы бийлеп алған байлап соған күн береме? Бермейди. Өзиңди азаплайды, өлтиреди. Ағайин-туўғанларыңды, жора-жолдас, курдасларыңды жер менен жексен етип жибереди. Заман кимниң заманы Маталақтың заманы болып тур. Болмаса басына теңгеретуғын азаматлар толып атыр дегенде Қурбанай». «Толғанайдың адамы бар екен ғой» деп қойып етип қалды.

— Барлығы дурыс апа. Дүнья кең дейтуғын еди, қайда сол кең дүнья» — деп таңланасаң. Биреў менен сөйлессең, сыр алыссаң барлығыда өз азабын, ақыретин айтады. Маталақтың мийримсизлигин, Қулбайдың қанхорлығын айтады. Мен оларға көп болмаса да азлап жәрдем беремен. «Жарлының бир тойғаны шала байығаны» дегендей ҳеш болмаса бир тойдыраман. Қийимкеншек, азық-аўқат, ақша беремен. Усыларыма ырза болған халық мени жанындай жақсы көреди. Мен жәрдем ете қойсам халық дуў-сыйына қарамай бассалажақ, — деди күйип-пискен Қурбанай.

Екеўи де ериксизлик дүньясындағы дәртлерин қозғайман деп Қулбайдың қасында отырғанын да умытып кетти. Ашшы көлдиң ылақасындай шалқасына жатырған Қулбай ыңырсып, бирнәрселерди сөйлегендей болды. Суў сорап атырған шығар деп суў берди. Қулбай бурынғыдай емеслеў сезилди. Ерининлерин қыймылдатып, аўзын бир-еки мәртебе арандай ашқанына қарағанда аўқат сорап, атыр-аў деген қыял менен жаңа писирилген сүт бурыштан алып келип берди. Қулбай бир еки

рет уртлады. Бираздан кейин тағы ишти. Маңлайынан шып-шып тер шықты.

Құлбай уйықлағанын билген Толғанай менен Құрбанай бир-бирине ымласып ақ отаўдан шықты. Ақ отаўдың алдында ғалы гилем, еркеше, текийнемет, жипек көрпешелер менен малынып турған сыпаның салқын саясына шығып отырды.

Сүт бурыштан азда болса ишкен Құлбай қатты уйықлады. Бираздан кейин қурылдаўға қарады. Сойылған сыйырдай қарылдайды, дейсең.

Балта менен қанша урсаң да лəрзем бермеген мийтин тас бир жағына бултарып шығып кетеди. Болмаса балта тийген ўақтында секирип кетип, көзиңе ямаса маңлайыңа сарт ете қалады. Сондай-ақ сениң қанлы балтаңның астында жүрген халық бир күн болмаса бир күн мийтин тастай маңлайыңды қақ жаратуғынынан хабарың жоқ. Тек бүгингиңди ойлап, кепекке тойған қораздай ҳоппыя береди булар деп ишинен тынын көп ўаққа шекем жығырданы қайнап, ойланып отырған Құрбанай Толғанайдың:

— Қойың қырға шығып өрип кетти ме, ой толқынында отырсаң ғой? — деген даўыс кеўилин бөлип жиберди Құрбанайдың.

— Аўа, туўлаған толқын менен бир қанша жерге бардым.

— Барған жериң аман ба екен? — деп ойнагандай болды Толғанай.

— Аман болыў қайда...?

— Не болып қалыпты?

— Апа! Анығын саған айтпасам, жүрегимниң жанған ҳəўирин алдында шығармасам, дəртимди саған айтсам кимге айтаман?

— Айт. Сыр бүкпе. Аўырыўды жасырған əшкара болады деген, айт.

— Болады,! — деп жан-жағына бир қарап ярым даўыс пенен сырын айта баслады.

Жездем (Маталақ) келгеннен берли булардың талабы Айзада деген кешеги жиберген қызымыздың изине түсиў болды. Мен Қуўлы көлге салы егиў ушын келген қырқ еркек пенен қырқ қатынның алғысын алайын деп ойладым. Олардың күн көрисин қудайым адам бендесиме бермесин, оғада жаман. Ишерге үнем, кийерге кийим, астында төсек, үстине көрпе жоқ.

Олардың турмысын көрген адам аяйды. Астына төселген шыпталардың да тозыўы жеткен.

Қазан-табақ, кесе-шайнек, шарақ мəки қозақ, келикепшик дегеннен наўа жоқ.

Соларға қарызға бир пулын еки есе етип алыў шəрти менен жездем менен Құлбай он баҳасына артық затлар берди. Арадан алты ай өтпей он мың манаттан артық ақша талап етти. Олардың қалтасында ийт үрер еди. Жарлылардың бул жағдайын көрип жан жүрегим менен аядым.

Қысы-жазы жыртық дамбал менен жеңи жыртық, шалғайы жыртық, арқасы қырық жамаў болып жүретуғын Аманлық атам көз алдыма келди. Аманлық атамның көрген азабын, мен кишкентай болсам да билемен, бети-аўзы даладай қан болып, нəмнаған киси өксип-өксип өкирип жылайтуғынын көзим менен көрдим.

Ой, бийшара атам, алпыс жасында анаў Шымбайдағы атақлы бай, Орынбордағы ҳəм орысиятдағы үлкен байлар менен қан қатнасып ҳəзир бизиң жездем менен жан жора болып жүрген, түрли товарлар сататуғын, пахта, салы, гүнжи, жоңышқа, ектирип сататуғын Убайдулла бар ғой, анаў Камал қурдым дегенниң баласы.

Соның таяғын жеп келдим деп еки-үш күн үйде тура алмай жатқанында умытқаным жоқ.

Аманлық атамның көзин ойып, қудыққа таслатқанын, ол қудықты көмдирип таслатқанын да билемен. Бизиң қуўлы көлдеги салы егип атырған дийқанларымызды көрип атамның усындай аўҳалын ядқа түсирсем Айтмураттың аянышлы өмирин көремен.

Сол Айтмурат бир күни бизиң үйге келди. Сыр сандықты ашыстық. Сөйлеспеген сөз, айтылмаған аўҳал қалмады. Таң атқанша турмыс толқынында жүзискендей болдық. Мен оларды аяп, жездемлердиң дөҳмет пенен салған оң мың манат ақшасын бердим. Ол кеше кеткенде сол он мың манатты буларға бере алмай кеткен шығар деймен.

Не ушын он мың манатты дөҳмет пенен алды, егерде ақша салып азапласам, халықты ҳəр тəреплеме қысам, олар ақша таўып бере алмайды. Мен ақшаның орнына Айзаданы аламан деп ойлады. Ал бизлер булардан билгир шықтық.

Ҳақыйқатында жездем Айзаданы, бизиң делбениң Қу-

лек болыстың қызынан дәмелидей. Ал, биз болсақ төрт дийўалдың ишиндеги тутқындай күни менен таўысылмастаяқ, ақырет-азап пенен көзи жаслы, кеўли ғамлы болып отыра беремиз. Буған қалай көнийўге болады? Менің ҳәдар жаным қалмады. Сен Төртқулге кеткеннен кейин бир-еки күннен соң мен де кетемен. Өлтирсе де қайтпайман. Басқа илаж қалмады, апажан! — деп қамсыға қушақлады Қурбанай Толғанайды.

— Көзинен жас төгип қайғы менен бирге қамысқан Толғанайдың тула бойы түршигип, Қурбанайды қушақлап бираз отырды. Толғанай менен Қурбанай бир неше күнлерге шекем уйқысыз, көз шырымын алмастан Қулбайды гүзетип отырды. Қулбайдың бундай қыйын аўҳалына қыйланып та қарамады. Маталақ, Қайта күни-түни Садулла бала менен арақ ишип, соқта ойнап, өз ҳәзлигине көшти.

Арадан аттай алты күн өткеннен соң Қулбай өз ҳәддине келген менен отырып-турыўы мүшкил еди. Ылақ жаққа бара алмай сарайға, сарайдан бағқа қыдырып шамаллап, азырақ арақ ишип Маталақ пенен Садулла балаға қосылып, соқта ойнап жүрди.

Бир күни бағқа Қулбайды шақырып екеўиннен екеўи әңгимеге киристи.

— Қудай бас қостырған еки бажамыз. Екеўимиздиң сырымызда, жанымыз да, мал-дүньямыз да бир. Мен сениң аўҳалыңды усы ўақытқа шекем сорамағанымның себеби өлимнен аман қалдық! Оғада жақсы болып кетти. Оннан кейин айтар деп жүрдим. Сен айтпадың. Мине екеўимиз аўлақтамыз. Сөзлеримизди қудай еситип, сырларымызды қудай билмесе, ҳеш бенде билмейди. Қәне, не болды, неге бундай, аўҳалда келдиң, соны сөйлеп бер деди?

Қулбай анығын айтсам шермендешилигим билинип қалар. Сүйегиниң майы кеткен, күш-қарыўынан айрылып жүрген әйтеўир бир жаннан сонша таяқ жеп мас-қара болып келди деп айтпасын деген ҳийле менен Қулбай бурынғы әдети бойынша аўзына не келипти, усы отырғанда басына не түсипти, өтриқти растай етип айтып берди.

— Буйрығыңыз бойынша бар деген жерлериңизди ҳәм өзлеримиздиң гүман еткен жерлеримиздиң барлығын ақтардық. Бармаған жеримиз, излемеген, көрмеген

жеримиз қалмады. Сизиң атыңызды еситкен барлық бажбанлар қолынан келгенинше хызметин аямады.

Тоғайды тинтип қаратты. Тоғайдағы отырықшы үйлердиң бирим-бирим есигинен кирип, көрип, сорап шықты... Ондай адам менен қызды көрмедик деп ушырасқан, сорасқан, адамларымыз ант сүў ишти.

Ақырында қайтыўға туўра келди. Қурбан екеўимиз қайттық. Бажбанлар шығарып саламыз дегенде, биз өзлеримиз кетемиз деп жолға шықтық. Ярым ақшам аўа бергенде бир топар қутырған ба, ямаса ылықкан ба қасқырлар бизлерди қуўды. Сәтем алған атлар күш бермей қашты. Қасқырлар екеўимизди еки жаққа бөлди. Кейнимге қарасам Қурбан жоқ. Оң жағыма қарасам аты жығылған қасқырлар анталап, базы биреўлери Қурбан менен айқасып атырғанын көрип қорқып кеттим.

Қурбанға бара қояйын десем қасқырлар айбарақ пенен алдымнан қарсы шыға берди. Қудай жарылқап мениң атым жолдан шықпады. Қурбанның аты жолдан шыққаннан соң оқпанға омақазан атып жығылған шығар дедим. Бир ўақта қарасам қасқырлар мени де, қуўсырып, базы биреўлери зәңгилесип қалған екен. Кейнимге қарасам бақырған ашшы даўыс шықты. Қурбанды қасқырлар талап таслады, бәлки өлтирген шығар деп ойладым.

Қорққанлығым соншелли атқа бир неше қамшы тийгизип едим, жулдыздай ақты жәниўар. Көзим жер көрмеди. Ат оғада шапқыш екен. Ал буннан кейин не болғанын билмеймен, қасқырлардан қутылсам да аттан жығылған болыўым керек. Есим аўып, өлим ҳалатында жатқаннан соң жолаўшылар көрип өлиги дүзде қалмасын деп атқа артып шандып тасласа керек. Жәниўар ат аман алып келген болыўы керек. Мениң көрген-билгеним усы.

— Қурбанды қасқырлар өлтирген екен ғой?

— Аўа, өлтирген ғана емес, етлеринде жеген болыўы керек.

— Енди аўҳалың қалай?

— Ҳәзир жақсыман.

— Қулен болыстың қызын айттырыўға барамыз ба? — деп күлди. Маталақ.

— Барамыз! — деп Қулбай да ыржыйды.

— Қулбайжан, бул ислердиң барлығы абырой түсетуғын ислер болды.

Қулбай басын төмен алды.

Үшинши бап

ҚОЗҒАЛАҢ

Петро-Александровск (Төрткул) Айтмұрат менен Айзадаға келген күнлер әжептәўир көринди. Әпирее Айзада ышқыста кисидей ҳәрқыйлы ойлар менен басы қатты.

Бурын қала көрмеген, қалада болмаған Айзада көп күйлерге шекем көнликпеди. Айзаданың ата-анасындай Анар мама аймалап қушағына қысса да, Айзаданың аўҳалын-сезген ол ҳәрқыйлы жол менен зериктирмеўдиң ҳийлесин иследи.

Бир күн Айзаданы көшеге ертип барып, қаланы айналдырып, ҳәмме жерин қалдырмай көрсетти. Петро-Александровск қаласының әтирапына салынған қалың дийўаллар, ләшкерлер турағуғын дийўалдың ҳәр дәрўазасының қасына салынған қараўылханалар Айзаданы басқа бир нәрсеге қозғады.

Анар мама гүрриңшил еди. Ол айтқан рәўиятлар Айзаданы еликтирип алып кетти.

Петро-Александровский қаласының қоршалған қалың дийўалының үстинен арба айдаса да болардықтай. Айзадаға оғада қалың көринди. Қаланың құбласында хан дәрўазасы, батысында Шаббаз дәрўазасы, арқасында Қараханбай дәрўазасы, Шығыс арқасында Шорахан дәрўазасы, күн шығысында Хазарыс дәрўазасы— барлығы болып алты дәрўаза бар еди. Бул дәрўазалардан басқа жерден қалаға кириў мүмкин емес.

Бул дәрўазаларды патшалық менен сол ўақыттағы ҳәкимлер жергиликли байларға салдырған. Дәрўазаның өресин сала баслағанда сениң атыңды болады, мынаў сениң абырайыңды көтереди. Мына дәрўазадан адамлар көп келеди. Базар күни дәрўазадан кириўшилерден «кирей пулын» аласаң. Мына дәрўаза сениң ата-бабаңның руўхын көтереди, өйткени, ата-бабаң Төрткул қала болса, әтирапын қорған етип, жән-жақтан келген жаўлар кире алмайтуғын қорған қурған. Қорғанның айна-

ла әтирапынан ор қазсаң жаўдан сақланасаң деп әрман еткен.

Қала ҳәкимлери менен басқарыўшылары усындай рәўият пенен алты дәрўазаны аңсат қурғызды. Қалың дийўаллар да салынды. Қаланың ортасынан Хан жап (соқпан Төрткул жабы) шығыс құбладан Әмиўдәрьядан саға алып, қаланың қақ жарып батыс арқаға қарай ағады. Петро-Александровскидиң арқасы еспе қум да, құбласы қырып ағатуғын Әмиўдәрья, шығысы Шыбықлы, батысы әўлийшелик пенен уралецлер аўылы менен Сарыбийге созылады.

Петро-Александровск жергиликли халық тилинде Төрткүл болып аталады екен. Төрткул жөнинде ҳәрқыйлы аңыз сөзлер бар. Халық қызыққандай ислер ислеген. Маңлайынан тер төккен. Аўыр мийнеттиң азабына көнген. Ақырында адамларды өзлерине тартқандай өмир қурған. Булардың өрнеги менен халық келе баслаған. Қалың елге айланып қала болған. Сол ушын Төрткул деген сөз өзгертилип, Төрт гүл болған дейди.

Бул төрт көлде ҳасыл құндыз сақлатқан. Төрт көлдиң әтирапында Әмиўдиң бойында арнаўлы түрде қара көл қойларын бақтырған. Құндыз бенен қара көлди шет елларге алтынға қымбат баҳа менен саттырған.

Бул көллерге Әмиўдәрьядан суў түсирилип, тухым шаштырып, өсип-өнген сазанлар дүнья базарында биринши орынды алған. Төрткүл байлары арқалы Хийўа ханы шет еллерге, қақлап саттырып турған. Сазан, құндыз, қара көл терилери Хийўа дүнья жармөнке базарында ҳәм пайдалы болып, ҳәм абырайын көтерген.

Көп мәмлекетлер усы көлден құндыз, қара көл, сазан алыўға интизар ҳәм қумар болған. Атақлы көллердиң әтирапына ел келип, толысып, қалың халық мәкан басқан.

Тағы биреўлер Әмиўдәрья тасыған ўақта бәҳәрде қызыл суў басып, жән-жақты суў алған. Суў қайтқаннан кейин усы Төрткулдиң әтирапында төрт көл пайда болған. Сол ушын төрт көл—Төрткул атанған дейди.

Және биреўлер Төрт гүл деген сөзден Төркул болып өзгерген дейди. Себеби, Шайық, Аббастың улы бир күни Ақшаның көлине аў салыўға келеди. Аў салыў, қармақ салыў оны қанаатландырмайды, зеригеди. Қасындағы жолдаслары қоян, кийик аўлайық деп Шайық Аббастың баласын Топырақ қала менен Қырық қыздың үсти ар-

қалы далалық пенен пышық мурны батпайтуғын тоғайлыққа алып кетеди. Кийик қуўады. Қоян, қырғаўыл атады. Қызып кеткен аңшылар Жамбас қала арқалы қызық-қызық пенен Шораханның қалың қумына шығып кеткенин билмей-ақ қалады.

Ерке жигит, ең далада, есиз қумда антан ысыда шәллейди. Аңнан олжалы болып қайтады. Алдымыз қубла деп, есиз қумнан асып түскенде Шораханның әўлийесиндеги биик естеликлердиң күнге шағылысқан гүмбезлери көринеди.

Шорахан — (Ҳәзирги Пахта арна) жабының көпириниң күн батар жағындағы төрт гүжим жигитлердиң көз қумарын өзлерине ерiксиз тартады. Жигитлер ойласықтан кейин атларының басын гүжимлерге қарай бурады. Жақынлап қараса, төрт гүжимниң екеўи — жаптың қубласында, екеўи арқасында екен. Қалың, салқын саялы болып, жанты жасыл липаслы жапырақлары менен жаўып тургандай көринеди. Усы төрт гүжимниң астына, жапқа көпирдей болып ағаш төселген. Оның үстин тақтай менен жапқан. Мурының қанындай қызыл бояў менен боялған. Оның үстине шеберлик пенен нағыс ойылған.

Тахтаполдың үстине паласлар менен ғаллы гилемлер төселген. Оның үстине пашшайы, жипеклерден тигилген көрпешелер менен көпшиклер қойылған. Жаптың үстине салынған жазғы айўаншаның әтирапында дала гүллер менен оралған. Алма, анар, жүзим, шабдалы салқын сарайдың үстине дөнип тургандай көринеди. Жаздың жипектей, жанға жақкан жели арқа тәрептен есип тур. Жипск жел менен гүллердиң, гүжимниң шалары бесиктеги баладай тербеледи.

Усы «жәннетте» жатқан «периге» жигитлердиң көзи түскенде аттан аўып қала жазлайды. Шайық Аббастың улы Шарафатдин шар айнаға көз қамасқандай өзиқ-өзи инанбай, қалтасынан жипек орамалын алып, көзин сүртти. Тағы қарады. Шарафатдийниң көзине ол перi күн, күнниң әтирапында биринен бири сулыў, биринен бири артық болып отырған қанизлерди көргенде ай әтирапындағы жарқырап жайнап турған жулдызлар ма деп ойлады.

Шарафаддинди шадлық кернеп, шадықуррам болып турса, қасындағы жигитлер Караматдин, Салаўатдин, Алаўатдинлер әлле қашшан ақыл-ҳуўшынан айрылған

кисидей мәзи-майрам болып шалқып, шарық урып турған екен. Олар бир-бирине қарасып, сыбырласып, ым қағып, қасларын қағысып, үнсиз сөйлесип турған екен. Шарафатдийнин буларға тан қалып атынан түсти.

— Шарафаддин қайда барасаң?

— Аңға бийкар шыққан екенбиз...

— Неге?

— Аң аўлайтуғын жер усыманда екен. Аттан түсиңлер! — деп өзи атын қаңтарып қойды.

— Әжеп болады! — деп барлығы бирден атларынан түсти. Төртеўи төрт гүжимди тасалады. Ақырын епшиллик пенен гүжимниң жоқарысына өрмеледи. Қырқ қәниздиң қосық айтқан, жанға жағымлы ҳаўазы мың турли жилўа наз менен, ойнаўлары жигитлердиң бурынғыданда бетер жанын алды. Жилўа үстине жилўа, наз үстине наз. Қосық айтып ҳәўижге шыққанда шийедей ерилер ашылып, меўреттей ақ тислер жалт-жулт етип көринигендей болады.

Ойнағанда көтерилген ақ билеклер, аппақ сүйриктей алтын жүзикли бармақлардың ҳәрекеттеги қыймыллары, бөкселердиң бүлкил қағыўлары, қос анарлардың диримдеўлери жигитлердиң жүреклерине дәрт салды.

Шалқып, тасып ышқыпазлықтың қумарынан қайнап турған Шарафатдин шыдай алмады. Шақаларға асылып турды да, қырқ қәниздиң ортасына секирип түсти. Аспаннан секирип түскен «бәле»ге қызлар сескенип кетип, өзлерин шетке таслады. Қызлардың қорыққанын билген Шора ханның нәсилинен дөреген Қызылгул ханым орнынан ушып турды. Жигитке нәзер таслады.

Шарафаддийнин жалт қараған Қызылгүлханымның көзи көзине түсип кеткенде қыз көзининиң жанарынан атылған ушқын жигит жүрегине келип түскендей болады.

— Байлаң, аяқ-қолын! — деди. Қызылгүлханым қәнизлерине қарап.

— Әжеп болады!

Қызлар Шарафатдийнди тарпа басты. Қырық қәниз баққы палўанлардай Шарафаддийнниң дуў-сыйына қаратпай, туўлағанларын тыңламай қол-аяғын байлады да таслады. Бул ҳәдийсени көрип турған Қараматдийин, Салаўатдийин, Алаўатдийин булар не қылар дейсең, не болады, ойнап атырған шығар. Ең жаманлығы өзлеримиз барамыз ғой, босатып аларсыз! — деўи ме-

нен қарап тура берди. Қызлар қол-аяғын байлап болғаннан соң барлығы бирден қатарласып турды да, әдеп-икрамлылық пенен қолларын көксине қойып, бас ийип, ийба етип, Қызылгүлханымға нәзер таслады.

— Зинданға апарып таслаңлар!

— Әжеп болады, ханым! — деди қызлар гүўлеп сөйлеп.

Қызлар Шарафаддийинди құндақлаўлы баладай көтерди. Есикке қарай адым урды. Истиң насырға шаўып баратырғанын көрген Қарамадийин, Салаўадийин, Алаўатдийин гүжимнен секирип түсип қызларға қараса тура қалды. Қызылгүлханым айбынбастан, тартынбастан:

— Жигитти жерге қойыңлар! — деди буйырып.

— Әжеп!

—Алтын қылышымды алып келиңлер!

— Ләббай!

— Өзлериңде жарақ пенен жасаныңлар!

— Қуллық!

Кәнизек қызлар қызыў пәти менен есиктен бирим-бирим дизиле шықты. Қол-аяғы байлаўлы жатқан Шарафатдийин Қызылгүл ханымға мойынын бурды. Күле шырай берип нәзер таслады да:

— Сәлем бердик, перийзат! — деди.

— Душпанның сәлемин алыў гүнә болады!

— Душпан емеспен, периштем!

— Мен сизиң периштеңиз емеспен...!

— Кимниң периштеси боласыз?

— Несип...

— Онда мен периштем деўге ҳақылы екенмен.

— Уры-гәззап, гезендеге периште болмайман.

— Уры да емеспен, гәззап та емеспен, гезендехор да емеспен.

— Ким болсаң да рухсатсыз кирдиң!

— Еркелик еттим, периштем! Әпиў етиң...

— Еркелик еткендей дайы, жезде, бөле, жейин емеспиз...

— Қолымды босатың, аныңын айтайын...!

— Қолыңызды байлаған мен емеспен.

— Буйрық сизден...

— Қайтпайман сөзден!

Қызылгүлханымның алтын қылышын қолына алған

кәнизлердиң сәрдары, жаў-жарақ пенен жасанған қырық кәнизин ертип кирип келди.

Бас ийип, ийба етип, Қызылгүл ханымға алтын қылышын берди. Кәниз сардарының сақшы қызы Қызылгүлханымға бас ийип, ийба етип саўытын берди. Шақанлық пенен сааўытты кийди. Қолына қылышын алады. Қырық кәниз қыз ләшкерлик машқына үйренип қалғаны ушын, сап дүзеп, қылыларын қынаптан суўырып қолларына алып, ғаз қатара тура қалды.

— Жигитлерди зиңдан алдындағы жайға апарың!

— Мынаны усы турысында зинданға таслаңлар!

Бас кеспек бар да, тил кеспек жоқ деген?

— Не демекшисиз!

— Бир азырақ тил қатайын, тыңлап, жақпаса зинданыңыз да таяр, буйрығыңызды бәржай ететуғын кәнизек қызларыңыз да, жаў-жарақларыңыз да зәбердес тур.

— Аўзыңыз бос, сөйлей бериң!

— Қыз қыялы қырық болса да жүреги биреў болады. Ол жүректе жигитлерге жақын болса керек. Жазды-рыңыз, қол-аяғымды, жаздырып, жазылысып, муптала болған дебдиўимди шығарайын.

— Қорқынышлы адамларсыз!

— Жаў-жарақларға қарсы жарақсызлар ҳешнәрсе қыла алмайды.

— Жарағыңызға жуўырып барыўыңыз мүмкин?!

— Ондай нәмәртлик бизлерде жоқ.

— Ашыўлысыз ғой?

— Жоқ, «Қыз патша, жигит ўәзир» — деген, пәрманыңызға қайылмыз.

— Аяқ-қолын босатыңлар!

— Әжеп!

Қызлар Шарафаддийиннің аяқ-қолын босатты. Билеклери менен санын, жилигин арқан қысып азырақ исинген екен. Қолы менен сыйпады. Қызылгүл ханымға көз астынан урлап ғана көз таслады. Қызылгүлханым да бул қандай адам екен деп нәзерин аўдармастан тур. Қырық кәниз, қасларын керип, көзлерин сүзип, қәддиқәўметин тик тутып, алмас қылышларын жалаңлатып алып үстине дөнип тур. Караматдийин, Салаўатдийин, Алаўатдийинлер жеңилген қораздай басларын ийип, әдеп-икрамлылық пенен ийбе етип, қол қаўсырып тур..

— Айтыңыз! — деп ишарат етти Қызылгүлханым.

Күле шырай берип, жыллы жүз менен сыпайылап сөйлеп Шарафатдийин тил қатты:

— Шайхы Аббас шаҳәринен шыққанбыз. Мәнзил-мәканымыз сонда болады. Иш-қыстаўлық дәртине шыдамадық. Ақырында төртеўимиз әўеле Ақша көлинен балық тутыўға шықтық. Оннан кейин кийик-қулан, қоян, қырғаўыл аўлаўға шықтық. Қызық-қызық менен қызыпкетипбиз.

Саҳраның шөли, күнниң саратан ыссысы, өзлеримизди де, атларымызда да шөллетти. Суўсықлықтың салдары қыйын болар екен. Қалың есне қумды қақ жарып, адым сайын абынып елге қуладық. Ең соңында сизиң турған мәнзил-мәканыңыз Шорахаңа шықтық. Атлар суўға тасланды. Аттан түстик те, атларды жасқадан жапқа жибердик.

Жаптың ғырра жағасындағы төрт гүжим, бизлерге басқаша көринди. Көргимиз келди. Жақынладық. Қызлардың гүмистей сыңғырлаған даўысынан тәўекел етип, тағы да жақынладық.

— Кимлерсиз? — деди қызлар сардары.

— Шайхы Аббасдың улы Шарафатдийин!

Буларың ким?

— Караматдийин, Салаўатдийин, Алаўатдийин, төртеўимиз туўысқандай доспыз.

Шарафатдийинниң марапатлы сөзи Қызылгүлханымның сексен сегиз тамырын жибиткендей босасты, қызларға қарап ымласты. Буны илгир, зейни өткир, зәбердес қызлар дәрриў түсинди. Ым менен «мақул» дегендей жуўап берди.

— Қызлар хызмет қылың! Атларына от салып, жем берип, дем беринъ!!!

— Қуллық!

Қырық кәниз қыз қызғын ҳәрекет пенен шықты. «Атларды қаңтарып қойып едик. Байлап келейик деп Караматдийин, Салаўатдийин, Алаўатдийин рухсат сорап шығып кетти. Қызылгүлханым Шарафатдийинге төрге шығыўға мирәт етти, «Мирәтке» зар болып турған Шарафатдийинди шадлық бийлеп кетти, әсте-ақырын қәдем басып төрге шыққанын билмей де қалды.

— Айыпқа буйырмасаңыз!?

— Айтыңыз?!

— Ҳаслы-затыңызды...?

— Айтаман, — деп сөзин бөлип даўам етти Қызылгүлханым. Заў-затымыз Шорахан деген батырдан, ханнан қалған әўладбыз. Атамыз Қарахан деген усы елде басқарады. Бүгин бес күн болды, ол да аңға кетти.

— Достыңнан сыр жасырма,
Жаманларға бас урма,
Кейнине ер де жүребер,

Жақсыларға асыл да... — дегендей аўлақта айтып қояйын, рухсат етиңиз! — деди Шарафатдийин шағлап кетти.

— Айтыңыз!

— Меним атам Сизди маған айттырған. Екеўи де келискен. Сизди маған, мени сизге көрсетиўге бел байлаған ўақытта менің атам Хийўаға кетти. Жүрегим ҳақ, тилегим дурыс екен. Жигиттиң жақсы нийети жолдасы болады» деген мақсетке муўапық болып шықты. Сизди көрип, сизди айттырған атама, мың да бир алғыслар жаўсын. Мен сизди жақсы көрип қалдым. Сизди көрдим, өзимди бахыт ийеси деп ойлайман.

— Көрмегенде қәйтер едиңиз?

— Бәри бир келип көрер едим.

— Мен рухсат етпесем...?!

— Урлап көрер едим.

— Қараўылым көп, олар аямайды.

— Оны еки мүшемди бөлеклеп тасласа да, тек жүрегим менен көзимди қалдырса, бир қарасам, сизиң айдай жамалыңызға нәзер таслап өлсем әрмансыз болған болар едим.

— Ашығын айтыңыз?

— Ашығын айтып, ашыласпаўға ҳақым жоқ.

— Сизге шәртим бар.

— Жаным қабыллайман!

— Әмиўдәрьяның арқасы, Шорахан жаптың қубласы, усы еки орталықта есне Қызыл қум бар. Сол Қызыл қумға тек өзиңиз, өз қолыңыз менен төрт түп қызыл гүл егесиз. Биреўи мен, биреўи сиз, биреўи қызымыз, биреўи улымыз болады. Соны көгертесең.

— Әжеп болады!

— Усы шәртти орынлайсаң, сонда биз сизлик боламыз, — деди Қызылгүл.

— Жаным менен...

Қызлар алтын чайнек, алтын кеселер менен чай, ақ дәстурханда майлы шөрек, ҳәрқыйлы жемислер менен шийрин-шекерлерди әкелип сыпаның үстине қойды. Ка-

раматдийин, Салаўатдийин, Алаўатдийин келди, қызлар төртеўининң де қолын жуўдырып, чайға ишарат етти. Чай ишилди. Ас-аўқат желинди. Ас-аўқат сиңсин, жигитлер дем алыс алсын, — деп қырық кәниз қызлардың ойын-күлки, тамаша, қосық айтыўлары басланды.

Төрт жигит бул перилерди көрип таң қалды. Олардың ойнақшыған көзлери, айдай ашылған жүзлери, шийрин-шекер сөзлери жигитлердиң жүрегин жандырды. Ишиндеги ең ойын қумары, қосық қумары Караматдийин еди. Қызлар ойнағанда, қосық айтқанда, қарлығаштың тамағындай бүлкилдеп турған ақ тамақларды жупқа додақларды, дирилдеген денелерди көрген Караматдийин қырық кәнизекке қосылып, қумары тарқағанша ойын ойнады, жигитлер жазылысты. Бир-бирсиўге болған көз қумарын тарқатты.

Ойын-заўық, ҳәзил күлкилерин кейин Қызылгүлханым жигитлерге сый-сарпай деп бир-бири маўыты шапан менен сурдан тигилген папақ, белине жипек орамал буўды, Қырық кәнизеги менен мийман жигитлерди узатып салып, хошласып қалды.

Елине қайтқан Шарафатдийин қанша ғайрат салса да, қанша күш-қуўат, ақыл ҳуўшын жумсаса да Қызыл қумды тазалаўға оған төрт түп қызыл гүл егип көгертиўге күши жетпеди. Айлап-жыллап хызмет етти. Төрт қызыл гүлди қумға көгерте алмады. Шарафатдийин берген ўәдесиниң үстинен шыға алмады. Ең ақырында намыс күши Шарафатдийинди шөлистанда, сум әжелге жолықтырды. Гүл көгермеди. Шарафатдийин қызыл қумның қушағына гүл қондыра алмай өлип кетти.

Төрт гүл халық арасында аңыз болып қалды.

Сонында усы төрт гүл Төрткүл болып өзгерип қалған дегенде ел аўзында киятырған аңыз бар... Төрткүл жөнинде буннан да басқа, рәўиятлар көп.

Төрткулге келген Құрбан, Айзада менен Айтмурат көп ўақытларға шекем қысынды. Кең дүнья тардай, алыс аспан таялып түсип киятырғандай көринди. Барлық аўырманлық әсиресе Құрбанға түсти. Айтмуратты қалай, қай жумысқа орынластырыў керек? Қуўғыныслар да бир күни болмаса бир күн келип қалыўы мүмкин. Оның үстине Толғанай Төрткүлдиң есигинен кирип, төринe шыққан, бәрин биледи. Айзаданы алып қашқан менен ақ көкиреклик пенен Құрбанай он мың манатты айтып қойса, басқалардан дүньяға бир адым жақын Толғанай ақшаны қайтып алып қояды, — деген пикир булардың басын қатырды.

Егерде бизлерди Маталақ билегойса, тек Айтмуратты емес, үшеўимизди де ханға апарып дарға астырады. Астырмаған күнде де ҳийлекерлик менен алдап-арбап апарып, есигинде қулдай жумсап азаплайды. Астық жер, үстиң тепки болады. Ақырында сум әжелге тапсырады. Сол ушын бул аўҳалдан, бул қурсаўдан қалай болған менен шығыў кереклиги ҳаққында ой толқыны туўлап турмысына тутасып баратыр.

лықтың дәрти, айралықтың ашшы азабы жығырданды

Уўайым-қайғы, сағынып сарғайыў, зорлық-зомбылық айнатады. Ең ақырында үшеўи ойласып белин беккем буўды. Қолындағы ақшалардан қанша алса да пара берип жумысқа орналасыўды шешти. Бир күни Құрбан не болса, ол болсын, «өлим өлим бир өлим» деп Айтмуратты Петро-Александровскден Чаржауға жүк тасыйтуғын, еки жүз елиў пуд жүк көтеретуғын, үлкен айдарлы кемеге салдаўшы-рабочий етип жумысқа орналастырды. Буның ушын кемениң капитанына 3 мың манат ақша берилди.

Ал, Құрбанның өзи Шорахандағы Аллақул Райымқуловтың пахта тазалаў заводына пахта тасыўшы рабочий болып кирип алды. Заводтың машина айдайтуғын механиги Михаил Михайлович Тарасов биринши күннен-ақ, Құрбан менен құшақласып, сағынып көрискен дослардай болып қалды. Жуўан билекли, кең жаўырынлы, нри жоталы, пеик қабақлыдан келген, қабаға мурынлы, денеси қайрақтай қатты, булшық ети бултыйып қатқан, үлкен көзли Михайл Михайловичте ашық кеўил, ақ пейиллиги ушын рабочийлар жақсы көреди екен.

Құрбан танысқаннан кейин оны талай рет үйине шақырып мийман дослық көрсетти. Михайл Михайлович арқалы Айзаданы да ол Әмиўдәрья флотмпясына ләшкерлердиң кирин жуўатуғын кирханасына кир жуўыўшы етип жумысқа орналастырды.

Бир уяның үш палапаны үшеўи үш жаққа кетти. Әўелги айларда әлбетте, үшеўине де қыйын болды. Айтмурат пенен Айзада бир күн көрисписе тура алмайтуғын, ботадай бозлап қалатуғын, не қыларын билмей албырап, асығып, қайғырып парасаттан ўаз кешип, ҳайранлыққа түсетуғын еди.

Енди булар күн емес, айлап көре алмайтуғын аўҳал-

ға түсти. Өмир өз аңғары менен аға берди. Құрбан түнің ярымы аўғаннан кейин келеди. Заводтан иелениң шыққан тай пахтаны майданға шығарады. Түйеге, арбаға жүклейди. Оны дәрья бойына алып келеди. Түйеден, арбадан түсиреди. Кемеге тийейди. Рабочийлар менен бирге заводқа келеди. Күни-түни дерлик усы ис менен мақул болады.

Айзада болса ерте таңнан туралы. Анар мамаға чай демлеп береди. Бирге отырып чай ишеди. Тан атыўдан флотилияның кирханасына барып, аўыр ақшамға шекем кир жуўады. Айзада өзиниң сулыў шыранын жасырыў ушын қалай болса солай гожалақ-гожалақ болып жүреди. Басындағы бөзден тоқылған орамалды алқымының астынан алып, маңлайдан төмен түсирип тартады. Путына шалбар, үстине кенантан шолақ тон кийеди. Айтмурт болса күни-түни кемеде. Усыманда иелейди. Усыманда жатады. Өлместиң күни дегендей кемеширлер менен бирге ислеп, бирге болып, бирге жатып, бирге аўқатланады. Аўқат деп түбине қаспақ қатпаған сары палаў дейсең бе, май гилкиген мазалы сорпа дейсең бе, бул атаўлылардың биреўи түсине де сибейди. «Өз елиңде нанды туўрап ишкен аныған айран жақсыда...! дегендей, басалай, шигин жарма, шигин нан кемеширлердиң тийкарғы аўқаты.

Кемеге тай пахта, жоңышқа, тухым, тери-терсек, түйе менен қойдың жүни, пилле, палас, гилемлерди жүклейди. Ҳәр барған сайын усыларды гезекме-гезек жүклейди. Алып кетип Чаржаудан түсиреди. Тапсырады. Тағыда зат салып алып қайтады.

Булар апарған затларды басқа кемеширлерге Чаржаудан биржаға Арал теңизи арқалы пахта менен терисекти Москва ҳәм Нижегород ярмаркасына, жүнлерди Орта Волга бойындағы қалаларға, жоңышқа тухымды Гамбургке, оннан ары арқа Америкаға апарады. Палас пенен гилем Туркияға, сары май Бакуге, балық Орынборға жеткизилетуғын еди.

Усы затларды кемелерге жүклеп Айтмуратлар, Чаржаудан ямаса Аралға, ямаса Арал жағынан өрге қарай салдаў тартады. Чаржаудан ыққа қарай тынбастан есекек еседи. Салдаўшылар менен тынбастан жүк тасыйды. Аралдан ямаса Чаржаудан қайтқан кемелер фабрика менен заводтан шыққан өнимлердиң көпшилик бөлеги, Москва санаат районлары менен Нижегородтағы ярмаркалардан: қант Киевтен, чай Бухара менен Ашхабатдан, бордан, қурылыс материалларын Чаржаудан алып келер еди.

Айтмураттың Әмиўдәрьяда көрмеген азабы, еситпеген сөгиси сөзи қалмады. Саратанның аптап ыссысы, қылыныш сүйреген қәҳәрли қыстың қара бораны, гүздиң ызғырық аязы, бәҳәрдиң сел жаўынлары—барлығы барлығы Айтмураттың жаўырынан жандырып, бети аўзын қырып, басын қатырған. Туўлаған толқынлы Әмиўдиң қатты ағысында ҳәркүни өлим күткендей өкинишли адамның ишинин Айтмуратты ойландырса да, Айтмурат өзиниң өжетлиги, қарыў-қуўатлылығы, ақылҳуўшлылығы, парасатлылық пенен мәртлигиниң күши екенлигинен ғана шыдап киятыр. Жүкли кемени желқом менен өрге сүйреўдиң ақырет-азабын шеккен Айтмурат бүгин бес күннен берли отыз адам болып салдаў тартыў менен киятыр. Петро-Александровскиден шыққан күни ғана алақаныңық жағынан шамал есип, бир күни ғана есек есип, салдаўшылар кемеде отырған еди.

Аўы жатарға шекем желқом менен өрлеп киятырған айдарлы үлкен кеме ғырра жағысты өгиздей сүзип барып тоқтады. Дәрьяның шетки жырасы опырылып барып кемеге зорлық пенен орын берди. Салдаўшылар зәбердеслик пенен кемеден секирип-секирип түсип кемениң бас үшиндағы ҳәм аяқ бетиндеги билектей жуўан арқанды алды. Дәрьяның ғырра жағасындағы суўға қарап мүлгип турған тораңғылларға тас етип арқанды байлады. Жалаўды түсирди.

Бири қуўрақ отын жыйнады, бири кемедеги ошаққа от жақпай аң қояйық деп жағадан ошақ қазды. Ошақтың этирапында салдаўшылар отыратуғын етип, жерлерди тегиследи. Өткен жылғадан қалған қуўрақ сабанларды төсеетирди. Дарға менен оның жәрдемшилерине сабанның үстине кийиз төсеп, көрпеше жайды. Бекмурат дарға деген қобаға мурынлы, бетинде азырақ сепкили бар, жоталы, кең жаўырынлы, палўан билекли адырақ көзли, қалың еринли, жалпақ бетли, қалың қаслы киси еди. Ол от жағылғаннан соң-ақ ҳәммеден бурын ошақтың басына отырды.

Дарғанын еки жәрдемшиси қәдимги әдетинше оның еки жағына келип отырды. Бекмурат дарға жас басынан усы Әмиўдәрьяда көп азаплар менен өмир сүрди.

Ең әўели бул да салдаўшы еди. Өзи Хожелиде туўылған. Қалада аралас өскени себепли Хорезм өзбеклериниң тилин араластырып сөйлейди. Сол ушын өз миллетин айтпаса да, қарақалпақ па, өзбек пе, түркмен бе, қазақ па ким екенин билип болмайды. Елестирмей сөйлеген себепли тиллерди араластырып сөйлеўге үйренип кеткен. Болмаса Бекмурат дарға қарақалпақ миллетинен болады.

Әмиўдәрьяның тентек минези Бекмурат дарғаның талай ирет жүрегин жарған. Тақыятас түсиндағы дәрьяның пәтли ағысы мейли, өрге ме, алайда-булайда өтиў өлим иси менен барабар еди. Егерде ықтан өрге өтетуғын кемешилер булманға сөзсиз азанда келип жетиўлери керек түнде өтиўге жүрексинбейди. Сол ушын азанда ығынан жоқары өрлеп жүзип келген кеменің жән-жағынан асылып, зорға дегенде қас қарайып ымырт жабылғанда өтип болар еди.

Ал, усы Тақыятастан көзсизлик етип, тәўекел қылып өтемен, деген талай жанлардың кемеси гарық болып татлы турмыс пенен хошласқан. Тан усы Тақыятастай Қаратаў менен Жумыр таўдың қыспағы да, Шылпықтың тусы да, Түйемойынға өтетуғын жери де қаўипли еди.

Бекмурат дарға булманларда талай ирет күш сынасқан. Талай сапар Әмиўдәрьяның асаў толқынларының тосқынлықлары менен тайдай таласқан. Бекмурат булардан-хожайынлардан көп азап көргени ушын салдаўшыларға қатал емес еди. Қатты ағыста киятырған кеме қайырлап қатты қыйынлыққа түскенде де Бекмурат дарға:

— Кеменің басын бурма! Дуўры усла! Дәрриў суўға түсиңлер! Сайыздан шығарыңлар: Қолға таяў алыңлар! Жән-жағынан таяў менен тиреңлер! Шаққанласыңлар! Тез қыймылдаңлар: — қыйқыўлағаны болмаса салдаўшыларға урыспас, сөкпес еди.

Әлпайымлық пенен, адамгершилик пенен жумсар еди. Барын ортаға қояды. Жол жүриўдиң, жолға не керек екенлигин жақсы биледи. «Жол азабы-гөр азабы» дегенде жақсы түсинеди. Кеме тоқтаўдың Айтмуратқа дәрьяға шолпы салыў тапсырылып қойылған еди. Кеме тоқтаўдан жалма-жан шолпы менен, әлле қашан бир неше сазан менен сүўен, ылақа услаған Айтмурат бир керсен балықты әкелип ошақтың қасына қойды.

Айтмурат бас болып, басқалары да қолларына пышақ алды. Балықларды қыршып тазалап, үлкен қазандағы қайнап турған суўға салып жиберди. Қолларын жуўған Айтмурат шиғынның унынан қамыр иледи. Гүртик таяр болды. Қан жылым суўға салынған балықлар басылып бир қайнағаннан кейин писип қалды. Шиғынның унынан иленген гүртик те салынып болынды. Бирақлардан тынбай қайнаған қазан да, гүртик те, балық та писти. Қазан түсти.

Салдаўшылар менен дарғалар кеспелерге, қармаға, сорпаға тойды. Бир-бир кесе менен Әмиўдәрьяның суўынан қанғанша ишти. Барлығы бирден майданға шығып келип, ошақтың әтирапындағы сабанның үстинде уйықлап қалды.

Салдаўшылар әдети бойынша таң сәҳәрден оянды. Кешеги алақаншық бетинен есип турған самал бүгин қарсы алдынан есип тур. Бүгин желқом қурыўға болмайды. Барлық салдаўшылар үйренген әдети бойынша газдай қатарласып, өрге қарай салдаў тартып кеме жылжып жүрип кетти.

Әмиўдәрьяда салдаў тартып, күни менен ярым ақшамға шекем тынбастан тырбанып, салдаў тартыўдың қыйынлығы салдаўшыларды оғада езип жиберди. Ашлық, жетиспеслик, азық-аўқаттың тапшылығы салдаўшылардың димарын қурытты. Еки жылдан берли салдаў тартып еки ийни менен мойнына қып-қызыл қан болған Айтмурат азып кетти. Салдаўшылар менен Айтмуратты Бекмурат дарғаның аяғаны жәрдем ете алмады.

Қара жумыс ислеў ушын қарын тоқ болыўы керек. Қәҳәрли қысқа төтепки бериў ушын кийим-кеншек болыўы лазым.

Бала-шағаларды асыраў ушын қәрежет керек. Өмир сүриў ушын үнем керек. Булардың ҳеш бири буларда жоқ.

Жүк тасыў кемелери менен бирли-ярым параход, оған тиркелген баржалар жүк тасыўдан, әсиресе бәҳәр жаз, гүз қара суўық болып муз қатқанға шекем күни түни тынбай Чаржаўға, Арал теңизине шекем жүк апарады, жүк алып келеди. Арал теңизинде, Зайыр, Қазақдәрья үстинен хан параходы жүклерди Аралскидеги темир жол станциясына алып келеди ҳәм булманнан шетten келген ҳәрқыйлы затларды алып қайтады. Петро-Александровскиден Чаржауға шекем қатнаған параход,

баржа, кемелер Чаржау темир жол станциясына жүк тапсырады ҳәм Петро-Александровски менен Хорезм байларына, саўдагерлерине, мәмлекет шөлкемлерине тийисли болған затларды алып қайтады. Қуллары қақаман қатты суўық пенен Әмиўдәрьяда муз қатқанша суў ишинен жүк тасыў тынбайды.

* * *

1905-жыл. Ноябрь айы.

Шар тәрептен шашыранды шарбы бўлт қаплаған. Базда күнниң көзи азырақ ашылады. Күнниң ақ сийледей ақ жипек жаўып қойғандай сезиледи. Шарбы бўлтлар ақ көбиктей ағып баратырғанға усайды. Гүзектиң соңғы айының етти шымырлатыңқырап жиберетуғын қатты суўық самалы еспекте.

Жасыл жапырақлар сары алтындай сарғайған. Дарақлар, гүллер, барлық, өсимликлер жасыл липасын таслап, жениллескендей сезиледи. Жазы менен теңгедей күн түспейтуғын гүжимлердиң шақалары сып-сыйдам болып, аштан өлген атанның қуўрап қалған сүйегиндей көзге сықылсызлаў көринеди.

Пышық мурны батпас дүт тоғайлар да туў алыстан қарасаң қуўраған қуўрайдай сийрексип қалған. Оларды бүркеген түйеснңирлер менен тутасқан қалың бүклер де қуўраған соң үзиги алынған үйлердиң керегесиндей көринеди.

Тәбийий көрнныс өзгерген. Көк жасыл липас кийген, қарағанда көзниң қумарын тартатуғын сән-сәўлатлы сулыў жерлердиң түр-түси өзгерген. Жер қушағына жан-тәни менен кирип, тыныҳ тер төгип, ҳадал мийнет еткен дийханлар жер байлығын, ел байлығын, ер табысын, бай, патша, ханлар менен болыс-бий, молла-ийшанларға қалыўсыз берген. Алты ай жазы менен еткен мийнетлердиң мол-молақайы хожайынның телегине толығы менен тасылған.

«Сыпырамызға кирген тышқан, шығар еди ағармастан» деген ақыр заман дийқанлардың алдына келди. Қапта ғәлле, сыпырада үн жоқ. Қақаман қыстың қудиретли қысыўмети басына түсетуғын болды. Оның үстине салғырт, түрли салымлар биринен соң бири нәўбет пенен дөнип тур.

Ғаррылар менен кемпирлер боз ингендей бозлады.

Баллар менен нәрестелер ишерге аўқат, емерге анада сүт болмағаны ушын жылады.

Қыз-жаўанлар сыңсыды. Аға-ини, ер зарлады. Заманның ырабайы жаман болды.

Күнниң жүзин қара бўлт басты. Кеўилди кир қаплады. Көкиректе кек қайнайды. Бўлт кетип, күн ашылса, нурлы қуяш жарқ ете қалса, сәўле шапағын шашса, қалың халық қайғы уйқысынан оянса, бахыт қуяшы қушағын ашса болар еди деген халықтың арзыў-әрманы өзи алжы-булжы турмысты толқынландырып жиберди.

Чаржоўға тасылатуғын жүктиң есап-саны болмай кетти. Шорахандағы П. Мануиловтың, Р. Магзумовтың, Аллақуловтың, Е. Әмийновтың, К. Салиевтың, Л. Райымқуловтың, Сарыбий ҳәм Бийбазардағы И. И. Першиннлердиң пахта заводларынан шыққан тай пахталар, Шымбайдағы Убайдулла Камаловтың, Халмурат бай Хожамбердиевтың, Асқарбай Ахмедовтың, Ережеп Тәжиқуловтың, Баймухаммед Үстемовтың; Ерман Қалжановтың, Маталақ байдың тай пахталары менен ҳәрқыйлы ишйки затларын Чаржау менен Арал теңизинен иркиншсиз жеткериўге Әмиўдәрья бөлиминиң начальнигинен пәрман болған еди.

Кемелерге де, «Цезарович» пароходы менен «Волга баржасына мөлшерден артық жүк жүкледи. Басқа кемелерден ҳәм басқа жерлерде ислеп жүргенлер, қатарынан, салдаўшылардан үсы «Цезарович» параҳоды менен «Волга» баржасына жүк тасыў, жүклеў, Чаржауға апарып түсириў ушын қосымша күш ретинде Айтмурат Атамуратовты, Худайшүкир Шанназовты, Леонид Бобровскийди, Ш. Л. Финкельштейнди, Н. И. Козлюк-Завлевскийди, фельшер Н. С. Касьяненконы, Арсений менен Нурназар Мәўленовты, Роберт Рудольфович Ляўданды, М. А. Стешинди, Н. А. Петрович, А. С. Левченконы, А. Л. Тимошенконы, Ф. Николаевты, Қурбанды жиберген еди. Булар матрос ҳәм рабочий болып хызмет иследи.

Матрослар, рабочийлар Әмиўдәрья флотилиясының начальнигинен жол қәрежет сораганда «Жолдан таўып жерсиз...» деп азық-аўқат бермеди. «Маяпаны келип аласыз» — деп тезлик пенен шығып кетиўге буйрық қылды. Матрослар менен рабочийлар кеткиси келмеди. Әмиўдәрья флотилиясындағы лэшкер бөлими арқалы буларды зорлық пенен жолға шығарып салды. Матрос-

лар менен рабочийлардың көкиреклеринде кек қайнады. Кеўиллеринде ыза, ашыў, қаҳәр, пайда болды. Ерикезлик зардабына түскенлер еңиреп, жылап жолға шықты. Пароход ақырын ход алып, булқыған Әмиўдәрьяның туўлаған толқынын айырып, қатты ағысты қақ жарып, өрге қарай жылысып жүзип кетти.

Арадан алты күн өтти.

Қәпелимде дүбелей даўыл турды.

Әмиўдәрьяның ши астан-кестен болып бурқасынлап кетти. «Волга» баржасын сүйреген «Цезарович» пароходына қатты дүбелей даўылда өрге жүриў қыйынлық болды. Даек қатының тусынан өте бергенде дәрьяның арқа жағындағы таўдай, тас төбеден қарап турғандай таслақлы төбешиктиң тумсығына тығыла тоқтады.

Туўлаған толқын баржа менен пароходты ғырра жағаға тығып таслады. Шырпылдап урған толқын пароход пенен баржаны аўдарып таслағысы келгендей үсти-үстине урады.

Арық-турақтай келген қақ шеке, көк көз узын бойлы Семенов «Цезарович» пароходының командири. Ол штабс капитан деген атаққа ийе. Түри-түси жағылған шырашының панысындай жылтылдап турады. Биреўге ашыўлы қараса, дуздай көк көзи жети жүйрецнен өтип кеткендей болады. Қабағынан қар жаўып, қолына не түссе соның менен ашыўланысқан адамды аяўсыз урады.

Өзи арықтан келип, шандыры шығып турса да, қолы қатты. Шекеңди жандырып жибереди. Қолында уратуғын таяғы ямаса басқа заты болмаса мушы менен бүйиринде нуқып қалады. Ишиң уўдай ашып, аўнап, түскениңди билмей қаласаң. Тек бир урыў менен кетсе жақсы, бүйириң аўырып, ишиң уўдай ашып сессиз жатсаң, жаўырныңа, қарныңа, жамбасыңа теўип-теўип кетеди. Бир таяғын жеген адам қайтып жантаспайтуғындай болады.

Усындай әдетине қосымша оның арақты жақсы ишетуғын қәсийети бар. Бир ишсе қоймайды. Қаттылаў мәс болса қәлеген адамды қушақлап, басқыласып, ўарсақы, қосық айта баслайды. Базда мәс болса ишки сырында ақтарып таслайды. Үшиниң сапар үйленген ҳаялын атып өлтиргенин де сандырақлап, отырған орнында сылқ еткенше мийинди жейди.

Өзиниң уйқысы қатты. Арақ ишип қулаған пайытында дәрьяға атсаң да билмейди. Бүгин матослар менен рабочийлар Семеновтың минез-қулқын билгеннен соң қалай болмасын иштириўди ойласты. Пароход турғаннан-ақ Семеновтың өзи: «бул дүбелей даўыл ала қаншық жақтан есип тур. Жуўық арада тоқтамайды, бәлким көпке созылар. Бүгин баз-баяғы жүре алмаймыз» деген сөзинен кейин-ақ олар «Семеновты силейтип таслаў керек» деп фельдшер Қасьяненкодан өтиниш етти. Өйткени, бул ызалы, матослар ҳәм жүкшилердиң асығыс ойласығы бар еди.

Пароход тоқтаўдан-ақ Қасьяненко Семеновтың сыртынан анлып қайда барса сонда барып, ҳәрқыйлы себеплер менен изинен қалмай жүрди. Кеш болып ымырт жабылғанша дүбелей даўыл тынбады. Қайта күшейип кетти. Өзине ылайықлы асханада аўқат таярлаған Айтмурат Семеновтың алдына әкелип қойса, ол әдеўир-ақ мәс екен. «Айтмурат отыр» деп көзин сүзип зорға тили айланды. «Мен ишпеймен, рахмет төремиз» деген Айтмурат үндеместен артынан бәсип шықты да, Қасьяненконы жиберди. Семеновтың мәс екенин әлле қашан барлық адамларға Айтмурат хабарлап шықты. Өйткени, Айтмуратқа тапсырылған ўазыйпа Семеновтың мәс болғанын билиў еди. Барлығы булжымастан бежерилди.

Қол қаўсырып, тәжим берип, бас ийип келген Қасьяненконы зорға көзи илди Семеновтың. Ол Айтмурат аўқатты әкелип берип кеткенде қырлы стакандағы арағын ишип болған жоқ еди. Қасьяненконың кирип келгенин шалама-шекки билген Семенов «давай водку...!» деўи менен орнынан зорға турып Қасьяненконы қушақлады. «Еле даўыл тынған жоқ, бирге ишиўге болады» деп бағана спирттен таярлап қойған еки шийшени қоса әкелип Семеновтың алдына қойды.

— Сен мениң өмиримди қорғайсаң. Мен ишемен. Начальниклер узақта. Бизди ҳеш ким билмейди. Қадағалай алмайды. Мен ишемен, сен де иш. Мени биреў өлтирсе сен жуўап бересең, — деп шийшени ашып еки стаканға арақ қуйдырды. Семенов Қасьяненко менен урыстырып ишти. Тағы ишти. Бир ярым шийше ишилип болынғаннан кейин Семенов сөйлеп отырып сылқ ете қалды. Қасьяненко Семеновты сүйреп апарып, каютадағы орнына апарып таслады.

Матослар менен рабочийлардың арасына келди.

— Өтинишлер орынланды. Биймәлел әңгимеге кирисе берің.

Ҳәрким билгенин айтты. Ҳәрким өз ойын жасырмастан ортаға салды. Бобровский бурын Россей бетте қандай да бир сиясий кружокларға қатнасып, патшаның аўыр азабына қарсы шыққаны ушын Әмиўдәрья флотилиясына сүргин етип айдалған еди. Ҳәзир бул жерде матрос болып исленди, адамларды аўзына қаратып сөйлеп отыр.

—Дүньяны астан-кестен етип, жеги қурттай, отырған империяның орайы Петербург қаласында басланды. Бул турмыстың туўылған толқынының тынғын адымы болды. «Уйықлап атырған Россия-революциялық пролетариат пенен революциялық халықтың Россиясына айналды,— дейди көсемимиз Владимир Ильич Ленин», — деп отырған журтшылыққа жалт қарады.

Айтмураттың кеўили бир түрли болып кетти. Жүзинде жыллы шырай берип «Тилим-Тилим»... деп өз-өзинен ишинен тәкирарлады. Сөзге тағы да бар ақыл-ҳуўши менен қулақ қалды.

— Данамыз Ленининиң бизлер ушын оғада пайдалы, ақыллы сөзлерине уллы әҳмийет бериўге мийнетлардың. Ол ҳәзир Россияда болмаса да, барлық дүньядағы аўҳалды сезип-билип, көрип отыр. Ол 1905-жылы 25(12)-январьда Женевада турып былай деп жазды. «Россияда оғада уллы тарийхый ўақыялар болып атыр. Пролетариат патшалыққа қарсы көтерилди. Пролетариатты көтерилис жасаўға мәжбүр еткен ҳүкиметтиң өзи болды... Мылаған өлтирилгенлер ҳәм жаралар болғанлар Петербургтағы 9-январьдағы «Қанлы екшембиниң жуўмағы мине усындай. Әскерлер қуралсыз рабочийларды, ҳаялларды ҳәм балаларды жеңди... Бул сабақты рус пролетариаты умытпайды... Петербург пролетариаты «Өлим ямаса азатлық» деп сүрен таслады, бул енди пүткил Россияға жайылды. Езилген, жеңилген ҳәрбир адамның басындағы өмир саўдасына айналды.

— Усындай аўҳаллар бизиң басымызда тур. Байлар, буржойларға күни-түни қулдай ислеймиз, қолға киретуғын қара тийин жоқ. Балаларымыз да, өзлеримиз ашпыз, ата-анамыз, қарындас-қызымыз, қатынымыз, ағаукемиз жалаңаш.

Оның үстине аш-әптада, ақырет-азап. Буған енди

шыдаўға болмайды — деп кекли кеўлин көпке билдирди Финкельштейин.

— Барлығы дурыс, жолдаслар! — деп гәпке аралысты Козлюк Залевкий. — Туўысқан Түркстанның мийнеткеш халқы «Қанлы екшемби» ҳаққындағы ҳақыйқатлықты революциялық социал-демократлардан билип алды. Революциялық социал-демократиялық рабочий (РСДРП) партиясының Ташкенттеги топары 10-январь күни прокламация басып шығарды. Бул прокламацияда туўрыдан-туўры Түркстан рабочийларын самодержавиеге қарсы гүрес шақырды. Бунда ҳәр бир езилген, еңиреген халықлар менен пролетариат-рабочийлар толық түсинетуғын, олардың сана-сезимин оятатуғын сөзлер жазылған. «Ҳәзир халықтың ҳақыйқат азатлықты талап етиў ўақты жетти. Ол өтиниш етпей, исенимли түрде талап етилиўи керек. Бизлер патша өзиниң садық пухараларының өтинишине қалай жуўап бергенин көрдик. Петербург көшелеринде 9-январьда төгилген қан өш алыўды талап етеди, — деп халыққа ашықтан-ашық айтылған.

Бул сөзлер жағымлы сөзлер сөзи. Ҳәзир Орта Азияда, Қавказда, пүткил Түркстан үлкесинде, Ташкентте, Самарқандта, Ашхабадта, Чаржаў, Мары, Хорезмде рухый ояныў басланды. Жүректен шыққан жанлы ҳаўазын бизлер зейин менен тыңлап, сана-сезимимизге сиңирип алыўымыз керек. Мине, бизиң ишимизде бирге баўыр басып, азап-ақыреттиң ашшы дузын татысып жүрген Айтмурат Атамуратов, Худайшүкир Шаниязов, Нурназар Мәўленов, Қурбан менен Бекмурат дарғалар Айзада Алламуратовалар бар. Олар жаңа нениң не екенин түсинип, ояныў киятыр.

Бул жолдасларды ғамхорлық етип шын жүректен жәрдем бериўимиз, қорлықлы өмирдиң сиясий мағызын шағыўға үйретиў, оқытыў керек болады. Усылар арқалы халықты қорлықтан алып шығыў ушын сүрен таслаўымыз керек! — деген Финкельштейнниң жалынлы сөзи әсиресе Айтмуратқа, Қурбанға, Нурназарға жағып қалды.

— Жақында мен Әмиўдәрья флотилиясының «Царь» пароходында әскерий-медициналық фельдшер Ефремов менен сөйлескенимде, мына қағаздың бир данасын берди. Жолдасларға оқып берип түсиндирсин. Сақ болсын.

Бизлерге қарсы қадағалаўды күшейтип атыр деди. Мен сол қағазды оқыйман.

Бул Сырдәрья областы әскерий губернаторының 11-январь күни ишки ислер министрлигинен алған телеграммасының копиясы «Үлкен тәртипсизлик, улыўма стачка менен бирге Петербургта болып атырған ўақыяларды империяның ҳәр түрли жерлеринде исенимсиз адамлардың стачка менен тәртипсизликлер шығарыў ушын пайдаланыўы мүмкин. Сизде бар мағлыўматларға тийкарланып, зәрүр болған ўақытта тәртипсизликлердиң алдын алыў ушын шешиўши түрде илажлар көриўди буйыраман!» — деп жазған Усы телеграммаға тийкарланып начальниклер қатаң буйрық шығарды. «Бул қағазды оқып еситтирип, сол заматы жағып жибер» деген еди деп қағазды оқып болыўдан жақты.

1905-жылы 18-апрельде Түркстан генерал-губернаторына Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги полковник Сусанин «Соңғы ўақытлары көплеген орынларда қозғалаңлар болып отыр...» деп билдирген еди. Олар қозғалаңды бастырыў ушын шешиўши илажлар көреди. Бизлер аянбастан гүреске шығыўымыз керек. Күни-түни ислеўден қутылыў, ерик алыў, мийнет ҳақымызды толық талап етиўге тийкслимиз. Қашанға шекем құл болып жүремиз. Өмир ямаса өлим!

Ишиндеги дәрти шыдамаған Шаннязов орынан турып, тутлығыңқырап сөйлесе де, бираздан кейин өзин басып, сөзин жөнлеп алды. — Сөзлериңиз жағып баратыр. Еле де сизлердиң айқаныңыз бойынша: ерк, бахыт, өмир деген өз қолларымызда екен. Мен есимди билгели болыс, бий, патша, хан, молла-ийшанларға усаған зулымлардың азап-ақыретинде келдим.

Мен бурынан жармасы суйық жарлыман. Ел ме ел гезип, қол ушы талап етип, есим енди. Байдың оты менен кирип, күли менен шығаман. Ылақ та бақтым. Мал да бақтым. Балада бақтым, масақ та тердим. Дигирман да тарттым, қаразға қара ешектей, жуўазға түйедей жегилдим. Истиң аўыры, ас-аўқаттың қалғаны, кийимниң гөнеси, журттың таслап кеткен төлеси меники болды. Отырсам опақ, турсам сопақ, астым жер, үстим тепки болды. Көрмеген қорлық, жемеген таяқ, еситпеген сөгис қалмады.

Есим енгеннен соң солардың биреўине де бойсынбай барлығына қарсы шықтым. «Құшлиниң деми дигирман

тартады» деп ең ақырында байлар үстимнен арза қылып, ҳәкимлер сегиз жыл мәўлетке Сибирьге жиберди. Олманда өзлериңиз усаған рус азаматлары менен бирге болдым.

Амур областы менен Благовешенек қалаларындағы аралықта таў-тасларда жумыс иследим. Қара тасқа төгилген маңлай терим менен көз жасым боларға емес. Күни-түни тас еземен. Тас тасыйман. Алақаным қабарып, қан болды. Табанымды тас тести. Етимди таяқтың зарпы тилкимледи. Мен русшаға толық түсинемен. Сизлер сөйлеген ўақта мен Айтмурат пенен Нурназарға түсиндирип отырдым. Булар ушын оғада қуўанышлы.

Мен сегиз жыллық сүргинлик мәўлетимди тамам етип, киндигимниң қаны тамған жерим-аўылыма келдим. Баяғы күнимнен бес бетер өмирим қуллыққа, өзим зорлыққа ушырадым, Молла-ийшанлар менен сөйлескенде русша сөзлерди араластырып сөйлеппен. Қорлыққа, зорлыққа, диншиллердиң алдаўларына көнбей, жүрегимнен русшалап: «Вы паразиты! Сволочи!...»деп сөктим.

Сөккенимди түсингени ушын емес, русша сөйлегеним ушын «Бул диннен шыққан» деп қаралап халыққа қарсы қойды.

Байлар, ҳәкимлер, аш қасқырдай анталап, кейниме түсип алды. Азап-ақыреттиң ҳәр қыйлысы болады екен. Барлығын да басымнан өткердим. Ең ақырында бир ийшанды күйгенимнен: кек ғазабы қайнап кетип буўып өлтирдим. Бирақ, мениң өлтиргенимди ҳеш ким билген жоқ. Ийшанды жерлеп атырған елес-қапаста Петро-Александровскийге қашып келдим. Буған да тоғыз жыл болды.

Мине сизлер менен ушырастым. Усы ўаққа шекем ишқыста болып, аўыр азаптың қулы едим. Ермегим елден алып келген мынаў үш китабым болды. Үшеўи де қол жазба. Биреўи Бердимурат шайырдың қосықлары екен. Оғада сүйиспеншилик пенен қайта-қайта оқыйман. Мына биреўи татарша, динге қарсы китап. Мына биреўи Наўайы деген шайырдың «Фарҳаф ҳәм Шийрин» деген қыссасы екен деп үшеўинде барлық адамларға көрсетип шықты.

Құдайшүкирдиң езиле айтқан сөзлери тап Айтмураттың өмиршиң дәл өзиндей сезилип, Айтмурат оны «ағажан-әй, мениң менен туўлас екенсең! Бир ағам бол!

Мени ини етип изиңе ерт!» — деп қушақлағанын билмей қалды. Құдайшүкир әңгиме айтып отырғанда Құрбан менен Нурназардың кеўли бузылды.

Төрт жарлы, төрт мунласқанда басқаларда егиталип отырды. Төртеўиниң де өмири көрген-билгенлери бирдей болғаны ушын баўырлары ерип, езилиўдин еңсесин басқаны соншелли, қайғы тасы кеўиллерин бузып жиберди. Бираздан кейин тыз-тырыс тынып, өмирден түңилгендей, қаҳәрдиң азаплы кегиндей тунжырап отырған Тимошенко түргелди. Айтмураттың, Нурназардың, Құдайшүкирдиң, Құрбанның жүзлерине қарады кейин жубатты, жыллы сөзин айтты.

— Досларым! — деп даўысы қарлығыңырап шыққан Тимошенко отырғанларды оятқандай болды.

— Мен большевикпен. Өткен жылдан берли мен усы флотилияда ислеймен. «Әмиўдәрьяның толқынлары не ҳаққында өксийди» деп жолдас Николаев статья жазды. Әмиўдәрьяның тек толқынлары ғана емес, бизлерде халықтың қандай қорлық пенен өкпеги, не тилеклери, арзыў-арманларының барлығын билемиз.

Халықты қатты қайғы да жатқан жеринен оятыў керек. Барлығымыз бирден халыққа қуўат бериўимиз халықтан күш-қуўат алыўымыз керек. Чаржаудан қайтыў менен Петро-Александровскиде, Хорезм, Хожели, Шорахан, Сарыбий, Бийбазар, Шаббазда, Қоңырат, Шымбайда, Арал теңизи менен Зайыр, Үрги, Тоқпақ ата да (Мойнақ) Жаңабазарда, барлық жерде халықты езиўшилерге қарсы көтериў керек.

Бул ислерге алды менен Айтмурат, Құдайшүкир, Құрбан, Нурназар — сизлер актив қатнасыўларыңыз керек. Сизлер бул жерлердиң ойлы-шуқыларын, халқының жаман аўҳалын, байлардың ҳәкимлердин, болысбийлердиң, молла-ишанлардың жаўызлықларын жақсы билесиз. Бизлер қайсыманда болмайық, солманда езиўшилерге қарап қатты ҳәрекеттиң оты лаўлаўы керек.

— Дурыс, дурыс..!

— Еркимизди ийелейик!

— Халыққа азатлық!

— Өмир, я өлим!

деген даўыслар гүўлеп кетти. Барлығы гүреске шығыўға бирден ант ишисти.

Бир ярым күннен кейин пароход Чаржауға жүкти тапсырып қайтты. Жол бойынша барлығы қолы бос ўақтында Айтмуратқа Бердимурат шайырдың қосықлары менен Наўайының «Фарҳад ҳәм Шийрин» дәстанын оқытып, ғамлы кеўиллерди хошлап келди.

* * *

Азап-ақырет, аш-әптада болып үйине қайтып келген рабочийлар менен матослар жол бойынша бекинискен ўәделери бойынша Әмиўдәрья флотилиясының устаханасындағы рабочийларға да «әсирлер бойы езилиў менен еңсе көтере алмай жүриўге енди болмайтуғынын», қашанға шекем күни-түни ислеймиз, қашанға шекем азық-аўқатсыз жүремиз! Көтерилиңлер!» деп сүрен таслап сөйлесип атыр еди, оның үстине «Цезарович» пароходының командири, штабс капитан Семенов кирип келип матосларды сабап таслады. Қарсы алдына келген Айтмуратты теўип жиберди. Ол абынып барып жығылды. Ол жығылып баратырып журтшылыққа бир қарады. Адамлардың мақуллаған нәзерин аңлаған ол күш-қуўат пайда болғандай ақырын орнынан турды. Семеновтың маңлайына берип кетти. Төбелес басланды. Әскерлер келди. Пүткил матослар менен рабочийлар Семеновты ортаға алды. «Тарқаңлар!» деген сөзин тыңламады. Әскерлердиң жаў-жарағынан қорықпады. Қаҳәрли күш пенен барлығы биригип турып алды. Төбелес, урыс-жәнжел қыза басланды. Бир неше солдатлар менен Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги полковник Сусанин келди. Адамлар қатты қаҳәрге миниген еди.

— Сегиз саат ислеўимиз керек!

— Бизлерге ҳақымызды дурыс бөлесең!

— Бизлерди малдай сабамасын!

— Бизлерге дурыс шараят керек!

— Семеновқа мойынсынбаймыз!

— Бизлерге басқа командир керек!

— Болады. Барлық айтқанларыңызды орынлап беремен. Семеновтың орнына басқа командир болады. Шараят туўдыраман! Айтқанларыңызды қалаўсыз бежеремен! — деп полковник Сусанин абырайлы түрде исенимли ўәде етти.

Полковник Сусанин ўәдесин орынлаўға онша асықпады. Флотилияда командирлердиң, ҳәкимлердиң, капитанлардың, завод хожайынларының буйрығын орынламаўшылар оғада көбейип кетти. Сол ушын Сусанин 1905-жылы 18-апрельде Түркстан генерал-губернаторы-

на соңғы ўақытлары көплеген орынларда қозғалаңлар болып атыр» деп тезлик пенен ҳаўадан хабар бериў мәжбүр болған еди. Буннан бурын да 1905-жылы 14-январьда Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги, Петро-Александровск әскерий гарнизоны бойынша «Массалық түрде қозғалаңлар болған жағдайда әскерлер қалаға, әсиресе жергиликли қазыханаға, патрон сақлаўлы складты, почта-телеграф кеңсесин қорғаўы тийис ҳәм қамаққа алынғанлардың арасында тәртипсизлик болған жағдайды тюрьма қараўылына жәрдем бериў керек, орынларда жаў-жарақ ҳәм аяўсызлық пенен ҳәрекет етилсин!» деп буйрық шығарған еди. Бул жасырын буйрықты Тимошенко әлле қашан алып, мүмкиплы түрде рабочийлар менен матросларға еситтирген еди.

Әскерий округтиң командующийси генерал Тевяшовтың 1905-жылы 26-январьда «Әскерий бөлимлердиң, әскерий ведомство, оқыў орынларының ҳәм басқармаларының баслықлары өз қараўындағы чиновниклерге әскерий хызметлерди бузатуғын китапша ҳәм листовкаларды тарататуғын жаман ниеттеги адамлардан армияның негизин таза сақлаў садық ўазыйпасы екенлигин бәрқулла түсиндириў ҳәм олардан қандай да бир жоллар менен алынған жасырын әдебиятлардың барлығын баслықларға тез арада тапсырыўын талап етиў керек» деп жазылған Түркстан ҳәкимлери, Түркстан әскерий округи әскерлеринде революцияшыл листовкалардың ҳәм улыўма қадаған етилген әдебиятлардың таралыўына тыйым салыў және олардың алдын алыў илажлары ҳаққындағы ислеп шыққан инструкцияларын да фельдшер Касьяненко әлле қашан өз досларына билдирген еди.

Ол және ўаз айтыўға жыйнады.

Түркстан үлкесин, соның ишинде Әмиўдәрья бойларын, Арал теңизи жағаларына «сиясий жынаятшыларды» сүргин етип, жер аўдарыўға патша қолайын тапқандай, өзине улыўма зорлық-зомбылыққа, азап-ақыретке, ериксизликке—езиўшиликке қарсы гүрескенлерди усы жаққа жер аўдарыўды үрдис етти. 1848—1849-жылларда Арал экспедициясының жумысына Тарас Шевченконы да жиберди. Булардың ишинде—экспедициясының составында революциялық хызмети ушын Польшадан жер аўдарылғанлар да болды.

«Мәмлекетлик жынаятшылар», «Исенимсизлер» ҳәм

«Полицияның қадағалаўы астындағылар», деп аталатуғынлардың көпшилиги Әмиўдәрья бөлиминде, Хийўа ханлығындағы әскерий бөлимлерде, флотилияда, ҳәрқыйлы тараўда хызмет етти. Теңиз министрлигине қараслы басқарманың буйрығы бойынша 1880-жылы 6-флот экипажының матросы П. В. Грязнов «Ҳүкиметке қарсы тәртиби ушын» Арал флотилиясына өткерилди. Нөкис қорғанында орналасқан 12-Түркстан мийнет батальонының 1-ротасында унтер—офицер Н. И. Козлюк—Залевский хызмет еткен.

1881-жылы әскерий топографиялық училищеде көтерилиске шақырылған прокламацияларды таратқаны ушын, айрықша қадағалаў астына алынып, усы жаққа Петро-Александровск менен Нөкиске жиберилген Федор Косых, Илларион Лященко, Иван Гриневецкий, Михаил Рудовский, дийханшылық академиясынан сүргин етип жиберилген Петровский қорлықлы жағдайда жасады.

Әскерий революцияшыл кружокқа киргени ушын 6-флот экипажынан сүргинге жиберилген Л. И. Бобровский Әмиўдәрья флотилиясында өзлеримиз бенен бирге матрос. Петербургтағы студентлик кружоклардағы революциялық жумыслары ушын патша ҳүкимети сүргинге жиберген А. С. Сафронов Н. А. Андреев, 18-Түркстан атқышлар батальонының атқышлары Ш. Л. Финкельштейин, Н. Ш. Бейрам да бизлер менен хызмет ислейди.

көсемимиз Владимир Ильич Ленин,—деп отырған журтшылыққа жалт қарады. Айтмураттың кеўили баяғы сапардағыдай бир түрли болып кетти. Жүзинде жыллы шырай берип «Лилим-Лилим...» деп өз-өзинен ишинен гәкирарлады. Сөзге тағыда бар ақыл-ҳуўшы менен қулақ салды.

Данамыз Ленинниң бизлер ушын оғада пайдалы, ақыллы, сөзлерине бизлер уллы әҳмийет бериўге миннетлимиз. Ол ҳәзир Россияда болмаса да, барлық дүньялық аўҳалды сезип-билип, көрип отыр. Ол 1905-жылы 25-январьда Женевада турып былай деп жазды: «Россияда оғада уллы тарийхый ўақыялар болып атыр. Пролетариат патшалыққа қарсы көтерилди. Пролетариатты көтерилис жасаўға мәжбүр еткен ҳүкиметтиң өзи болды... Мынлаған өлтирилгенлер ҳәм жарадар болғанлар Петербургтағы 9-январьдағы «Қанлы екшемби»ниң жуўмағы мине усындай. Әскерлер қуралсыз ра-

бочийларды, ҳаялларды ҳәм балаларды жеңди... Бул сабақты рус пролетариаты—Бек болыўға досларым Мен сизлер менен тәғдийрлес болғаным ушын сизлерди ағайиндей көремен. Бир туўыппыз, бир өлемиз,—деди Касьяненко гәпке қосылып.—Ҳәкимлердиң буйрығынан, байлардың таяғынан қорықпаў керек. Петро-Александровск, Хийўа, Хожели, Шорахан, Шымбай, Арал теңизиндеги балық таярлаў заводларындағы—рабочийларды, дийханларды оятыў керек. Оларға бизиң гийкарғы мақсетимизди, арзыў-арманымызды түсиндириўимиз керек. Айтмурат пенен Нурназар сизлер Шымбайға барасыз. Худайшүкир менен Қурбан сизлер «Царь» пароходына матрос сыпатында Арал теңизине кетесиз. Айтмурат сениң аўҳалың қыйын болады. Оны мен жақсы түсинемен. Түни менен дос-яранлардың арасында түсиник жумысларын жүргизесең де, күни менен бенек болып кемеде жатасаң.

Мине мен де Киев губерниясынан сиясий жақтан исенимсиз адам ретинде сүргинге ушырап келдим. Ҳәзир бизлер сизлерге көрген-билгенлеримизди бир бастан, ақылларымызды айтамыз. Өйткени, сизлердиң көрген қорлығыңыз, бизлердиң де басымызда бар. Бизлер бас бириктирип байлар менен жеги күрттай, халықты теспей сорып атырғанларға аяўсыз қарсы шығыўымыз керек, Айтқанымызды қылса қылсын, қылмаса қайта-қайта қозғалаң көтере беремиз. Бул ҳаққында даргалы Бекмуратқа тапсырма бериледи. Бизлер усы жақта қалып, дүзилген план, ойласылған үәде бойынша жумыс ислеймиз,—деп Тимошенко ҳәммеге ўазыйпа үлестирип берди.

* * *

Айды шалғай менен жаўып болмағанындай, ай жүзли, ашық минезли, кең қушақлы, қара көзли, қыйқаш қас Айзада қанша жасырынса да көзге түсти. Шорахандағы пахта тазалаў заводдының хожайыны Райымқулов бир күни флотилияға жумыс жағдайында келди. Ислерин питкерип киятырса, ақшамды аппақ нурға бөлеген айдай болып Айзада күтилмеген жерден алдынан сап ете қалды. Райымқулов ериксиз иркилип қалды. Иркилген адамды көрген Айзада әдеп сақламаса ўятсызлық болатуғының билгеннен соң әдеп-икрам менен ийба етип, бас нйин турып қалды.

— Саламатсыз ба?!

— Шүкир!—деп ийба көрсетти Айзада.

— Қайдан келдиңиз?

— Шымбайдан... Айтарын айтса да, эттеген-ай,—деп ернин тиследи.

Қайда барасыз?

— Жумысқа.

— Не жумыс?!

— Кир жуўаман.

— Кир жуўаман?!—деп таңланды бай.—Сизге ким кир жуўдырып қойыпты?!

— Турмыс.

— Турмысыңыз жаман ба?

— Жаман.

— Өзим жәрдем қыламан. Ислеген жериңизди көрсетиңиз?

Айзада Райымқуловтың алдына түсип, кирханаға кирди. Ҳәккедей сақ Райымқулов жан-жағына бир қарады да, кирханаға бул да кирди. Райымқуловтың кирханаға кирип баратырғанын тосаттан көрип қалған Петров тезлик пенен кирхананың есиги алдына жасырынды. Ишке кирген Райымқуловтың көзи уры пышықтың көзиндей жылт-жылт етти.

— Бир өзиңиз кир жуўасыз ба?

—Бүгин бир өзим. Басқаларды пароходқа жүк жүклеў ушын әскерлер алып кетти деди.

— Жақсы екен...

Айзада үндемеди.

— Мен сағаң дүнья таўып беремен.

— Керек емес.

— Неге?

— Байларды сол ҳарам дүнья қутырып бузып турғой.—Ҳарам дүнья адамды бузады.

— Ақылың зор екен.

— Кем де емес. Кетиңиз. Күйеўим бар. Әкемнен үлкен адамсыз.

— Күйеўиңди астыраман, өзиңди күн көрмес пери етип сақлайман. Мен сени ҳәзир алып кетемен.

— Жақынлап көр...

—Сондай-ақ батырмысыз! —деп Райымқулов бирден асылды.

Айқас басланды. Райымқулов Айзаданың шашынан услап шекесине берип жиберди.

— Уай-ўай апажан!—деген даўыс шыққанда есикте жасырынып турған Петров арыслардай атылып кирип келди. Райымқулов Айзаданың шашынан таўлап услап, бүклеп астына басып атырған екен.

Петров жуўырып келген пәти менен Райымқуловтың теўип жиберди. Ол Айзаданы жаздырды да, Петров пенен айқасып кетти. Гә Петров жығылып, гә Райымқулов жығылып, айқасыў, төбелесиў көпке созылды. Райымқулов Петровтың бүйирине теўип жибергенде Петров... ә... ә... ә... деп аўнап түсти. Қынындағы қара саплы полат пышақты қолына алып, «сени ишип-ана өлтирейин, қаныңды ишейин» деп умтылып барғанда Айзада артынан келип, қансыра қушақлап, қанша талпынса да Райымқуловты жаздырмады.

Бет-аўзынан, мурнынан аққан қанды шәпеги менен бир сүртти де туўлап турған Райымқуловтың қолын қайырып, қолындағы пышағын алды. Айзада «енди жиберер» дегеннен соң қолын жаздырып, Петров есикке жалт берип шықты. Петров ашыўдың ызалы кеги менен Райымқуловқа бир неше жеринен пышақ суқты. Аш бүйирден, арқадан, көкиректен урылған пышақтың тескен жерлеринен қан жосып кетти. Райымқулов екі қолын жая қушағын аша жерге сылқ етип қулады.

Тула бойынан қан жосып аққан Райымқулов жан ҳалатта таўланды, ақырында қарылдаўға қарады да, жан тапсырды. «Ана қапты алып кел» деди Петров, Айзада жуўылған кирлерди салатуғын қанар қапты әкелип берди. Райымқуловтың өлген денесин қанар қапқа салды.—Сен де кирлерди қапқа салып арқала, әўеле мынаны мениң арқама сал дегеннен соң, зорға дегенде өлини Петровтың арқасына салды. Өзи бир қапты арқалады.

Таса-таса менен жүрген олар Райымқуловтың өлигин дәрьяға атты да, өзлери кейнине қайтты. Айзадаға: —Райымқуловтан аққан қанларды тезлик пенен жуўда, ислериңди ислеп болып үйиңе қайт. Отыз екі тисиңзди суўырып алса да «ақ түйени көрдиң бе, көргеним жоқ» де. Кеште ойласармыз. Ҳеш нәрседен қорықпа!— деп Петров кетип қалды. Шалтлық пенен Айзада қан тийген жерлерди сүртип, тазалап болды. Кирлерин жуўыўға киристи.

Петров исти мәртлик пенен ислесе де азырақ шалалаў болған екен. Туўлаған толқынлы Әмиўдәрьяның қатты ағысы Райымқуловтың геўдесин батырмай, жағадағы турған жийделердиң суўға ийилип түсип турған шақаларына илинип қанар қап көринип қалыпты. Өлген күнниң ертеңине излегенде Райымқуловтың өлиги дәрьяның гырра жағасына суўға тийип турған шағадан таўып алынды.

Әмиўдәрья гарнизонының барлық әскерлери Петро-Алексанқ[illegible] менен Шораханың қаласын, даласын қадағалап шық[illegible] жүрип еткен адамлардың барлығын қамады. Оның ишинде [illegible]ов та қолға түсти.

Төртинши бап.

ТҮРМЕДЕГИ ҮАЙҚАН

Халық қозғалаңы күн сайын жалындай лаўлады. Тимошенко өзиниң жалынлы сөзлери менен халықты қуўатландырды. Халық та Тимошенко менен оның жигитлерине исене баслады. Бирақ, мәрт жигит, айнымас азамат Петровтың қолға түсип қамаққа алынғанлығы ҳаққында ҳәмме қайғырды...

Тимошенко аўыр ҳәм терең ойдан кейин былай деди:—ишимизде сум адам бар. Алды менен соны жоқ қылмасақ жолымыз болмайды. Не ойлассақ, соны ҳәкимлер менен хожайынларымыз биледи де отырады. Мине Петровты да тутып берген сол сум.

Оның үйине кеше сениң бурынғы баярың Маталақ келди. Ҳәзирден баслап Сарыбий жаққа барып бой тасалай тур. Айзаданы аўырыў деген справканы Қасьяненкодан өзим аламан. Оны Маталақ кеткеннше үйден шыгармаймыз. Сен бүгин мениң менен ярым ақшамда тюрьмаға барасаң. Тюрьмадағы адамлар менен сөйлесиўди тюрьма начальнигинен сорап келистим. Жүр кетик!—деп Тимошенко Айтмуратты ертип кетти.

Тимошенконың тапсырмасы бойынша Финкельштейн почта-телеграфқа, Ефремов Шораханға кетти. Булардың барлығы да топары менен илажы барынша хожайынлар гүман етпейтуғын дәлиллер таўып кетти.

Ярым ақшам аўғанда гарнизонда қатты тәртип қолланылды. Сонлықтан Тимошенко ҳәм Айтмуратты «Ир-

килгенлерден саўал алыўға киятыр» деген бәне менен тергеўшилердиң кийимин кийгизип, тюрьмадағы дәлаўры ишке киргизип алды. Тюрьманың төриндеги қоўпли жынаятшылар жататуғын камераларда жатырған, 905-жылы 22-февральда «жәмийетлик тынышлықты бузған ҳәм болыс—бий, молла—ийшанларды масқаралап, патша—хан, болыс—бийлердиң тәртибине мойынсынбаған-лықтан» Шымбай участкасының начальниги Милет қаматқан Бабажан Қурбанбаев, Қудайберген Ҳәкимов, Матжан Машаринов, Қоўсендер Бекманов ағайынли Бекжан, Халмурат Бекмановлар менен Юсупов, Палўанияз Аманбаев, Аллаяр Мусаев, Василий Митрофановлар менен Тимошенко жасырын сөйлести.

— Енди ашық ҳеш нәрседен қорқпаўға бел байлады! Сизлер менен Петров деген жолдасымыз жатыр. Ҳәзир карцер де екен. Шығарып болмады. Аўҳалы онда жаман. Бизлер сизлерди қоллап-қуўатлаймыз. Патшаға, ханға, болыс-бий, ҳәкимлерге қарсы күш тасып баратыр. Бизлер сыртта, сизлер иште тюрьмада қуры қорлықта қарап жатпаң. Қозғалың! Қайғылы қара заманнан қутылыўға қызғынлы ҳәрекет етиң. Бизлер сосаны айтыўға келдик. Тимошенко менен Айтмураттың сөзлерин мақуллап, тюрьмадағылар тилеклеслик билдирди.

Тап усы түнде, таңның алдында Айтмурат пенен Тимошенко Айзадаға аўҳалды түсиндирди, сөйтип Айтмурат Сарыбийге қарай кетти.

Үйине келип жатып атырғанда есик қағылды. Есикти ашқан Тимошенконың көзи Қарабасқа түскенде шырт етип сынған шийшедей кеўили бирден жабығып қалды.

— Түнде не қылып жүрсең?—деди өзин зорға услаған Тимошенко.

— Турмеде қонып қалған жоқ па екен,—деп хабар алайын дегеним ғой... Қарабас жүзине қарай алмай көзин алып қаша берди.

— Ол не қылған түрме?!

— Жолдаслар тюрьмадағылар менен сөйлесиўге кетти деген соң: Жол таслағысы келди, Қарабастың.

— Усындай өтирик ғаўасат тарқатқаның ушын түрмеге өзиңди басыў керек. Ал, және не жумыс?!

— Жоқ...! Кеширесиз!

— Мәйли...

— Ийттиң баласы!!! Бул қайдан биледи?—деп тынышсызланды ол. Тюрьма мәселесин тек Айтмурат екеўиниз ғана билемиз, Айтмурат буған ондай сырды ашпайды. Тюрьмадағы бизиң досларымыз арасында Қарабастың тыңшылары бар ма екен?...

Қарабас кәк шекеден келген, тарамы, қыйтырлаў қара жигит. Мийези-қулқына түсинип болмастай, аш қасқырдың ләпсиндей дүньяға төймайтуғын ол түлкидей қуйрық таслап, әкесин де аямайды.

Қарабас флотилияға кирген күннен баслап ҳәкимлердиң қолтығына кирип оңайын алған еди. Гүнасыз матослар менен рабочий, дийханлардың талайының бир шағым менен ақ геллесин алдырған. Чаржаўға пароходта көзабаға Семеновқа ғаспаз болып барған ол матослар менен рабочийлардың жасырын ойласығын жеткерип келген еди.

Айзаданың да хабарын айтып, аўзының силекейиниң ағызғанда усы Қарабас еди.

Райымқуловтың өлигин дәрьяға атып киятырған Петровты көрип қалған Қарабас, жағысқа қайта барды. «Бул не қылып жүр?!!!» деп ойлады ол. Кейин толқынсақ жағысқа ағыстырып киятырған қапты, оны тораңғыл түбинде қайрылап қалғанын көрди. Оның ишинде не бар екенин билгиси келгени менен ҳәккедей сақ Қарабас барып ашып көриўге жүрексинбеди.

Ертеңине ерте турған Қарабас тың-тыңлап көшеге шықты. «Райымқуловты өлтирипти! деген дүў-дүў гәпти еситкен Қарабас гарнизонның штабына жүўырды. Бирден штаб командирине түндеги өзиниң көргенин айтты. Начальник пенен әскерлерди дәрья бойына апарып Райымқуловтың қанар қапқа салынған, шақаларға илинип турған денесин тапты. Сөйтип, сол заматы Петровты тутқынға алдырған еди. Райымқуловты Бийбизардағы, Сарыбийдеги, Петро-Александровскидеги, Шораханда-ғы завод ийеледи, бийлер, саўдагерлер, молла-ийшанлар, уламалар жыйналып, Шораханның әўлийесине апарып жерледи

Петров бес күннен берли гә есин билип, гә естен айрылып ҳалсыз жатыр. Райымқуловтың досты, тюрьманың начальниги билеги жуўан, мийирим-шапаатсыз киси еди. Райымқуловты өлтиргенин мойнына алмағаннан кейин, Петровтың қол-аяғын байлап қуўрақ жантақ жағып арқасын таплады. Зағарадай қып-қызыл

болған арқаны темир искенжеге алып қысты. Илла деп аўзын ашпады. Екі аяғын жоқары көтерип, мойнын төмен салбыратып асып қойды. Май қуйрықтың үстине қырқ қамшы урды.

Петров тек жыйрылғаны болмаса, бир де сөз қатпады. Әўелги ўақта еси барда «Сизлер жаўыз! Сизлер қанхор! Аш қасқырдан, қутырған ийттен де бетер жамансыз! Мийрим-шәпәттен айрылған жабайы ҳайўансыз!»—дегеннен басқа сөзди сөйлеген жоқ еди. Тергеўши киси өлими, астыртын уйымдағы жолдаслары ҳаққында бир аўыз да сөз айттыра алмады. Естен танып, таяқтан силикпеси шыққан Петровты екі жәллад сүйреп карцерге апарып таслады. Өлим ҳалатында жатқан Петров қандай да бир себеп пенен: «Қызым-улым» деп зорға гүбирленип сөйледи, кейин тым-тырыс болды. Бираздан кейин «хош баўырласлар» деген сөзди налама-шәкки айтқанға усады да, басын сәл көтерип, көзин зорға ашып, жән-жаққа қарады. Аўзы-мурнынан қан бурқырап кетти. Аспан айланып кеткенге усады. Басы сылқ етип жерге тийди де, жан тапсырды.

Азанда тағы да тергеўге әкетиўге келген екі жәллад Синяковқа Петровтың өлими ҳаққында хабар берди. Синяков екі жәлладқа Петровтың денесин сүйреп алып шығыўды буйырды. Мақсети—тюрьмадағылар сүйретип алып киятырған Петровтың бундай өлимин көрсин дегени еди. Екі жәлладтың Петровты екі қолынан арқан менен байлап сүйреп киятырғанын тюрьмадағылардың барлығы көрди. Барлығы бирдей Петровқа реҳими келди. Былай сүйреп, пыррым-пыррым болған денени төрт жәллад аяқ қолынан услап атып жибергенин көрген адамлардың қуйқасы жуўлап, тула бойы түршикти.

Ешек арба Петровтың денесин әкетип. Шыбықлының қумына көмип келди. Ешек арба кетиўден-ақ Синяков:—Кимде-ким бағынбаса, мине усындай болады. Темир дәрўазаны жап! Тамаша тамам болды!—дегенде жәлладлар жалма-жан сарт-сурт еттирип тюрьманың темир дәрўазасын жапты.

Петровтың биймезгил ақырет-азап пенен өлтирилгенин сол күни күн аўғаннан баслап, алды менен дослары еситти. Қайғырды, әсиресе, Айзада қан жутып қара уўайымға түсип қайғырды. Күн аўғаннан жылаған Айзаданы Анар мама аўыр жатарға шекем қойдыра алмады. Флотилиядағы рабочийлар, гарнизонлардағы әскерлер, пароходтағы матослар, кемедеги салдаўшылар, заводтағы қол ушы талап етиўшилердиң барлығы еситти.

Жигирма тоғызыншы май күни Әмиўдәрья бөлими начальниги, полковник Сусанининиң ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы, подполковник Масач пенен судья Иванов тюрьмаға келди. Қамақта жатырғанлар тюрьманың басшыларының ислеген жаўызлықлары ҳаққында, қамаққа алынғанлар тәрепинен ислеп табылған ақшаларды тюрьма ҳәкимлериниң өзлериниң үлесип алғанлықлары ҳаққында, тюрьма начальниги Синяковтың аса кеткен жаўызлығы менен мийримсизлигин, қамақтағыларды ийтке талатып, етине темир қыздырып басып азаплайтуғынын, тюрьмаға түскенлерди тексериўге ҳақы болмаса да тексеремен деп ҳайўанлық пенен өлтирип те қойғанларын айтты ҳәм Синяковты орнынан алып таслаўды талап етти. Бул талаплардың дурыс екенин, орынлы екенин, халықты аяўсыз күйдиргенин Ийсахожаев, Қалимбетов, Бегалов, Жубатыровлар да қоллап-қуўатлады.

Келген начальниклер буған көз жумып қарады. Енди барлық тюрьмаға түскенлердиң жүрегинде кек қайнады. Ақыры, начальниклер менен судьяға тосаттан ҳүжим жасады. Найзалы мылтық пенен турған әскерлерди де тыңламады. Алға басыў менен дөнип келди. Айқас басланды. Начальниклер қәўипсинип кейин шегинди. Дуў басып киятырған ызалы адамлардың түрин-түсин жаман көрди. Олардың өлимнен қорықпай урыс баслағанынан қорқып кетти.

Начальниклер шыққан кейинги дәрўазаны зорға бекиткен әскерлер жаў-жарақтан оқ атып, адамларды қорқытып, көп қыйыншылықлар менен тутқынларды жайына зорға киргизди. Төбелесте бир қанша әскерлер жарақат алды.

Иштеги тутқынлардың айнаны сындырып, темир тордан» Петров ушын қун аламыз!», «Петровты өлтирген Синяков пенен бир келле көремиз! Кек алмай қоймаймыз!» деген даўыслары ярым ақшамға шекем тынбады. Бул ҳәдийседен кейин Синяков төрт күнге шекем тюрьмаға жақынламады. «Тутқынлардың ашыўы тарқасын. Аш-аптада болсын, күшинен айрылғаннан соң сөйлесемен» деп тюрьмадағы тутқынларға төрт күнге

шекем ас-аўқат берилмеди, есик ашылмады. Қанша шырқырап шыққан даўысларды ҳеш ким еситпеди. Тутқынлар суўы қурып баратырған көлдиң шабағындай әри-бери туўлады.

Төрт күннен кейин Синяков бир топар жаў-жарақлы әскерлер менен түрмеханаға келди. Тутқынлар түрмехананың ишиндеги анда-санда жүргизетуғын майданшаға шығарылды. Тутқынлар жаў-жарақлы әскерлерди көрип, «шетимизден Петровқа усатып, азаплап өлтиреди екен» деген ойға батты. Қайғы қара тастай еңсесинен басқанға усап кетти. Тутқынлардың бул аўҳалын сезгенлер Синьяковтың сырын билиў ушын жағымлы сөз бенен, сулыў сымбат пенен тиллести.

— Начальник Синьяков бизлерди тюрьмадағыларды ҳүрметлейди,—деди Ийсахожаев.

— Сол ушын сизден кеширим сорайды,—деди қосымша Қалимбетов.

— Қәте қылған екенбиз,—деп отыр деди Багалов.

— Уят ислеппиз кеширсин, деп уўайымлап отыр барлығы,—деди Жубатаров.

— Кешириңиз!

— Қам сүт ишкен бендемиз!!

— Гүнамызды кешириң!—деп гүў ете қалды барлығы.

— Халық та, тутқынлар да солдаттан қорқады.

— Солдатсыз-ақ аяғыңызға бас урады.

— Солай, ҳәким!—деп гүўледи.

— Солдатларды жибере берейин бе?

— Жибере бериңиз.

— Қысқыда қамалап отырғанша жай парахат сөйлесейик.

Ал, отырыңлар!

Тутқынлар шарппа отырды.

— Солдатлар, шығыңлар тюрьмадан! Штабқа қайта беринлер!—деп тюрьманың есигинен шығарып жиберип, әллен ўақта айланып келди. Синьяков солдатларды шығарып жүргенде ўәде бойынша өш алыў патайыты келди. «Өлмей қайтпаймыз» деген адамлар тағы төбелеске таярланып отырды.

— Синьяков айланып келип ғыр дөгерек айланып отырған тутқынлардың ортасына келип турып алды. Барлық адамлардың жүзине қарап шықты. Түри-түслердиң өзгерип кеткенин, бурынғыдай күш-қуўаттың жоқ екенин Синьяков өзи сынап билгеннен кейин тутқынларды масқаралап сөйледи. Бети-аўзын тыржыйтып, көзлерин бақырайтып, еки қолын сермеп, жек көриўшилик пенен, даўысы тарғылланып сөз айта баслады.

— Ийтсизлер! Сизлерди аямайман. Аштан өлтиремен. Петров таяқтан өлсе, сизлер аштан өлесиз! Маған сизлер түўе қудайыңның да күши жетпейди. Сизлер орынан алып тасла дедиңлер! Мени алып таслаў бул ҳәкимлердиң қолынан келмейди. Мени жиберген ақ патшаның өзи. Мен Әмиўдәрья бөлиминиң губернатор боламан. Сизлер менің менен ойнамаң! Бар,!-апарып қамап таслаң! Тағы он күн аўқат-ассыз жасайсыз. Турыңлар!

Ҳәмме өрре турды.

Адамлар «айдаңлар» дегеннен-ақ Синьяковты гүў басты. Төбелес тағы қызды. Жумсалмаған таяқ, жыртылмаған кийим, бузылмаған бет-аўыз қалмады. Түрменің ишин де шаўқым менен шырқыраған даўыслар жаңлап кетти. Барлық адамлардан қан жосыды. Ең алды менен Синьяков таяқтан сулады, оның хызметкери сулады. Тутқындағылар майданға шығыў ушын умтылды. Түрмедеги төбелес басланғаннан-ақ горнизонға хабар берилген екен. Тутқынлар темир дәрўазаға топылған ўақытта сырттан әскерлер топар-топары менен қуйылып қалды. Бир неше тутқынлар өмир менен хошласты. Асты, атты, жоқ қылып жиберди.

* * *

Тимошенко менен Ефремов, Айтмурат, Нурназар, Қурбан, Худайшүкир, Айзада тағы басқа рабочийлар менен матрослар улыўма халық оқыў үйинен шығып, жағыстағы пароходқа барып астыртын ойласығын өткериўге асықты. Қарабас мағлыўматын еситкен Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги Сусанин әскерлери менен жетип келди.

— Кайда барасызлар?—деди Сусанин.

— Жумысқа...—деди Тимошенко сөзин шорт кесип.

— Қандай жумыс?!

— Параходты жуўып тазалаў керек.

Мен сизлерди тазалайман...?!

— Қалай?—деди Тимошенко... жақынлаңқырап барып.

— Мине былай!—деп шекесине шарп еттиргени сол

еди, Тимошенко тентиреклеп барып турып кетти. Тимошенко менен турғанлар танжылмастан топылып барғанын билмей қалды.

—Тимошенконы тутқынға алыңлар! Әскерлер гүў басты.

— Бермеймиз...!

— Гүнасы жоқ...!

Гүнасызларға азап бермең!

—Жолымыздан иркпең!-деген шаўқымлар даўыслар гүўлеп кетти. Әскерлерден айырып, адамлар Тимошенконы ортаға алды ҳәм оның этиранында қопарылмас қорғандай болып турып алды. Шаўқымды еситкенлер жән-жақтан жыйналып: флотилияның рабочийлары, матроссары, оннан кейин халық топылыс қылды. Сусанининиң азап-ақыретин бурында көрип жүрген адамлар, оған қарсы топылып, қозғалаң шығарды. Әсиресе, флотилияның адамлары қозғаланды қызырын жиберди. Тимошенконы әскерлерге бермей қорғалап турған Айтмурат пенен Айзаданы Сусанин қолындағы маузер менен түйип жиберди. Айтмураттың бети дала-дай қан болды. Айзада сол ийнин қушақлап жығылды. Оны көрген халықлар, рабочийлар матросслар Сусанининиң әскерлерин топыла қуўды, штабға тықты.

Әмиўдәрья флотилиясы ҳәм гарнизонының начальниклери, ҳәкимлер қорқысып штабқа тығылды. Халықлар штабтың айнасын, есигин сындырды. Көтерилис күни-түни тынбай, төрт күн даўам етти, рабочий матросларға «хызмет тәртиплерин ҳәм турмыс жағдайларын өзгертиў ҳаққындағы» талап қойған әскерлер де бул көтерилиске қосылды.

Халықты атың десе де атпады, командирлериниң буйрығын орынламады.

Ақыры, флотилияның начальниги ҳәм Әмиўдәрья ҳәкимлери халықтың тилегин қанаатландырып, хат-хабарлар дағазалады. Халықтың қозғалғанына ўәде беріп, «тилеклериңизди орынлаймыз! деп ғаўғаны басты. Олар әлпайымлық пенен Тимошенконы, Ефремовты, Айтмурат, Қурбан, Нурназар, Худайшүкирди, Айзаданы шақырып алып, алдап-арбап, кеширим сорады.

— Бул илажлардың, бул буйрықлардың барлығы да алдаў екенин билген Тимошенко жолдаслары менен қатты турып, халықтың азатлыққа шығыў қозғалаңын баслаўды және даўам етти.

Еки ай даўам еткен қозғаланды Ургенчтеги почта-телеграфтың начакьниги Крузе де, Петро-Александровдеги почта-телеграф конторасының баслығы Васильев льев те ҳеш қайда хабарлай алмады.

Тимошенконың басшылығында Айтмураттың, Қурбанның, Нурназардың Айзаданың қуўатлаўы менен басланған қозғалаң, күн сайын ай сайын көп раўаж алды. Сарыбийде, Бийбазар, Сақтыян, Шыбықлы, Ақ қамыс, Шорахан, Петро-Александровскийдиң өзинде қозғалаңлар күшейди.

* * *

«Қурбан орыс» деп атап жиберди, халық Қурбанды. Ол Петро-Александровскийге келгеннен берли Айтмурат пенен екеўи бәрқулла рус жигитлери менен жүрер еди. Қурбанның үйине сүргиндеги жигитлер, большевиклер жасырын жыйналып, пикир алысатуғын, сыр алысатуғын болды.

Түсиниги, кеўли кең, қолы узын ғана өмирдиң өзгерисине түсинеди. Айзада кишкентай басынан-ақ алысберисти билетуғын қыз болғанлықтан ҳәзир де сол минезги өмир өзгерисине қарай қурылды. Петро-Александровскке келгеннен берли көп нәрселер менен танысты. «Халық оқыўына» кирип саўатын ашып алды. Хат жаза алатуғын, китап, газета оқый алатуғын болды. Тимошенкоға усаған орыс большевиклериниң барлығы да Айзадаға ағасындай ғамхорлық етти. Қорлық-зорлық пенен, еркинлик, азатлықтың тийкарғы нызамларын түсиндирди. Ақыллы, сана-сезимли болып халық қатарына қозғалаңларға өз түсиниги бойынша қатнасты.

Айзаданы Петровтың өлими, әкеси Алламураттың, анасы Арыўханның қыйын аўҳалы қатты ойландырды. Тимошенко менен басқа жолдаслар Айзадаға көп ислер тапсырып, сынаўдан өткерди. Бир сапары Петро-Александровсктеги гезлеме-товар сатыўшы ҳәм завод хожайыны Әмийновтан сыр аңлаў керек болды.

«Гезлеме керек» деген бәне менен соған Айзаданы жибериўге тура келип қалды. Өйткени, Эминов бөлим начальниги полковник Сусанин менен ет пенен тырнақ еди.

Айзада Анар маманы иске салды. Анар мама бурын бир неше мәртебе Әмийновтың есигинде жүрип,

кирин жуўып, дигирманын тартып, шийрин шөлекелерин жаўып, хызметин еткен еди. Анар мама жумыс жағдайын сылтаўлап Айзаданы ертип апарды. Айзада бир күнниң ишинде-ақ Әмийновтың бала-шағасына жақын көринип, олар менен ағайин-туўысқандай болып қалды. Әмийновтың еки ҳаялы бар екен. Биреўи Петров тәрепинен өлтирилген Райымқуловтың қызы Ханбийби, биреўи—Маталақтың биринши ҳаялынан туўылған, Айзададан он алты жас үлкен — Гүлзапран деген екен. Анар мама: Айзаданы Ханқада тентиреп жүрген жеринен алып келдим. Ата-анасын, миллетин билмейди. Қурбанжанға келин етип түсирдим. Сизлер қандай не буйырсаңыз да ислейди. Аяқ-қолы жеңил, мийнеткеш қыз екен...

Айзада Маталақтың қызы Гүлзапран менен дос болып, соның қасынан шықпады. Бара-бара баўыр басып кетти. Әмийновтың үлкен ҳаялы Ханбийбиниң кишкентай ҳаялы Гүлзапранды жалаңашлап момылдыратуғын болды. Аппақ денелерин, жуўан санларын уўқалап, моншаның ишинде ақ арқаларын басып, қысып, тырнақларын алып, шашларын тарап, осма қойып, сүрме басып, пардоз берип, жуўындырып, чай-суў берип, аўқатын иштирип Әмийнов келместен бурын кетип қалатуғын болды.

Гүлзапран кеше жақында әкеси Маталақтың келип кеткенин айтты. Маталақтың атын еситкенде Айзаданың қуйқасы түршигип кетсе де Гүлзапранға билдирген жоқ.

Әдеттегидей бүгин тағы да барлығы ярым ақшам аўғаннан кейин Қурбанның үйине жыйналды. Ең алды менен олар ҳәзир Петро-Александровскиге кешигип болса да келип туратуғын «Правда», «Молот», «Солдатский листок», «Новая жизнь», «Русский Түркестан», «Түркестанская военная газета», татар тилинде шығатуғын «Урал» газеталарын халыққа таратыў, усы газеталардағы жаңа заман ушын пайдалы мақалаларды, әсиресе, «Правда»дағы Ленинниң мақалаларында алға қойған ўазыйпаларды халыққа түсиндириў ҳаққында ойласты.

Тимошенко ойласып отырған жолдасларының үстине қабағы қатқан, қатты ашыўлы түри менен кирип келди. Барлығы өрре турды.

Тимискиленген тексериўден кейин әскерий фельдшер Ефремовты тағы да қамап таслапты.

— Не ушын?—деп барлығы бирден мойнын соза таңланды.

— Динге қарсы қарақалпақша үш қол жазба китапты сақлап жүргени ушын.

— Ол меники, еди, урлаттым. Онда Бердимурат шайырдың молла-ийшанларды масқаралаған қосықлары бар еди.

Чаржауда чайханада бир жер аўдарылған адамнан алдым депти.

— Меники екенин билетуғын еди. Мени де қамайды деп айтпаған ғой, азамат.

— Сениң китабыңды ол қаяқтан алады?

— Билмеймен, бир күнде жоқ болды.

— Қарабас билетуғын ба еди?

— Ол бирнеше мәртебе меннен сораған еди.

Ҳәмме тым-тырыс болды. Өйткени отырғанлар Қарабастан көп нәрсени қәўип етеди.

Қарабас соңғы ўақытлары Айзаданың көйлеңкесиндей қасынан шықпайтуғын болды. Айзаданы гейде қурдас, базда жеңге деп ойнап базда қайдан келгенин билиў ушын аўыллас деп ол жақ, бул жағына шығып жүр. Бир күнлери ол Петров жөнинде сөз қозғады. Өтиригине:

— Петров жақсы жигит еди...!

— Петров деген ким?

— Анаў күнлери Райымқуловты өлтирген не?

— Райымқуловты дегени ким, оны ким өлтирген дейсең?

Петров деген орыс Райымқуловты өлтирди ғой.

— Мен еситпедим, билмедим.

— Усыманда дуў-дуў гәп болып жүрди ғой?

— Мениң бес-алты күн аўырып үйде жатқан күнлеримде шығар...!

— Аўа, сол күнлери шығар,—деп гәпти басқа жаққа бурды.

— Айзада, сен билесең бе, усы начальниклер менен ҳәкимлер бизлерди искенжедей қысып, азап-ақырет берип атырған жоқ па? Буған бизлер қашанға шекем көнемиз? Неге қолымызға қурал алып шықпаймыз? Мениң көрген азабымды ийт көрген жоқ шығар, күни-түни жумсайды. Ҳәкимлердиң ҳәжетханасын артаман.

Етиклерин майлап, кийимлерин тазалайман. Ийтлерин шомылдыраман. Жатқан жерлерин тазалап, төсеклерин қағып, кептирип, тағы төсеп қояман.

— Жақсы екен,—деди Айзада. Нәлет байдың жи ҳәкимниң ийт баққышы,—деп халық қол шошайтып көрсетеди.

Бундай атақ қурысын...

— Сонда не қыласыз...?

— Егерде көмеклесетуғын адам болса усыларды өлтире қояр едим.

— Билмедим.

— Растан, жанып жүрмен Айзада.

— Ҳеш нәрсе деп мәсләҳәт бере алмайман. Ҳаял киси, көп нәрсениң мәнисине түсине бермеймен,—деп жөгисиреди Айзада. Қарабастың қасқыр қыялын бурынан билген Айзада оның қандай қыял менен сөйлесип отырғанын түсинди.

Ҳақыйқаттан да Қарабас ҳеш қандай да ийт бақ қыш емес. Оның жалланбалы жансыз екенин Айзада да билетуғын еди.

Көзабаға начальниклердиң қасқыр ийтлерин жетелеп қыдыртып жүреди. Шаниязовтың динге қарсы деген үш китабын да урлап алып, Ефремовтың китапларына қосып қойған. «Ефремов русша-қарақалпақша динге қарсы китапларды жыйнап жүр» деп аяқ басқан усы Қарабас еди.

Ҳәзир Айзаданың Қарабас ҳаққында сөзлерин еситип, бурынғы гүманы анықланды. Көтерилген қозғалаңлардың бастырылыўы, астыртын ойласыўлар ҳаққында ҳәкимлердиң хабардар бола бериўи Қарабас арқалы екенин Тимошенко сезди.

Бир күни Қарабас Тимошенконың «Цар» пароходына келгенин сезип, сылтаў емес сылтаўды дәлил етип, пароходқа келеди. Сәлем берип каютаға кирип келген Қарабасқа тигилип қарады. Қарабас тик қарай алмай Тимошенконың алдында айыплы адамдай төмен қарады. Тимошенко болса Қарабасты қуўаныш пенен қабыл етти.

— Көптен көриспедик. Сонша ўақыт бирге жүргенен кейин сағынып қалады екенсең.

— Аўа, аға, мен де сағындым. Дийдарласайын, дедиўимди шығарайын деп келдим.

— Аўа, сөйлеп отыр. Сизиң менен сырласпыз ғой.

— Аўҳалымыз жаман. Азаплымыз, кеўлимиз ғамлы, көзимиз жаслымыз. Езилдик. Еңиреўдемиз.

— Не қылыў керек?

— Буржойларды жоқ етиў керек.

— Бала... Бизлердиң қолымыздан келер ме екен?

— Жаў-жарақ пенен қарсы қозғалаң шығарыў керек. Оны складтан урлаймыз.

— Жаў-жарақтың қай складта туратуғынын билесең бе?

— Анаў күни барғанда көрген едим.

— Онда соннан ал. Бизлер кейниңизге ерейик.

— Болады...

— Мен чай алып келейин, деди Тимошенко каютадан шықты. Сол ўақытта қолтығына қысқан маузерди Қарабас каютада жатқан Тимошенконың дастығының астына қойды да, ҳеш нәрсе билмеген адамдай болып отыра берди.

Тимошенко чай алып келди. Қарабас пенен ойын-күлки сөзлер айтысып чай ишти. Сырым ашылып қалар деген Қарабас, еки-үш кесе чай ишти де, «ўәдени орынлайман» деп шығып кетти.

Қарабастың кетип баратырғанын көрген Айзада торанғылдың тасасына жасырынды. Айзаданы Қарабас көрмей қалды. Қарабас кеткеннен соң кирттай да болса дем алайын деген Тимошенко көпшиниң еки қолы менен аўдарыстырып дүзеди. Көпшиктиң астындағы маузер қолына тийип кетти. Тимошенко буны Қарабастың таслап кеткенин сезди.

Сол ўақта Айзада кирип келди. Айзадаға мына маузерди көйлегиниң ишине жасыр. Қайыққа мин де, ыққа қарай кет. Кейин қайықты ана қалың терекке байлап қалдыр. Өзиң қаланың қубласы менен үйиңе қарай уш. Мына маузерди Айтмуратқа бер. Жасырып қойсын. Тезлик пенен уш!—деп қайыққа мингизди. Қайық қалың терекке араласқанша қарап турды. Ишке кирип жаңа көзи илингенде ишке бир нешше әскер, командири менен топылып каютаға кирди.

Тимошенко ушып турды. Командир каютадан Тимошенконы түсиўди буйырды. Тимошенко түсти. Каютаны тинтип қарады. Әўели көпшиктиң астын ақтарды. Ҳеш нәрсе жоқ екенин билген командирдиң түр-түсинен сол маузерди излегени Тимошенкоға мәлим болды. Бул Қарабастың қолынан келген бәле екенин сезди. Каютадан

ҳеш нәрсе таба алмағаннан кейин маузерди излеп кел-
генин билдирмес ушын Ефремов «китапларымның бар-
лығы адамлардың қолында, каютада, пароходта тур»
деген еди, таўып бериңлер, деп бәнеледи.

— Қайда тур, айтпасаңлар атыўға буйыраман!деди
командир. —Бул пароходта яки каюталарда китап көр-
медим. Адамлардың китап оқыўға улыўма ўақты жоқ,—
деди Тимошенко тайсалмастан командирге тиғилин ту-
рып.

— Бәри бир таўып аламыз!—деп командир әскерле-
рин алып кетип қалды.

Сарыбийден, Сақтыяннен, Аққамыс, Шыбықлы, Шо-
рахандағы қозғалаңларды ким тәрепинен болып атыр-
ғанын билип, көп адамларды тутқынға услап бергенде
усы Қарабас емеспе екен деген гүманын Тимошенко
тастыйықлады. Енди тийкарғы мәселе Қарабасты қалай
болған менен нышанға алыўға толық дәлил бар. Әс-
керлер кеткеннен соң Айтмурат пенен Қурбан келди.
Олар ишаб беттен келипти.

— Қандай хабар?

— Әскер командири менен гарнизон начальниги бир
жарақ жоғалған ба, оны Қарабас бир жерде деп айт-
қан. Әскерлер излесе таба алмаған. Үлкен жәнжелде
екен.

— Жоғалған жарағы Айзада апарған маузер. Буны
Қарабас мениң көпшигимниң астына қойып кетипти.
Не қыларымды билмей турсам, күтилмеген жерден Ай-
зада келди. Оған берип жибергеннен соң бир топар әс-
кер менен командири келип, пароходтың барлық жерин
тыңқандай тинтип таба алмады. Ақырында линге қар-
сы китапларды өзлериңиз таўып бермесеңлер бәрибир
таўып аламыз, өзлериңизди атып таслаймыз деп кетти.
Зыяны жоқ, бир маузер пайда еттик.

Енди қалай болған менен Қарабасты қара жерге
қағыў керек. Сизлер тағыда бир анықлап көриң. Ол
«сен қозғалаңға басшы боласаң, бизлер саған ермиз»
дегенге ол складтан тағыда қурал-жарақ урлайман,—
деп кетти. Сақ болың. Анықлап сырын билип алың.
Сыр ашылғаннан кейин Қарабас пенен мәңги хошласыў
аңсат. Сизлер бүгиннен баслап ҳәрекетке кириси. Нур-
назар менен Қудайшүкир де Аралдан, Тоқпақ атадан
қайтатуғын ўақытлар болды. Үшеўи көп мәселелерди
сөйлесип тарқасты.

Арадан бир күн өткеннен кейин Қарабас қарыў-жа-
рақты урлады. Усы урланған жарақ арқалы Тимошенко,
Айтмурат, Қурбан, Айзада, Нурназар, Қудайшүкирлер-
ди услап беремен деген Қарабастың ойы еди. Қарабас
бул планды орынлаў ушын әскерий гарнизон начальни-
гинен айрықша рухсат алды, жаў-жарақлар туратуғын
сегизиши складтың баслығы, бурынғы дарға Бекмурат
болған еди.

«Царь» пароходы Бекмурат дарғаның кемесин қа-
ғып кетип жүги менен суўға батырғанда дарғаның сол
қолы мажықты. Кеме гарық болып, жүги менен батып
кетти. Басқа кемелердиң барлығының өзлерине ыла-
йық дарғасы бар. Сол ушын Бекмурат дарға жаў-жа-
рақ складының баслығы болды. Бекмурат дарғаға
Әмиўдәрья флотилиясының начальниги менен гарнизон
ҳәкими қатты исенер еди. Ал, Бекмурат дарға екеўин
де жиниңен бетер жаман көреди.

Бекмурат дарға Айтмурат пенен Қурбанды жақсы
көреди. Булар арқалы Тимошенкоға таныс болған. Ти-
мошенконың айтқан сөзлери Бекмуратқа унайды.

Бир күни түнде Қарабас Бекмураттың үйине келди.
«Командир келсин» деп буйрық қылды деп Қарабас
Бекмуратты ертип алып келди. Еки бес атар, еки бар-
зенки, бир неше оқ бериўди буйырды. Қарабасқа жаў-
жарақты берип складтан шыққан Бекмурат:

— Не болып қалды?

—Ҳәкимлерге қарсы қозғалаңлар көбейип кетти.

— Жарақты не қыласаң?

— Солардың баслықларын услаў керек.

— Сен буларды түнде алып жүрме. Қолыңнан тар-
тып алып қашынды ағызады. Заман жаман.

— Онда үйге апарып қояйын...

Қарабас үйине кетти. Бекмурат Айтмурат пенен Қур-
банға жуўырды. Барса Тимошенко үшеўи Қурбанның
үйинде екен.

— Мен сизлерге қәўипли хабар менен келдим. Қа-
рабас меннен еки бес атар, еки барзенге, бирнеше оқ
алып кетти. Қозғалаңшылардың басшыларын услаў
керек деди. Мен сизлер шығар дедим де жуўырдым.

— Рахмет, Бекмурат!—деди Тимошенко.

— Не қылыў керек?—деди Қурбан.

— Сиз ертең қалай болған менен Қарабастың үйине
басқа еки бес атар, еки барзенге ҳәм бирнеше оқлар-

ды бир жерге тығып қойыў, зәрүр. Ҳәзирги Қарабас алып кеткен қурал-жарақты ол бизлерге әкелип береди. Сөйтип тинтиўге әскер жибертеди. Бизлер ол қурал-жарақты жылан жутқандай етип зым-зыя етемиз. Ал, сиз өзиңиз қойған жаў-жарақты Қарабастың үйинен таўып бересиз.

— Болады. Түсиндим!—деп Бекмурат хошласып кетти.

Таң атар алдында Қарабас еки бес атар менен еки барзенгени ҳәм оқларды ишинен ыслыққа сыртынан киййиз бенен орап «кийиз» көтерип киятырған кисидей көтерип алып келди. Қарабас келгенде Айзада менен Анар мама суўға кеткен еди. Қарабас мылтықларды тапсырды да, тезлик пенен шығып кетти. Қарабас таң алдында үйинен шыққанда анлып турған Бекмурат еки бес атар менен еки берзенге ҳәм оқларды өжирениў әйнегинен кирип кроватьтың астына жасырып тығып кетти.

Тинтиўге әскерлер Қурбанның үйине қуйылып келип қалды: Қарамаған жер қалдырмады. Ақырында ашыўланып Қурбанның үйин өртеп кетти.

Гарнизон штабына ашыў менен барған командир жаў-жарақтың жоқлығын ҳәм Қурбанның үйиниң өртелгенин айтты. Гарнизон начальниги Бекмуратты қуўдырып алып жаў-жарақты бергенлигин анықлады.

— Хожайын кешириңиз!—деди складшы.

— Не гәп?

— Меним бир нәрседен гүманым бар.

— Ол не, айт!

— Анаў күни маузер мәселесинде де усындай болды. Мине мылтық мәселесинде де Қарабастың айтқан жеринен табылмай отыр. Меним ойымша барлық мәселени баслап жүрген Тимошенко емес, ал Қарабастың өзи болыўы керек. Себеби, ол складтан қуралларды алып, Тимошенкоға емес, үйине қарап кетип еди...

— Солай ма?!

Начальник келген әскерлерди Қарабастың үйин тексериўге жиберди. Қарабас түни менен уйықламаған-лықтан жатыўға қолайласып атырған екен. Келген әскерлер дуў-сыйына қарамай, Қарабастың жатқан жайын тинтти. Кроватьтың астында жатырған еки бес атар менен еки барзенгени, оқларды таўып алды. Командир жарақларды алып, Қарабастың әнтек-тәнтегин

шығарып штабқа айдап барды. Гарнизон начальниги Қарабасты тюрьмаға қаман таслады.

Әдепки еки бес атар менен еки барзенгени Шыбықлы аўылындағы ўәдели жайға, Айзада менене Анар мама муқыятлап жасырды. Кейин Айзада менен Анар мама Әмийновтың үйине келди. Бурынғы әдетине көре асханаға кирип, жыйнап, қойған кирлерди жуўа баслады.

Кеўли көтериңки болған Гүлзапран кир жуўып болған Айзаданың үстине кирип келди.

— Ағам келди, күнде келип турмасаң болмайды. Мийман көп келеди,—леди Гүлзапран.

— Болады...—деп ши ғымм ете қалды.

— Кирди жуўып болып кетип қалма. Шораханға барып қайтамыз.

— Әжеп болады.

Гүлзапран шығып кетти. Айзада тезлик пенен кирлерин жыйнады. Ғабыр-ғубыр үлкен керсенге жуўған кирлерин салды. Анар мамаға: Гүлзапранның әкеси келипти. Ол меним әкемниң душпаны. Мени көрсе азап береди. Мен кетейин,—деди сыбырлап сөйлеп.

— Болады, киримди жай да, тезлик пенен кет.

— Жақсы. Кирханаға айланып кирди. Айзада кирлерди алып шықты. Керип қойған арқанға жая баслады.

Күтилмегенде Маталақ майданға шығып қалды. Ҳәжетханаға барып қайтып киятырып, туўмашалап бүркенсе де Айзаданың түсында иркилмей өте алмады. Оттай жанып турған Айзаданың күйгелек көзи Маталақты өзине тартты. «Бул Айзаданың көзи ғой, сол болмаған менен соған усаған, көзиме оттай басылды» деп ой кешти Маталақтан. Кейин «Гүлзапраннан сорарман» деген ой менен ишке кирип кетти.

— Көрип қойды, мама. Кетпесем насырға шабажақ.

— Кетебер, айналайын,—деди Анар мама.

Айзада зытып кетти. Үйге барса Айтмурат үйден жаңа шығып киятырған екен. Жағдайды айтты да Айзада Шыбықлы аўылына қарай ушты. Айтмурат «Царь» пароходына қарай кетти.

Маталақтың өтиниши бойынша тутқыннан азат болған Қарабас ол келгеннен берли Әмийновтың үйинде. Маталақ Қарабасқа «кешеги шоры қыздың» қайдан келгенин, ким екенин тезлик пенен билиўди тапсырды.

Қарабас қушының йәтиндей тимискиленип кетти. Ол алды менен Анар маманың басын айландырды.

— Мениң жас ўағымда ата-анам өлип бир қыз, бир ул еки нәреете қалғанбыз. Улы мендағы, ал, қызы Қаратаўдың аржағындағы бир қарақалпақ перзент етип алып асырады дейди. Усы сизиң келиниңиздиң жетим болып өскенин еситсем, сол туўысқан қарындасым емес пе екен деймен де тураман. Егерде сол болып шықса сизиң менен қуда-құдағай болып, ағайин, болар едик...

Айзаданың өткен өмири өзиңе мәлим Анар мама Қарабасқа қырсығына жуўап берди.

— Қақпанға түсире алмаған Қарабас, қаралай өшип Маталақтың алдына барды. Жалмаўыз кемпир: тек сизиң өзиңизге айтаман» деп маған үндемедиң!—деп барды. Буны еситкен Маталақ Әмийновты шақырып алды. Гүлзапранды да шақырды. Гүлзапранды кемпирге жиберди. Сизиң үйде кир жуўып жүрген келиншек мениң қашып кеткен кишкене қатыныма усайды. Көзлери дәл өзи, соны биз үшеўимиз тексериўимиз керек. Гүлзапран Анар маманы шақырып келди.

— Қызым, ана бетке барып тур.

Әжеп болады, аға.

Гүлзапран шығып кетти. Маталақ Анар маманы саўалға тутты. Анар мама өзлерине суў жуқтырмайын десе де Қарабас Анар маманың аўзын қақпайлай берди. Алдын тосып адым аттырмады. Үш еркек бир кемпирдиң сырын аша берди.

— Қайсы улыңыздың келиншеги?—деп сорады Маталақ күйип-писип кемпирден дурыс жуўап ала алмай.

— Құрбанның... деди түңилген кемпир.

— Құрбан еле үйленген жоқ,—деди Қарабас.

— Дурысын айтың...

— Дурысы сол.

— Құрбанның емес, Айтмураттың қатыны!—деди Қарабас былш еттирип сөйлеп.

— Неге өтирик сөйлейсиз, келиниңиздиң аты ким?

— Анархан...—деп салды албырағанынан.

— Сизиң атыңыз Анар, келиниңиздиң аты Анархан, бул қалай?—деди Әмийнов.

— Анархан емес, Айзада,—деди жалп етип сөйлеп Қарабас.

— Мине сыр ашылды. Айзада, Айтмурат, Құрбан— барлығы мениң дийханым. Барлығы мениң душпаным.

Мениң кишкене қатыным—Айзаданы алып қашқан усылар.

Маталақ орнынан ушып турды. Сен жалмаўыз кемпир мениң душпанларымды жасырып сақлағаның ушын өлим жазасына гиринпдар боласан! Балаларыңды, келиниңди губернатор арқалы жер менен жексен етемен! Қарабас, алып жүр, жалмаўыз кемпирди! Қарабас Анар маманың қаңбақтай сүйреп Маталақтың изине ерди. Маталақ үлкен сейисханаға кирди. Қарабас Анар маманы қоярда-қоймай, туўлағанына қарамай, аўзына орамал тығып, сейисханаға киргизди.

— Сени өлтиремен!

— Аўзымды босат!—деп ымлады Анар мама.

— Аўзыңдағы орамалды ал! Қарабас алды.

— Бас кеспек болса да, тил кеспек жоқ,—деген екиўш аўыз сөзим бар еди,—деди. Анар тайсалмай турып:

— Айзада Айтмураттың өмирлик жолдасы. Құрбан мениң туңғыш перзентим. Барлығы да баўыры кең инсаннан дөреген. Азғын деген туқым болады. Ол азғынның өмирге пайдасы жоқ. Сол азғын сен. Сен қан ишиўге әдетленгенсең! Бирақ, «қанға-қан» деген өш бар, оны мениң балаларым сеннен алады. Ал мынаў қусаған қара қулақты халық жеги қурттай жек көреди!—дегени сол еди. Маталақ қолындағы наганы менен Анар маманы атып таслады. Анар мама қулашын жая қулады. «Уллларым... Перзентлерим...» деп аржағын айта алмай жан тапсырды.

— Анаў босап қалған ураға көмип тасла!—деди Қарабасқа.

— Әжеп болады!

Маталақ Әмийнов пенен ишке кирди. Қарабас Анар маманың аяғынан сүйреп апарып ураға көмип таслады. Сүйретилген изди сипсе менен сыпырып, суў сеўип, сендей тазалап қойды. Ашыў кернеп, арман-берман жүрген Маталақтың қасына Гүлзапран келди.

— Ага! Анар маманы жумсап жибердиңиз бе?

— Аўа қызым. Жәҳәннемге... Гүлзапран шорт кесип айтқан сөзлерге түсинбей, Анар маманың атылып өлтирилгеннен бийхабар, ишкериге кирип кетти. Гүлзапран кеткеннен соң, Қарабас қара терге шомылып кирип келди.

— Көмдиң бе?

— Көмгенде қандай, қайтып шықпастай еттим.

— Бәрекелла!

— Мен бөлим начальнигине бараман. Командири менен әскер сорайман. Сеп олардың қаяқта екенин бил. Ҳеш адам сезип жүрмесин, тезирек бар. Қашып кетпесин!—деди Маталақ.

— Әжеп болады!—деўи менен Қарабас қаңбақтай домалап кетти. Маталақ сәмен жорғаға минип гүбернатордың штабына барды. Жол-жөнекей адамлар қол қаўсырып, бас ийип сәлем берип, тик турып қалды.

Маталақтың атын штабта хызмет етип турған бир әскер байлады. Өзин штабқа апарды. Сусанниниң кабинетине киргизип жиберди. Сусанин дилманы Хуснатдин абзий деген татар менен отырған еди.

— Ой, Маталақ, приходы дорогой!—деп отырған орнынан ушып турды да қарсы алдына шығып, қушақласып көристи. Отырғызды. Өзи орнына барып отырды,— С приездом!—деп еди оған Маталақ түсинбей қалды.

— Хүш келисип дейди сенә!—деди Хуснатдин абый.

— Рахмет!—деп қолын көксине апарды Маталақ.

— Какими судьбами?—деди Сусанин.

— Нешик тәғдир сени айдап келди?—дейди деди Хуснатдин.

— Арза менен келдим.

— Арза? Понимаю! Скажи!—деди.

— Әйтә бериңиз? Ненде арза?

— Көшкенимиз жоқ, қонғанымыз жоқ, қара тоқалдан айрылдық.

— Что говорить?—деп Сусанин Хуснатдинге жалт қарады.

— Нәрсе дей инди. Не кочевали, не ночевали, а черный бабы потеряли, говорит, деди Хуснатдин нендей ғана трудный терминлерди әйтип сүйлий, Маталақ малайлар деп өз-өзинен гүбирленип турды.

— Где?

— Қаяқ?

— Усыманда.

— Здесь.

— Ләшкер бер,услап келемен.

— Просить Армии.

— За что?!

— Нәрсеге Армия керек?

— Услап алып келемен.

— Поймаю, привезу сюда.

— Хорошо!

Хуснатдинге командири менен бир взводты таярлаўды ҳәм өзи тезден изинен барыўын айтты да, Маталақты алып мийманханасына кирип кетти. Хуснатдин гарнизон начальнигине Сусаннинниң буйрығын айтты да, өзи де тезлик пенен мийманханаға жетип барды. Барса Сусанин менен Маталақ бир-бирине түсиниспе алмай, гүнелектей бармақлары менен ҳәрекет етип, ымласып отыр екен.

Мийманханада демниң арасында ҳәмме нәрсе таяр болды. Маталақтың күйеў баласы Әмийнов пенен оның ҳаялы Гүлзапранды да алдырды. Сусанин бурынғы ғарры ҳаялын таслап, қызлай алған ҳаялы Людмиланы алдырды. Аўқат желинди, арақ ишилди. Әмийнов қатты мәс болып үйине кеткенин де билмей зым-ғайып болды. Гүлзапран менен губернатордың жас келиншеги Людмила Александровна Волкова да қатты мәс болып қалды. Маталақ та не сөйлегенин билмейди. Ең ақырында төрги жайдағы кроватьқа қулаған Гүлзапранның бирден-ақ силеси қатты. Оң қапталдағы бос өжиреге барып Людмила Александровна да қулады. Сусанин менен Хуснатдин, Маталақ үшеўи баслары айланса да тағыда ишти. Саат он екилерде алды менен Сусанин түргелип, тентиреклеп барып, бәрқулла мәс болса жататуғын төрги жайына кетти. Гүлзапранның жатырғанын көрип тентиреклеп жүрип Сусанин қапыны иштен илдирди, шыраны өширди.

Маталақ пенен Хуснатдин тағы да ишти. Бираздан кейин Хуснатдин да туалетке шығып кетти. Қайтып келсе Маталақ жоқ. Барып қараса Сусаннинниң қатыны менен қушақласып жатқан Маталақты көрди. Хуснатдин көзин аўдарып таслап бир қарады да, есикти жапты. Төрге қарай жүрди. Төрги есик жабық.

— Минде маржама барам!—деп дийўалларға асылып арақ ишилген жердеги жайдың биреўине келип диванға бойын таслады. Сол ўақта-ақ силеси қатып уйықлап қалды.

Базы бир арақ ишкен адамның әдетиндей, бүгин Хуснитдин де саат бесте турды. Еки шекеси шытнап, басы аўырып, шықты. Егерде бурынғы әдети бойынша хожейн ерте турған болса жүз грамм қағайын деп барса, Гүлзапранды тырдай жалаңаш етип қушақлап тарса қатып қалыпты. Беррегирек келсе Маталақ, ақ денели

арыў Людмилаға желимдей жабысып жатырған екен. Екеўининң де ишки кийимлери жоқ. Сыртқы кийимлер жерде қалай болса солай жатыр. Екеўин көрип еслеткен Ҳуснатдин абый зырқылдаған шекесин қысып майданға шықты. Кийимлери мыжымырланып қалған екен, булар турғанша кийим алмастырып келейин деп үйине кетти.

Ҳуснитдин кеткеннен кейин өзи-өзинен «тағы қушақла, тағы қушақла» деп гүбирленип сөйленип жатырған Гүлзапыран орнынан ушып турды. Аңалақта-жумалаң көзин ашып қараса, Әмийнов емес, Сусанин екен.

— Өйбей, маңлайым-ай!...—деди шаққанлық пенен ишки ҳәм сыртқы кийимлерин кийген Гүлзапыран.

— Тандыры шыққыр-ай келип жата қойған екен-дә!... деп албырақлап, қатты қапа болды.—Ой ширкин, тулыптай қушағымды толтырғанынан-ақ бир қәўип етип едим. Халықтан уятын қәйтейин! Маңлайым...!—деп аяғын ғаз-ғаз басып, үйине қарай зытты.

Үй ишиниң барлығы уйқыда. Үй моншасына Гүлзапран жуўынып, сүртинип, жаңадан кийим-кеншеклерин аўмастырып кийип шықты. Шомылғаннан соң басы жеңилленейин деди. Аяқ кийимин шешти. Жалаң аяқ барды да, Әмийновтың қасына барып, билдирмей жатып қалды.

Ҳуснатдин абый бүкленип қалған кийимлерин алмастырыўға келген еди. Барса қатыны таң намазын оқып болған екен. Ҳуснатдин кирип барғаннан-ақ:

— Қая булдың?

— Дежурствода...

— Нәрсе арақы ғана паңқ етип тура.

— Ишкенбиздә.

— Дежурство демей иштимғина десаңши.

— Ишкенбиз. Путит итиб ғана ятқанбыз.

— Ким билән?

— Мен түгил, Алар...!

— Аларың ким?

— Сусанин Гүлзапыран билән, Людмила Маталақ билән,

— Син, на, қараўыл булдыңмы?

— Түгил.

Не булдың?

— Ўйықлап қалғанмын...

— Ишкенсиңдә... Аптырағансың! Болмаса синде қатынлардан қалмайсың...

— Яқшы булар инди, болтайт итишип утырарға вақтым юқ... Давай миңа кийим бер?—деп кийимлерин аўмастырып кийип Ҳуснатдин кетип қалды.

Мийманханаға Ҳуснатдин жетип келди. Келсе Маталақ еле тыррыйып уйықлап атыр. Маталақтың арқа мойнынан қансыра қушақлаған Людмила ҳеш нәрсени билмейди. Сусанин еле жатыр. Қурылдысынан ат үркеди. Оның аўҳалын көрди де, Гүлзапранның кетип қалғанын билди. Енди Маталақты қалай оятыўдың есабын билмеген Ҳуснатдин бир кружка суўық суўды еснкте турып серипти де қашты. Қызғын денеге суўық суў тийгеннен кейин Людмила ушып турды. Бырқына писип терге шомылып уйықлап жатыр еди.

Көзин аша сала аңалақта-жумалақ қараса қасында жатырған Суснин емес, Маталақ. Ашыўы келип еңсеси тырысты. «Сволочь! Азият!» деди де, сыртқы кийимин кийди. Буның кийинип атырғанын көрген Ҳуснатдин өзин тасалады. Людмила кийинип болды. Тезлик пенен шығып кетти. Жатырған байына да қарамай кетип баратырған Людмиланың изинен әйнектен қарап турған Ҳуснатдин Людмиланың қатты қысынғанын аткан адымынан билди: «Қудай сақласын... Сусанинің ҳаялы Маталақ пенен, Маталақтың қызы Сусанин менен» бәри бир шорт—Әлий хожа да, Хожа Әлий де бир... Маған десе былғассын...!»—деп турғанда Сусанин аўзын ашып,еснеп турып киятырған екен.

— Ҳуснатдин, разбуди все!

— Почти все ушли.

— Куда?

Домой?!

— Когда?

— Вчера...

— А Маталақ?

— Маталақ здесь.

— Разбуди!

— Хорошо!—деп губернатор майданға шыққанда Ҳуснатдин Маталақты оятты.

— Биласаңмы, сен уят!...

— Не болды?

Сусанининң маржасы билан яттың?..

— Солай ма?

— Шулай... Мин аларға айтам!—деп Маталақтың қорыққанынан Хуснатдин пайдаланбақшы болды.

— Айтағөрме, мени атып таслайды.

— Атпаса да асады. Журттың алдында шерменденди шығарады.

— Хуснатдин керегиңди ал. Айтпа?

— Қалай, мин айтпай тура алам? Ул меним прямый начальнигим!

— Мә, ал!—деп қолын толтырып ақша берди. Хуснатдин қалтасына салды.

— Сизни Сусанин келсин деди, пошли!

Екеўи арақ ишкен жайға келсе, аспазлар азангы ҳалқасты таярлаған екен. Үшеўи де бир-еки рюмкадан арақ ишип тағы да ғаўқылдаса баслады.—Кеште емес, ҳәзир Әмийновтың үйине барамыз. Дәрья бойын саяхат етип келгенше таярланады,—деп Сусанин Маталақ пенен Хуснатдинди ертип шықты. Бир взвод пенен командир гарнизонда кешеден берли күтип турған еди. Фаэтонға гарнизон начальнигин де миндирип алып кетти. Әскерлер таяр тура берсин!—деген буйрық бойынша бир взвод казармада таяр турды. Сусанин, гарнизон начальниги, Маталақ, Хуснатдин, Әмийновтың үйине кетти.

Маталақтың жиберген жансызы Қарабас қара түнде қолға түсти. Қарабастың тюрьмадан шыққанынан изине түсип аңлып жүрген Нурназар менен Құдайшүкир Қарабасқа берилген Маталақтың тапсырмасын сол заматы-ақ билди. Әмийновтың үйинен шыққаннан баслап, Құрбанның қонсыларына қыдырып келген киси усап, тың-тыңлап, сөз қуўып Айзаданың қайда екенин билип алды.

Күн батып ымырт жабылған ўақтында Шыбықлы аўылындағы Айзаданың жатқан жерин таўып келген болды. Айзаданың жатқан жайы Шорахандағы Райымқуловтың пахта заводында ислеп жүргенде машина шайнап кетип өлген Құрбанның дайысының үйи еди. Оның ҳаялы өзи өлгеннен соң Питнекке көшип кетти. Үйди-жайды Анар мама менен жийен баласы Құрбанға тапсырып кетти. Жайы өртеңгеннен берли мине усы аўлақ үйде Құрбан, Айзада менен Айтмурат болады.

Жасырын сырларды Тимошенколар усыманда ше-

шеди. Анаў күнги маузер де, кешеги еки мылтық пенен барзенге ҳәм оқлар да усы жерде.

Түн ишинде дийўалдан асырылып түскен Қарабас бирден Айзада жаққа өжирениң әйнегин бузып кирди. Жаңа жатайын деп атырған Айзаданы тарпа басты. Айзада астынан шығып айқасты. Гә мушласты. Екеўи де халықлап қалды. «Маталақ сениң қол-аяғыңды байлап алып кел»—деди деп ескертти. «Күшиң жетсе мәқсетиңе жете бер» деп күш бермеди. Айқасыў, урысыў, төбелесиў, бираз ўаққа созылды.

Қалтасындағы, наганын ала умтылған Қарабастың қолынан жаздырыла шыққан Айзада екинши өжиреге шаққанлық пенен кирди, жасырып қойылған маузерди алды. Есик алдында тура қалды. Ҳаплығып есиктен кирген пәтиге Қарабастың көзи маузерге түсти.

—Маузер...! Мен алып келген маузер?!

—Аўа, сен алып келген маузер!

—Айзадажан атпа?

—Жаўызды өз жарағы менен жексен етиў керек.

—Солай ма?

—Аўа, солай жаўыз! Сатқын!—деп Қарабастың қақ маңлайынан атып жиберди. Оқтың пәти мененбе Қарабас қушағын жая артына қарай аўнап түсти. Басы қақ жарылып қан жосып кетти. Дир-дир етип, қарылдап жатты да, сеспей қатты.

Тимошенко, Нурназар, Құдайшүкир, Аймурат, Құрбан жетип келди. Дәрўаза жабық. Әри-бери дәрўазаны урды. Ҳеш адам ашпады. Ақырында Аймурат дийўалдан асырылып түсти. Дәрўазаны ашты. Ҳәмме таңланыў менен ишке кирди. Айзада ҳаплыққан күйи менен маузерди услап дийўалға басын сүйеп турған екен. Аймурат бара қушақлап алды. Аймурат қушақлағанда Айзаданың қолындағы маузер тық етип жерге түсти. Тимошенко маузерди алды. Есик бетке қараса Қарабас қанға боялып өлип жатыр. Тимошенко үңилип қарады. Қарабас екенин анық билди.

—Молодец Айзада!—деп маңлайынан сүйди,

—Сен халық қызысаң! Сен халықты сатқан ийттиң, зулымының тамырын қыйдың,—деп қосып қойды.—Жолдаслар! Айзадаға алғыс айтыңлар!

—Тез өлигин жоғалтыў керек.

Қарабастың өлигин қапқа тығып Шыбықлы жаба-

ның бойындағы қалың боянның ишине көмип таслады. Өзлери тезлик пенен үйине қайтты.

—Айтмурат, Айзада, Қурбан—үшеўиниз ҳәзир тезлик пенен Хорезмге кетпесениз болмайды. Бой тасалаң. Маталақ кеткеннен кейин келесиз. Петербургтағы студентлик кружоклардағы революциялық жумыслары ушын патша ҳүкимети сүргинге жиберген Сафронов пенен Андреев дегенлер бар. Мен оларға хат жазып беремен. Олар сизлерди сақлайды. Буннан басқа илаж жоқ. Қолға түсесиз.

—Бизиң апаңнан хабар жоқ па?

—Анаңды өзимиз сақлаймыз. Тезлик пенен турың, —деп үйдиң шырасын өширместен бурын аққан қанды жуўып, сүртип, үйди қайтадан төсестирип болды. Шыраны өширип, есиклерди илди. Ҳәмме шығып болғаннан соң Айтмурат дәрўазаны иштен илип, төмби басып, дийўалдан секирип шықты. Таса—таса менен дәрьяның бойына шықты.

Тимошенконың Сафронов пенен Андреевқа жазған хатын алып, Қурбан, Айзада, Айтмурат. Хорезмге кетти. Қишкентай аў қайық айдың жақтысы астында Петро—Александровскийден өрлеп Хорезмге қарай жүзип кетти. Көз ушына шекем қаран турған Тимошенко, Нурназар, Қудайшүкир, пароходқа кирди.

Қарабастың өлигин ямаса өлтиргенлерди таба алмаған Маталақ губернаторға, әскерлерге өкпелеп ақырында гүдер үзди. Ал, Айзада менен Айтмураттың, Қурбанның қайда кеткенин билмей, қайда қашқанын аңламай аңы кеткен Маталақ айлап жатты. Ақырында Сусаниннен өтиниш етти.

Маталақ Әмийновтың хошласыў зыяпатында өлгенше ишкенликтен Петро—Александровск қаласынан қалай шығып кеткенин де билмейди. Маталақ кеткеннен соң Сусанин Әмийновтың үйинде жатып қалды. Гүлзапран Сусаниннің не себепли жатып қалғанынан хабары бар.

Сусанин Гүлзапранды бағана ишиспе басланғаннан —ақ кирип—шығып жүргенинде есабын таўып сүйип алған еди. Соннан берли Гүлзапран Сусаниниң жақсы көрип жүргени тек мәсликтен ғана емес, ал, ырастан екен деп, бул да жақсы көрди.

Нурназар менен Қудайшүкир Анар маманың Маталақтың қолынан атылғанын анықлады. Әмийновтың

үлкен ҳаялы халықты сүйетуғын адам еди. Ол Сусаниннің, гарнизон начальнигиниң, ҳәкимлердиң, байлардың зулымлығынан ғана менің әкем Райымқулов өлтирилди деп түсингени себепли Әмийновты да жек көрди.

Әмийновта:

«Сен туўмайсаң, туўмаған ҳаялды не қыламан. Туўмаған таўықты тез сояды» деп азап берер еди. Анаў күни Анар маманы Маталақтың жаўызлық пенен сейисхананың ишинде атқанын сезген еди. Қарабастың ураға көмгенин де көрген еди. Соннан берли сол уранның жанынан жақын өтпейди.

Қудайшүкир бир күни Әмийновтың қоңсысының үйине барғанда Ханбийбини көрип қалып дәртлескен еди. Қудайшүкирдиң сыр аңламақ ушын:»—ақ сүйек хожаман» дегенине инанып, «перзентсизбен» дегенде, Тимошенкодан бас аўырыўға алған дәрисин берип, усыны адамға көрсетпей күнинен үш мезгил ишип жүр. Аўыр зат көтерме. Мейлиң алса байыңнан басқа менен сөйлесип көр,. Туўатуғын—ақ адамсаң!—деп Ханбийби менен сырласты. Сонда Ханбийби Анар маманы көмген ураға шекем айтты.

Қудайшүкир, Нурназар Ханбийби менен түнде кетисип Анар маманың өлигин алып кетти. Ураны қайтадан көмип кетти. Анар маманы бир неше адамды жыйнап сол күни әўлийеге апарып жерледи.

* * *

Әмийнов «Шаббазда тағы үш күн иркиледи» деген хабар еситилди. Бағана күндиз Гүлзапран Людмила менен Сарыбийге қыдырып баратырып Ханбийбиге: «мен де еки күн Сарыбийге қонақ болып бараман. Сусанинди Першин мийманға шақырған екен» деп Сусаниниң қос ат жеккен фоэтонына минип келип айтып кеткен еди.

Сусанин бул ирет Хуснатдин абыйды қасына ертпеди. Гүлзапран менен болған сыр ашылып қала ма деп қәўип етти. Першиниң өзи қарақалпақ тилин суўдай ишкен, өзи дилмашлық ете алады.

Ҳаслында Хуснатдин жаман, зулым адам емес. Адамгершиликли руўхый дурыс киси. Әсиресе,, соңғы ўақытлары ҳәкимлерге, ҳүкимет басшылары менен

байларға наразы. Буны билген Нурназар, Құдайшүкир менен Айтмурат, Тимошенколар Хуснатдинниң санасын оятыў ушын татар тилинде шығатуғын «Урал» ҳәм «Самарқанд» газеталары менен листовкаларды ҳәр қыйлы жол менен үйине жиберетуғын еди.

Соның ада Хуснатдин абыйдың әдебиятты, музыканы жақсы көретуғынын еситти. Тимошенко Айтмурат пенен Құдайшүкирге татар тилинде шығарылған қосық, гүрриңлерди таптырды. 1905—1906-жыллардағы жазылған, Абдулла Тоқайдың «Фикир» газетинде басылған қосықларын, сатиралық «Оқлар» деген журналда басылған қосықларын жиберип турды. Хуснатдин бул қосықларды блокнотқа қарап ҳәрипи менен көширип жазып алып жүрди.

1905-жылғы 11-декабрьдеги «Фикир» газетиндеги «Ҳүррият ҳаққында», 18-декабрь санындағы «Досларға бир аўыз сөз» 22-декабрь санындағы «Государственная дума» ға ҳәм «Оқлар» атлы сатиралық журналға басылған «Медреседен шыққан шәкиртлер не дейди?», «Муритлер», «Қәбирстаннан шыққан бир ҳаўаз» қосықларын оқысын деп, «Фикир» газетасы менен «Оқлар» журналын жиберген еди. Булардың барлығын алып, қосықларын көширип, өзи оқып болғаннан соң Петроалександровскте туратуғын татарларға оқыўға берип туратуғын еди.

Ҳақыйқатында Хуснатдин: усы китапларды ким қалай Қазаньнан алып ямаса Қазаньдағылар мени танып жиберип отыр? Егерде жиберген адамларды билсе алғыс айтып хат жазар едим» деп ғана ойланар еди.

Хуснатдинниң усы қыялы бүгин иске асты. Әмийнов еки-үш күн келмейтуғын, Гүлзапран да еки-үш күнге кыдырып кеткеннен соң Ханбийби: «ағам түсиме сене береди, бир қой құдай жолы берип, ийис шығарып жибермесем болмайды. Соған жәрдем бер, қой соятуғын адам, аўқат писиретуғын аспаз таўып бер» деп Ханбийби Хуснатдинге келди. Хуснатдин Бекмурат складшыны, Құдайшүкирди, Нурназарды ертип барды. Қой сойылды. Қазан асылды. Палаў писирилди. Адамлар шақырылды. Аўқат желинди, қуран оқылды. Пәтия берилди. Адамлар үйли-үйине тарады.

Хуснатдин менен Бекмурат, Құдайшүкир, Нурназар төртеўин адамлардан айырып Ханбийби алып қалды. Бир өжиреге төртеўин киргизди. Сый-сарпай берип

сыйлады. Енди мен сизлерге өз қолым менен писирип ас-аўқат беремен. Ҳәзирше мыналарды алқас етип ишип отырыңлар. Сөйлесиң, чай, шарап ишиң, дем алың! деп Ханбийби шығып кетти. Бекмурат, Құдайшүкир, Нурназарлар ишлеринен тынып қуўанып отыр. Хуснатдин менен қалай танысыўдың, сөйлесиўдиң есабын таппай жүрген еди.

Хуснатдин бир шийшени ашып, төрт кесеге бөлип қуйды. Барлығына өз қолы менен үлестирип берди. Төртеўи «туўысқанлық ушын» деп алып жиберди. Он еки мүшеин жымбырлатып жиберген арақ адамды еринкез әңгиме-гүрриңге баслайтуғыны белгили. Сол ушын жымбырлаған жүреги жибиген лердиң биреўи еди алды менен Хуснатдин абый болды.

«Қәдирли құдиретиңди билдим,
Әй туўылған жерим мениң,
Жаныма жағымлы екең,
Толқынласқан елим мениң.

—дейди бизиң Абдулла Тоқай деген шайырымыз. Қәне, ишип жиберейик!—деп тағы да ишти. Абдулла Тоқайдың қосығын айтқанда Бекмурат, Құдайшүкир, Нурназар қуўанысып бир-бирине ым қағып қойды.

—Сиз буларды қайдан таптыңыз?—деди Құдайшүкир.

Мен «Фикир», «Урал», «Самарканд» газеталарын оқып тураман. Ол газеталарда қулаққа жағатуғын, көўилге унайтуғын статьялар ғана басылып турады. Ана бирде флоттағы халықлар оқыўында Айзада деген қарақалпақ келиншегинен «аўыл гедейлерине» деген Ленинниң китапшасын алып оқыдым. «Правда», Қызыл Арбаттан шығатуғын «Молот» газетасын да сол қыздан алдым. Ол маған әўеле бермеди. Анаў тюрьмада өлген Петров деген орыс қалдырып еди. Соннан еле усыманда турған екен. Аға, ҳеш адамға көрсетпең. Егерде ҳәкимлер көрсе мени қамап таслайды деди. Мен көрсетпеўге ант-суў ишип зорға алдым.

Бул газеталардың сөзлери халықтың пайдасына барғышланған... Түркменстан бойынша Ташкентте Самарқантда, Жиззах, Бухара... Ашхабад, Мары, Чаржоу, Хорезмде болған қозғалаңларын жазады. Бизиң фло-

тилияда болған еки қозғаланды да «Туркестанская военная газета» жазып шықты.

Мен тағы жақында «Правда» газетиниң биринин санында большевиклердиң мынадай деп жазғанын оқыдым: «Ҳәрбир ҳақ ийетли солдат мынадай сораққа жуўап бериўи тийисли: ким менен бирге жүриўи керек? Жәбирленген халық пенен бирге болып, кимсинен баслап ең уллысына шекем барлық оңбағанларға, жалпылдақларға, сатқын, жаўызларға қарсы ма, ямаса ҳарамзадалар ҳәм езиўшилер, қанхорлар менен бирге болып, халыққа қарсы ма? Солдатлар негурлым бирликте болып, тартынбай халық пенен бирге боламыз!—деп жоқ болсын, езиўшилер! Жоқ болсын самодержавие!—деп жуўап берсе соншелли халықтың жеңис сааты да тез болады.

Рабочийлар әлле қашан-ақ демократияның қызыл байрағы астына жәмленди. Сизлерде жолдас солдатлар, ҳақ ийетли гүресиўшилердиң қаны сиңген усы байрақ астынан жүриңлер! Халыққа қурал алып бериңлер! Көп азап шеккен Ўатан алдында өзиңиздиң әдиўли миннетиңизди орынлаңлар!»—деп жазған. Мен бул газетаны өзим менен сырлас болған әскерий гарнизонный бир командиринен алдым. Бул «Правда»-ның усы сөзлерин қуран сөзлеринен де артық көрип, қойның қалтамда ғана сақлап жүрипмен. Жүрегимди жырып алмаса бул газетти ҳешким меннен ала алмайды.

Мен флотилиядағы еки қозғаланды да усы нәрселерди оқығаннан кейин дурыс деп таптым. Бурында мен ҳәкимлерге, патша, хан байларға кимлер қарсы тура алады екен, олар күшли ғой деп ойлар едим. Ал, енди олардан да халық күшли екен. Халықтың күшлилигине, Ленинниң даналығына енди түсине баслаған едим.

—Халық күшли ғой. Бирақ оған сиз усаған басшылық қылатуғын адам керек ғой?

—Бир адам шықса мен де бас байлап шыгар едим.

—Шыққан менен бизде жаў—жарақ жоқ.

—Ойласыў керек екен...

—Мен шын жүрегимнен айтып отырман, ойласатуғының болса мен таярман!

Булар арақ ишип аўқатланады. Кеўли көтерилди. Шын жүректен жақсы сөйлести. Сырласты. Барлығының мақсети бир екенлигин бири-бирин аңлады. Ханбийбиге алғыс айтып, атасына қуран оқын, ҳәрким өз үйине кетти.

Булар үшеўи үй бетинен айланып, параходтағы Тимошенкоға барды. Тимшенко бир топар жолдаслар менен кутип отырған екен.

—Ну...! Қалай?—деди шыдамсызлық пенен Тимошенко.

—Оғада ақыллылық еткен екенсиз. Бизлер жиберген газета-журналлар менен листовкаларды алыпты. Жибергенлер ким екенин билмеймен, егер билсем алғыс айтар едим. Ҳәзирги замандағы ҳәкимлердиң, начальниклердиң, байлардың, жаўыз екенин анық билдим. Олар жабайы жыртқыш ҳайўаннан да жаман. Усыларға қарсы көтерилис болса сөзсиз қосылар едим. Жаў—жарақта табар едим!—деп күйип жанған кеўилин жасырмастан айтты.

Енди Ҳүснатдин менен ашықтан-ашық сөйлесиўге болатуғынына көзимиз жетти. Сиз сөйлессеңиз, мен сизди уныратыраман. Губернатор келместен бурын уныратыў керек. Сизлер бизиң үйге барың. Мен оған мирәт етемен, солманда сөйлессеңиз,—деп үшеўи тезлик пенен үйлерине қайтып кетти.

Тимошенконың хаты бойынша, жақында Петро-Александровскттен кеткен Киев губерниясынан сиясий ислери ушын сүргин етилген фельдшер Қасьяненкоға Айтмурат, Айзада Құрбан, Ургенчке барған күни-ақ жолыққан еди. Қасьяненко буларға Петербургтағы студентлик кружоклардағы революциялық жумыслары ушын патша ҳүкиметиниң сүргинге жиберген А. С. Сафронов пенен Н. А. Андреевқа таныстырған еди.

Айтмурат Қасьяненконы бурыннан таныған ушын, оған Тимошенконың барлық айтқанларын қалдырмастан жеткерди.

—Әсиресе, Тимошенко: областьлық әскерий губернатор генерал—лейтенант Корольковтың: «соңғы ўақытлары областьлық империяның губерниялырынан сиясий жақтан исенимсиз болып гуманланған ҳәм әшараланған ҳәр түрли адамлар келмекте. Олар областқа қараслы қалаларда болып, ҳүкиметке қарсы, бурын жергиликли халыққа мәлим болмаған тәлийматларды жасырын түрде таратпақта» деп жазғанын айтып, арадан бир жыл өткеннен соң тағы сол Корольков рево-

люцияшылардың толқынлы ислерине төтепки бере алмай, өз басынан қорқып тағыда патшаға қадағалаў астындағылардың жергиликли халыққа тәсирин күшейип баратыр.. Ҳәтте олардың саны көбеймекте ҳәм жумыслары ең жайыш, күшли пәт алып баратыр»—деп жазып, буннан былай революционерлерди бул жаққа жибериўди тоқтатыўға өтиниш етти деген қағазлардың копиясын алып көширип жиберген еди.

Қасьяненко менен Сафронов, Андреевлар Аймуратты айтқанынан ҳәм хатларды оқып көрип, көп мәселелердиң жағдайын түсинди.

Қасьяненко Айтмуратты, Айзаданы, Құрбанды өзлериниң исенген досты Таңмурат Татлымуратовтың үйине апарып орналастырды.

Сарыбий менен Сақтыян аўылындағы завод ийелери менен саўдагер байларды, болыс-бийлерди жеги қурттай жеген Сусанин менен Маталақ мыйлығынан батты. Першин Сусанининиң өзин, ҳаялын, Гүлзапранды, Маталақты муздай кийиндирди. Аяғынан баслап басына шекем, ишки кийиминен баслап, сыртқы кийимине шекем ҳасыл жипек пенен маўыты, қундыз бенен сур қамыр менен сарпайлады.

Гүмис жүзик, алтын сырға, тилла билезик пенен қолы, қос қулағы малынған Людмила менен Гүлзапран бурынғыдан да бетер сулыўланды. Олар арақ ишип, еки дүнья бир қәдем деп жүрген хожайынларының көзлерине периштелер периштеси болып көринди. Сақтыян, Сарыбийдиң сулыў бағлы жеринде Әмиўдәрьяның ғарры жағасындағы ериксиз елдиң еркеси усылар болды. Күни-түни дүнья жыйнаў, сый-сарпай түни менен аўқат ишиў менен ар-намысынан айырылған «аш қасқырлар» дың тоятуғын түри жоқ. Толған дүньяны Людмила менен Гүлзапран арнаўлы арбаға артып, үйлерине жиберттирип атыр. Әкеси Маталақтың да сый-сарпайын сыйырып арбаға арттырған Гүлзапран күндиз-түни демей Людмилаға айттырып арбаға жүклетип үйине жибермекте.

Кеше кеште Сарыбий болысы Садықтың үйинде мийманда болды. Садық болыс «мен Першиннен ямаса басқа байлардан кем емеспен. Бай едим, батыр малайларым, асып-тасқан дүньям, алтын қазнам бар» деп күни-түни бөдене услатып, қырғаўыл аттырды. Бөдене менен қырғаўылды пыяз, геширди молдан туўран са-

лып қуўыртты. Қабаб, шашлық, ислик атаўлысының бәрин ислетти.

Азанғы ҳалқасын жегизди. Арақты ишкизди.

Арақ ишип, алқасқа тойған мийманлар дем алысқа, майданға шықты. Қандай да себеп пенен Людмила Маталақтың, Гүлзапран Сусанининиң билегинен услап, асылып шықты. Майданға шыққан мийманлар бағана сарайдың құбла бетинен кирген еди. Садық болыстың салқын сарайы Петро-Александровсктеги ең бириншi сулыў бағ пенен бөленген сарай болып есапланады. Сарайдың әтирапы көз жетпес жерден былай қалың ҳәм дийўал менен қоршалған. Ишi бағлық. Бағда Хорезм ойпатында егилетуғын, желинетуғын жемис атаўлысының бәри бар. Қулпы дөнген гүллердиң ийиси жаныца жағып, рәҳәтке бөлейди.

Мийманлар есиктен шыққанан-ақ көкке қарай қулақ түрип, жулдызды гөзлеп турған еки фаэтонға жегилип турған атларға көзи түсти. Қумырысқа белли, қаршыға, төсли, кийик көзли, арқар бөксели, арыслан жаўырынлы, ғаз мойынлы арғымақлардың суўлық шайнап турғанына көзлери қызды. Арғымақларға жегилген фаэтонлардың дегершиги шайтан арбаның дегершиниен жуўанлаў резинкадан исленген, Арысы, көширинен жуўанлаў резинкадан исленген, Арысы, көшери, дөңгелеги ҳәммеси ҳәрқыйлы бояўлар менен боялған. Қарағанда алтын жалатып қойғандай күн менен шағылысып, көзиңди қамастырды.

Садық мийманларын ҳәрқыйлы сылтаўлар менен бәне таўып, еки фаэтонның қасына апарды. Сусанин менен Людмиланы бириншi фаэтонға мингизди. Маталақ пенен Гүлзапранды екиншi фаэтонға мингизди.

—Менің үйиме көп жыллардан бери келмеген ediңиз! Людмилахан менен Гүлзапранхан туңғыш ирет босағамнан атлап, төриме шығып атырғаны. Азда болса көптей көрип, усы сый-сарпайымды қабыл етиңиз!—деп Садық болыс бас ийип, қос қолын көксине қойып, қол қаўсырып ижазат етти. Фаэтонның үстинде отырған Сусанининиң, Людмиланың, Маталақтың, Гүлзапранның жүзлери гүл-гүл дөнип, көзлери масаладай жанып, еки езнўи енсесине шыққанша қуўанды.

Сусанин фаэтоннан жалма-жан түсти. Садықты қушақ жайып қушақлады. Сүйип-сүйип алды. Алғыслар айтты.

Ҳәмме ишке кирди.

* * *

Еки ай бойына почта, телеграф хызметкерлериниң ис таслаўы Хорезмде еле қызып турған ўақты еди. Таңмурат Хийўада почтада ислер еди. Таңмурат пенен Айтмурат, Айзада, Қурбан төртеўи таңның алдына шекем сыр алысты. Айтмурат Петро-Александровскте, Әмиўдәрья флотилиясында, Шораханда, Сарыбийде, Бийбазарында, Сақтыян ҳәм Шыбықлы аўылларында-ғы тынымсыз болып атырған халық қозғалаңларынан хабар берди.

Қалай қозғалаң болмасын, хан ба, патшама, ҳәкимлер ме, байлар ма—ҳеш биреўиниң жарлы халыққа, рабочийларға, дийханларға мийрим шапааты жоқ. Дийхан ушын егислик жер еки ели болып тарылды. Оның үстине өнимниң барлығы байдыки, салым-салғыртлардың барлығы жарлы халықтан өндириледи,— деп күйип-писип сөйлеген Айтмураттың сөзин мақуллаған Таңмурат дәртти қозғап жиберди.

—Айтқаның оғада дурыс, достым.

Жақында туўысқанларым маған кел... жоқ. Аштан қырылатуғын болған соң қарақал... бардық, жер жоқ. Ташаўыздағы түркменлерге ... жер жоқ. Хорезмге келдик жер жоқ. Барлық ... патша, хан, болыслар менен байлар ийелеген, ... болған, бизлер енди не қыламыз?!—деди.

Мен оларға: «Хорезм менен қарақалпақлардың шегарасында Шалыш деген жер бар. Көшип барып ислең дедим. Олар сол күни барды. Көшип барғаннан кейин буларды тағы көшириўге ҳәкимлер буйрық қылды. Көшпеңлер дедим.

Шалышқа көшип келгеннен бунда да қоймағаннан соң Қасьяненко, Сафронов, Андреевлар болып ҳәммеміз түнде тоғай төреси менен бажбанлардың тумсығын уўып жибердик. Егерде ендигиден былай булманға жаңа көшип келген Шахаен, Аманбаев, Худайбергенов, Пухарбаев, Бекимбетов, Төменбаев, Рзаев, Мәтмуратов тағы басқаларына тийсеңлер, ханға, я ҳәкимлерге айтып барсаң жер менен жексен боласыз дедик. Олар соннан берли тым-тырыс болды.

Күн тас-төбеге таялған ўақыт еди. Көленке аяқ ушына келди. Ургенчтеги почта-телеграф конторасының баслығы Крузениң конторасының алдына адамлар жыйналды. Шаңқай түстеги шаўқым менен барлық адамлардың даўысы, қала халқын изине ертти.

Майданға шыққан Крузе рабочийлары менен хызметкерлерге айбарақ урып сөкти. Өзлери қәҳәрли ашыўға минип турған адамлар контораны гүў басты. Крузени сол заматы-ақ жастап таслады. Сегиз сааттан артық ислемеймиз! Хызмет ҳақымызды көбейт! Салғыртлардың ақшасын ямаса санын азайт!

Қозғалаң қызып кетти. Бул ҳәдийсени хан еситти. Ләшкерлер менен жасаўыллар жаў-жарақ менен қуйылып келип қалды. Адамлар бул сиясаттан қорықпады. Қашпады. Ханның зулымлық пенен, езиўшилик пенен ғана тоқталып турмай халықтың үстине атлы әскер жибергенине оғада қәҳәри келди. «Я өлим, я жүрим!» деген шаўқымлар күшейди.

Атлы әскерлер менен қанхор жасаўыллар, тағыда жәлладларды шақырды. «Жоқ болсын жаўызлық! Жоқ болсын қанхорлар!», «Жасасын халық азатлығы!» деп қатты даўыс пенен сүрен таслап турған Таңмуратлар жәлладлар услап алды. Алып келип дарға асажақ ... Айтмураттың қол-аяғын таңып, дарға асыўға ... турған жәлладты Айтмурат пенен Қурбан ... Таңмуратты халықтың арасына жасырды. Жәлладлар дар астына қанға боялып жағылды. Айтмурат пенен Қурбанның мәртлигине ырза болған халық буларды да өз араларына алып жасырды. Бирим-бирим шетке шығарып қашырып жиберип тағыда шаўқымды, қозғалаңды күшейтти. Таңмурат, Айтмурат, Айзада, Қурбан, халықтың қарасығы менен, Қасьяненконың буйырығы менен жасырынып Хийўадан қашып шығып кетти.

Қозғалаңға қатнасқан халық қызыл қанға боялса да көп ўақытларға шекем қарсылықты күшейтти.

Әмиўдәрьядан түни менен өтип Сарыбийге зорға жеткен Айтмурат, Айзада, Қурбан, Садық болыстың сарайы үстинен шықты. Сарайдың сырты тым-тырыс Дийўалдың үстине шығып қараса Садықтың есигиниң алдына қырқыншы лампа асылған. Ол жарқырап жанып тур. Анда-санда бирли-ярым адам кирип шығады. Үшеўи аңлып көп ўақыт турды да, олар танысы Матжановтың үйине келди. Матжановтың баласы есикте «еки еркек, бир ҳаял келип тур» деп хабарлады.. Ол қосбаўындағы үлкен ҳәм салмақлы пышақты қо-

лына алды, шапанды желбегей таслады. Азырақ ойланып турды да, майданға шықты.

—Ассалаўма алейкум!—деген Айтмурат пенен Қурбанның даўысынан бирден-ақ танып қушақласа көристи. Сорасты. Айзаданы ҳаяллардың ишине жиберди де, үшеўи мийманлардың үстине апарылды.

Матжановтың үйинде Абдуллаев, Хожаев, Әўезбай Жалиевлер бар еди. Апақ-шапақ көристи, ҳал-аўҳал сорасты.

—Қозғалаңнан қорқып қаштыңлар ма?

—Жоқ. Қасьяненко тезлик пенен кетиўди буйырды.

—Таңмурат қайда?

—Шалыш тоғайына келди.

—Не аўҳал?

—Почта-телеграфшылар көтерген қозғалаңға халық қосылды. Жақаўыллар келди, жәлладлар, әскерлер келди. Халықтың ишинде сүрен таслап турған Таңмуратты услап алды. «Қолға түскенлерин дәрриў дарға асың» деген ханның пәрманы бойынша Таңмуратты дар астына апарды. Қол-аяқты байлады. Асайын деп атырғанда мен не болса болсын деп жәлладларға пышақ урдым. Дар арқанын кестим. Халық бизлерди ишине жасырды. Астан-кестен болып қалды. Көп адам қырылды.

—Ал, бул жақта не гәп?

—Бизлерге Тимошенко сизлердиң Хорезмге кеткениңизди хабарлады. Бир неше күннен берли Сусанин ҳаялы менен, Маталақ қызы менен Сарыбийди сорып жүр. Ҳәзир олар Садық болыстың үйинде, мәс. Ҳәр саат сайын хабар алып турмыз. Иште не болып атырғанлары да бизлерге аян болып отыр. Соңғы алынған хабарға қарағанда Сусанин ҳаялы менен, Маталақ қызы менен қалады. Басқалары үйли-үйине қайтады. Енди бир масқаралаўға туўра келип тур, оның есабын таба алмай турыппыз.

Маталақтың Людмила менен, Сусанининиң Гүлзапран менен ешек-қасыспасы бар қусайды.

—Буны қалай билдиң?

—Хуснатдин абый айтты. Ол талай ирет көзи менен көрген.

—Егер ойнаслар «ис үстинде» қолға түссе бир жақсы болар еди!

—Қәне, көрейик!

Ойласылған мәсләҳәт бойынша алтаўы да дийўалдың үстине шықты. Першин менен басқа мийманлар үйден шығып кетейин деп атырған екен. Сусанин де, Маталақ та мәс. Булар хошласыў ушын бирин-бири қушақлап, сүйисип, қайта-қайта қол алысып көп ўақытлар турды. Садық Сусанин менен Маталақты қушақлап үйге киргизди. Садықтың қатыны Ықласхан Людмила менен Гүлзапранды қолтықлап, қушақлап майданға шықты. Бағдың ишинде төрт мүйешке төрт ағаш кровать дүзетилип, пешеханаға шекем қурылып, төсеклер таярланып қойылған еди. Бәлки мийманлар майданға жатса таяр турсын деген ой да бар еди.

Людмила менен Гүлзапранды бағдың шығысындағы қойылған кроватқа апарды. Людмила менен Гүлзапран: «Ой, булман жәннет екен, өжире ыссы. Усыманда жатамыз!» дегенде Ықласхан анаманда да кровать бар деди. Гүлзапран сен анда бар, мен мында жатаман деп пешехананы түсирген Людмила таяр төсекке аппақ денесин атты. Пешехананың жәнжағын қымтаған Ықласхан Гүлзапранды, бағдың батыс жағындағы кроватқа апарып жатқарды. «Еркеклер иште жата берсин» деп булда тайын төсекке кирип жатып қалды.

—Где Людмила?—деген Сусанининиң сөзине бирден түсинбеген Садық:

—Где моя маржа?—дегендей барып ҳаялын излеп жүргенин абайлады.

—Майданда кроватьта жатыр,—деп Садық Сусанинди сүйеп сыртқа алып шықты. Кимниң қайда жатқанын билмеген Садық Гүлзапран жатқан батыстағы кроватьқа апарып:

—Усыман да,—деди.

Сусанин пешеханаға кирип кетти. Садық кейин қайтты.

Маталақ мәслик пенен түп ағашты бир услап, тентиреклеп зорға дегенде берги кроватьтың қасына келди. Кроватқа қалай шығыўды билмей бир неше аўнап түсти. Ең ақырында зорға дегенде кроватьқа шықты. Етигин шешип ылақтырып жиберип еди, етик дийўалдың сыртына түсти. Көп ўақта шешинип болды да, пешеханаға сүңгиди.

Хызмет етип жүрген жигитлердиң ҳәммесине «азанда ерте келиң» деп қайтарып жиберди де Садық дәр-

ўазаны илди, қырқыншы лампаны өз қолы менен өширди.

—Ал, жигитлер,—мениң ойымша, төрт арқан керек, —деди Айтмурат. «Ҳәзир алып келемен» деп Матжанов дийўалдан секирип түсти. Үйине қарай зыңғып кетти.

—Сондай масқара қылайық, халықтың әдеп-икрамлылық дәстүрин бузып, ҳайўанды, бир-бири менен усындай масқарашылық, кеширмеслик, жабайы ислер менен машқул болып жүрген Маталақ пенен Сусанниң жүзлерине таңба түссин. Бундай ислердиң әтирапынан жүрмейтуғын болады. Бул не деген уятсызлық? Қызын Сусаннының қойнына салады. Өзи Сусаннының қатынының қойнында жатады,—деди қызып сөйлеген Айтмурат.

Олар кроватьтың қасына келе, Людмила менен Маталақ, Сусанин менен Гүлзапыран тырдай жаланаш қушақласып қатып қалыпты. Булар бул жатысында өлтирип кетсе де билетуғын емес. Екеў-екеўден қосақлап бир-бири менен қапсыра қушақласып жатқан турысында қатты таңды. Билеги менен бармақларынан бир-бирин шеше алмайтуғын етип таңып таслады.

—Бизлер булманда қалыўға болмайды,—деп Матжановтың үйинен ас-аўқат жеди де, Айтмурат, Айзада, Құрбан жаяўдан-жаяў Петро-Александровскиден кетип қалды.

Азанғы саат алтыдан өткенде «ерте келиң» деген хызметкерлер келди. Мийманлардың азанғы алқасын таярлаўға киристи. Үйге мийман келген ҳаяллардың әдети бойынша бүгин Ықласхан ертерек турды. Мийманлардың жатқан жеринен хабар алайын десе әлле қайтип, жалаңаш жатырма, я уйқыдан ояның кете ме дем алсын, өзлери турғанша бармай-ақ қояйын деп бармады. Қарамады. Хабар да алмады.

Күндеги әдети бойынша бүгин Першин де ерте турды. Бети-қолын жуўды. Фаэтонына минди. —Әлле қәйтип, булар бир-бириниң тилине түсинбей ымласын бүлип отыр ма, әдеттегидей ишкен адам ерте турады, — деп Першин келип Садықты оятты. Түндеги келген ақсақаллар, байлар, завод хожайынларының барлығы дерлик бирим-бирим келип болды.

—Мийманлар қалай, еле жатырма?—деп Перщин Садықтан сорады.

— Хабарым жоқ.

—Оятсақ па екен?

—Өзлери турмас па екен?..

—Қой онда... Мынаманда отырып чай ишейик,—деп барлық мийманлардың ҳәўиздиң бойындағы төрт гүжимниң астына исленген сыпаның үстине отырғызды.

Азанғы ҳалқас пенен чай, майлы шөреклер, жемислер алып келинди. Ҳәмме азанғы чайды ишиўге қарады. Бағана жәнжақтан қараса да мийманлардың жатқан жери қалың шақалар арасынан көринген жоқ. еди. Ҳәмме отырғаннан соң Садық қонақлар жатқан жаққа қарады. Күн шығыс жақтағы кроватьтың үстиндеги пешехана жоқ. Селк ете қалды. Дәрриў күн батар жақтағы кроватьқа қарады. Онда да пешехана жоқ. Садық ушып турды. «Жүр, Першин!»—деди де шаққанлық пенен күн шығыстағы кроватьты көрди. Бир бәлениң барлығын билип, күн батыстағы кроватьты қарады. Ҳүрреси ушып кетти. Отырғанларды шақырды.

Ҳәўиздиң бойындағылар ҳәўлирген асаўдай орынларынан ушып турды. Ғаўырласыў менен Садық пенен Першиниң қасына барды. Барса Сусанин менен Гүлзапран, Маталақ пенен Людмила қосағы менен қатты байланған.

Әлле ўақта Першин олардың аўызларындағы пахтаны алды. Шытларды шешти «Неге үңилип турсызлар, тезирек шешиң...» деди Першинге Сусанин. Барлығы бирден шешти. Төртеўи де тырдай жаланаш екен. Буларды көргенлер кейинге қарай жапырыла қашты...

Гүлзапран менен Людмила халыққа қарай алмай қалың бағдың қубла жағынан келип жайға сүңгип кетти.

—Першин!—деди Сусанин.

—Ләббай!

— Ты сволочь!!! Не понимаешь?!!

—Не буйырасыш?

—Фаэтонға атты жек!

Першин адамларды шақырды. Садықтың берген еки фаэтонына еки атты жекти. Барлық сый-сарпайларды сыйғанынша салды.

—Қатынларды шақыр!

—Әжеп!

Першин Людмила менен Гүлзапранды шақырды. Екеўи де жаңа түскен келиншектей бетлерине жуқа орамал таңған. Екеўи келип түндеги өзлерине берил-

ген фаэтонларға минди. Намыс азабынан денесине сыймай турған Сусанин не қыларын билмей ашыўлы қабағын бир ашып, жыйналып турғанларға бир қарады.

— Садық, иди-ка сюда! — деди бас бармағын шошайтып Сусанин.

—Әжеп болады,—деп бөденедей жорғалап барған Садық сораў белгисиндей иймилип турды.

— Ты сволочь!—деп қулашын керип қулақ шекесине берип жибергенде Садық аўнап түсти. —Тебя убить мало!—деп маузерин алып атыр еди. Першин шаққанлық пенен қолын услап жалынды. Туўлаған Сусанинге жалынып жибермеди.

—Сибирьге жиберемен. Барлығыңды жояң қыламан!—деп бақырыўы менен Сақтыяннан өткенде дизгин ушына қуйып киятырған Сусанин Людмилаға ала көзин аўдарып таслады да, шыдамсызлық пенен шарта ашыўға минди:

—Сен Маталақ пенен таңылып не қылып жүрсең?—деди Сусанин.

—Ал, сен Гүлзапыран менен неге таңылдың?—деди шарт кесип Людмила.

—?!...

Мийи мең-зең айланған Маталақ Гүлзапыранды үйине апарды. Хеш нәрсе айтпастан, хошласпастан, Шымбайға қарай зым-зыя болды.

* * *

Маталақ әўеле мыйлығынан батса да соңынан сабылысы суўға кеткендей малпақ-салпағы шығып Шымбайға, хеш жерге иркилместен келди. Келиўин келди де, өзин төсекке атты.

Ойлана-ойлана уйықлап қалды. Толғанай да, Құрбанай да, жуўан қарын, жуўан муш, бажасы Қулбай да пайғамбардай ағасының не себепли бундай екенине хайранлар қалды. Ойламаған нәрсеси жоқ:

—Айзаданы көрип, буған қашып кеткен жағындағылар қатты дәкки берип азапладыма екен,—деп қәўип еткен Қулбай Маталақтың қасына келди. Қатты уйықлап атырған екен. Оятыўға көзи қыймай, тағы да майданға шығып кетти. Ой өресине асылғанлар қалай қылса да өрмелей алмай басы қатты.

—Мейлидағы...! Қолы менен ислесе мойны менен

көтерсин. Бизиң не исимиз бар... Құрбанбай аўқат писир. Аш болдық,—деген Толғанайдың сөзинен кейин Құрбанай аўқат асыўға қарады.

* * *

Түн уйқысын төрт бөлип, түрли азаплардың қақпанынан қутылып келген Айтмурат, Айзада, Құрбан келиўден есикти урды. Ашатуғын Анар мама жоқ. Құрбан айнадан түсти.

Азанда қоңсы-қобасы келип Айтмуратты, Айзаданы, Құрбанды оятты. Әўеле кемпирдиң өлгенин айтпай қуран оқыды.

—Балам, тәғдийир усындай, Анар маманы жерледик.

— Барлық ағайин-туўғанлар келди.

—Тимошенко, Нурназар, Құдайшүкирлер басы-қасында болды.

Айзада, Құрбан, Айтмурат зар қақсап жылап жиберди. Келген қоңсылары жубатып, көп ўақытта жылағанларын қойдырды.

—Қалай, бирден аўырды ма?—деди солығын басқан Құрбан.

—Жоқ, аўырмады...

—Қалай өлген?..

—Әмийновтың үйине барғанда...

—Оны Нурназар аға менен Құдайшүкир айтар...

Келгенлер кеўил айтып кетип қалды. Құрбанлардың қайтқанын еситкен Тимошенко бас болып, Нурназар, Құдайшүкир, Бекмурат хәм басқа досларының барлығы келди.

—Анар маманы Маталақ өлтирген. Әмийновтың дәрўазасы алдындағы ураға көмген жеринен сүйегин урлап әкелдик. Жерледик.

—Қанхор Маталақты түнде неге өлтирип таслама-дым...—деди жығырданы қайнаған Құрбан.

—Кек алыў иси алдымызда,—деди Тимошенко.

—Кек алмай қоймайман.

—Бул барлығымыздың мақсетимиз,—деп тәкирарлады Тимошенко.

Құрбанға кеўил айтқан дослары, ертеңги исленетуғын ислери жөнинде ойласты. Губернатор менен Маталақтың, Людмила менен Гүлзапранның хәдийсесин

айтты. Барлығы бірден қуўанды. Күтилмеген ўақытта Ҳүснатдин абый келди.

—Сизлерди әскерлер излеп жүр!—деди ол.

Барлығы бірден:

—Шаққанлық пенен гүреске! Қайтпастан гүреске!—деп үйден шығып кетти.

Биринши бап

САҚ ҒАРҒА САҒАҒЫНАН

Қалтырап, қақсап суўық демин алған Сусанин штабқа келди. Өлим аўзынан қайтқан адамдай түрди, бир отырады. Жағы қуўсырылып, сыйқы қурып түси қуўарып кеткен. Жаңа болған жиллидей бир тура-қалған.

Сусанининиң суўық түсин көрген Ҳүснатдин абый кирип келгенен бир нәрсени аңлады.

—Қайда, олар?—деп бақырды кирип келген Хүснатдинге Сусанин.

—Айтмурат Атамуратовты алып киятыр...

—Басқалары қайда?

—Гезекме-гезек алып кел дединиз...

Бети-аўзы даладай қан, бөз көйлеги дал-дал болып жыртылған, маңлайына қоз басылған, арқасына қырық қамшы урылған, азған-тозған Айтмуратты төрт әскер сүйреп алып келди. Сусанинге суўық көзи менен қараған Айтмурат жеп қояжақтай болып тисин ғышырлатты. Сусанин Айтмураттың тумсығының астына тақалып барғанын билмей-ақ қалды.

—Жарақлар қайда?—деди тисленип.

—Билмеймен.

—Тимошенко сени алды деди ғой.

—Ол ондай душпанлардан емес.

—Қайда қойдың? Атып таслайман, өлесең!

—Мәрт өлимнен қорықпайды.

—Оны көремиз. Қарцерге басың! Аўқат берилмесин! Алты күн аш қойды. Және төрт күн бойына думалатып сабады. —Жетер, господин Сусанин!—деди Хүснатдин абый шыдай алмай.—Шекесине, маңлайына қоз бастың. Жаўырынына дуз қуйдың, қабыртқасына ништер тықтың, ессиз еки күн жатты. Илла деп аўзын ашпады. Саўалымызға жуўап бермеди. Ҳаслында булар жаў-жарақка жантаспаған болыўы керек. Сиз буларды бийкар қыйнап атырсыз. Анаў күни Шымбайдағы достыңыз Шымбай участкасының начальниги Милеевке еки ярым есе көп жаў-жарақ бердиңиз. Олар Бекмуратты қорқытып тағы алған шығар. Бекмурат ҳадал адам...

—Неге сен булардың көзинше сыр ашып турсаң?—деди Сусанин.

—Сиз маған бәркулла ырасын айт деп үйреттиңиз. «Несене берме достыңа, сабан тығар постыңа» деген сөз де бар. Милеев сизиң орныңызға қуштар.

—Ким айтты?

—Халық айтады... «Халық айтса қалп айтпас»» деген бар.

—Басымды аўыртпа, қалғанларды алдыр.

—Сиз Милеев пенен Түркистан генерал-губернаторы Субботинге бирге бардыңыз. Сиз ақ көкирек адамсыз. Милеев сизиң әззи жериңизди билип алды. Арақ десе құдайыңызды умытып кетесиз. Түни менен сизге түни бойы тынбастан арақ иштирди. Ертеңине ерте Түркстан генерал-губернатордың алдына апарды. Сизди генералға жақынлаў турғызды да, өзи узақлаў турды. Сизден шығып турған арақтың ийисин сезген губернатор сизге не деди?

Сусанин сам-саз болып турып қалды.

—Шалама-шекки пахмель етсеңиз мениң алдыма келмен. Келсеңиз жақсылап ишип келиң деп урысты ма?

—Аўа. Буны ким айтты?

—Милеев буны миллион адамға айтып шықты.

—Вот сволочь!—деп Сусанин күйип кетти.

Бәри бир мен буларды да босқа жибермеймен. Буның дәлил емес.

—Ықтыяр өзиңизде....

Алты-жети әскер Тимошенконы, Қурбанды, Нурназарды, Құдайшүкирди айдап келди. Төртеўининде тилим-тилим болмаған жери жоқ. Қыз-қызыл қанға боялған. Төртеўинде тусма-түс өткен адамлар танымас еди.

—Мойынлайсызлар ма, жоқ па?

—Нени!—деди қәҳәрли түрде Тимошенко.

—Гүналарыңызды!

—Гүна етпедик. Турмыс талабына ылайық, тәгдиримизге ылайық шараят сорадық.

—Жаў-жарақты ким алды?

—Билмеймиз.

—Халыққа хабарла! Дарға асылсын! Дар ушын үш ағаш қурын!

Еки әскер жуўырып кетти.

—Ақырғы сөз. Өзиң сөйлес, мойынласа қалдыраман, —деп Сусанин екинши жайға кирип кетти. Хуснатдин булар менен сөйлесиўге қалды.

—Ҳәзир үндемең,—деди әскерлерге.—Дар астында жәрдем етиң.

—Болады,—деди әскерлер сыбырлап.

—Қалай? —деп аздан соң кирип келген Сусанин.

—Индашәйләр...—деди Хуснатдин татар тилинде.

—Что?!

—Все молчить...!

—Пусть молчат. Заставлю вечно молчать...

—Вечно суйлатмийим дей...

Булардың алдында еки ғана жол тур. Бири өлим, екинщиси өмир. Хуснатдин менен тиллесип қойған мына әскерлер, буларға қосымша келетуғын әскерлер Тимошенконың дослары. Оларды шөлкемлестирип, жыйнап әкелиў Айзадаға тапсырылған еди.

Сусанининиң буйрығын алған гарнизон начальниги менен тюрьмахананың начальниги әлле қашан үш ағаштан дар қурғызған. Гарнизон начальниги әскерлерин Шайхы—Аббас Уәлийге, Бийбазарға, Сақтыян, Сарыбийге, Шымбайға, Шыбықлы, Ақ қамысқа тағы басқа да толып атырған жерлердеги қозғалаң көтерислерди бастырыўға жиберген еди.

Сол ушын гарнизонда аз санлы әскерлер қалған еди. Олар да Тимошенко тәрепдарлары.

Қолы байланған, көзлери таңылған Тимошенконы, Айтмуратты, Қурбанды, Қудайшүкирди, Бекмуратты дар астына алып келди. Қоллары шынжыр қурсаў салынған, аяқлары кисенленген ҳалда келди. Тимошенколар «асады ғой», деп ойлаған жоқ. Хуснатдин азанда-ақ Айзадаға жеткерген хабарында аўҳалдың жаман жаққа бурылып баратырғанын сездирген еди.

Алды менен Айтмурат пенен Тимошенконы дар астына апарды. Көзин шешти. Дарға асар алдындағы дорбаны басқа кийгизерге таярлаған ўақта:

—Айтмурат!—деген Айзаданың жан ҳалаттағы даўысы еситилди!

—Айзада! Рабочийларды, матросларды, өз дослары ертип келип турған Афанасий Ильич Қочанов, Дмитрий Дмитриевич Головяшкин, Луценко, Касьяненко, Залевский, Димо, Андреев, Бобровский, Михаил Рудковский, Грязов, Финкельштейн, Левченко, Николаев, Стешин тағы басқалар сол жерде еди.

Айзада халықтың арасын қақ жарып Айтмураттың қасына қарай қәдем таслады.

—Мени де қоса ас!—деди Сусининге.

—Гүнасызларды босатыў керек!—деди Қочанов.

—Босатыўды талап қыламыз.

—Дарды қопарың!

—Жоғалсын Сусанин!

—Сусининниң өзин асыў керек! —деген даўыстан кейин.

—Тез асыңлар!—деп бақырды Сусанин.

Халық қулап киятырған таўдай еңтерилди. Талўас еткен халық дарға қарай топылды. Сусанин сыртта турған атына мине қашты. Хуснатдин де өз атына мине Сусининди қуўып кетти. Халық үш ағаштан қурылған дарды қопарып таслады. Дар астындағылар азат болды...

Хуснатдин Сусининниң изинен жетти. Ат үстинен жулып алып, көкмарға таярлаған серкедей етип Сусининди алдына бөктерди. Халық алдына алып келди.

—Сен бизни яндырдың бийит!—деп Сусининди аттан аўдарып урды. Халық гүў басты.

—Жолдаслар! Тоқтап турыңлар! Бизлерге беринлер, жазасын өзимиз берейик. Революцияның нызамы менен жуўапқа тартайық!—деди. Қочанов.

—Қәдирдан ҳалайық! Сизлерге алғыслар болсын! Байдан, патшадан, ханнан, болыс, бий, ҳәкимлерден қорықпаңлар! Азатлық, бахыт ушын гүреске атланың-лар! Әсирлер бойы уйықлағаныңыз жетер, оянынлар! Гүреске жолдаслар!—дегенде халық гүўлеген даўыс пенен «уралап» жиберди. Жер бети жаңлар жаңғырып кетти.

Алтынши бап

УШҚЫН ЖАЛЫНҒА АЙНАЛДЫ

«Сумырай келсе суў қурыр» деп сўр жыландай елге зәҳәрин жайған Сусанин кетти. Сусанин деге жылаған бала тынды. Халық қайғы-азаптың қамалында қалды. Халық қолынан өлимнен қалған Сусанинди генерал—губернатор бир ақшам ишинде қарасын батырды. Оның орнынан Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги болып Глушановский деген келди. Глушановский келген күнлери «қой аўзынан шөп алмайтуғын» жуўас жигитке усап атыр еди. Бара-бара түлкидей қуўрық таслағыш, қасқырдай қанхорға айналды. Кетерде жаманлап кеткени ушын Ҳуснатдинди дилмашлықтан алып таслады. Ол Тимошенконың жәрдеми менен жумысқа орналасып еди.

Глушановский Ҳуснатдинниң орнына Ержан Кожуров пенен Адамбай дилмашты қасына алды. Буларды әскерий штаб кийимлери менен тәмийинледи. Олар Ҳуснатдин менен дос, үшеўи де елдиң көрген ақыретазабын, қайғы-муңына таныс ҳәкимлердиң елге еткен зорлық-зомбылықларына шын жаны ашыйтуғын азаматлар еди.

Глушановский келиўден-ақ завод ийелери, товар алып сататуғын саўдагерлер, болыслар үйине мирәт етсе, ҳәрқыйлы себеп таўып, ҳешкимге, ҳеш қайда бармады. Үйинен кирип, үйинен шықты. Бул бир «мақсымдай жигит екен» деген ат кешип кетти.

Тимошенколар топары да оны қабақ тәрезиге тартты. Оның ҳийлекер екенлигин абайлады. «Мейли» деп бул парахатшылықтан пайдаланған Тимошенко менен Кочанов Луценко жолдасларын пахта май, телетин ат заводларына, Шорахандағы пиво заводына жиберип ҳәр күни дерлик қозғалаңлар көтерди. Хожа жеринде, Гүлдирсин, Келте минарда, Шайхы—Аббас ўәлий тоғайларында, Сарыбай, Бийбазар да ис таслаўлар, болысларға бойсынбаўлар күшейди.

Петро-Александровсктеги Сазонов заводының рабочийлары мийнет ҳақыларын көбейтиўди талап етип, завод баслығын антек-тәнтек еткенин көрген Глушановский Түркстан әскерий округинен:

«Мениң қараўымдағы 18-атқышлар батальоны менен Әмиўдәрья бөлиминдеги ҳүкимет мәкемелерин қорғап қалыў ҳәм ғалаба қозғалаңларды бастырыў мүмкин емес. Қосымша әскер жибериң» деп жәрдем сорады.

Буннан хабардар Кочанов бир күни түнде «Волга» параходы турған жердеги, дәрьяның шетиндеги кишкене қалың тоғайға Тимошенконы, Айтмуратты, Бекмуратты, Қурбанды, Нурназарды, Худайшүкирди, Айзаданы, Головяшкинди, Луценконы, Залевскийди, Димоны, Андреев, Сафранов, Бобровский, Михаил Рудковскийди, Финкельштейнди, Левченконы, Николаевты, Стешинди жыйнап уллы мәсләҳәтти шешиў ушын басын қосты.

Түркстан генерал-губернаторы Субботин халықтың қозғалаңына қарсы қатты ҳәрекетти баслады. Не ушын десеңиз: —улыўма мийнеткеш халықтың ғалаба қозғалаң, көтерилислеринен азатлық ушын гүреслеринен ҳәкимлер оғада қорқып отыр. Сол ушын олар бизди аямайды. Бизлерде оларды аямаўымыз керек. «Бизлер —Россиядағы революциялық ҳәрекетти жергиликли халық арасында қызығыўшылық оятқанын ҳәм оның көринислери Түркстанда күн сайын өсип баратырғанын, көп санлы мысалларын көрип исенип отырмыз» деп жазды «Русский Туркестан» газетасы.

Рабочийлар әлле қашан-ақ социал-демократияның Қызыл байрағы астына жәмленди. Бизлерде ҳақ ийгилетуғын жолдасларды ҳәрқыйлы себеплер менен жибере алмай отырмыз. Сол ушын бизлер бүгиннен баслап, Ленин тактикасын революцияның тийкарғы ўазыйпасын елге жайып, халыққа түсиндириў ушын тарап кетиўимиз керек. Айтмурат Атамуратов, Айзада Алламуратова, Нурназар Мәўленбергенов Шымбайға, Худайшүкир, Бобровский, Залевский—Тоқпақ атаға (Мойнаққа) тезлик пенен кетиўлери керек. Ҳәзир «Царь» параходына Арал теңизине баратуғын жүкти жүклеп қойыпыз. Шымбайға да ертең кететуғын жүк жүкленген кеме бар. Параход пенен, кеме жүк апарыў-

ға кетип баратырғанларға қосылады. Ҳеш ким гүман етпеўи мүмкин,—деп ашық усыныс киргизип, көпшиликке көз тиккен Тимошенко орнынан отырып.

Барлығы аўыз бирлик, мәртлик, қайтпаслық, қорықпаслыққа беккем бирликти бузбаўға ант ишти. Бирим-бирим тоғайдан шығып, Сейтмурат бажбанның сарайының арқасынан, Шыбықлы жағының жағасы менен үйлерине тарады.

Қочанов пенен Тимошенко адамлардың ең соңында қайтқан еди. Сейтмурат бажбанның жайынан өте бергенде усы сарайдан шығып киятырған Ержан Қожуров пенен Адамбайға жолығып қалды. Бурын сырлас болғанлықтан бир-биринен сексенбеди. Глушановскийдиң Хуснатдинниң изинен атлы-пыяда түсиўге таярланып атырғанын айтты.

—Сизлерде сақ болмасаңыз болмайды, —деп сыр жасырмай Ержан. —Қалай болған менен Хуснатдинди Глушановскийдиң көзинен тасалаў керек. Мен сизлерге тағыда алдын ала билдиремен,— деди Адамбай.

* * *

Қара түнде қақ жарып, қара терге шомылған Хуснатдин, жаяўдан-жаяў Сарыбийге жетти. Петро-Александровсктен кемеге минейин десе Глушановский параход пенен кететуғын кемешилерди өз көзи менен көрип тексерип турады. Сол ушын Тимошенко менен Қочанов Хуснатдинге Сарыбийге жет. Кемеге солмаңнан минесең. Шымбайға барып жумыс ислейсең деген еди.

Глушановский әўеле пароходты Арал теңизине, соң кемени Шымбайға тексерип жиберди. Барлық кемешилерди бирим-бирим тексерди. Айзада да көптиң ишинде көзине түсти.

—Мынаў қатын не?

—Салдаўшылардың аўқатын писиреди,—деди Тимошенко.

—Болмайды! Байы кетсин бул қатын штабта ислейди.

Бийилаж Айзада демниң арасында Айтмураттан айра түсти. Глушановскийдиң буйрығына қарсы келиў, өзлериниң исине зыян беретуғын болғанлықтан Тимошенколар үндемеди. Айтмурат қатты қарсылық көрсетейин деп еди, Қочанов ымлап «үндеме» деди. Қочанов пенен Тимошенко Айзаданы ертип «Волга» пароходына кирип кетти. Олардың изинен қарап турған Глушановский фаэтонына минди.

Қозғалаңларды матрос пенен салдаўшылардан көрген Глушановский тезлик пенен Хуснатдинди таўып келиўди буйырды. Кеме менен параход ыққа қарай әдеўир жерге барған еди. Параход Шайых Аббас Уәлий тоғайына жеткен ўақта кеме Сарыбийге жетти. Хуснатдин абыйды Айтмуратлар кемеге миндирип алды. Глушановскийдиң буйрығы бойынша қайта-қайта әскерлер жиберсе де, ҳәмме жерде тинтип қаратса да таппай бара берди.

Глушановскийдиң парты шықты. Ең ақырында, Қочанов, Тимошенко, Қурбан, Бекмурат, Хуснатдин абыйдың зайыбы Зийнепханды қуўдырып алдырды. Тимошенко менен Қочанов басқа ой таппады да Зийнепханумға—сизден Хуснатдинниң қайда кеткенин сорайды. Сонда «Байымды сизлер жоқ қылдыңыз! Сизлер өлтиргенсиз! Мен патшаға, губернаторға арза қыламан. Қазаньдағы ағайинлерим ақпатшаға хабар береди», -- деп жағасынан ал, — деп ақыл берген еди.

Глушановский сораўға тутыўға қайымласқанда Зийнепханум бажылдап оның өзине жармасты:

—Қеше кеште, шабарман жиберип шақырып ең. Байымды таўып бер!

—Шақыртқаным рас. Азанға келиўге тапсырма алып үйине кетти.

— Түнде үйде болмады. Гүмин шегип болып, айтып отырғанынды қара! Уай-ўай! ўай-аа-ай!!! Үстиңнен ақ патшаға арыз етемен. Мени де өлтир, ўай-ўай-ай! Түни менен жүрегим бир нәрсени билип еди-аў! Тири жетим еттиң-аў, бизди!

—Қысқарт!—деди, Глушановский әдеп не қылар дейсең дегендей кейип пенен. Бирақ, Зийнептиң қоятуғын түри жоқ, шарбаяланып, гә орысша, гә татарша сөйлеп, қарғысты үйип салды. Оның мененде турмай стол үстине тасланып қағазларды жыртып, сия-саўытларды ылақтырып бөлме ишин астан кестен етти.

—Жоғалың!

Еки әскер шашы уўдар-дуўдар болған Зийнепти алып кетти.

—Сен айт, бәленің бәрінен хабарың бар?—деди Айзадаға. — Болмаса, қаматаман.

—Билмеймен.

—Алдама.

—Бул ҳаял ҳақыйқатында да билмейди,—деди дилмаш Қожуров, Айзаданы аяп,—Кир жуўыўшы болып ислейди. Орысша саўатлы.

—Тимошенко, сен сөйле!

—Ҳуснатдинди билемен. Бирақ қайда кеткенинен бийхабарман.

—Қазаньға кетти деген дурыс па?

—Билмедим...

—Сениң билмейтуғыныңқ жоқ. Сен ҳақыйқатын айтпасаң қамап таслайман.

—Мынаў Кочанов деген бе? Сеннен де гүманым бар?

—«Гуман ийманнан айырады» деген шығыс халықларының нақылы бар.

—Демек айтпайсызлар ғой!

—Билмесек нени айтамыз?!

—Мениң нени айтамыз?!

—Мениң қандай адам екенлигимди билесизлерме?

—Билемиз!—деди сөзин шорт кесип Тимошенко. Сизге елдиң, ҳүкиметтиң тәғдийирин тапсырып қойған ақыллы адамсыз.

—Мени алдай алмайсыз!

—Алдап отырғанымыз жоқ, ҳақыйқатында да сизден үмитимиз көп.

—Сол үмитлерди жақсылап билиўиниз ушын Тимошенко сени, Кочанов сени ҳәзир қамайман. Әскерлер апарып тюрьмаға тапсырың! Мениң рухсатымсыз шығарылмасын! Әскерлер Тимошенко менен Кочановты алып кетти. Тюрьмаға тапсырды.

Бекмурат пенен Айзаданы қайтарып жиберейин деп атырғанда Глушановскийдиң қыялына жаман ой келди.

—Сен қатын, штабты жуўып кет! Сен неге кетпей турсаң?—деди Бекмуратқа.

—Кетемен!—деп Айзадаға «усыманларда боламан» дегендей ымлады.

Глушановский Айзадаға: штабты жуўып, есикти илип, гилтти мынаманға қойып кетесең» деди ҳәм фаэтонына минер алдында «бүгин штабқа дежурный керек емес» деп әскерлерди қайтарып жиберди.

Айзада жайларды жуўып болған ўақта Глушановский сан ете қалды. Айзаданың жүреги суў ете қалды. Глушановский жыллы шырай менен күлимсирей көз таслады Айзадаға.

—Жуўып болдыңыз ба?

—Аўа!

—Рахмет! Мында келип отырыңыз. Мен сизге жақсылық етпекшимен.

—Қалай?

—Жақсы жумыс беремен. Саўатыңыз бар ғой.

—Ҳаўа, оқығанман.

—Неге кир жуўып жүрсиз?

—Илажсыз.

—Рус тилин билесизбе?

—Билемен. Руслар менен көп жүргенмен.

—Сизди тергеўши етемен.

—Кимге?!

—Патшаға, ханға губернаторға, байға, ҳәкимлерге қарсы шыққанларды тергеўге қатнасасыз.

—Қолымнан келер ме екен? — деди ишинен қуўансада.

—Өзим жәрдем етемен.

—Мениң қандай жерлерге араласыўға ҳақым болады?

—Барлық заводларға, армиялар арасына, барлық пароходлар менен кемелерге, ҳәттеки тюрьмаларға кириўге, оларды тексериўге ҳуқық беремен.

—Өзиңиз жәрдем берсеңиз?

—Өзим жәрдем беремен. Мениң айтқанымнан шықпайсыз...

—Көрейик...

—Ертең азанда арнаўлы түрде тергеўшиниң кийимкеншегин, жаў-жарағын ҳәм буйрық аласаң.

—Әжеп болады. Хош болыңыз!

—Хош болыңыз!—деп Глушановский Айзада менен хошласты.

Штабтан шыққан жерде қарсы киятырған Бекмуратқа, алдыға қарай кетебер деп ымлады.

— Жаманлық қылама деп оғада қорқып едим, жақсылық болды.

—Не, не болды?

—Мени тергеўшилик жумысқа орналастыратуғын болды.

—Тергеўшилик?! Я қудай!.. — деп қуўанып кетти Бекмурат.

Айзада Бекмураттың үйинде қалды.

Ол көзин ашып көрпесин серпип жиберсе, тан атып кеткен екен. Бети-қолын жуўаман дегенше күндегиден ерте турған Бекмураттың ҳаялы чайды демлеп, азанғы ҳалқасты ҳәзирлеп, дәстурхан жайып таярлап қойды. Алқасты жеп, чайды ишип болған Айзада штабқа кетти, ал Бекмуратқа тюрьмадан хабар алыўды тапсырды.

Штабқа барған Айзада дежурныйдан зордан өтти. Иште горнизон начальниги, прокурор, штаб хызметкерлери бар екен. Глушановский Айзаданы таныстырды. Ҳәммеси қайыл болып келисим берди. Бир ҳаял киси Глушановскийдиң буйрығы бойынша Айзаданы алып кетти. Екинши жайға киргизип тергеўшиниң кийимин кийгизди. Қалың қолаң қара шашты өрип қайырып таслады. Тергеўшиниң кийимин кийген Айзада бурынғыдан бес бетер сулыўланып кетти...

Бүгин бийлер, завод ийелери, ири саўдагерлер, байларды шақырып ҳәзирги қозғалаңлар туўралы түсиник бериўди ойлаған Глушановский Айзаданы да қасына отырғызды. Барлық адамлар таң қалды. Әсиресе, Әмийнов қаяқта көрдим деп лал болып қалды.

—Бурынғы тергеўшимиздиң тарийхын сизлер билесизлер. Сизлерге бойсынбағаны ушын орнынан алып, қуўып жибердик. Айзада Алламуратова халықлық оқыўды тамам қылған. Билимли, шаққан, өткир зейинли, Бизлер бул қызды тергеўшилик хызметке алдық. Сизлер бул қыз болса, мойсынсыныў менен мениң атымнан болған буйрығын орынлайсыз!! Глушановский келеси мәселеге өтти...

Арал теңизине жүк алып келген «Царь» пароходы менен Шымбайға кеткен кеме жүк апарып тағы жүк жүклеп қайтып келди. Тимошенко менен Қочановты,

Хуснатдин абыйдың зайыбы Зийнеп ханумды қамаққа алғанлығын еситти.

Қасьяненко менен Луценко «Волга» баржасы менен «Царь», «Цезаревич» пароходындағы матрослар менен үлкен кемелердеги салдаўшылар менен жасырын сөйлести.

—Бизиң досларымызды қамап таслады. Қонысыма от тийди, маған не зыяны бар деп қарап турма. Ол өртten шыққан ушқын, сениң де жайыңды өртеўи мүмкин деген. «Сол ушын «қыямет күни қонсыдан»—деп өртенген жайын өшириўге тепериш қатнасыў керек. Оларды бүгин қамаса, ертең бизлерди қамайды. Бүгин оларды атса, ертеңине бизлерди атады.

—Қозғалайық жолдаслар! Досларымызға дәрман берейик! Тюрьмадан азат етейик! Бүгиннен баслап барлығыңыз үйлериңе кетиңлер! Иске шықпаңлар! Пароход пенен кемедеги затлар түсирилмесин!—деген Қасьяненко менен Луценконың сөзине түсингенлер бирим-бирим үйлерине тарқады.

Пароход пенен кемедеги жүклер көп күнлер түсирилмеди. Оның орнына күнде азанда-кеште пароходлардың үзликсиз гудоги еситилетуғын болды. Бул тревога еди.

Оны еситкен Глушановский әскерий гарнизонның әскерлерин жыйнап дәрья бойына келди. Келип қарасa, пароходта ҳеш адам жоқ, жүклер түсирилмеген гудокты еситкен халық дәрья бойына тағы не болды, не бәле болып қалды деп ғаўырласып топарласып келип қалды. Бирли-ярым әскерлерди алып қалды да, басқаларын матросларды, салдаўшыларды үйлеринен зорлық пенен алып келиўди буйырды. Жыйналған халықларға Глушановский айбарақ урды. Бақырды. Сөкти, масқара қылды. Халықтың буған ашыўы келди. Глушановскийге қарай бирден топылды.

Глушановский менен қалған әскерлер де халыққа мылтық гезеңип қорқыта баслады. Жаў-жарақтан тарынған халық кейин шегинди. Сол заматы: әскерлер, матросlар менен салдаўшыларды үйлеринен зорлық-зомбылық пенен қорқытып алып келди. Халықлар тағы да көбейди. Барлық рабочийлар, матросlар, әскерлер, салдаўшылар толық жыйналды. Ашыў-кеги бетине шыққан Глушановский:

– Жүк неге түсирилмеген?!—Жуўап берген жан болмады.

—Ей, Касьяненко, сөйле, жаныңның барында! Атын таслайман.

— «Билимсиз бирди, билимли мыңды жыгады» деген гәп бар, бизди атып қыйрата алмайсаң!

—Көп былшылдама! Жүк неге түсирилмейди?

—Айтайын! Тыңла, халайық! Зорлық-зомбылық күшейди, халықлар, оның ишинде матростар, салдаўшылар, әскерлер, рабочийлар езилиў менен қорлықта, азап-ақыретте жүр. Бийгүна адамлар тюрьмада жатыр. Халықты езип, еңиретиўшилик күшейип кетти. Жумыс ўақтын қысқартын, маянаны күшейтесиз! Тюрьмадағыларды азат етесиз! Мынаған қараң! Қанша гүнасыз халықты атып тасладыңыз. Бизлер ислемеймиз, жүкти өзиң түсир!

—Әскерлер таярланыңлар!—деп бақырды сиясат менен Глушановский.

—Жасасын халық дослары—солдатлар!—деди Касьяненко.

—Атыўға таярланың!

— Сизлер ата-аналарыңызды қалай атасызлар! Сизлер халық перзентисизлер! Халықты аяңлар! — деген даўыслар жаңлап кетти. Барлық халық және Глушановскийге топылды. Әскерлер Глушановскийдиң буйрығын орынламады. Халыққа болысты. Халық жәнжақтан Глушановскийдиң буйрығын орынламады. Жән-жақтан Глушановскийди искенжедей қысты. «Тимошенко менен Кочановты, Зийнеп ханумды азат етиң ҳәм ҳәзир усыманға әкелдирмесең сени дәрьяға атамыз деп халық шаўқым шығарды. Глушановскийлы әскерди тюрьмаға жиберди. Атлы әскер келмегенше тарқаспады. Тимошенконы, Кочановты, Зийнеп ханумды айдап алып келди.

Тимошенконы, Кочановты, Зийнеп ханумды матростар, салдаўшылар, халықлар қушақлап көрисип, апақ-шапақ болып қалды. Халықлар көрискен ўақта Глушановскийдиң фаэтонына минди де, хайт қойды. Адамлар изинен топырақ шашып, нәлетлер оқыды. Глушановскийдиң атып өлтирген адамларын халық қолмақол көтерип үйлерине алып кетти.

Штабқа келген Глушановскийди Айзада күтип алды. Глушановскийге ашыўлы еди.

— Тергеў керек! Асыў керек! Атыў керек! — деди Глушановскийқатты ашыўлы.

— Дурыс, душпанды аямаў керек. Бирақ, сиз қатты ашыўланбаң. Мен ҳаял адам болсам да сизиң көп жасаўыңыз ушын бир-еки аўыз сөз айтайын. Мени сиз дурыс түсиниң.

— Тыңлайман, — деди бираздан кейин.

— Бизлер сиз бенен қала ҳәм аўылларды, завод пенен пароходларды көрдик. Аўҳалдың жаман екени мәлим болды. Қанша мийнет қылса да айына 14 манаттан артық ақша ала алмайды. Төлейтуғын салғырты, алатуғын айлығынан жүз есе артық. Оның үстине жәбири жапалақ... Туўған жерден, туўысқан елден айырылыўшылық. Тән жазасы. Өлим жазасы.

Сиз уллы рус халқының перзентисиз. Сизде уллы рус халқының жүреги, мийрим-шапааты, терең ақылҳуўшы, рус халқының мәртлиги бар деп ойлайман. Халық ҳәзир жанып турған от. Сиз сол отқа өзиңизди гүбелектей урып атырсыз. «От пенен суў бәлеңнен сақла» дегенди есиңизден шығарғансыз. Мен көп үгитлеп кеттим. Бул гәплердиң барлығы да сиз маған сонша исеним билдирилгеннен соң айтылып атыр. Адамлар тыңламаса басқаларды, бизлерди жумсаң, орынламасақ бизлерди азаплаң!

Сиз дәрриў қамаққа алыўға, атып-асып өлтириўге қумарсыз! Биринши жағынан бул әдисиниз—өзиңизге, жумысқа, завод-фабрикаға, халыққа, ҳүкиметке зыян. Ис тоқтап қалды. Олардың қайсы бирин қамап, атып жоқ қылыў мүмкин?

— Рахмет! — деп сөзин даўамлайын деп атырғанда еки әскер асығып ҳаплығып жетип келди.

— Шайық-Аббас Ўәлий тоғайында қозғалаң көтерилип, бажбанларды халық қырып таслапты. Әскер сорайды.

— Сиз пароходларға барып тергеў жүргизиң! — деде, Глушановскийәскерий гарнизонға қарай фаэтоны-на мине шапты.

Глушановскийдиң: «пароходқа барып, тергеў жүргизиң» дегенинен пайдаланған Айзада пароходқа барып Тимошенко менен Кочановты азат болып келгени менен қутлықлады. Барлық дослары Айзаданы хызмет орны менен қутлықлады. Дослар дийдарласып, тийкарғы ислер ушын ойласып отырып план дүзди.

Завод ийелери менен байлар да Глушановскийдиң ҳәркүни қайда баратуғынын, не қылатуғынын, жолын аңлып турды. Көреғойса жолына паяндоз болып, қол қаўсырып, фарманын күтти. Көз ушында киятырғанын көрсе, алдынан кесе өтпеди.

Булардың барлығын сезген Айзада Тимошенко менен Кочановтың үйретиўи, оқытыўы бойынша көп мағлыўматларды алып келген еди. Бастан-аяқ қалдырмай сөйлеп берди. Тимошенко менен Кочановтың ең жақсы жери ким нени айтса, қағазға жазып алмас еди. Барлығы қулпы тасқа жазылғандай ядында қалатуғын қатты-қулақ адамлар.

Әмиўдәрья бөлими бойынша төрт мың бир жүз десятина, Шымбай участкасынан елиў үш мың десятина сексеўиллик тоғайларды ҳүкиметтиң меншигине бериў ҳаққындағы буйрығын көрдим, — деди ол.

Оның үстине Шоқай, Қусбеги атаўы, Назархан тоғайы, Қотан көл, Бадай, Саманбай, Шортанбай, Шағал тоғайы, Досан басыў, Шатлы, Нөкис тоғайы, Қуўаныш жарма, Көк шийел, Қусхананың таўы, Ўәйис, Бекбай тоғайларының барлығы ҳүкиметтиң қараўына халықтың қолынан кириссиз тартып алынып атыр. Бул әлбетте халық қыйын аўҳалда қалдырады. Хәкимлердиң, бажбанлардың рухсатысыз тоғайға жарлылардың кириўге, мал жайыўға, отын ушын шаўып, алыўға ҳақысы жоқ.

Глушановскийдиң жоқарыға жиберген қупыя мағлыўматына қарағанда қысқа ўақыттың ишинде қырық төрт революциялық группа ҳәм кружоклар сапластырылған.

Еки жүз алпыс алты революционер жуўапқа тартылған. Еки мыңға жақын прокламациялар менен баспаханалардың үскенелери талқан етилген. Темир жол рабочийлериниң аўқамы қыйратылған. Мен бул мағлыўматларды бизлердиң сақ болыўымыз ушын айтып отырман, — деген Айзаданың сөзин Тимошенко менен Кочанов қатты қуўатлады:

— «Император НиколайII» пароходы келгенин билдиңиз. Усы пароходтағы өзимиздиң Қурбаннан РСДРП Чаржоу группасының баслығы Дмитрий Дмитриевич Головяшкин көп листовкалар менен газеталарды берип жиберипти. Хат жазыпты.

Тимошенко менен Кочанов пароходқа келип кеткенинен еки күн кейин Айзада 18-атқышлар батальонының солдатлары менен жасырын ушырасқаннан соң үлкен тарийхый ҳәдийсе болып қалды. Пароходтың штабс капитаны Шлефендорф пенен матрослар, солдатлар арасында «ўақыт болды, ислеймиз» деп жәнжел шығарыў, соңынан қозғалаң болды.

Бул Тимошенко менен Қурбанның матросларға, солдатларға таратқан листовкаларының үгит-нәсиятларының ақыбети еди.

— Бизге сегиз саатлық ис керек! Айлықты көбейт! Зорлық-зомбылық жоғалсын! Адамның азатлығы ушын гүресиң! — сүренлери жаңлады. Қан төгиспе, қырылыспа болып халық зорға тарқасты.

Ең ақырында командирлер менен ҳәкимлер солдатлардың қызғынлы қозғалаңынан қорқып солдатлардың талегин орынлады. Буннан кейинги жылларда да матрослар менен солдатлардың, салдаўшылар менен рабочийлардың қозғалаңлары болып турғаны менен мийрим-шәпаатсыз Глушановский халықты қысыў менен зорлық-зомбылықты бурынғыдан да бетер күшейтти. Бүлгиншилик бетер жаман болды.

Бирақ, шашыраған ушқынлар кем-кем тутасып, өрт болыўы ҳеш кимде гүман қалдырмаған еди.

Жетинши бап

ЖЕКПЕ-ЖЕК

«Ойнақлаған бүзаў от басар!» *нақыл.*

Айзаданы ертип Шымбайға келген Глушановский оны ҳеш қайда жиберместен Қәлимбет Асқаров пенен Тенел Әллековлардың ҳәкимлерге қарсы қылмыслы ислерин бүгин шешиўди буйырды. «Түрмехананың ишинен шықпайсаң, шықсаң, қылмыслылардың адамы көп, олар қозғалаң шығарады» деп қатты буйырды.

— Ҳеш болмаса ата-анамды көрейин!

— Шымбайда бираз ўақыт қаласаң, сонда көресең. Буйрықты бежер!

Ашыўлы түрде фаэтонға минген Глушановский Маталақтың аўылына ҳайт қойды. Жүз ойланып, мың толғанып Айзада бийлаж тюрьмаға барып тергеў исин баслады. Тюрьма начальниги Айзаданы әўел мен-

синбей, соңынан ҳүжжетин көргеннен соң бирдек жылпылдап, жағымпазлық етти. Бир жайды берди. Тексериўге тийисли адамларды бирим-бирим әзи шақырып берип турды. Тексериў басланды.

— Қәлимбет Асқар улы, сиз не ушын тюрьмада жатырсыз? Бастан-аяқ айтып бериң?

— Ҳаял адамның алдында ер жигиттиң бултарып, өтирик сөйлеўи нәмәртлик болады. Мен усы ўақытқа шекем өтирик сөйлеген емеспен. «Дәлиден дуўрыхабар» дегендей дуўрысынан айтып ҳақын сөйлеўим керек. Оның үстине сиз маған «Сиз» деп ҳүрмет пенен сөйлединиз. Мен усы жасыма келгеншелли бундай ҳүрметли сөзди еситпеген едим. Астым жер, үстим тепки еди...

— Нәўбетши, — деп даўыслады сыртқа Айзада.

— Ләббай!

— Бир стакан суў әкелин!

Қәлимбетов суўды зорға ишти.

— Сөйлей бериңиз!

— Мәселе былай болды: Мен Маталақ бай дегенниң өмирим бойы Шымбай қаласындағы ийелигинин дийханы едим. Жыллар бойы оты менен кирдим, күли менен шықтым. Бул бай саўда менен де, дийханшылық пенен де шуғылланады. Мен он жыл есигинде жүрип, көк тийин алған емеспен. Азабына шыдамай ақырында қаштым. Бизлер қашып кеткеннен соң бизиң аўылда жетим болып өсип қол ушын талап етип жүрген Айжарлы адам, қырық, қатын, қырық еркек болып, «Қуўлы көл» деген жерге салысын егип атыр деген ди еситтим. Оларда мен көрген қорлықты көрди.

Мың айтқан менен ел басқарып жүрген ел басшысы ғой, қуласам бийиктен қулайын деп Қулен болысқа қарай қаштым. Қулен болысқа да дийхан болып алдым. Дийханлары менен ерте турып, кеш жатып, қайтпастан хызмет қылдым. «Жәлладты көргенде қанхорды қурдасым дерсең» дегендей қамшыдан қашып, жаўынға тутылдық.

Қулен болыстың малы Арал әтирапын жайлаған, жер жәҳәнге сыяр емес. Қуленниң әкеси Зайратдин, соң Зайыр атанып кеткен шириген бай екен. Орынбор, Мәскеў—Макария, Чаржоуға, Ашхабад—Марыға, Иран, Иракқа, Ауғанстанға балық пенен шийки затсаттырып байып кеткен,

Қулен ақырында Таллыққа болыс болды. «Болыс болсаң адам жерен, абырай ақсақал болғаның» деген нақыл сөзлер Қулен болыстың қанқумарлық дәўиринде шықты. Мен келгенде Қуленниң он алты қатыны болды.

Он алты қатынның ишинде қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз, тәжик, татарлар да бар. Қатынларының барлығы жутып жибергендей сулыў, парасатлы, терең ақыллы, адамгершилиги басым қатынлар еди. Қуленниң есигинде жүрген бизлер — дийханларға, балықшыларға, шопанларға ғамқорлық етип турар еди. Иши писип зериккенде, әлпи алысқанлар менен ойнап-күлип маўқын басып кетер еди.

Сонша дийхан, сонша балықшы, шопанлар, ойласып-кеңесип не қылларымызды билмедик. Бир күнлери баяғы Маталақтың есигинде қырқ қатын, қырқ еркек болып еңбек еткен Айтмурат Шымбайдан Арал теңизиндеги Тоқпақ атадан Залевский менен Бобровский деген орыслар келди. Булар бирин-бири таныйды екен. Олар азатлық туўралы бизге ўаз оқып, көзимизди ашты. Бизлердиң басымызды қосып сөйлесип, олар сол күни Тоқпақ атаға қайтып кетти. Айтмурат бизлер менен қалды.

Қулен болыстың Қопа көл деген жеринде салы егип атыр едик. Бир күни Қулен келип аўырып иске жарамай атырған Розмухаммед деген өзбек жигитти атқа бастырып урып, өлтирип кетти. Бизлер қашқан Қуленди қуўып услай алмадық. Шымбай участкасының приставына арза бердик. Иске шықпадық. Розмухаммеддиң денесин көмбедик. Бир күни атлы әскери менен Шымбай участкасының приставы Корнилов өлини көриў ушын келди. Тексернў иси болыўдан-ақ «өзи аўырып өлипти» деп ҳүжжет дүзип кетпекши болған Корниловты қоршап алдық. Жибермедик.

Таллық болысының екинши аўылынан Теңел Аллеков жыйналған халықтың атынан «Ибадулла Дәўлетназаровты ақсақаллыққа сайлағанына ырза емеспиз, қайта сайлаў керек» деп талап қойды. Бул талаптан бас тартқан Корнилов Қулен болыс Зайыр улы Худайшукиров халықларға қарап бақырып:

— Тарқаңлар! — деп айбат шекти.

Демниң арасында еки жүзден артық аламан жый-

налып қалды. Корнилов пенен Қулен болысты қоршап алды. Бизиң өтинишимизди орынламағанша жибермейміз деп қалшыйып, қарсыласып турып алдық.

Бизлердиң арамызда қуўғынға түскен қасқырдай Қулен менен Корнилов қасындағы адамлары менен солдатлары жән-жаққа урынып еди, шыға алмады. Қатты қорған болып турған халық қасарысып қатып қалды.

— Приставты урың, аяман!

— Болысты өлтириң!—деген даўыслар жаңлап кетти. Әллен ўақыттан кейин болыстың кәндидаты (орынбасары) Халил Дәўлетназаров қашып қутылды. Бул ҳәдийсеге аўыллардағы ғаррылар менен жасы үлкенлер, молла-ийшанлар араға түсип, Корнилов пенен Қуленди зорға босатты.

Қозғалыстан кейин тексериўлердиң ақырында он тоғыз адам тутқынға алынды. Ол он тоғыздың ишинде Нурлыбай шайыр да бар. Булар Петро-Александровск тюрьмасына айдап жиберди. Бизлер тюрьмада бес ай жаттық. Халықтың, аўылласларымыздың қатты талаплары бойынша бизлерди азат етти. Полициялардың қадағалаўы астында жүрсин деп буйырды. Мен тюрьмадан Петро-Александровскте қаштым. Тағы қолға түсип атырман.

— Корнилов пенен Қулен болыстың ислери не болды?

— Халықтың қозғалаңы тынбады. Қулен болыстың зулымлығы халықты зар жылатқаннан кейин халық қәҳәрли түрде гүрести даўам етти. Ең ақырында Қулен болысты болыслықтан айдап салды. Корниловта хызмет орнынан босатылды.

— Сиз Айтмурат Атамуратовты таныйман дединиз бе?

— Таныйман.

— Соның басшылығы менен исединизлер ме?

— Аўа, олардың айтқанлары бизиң өмиримизге дуўры келди. «Жақсы сөз жан азығы» дегендей еки орыс пенен Айтмураттың айтқанлары бизлерге майдай жағымлы болды.

— Патшалық тәрепинен жазаға гирипдар болаcызлар.

— Не илаж бар?.. Қуданың өзи яр болсын... — деп Қәлимбе қатты ойланып қалды.

— Ҳәкимлерге қарсы шыққаныңызды мойынлап отырсыз ба?

— Қол менен ислегенди мойын менен көтериў керек! Халық хызмети ушын қурбан болсақ оннан артық мәртебениң неге кереги бар?

— Айтмурат Атамуратов қайда?

— Мени тутқынға алғанда ол Зайыр да бул — Қулен болыстың әкесиниң атына қойылған жер қалды.

— Оны да қамаўға алса қәйтесиз?

— Олар туттырмайды. Мәртликке ақыл қосылса, зинданнан да шығыўға болады.

— Не тилегиңиз бар?

— Халық ушын болса, ел тоқ болса, зорлық-зомбылық жоқ болса, бизлер азат болсақ жүзикке қас қондырғандай болар еди.

— Бүгин сизиң менен сөйлесиўди тамамлаймыз. Тағы да сөйлесемиз.

* * *

Маталақтың салқын сарайы.

Саялы бағдың ишиндеги ҳәўиздиң ғырра жағасы мурынның қанындай қып-қызыл ғалы гилем менен малынып тур. Бағдың кирер есигинен ҳәжетханаға барғанша алма, әнар, әнжир жүзимлердиң көшеме-көше созылған қыябанға шекем енсиз узын гилемлер төселген. Алтын жалатқан үлкен кроватьлар. Қатарма-қатар өз жарасығы менен қойылған. Бағдан узақлаў екинши ҳәўиздиң бойындағы қалың теректиң саясында қырқ қазан, ҳәрқыйлы ас-аўқат пенен бүлкилдеп қайнап тур.

Маталақ Глушановскийдиң келетуғынын билип, алдын ала таярлықты күшейткен. Сарайдың әтирапын ҳәм жолларды сыпыртып, суў сеўип, тазалатқан, аспазлар таяр тур. Биреў шашлик, биреў ислик, биреў төслик, писирип атыр. Биреў сорпа, биреў қуўырдақ, биреў палаў таярлап атыр. Биреў гөмме, биреў дөнбе таярлап атыр. Биреў баўырсақ пенен гөшли бөрек, биреўлер ишимликтиң ҳәрқыйлысын.

Ҳәттеки Шорахандағы пиво қайнататуғын завод

пиволарына шеккем бар. Дәўқара болысынан әкелинген қырдың сары қымызы да тур.

Алқаста деп қырқ қырғаўыл бир нешше бәдене, бир нешше мардан сазан, сүўен, ақ шабақ, ақ марқа, ылақларды алып келип, қыршып, тазалап, қуўырып қойған. Ақ шабақтан шашлықлар таярланып атыр. Бағдың ҳәр жериндеги жазда отыратуғын сыпаларға қурылған саяманлардың астындағы қәнеслерде бәдене-лер тынбастан пытпылдық атып сайрап тур.

Әлле қәйтип Глушановский аңға шығып жүреме деп аң тазысын, қырғый, қаршыға, ийтелгиси менен бир нешше қусшы менен мергенлерди арнаўлы үйлерге тарлап, бир нешше сәмен жорғаларды, байраққа, ылақ-қа шабатуғын атларды бақтырып қойыпты. Бир неше қошқарларды урыстырыў ушын қосақ-қосағы менен қошқарпазларға тапсырған. Оның үстине шабандоз-лар, палўанлар, масқарапазлар шетирек үйлерде тек буйрық күтип ғана отыр.

Бақсы, жыраўлар, қосықшылар, қоша дәсли жигитлер, хош ҳаўаз қызлар, назлы-нәзелимлер бир бағдың ишинде өзлерине пардоз берип, таярлық көрип, тәтәррикте отыр.

Глушановский не нәрсе қәлесе барлығы таяр.

Глушановскийдиң бири оң жағында, бири сол жағында отырған ағалы-инили Ванюшинлер. Оның оң жағындағысы жыллық табысы бир нешше жүз мың маната жеткен, шириген бай, саўдагер — Халмурат бай Қурбанов. Оның қасында тағыда Халмурат бай Хожамбердиев мардыйып отыр. Ол Глушановскийдиң қасында отырғанды әлле қандай бахыт деп ойлап, ишинен қудай талаға мың қәтле шүкиршилик етеди.

Шымыры денели, шаққан, зәбердес минезли, түрик ерин, исик қабақ, салпы қулақ Шыныкул Әллеков та әлле нәрселердиң қыялына батып, көз астынан Глушановскийдиң жүзинен көзин айырмай отыр. Қасқыр азыўлы, түлки минезли, домбай, қара сақаллы, ат жақлы аўзы кере қарыс Убайдулла саўдагер Камалов базда көз астынан урлап қараған болмаса әдеп пенен өзин сақлап отыр.

Асқарбай Ахмедов, Ережеп Тәжиқулов, Баймухамед Үстенов, Ержан, Қалжан деген бай саўдагерлер, ҳийлелик жол менен қалай Глушановскийден арзан затқа рухсат алып, қалай болғанда халыққа қымбат

баҳа менен сатар екенбиздиң жолында жулдыз гөзлегендей гезеклесип отыр. Жоқышқа тухым менен майды алып сатып, шириген бай болып кеткен, қобаға мурынлы, ат жақлы сақаллы, қалың муртлы, бир-бирине усаған Зайдел, Рубеньлар да Глушановскийден тағыда таўдай байлық тилегендей тым-тырыс, ишинен тынып отыр. Маталақ усы байлар менен саўдагерлерди Глушановскийдиң қасына қатарласып отырғызды да, болыс-бийлер, ақсақал менен ҳәкимлерди, молла-ийшанларды Глушановский отырған алтын жалатқан кроваттың қарама-қарсысындағы ҳәўиздиң арқа тәрепиндеги кроваттай етип исленген сыпада отырғызды.

Маталақтың саўдагер менен байларды Глушановскийдиң қасына отырғызғанының себеби: олар Маталаққа Глушановский келердиң алдында көп мыңлап ақшалар жаўдырды. Болысларға қарағанда булар бес-алты есе көп муғдарда ақша, дүнья-мал берген.

Қонақта отырған Глушановский ишимликтен көбирек симирип, тойыңқырап кетти. Көзлери урлықшы пышықтың көзиндей жайнап тур. Еки бетиниң алмасы қызғыш дөнип, он еки мүшеси босасып қара терге батып бир басылды.

— Музыка! Танец! — деп бақырды Глушановский мәсликтиң тәсиринен.

Демниң арасында гернай, сырнай шертилди. Саз шертилип, хош ҳаўазлар жаңлап кетти. Назлы жанлар ойынды баслады. Араққа тойып, пәрўайы пәлек болып отырғанлардың биразы ойынға қосылып кетти. Ойын қыза келе Глушановский де ойынға түсти. Қызық басланды. Масқарапазлар бир топар болып келип, көпшиликтиң кеўилин өзине аўдарды.

Қыз-жаўанлар менен жарыста, жигитлер менен қуўдаласа тынбай ойнаған Глушановский арақтан мийи айналды ма, неликтен де отырған орнына тентиреклеп барып қулады. Саз қосық, ойын бирден тынып қалды. Халықлар орнынан ушып турды. Ең алды менен Маталақ пенен Ванюшинлер Глушановскийди сүйеп, кроватька жайғастырып жатқарды. Глушановский оғыйын деди.

— Суў!!!

Мыс қуман менен қудықтың муздай суўы әкелинди. Глушановскийдиң жатқан жеринде еки адам басын көтерип, Маталақ оны жуўды.

Бираздан кейин басы жеңиллескен Глушановский қурылдап уйықлап кетти.

— Жигитлер, ана бағқа барамыз! — деп Маталақ мийманларды екинши бағқа алып кетти. Бир неше адам менен Халмурат бай, ағайинли Ванюшинлер Глушановскийдиң қасында қалды.

Ас-аўқатын екинши бағда жеген барлық мийманлар:

— Ертең сөйлесермиз! — дегеннен соң барлығы аўылларына қайтты. Маталақ Глушановскийдиң жатқан бағына келди. Халмурат бай, Ванюшинлер, Маталақ таң атқанша уйықламады. Аз-аздан арақ ишип төртеўи екинши кроватьта отыра берди. Таң да атты. Глушановский орнынан турды. Отырғанларды көрмей, ҳәўизге бир қарады да, кийимлерин шешине баслады. Халмурат бай Ванюшинлер, Маталақ отырған жерлеринде көрмесин деп тасалады... Тырдай жалаңаш шешинип ҳәўизге таслады. Әллен ўақыт шомылды. Жалаңаш сүртинип турған Глушановскийдиң үстине Толғанай менен Қурбанай кирип келип, ан-тан болып турып қалды.

— Проходите! — деген Глушановскийдиң даўысын еситкен қатынлар:

— Өйбей маңлайым-ай...! Ҳаўызды ҳарамлады ғой! — деп жалт берип шығып кетти.

Бағана Толғанай менен Қурбанайға ерип келген Қулбайдың қара төбетинде Глушановскийге таңланғандай қарап турып қалған еди. Қара төбеттиң үлкенлиги қара ешектен кем емес. Кишкентай күшигинен баслап байлаўда турғаннан соң оғада қабаған. Шоңқайып отырған қара төбет Глушановскийдиң көзине бир түрли көринип кетти. Жақынлай берип Глушановский ийтти еркелетпекши болып умтылғаны сол еди, төбет бирден тап берди. Глушановский ийттиң түрин жаман көрип, бирден қашты. Ийт қуўып қалды. Глушановский қорқып кроватьтың қасына барыўдың орнына ҳәўизди айланып қашты. Ийт ҳәўлириў менен изинен қуўып, қабыўға ҳәрекет етти.

Жалаңаш Глушановский ҳәўизди айланып қашып жүр. Қара ийт қуўысырып қуўып жүр. Ҳәўизди бир-еки айланып қашқаннан соң Маталақ пенен Халмурат бай, Ванюшинлер орынларынан ушып турды. Глушановскийдиң кейнинен қара ийт, қара ийттиң кейнинен булар төртеўи бирден қуўа баслады.

Сырттан қарап турған Толғанай менен Қурбанбайға жалаңаш адамды ийт қуўып, ийтти бир топар адамлар қуўып жүргенлери күлкили көринди. Аңы қашып турып қалған Толғанай менен Қурбанайға Маталақтың көзи түсип:

— Танып алайын деп турсызлар ма? — деп бақырды.

— Нени?! — деди түсинбеген кисидей Толғанай.

— Начальниктиң...?

— Қойшы... Саған не болды?

— Кетиңлер! — деп жуўырып жүрип бақырып жүр. Маталақ.

Толғанай менен Қурбанбай «жулып жеседе мейли» деп бағдан шықты. Солайда еки көзи тынбастан қашып жүрген Глушановскийде болды. Қара ийтти қуўған адамлар көп ўақытта зорға айырды.

Маталақ қара ийттиң мойнынан қушақлап; зорға деген де кетегине апарып байлады.

Ҳаплыққанын баса алмаған Глушановский суўық демин алыў менен жатқан кроватына бойын таслады. Халмурат бай нәзерин жерге қаратыў менен көйлек-ыштанын алып барып берди. Тырдай жалаңаш жатырған Глушановский асықпай, ақырын кийинди.

— Кимниң ийти? — деди кийинип болған Глушановский ҳаплығын зорға басып. Даўысы қалтырап шықты.

— Меники... Жоқ, қоңсының ийти. Атып тасла... — дедим, — деди қалтырап-қақсаўы менен сөзин бөлип-бөлип сөйлеген Маталақ.

— Атпа! Алып кетемен! Жақсы ийт! — деди Глушановский Маталақтан дуздай көзин айырмай.

— Әжеп болады! — деп Маталақ қуўанып қоя берди. Қасындағылар да қуўанып қоя берди.

Төртеўи де тым-тырыс. Әллен ўақтан кейин Ванюшинлердиң: — «Бетин-қолын жуўдыр» — деп сыбырлап сөйлегенинен кейин Маталақ шалтлық пенен үйине кетти. Толғанай шылапшынды, Қурбанай мыс қуманды көтерип, Маталақ сүлгини алып жетип келди. Ванюшинге сүлгини берди де, Маталақ шалтлық пенен шығып кетти. Барып, өз қолынан қара төбетти орнына байлады. Ванюшин Глушановскийге бети-қолын жуўдырыўға келип турғанын хабарлады.

— Маржа Маталақ...?! — деп күлимсиреди Глушановский.

— Да...! — деди Ванюшин.

— Оба?

— Нет...

— Красивые женщины Черноглазые...!—Глушановский жалт-жалт қарап күлимсиреп бети-қолық жуўды.

Бети-қолын жуўдырып болған Толғанай менен Қурбанай артынан басып шығып кетти.

— Арақтың ақыры абырайға асылар,—деп ойлады Глушановский. Азанғы ашаўға екі жүз грамм ақ арақты жутып жиберди де, басқа ишпеди. Анда-санда сөйлегени болмаса, көп сораўларға жуўап та бермеди.

Маталақ менен Халмурат бай азанда арақ ишкен жоқ. Буларды Глушановский түндегидей етип зорлаған жоқ. Ал, ағайинли Ванюшинлер азанда да арақ ишиўдиң атасын таныды.

— Бизиң үйде қонып кетесең, өзим Петро-Александровскийге шекем шығарып саламан, болмаса болмайды,—деп Глушановскийдиң ояқ-буяғына шығып атыр.

Маталақ менен Халмуратқа тап усы керек.

Түс аўа Маталақ менен миймандар бағдың алдына шықты. Оларды қос арғымақ жегилген ғалы менен безелген бир пайтон күтип тур еди. Ол Глушановскийдиң өзи минип келген пайтонға уқсамайды.

Глушановский минип келген фаэтонға ылғый ҳасыл зат жүкленген еди. Көпшилиги ғалы гилем, қара көл, түлкиниң терисинен тигилген маўыты ишик, мапарман, қундыз жағалы тоң менен, қундыздан исленген бас кийимлер, Глушановскийдиң елтисине арнап тигилген биз өкшели қажары етиклер, алтын жалатқан самовар, чайник, мысқуманлар, алтын сырға, алтын билезиклер, ҳасыл моншақ, меруўерттен исленген түйме, шытақ, өңир моншақлар. Ҳәр ҳасыл зат айрықша бөлек салынған. Жанға жағатуғын, өмирге керек дүньяның барлығы дерлик сый-сарпайдың ишинде бар. Буны сезген Глушановскийдиң кеўли көтериңки, жүзи жайнап сала берди.

— Ханумлар қайда? Шақыр!!!

— Ҳәзир...

Толғанай менен Қурбанай шықты.

— Хош болыңыз! — деп қол алысып, ҳәр қайсысының қолынан бир сүйген ўақта Глушановскийдиң дукартлатып қойылған мурты Толғанай менен Қурбанбайдың қолларына тикендей шаншылып денелери түршигип кетти.

— Уллы рахмет!—деп Глушановский өзиниң фаэтонына қарай жүрди.

Ағайинли Ванюшинлер алдында өзлериниң фаэтонында, оның изинен Глушановский, оның фаэтонын Қулбай айдап отыр. Олардың изинен Маталақ, Маталақтың изинен Глушановскийдиң ат қосшылары Шымбайға қарай раўана болды.

Ағайинли, Ванюшинлер, Халмурат бай менен саўдагер байлар, қала ақсақалы Шымбайдың тар көшелери менен қараңғы көшелерин сыпырып, суў септирип, тазалатып қойыпты. Шымбайдың орайлық көшелериниң бири Көкши қаласынан Үйшилер аўылына қарай созылған. Көшениң бастан-аяқ усти бастырылғандай қараңғы көше деп аталады. Қараңғы көшениң еки жағында да саўдагерлердиң, шершилердиң, баззазлардың, баққалардың, ширешилердиң, гулалшылардың, қоразшы, жуўазшылардың, қурғақ жемис сатыўшылардың, айна-тарақ, ийнк, уршық, шарық сатыўшылардың дүканлары еди.

Көкши қаласы пахта тазалаў заводы менен май заводына қарай созылған қамыстың тынындай тар көшеде ылғый бояўшылар жайғасқан. Бул көшеде мөрешилер, бояўшылар, ҳәрқыйлы өнерментлер жасар еди. Қегейлиниң көпириниң күн батыс жағындағы көшени Үйши аўылы дер еди.

Шымбайдың дәл ортасы (ҳәзирги магазин менен қалалық клубтың турған жери) Кеппен базар еди. Пүткил ғәлле атаўлысының барлығы усыманда сатылады.

Кеппен базарынан ҳәзирги почтаға, мийманханаға шекемги аралықта ағайинли Ванюшинлердиң оғада үлкен ҳәм бийик, қалың дийўаллы салқын сарайы, қалаға қақ жарып турар еди. Шығысы Қаншайымның қудығы, қубласы Халмурат байдың гиддиман ҳәўлиси еди.

Шымбайдың барлық көшесин аралаған Глушановский ағайинли Ванюшинлердиң салқын сарайына фаэтоны менен үлкен бийик дәрўазадан кирип кетти.

Сарайға кириўден Глушановский Маталақ менен Қулбайды, кешеги ўәде бойынша болыс – бийлерден,

бай, саўдагерлерден, елден өндирилетуғын ақшаларды бүгин таярлаўға жиберди. Булар кеткеннен соң Глушановский Айзаданы шақыртып алды: — Ҳәзир аяқ-қолы кисепленген бир ғаррыны алып келеди. Ол оғада қәўипли, ҳәкимлерге, ел баслаған адамларға қәўипли. Сен тексерип көр де, гүнасын мойнына қойып, өз қолың менен атып тасла. Қыңырлық қылғанлардың гәллесин ал, мына тюрьмадағыларды Петро-Александровскиге жибер. Мен азанда кетемен. Сен бир неше күнге қаласаң. Бар, буйрықты орынла!

Ағайинли Ванюшинлер Глушановскийди журтлардан жоқары күтип алыў мақсетинде оғада жақсы таярлық көрген.

Олар ағалы-үкели болып, екеўи қәрежетти қосып жиберип таярланған. Ванюшинлердиң хожалығында жан көп. Оның қызлары, қарындаслары кирип-шығып жүрип-ақ Глушановскийдиң көзине оттай басылған. Сол ушын мәниссизлик пенен отырыў болмас, мәнислимағаналы отырыў керек деп ойлап, қасындағыларға өз қолы менен арақ қуйып ишгирип жиберди.

Шадлы, шаўқымлы отырысналар қызды. Ойын-күлки, саз шертиў, қосық айтыў, ойынға түсиў басланды.

Қас қарайып, ымырт жабылған ўақта миймандар Халмурат байдың сарайына қалай, келип, қалай түскенин толық билмей де қалды. Қызық-қызық пенен ағайинли Ванюшинлердиң екеўиниң де ҳаяллары, еки қарындасы миймандар менен фаэтонға минип Халмурат байдың үйине келди. Ванюшинлердиң қарындасларының екеўи де еле турмысқа шыққан жоқ. Ең үлкени Валентина отызға жақынлап қалды. Кишкентайы Люба оннан бир жас кишкентай. Булардың усы ўақытқа шекем турмысқа шықпаўының ең үлкен себеби — рус жигитлери жоқ. Ал, Ваня да, Люба да жергиликли жигитлерге ақ турмысқа шыққысы келеди. Ағалары қатты қарсылық көрсетип, қорқытып қойыпты.

Валя менен Люба жергиликли балалар ҳәм қызлар менен ойнап өсти. Рус мектеби болмағаны ушын кишкене ўақтынан-ақ жергиликли балалар менен өскенликтен қарақалпақ тилин жақсы биледи. Сол ушын байдың балалары менен бирге Қара ийшанның мешитине қатнап оқыды. Саўатын ашты. Арапша ҳәрип пенен жаза алады. Намазлығын биледи. Елтилер менен қосылып намаз оқыйды.

Валя жас ўақтынан-ақ Ванюшинлердиң пахта тазалаў заводында рабочий болып ислейтуғын Әбиштиң Кәриймулла деген баласы менен бирге өсип, бирге кәмалға келди. Валя Кәриймулланы, Кәриймулла Валяны жанындай жақсы көреди. «Жаслықта берген кеўил айрылмас бәле болар» дегендей булардың бул дүньяда айрылғысы келмейди. Әбиш бир еки мәртебе Ванюшинлерге «қуда болайық» дегенде заводтан қуўып жиберди. Кеширимсорап, зорға дегенде адамлардың өтиниши менен қайта кирип алды.

Соннан берли үндемейди. Ал, Валя Каримулладан еле қол үзбеди.

Халмурат байдың үйиндеги тамаша таң алдына шекем созылды. Валя кетип қалған соң әллен ўақыттан кейин Глушановский тағы мәс болып қалды. Глушановский мәс болып ессиз жатып қалғаннан соң басқалары да рухсат алып үйлерине қайтты.

Глушановский таңның қалай атқанын билмейди. Бир нәрселерден сескенгендей оянып кетти. Шешинбей жатқан адам, усти-басынан арақ пенен папиростың иси бурқырап тур. Еки шекеси зырқылдап мийи меңзен. Өз ойын өзи дурыс биплей алмайды. Еснеп, керилип-созылып турған Глушановскийдиң қасына Халмурат бай келди. «Воды... Пошли!» — деп Халмурат байдың қолынан тартып изине ертти. Кегейлийиң бойына апарды. Шешинди. Ишки кийимлерин шешкенде бай Глушановскийдиң аппақ денесинен көзлерин басқа жаққа бурып бир нәрселерди сылтаўлап турды.

Қомпылдасқан Шымбайдың байлары бүгин Глушановскийди шығарып салыўға жыйналды. Халмурат байдың салқын сарайының әтирапында арғымақ атлар пысқырысып, суўлығын шайнап тур. Ағайинли Ванюшинлер, Шымбай приставы Микельджан жоңышқа алып сатыўшы, Карнель, Зайден менен бирге Маталақ бай, Ибрайымбай, Хожамбердиев Халмурат бай, Шынықул бай, Убайдулла саўдагер, Асқарбай, Ережепбай, Баймухамед, Ержан, Қалжанбай, Таллық, Дәўқара, Көкөзек, Есим өзек, Нәўпир, Тазқара болыс—ақсақаллары, жас уллыларының барлығы жыйналған.

Глушановский пристав пенен екеўи келгенлерге бас иийип сәлемлести де, ишке кирди. Келгенлерден кешеги бойынша Халмурат бай ақша жыйнай баслады.

Халмурат байлардан жыйналған жүз мың манатты

алтын жалатқан кишкене ғана аршаға салды. Сөйтип, Глушновскийге тапсырды...

Қатты қуўанышлы Глушановский майданға шықты. Барлығының қолынан алды. Хошласты. Пристав Мисерип болып гүнакарларға: — патша, бай, болыс, ақсақал, ҳәкимлерге қарсы шыққанларға ҳүкимди өзи шығарады, — деп.

— Бизлер сизди Қаратаўға шекем шығарып саламыз, — деп Глушановскийдиң фаэтонының изинен ҳәмме дизилиўи менен ат шапты. Дода—додасы менен шабылған аттың шаңы Шымбай көшесин думандай қаплады. Глушановскийлер көз ушына кеткенде аржақтан Арал теңизинен шамал есип шаңды зым-зыя етти.

* * *

Ымырт жабылып, қас қарайған ўақта Айзада ата-анасын, көриўге тюрьманың тергеўге арналған кабинетинен шықты. Әтирапқа көз таслады. Тергеўшини қорықлаў ушын қалдырылған еки полицияға «кете бериң» дегендей рухсат етти. Олар өз жайларына кетти. Айтмураттың не ушын кешиккенине бийтақат болды. Кешеги ўәде бойынша Глушановский кеткен күни кешке Алламурат пенен анасы Арыўханды көрип қайтыўы керек еди.

Глушановский менен келгеннен берли ата-анасын көриўдиң ҳеш қандай илажын таппады.

Ата-анасын көрмегенине қанша қыйналса да еки күнниң ишинде еки жүздей адамның делосын қолдан өткерип, Глушановскийге жуўмағын берип жибериўге туўра келди. Айзада бүгин үшинши түн уйқы көрместен ислеўи.

«Еки жүздей» ел бүлдиргип бузақылар, ҳәкимлерге қарсы шыққанлар, Қулен болыс пенен Милеевты орынан босатыўға қатнасқанлар, Көк өзек, Таллық, Дәўқара, Тазқара болыслықларындағы жергиликли ҳәкимлерге патшашылықтың, хан әмирлериниң езиўшилик тәртибине қарсы шыққанлар, ҳәрқыйлы салықты төлемеўшилердиң барлығы усы еки жүз «ел бүлдиргишлерге» киретуғын еди.

Айзада солардың отыздан асламын «гүнасыз, тийкарсыз қамаўға себеп жоқ, жумыс қозғаўда да себеп

жоқ. Буларды қылмыслы деп қамаўға болмайды» деп азат етиўге уйғарды ҳәм Глушановский менен келисип, бағана күндиз тутқыннан азат етип жиберди.

Шабарманлар бир ғаррының еки қолынан арқан менен керип байлап, тентиреклетип алып келди. Қолын шешип еди, ғарры сылқ етип қулады. Еки қолтығынан еки жигит көтерип Айзаданың кабинетине ала кирди. Отырғышқа сылқ еттирип отырғызды. Бети-аўзын қан менен топырақ басқан. Адам танып болмайтуғын ғаррының Айзада өзиниң әкеси Алламурат екенин дәрриўақ таныды.

— Бул не? — деп сорады Айзада сыр билдирмей.

— Күйеў баласын жасырғаны ушын Қулбай аға қан қақсатып сабады.

— Күйеў баласы ким екен?

— Айтмурат Атамуратов деген ел бүлдиргиш.

— Болады. Сизлер қайта бериң. Хабар өзимнен болады. Қулбайға айтың «ғарры өлимге буйырылды».

— Әжеп болады! — деп еки жигит шығып кетти.

Жигитлердиң кетиўи де сол екен, зорға турған Айзада әкеси Алламуратты аймалап қушақлады. Қанлы бетинен бетин тийгизгени сол еди, көзинен моншақ-моншақ ыссы жас сорғалады.

Қатты қушақлап көзинен жас төгип турған меҳрибан қызды Алламурат көриўге қуштар болып бар пәрманы менен көзин ашыўға тырысып еди, аша алмады.

— Кимсең, меҳрибан?

— Айзадаман.

— Айзада?..

Қызым, жулдызым, баўырым! — деп отырған жеринен жотасын Айзадаға сүйеп, оны қушақлап зарлап қоя берди.

Ботадай бозлаған ата менен қыздың қасына Айтмурат жетип келди. Әллен ўақыттан кейин Айзада өзине келди.

Айтмурат ағамды алып булманнан тез кетейик.

Айтмурат Алламуратты арқалады. Айзада есиктиилди. Музапаттың жайының батыс жағынан, Кегейлиниң бойындағы қалың теректиң арасы менен барып Кеппан базарының қасындағы Кегейлиниң паяпылынан өтти. Үйшилер аўылына қарай жүрип, Каримолла Әбишевтың үйине келди.

Каримолла Әбишов-ақ бозлақтан келген, қыйқаш

қаслы үлкен көзли, арықлаўдан келген нәўше жигит еди. Айтмурат Петро-Александровсктен келгеннен берли тек усыманға жасырын келип кетеди. Анаў күни Айзадаға жазған хатында да «егер табаның Шымбайға тийсе, Сабыр үйшиниң қоңсысы Каримолла Обишовтың үйи бар. Соған кел!» — деп жазған еди. Сол үшын Айзада да кеше келгеннен берли усыманда болып атыр.

Айзададан, Айтмураттан азда болса тәлим алған Кариймолла Шымбай саўдагерлерине қарсы пикир айда болды. Кариймолла аға-инили Ваюшинилердиң қарындаслары менен Қара ийшанның мектебинде оқыйды. Сол қызлардан орыс тилин үйренди.

Айзада менен Айтмурат Кариймолла менен түўысқанындай табысып кетти. Айзада да, Айтмурат та Каримулланы ҳәкимлер елестирмегени үшын көп тапсырманы усы Кариймолла арқалы билип отырады.

Глушановский кеше келип кеткенинен бастан-аяғына не ислеп, не қойып жүр, кимдикинде қай күни қонақта болды. Не алды, не сөйлести, — барлығын Кариймолла арқалы Айзада билип отыр. Былайынша айтқанда Айзаданың Кариймолла оң қолы болды.

Бираздан кейин ғарры өзине келип гәп баслады.

— Сизлер кеткеннен берли жыламаған күним жоқ. Апаң менен екеўимизди Маталақ пенен Қулбай көрген жерде бир сабамай, урмай, естен тандырмай кетпеген күни болмады. Баяғы қырқ қатын менен қырқ еркектиң көпшилиги аўыр азаптан қашқан еди. Ҳәкимлер ге айтып тағы алдырды.

Айтмуратжан түнде келип кетсе де, ишимизде биреў айтып барған ба, «Айтмурат түнде келип жүреди екен, соны таўып бересең, таўып бермесең өлтиремен» деп аяқ-қолымды темир шынжыр менен тусаўлады. Өлгенше урды. Естен тандым. Көзимди ашсам еки атлы қолымды керип байлап алып киятырғанын сәл-пәл сездим. Анаңды да алып кетти.

— Ой, ғәрип анам!

— Оны азат қылыңлар!

— Анаў жасырып қойған маузерди алың. Сабыр ағаның еки атын сорап алып«Қуўлы көлге» барамыз— деди Айзада. Ертең кеште ҳәммеси балта, бел, кетпен, шоқмарларын алып таяр турсын. Маталақ пенен Қулбайды шақыртамыз. Қозғалаң көтеремиз!

Кариймолла менен Айтмурат Сабырдың еки атын сорап минип «Қуўлы көл»ге кетти.

* * *

Тапсырманы питкерген Айтмурат пенен Кариймолла таң алдында қайтқан еди. «Қуўлы көл» деги күйиктиң отына өртенип отырған халықлар қәҳәрге минди. Адамлар ким шоқмар, ким таяқ, ким кетпен, ким бел, ким бир-бир балтадан таярлап қойды.

Айтмурат Айзадаға халықтың таяр екенин айтты. Айзаданың тергеўши болып келгенин еситип халықтың қуўанышы қойнына сыймапты.

Таң атты. Алламуратты Айзада аўқатландырды Ғаррының бурынғыға қарағанда тәўир-ақ ҳал-дәрманы енип, сана-сезими жайына түсе баслады. Айтмурат пенен Кариймолла да оянды. Ойласық көпке созылды. Қалай болған менен тексериўдиң бир жағына шығыўы керек. Маталақ пенен Глушановскийдиң қарым-қатнасының тығыз екени, Айзадаға үлкен ҳәм аўыр ой салды. Маталақтан гөре Глушановскийди исендиретуғын дәлийл керек. Ол кетерде Алламурат ғаррыны Айзадаға тексертип Петро-Александровскиге жибергизип, сол жақта гүм етиў еди. Глушановский Айзаданың әкеси екенин билмейди. Ал, Маталақ тергеўшиниң Алламураттың қызы екенин билмейди. Глушановский «тергеўшини өзим әкелдим» дегеннен соң Маталақтың тергеўшиге басы да айланған жоқ. Оның ой-қыялы Глушановскийди жақсылап күтип алып, басқалардан сый-сарпайды артығырақ берип, кеўлин алып узатып салыў да болды.

Глушановский менен Маталақтың ортасына оттың қалай тасланыўы ҳаққында Айзаданың ойламаған ойы жоқ. Ең ақырында өзи менен келген Әсен дилмаш пенен ойласыў ушын кабинетине кетти. Айзада кабинетине кирер-кирместен Әсен дилмаштың өзиниң киятырғанын көрип, тоқтап қалды. Екеўи сәлемлесип, ҳалжағдай сорасты.

— Сиз Глушановский менен Маталақтың бир ғаррыны тексерип, Петро-Алексадровскке айдатып жибериў ҳаққындағы буйрығын еситтиңиз. Сол ғарры мениң әкем Алламурат деген еди. Ғаррыны өлим ҳала-

тында, атқа сүйретип алып келди. Не иелеў кереклиги ҳаққында сизден мәсләҳәт сорап отырман.

— Оғада қыйын аўҳалда қалған екенсең. Мениң ойымша, анаў күнги Ийшан қаласындағы кишкентай қызға зорлық қылған молланы ғаррының орнынан тексерип, айдатып жибергенде қалай болар екен?

— Қәйдем...

— Әсен аға, мен сизден сыр бүгип жүргеним жоқ. Сол ушын усы сапарда я өлим, я өмир дегендей мәртликке бараман. Халық ояныў керек. Гүрес қурбансыз болмайтуғынын сиз жақсы түсинесиз. Сиз маған халықты қозғаўға ўәдениз бойынша жәрдем бересиз.

Айтылған сөз, атылған оқ. Қайтатуғын мен емес.

— Мен «Қуўлы көлге» кетемен. Сиз Маталақ пенен Қулбайға: «Алламурат ғаррының тергеўи питкен, халықты қорқытыў ушын кеште «Қуўлы көлге» жазалаў ҳүкими оқылады. Сизлер көриўиниз керек, барың!» — деп хабар бериң, — деди Айзада.

— Әжеп болады.

Қабинетинен шыққан Айзада үйге келди. Гилең тозыўы жеткен ҳаял кийимин кийди. Кемпирлердей басына ақ жаўлық орады. Маузерди көйлектиң ишинен асынды.

Айтмурат пенен Қариймолланы бурынлаў атландырды. Түндеги түсиндириў бойынша Алламурат өлимнен басқасының бәрине қайыл болды.

Алламуратты ешек арбаға салды. Төртеўи де аманесен «Қуўлы көлге» жетти. «Қуўлы көл»диң халқы Айзаданы үлкен қуўаныш пенен күтип алды. Сөйлесип, сырласып болғаннан соң булардың төлелерге жасырды. Айзада тергеўшиниң кийимин қайтадан кийип алды. Барлық халық Маталақ пенен Қулбайдың келиўин күтти.

Маталақ пенен Қулбай, қасында Әсен дилмаш күн батар алдында жетип келди.

— Маталақжан, аттан түсейик! Жигитлер, атын байлаң! — деди өзиде аттан түсип Әсен дилмаш. Маталақ та, Қулбай да аттан түсти. Халықлар тым-тырыс.

— Тергеўши қайда?

— Мине, биз де таяр! — деп Айзада жер төледен шықты. Айзаданы көргенде олардың тула бойы қалтырап, көзлери тас төбесине шықты. Айтмурат пенен Қариймолла Алламурат ғаррының еки қолтығынан көтерип алып шықты.

— Жасларыңыз үлкен болғанлықтан ҳүрметлеймиз. Ҳүким оқылғанда ортада турыўыңызды соранамыз! — деди Айзада.

Ҳеш нәрсеге түсинбеген Маталақ пенен Қулбай еки адым атып ортаға шықты.

Айзада папкасынан ҳүким жазылған қағазды алды. Ашыўлы көз, кекли даўысы менен тергеўдиң жуўмағын былай оқыды.

— Мен Айзада Алламуратова, Петро-Александровск қаласындағы Әмиўдәрья бөлиминиң тергеўшиси — уллы патшамыз атынан, Әмиўдәрья бөлиминиң начальныги полковник мырза Глушановскийдиң қатты буйрығы бойынша Шымбай округиниң Тазғара болысының пухарасы Алламурат Аллаяз улының исин терген қарағанымда мынадай жуўмақа келдим.

Алламурат Аллаяз улы Маталақ байдың дийқаны болып, көп жыллар бойы «Қуўлы көл» деген жерге салы егеди. Азап-ақырет көреди. Маталақ пенен Қулбай шырқыратып, қан қақсатып сабайды. Елтиси Арыўханды жасырды. Оның өли, тири екени еле биймәлим.

Маталақ пенен Қулбай уллы ақ патшамыздың тынышлық турмысына қыянет қылыўшылар иретинде нызамға муўапық қатты жазаға тартылсын. Булар халыққа жыллар бойы азап-ақырет берип қорлаған. Дийқанларға нешше жыллап ҳақы бермеген. Полковник Глушановскийдиң буйрығы бойынша уллы ақ патшамыздың нызамына қарсы келген Маталақ бай менен Қулбай қанхор бүгиннен баслап тутқынға алынып Петро-Александровсктеги тюрьмаға жиберилсин. Дийқанлардың ҳақысы мал-мүликлеринен өндирип алынсын! — деп оқығанда Маталақ пенен Қулбай қатты қарсы шықты.

— Сизиң ҳақыңыз жоқ! — деди Маталақ.

— Халық атынан сөйлеп турман! деди Айзада тайсалмай.

— Мен сениң көзиңди ояман!

Бул көз ойылыўдан өтти.

— Глушановский достым...

— Сол ушын сизди қасына жиберип отырман... Шыдамы таўысылып турған халық Маталақ пенен Қулбайдың қол-аяғын байлап ешек арбаға салды.

— Булардың атына миниңлер! Айтмурат пенен Кариймолла екеўиниң атына екеўи минип алды, маузерлерин қолына алды.

— Әсен аға, сизге арбакеш болыўға туўра келеди. Шымбай тюрьмасына апарып тапсырың!

— Әжеп болады! — деп ешек арбаның алтақтасына минген Әсен дилмаш.

Халық қуўаныш пенен Айзадаға алғыслар айтты.

* * *

Қақаман суўық. Қарлы боран.

Түп дегенде түпирик жерге түспейди. Тастай түнек қараңғы. Дүбелей даўыл. Ысқырған аяз. Жер үстине түйедей шөккен аппақ қар. Қатқан қарға табанын тийсе даўысынан айрылған аш көпектей сықырлап-сықырлап қуйқаңды тўршиктиреди. Бассаң қардың қырылдысынан ат үркеди. Жақында ғана азырақ ыссылаў болып буршақ оның изинен жаўын себеледи. Жер бети есл болып ериңкиреп, оның артынан қақаман суўық болды. Қалың қарды суўық мийтиндей етип қатырып таслаған еди.

Тағасыз ат пенен ешек, ғашыр жүре алмайды. Бул суўық быйыл ерте түсти. Бес қонақ болмай-ақ егинди суўық урып, писпей қалды. Нәўбәҳәрден баслап суў болмай, жер суўғарылмады. Дийханшылыққа апат дарыды. Суўсызлық, егиннің писпей қалыўының үстине қақаман суўық халықты ақырет-азапқа салып қатты қыйнады. Ел еңиреди. Халық бурынғыдан бетер қайғы-зар менен қан жутты.

Ашаршылықтың дәртинен аўыл шөжыды. Қырқ хожалықты басқарып Бухараға көшиў ушын Алламурат аўыл адамларын жыйнады. Барлығы бирден Аллamураттың айтқанын тыңлады. Буннан бес күн бурын Шымбай приставының, байлардың көмеги менен түрмеден шыққан Маталақ бай Петро-Александровскке барып «Айзаданы аттырыпты, Айтмуратты астырыпты» деген суўық хабарды еситкен Алламурат та «үшар қадиң нурынан, белимиздиң мәдарынан айрылған екенбиз» — деп Айзада менен Айтмураттан гүдер үзген еди. наттан, қонар қуйрықтан майрылған екенбиз. Көзимиз-

Ашыўлы Алламурат қалай болған менен қанхор қолында қырылғанымыз болмас деп халықты аўзына қа-

ратты. Қырық хожалықты төледен, ылашықтағы затларын жыйнастырды. Барлығын бирден майданға шығарды. Ешеклерге артты.

Қуўлы көлдиң етегинен жаңа өтебергенде Барлықбайдың тойынан қайтқан бир топар атлы менен Маталақ алдынан шықты. Көшип баратырғанларды көрип ашыў кернеди. Көзине қан толды. Тула бойы тўршигип кетип баратырғанларға аш қасқырдай умтылды.

— Қайда баратырсызлар? Қай гөрге сыясызлар!

— Мен сизлерди ийттей үргиземен! — деп Маталақ барлығын бирден қайтарды.

Әўеле жәнжел, кейин сөгис. Қызып кеткеннен соң мушласыў басланды.

Бир жағы Маталақ, бир жағы Алламурат баслаған баягы қырқ еркек пенен қырқ қатын.

Маталақ тәрепи әўеле албырады. Кейин шегинди. Ҳийлекер Маталақ ойласықтан кейин Қулбайды Шымбайдағы байларға жиберди. «Батыр аңқаў, ер гөдек» дегендей Маталақлар кейин шегингенде Алламурат топары мақтанып, масайрап кетти. Жасырынбай дуўры басып келе берди. Ҳә демей-ақ қалаға кеткен Қулбай қаладағы «қасқырлар»ды алып келди. Жаў-жарақлы байлар Алламурат топарының топылысын қайтарды. Урда-тут атылған мылтықтың даўысын еситкен Қурбанбай тура алмады. «Бул не бәле болып атырған екен» деп есиктиң алдында ертлеўли турған темир көктти мине шапты.

Жарақсыз топар төлелерге жетемен дегенше қойдай қырылып қалды. Қара торыны минген Алламуратты қуўсырып қалған Қулбайды көрген Қурбанбай темир көктиң басын Қулбайдың изине қарай бурды. Темир көк ҳә демей-ақ Қулбайды қуўып жетти.

— Бул не?

— Төбелес...

— Кимди қуўып баратырсаң?

— Алламуратты...

— Өзим-ақ услап әкелип берейин.

— Қатыннан кеммен бе?

— Кемсең.

Өзи атына қамшы басайын деп қамшы силтегенде Қурбанайдың қамшысы Қулбайдың атының көзине тийди. Қара ат қаймығып кетип үстиндеги Қулбай аўдарылып түсти. Демиң арасында зымырап кеткен Қурбанай то-

ғайға кирер жердеги бийикликте Алламураттың кейинне жетти. Алламураттың аты шаршап, зорға шоқырақлап жортып баратырған еди. Аттың бул шабысынан Құлбай тезлик пенен жетип Алламураттың желкесин қыяр еди.

— Ата, тоқтаң. Сиз Айзаданың әкесисиз ғой?

— Мени иркпе. Кейнимде жаў киятыр, жағадан алма, қызым.

— Атаң аттан түсин, мениң атыма минин.

Алламурат Құрбанайдың атына секирип минди. Темир көк шыбындай ушып, демнің арасында тоғайға сиқып кетти. Қара атты қара терге шомылдырған Құлбай әллен ўақта Құрбанайдың изинен жетти. Төбеликтиң тусында көрген Құрбанай оң қолы менен сол қолының билегин услаған қәлпинде өтиригине еки бүклеңип турған еди.

— Не болды?

— Қолымды таўлап, шығып кетти.

— Айттым ғой...

— Көп еглеме мени, үйге қайт. Қайтпасаң атып кетемен.

Құрбанай Алламураттың ала атына минди. Аўылға қарай нәзерледи. Құлбай көз ушында бүўдақланып көринген қалың тоғайға қарай шаўып кетти. Қалай болған менен де Алламуратты бир сапар өлимнен қутқарған Құрбанай бийлаж үйине қарай қайтты.

Қашып келип төлелерге кирген қатын-қызларды, кемпир-шалларды майданға қуўып шыққан Маталақлар, мийримсизлик пенен қыйнап атыр. Қатара құр тартып турғанлардың ишинде қанға боялмағаны жоқ.

Көпшиликтиң ишинен Алламураттың ҳаялы, Айзаданың анасы Арыўханды ортаға сүйреп шығарды. Арыўхан қанша таяқ жесе де, қанша азап көрсе де еле нәзери төменде емес. Өзин мәртлик пенен беккем услады.

— Анаў торанғылдың шақасына асың! — деп шаңқ етти Маталақ.

Арыўханды төрт жигит тапжылтпастан торанғылдың астына апарды. Бир жигит торанғылдың ийилип турған жуўан шақасына арқанды илмек етип байлады.

— Илдириң, мойнына!

Илмек Арыўханның мойнына илдирилди.

— Ағажан! — деп Құрбанай Маталақтың аяғына жығылды. Ғәрип ана ғой аяңыз?

— Жоғал!

— Кеше ғана өлген анаңызға қуран шығартып едиңиз. Булда сондай ана ғой. Шырлаған баласын, аналық жүзин аяңыз!

— Қызым! Қыз ўақтымда усындай торанғылдың шақасына әткөншек қурып тепкен едим. Енди сол әткөншектиң арқанына асылып,жоқ болыў алдында турман. Рахмет, саған. Аянышлы мийримиңизге ырзаман. Әттең, ақлығымның маңлайынан бир сүйсем әрманым болмас еди.

Құрбанай төледен шырлап шығып киятырған Айтжанды аймалай қушақлап Арыўханға алып келди. Арыўхан Айтжанды баўырына басып маңлайынан сүйди. Оны Айзада анасында сақлаўға Төрткүлден әкелген еди.

— Айтжан деген атыңнан айналайын! — Ақлығымның азамат болғандағы ақ жүзин көре алмайтуғын болдым. Хош баўырым! Аман болса ата-анаң келер! Мен гүнасыз дар астында турман. Бәлким сен буннан соң дар ағашын көрмессең!

— Көп сөйлетпей алың, баласын! Айырың, ақмақларды! — дегени сол екен төрт жигит Арыўханнан Айтжанды айырды. Алба-далба етип жулқып тартқанда шырлаған Айтжанды Құрбанай баўырына баса қушақлады.

Құрбанайдың Айтжанды қушақлағанын көрген Маталақ барып Құрбанайдың қолынан Айтжанды тартып алды. Айтжанның шырлап жылағанына қарамастан аяғынан сүйреп, турған құрдың сыртына қушақлап ылақтырып жиберди. Айдап жиберің, мына қатынды! — дегени сол, еки жигит зорлық пенен Құрбанайдың атына миндирип қуўып жиберди.

Маталақтың буйрығынан кейин Арыўханды асты. Асылғаннан кейин де өлмеген шығар деп мылтық пенен Маталақ бир неше рет атты.

Адамлар қанша шуўласа да тынлайтуғын қулақ, мийирбанлық жүрек болмады. Көзине қан толған Маталақ оларды айдап кетти. Шырлаған нәресте тәўирақ жерге шекем зарлап жылап барды. Адамларға жете алған жоқ. Айтжан аланға минер жердеги дүмпешикке

шықты. Бозлаған даўысы жаңғырып кетти. Еки көзден шыққан жас етегине төгилди.

Арадан әллен ўақыт өтти. Айтжан азырақ солығын басты. Еси аўған адамдай еснеди. Еки қолы менен көзин уўқалады., Жылағанын қойды. Жер төле бетке қарады. Бийик тораңғылда асылып турған Арыўханға көзи түсти. Айтжанның көзине Арыўхан қушағын ашып, қолын жайып шақырып турғандай көринди.

— Әже, әже! Әже! — дегендей сес еситилди. Айтжан бийиктен түсе жерге асылып турған Арыўханға қарай жуўырды. Асығып-албырағаи ол адым жерде бир жығылып, бир сүрнигип тораңғылдың түбине барды. Асылып турған ана әткөншек теўип турғандай көринди. Айтжан аң-таң болды. Еки қолын созып умтылады, жетпейди. Еки қолын созғанда Айтжанның қолы асылғанда созылған Арыўханның аяғының ушына гә жетип, гә жетпей қалады.

— Әже, әже, ана, анажан! Түс, тораңғылдан, түс! Қорқаман, әже! — Айтжан өксип-өксип жылады. Бурынғы жылаў-жылаў ма, зарлады бийшара нәреете, бозлады, бала бийшара. Еки бетинин алмасы қып-қызыл дөнип, еки шекеси зырқылдады бийшара баланың, Даўысы тарғылланып, мийи мең-зең болды.

Тула бойы түршигип қалтыратпа тийди. Ийек-ийегине тиймей тислери сақ-сақ етип, қалтырады. Көзиниң алды тынып кетти. Қара думан басқандай жер бети қараңғы болғандай әтирап айналып турғандай көринди.

Ақыры, естен танып жығылды.

Арыўханның аяқ ушына қулады. Күн батты. Қара геўгим болды. Қайғылы қара түн, әтирапты қара перде деси менен жапқандай болды. Көк аспанды қаплаған қара булты тескендей жулдызлар жылт-жылт етип жымыңласады. Ғаўық қуслардың, түнги қуслардың, шыбын-ширкейлердиң ызыңлаған сеслери еситиледи.

Аўыр жатар. Ақырет-азапқа түспегенлер қатты уйқыға кирди... Аўыр азаптағылар түн уйқысын төрт бөлип өмир азабында жүр. Узақтан шағаллардың шуўлағаны, қасқырлардың улығаны еситиледи. Төлелердиң тумлы-тусына жасырына қашқан ийтлер урыў менен хәр қайсысы өзлериниң төлесиниң қасындағы ийт аяғына келди. Жуўындысы барлар ишти. Жуўындысы жоқлары ийт аяғын жалады.

Узақтағы шуўлаған шағаллар менен қасқырлар асылып турған Арыўханға жақынласты. Аш қасқырлар Айтжанға аўзын аша жуўырды. Биразы Арыўханның аяғына шапты. Қәпелимде өзли-өзи таласып, бығырласып, ырылдасып қалды. Еси аўып уйықлап қалған Айтжан шоршып оянды да, ўай-ўайлап, шырлап жылады.

Қасқырлардың шуўласқанын, Айтжанның шырлап жылағанын еситкен төлелердиң алдында жатырған ийтлер қасқырлар бетке тура шапты.

Түни менен ийтлер менен араласып жатқан Айтжанды ғарқылдаған ғарғаның, қузғынның даўыслары оятты. Бети-аўзы қан менен жуўылған Арыўханның өли екенин сезген ғарғалар оған айлана баслады. Бирақ, ийтлер Арыўханды қонып талайжақлығын билгендей хәрқайсысы хәр жақтан қоныўға киятырған ғарғаларды қуўады. Әниўли ананың лашына хешбир қузғынды қондырмады.

Еки күнге шекем Арыўханды да, Айтжанды да ғарға-қузғынлардан, қасқырдан ийтлер хеш жаққа кетпестен қорғап турды.

Адамларды айдап кеткен Маталақ өзиниң қаладан алдырған қанқорларына буйрық етип тутқынларға «ор» қаздырып атыр. Бул ҳақыйқатында ор емес гөр. Маталақ тутқынларға арадан алты күн өткенде жаў келеди. Сол ушын усыманларға жасырынып буққы таслап жаўға қарсы шығыўымыз керек деп ор қаздырып атыр. Ор қазылып болғаннан соң адамларды усыманға қол-аяғын байлап тирилей көмежақ.

Тоғайдағы отырған адамларды алдап-арбап Алламураттың еки қолын байлап, атқа терис мингизип Қулбай алып келди.

— Буйрығыңызды бәржай еттим. Бас душпаныңызды айдап келдим.

Қулбай Алламуратты аттың үстинен ийтерип жиберди. Алламурат омақазан атып жығылды.

Аттан аўнап жығылған Алламураттың еки қолын тағы қатты байлатты. Қублаға қарап жүгиндирип отырғызды. Еки аяғын қосып отырған жеринде таңдырған Маталақ Алламураттың оң көзин ойып алды. Алламурат кекли жүрегинен арысландай әўпилдеген бир даўыс шығарды да, естен танды. Ор қазып атырғанлар шуўласыўы менен умтылды. Жаў-жарақ пенен

қоршап турған мылтықлы жан алғышлар мылтықларын тақап адамларды жибермеди. Ор қазыўды даўам етиўге мәжбүрледи.

Маталақлар Алламураттың көзин ойғаннан кейин көп турмай «Қулбай, сен ислетип тур, бизлер азырақ дем алайық» деп Қуўлы көлдиң қубла-шығыс тәрепиндеги Сулайман суўдыр деген саўадагердиң үйине кетти.

Шаққай түсте дизгин ушына қуйып шаўып келген Құрбанбай қалың торанғылдың тасасына атын байлап жән-жағына сер салып қарады. Кейин таса-таса менен Арыўхан асылған торанғылға келди. Бир топар ийттиң арасында уйықлап атырған Айтжанды көрди. Ийтлер кешеден берли ғарға-қузғынды жақынлатпай атырса да, Құрбанайдың жақсылық ушын келгенин билгендей үрмеди.

Қатты уйықлады ма, я естен танып атырма, анығына жетпесе де Айтжанды Құрбанай орынан қозғамады. Қалай болған менен Арыўханның лашын асылып турған торанғылдан түсириўди ойлады. Ори-бери қолын созып шешиўге қолы жетпеди. Төменде турып шешиўдиң илажын таппағаннан соң торанғылға өрмелеген ўақта көтерилген қалың шаң көринди. Шаң астында шаққанлық менен шаўып киятырған бир топар атлыға көзи түсти.

Тағы да бир бәле болмасын деп дәрриў торанғылдан түсти. Өлген Арыўхан өлди, тири қалған Айтжанды өлтирип қояр деп Құрбанай Айтжанды аймалай құшақлап баўырына басты. Қашып үлгерместен-ақ атлылар анталап келип қалды. Қашыўға қолайласып турған Құрбанайды қоршап алды. Оўеле аң-таң болған Құрбанай демниң арасында есине келди.

— Айтмурат!

— Айзада! — деген қуўанышлы сес жаңғырып кетти. Айтмурат та зәбердеслик пенен аттан түсти.

— Бул ким? — деди асылып турған Арыўханды гөзлеп Айзада.

— Бул ғәрип анаң! — деди көзине тезлик пенен жас алып Құрбанай.

— Ғәрип анам! — қушағын жая умтылды Айзада.

Ҳәмме аттан түсти. Асылған анасының аяғынан қапсыра қушақлаған Айзаданы Айтмурат былай айырды.

— Арқанды кесиңлер! — деди.

Палўанныз қылышын сермеп еди, тегинликте қылыш жетпеди. Көплеп-көмеклеп арқан кесилди. Арыўханның денесин көтерип жерге қойды.

— Гүнасыз бенде... Ақ сүт берген анам! Тәғдийриң усындай болды. Аналық сүтиңди ақламасақ инсан емеспен! - деди ашыўлы кектен тула бойы тўршығып кеткен Айзада. Оның изинен моншақ-моншақ жаслар жерге домалады.

Құрбанайдың қушағында турған Айтжан қандай да бир себеп пенен силкинип кетти. Көзин шайдай ашты. Әўеле Құрбанайға, соңынан жән-жағына қаранды. Зарланып жылағаннан, аналап бақырғаннан, бир-еки күннен бери аўқат-ас ишпегенликтен дөҳмет азабынан шаршағанлықтан болдырған Айтжанның көзиниң асты ойылып, көзлери нилдей қараўытып кеткен екен. Жән-жақта шарлаған нәреете адамларға көзи түсип кетти:

— Ана! Анажан! — деп Айзадаға умтылды.

— Айтмурат азаматым, Айзаданы ынжылдырма, кек алатуғын адамларың мениң қолымда, — деди Құрбанай мәртлик пенен.

— Ғәрип анаң асылды, әдиўли атаңның көзи ойылды. Барлығын ислеген мийримсиз Маталақ пенен қанхор Қулбай. Бул сөзлерим әйтеўир қатының сөзи емес; мақсет-мураты, жүрек-тилеги бир, өзиң усаған жарлының, көз жасын тыя алмаған зарлының қызы, қанхорлардың ақырет-азабынан, қанлы қақпанынан шыға алмаған, кеўили ғамлы, еки көзи жаслы, аяныслы апаң Құрбанайдың сөзи. Сизлерден аяр жаным жоқ. Тири болсақ өмир, өли болсақ көмир! Қасыңа қосып ал, буннан артық шыдаўға болмайды.

— Апалығың, азаматлығың мойнымда. Қолыңа жарақ ал! Белиңди беккем буў! «Қатының шашы узын, ақылы қысқа» деген сөзлерди тыңлама! Еңиреген елди, зарлаған халықты темир қурсаўдан қутқарыўға қатнасайық!

Сол ўақытта:

— Тез буққы таслаңлар! Қуйылып келип қалды! — деп бақырды Айзада Маталақлардың киятырғанын көрип. Өзи қолындағы Айтжанды қасына ертип төбеликтиң үстине еңбеклеп шықты. Айтмурат пенен Құрбанай да екинши жағынан бийикликке шықты. Атысыўға қолайлы жер табылды, Кәриймулла, Палўани-

яз, Рахметулла, Шамурат палуан барлыгы бирден өзлерине қолайлы таса жерлерди алды.

Мылтық атып, топылып киятырган Маталақлардың адамларын гезекме-гезек гөзлеп атып түсирип атыр. Еки жақтан да адам қырылды. Ең ақырында Қулбай қашты. Қашқан Қулбайдың изинен Айзада менен Қурбанай ат қойды. Қурбанайдың аты шаңқыр болганы ушын ҳә демей-ақ жетти.

— Аттан бойыңды тасла!

— Неге?

— Оғың жоқ. Мен сени атып өлтиремен.

— Не ушын?

— Берген азап-ақыретлериң менен ата-анамның көз жасы ушын!

— Қурбанай жаңым...

— Мине саған жаным! — деди де атып жиберди. Қурбанай атқанда Қулбай аттан бақырыўы менен қулап, сеспей қатты. Айзада мейен Қурбанайдың кейинен қуўып киятырган Маталақ Айзаданы туў сыртынан атты. Оқ аш бүйирден тийип, етти сыйырып кетти. Айзада аттан қулады. Айзаданы өлди деп, енди Маталақ Қурбанайды қуўды.

Оның көкирегине оқ тийип аттан қулады. Маталақ сонша қуўғыншыға жеткермей, қалага кирип кетти.

Маталақты қуўып қолға түсире алмағанына ары келген Айтмуратлар қайтып келип, Қурбанайдың қанға боялып, жаны шыға алмай атырганының үстине шықты. Ҳәммеси бирден аттан түсти. Айтмурат тезлик пенен Қурбанайдың басын дизесинің үстине қойды.

— Барлыгы сен ушын, Айтмурат! Жаным менен жақсы көрер едим. Айзада мени кеширсин... — деп сылқ ете қалды. Айтмурат Қурбанайдың маңлайына маңлайын тийгизди. Жигитлерге көтергизди де, Айзаданың жанына барды. Айтмурат үстиндеги көйлегин екиге бөлип жыртып, Айзаданың жарасын байлады. Атына сүйеп мингизди.

Жылап қалған Айтжанды Палуаныяз қушақлап алды.

Халықлар қанхорларға нәлет айтты. Арыўхан менен Қурбанайды сол жерге жерледи. Қуўлы көлге барлыгы бирден қайтып келип сол күни қонды. Қайгы-ғам, улы матам менен таңды тырнап зарлап шықты. Ас-аўқат

ишип анасының қойнында бийқайгы уйықлаган тек Айтжан болды.

Таң атып күн шықты. Маталақтың үйи менен Қулбайдың үйи бүгин бес күннен берли жартыўлы адам болмаган себепли әлле қандай болып, өли шыққан үйдей қаңырап қалганға усайды. Күнде байрам, күнде той дегендей, ҳәр күни ўақ-шаққа үйренип қалган Толғанай бүгин толғанып, қәнеште талўас өткен бөденедей бүгин тыным таппады. Әллен қайдан хабар келетуғындай, я қуўанып я жылайтуғындай, гә оң, гә сол қабағы жыбырлап еки қулағы зыңлап турғандай өзиниөзи бир түрли сезди.

Айтмурат ерте турган еди. Төлелердеги адамлардың қуўыс-қолтықта қалганларын жыйнастырып, бир нәрсе писирейин деп кирип шықты. Адамлар төледен қуўып шығылған күни-ақ кеште қаптағы ғәллени, унды, гүришти барлыгын бирдей алдырган екен. Барлық төлени даўыл түрип, жел үлегендей болып тур. Не илаж етирип билмей жан-жаққа қараган Айтмураттың көзине уйлықысса ушқан ғарға-қузғыннан басқа ҳеш нәрсе көринбеди. Қулбай қанхордың денесин шоқыған ғарға-қузғынлардың есап-саны жоқ. Бири ушып, бири қонып, ғарқылдасып, аспан әлемин басына көтерип жүр.

«Достыңа ор қазсаң өзиң қулайсаң» дегендей кешеги ғарға-қузғын бүгин сениң көзиңди шоқып атыр — деп ойлады Айтмурат. Үндеместен, қатты уйқының қушағына кирип Айтжанды қушақлап, баўырына қысып атырган Айзаданың қасына келип жата қалды.

Қуў басын қорғаған қанхор Маталақ шаўып барыўы менен Шымбай приставына жылаўы менен кирди. Пристав солығын басып, анықлап айтыўды буйырды ҳәм Әсен дилмашты тезлик пенен шақыртты. Приставтың буйрығы бойынша Әсен әскерлерге азық-аўқат ҳәм ат оты ушын жоңырышқа, ғаўыш, жемге жүўери, арпа-бийдайды, гөш, ун, гүриш, май, әкелиў ушын болысларға бөлинген жормалды қайтадан көширип атыр еди. Пристав шақырғаннан кейин барлық жазыўларын қойып, тезлик пенен приставтың кабинетине кирип барды. Барса Маталақ мыяўлаган пышықтай мыңқылдап бир нәрселерди былшылдап, көз жасын сүртип, гә сөйлеп, гә өкирип жылап отырган екен. Көриўден-ақ бир бәлениң болганын Әсен билди.

— Мен сизди тыңлайман, тақсыр! — деди дилмаш.
— Скажите Маталақ, что случилось?
— Қанхорлар халықты қырып таслады. Қуўлы көлдеги халықты қырып атыр. Жаў-жарақлары көп. Мен қашып зорға қутылдым. Кеше сиз Таллық болысына кеткен екенсиз. Сизди шығатуғын күндей күттим. Олар Қуўлы көп халқын қырып болды. Енди нәзери Шымбайға. Әскер керек!

Истиң жаманға көшкенин, бул ҳәдийсениң кейнинин насырға шабатуғынына көзи жеткен пристав өзи кабинеттен шықты. Оның изинен Әсен менен Маталақта ере шықты. Приставтың тастан салынған казармасының алдына адамларын жыйнады. Әскер-командирлерин шақыртты.

Тоқпақ ата атаўындағы балықшылардың көтерилисин басыў ушын Әмиўдәрья бөлими 733-дружина полқынан әскерлер әкелген еди.

Әмиўдәрья бөлиминен келген әскерлерди көрип халық қорықсын деп бир нешше күн Шымбайда ирккен еди.

Ҳәзир пристав усы әскерлерди командирлери менен бирге Айзада менен Айтмураттың үстине Қуўлы көлге жиберди. Барлық әскерлерге бас болып Маталақ менен Әсен дилмаш кетти. Гүзар жолдың еки жағында қоныс басып отырған халық таңланды. Ҳәркыйлы жаман ойлар менен қорқысты. Тезлик пенен уралар қазып бар гәллесин көмиўге қарады. Майданда жуўырып жүрген балалар үйине кирди.

Маталақ пенен Әсен әскерлердиң алдында киятыр. Аўылдың астан-кестен болып, бүлип атырғанын сезген Әсен дилмаш билдиргиси келмей:

— Жаўынлы бултай жаўасаң да жүресең,—деди Маталаққа.

— Булт жаўады дедиң бе?—Маталақ маңлайы қурып, еки қулағы шуўлап киятырғанлықтан шаламашекки еситип.

— Аўа. Сел болады,—деди ашыўлана гүбирленип Әсен.

— Ҳә...!—деп бир қарап қойды Маталақ дийкинли сөзге түсинбей.

— «Жаманды түйениң үстинде нйт қабады» дегендей, бәрқулла жүрген жериңнен шаң шығады да жүреди.

— Билмеймен бала...
— Неге билмейсең?
— Қам сүт ишкен бенде...
— Басқалар анасының сүтин қайнатып ишиппе?
— Билмедим...—Маталақ үндей алмай қалды.
— Неге билмейсең? Барлығын билесең. Бажаңның басын алдың, балдызың қыршын кетти, неге билмейсең?—деди бул ҳәдийсени бурын еситкен Әсен дилмаш Маталаққа ҳийле менен.

Бажаның басын алған, балдызымның жанын алған сол ғәззап урылар ғой.

— Яқ, айып өзиңизде. Лепсиңизди тыя алмайсаң, қанаатсызсыз. Көзиңиз тоймайды. Түйени түги менен, қойды қорасы менен жутасыз, мийирим-шапаат, адамгершилик, қанаат дегенлерди қара басыңыздың ғамы ушын, тийкарсыз дүнья, қурғақ, маранат байлық ушын умытқансыз.

Инсаният перзент, әўлад ушын, келешек өмир ушын гүреспей ме? Ал, сиз дүнья арттырасыз. Тыйынның татын жалайсыз. Салқын сарайыңыздың, ҳарам дүньяңыздың, ертеңги күнги ийеси ким? Өзиңиздиң бир тырнаққа зар екениңизди билесиз бе? Құдадан дүнья сорама, ҳадал перзент сора? Қызыл алтын сорама,—қыз сора. Ат сорама, абырай сорама—ақыллы аза-мат сора, мине ҳәзир әскерди ертип баратырсыз, халық қырылады. Өзиңиз де өлесиз. Қанша адамның гүнасына қаласыз? Урыс болғаннан кейин қарап турыс бар ма? Бирақ халықтың барлығын қырып болмайды. Бирли ярым адамды өлтирген менен ертең халық сени тирилей урып өлтиреди.

— Не қылайын дилмашжан? Дегбирден састым ба? Айтқанларың ақыллы гәп ғой. Мәсләҳәт бер?—деп көзине жас алды Маталақ.

— Туўысқан бажаң, туўысқан балдызың тирисинде олар тынбастан хызметинде болды. Сен ушын екеўи де жайнаған-жаснаған жақты өмир менен хошласты.

Баўыр басқан бажаң менен балдызыңның лашы дүзде қалып ғарға-қузғынға жем болып атырса, сениң адам емес, ҳайўан болғаның емес пе? Халық бетиңе түкиреди, бир салым дуз да бермейди. Жапалақтай жалғыз өзиң жапанда қаласаң.

— Не қылайын? Мына сөзлериң қуйқамды жуўлатып баратыр.

— Қуўлы көлге әскерлерди апармайсаң, командирлерине айтаман. Маталақ бай сизлерди ҳүрмет пенен мийман қылады. Өмирлик жолдасы Толғанай ханымның туўылған күни екен. Халықлардың болып атырған жерине бүгин түнде барсақ, болмайды, оғада қорқынышлы. Азанда азан менен барамыз деймен. Сен мийман күтесең. Саған исеним күшейеди «жеген аўыз уялар» деген. Соған қоса Қулбай бажаңның денесин дүзде қалдырма, үйине алдырып қой. Ҳеш адам билмесин, қатының жыламасын; сөйтип мийманларың кеткеннен кейин молла-ийшан, ағайын-туўғанларыңды шақыр. Бажаң менен балдызыңды халық дәстүри бойынша жерле.

Әсен дилмаштың айтқанларына Маталақ көнди. Әсен әскерлердиң командирлерине түсиндирди. Ол қуўаныш пенен усынысты қабыл етти. Әскерлер Қуўлы көлге емес. Маталақтың салқын сарайына барып барлығы жабырласа аттан түсти, Әсен менен берискен ўәде бойынша Маталақ үй-жайды сыпырып, қойларды сойдырып, қазанды атландырып жиберди.

Толғанай Қурбанай менен Қулбайдың әне келеди, мине келеди деген менен ярым ақшамға шекем күтти. Қулбайдан да, Қурбанайдан да дәрек болмады. Әри-бери сораған менен «ҳәзир келер» дегеннен басқа жуўап алалмағаннан соң сорағанды да қойды.

«Командирлер бир жайға, солдатлар бир жайға отырылсын» дегенге командирлер көнбеди. Барлығымыз бирге боламыз деп турып алды. Буған себеп: командирлер әскерлерге исенбейди. Жақында ғана Кочановтың басшылығында әскерлер арасында үлкен ҳәдийсе болып қалған еди. Ярым ақшам аўғанда дежурный офицер қатардағы солдатты атаман деп наган алып умтылған еди. Ол жай солдат офицердиң нағанын қолынан жулып алды. Офицер шаўқым шығарды. Тревога көтерди. Офицерлер, әскерлер жыйналып қалды. Бир-бирине топылыс, төбелес басланды. Ең ақырында 733-дружина полкының командири келип шаўқым, жәнжел, төбелести басқан еди.

Сол күннен баслап солдатларға исеним азайды. Солдатларда офицерлерди жининдей жаман көрди. Бүгин де басқа жайда бөлинип отырмай-ақ қояйық деп барлығы бир жайда отырды.

Мийманлардың мазасын алмайын деген Әсен Маталақты майданға шақырды.

Мийманларың маза етип отыр. Бағана мен Хусайын абыйды шақыртқан едим. Ол ҳәзир келди. Мен ниниңиң баласын сүннет қылдыратуғын едим. Соған кирип шықпасам болмайды. Мен келемен деп ўәде еткенмен. Баласы қыңыр. «атам келмесе сүннет еттирмеймен» деген. Мен ҳеш жаққа қайрылмастан бараман да келемен.

— Сиз кетсеңиз мейлистиң мазасы болмайды.

— Мен бармасам болмайды. Анаў турған Хусайын абый оғада жақсы адам. Мийманларды меннен де бетер мәс етеди. Мен бараман да қайтаман.

— Онда Хусайын абыйды өзиң таныстырып кет!

— Болады!

Хусайынды ызине ерткен Әсен шалтлық пенен әскерлер отырған ишке кирди.

Хусайын абый Петро-Александровсктен кеткеннен берли көп ўақыт болды. Лепесбайдың қасында жүрип Орынбор, Мәскеў, Макарияға, Украйнаға балық тасыды. Революционерлер менен таныста. Сиясий китаплар оқыды. Жақында ғана Айзадалардың келгенин еситип көриўге келген еди. Бағана қаладан шығарда қалай болған менен Маталақтың үйинде боламыз. Сен қалаңсаң, мен Айзадаларға хабар беремен, болмаса қырылып қалады деп ўәделескен ўәдеси бойынша келип отырды.

Маталақтың мийманларының үстине шыққан Әсен аттың басын айдын жолдан бурды да, Қуўлы көлге қарай тартты. Дәрҳәл жетиўден Айзада, Алламурат, Айтмурат болып атырған төлеге кирди. Олар менен сәлемлесип, көрисип, ҳал-аўҳалды баян етти. Буны еситиўден-ақ Айзада менен Айтмуратта аўыр ой, уўайым пайда болды. Төледеги отырған гүллән адамларды майданға жыйнады.

— Аўҳал оғада қыйын. Ертең азанға қалсақ барлығымызды бирден пишендей баўлайды. Оғада көп армия келди. Олар ҳәзир Маталақтың үйинде. Таң сәҳәрден сизлерге уллы ҳүжим баслайды. Жаў-жарағы менен оқ-дәриси мол. Ким далаға, ким қалаға тасаланыўлары керек. Ҳәзир пытырап кетсек те, ўәде Шымбай қарласы болады. Шымбайда тезлик пенен бирим-бирим

көрисип турамыз. Ҳәзирден баслап, ҳәрким ҳәржаққа: ағайин туўған, дос-яранларда тарқасып оңысыңлар.

Ҳәмме орыларынан гүў түрелди. Жаңыбазар менен Тазқара, Нәўпир менен Таллық, Көк өлек менен Дәўқара болыслықларына қарай ҳәрким ҳәржаққа тартады. Лийкин Шымбайда туратуғын Әсеннің үйинен тез-тез хабар алып турыўға ўәделести.

Айзаданың Алламурат менен Айтжанды алып кетип үйине туўра келди. Алламураттың аўҳалы төмен болса да өлип кеткенше бирнеше күн өмир сүриўге қайыл болды. Түни менен жол жүрип Теңге шаңқанның отын, Сарының қумының Ақ жағыс жағындағы қалыңлықта күтетуғын болды.

Айтмурат, Рахметулла, Қарымулла Шамурат, Палўан Сейтмуратовларды изине ертken Әсен Шымбайға келди. Приставтың атханасынан ҳәрқайсысы бир сайланды ат минди. Күндиз приставтың буйрығынан хабары бар, атхананың қараўылы Әсенге қарсылық көрсетпеди. Солайда «Әсен алып кетти», деп айтып гүўа болмасын деп қараўылдың арқасынан мылтықты тақан турып атты. Қараўыл сесней қатты. Аттылар тезлик пенен жалт-жулт еткен жулдыздай жолға түсти.

Маталақтың салқын сарайынан бир неше жүз метрдей, ески қорғанның қалың дийўалының тасасында Айтмурат, Қарымулла, Палўанняз, Рахметулла Шамурат, Палўан қалды. Атлар сетем алып кетип, киснемесин деп жем берип, аўызларына дорба илди.

— Еки көзиңиз, еки қулағыңыз менде болады, қолымды силтегенде абайламасаңлар «ҳә бала, мында Әсен Маталақтың үйине қарай ҳайт қойды.

Господа, мен келдим. Сизлердиң саўлығыңыз ушын, Маталақ мырзаның қошқардай улы болсын!— деп сизлер менен ишким келеди.

Араққа тойғанлықтан жығылыўға жақынлап отырған офицерлер тағыда бокалды толтырып ишти. Тиллери бираздан кейин айланбай, көзлери ылақтырып тасланған пышықтың көзиндей гә аўдарылып, гә жумылып ҳалдан кетип жығылды.

Офицерлер де, солдатлар да мыллыйыса баслады. Базы биреўлери даўыслары дарылдап қосық айтқан болды. Базыбиреўлери еки алақаны менен дизесин шапатлап, ойын ойнайын десе турыўға ҳалы келмей отыр.

Барлығының жылы бергенек екенин билген Әсен Хусайынды, Маталақты ертип, майданға шықты. Мылтықлар менен атларды қарап турған часовойларды көрди. Олар әлле қашан қатып қалған. Өлтирип кетсе де билмейди. Барлығының жағдайын билди. Иштиң, сырттың аўҳалын анық изертледи. Маталақта да кейип күшли.

— Ал енди, мийманларың бир жөнкилли болды.

— Дурыс, ырзаман.

— Енди сен жақын жигитлериңди қасына ертип ал...

— Оннан соң?

— Анаў лашы дүзде қалған Қулбайың менен балдызыңды алып кел. Сөйтип бир жайыңа қой, қонақлар билмесин. Қонақлар кеткеннен кейин, жаўыңды жеңип болып жерлейсең.

— Әжеп болады. Ақыллы гәп, айтқанын келгей.

Маталақ бир алашаны жигитлерге алдырды. Фаэтонды жектирди. Өзи қасында, атлы Қулбайдың өлигин әкелиўге кетти.

Маталақ кетиўден Әсен Айтмуратты, Палўанняздың, Рахметулланы, Палўанды, Қарымулланы, Шамуратты шақырып алды. Баўланған қамыстай бир-бирине сүйеп қойылған мылтықларға тийместен, тележкадағы қутыда турған мылтықлардан он бес мылтықты, кишкене ящиктеги оқлардан бирнеше ящигин билдирместен алды.

— Қырықтағы Палўанняздың төлесине қойың. Айтмурат сен, бир-бир мылтықты алып Палўан менен Айзаданың көйинен барың. Жолдас Кочанов пенен Луценконың буйрығы бойынша сол жақта исленсизлер.

Анда мин дә кетийим,—деди Хусайын.

— Сен кетсең бизлерден гүман қылады. Менің менен қаласаң.

— Да, шулай бийт!—деп Хусайын ернин тиследи.

Айтмуратлар жаў жарақты алып Қырықтың аўылына қарай тартты. Әсен менен Хусайын ҳеш нәрсе билмегендей залға барып екеўи еки мүйеште мәс кисидей, қалай болса солай тәртипсиз түрде жатып қалды.

Маталақ ғарға-қузғын шоқып кеткен Қулбайдың өлисин алып келди. Қурбанайдың денесин таба алмады. Оғада изертлеп қараўға биреў өзимизди өлтирип жете ме деп қорықты.

Қуўлы көлден өзи жеркенип кетти. Қурбанайды көп

изламей Қулбайдың денесин фаэтонға салдырып қайтып келди.

Қулбайдың денесин алып келгенде Толғанай уйқыда еди. Маталақ билқастан оны оятпады. Алып келген жигитлерге ҳешкимге ҳеш нәрсе айтпаўды, айтса гелеси кететуғынлығын қатты аңлатып қойды. Жигитлер Қулбайдың денесин ғәллеханаға қойды. Тақ атып, күн шығайын деп турған ўақытта:

— Встать! Встать!—деген командирдиң шаңқылдаған даўысынан ҳәмме өрре турды. Жалма-жан мылтықларын алды. Атларына секирип минди. Маталаққа жол баслаўды буйырды. Ҳәмме жолға шықты. Күхняны артып жүрген тележка менен қурал-жарақ жүклеген тележка ең изинде киятыр. Басы аўырып, еки шекеси зырқылдап киятырған еки арбакеш солдат, түнги жасырып қойған шийшелериндеги арақларынан «воздушный» деп ымласып, командирдиң көзиниң тасасын алып ишип киятыр! Әскерлер Қуўлы көлге жақынлап қалды.

Әсен Хусайын менен офицерлер, солдатлар гез келген бир шоқалаққа қарай ат қойды. Ҳәммеси төбе басына шығып қарады, бирақ я адам, ямаса мал, яки ийт ерте турып жайылып жүрген таўықлар да жоқ.

— Залп пенен мылтық атайық. Қорыққан халық төледен шығады. Барлығын бирден қырып таслаймыз,—деди Әсен өтиригине ҳийле менен.

— Шушы идеяда яман түгил.—деди Хусайын.

— Правильно! Я понял.—деди командир - солдатларды қол былғап бийикке шақырды. Ҳәмме шаўып шоқалаққа шықты.

— Залп пенен жер төлениң үстине қарай атынлар!

Барлық солдатлар залп пенен атты. Мылтықтың азанғы даўысы жер бетин жаңғыртып жиберди. Мылтықтың даўыс шыққанда төлелердиң сол жақ түслигиндеги қалың тоғайдың иши жыбырласып, гаўырласып кеткендей болды. Тоғайдағы қалың шақалар менен қалың бүклер шайқатылып арман-берман шайқалды.

— Әне, адамлар төледе емес, тоғайда екен,—деди Маталақ.

— Тоғайды қоршаңлар!—деп буйырды командир.

Солдатлар тоғайдың төрт тәрепине айланып бараман дегенше қасқырлар, доңызлар қарасын да көрсетпестен аржағындағы қалың тоғайға сиңип кетти.

Қуўлы көлдеги төлелерди, тоғайды тинтип қарап

бир де жан таба алмады. Түни менен арақ ишип басы аўырып турған командирлер менен солдатлардың қатты ашыўы келди.

— Бизди бунша неге алдадың?—деди командир ашыўлы. Жаўың қайда?

— Жоқ.

— Приставқа арза етип халықты қырып, мени өлтиреўин деп атыр дегениң қайда?!

— Билмедим.

— Билмедим менен қутыла алмайсаң...

— Ишимизде бир бәле бар,—деди Әсен ҳешнәрсени билмегендей...

Сол ўақытта жаў-жарақты тележкаға жүклеп киятырған арбакеш солдат ҳаўлығыўы менен командирдиң алдына келе жер баўырлай жатты.

— Кешириңиз, кешириңиз, кешириңиз! Қыршын жаным қыйылатуғын болды.

— Не өзи?—деди командир. Түргелип доложить ет!—деди.

— Онбес бес атар, бир неше ящик оқ жоқ.

— Не дейди?! Сволочь! Жаў-жарақ ушын сен жуўап бересең?

— Азанда Маталақтың арбаны айланып жүргенин көрдим.

— Мен де көрдим,—деп командир солдаттың сөзин мақуллады.

— Мен бе?—деди шоршып кеткен Маталақ күйинип.

— Аўа, сен!—деди солдат пенен командир қолын шошайтып,

Жалаң аяқ жалатайлар бар деп бизди алдады. Халықты қорқытып, пара алып, халықты көширип жиберген. Аўзы ашық солдатларға билқастан арақты басып берип, мылтықларды соларға урлап берип жиберген. Өйткени, бизлерди мәс етип усы жаққа келгенин мойынлайды. Ал, азанда жаў-жарақлар турған жақтан уйықламастан киятырғанын мен өз көзим менен көрдим. Акт жазамыз.

— Оғада дурыс!—деп ҳәмме мақуллады.

— Шешимиңиз дурыс, төрелигиңизге қуллық! - деди Әсен.

— Вопросни дурыс ғана решили,—деди Хусайын.

— Шымбайға қарай жол алың,—деди.
Ҳәммә атлылар Шымбайға қарай жолға түсти.

* * *

Айзадалар «Қуўлы көлден» шыққанда тастай түнек еди. Жолдан жүрсек биреўлер көрип қоя ма деп атыз арық, таса тасадан жүрип жолдан адасып көп ҳәлек болды. Қуўып келетуғын душпанларға дуўшекерлесе-йик деген Алламураттың сөзи де буған мақул түсти. Пышық мурны батбайтуғын тоғайлыққа да кирип кетип қайтып шыға алмай көп ғана ҳәлекшиликке түсти. Бул дәртке шыдамаған, көзи аўырған Алламураттың «аўылда жүрип адасқанымыз не қылғанымыз?» деп базда жолда өзи баслап, бурынғыдан да бетер адасты.

Таң атты. Жер жүзине жақтылық ҳүким сүрди. Қалың тоғайдан шыққаннан кейин Айдостың ақ жағысы көринди.

Саҳраның қараўылындай Сары таў көринди. Енди күндиз жүрмейик қызым,—деди Алламурат.

— Неге?!

— Қуўғыншылар услап алыўы мүмкин. Еле жол узақ.

— Аттың басын анаў Сары таўға бур!

Сары таўдың етегине тасалаў жердеги ажырықлыққа атларды арқанлады. Ерлерин алды. Өзлери таўдың басына шықты. Таўдың басынан қарағанда Дәўқара көли Ақбеткей аўылының қалың буўдан қара таллары менен тереклери көз ушынан көринер еди. Шымбайдан Жаңа дәрьяға қарай созылған Шымбай жолы усы Ақ жағыстың үстинен өтер еди.

— Бул да мақул,—деди Айзада.

Күн шыққан ўағында Айтмуратлар да усы Ақ жағыстың қасына келгенде Айзада Сары таўдың басынан орамалын былғап шақырды.

Айтмуратлар Сары таўға қарай аттың басын бурды да, келип қалды. Атларды булар да арқанлады. Ерлерин алды. Жаў жарақларын арқалап Сары таўдың төбесине шықты. Барлығы бирден аман-есен қосылысты. Барлық аўҳал айтылды. Бүгин кешке қарай Ақбеткейге жүретуғын болды.

Барлығы бирден шөпшек терди. Қулақ бети сынған қара қазан табылды. Айзада алып келинген етти,

қайта-қайта қайнатып жуўылған қазанға салып жиберди. Алламурат та чайға қанды.

* * *

Қочанов пенен Касьяненкодан хат алған Непес барлық мәселеге түсинди. Айзаданы, Алламуратты, Айтмуратты, Палўанды, кишкене Айтжанды аўылына алып кетти.

Непестиң аўылы Арал теңизиниң құбла-шығыс жағындағы жағасына орнасқан Ақбеткей деген елатта еди. Булманда көпшилиги мүйтен урыўынан болып, ата-бабасынан берли балықшылық пенен күн көреди. Балықты ойдағы еллерге сатады. Балықты қақлайды, дузлайды, балықтан ҳәрқыйлы аўқат писиреди.

Непес бийдай реңнен келген жоталы, кең жаўырынлы киси. Оның әкесине журт «Жолдас жалаң аяқ» деп лақап берген. Ата-анасынан журдай жетим қалған. Ҳәркимниң үйинде бир қонып, әўеле ылақ, соңынан қой-ешки, мал баққан.

Қолына ақша түскенше, қысы-жазы жалаң аяқ жүрген. Ақырында бай орысқа жалланған. Балық аўлап дузлайды, сатысады. Бул мийнетлерден жыйнаған тыйынынан етик, кийим-кеншек алып кийген. Үйленген. Ҳақыйқый непесинен, ҳадал ықласымнан болған туңғыш перзентим деп баласының атын Непес қойған.

Жолдас жалаң аяқ байдың балығын хан пароходына жеткериў ушын кемеге желқом қурып теңизде кетип баратырған жеринде қатты даўылдан кеме аўдарылып, теңизге кетип өлген. Бай Непестиң анасына «байың Жолдас қарызға ақша алып еди. Соны сен төлейсең» деп, оны шоланда ислетти. Қыстың қыраўлы күнинде өкпесин суўық алып бул да қаза тапты. Журдай жетим болған Непес жигит болғаннан кейин Волков деген байға малай болып кирди.

Волков пенен Непесбай ийнинге-ийин тиресип, бир-бирине баўырман болып кетти. Волковтың анасы Татьяна Александровна муғаллим болған, ҳәзир алпысқа жақынлап қалған. Атасы Константин Константинович — доктор.

Оқымыслы Татьяна Александровна тек Непесбайды кешқурын оқытып саўатын аштырды.

Непесбайға Пушкинниң, Лермонтовтың Некрасов-

тың, Тургеневтиң, Чеховтың шығармаларын оқыўға берип туратуғын еди. Бирақ буған баласы Волков қарсылық көрсетти. Сонлықтан оларды жасырын қойып оқыйтуғын болды. Непес Волков пенен оның үй-ишменен бәрқулла рус тилинде сөйлескени ушын тиллажатлығып қалды.

Айзада, Айтмурат, Палўан, үшеўи Кочановтың тапсырмасы бойынша ашлықтан қырылып атырған халықтың аўҳалы жөнинде уллы ойласықты ортаға салды.

Жигирма жылдай Волковтың қолында болған Непес оның минез-қулқын, қайсы қалаларда қандай байлар, саўдагерлер бар, олар менен қалай қатнасыўдың жолларын үйренип, уқсыл-шуқсылларын билип алып қалған.

Волков негедур бирден елине көшип кетти. Аў-дәске, мүлк-әшия Непеске қалды. Айзада, Атмурат, Палўан келгенде буған он бес күн болған еди. Ақбеткейдеги шолан бас пўткил Непеске қалды. Непес Ақбеткейдеги балықшыларды ағайыншилик жолы менен-ақ балық аўлаўға, оны дузлаўға, сатыўға таярлады. Бул ислерге Айтмурат, Палўан, көзи жазылғаннан кейин Алламурат та қосылды.

Бир айдың ишинде-ақ сондай жылым майланды. Бул Непестиң өз өмиринде балық аўлай жүре бирнеши табыслы болыўы еди.

Арадан ўақытлар өтти. Бир нешше шолан дузланып, кептирилип те болынды. Арал теңизиниң шетинен жүрип, Аральск қаласындағы темир жолға шекем балықты тасыйтуғын үлкен кемелердиң барлығына да балықты толтырды. Арал теңизиниң шығыс-құбласынан шыққан балық тийеген кемелер шамал қолай келип, желқом менен тез күнде Аральскке жетти.

Темир жол басқарыўшылары менен келисип арнаўлы вагон алынды. Он төрт вагонға балықты тийеп Москва арқалы Макарияға (Горький қаласына) тартты. Макарияға барыўдан Шишкин деген ун заводының бойына он төрт вагон балықты он вагон ақ унға алмаслады. Айтмурат, Палўан, Непестиң бул исине қайыл қалды. Темир жолшылар менен, саўдагерлер менен, жол бойындағы темир жол станцияларының начальниклери менен де әлпи-алысып, ағайин адамлардай ашылысып сөйлесип баратыр.

Арадан көп өтпей-ақ Аральск қаласынан он вагон

ақ унды қалған кемелерге жүклеп Ақбеткейге келди. Сол күни түнде Палўанның қолына хат жазып берип, Кочанов пенен Луценкоға он вагон унның келгенин ҳәм оны халыққа қалай бериўдиң, қайда апарыўдың жолын сорап, тағы да қандай тапсырма бар екенлиги жөнинде мәсләҳәт сорап жазып жиберди. Ақбеткейден сыналған, ең жақсы, ең мықлы, узақ жолға жарайтуғын торы атты минип Палўан дуўры жол менен Петро-Александровскке жүрип кетти.

Палўан жума күни Петро-Александровскten қайтып келди. Оның менен бирге Қасьяненкода жаңа тапсырмаларды түсиндириў ушын келди. Кочанов унды тезлик пенен қандай қыйыншылыққа, қымбат түсиўине қарамастан, халыққа таратыўды тапсырған, егерде қалаларға тасыўға ат-арбадан мүмкиншилиги болмаса, байлар арқалы халыққа жеткериўди усынған. Қасьяненко келген күни менен тағы ойласық болды.

Халыққа усыманнан үлестирип сатсаң барлық халық шожып кетеди. Көпшилигиниң көлиги жоқ. Өзлери тасып қалаларға әкелиўге ҳеш қандай мүмкиншилиги жоқ. Айзада:

— Шымбайдағы Халмурат байға сатыў керек. Ол әлбетте халыққа қымбат баҳа менен сатады. Бирақ, унды булманда қаншама көп сақлап ирккен менен халық ашлықтан қырылады. Сол ушын мениң айтқаным дурыс шығар,—деди.

Буған алды менен Непес қосылды. Қалғанлары да қарсылық көрсетпеди. Сол күни түнде Непес Шымбайға кетер болды. Айзада Палўанниязға хат жазып берди.

Шымбайға келген Непес аўыр жатарда Халмурат бай менен келисти. Ақшасын нақлай алды. Бирақ, бай халыққа несийеге беретуғын болды. Унды сатыў, тасып алыў Халмурат байдың мойнына болды. Халмурат байдың үйинен шыққан Непес түн аўа қырықтың аўылындағы Палўаннияздың үйине барып хатты берди. Таң атарда жеткен Непес шаршағанлықтан ҳеш нәрсе ишпестен ақшаларды аршаға басты да, уйқыға кетти.

Енди Халмурат бай тынбады. Шымбайдағы пўткил арбакешлерди, түйекешлерди жыйнады. Шымбай пристави буған жәрдем етти. Пристав аш халықтың әпшеринен қорықты. Ҳәр күни приставтың жайына қарай кесек атыў, гезлескенде сыртынан мушын көрсетиў-

лер приставқа қатты тәсийир еткени ушын Халмурат байдың ақ қапшық пенен ун әкелемен дегенине бир аўыздан қосылды.

Өзи еки ат қосқан фаэтонға минген Халмурат бай түйекеш пенен арбакешлерди жыйнап сол күни ымырт жабылғанда Ақбеткейге жетип барды.

Касьяненко Айзадалар топарын асғыртын Неңестиң жайына жыйнады. Ең биринши нәўбетте Неңеске барлық революционерлердиң атынан алғыс айтты. Екинши жағынан, өзлериниң минип келген атларының жарамай қалғанын, өзине бир-бир жақсы ат таўып беривин өтиниш етти. Шамурат шымбайда ҳәкимлерге, приставқа, байларға қарсы қайсындай ҳәрекетлер етиўди түсиндирди.

Айтмуратты, Айтжанды Маталақ турған жерде қалдырыўға болмайтуғынлықтан қалаға барыўшыларға Алламуратты қосып Шымбайға жиберди.

Сол күни түнде Касьяненко Айтмурат баласы Айтжан менен бирге Петро-Александровскке кетти.

Шымбай жигитлери Касьяненконың тапсырыўы бойынша Халмурат байдың унды үлестириўине қатты қадағалаў менен қатнасты. Халмурат байдың ойы бойынша алды менен унды ағайинли Ванюшинлерге кейин жергиликли байларға сатыўы керек еди.

Сол ушын ун алынып келген күниниң ертесине түнде бет-аўзын таңып, қолларына ақ пышақ, наған алып Палўанияз Каримулла, Дәўлетияр, Раҳметулла, Қудайшүкир Шамурат, Хусайын Халмурат байдың үйине кирип келди. Унды өз баҳасынан қолынан халыққа несийеге үлестиресең. Егерде саўдагер байларға қымбатына сатсаң, жақты дүнья менен хошласа бер деди. Халмурат байдың антын алды.

Шоршынып уйықлай алмаған Халмурат бай өрели танды тырнап атырды. Ерте турып, чай ишип, азанғы аўқатын жеп болды. Өзине исенимли адамларын қасына алды. Ҳәўлиниң ишине бир-еки жерге тәрези қурды. Барлық қалаларға жиберетуғын унларын жиберип болды.

Қалғанларын халыққа сатты. Ашлықтан албыраған халық унды пулы бары сатып, пулы жоғы несийеге алды. Демниң арасында ақ қапшық унды тез күнлер ишинде сатып болды.

* * *

Айландырған жаў алмай қоймайды. Касьяненко, Айтмуратлар Айзаданың жәрдеми менен, Маталақты және түрмеге қаматтырды. Суўға таласта ол бир жарлы жигитти жалпылдақлары менен урып өлтирип қойған еди. Тергеў жумыслары менен Шымбайға келген Айзада бул ис пенен айналыса баслады.

Маталақтың қамалыўы Шымбай байларына қатты тәсир етти.

Ағайинли Ванюшинлер менен Қурбан улы Халмурат бай, Маткарим баласы Ибраҳим бай, Хожамурат бай, Әллек улы Шынықул бай, Камал баласы Убайдулла бай, Аскар, Ахмед бай, Ержан, Қалжан, Карнель, Зайдель, Рудень усаған саўдагерлер, завод ийелери барлығы бирден инине суў қуйылған қумырсқалардай бықынады. Аяғына қоз басылғандай өрденыққа хабар жиберди.

Таллық пенен Көк өзек, Тазқара менен Дәўқара болысларының ақсақаллары менен басқа да ҳәмелдарлар Маталақ байдың тутқынға алынғанын еситти. Қабағынан қар жаўып, қайғының қақпанына түскендей болды. Солайда болса базы биреўлери қуўанды. Қайғырғанлары Маталақтан дүнья алып қымбатына сататуғын еди.

Шийки затларды өзимиз шығарып, ҳасыл затларды өзимиз алып келемиз деген байлар менен саўдагерлер Маталақтың майрылғанына, қамаққа алынғанлығына қуўанды.

Жума күни Шымбайдың базары еди. Қол астындағы барлық болыслар, ҳәкимлер Шымбай приставы Микельджанцке барды, Олар Маталақтың қамалаўына қарсылық көрсетти. Пристав: мен ҳеш нәрсе ислей алмайман. Бул полковник Глушановскийдиң буйрығы. Тергеўши де сол жақтан келген. Айтқанды қылмайды. Оның үстине анаў күни «тергеўши не қыламан десе де қарсылық көрсетпең, исине араласпаң, егерде кескинлескен мәселе болса гүнакар Петро-Александровск тюрьмасына апарылады»—деп маған Глушановский қатты тапсырды.

— Егерде тергеўшиге жазатайым ис қылағойсақ...?!
— Басыңыз бенен жуўап бересиз.
— Тергеўши түрмеде қона ма?

— Ол Глушановскийдиң буйрығы бойынша Әмиў-дәрья бөлимиңде ислеп атырған патшаның адамы. Патшаның тергеўшисин өлтирди деп бизлерди ғана емес, пүткил Шымбайды тас-талқан қылады. Парасатлы болыңлар, изине бағайық!—деп келген болыс, ҳәкимлерди қайтарып жиберди.

Маталақ халық алдында кек алыў ушын қамаған Айзадаға Глушановскийдиң алдында қандай дәлиллер менен қамалғаны ҳаққында исенимли ҳүжжетлер керек болып қалды. Буған да үлкен дәлиллер табылды. Жаў-жарақлы төрт жигитти жиберип тюрьмадан Маталақты айдап келиўге буйрық берди. Төрт жигит зәбердеслик пенен тюрьмаға кетти.

— Патшалыққа ҳәм жергиликли ҳәкимлерге, әсиресе сизге жаман адамлар өш алмақшы соған қоса тюрьмада жатқанларды зорлық пенен шығарып аламыз деп ҳәр күни тюрьмаға ҳүжим жасап атыр. Өмирине қәўип туўып тур. Қараўылларды көбейтиў керек,— деп Микельджанцқа түсиндирди. Ол келисим берди. Бул келисимнен пайдаланған Айзада исенимли жигитлерине жаў-жарақ берип ҳеш нәрседен қорқыўды умытқан еди.

Төрт жигит әнтек-тәнтегин шығарып Маталақ байды алып келди. Маталақтың жүзлери сарғыш дөнген, қабағының асты көгерип, еки урты ойылайын депти. Ўрлықшы пышықтай Айзаданың жүзине дүўры қарай алмады.

— Тергеўди даўам еттиремиз,—деди ол. Сизиң де, бизиң де мақсетимиз ҳақыйқатлықты қоллаў.

— Дурыс. Берекет тап.

— Егер сиз қарсылық көрсетпесеңиз Әсен дилмашты алдырсақ. Сизиң айтқаныңызды жазып, хатқа түсирсе, сиз оған бармақ бассаңыз қалай болар екен?

— Оғада мақул.

Айзада Әсен дилмашты алдырды. Әсенге барлық жағдайды түсиндирип айтты. Ол хатты еки нусқада жазып отырды. Тергеў басланды, Әсен дилмаш жаза баслады.

— Полковник Глушановскийди сыйлағанларыңыз ды айттыңыз!

— Аўа.

— Сизлер оғада ҳүрметлеген екенсиз, дурыс болған, қандай сарпайлар бердиңиз!?

— Алтын жалатқан бир фаэтон, еки ат, бес ғалы ғилем үш палас, он текинемет, гүмис самовар, ҳаялына сеңсең тон, алтын жүзик, алтын сырға, алтын билезик, алтын моншақ, қажары етик, оғада көп ҳәркыйлы қаракөл, 10,000 манат ақша бердик.

— Буларды сыйласық пенен бердиңиз ғой?

— Ой қарағым-ай, соншә затты сыйлық деп, ол бир мениң жийеним бе? Қорыққаннан бердик. Бул сөз усыманда қалсын, қорқамыз. Онысыз күн көре алмаймыз.

— Демек, сыйлап емес, қорқып бердик дейсиз?

— Аўа, жалған болса ийманымнан айрылайын...

— Онда, жазғанды оқып бериңиз,—деди Айзада.

— Болады,—деп Әсен барлығын оқып берди.

Маталақ мақуллап бармағын басты.

— Расын айтшы, енди мени босатасыз ба?

— Шымбай приставы сизиң қамалғаныңызды Глушановскийге айтып қойыпты. Ол киси сизлерди Петро-Александровскке жибериң өзим сөйлесемен, депти. Ал, бизлер ол кисиниң рухсатысыз шығара алмаймыз,— деди Айзада ақырын сөйлеп.

— Тилхат берейин.

— Болмайды.

— Қашпайман.

— Қашсаңыз да, қашпасаңыз да, дийханлардың бирнеше жыллық мийнет ҳақысын төлемегенше сизди босатпаймыз.

— Пүткил Шымбай ҳәкимлери менен болыслары мениң ушын тил хат береди. Азат қылыңыз.

— Қамап таслаңлар! Көп сөйлеснўге ўақыт жоқ!

Төрт жигит тағы апарып қамап таслады. Онда да түрмеге емес, басқа жерге... Себеби, қозғалаң тапқан байлардың көзинен таса болғаны мақул еди, Маталақтың.

* * *

Ақ патшаның урыс баслағаны, егер ол қырғын көпке созылса қол астындағы барлық халықтан мардикар алатуғынлығы онысыз да тирсеги қағысып отырған жарлы-жақыбайдың етин түршиктирди. Бул сум хабардың ушлығы Шымбайға да жетип, халықтың ызасы келе баслады.

Усындай бир күнлерде Луценко жүк әкелген кеме менен Шымбайға келип Айзадаға ушырасты. Луценкодан сәл алдын илгериде Касьяенко менен Петро-Александровскиге кеткен Айтмурат та Айтжанды алып келген еди.

Буннан кейинги ҳәрекет багдарын, не истеў керек-лигин айтып Луценко былай деди:

Айзада абайлы бол, Шымбай байлары изинде түсип алған. Оның үстине жас балаң бар, туңғыш улың Айтжанды аман сақла. Жолдасларға сәлемиңди тапсыраман.

Айзада, Маталақ мәселесин ақыл менен шешесең. Мынаў материалларды полковниктиң өзине беремен. Саған ол патшаға, ҳүкиметке, ҳәмелдарларға қарсы адамларды қама, жуўапқа тарт деп буйрық берген. Ал, сен байлар менен саўдагерлерди, зулымларды қамап атырсаң. Оғада ақыллылық еткенсең. Бул истиң даўам ет. Бизлер саған күш-қуўат боламыз. Хош болыңыз!

Жоңышқа тухым, тери терсек, қаракөл, тағы да басқа затлар тийеген Луценко минген үлкен айдарлы кеме Кегейли арнасы менен Шымбай қаласынан гөўгимде шықты.

Тап усы ўақытлары үйши базарынан Маткарим улы Ибраҳим бай, Қамал улы Убайдулла бир неше атлы жигитлерди ертип Кегейли көпиринен өтти. Сәмен жорғалардың жылаўын тартыңқырап, өз ара гүңгилдесип Мынжыр аўылына қарай Жаңабазарға шығатуғын жол менен қубла батысқа қарай жол алды. Әдеўир-ақ жерге барғаннан соң булар атларының жылаўын жазды-рып пәтли жүрди де, пышық мурны батпайтуғын қалың тоғайға кирди. Қанша билдирмеймен десе де буның хабары Айзадаға жетти.

— Булар бир сумлық пенен жүр...—деди ол.

— Сақ болың балаларым,—деди Алламурат.

— Палўанияз аға, Раҳметулла, Әсен, Каримулла аға төртеўиңиз Қырықтың аўылына жетиўиңиз керек. Қамақтағы Маталақ байға қараўыллықты күшейтиў керек. Жасырылған жаў-жарақларды да беккем сақласақ болмайды,—деп Айзада өтиниш етти.

— Барлығымызда барыўымыз керек. Булманда не қыламыз...? Жаў-жарақ пенен қорғайтуғын адамларымыз сол жерде ғой... деди Айтмурат.

Сөйтип, Айзададан басқасы «Қырқ»тың аўылына кетти. Тахтакөпирге шығатуғын жолдың арғы тәрепиндеги Сейтназар ҳажының гөне тамының қасындағы Раҳметулланың мешитинде қамалған Маталақ байды қараўыллап жатырған адамларға аўыл жатарда жетип барды.

Маталақ пенен Раҳметулла қас еди. Ана жыллары ешек теўип өлтирген ийшанның жаназасында қатты мәселлесип, Маталақ зорлық етип, жаназадан Раҳметулланы қуўып жибереди. Соннан берли Раҳметулла менен Маталақ ийт пенен пышықтай. Маталақтың омыраў-зорлығына ушыраған Раҳметулла мақсымлықтан ўаз кешип, мешиттиң қапысына қос қулып урып дийханлар қатарына қосылды.

Айзада менен Айтмураттың айтқан ақыллы сөзлерине елигип олардың топарына қосылды. Сонлықтан Маталақты мешитке қамаўды өзи усынған еди.

Маталақ бай да, жаў-жарақлар да усы мешитте тур. Алламуратлар мешитти жасырын қорғап турған жигитлерден хабар алды. Булманда қара көбейтиўге болмайды деп, қырықтың аўылындағы Палўаниязды үйине кетти.

Мешитти қорғап атырған жигитлердиң талабы мешиттиң арқасын қырып ағып турған Тақжаптың бойындағы қалың боянды орыўдан ибарат. Сол ушын да булардан ҳешким ҳеш нәрсени қәўип етпес еди.

Айтмуратлар атланып кеткен ўақытлары және бир топар ири байлар Халмурат байдың сарайына мәслә-ҳәтке жыйналған еди.

Бул бас қоспаның мақсети Айзададан кек алыў, Маталақты тутқыннан азат етиўден ибарат еди. Бүгин сол ҳарамы ниетин иске асырмақшы.

Сол ушын да бағана ымырт жабылыўдан бир топар атлы болып Мынжырдың үсти менен тоғайға сиңген байлардың ойы «ертеңги күни тергеўши қызға бир нәрсе болып қалса, «бизлер сол түни Шымбайда жоқ едик» деп айтыў. Ал, қалғанлары Халмурат байдың қолтығына тығылып, шағал мәсликти қурып атыр.

Халмурат байдың үйиндеги ағайинли Ванюшинлер менен байлар менен бир-еки саўдагерлер аўқат ишиўди арақтан баслады. Қызған байлар қумар ойнады.

Қумар ойынының кейининен назлы, жилўалы қыз-

келиншеклерди жатқан жеринен оятып алдырып қолға айттырып, ойын ойнатты.

Пүткил ҳәзлик, ашық-машықлықтан бизлер қалдық. Ванюшиниң еки қарындасы арақ ишкен бетлерди көрмеген ушын өтирик ыза бенен барлығына арақ ишкизди. Ҳәммесин мәс етип биллирмей ишпеген кеттиди.

Халмурат байдың қақпасынан күтилген Валя менен Люба Каримулланы ияләп келди. Айзада Каримуллаға жоқ екенлигин есикти ашпай-ақ иштен билледи. Валя менен Люба Үйсин базарының шетинен Кеңлиниң көпиринің қасындағы жақҳала сөйлесип отырды.

Арадан аллен ўақытлар өтти. Мынжар ағымының келетуғын жолдан атлардың туяғының дүрилдеги еситилди. Люба менен Валя тағы да төсеклерге жасырынды. Атлы адамлар тонарын бурбастан көпирдиң үстине келип тоқтады.

Бирден барлығы атларынан түсти. Сыбырласып сөйлесип атыр.

— Атларды Халмурат байдың сарайына байлаң. Ҳеш адам көрмесин.

— Күтип отырғанлар тезлик пенен келсин! Тез атып кетеди.

Төрт-бес жигит атларды алып кетти. Камал уллы Убайдулла Кегейлиниң көпиринің үстине шықты. Жақка нәзер таслады. Қарацғы көше бетген қолына шыра услаған қараўыл арқадан қублаға қарай өтип кетти.

Олар тағы гүнкилдести.

— Егер жоян қылмасаң барлығымызды қуртады, ол қатын!

— Қол менен келеген исти мойын менен көтериўге туўра келеди. Жоқарыдан қолы бар, терегиўин қатыды ҳәмме сыйлайды. Күш-қуўаты көп.

Мениншe усы сапар бизлерге аўзын ашпайтуғын етип қорқытайық. Ант-суў ишкизейик. Маталақты шығарып алайық! Кейин гелле көсерлердиң бирине жасырын мойнын жулдырайық та, «ақ түйени көрдиң бе, жоқ» деп қарап отыра берейик.

— Бул да мақул.

— Барлығын ис жағдайы шешер. Әне, аналар да киятыр. Валя менен Люба гәптиң барлығын еситти. Халмурат байдың үйиндеги тәнтана да усыған байланысы екенин анық билди. Булардың кейининен қалмаўға бекинди.

Айзада биреўлердиң табалдырықты тайдырып ишке кирип атырғанында шорпыя оянды.

— Бақырма! Сестиңди шығарсаң, сеспей қатасаң?

— Тур орнынан! Шыранды жақ!

Айзада бир болегиң болғанын сезсе де, албырамады, турақлылық—менен гүресиўди ойлады. Түргелип шыранды жақты. Базы бириңде маўзер, базы бириңде қанжар, қылыш, пышақ жалтылдаған. Барлығы бирден аш қасқырдай анталап, Айзаданы асаң жутып жиберетуғын айдарҳадай аўзын ашып, көзлерин бақырайта анталап тур.

— Усы барлығыңыз жаў-жарақсыз жалғыз қатынға келгениңиз бе?

— Күш көрсетпесе бағынасаң ба? Көп сөйлемей алдымызға түс... Сенлик не бер...

— Биймезгил не не?

— Тюрьмаға барамыз. Маталақты шығарып бересең.

— Оны Петро-Алексеандравскке алып кетти.

— Ким?

— Полковник Глушановский алдырды.

— Мә, сеған өтирик сөйлеў!—деп Айзаданы Халмурат бай жатқа салып кетти. Шекеси оттай жанған Айзаданың жүрегинде кек қайнап кетти. Маўзерди алып тийсин кеткем де еди деп ойлады. Мейли, буның ақыбетине бағайын деп өзин-өзи услады.

— Жасы үлкенсиз ғой, таяғыңыз тийсе ғунам төгилер,—деди салқын қанлылық менен Айзада.—Тағы не буйрығыңыз бар? Таяқсыз-ақ орынлайман,—деди.

— Бизлерди тюрьмаға ертип барасаң. Көшеде бир аўыз бақырып сөйлемейсең. Бизлерди әшкара етпейсең. Маталақты шығарып бересең. Тюрьманы қараўыллап турғанларды «мыналар орын алмасады» деп босатасаң. Жәнжел шығартпайсаң!

— Перзентимди алып жүрейин!

— Ана жигитлер алады. Жылатпай алың!

Мырығып, уйқы менен парқына писип атырған Айтжанды бир жигит көтерди. Барлығы бирден Айзаданы алдына салды. Айдап көпирдиң қасына әкелди. Истиң нәсырға шапқанын көрген Валя Люба не қыларын билмеди. Соның арасында:

— Суўға тасла!—деген ашшы сестен тула бойы шымырлаған Айзада да Валя да, Люба да жалт қарады. Жигит баланы суўға атқанын көрди де, Валя оны суўға түсирместен қақшып алды. Бала шыр-шыр ете қалды. Ол шырлаған баланың аўзын басты.

Жан айбат пенен умтылған Айзаданың арқасынан Халмурат бай нйтерип жиберди.

— Өзиң де өлесең!

— О, перзентим! Өмириң усылай екен! Залымлар!!! Айзаданы түрмеге айдап барлық қараўылларды босатып, Халмурат бай жигитлерин қараўыллыққа қойды. Тюрьманы тинтип қарады. Мәталақ жоқ. Тюрьманың қапыларын тағы илди. Айзаданы жайға қамап естен танғанша сабады. «Өлтириў керек», «атыў керек»—деп турғанда күтилмеген жерден Валя жүўырып келди.

— Уай-ўай қашықлар!—Келип қалды!—деди. Валя кирип келе сала.

— Атып кетиў керек!—деп мылтығын гезенди Халмурат бай.

— Атпа! Кетиңлер, барлығыңыз қырыласыз!—деп бақырды Валя тағыда.

Барлығы бирден қорқып кетип тум-тусқа қашты.

Еси аўып жатырған Айзаданы Валя сүйеп отырғызды. Бети-аўзының қанларын сүртти. Суў берди. Айзаданың еси ене баслады. Арадан әллен ўақыт өткеннен соң Айтжанды қушақлап Люба келди.

— Апа, апажан! — деп бойын таслады. Ана менен бала аймаласа қушақласты.

— Валя! Люба өмиримниң ақырына шекем хызметиңизге таярман. Сизлерге алғыслар болсын.

— Тюрьмадағы қараўылларды орынларына қойған Айзада оларға қатты тапсырма берди. Тюрьмаға бир адымда адам жақлынатпаўды тапсырды да, Валя, Люба үшеўи тюрьмахананың кеңсесинен шығып «Қырық» тың аўылына жол тартты.

Қаншайымның қудығының үсти, Назар орыстың жайының алды менен Дәўқара болысына қарай кететуғын жолға шыққанда алдынан Алламурат шықты. Қызынан хабар алмақшы болып киятырған екен.

Айзада әкесине барлығын қалдырмастан айтқанда Алламурат бундай азаплардың талайын көргенликтен «тек аман-саў қалғанына» қуўанды.

Қыйналса да Қырықтың аўылына жетип келди. Айтмуратлар Палўанияздың үйинде жаңа ғана жатқан еди.

Айзада чай-суў ишкеннен кейин уллы ойласыққа кирди:«Валя менен Любаны Каримулла Шымбайға апарып тасласын» Ағам Айтжанды алып «Қуўлы көл»ге кетсин. Валя, сизлер ертең қандай хабар болса жеткерерсиз.

Валя менен Люба кирип келгенде үлкен ағасы Афанасий жаңа бети-қолын жуўып болған екен. Төрги жайға кирип баратырғанда:

— Тоқтаң!—деп шаңқ еткен даўыс екеўин бирдей тапжылтпай таслатты.

— Берман келиң!

Қызлар биплаж ағасының қасына барды.

— Қәне келип қалды деп, және бир даўрық салшы!

— Соған қаштыңлар ма?

— Неге қашты дейсең енди?

— Қоян жүрек қорқақ екенсизлер!

— Мине, саған қорқақ!—деп шекесине салып жибергенде Валя тентиреклеп барып қулады. Жығылған Валяны шаршағанша урды, тепти. Любаны да қоса қанға бояды.

Сизлер маған туўысқан емессиз! — деп таяқтан силейген Валя менен Любаны төрги өжиреге қамап, сыртынан қулып урды.

— Меннен рухсатсыз қапыны ашсаңыз, өлесизлер, —деп тәртип берди ҳаялына. Берген ақыл-нәсиятын алыў орнынан Афанасий Надежданы да таяққа жықты. Сөйтип шығып кетти.

Айзада Валя менен сырласып, бираздан берли дос болып қалған еди. Адамды адам езип, қул қылғанларын, байлардың сүтхорлығы менен мийирим-шапатсызлығын, зулымлығын айтқанда рус әдебнятындағы мийримсиз жаўызлардың образы Валяның көз алдына елеслер еди.

Айзада оның үстине кең пейил, ашық жүрекли, мийрибан ана ретинде Валя менен Любаға жағып қалған еди.

Валя жаўызлық ҳаққындағы әңгиме, гүррең еситсе де, сол жаўызлардың екеўи бизиң үйде бар екен» деп сүтхор, мийримсиз, тийиниң татын жалап, дүньяпа-

раз болған еки ағасын ойлар еди. Валя менен Люба ағаларынан азап көрип киятырғаны кеше ғана емес, бәрқулла. Әсиресе, ата-анасы өлгеннен берли, екеўи де усы үйге отырса опақ, турса сопақ болды.Тек жеңгеси жақсы көрмегенде Валя да, Люба да бул үйден ўаз кешип әлле қашан кетип қалар еди.

Айзаданы ашық кеўли, шын жүреги менен жақсы көрген Валя менен Люба ҳәттеки туўысқан еки ағасының барлық жасырын сырларын, ағасының жасырып қойған жаў-жарақлары менен оқларын да айтар еди. Кешеги Айзаданың көрген азабының гүўасы болған Валя менен Люба «керек болса, сол жаў-жарақларды урлап беремиз» деген еди. Сол ўәде бойынша Айзада ҳәзир Айтмурат пенен Каримулланы Валяға жиберген еди.

Өзи күйип отырған Надежданың үстине Каримулла кирип келди. Валяның Каримулланы жақсы көретуғынын Надежда сезер еди. Ең әўел баста екеўининг танысыўына да усы Надежда себеп болған еди.

Кирип келген Каримулланы көриўден Надежда еңиреп қоя берди.

Бираздан кейин көз жасын сүртип Валя менен Любаның жайын ашты. Валя да, Люба да Каримулланы қушақлап, өксип-өксип жылады. Әллен ўақта солығын басты,

— Мен ана ант урған ағаңды излеп келейин,—деди ашыўлы Надежда.

— Қайдан табасаң?

— Ашыўланса арақ ишетуғын әдети еди ғой. Ининиң, болмаса байлардың биреўининкинде болар...?

— Надя бизлер кетемиз...

— Кийим-кеншеклериңизди алың. Барлық өжирениң амбардың гилти ана шкафта. Илажым жоқ, қолымнан узата алмадым.

— Хош бол, жеңгежан.

Үшеўи бирден өксип-өксип, қушақласып хошласты. Надежда күйеўин излеўге шығып кетти. Ымырт жабылып қас қарайды. Каримулла тасада турған Айтмуратты аты менен Ванюшининиң сарайына киргизди. Темир менен тахтайдан араластыра исленген үлкен дәрўазаны иштен илди.

Валя менен Люба кийим-кеншеклерин қалдырмастан алды. Ақшалардан да дорбага тықты. Жасырын

зат сақлайтуғын амбарханаға ашты. Еки ящик бес атар менен еки ящик оқларды еки атқа жүкледи де, майданға шықты. Валя менен Каримулла екеўи еки атты жетелеп кетти. Айтмурат пенен Люба лампамайды шелекке толтырып, тохта полға, қапы әйнекке, тамның басына шашты ҳәм күкиртти алыстырды.

Еки қыз, еки жигит Көкши базарына шығып, Тақжаптың көпиринен өткенде Ванюшининиң жайының өртенген оты лаўлап көринди.

Қала халқы шыжа-пыжа болып шаўқым шығарса да өртти өшириўге қол ура қоймады.

Бир ўақытлары ағайинли Ванюшинлер тентиреклеп жетип келди, Өрт лаўлап, түтини менен жалыны аспанға шығып атырғанын көрген Ванюшинлердиң мәслиги тарқап, есиз талып қала жазлады.

Үлкен дәрўаза илик. Албыраған Ванюшинлер не қыларын билмей жөн алды қарабарақ шаўқым шығарып, бақырыў менен жүр.

— Ўай-ўай, Валя, Любалар, дүнья-малым қалды-аў, ишпе!

— Уаў, жақсы ғана сарайым...—деген ашшы даўыслар халықтың шаўқымы арасынан зорға еситиледи.

— Қоңсың өртесе күлме, саған да жалыны тийеди, өширейик, деди қоңсылардың биреўи.

— Қалай өширесең? Кегейлиниң суўын қаратпасаң өшире алмайсаң?

Шымбай бөлиминиң начальниги Микельджанц келди.

— Усылар бир нәрсе қылыўы мүмкин.

— Өрт өширетуғын қуралы болмаса патша келсе де ҳеш нәрсе қыла алмайды.

— Жигитлер, халайықлар, жәрдем етиңлер!—деди Микельджанц.

— Еки бирдей қарындасым ишинен шыға алмай қалды.

Туўысқанлар, өртте қызлар қалыпты, аман алып қалайық! Халайықлар! Қарап турмайық! Ел еллигин етсин, шелеклериңизди алып келиңлер! Кегейлиден суў тасып серпейик!—деп приставтың шыр-пыры шықты.

— Мына дәрўазаны бузыңлар, ишинде құдық пенен ҳәўиз бар, соннан суў алайық!—деп ағайинли Ванюшинлерге азырақ жан енди.

Жыйналған халық дәрўазаны балталап бузды. Қоң-

сылары үйлеринен шелеклерин алып келди. Көпшилик адамлар бузылған дәрўазадан ишке гүў басып кирди. Валя менен Любаның жатқан жайы әлле қашан өртенип болып төбелери ортасына түскен. Ағашлары, қапы-айнасына шекем жанып болған. Буны көрген Ванюшин есинен танып қулап қалды. Оны сүйреп майданға шығарды. Қатыны Надежда басында жылап отырып қалды.

Шелек пенен серпилген суў буйым болатуғын емес. Дәрўазаны ашқаннан соң өрт бурынғыдан бетер лаўлады.

Сарайдың тек дәрўазасы қалды. Дийўалдан басқасының бәри наўасы қалмай жанып болды. Сонша халық өртти сөндире алмай таң алдында үйли-үйине тарасты.

Халмурат бай ессиз қулап жатқан, зарлап жүрген Ванюшинлердиң туқымын қалдырмастан фаэтонға тийеп үйине алып кетти. Жыйналған халықтың кетпегенлери де еле толып атыр.

— Қатты кетип еди...

— Қанша адамға мийримсизлик пенен азап-ақырет берген еди,..

— Халық қарғысын алған адам онбайды.

— О бийшара! Еки қарындасы да жақсы қызлар еди. Усымандағы қарақалпақ жигитлерине тийемеи дейтуғын еди, ойнап.

— «Ойнақлаған бузаў от басар!»—деген усы...

Өртенген жай, күйип күл болған дүнья-мал, ағайинли Ванюшинлер баспанасыз қалды. Өрттиң ертеңине ағайинли Ванюшинлер адамларға пайдасы менен берип қойған, қарызларын өсими менен жыйнады. Ағасы ниниң үйинде ҳаялы менен ўақтынша турыўға келисти. Еки қызды өлдиге шығарып, умитти үзди.

Надежда Валя менен Любадан гүман қылса да жумған аўзын ашпады.

* * *

Өрт болған күнниң ертеңине азан менен қаяқтан да Раҳметулланың мешитине Айымбет ийшанның медиресесинде баспанасыз жүрген Әлеўатдин «аўмақай» деген Алдар көсеге усаған ҳийлекер, шуғыл келип қалды. Бул мешитти маған Маталақ беремен деп еди, сонан хабар алыўға келдим,—деди. Мешитти қорғап боян

орып атырған жигитлер қуўып салмақшы болды. Сол ўақта иштен ўай-ўайлаған даўыс шықты. Әлеўатдин Маталақтың даўысы екенин анық таныды.

— Маталақжанның сести ғой...

— Булманда Маталақ не жейди? Жоғал булманнан! Әлеўатдин сумлық пенен ҳийлекерликке бас ийди. Тезлик пенен кетип қалды, Отыз адымдай жүргенде Валя менен Любаның Тақжапқа шомылып атырғанын көрди. «Қаладағы Ванюшинлердиң қарындаслары ғой, булар не қылып жүр?—деп таңланды. Аппақ денени көрген Әлеўатдин аңынан айрылғандай, аўзын ашып, қызларға қарап, қатып қалды. Ақ сатан, қумырсқа бел, дуўтар қуйрық, қос анарды көрген Әлеўатдин еле тур. Буны аңламаған қызлар кийинип болып кетти. Әллен ўақтан кейин Әлеўатдин есин жыйнап, еңсесин көтерсе, қус ушып кеткен екен. Көп жылдан берли ҳаялдың денесине көзи түспеген Әлеўатдин аўзының суўын сүртип Шымбай қаласына ҳайт қойды.

Жуўырып жортып Әлеўатдин қалаға кирди. Өртенген жайдың қасында қапа болып турған Афанасий менен Алексейди көрип қайрылды.

— Ассалаўма алейкум! Ақыйры қайырлы болсын!

— Сорамаңыз, еки қарындасымызда өртенип өлди. Соны ашып алыўға көмекке адам шақырып едик. Солардың келиўин күтип турмыз.

— Қарындасларым да жанып кетти дейсең бе?!

Әлеўаддийин мысқыллап күлди.—Берман кел,..

* * *

Әлеўатдин менен Афанасий бири—приставка, екиншиси жаў-жарақ жыйнаўға тезлик пенен жуўырысып кетти. Ванюшиннің ҳаялының қыялына қәўипли, қаралы, қазалы қайғылар жалт ете қалды. Тезлик пенен хабар берейин деп бир нәрсени сылтаўлап, таса-таса менен Раҳметулланың мешитине қарай ушты. Қалың боянның ортасында орылған боянды жыйнап атырған Айзада, Айтмурат, Валя, Люба, Қаримулла Шамурат, Раҳметулла, Палўаннязды таўып алды,

— Тезлик пенен бас ғамыңызды етиңлер!!! Надежда болған ўақыяны түсиндирди де, зып берди.

— Жаў-жарақлы киятыр, тез болың! Мен кеттим.

— Көп турыўға болмайды. Не қылыў керек?—деди Айзада асығыслық пенен.

— Қашыў керек!—деди Валя ойланбастан.
— Услап алады.
— Енди не қыламыз?
— Раҳметулла аға, сиз өлесиз.—деди Айзада.
— Қалай?—деп шоршып кетти Раҳметулла.
— Өлген боласыз, сизди табытқа саламыз. Табытқа сизиң астыңызға жаў-жарақты жайғастырамыз. Гилең еркеклер мешиттеги бар саллени оран, шапанларды кийеди. Бизлер Валя, Люба үшеўимиз «Қуўлы көл» ге қарай кете беремиз. Алдыңыздан шыққанларға Мәтек сыйық әўлийесине қоямыз, ағайинлери сонда екен, дейсиз.
— Болады, өлим, өлим бир өлим...—деди Раҳметулла түсинип.

Тезлик пенен мешиттиң арқасындағы әўлийеден тайын бир табыт алып келинди. Мылтық пенен оқларды жайғастырып, кепинленген Раҳметулланы жатқызып, әўлийеге жол тартты.

Айзада менен Валя, Люба үшеўи үш атқа минип әлле қашан ҳайт қойған еди.

Маталақ байдың аўзын тығып есикке еки-екиден қулып урып таслап кетти. Ванюшинлер менен байлар Шымбайдан шығып Тақжаптың еки бойын қоймай қарады. Мешитти айланды. Жаңа қаладан шығарда асаў ат шапшып кетип, жалт ете жығылғанда шығанағы шығып кеткен Әлеўитдийин қалада қалған еди. Валя менен Любадан дәрек жоқ.

Көз ушында көринген бир топарды көрген қуўғыншылар солай шаўып кетти. Демниң арасында өли көтергенлердиң изине жетти.
— Бул ким, өлген?
— Раҳметулла мақсым.
— Аўырыў ма еди?
— Бүгин азанда байларға қарсы болған «ақмақлар» өлтирип кеткен.
— Олар қалай қарап кеткен?
— Арал теңизине қарай кеткен дейди көргенлер.
— Мақсым аўылдың әўлийесине сыймады ма?
— Ата-анасы Мәтек сыйықтың әўлийесине жерленген екен. Соған апаратырмыз.

Қәне, тезлетиң, қанхорлардың Аралға жеткермей желкесин қыямыз.

Барлығы бирден атларын бурып, артына қарай айланып шаўып кетти. Өли көтергенлер қалың тоғайға кирди де табытты түсирди.

Раҳметулла мақсымның кепинин қалта етип, оқларды бөлип салды. Раҳметулланы қайтадан кийиндирди. Жаў-жарақты бөлисип арқалады.

Айзада «Қуўлы көлге» барып атлар менен жигитлерди жиберген еди.

Байлар аршан кебир арқалы Тазша мөңкилдек деген жерге жақынлағанда биреўиниң есине «мешитте Маталақтың даўысы еситилди» деген Әлеўатдинниң сөзи ядына түсти.
— Тоқтаңлар!
Мешитте Маталақтың даўысы шықты деп, еди ғой?
— Ўа бала,.. Мешитти тинтпепиз-аў!
— Қойсаң-ә, сол Әлеўатдинниң сөзин, бизди алдаған.
— Қашқынды тута алмаймыз. Бизлер бараман дегенше кемеге миниди де кетеди. Қазалыға өтеди. Қуры ҳәлек боламыз.
— Қайтайық, мешитке барайық.

Ҳәммелери Қусқананың таўының арқа бети менен баяғы Аршан кебир арқалы, Шымбайды қақ жарып өтип мешитке келди. Ҳәммеси аттан түсти. Мылтықларын қолына алып, мешиттиң этирапын қоршап алды. Мешиттиң ишки, этирапы тым-тырыс.
— Ким бар, мешитте?
— Даўысыңды шығармасаң мешитти әртеп кетемиз!

Ыңырсыған сес шықты.

Кими ийни менен ийтерди, кими тепти, мешиттиң қапысын сындырып ишке кирди.

Маталақ бай:
— Сизлерди де көрер күнлер бар екен ғой... Өлимнен қутқардыңлар, ағалар...—деп Маталақ ҳәр қайсысын бир қушақлап еңиреп жылап қоя берди.
— Ал, көрген-билгениңди айтшы?
— Бир ҳаялдың мәккарлығы қырық ешекке жүк болар екен. Бүркиттей тарпа басып қамап таслады. Талай мәртебе түсиник хат алды. Анығын айттырды. Тексергенде искенжеге салғандай етти. Оның алдынан бултара алмайсаң. Глушановскийге қарсы екенсең деп қаралап тур: оған дүнья-мал, пәлен мың ма-

нат ақша бердим деп мақтанып, ел ишинде оның абыройын төккенсең. Ҳәкимлерге қарсысаң деп мойнына қыйып салып, ҳүжжет дүзип бармағымды бастырды. Көзимизди таңып, еки қолымызды арқамызға байлап, аўзымызды пахта менен тығып, тастай қараңғы түнекте бизди усыманға алып келди.

— Олар қайда деп ойлайсаң.

— Мен қапыдан тық-тықладым. Айзада Алламурат қызы Раҳметулла мақсымға: өлесең, сени табытқа саламыз. Жаў-жарақты табыттың ишине жайлаймыз,— деп атырғанын еситтим. Ал, қалай қарай кеткенин көргеним жоқ.

— Алла бәрекелла...! Бағанағы табыт көтергенлер екен ғой?

— Зияўатдин, сизлер Маталақты минигестирип, үйине апарың да, кейнимизден жетиң! Бизлер айланып сизиң үйге келемиз.

Айзадалар «Қуўлы көлге» барып, халықларды жыйнап, барлығын түсиндирди. Алып келген жаў-жарағын ҳәммеге үлестирип берди.

Күн батып қас қарайды. Бир ўақта дүсирлесип киятырған байлар көринди.

— Атпаң, жақынлай берсин?—деп Айзада төленің аўзына шыққанларға бақырды. Валя менен Люба еки жағында.

— Ат деп өзим айтаман,—деди гөзлеп отырған Айтмурат.

Байлар алаңнан асып, түсип, аўылға ат қойды.

— Атыңлар!—дөген Айтмураттың сес еситилди. Усти-үстине мылтықлар көшти. Байлар сулап-сулап, аттан аўнап түсти. Ақыры, олар төтепки бере алмай қашып Шымбайға кирди.

Сол күни түнде Айзада, Айтмурат, Валя, Люба төртеўи төрт ат минип Петро-Александровскке жүрип кетти. «Қуўлы көл» де қорған болған халық дослары менен хошластып қалды.

Сегизинши бап

АРАЛҒА ТҮСКЕН УШҚЫН

Теңсизлик, аш-әптадалық, зулымлық Әмиўдәрья областының қол астындағы барлық халықларының жанына тийип, сабыр кесасын жайпалтқан еди. Астыртын ҳәрекеттеги большевиклердиң үгит-нәсияты менен дәрьяның еки бойында халықлар бас көтериўи менен шыға баслаған гүрес өртиниң ушқынлары Арал теңизи жағалаўларына да келип түсти. Оның себепшиси—Петро-Александровскиден қурдай қатнап туратуғын кемеши—матрос большевиклер еди.

Булар бүгин тағыда «Хан пароходына» жүк әкелип, Тоқпақ атада төрт-бес күннен берли жатыр. Тоқпақ атада турыўшы халықлар менен балықшыларға булар әллеқашан-ақ баўыр басып үйренисип қалған, Арал айдының әкесинен қалғандай ийелеп алған балық заводының хожайынлары Поручиков, Можарин, Березницкий, Мануилов деген шириген байлардың сырын да алды менен изертлеп билип алған.

Қудайшүкир менен Бекмурат, Грязнов кеше Петро-Александровсктен шыгарда Касьяненко, Головяшкин, Димо, Тимошенко, Бобровский, Залевский, Кочанов, Айзада, Айтмурат, Қурбан, Валя, Люба менен жасырын мәсләҳәтта болған еди. Мүмкиншилиги болғанынша балықшылар арасында қозғалаңды тағыда қызғынлы түрде баслаў керек. Кеменің жүгин түсириўди, хан пароходынан алып жүклеўди иркиў керек деген тапсырманы орынлаў ушын келген еди. Сол ушын булар ертеңги болатуғын қозғалаңның бүгин планын дүзип, ўәде бойынша түни менен балықшыларға хабарлаўы, түсиндириўи керек.

Үшеўи де ана бирде Тербенбеске балықшылар көтерилисиниң баслаўшы баҳадырлары болды. Тербенбес балықшыларына төрт күн бурын Грязнов пенен Қудайшүкир, Бекмурат араларына барып, басма-бас, бетме-бет сөйлескен еди.

Балықшылар:

— Қалай болған менен сегиз саат рабочий күнди орынлатыў керек. Қул базарына түскендей қор болғанымыз жетер деди. Тербенбестеги тоналып, таланған халықлар, балықшылар, рабочийлар Грязнов пенен Қудайшүкирдиң, Бекмураттың сөзлерин дыққат пенен тыңлады.

Гүз айларының иши еди. Арал теңизи толқынланып, тайдай туўлай баслады. Айпара деген ҳаял Аралдан балық аўлап келди. Оның өмирлик жолдасы Байнияз балықты қайыққа салып берди.—Сен балықты

тапсыр. Сөйтип баланды емизип қайтарсаң деген еди. Арал айдының айыра жүзген Айпара Тербенбестеги балық заводына жүз кило балықты өлшеп тапсырып болса қабыллаўшы:

— Балығың елиў кило—деди.

— Неге, жүз кило ғой?

— Елиў килосы қудай жолы. Сампылдаспа, бермесең балығыңды алып кет!

— Неге? Жүз кило балығымды дурыс жазып бересең.

— Жоғал!—деп Айпараны жағадан ийтерип жиберди.

Айпара тентиреклеп теңизге жығылды.

Бул ҳәдийсени көрип турған Бекмурат пенен Құдайшүкир, Грязнов жуўырып барып қабыллаўшы Қоразбайдың қасына келди.

—Неге ҳаялға азап бересең?

— Сизлер соған қадағалаўшы болып келдиңиз бе?

— Кетиң булманнан, болмаса соңы жаманлық болады!

Сол ўақытта теңиз жақтан топар-топар балықшылар балығын тапсырыўға келип қалды.

Айпара:

— Меннен елиў килограмм балықты жеп қалды, өзимди азаплады. Енди арзымды кимге айтаман? — деп жылап жиберди.

— Жоғалыңлар булманнан!—деди балық қабыллаўшы.

Теңизден балық аўлаўға кетип, қарны аш, ашыўлы келген балықшылар шаўқым шығарды. Жәнжел басланды. Балық қабыллаўшы балықшыларды, рабочийларды сөгип, азап бере баслады. Төбелес басланды. Халықлар жыйналып қалды. Қоралардан таяқ алған балықшылар балықшы кәсип орынларының ийелерин, олардың жалпылдақларын, тәрепдарларын сабап, сулайтып таслады. Жайларының әйнек-қапысын дал-дал етип, ойранлады. Төбелес кескинлесип көп күнге созылды. Ең ақырында балықшылар:

— Мийнет ҳақымызды бер? Азық-аўқат, кийим-кеншек бер. Балығымызды тонама!—деп шаўқым етип еки-үш күн балық аўлаўға шықпады. Булар бес жүзден аслам балықшы еди. Балықшы байлар қорқып

Шымбай участкасындағы приставқа жасырын адам жиберди.

Шымбай участкасының приставы Микельджанц өзи менен полицияларды алып келди. Халықты қураллы ләшкерлер менен қорықытты.

Ең ақырында алты балықшыны судқа бериў ушын ләшкерлерге айдатып алып кетти. Бирақ, буның менен қозғалаң тоқтамады. Ушқын жалынға айланып баратырғандай еди. Оның үстине байлардың балықлы көлге таласып жүргени де қолай болды.

Атаўдағы байлардан пайын ала алмай, көкиреги-де кек қайнап жүрген балықшыларға «Сизлер көлге таласып жүрсизлер, бизлер мийнет ҳақымызды ала алмай жүрмиз» деген мәселени қойсаңлар мақсетке муўапық болады деп түсиндирди.

Тоқпақ атадағы балық таярлаў заводының балықшылары майданға шықты. Қолларында таяқ, темир-терсек, ким қолына не түссе соны ала шоланлардан шыққан еди. Тоқпақ атаның төбеси демниң арасында тола-тода аламанға толып кетти. Барлығы бирдей ашыўлы.

Грязнов пенен Құдайшүкир, Бекмуратта аламанға араласты.

— Ағайынлер!—деди Грязнов. Байлар менен байлардың таласына араласып өз-ара қырғынға ушырап қалмаңлар!

— Олар урысса өзлери урыссын!—деди Құдайшүкир.

— Байлар көлге таласады, балықшылар таяқ жейди,—деди Бекмурат.

— Байлар көлге таласқанша мийнет ҳақымызды талап еткен арзаңызды тыңласын! Қан ишер қузғынларға қарсы қозғалаңлар!

Аламан гүўлеп тобын жаздырмастан Моржарин менен Поручиковтың үй-жайына, балық заводына қарай топылды. Рабочийлар: ис ҳақыны көбейтиўди, толық бериўди, ҳәрқыйлы салықты авайтыўды, мүтәжлыққа гиришгар болған адамларға жәрдем бериўди талап етти.

Моржарин менен Поручиков халықтан қорыққаны сонша: жасырып қойған унлары, товарларды халыққа дәррәў тарқатты. Заводлар менен шоланлардың ҳәм балық аўлап жүрген балықшылардың аў салған

жерине шекем ун, дүнья-мал ақша жибергизип, бергизип шықты. Халықлар талабын орынлатып болғаннан соң дүзилген жормал бойынша бармағын басып, ун, товар, ақша алды.

Рабочийлар менен балықшылар байлардың бундай ҳийлелериниң ўақытша екенин толық түсинди. Сол ушын қозғалаңға ай сайын, күн сайын тайын болып турды.

Апрель айларының ашық күнлериниң бири еди. Бир жағы Арал теңизи, шығыс жағы үстиртке қарай созылған майданлық. Ашық айдынға қарасаң көк темир менен қурсап қойғандай, Қырға қарасаң қызыл ала атлас пенен бөлеп қойғандай, Ургe деген жердиң көриниси көзиңе усындай көркемли көринеди.

Теңиздиң үстине дөнип турған таслақ бийикликлер. Жағадан өткенинде төбеңе түсип кетейин деп тургандай көринеди. Тап усы теңиздиң ернегинде, дөнип турған тастың астында Аллаш деген жарлы балықшы қос дүзетип күн кешире баслады. Березницкий деген бай Ургеге балық заводын салғанда усы Аллаш рабочий болып кирди.

Оның баласы Палўан бийдай иреңли, қара көз, кең жаўырынлы, жоталы жигит болып өсти. Березницкийдиң Татьяна деген қызы Палўанға айық болып ол балық аўлаўға барса да, қырға шығып қаўын-ғарбыз егип қойған атызларға шықса да Татьяна изинен қалмады.

Апрель айының ашық күниниң бири дегенимиз: бир күни Палўан жалғыз сыйырына от әкелиў ушын «Қамыс көл» ге кетти. Аздан соң изинен аппақ аў қайыққа минип Татьяна жетип барды. Татьянаның аў қайығы оғада саз. Астын төсеп, үстине саяман етип, пешехана қурып, көрпе-төсек салынып ҳәммесин сазлап қойыпты.

— Палўан,—деди Татьяна даўысы қалтыраңқырап.

— Неўе...?—дегенин билмей-ақ қалды Палўан.

— Мында кел. Мен саған бир нәрсе әкелдим.

Қамыс орыўды қойып Палўан Татьянаның қасына келди. Аў қайығына минип қарап еди, ҳеш нәрсе көзине көринбеди. Қыз оны қайықтың ишиндеги шатырға алып кирди.....

Усы күннен баслап Татьяна менен Палўан айырылмас дос болды.

Тоқпақ атаға жүк алып шыққан Бекмурат пенен Қудайшүкир, Грязновлар қайтарда Ургеден балық жүклеп қайтыўға туўра келди.

Үшеўи де Аллаштың қосына қонақ болды. Түни менен үшеўи Аллаштың аянышлы өмири менен таныстылар. Аллашқа буидай ақырет-азапқа көнбеўдиң жолларын үйретти.

Ургениң ашық ҳаўасында, қостың қасында жатқан Грязнов пенен Бекмурат, Қудайшүкирдиң уйқысы қанып қалыпты. Азанғы чайдан кейин Аллаш, Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкир ҳәрким өз жумысы менен, Березницкийге барды.

Грязновтиң жумысын питкерип болып:

— Аллаш, сениқи какой жумыс?—деди Березницкий.

—Үйимде үнемим жоқ. Балықты наисыз, гүртиксиз жеп отырмыз. Ақша, қәрежет жоқ.

— Барлығын да береміз.

— Барлығын береміз дегениңизге бес жыл болды. Маған ҳәзир керек

— Қойса Аллаш! Сен жумыс исленўди бил!

— Дурыс емес!—деди Грязнов шыдамай кетип,

— Неге дурыс емес?

— Адам иследи ме, ҳақы алыўы керек.

— Сизлер мени қадағалаўға келдиңлер ме?

— Қадағалаўымыз да мүмкин!

— Солай де?! Шығың кеңсемнен!

— Өзимиз-ақ шығамыз.

— Жүкти түсирип алыңыз.

— Балықты жүклеп беріңь!

— Өзлериңиз түсиресиз, өзлериңиз жүклейсиз. Шығынлар!

Ашыўға миниген Березницкий кабинетин жаўып, шыдамай теңиздиң бойына шықты. Таўдың етегинен төмен қараған ўақытта Татьянаның ақ қайығына көзи түсти. Балық аўлағанларды көрип қайтайын деген қыял менен таўдың төбесинен түсти. Қайыққа жақынлап келсе еки адам қушақласып отырғандай көринди. Березницкий ашыўдан бақырайып киятырған көзин, онан бетер бақырайтып келип қарады.

Анықлап қараса Татьяна менен Палўан бир-бирин қушақлап сүйисип отырған екен. Бурынғы ашыў ашыў-

ма, қабағынан қар жаўып, тула бойы қалтырап, қақсап:

— Таня!—деген даўысы тенизди жаңлатып жибергендей болды.

— Я?!.

Палўан да күтилмеген даўыстан ба ямаса әкесининң көзинше қызын сүйгенликтен бе от болып жанды.

— Бул не, ким бул?

—Палўан...—деди плажемз Татьяна Колпаниның баласы...

— Менің тухымымды ыласлап, жарлы менен жүретуғын сен бе?—деп Березницкий қызын теўип-теўип жиберди. Шыдамаған Палўан Березницкийди қапсыра қушақлап алды. Березницкий қанша жулқынсада тың күш оны орынынан қозғалтпады. Уем пайыттан пайдаланып Татьяна үйине қарай зып берди. Үйине барыў менен калитканың тесигинен Палўанды қарап турды.

— Жибер деймен, бала!

— Қызыңыз жақсы! Тиймен! Қолын жаздырды.

—Ийттиң баласы қызыма жақынласаңа!

— Мен оны жақсы көремен!

— Мә саған сүйиў!—деп қалтасындағы пағанды гезлемей-ақ басын жибергени, оқ Палўанның санына тийди.

Палўан шойқандай жығылды. Буны көрип турған балықшылар бирден топылды. Төбелес болып қалды. Брезницкийди қуўып барып жайына тықты. Жайына от берейин деп атырған балықшыларды Үргеге келген Қазалы уезднің баслығы полициялар менен қуўады.

— Атып, қырып тасланлар!—деп буйрық берди уезд начальниги.

— Ата алмайсаң!—деп Грязнов қарсы келди.

— Биреўин атсаң, барлығыңыз жоян боласыз! — деди Бекмурат.

— Қәне, ат мени!—деди Қудайшүкир көкирегин тутып.

— Ағайинлер қорықпанлар! Ҳақыңызды талап етиңлер!

— Жумыс саатын азайтыңлар!

— Жоғалсын жеги қуртлар!—деп балықшылар топарын бузбастан уезд начальнигине, полицияларға қарсы топылып келе берди. Бурында Қазалыда усындай қозғаланды көрип, көзи қорыққан начальник өз басын аман сақлаўды ойлады.

— Ағайинлер, тоқтанлар!—деди начальник.

— Неге баламды атады—деди Аллаш.

— Ким атты?

— Березницкий атты.

— Таўып келиңлер, Березницкийди.

Төрт полиция жуўырып кетип, Березницкийди жасырынған жеринен әптек-тәптегин шығарып, алып келди.

— Березницкийди гүнәсиз жигитти атқаны ушын ҳәм өлтириў керек.

— Березницкийди жекеси етиң!

— Ой, полиция, Березницкийди қамаңлар! Өзлерин кетиңлер! Халыққа аман бермеңлер!—деп Березницкийди өлтиргиниге ыңғайға айдатып жиберди. Полицияларды да жатқан жерине қайтарды. Өзи халықтың ишинде қалды. Қанға боялып атырған Палўанды уезд начальнигы қушақлап көтерди.

— Қәне, жарлем етиңлер!

Адамлар Палўанды жатақ жайына қарай алып кетти. Татьяна бултардың изинен ақырын жетип барды да, жипек әрәпети менен аққан қанды сүртти...

* * *

Қазалы уезд начальниги Үргe халқының қозғалаңынан қорыққаны ушын Грязновлардың жүгин тезлик менен түсиртти. Тийисли балықларды шаққанлық менен жүклетип, бәлени усылардың ислеп жүргенин сезген ол азық-аўқатын молдан берип узатып салды.

— Алдыңызды алла ашсын,—деп Аллаш айдынға қарай узап кеткенше қолын былғап қарап турды. Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкир Тоқпақ атаға қарай көзер алды.

Үргениң таўының басында ақ орамалын былғап, қушағын аша хошласып турған Татьяна айдынға қарай желқом менен жүзип киятырған Грязнов пенен Бекмуратың, Қудайшүкирдиң көзлерине таў басындағы гүлдей ысық көринди.

Татьяна таў үстинен төмен түсип, оқ тийип жаралаңып, аўырып атырған Палўанды көриўге киятырған еди....

* * *

Гряновлар Тоқпақ атаға келсе халық қозғалаңы еле тоқтамаған екен. Грязновлар Ургеге кеткенде Мануиловтың заводында қозғалаң болыўы керек еди.

Тәжирийбесиз рабочийлар менен балықшылар не қыларын билмей ўәде бойыншағы қозғалаң өз ўақтында болмай қалды.

Кеше кеште Тоқпақ атаға жетип келген Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкирлер түни менен балықшыларды жасырын жыйнады. Ертеңине олар усы үш азаматтың басшылығында Мануилов заводының алдына топланды. Олардың көкирегинде кек, жүрегинде ыза.

— Мануилов, майданға шық! Бизлер менен сөйлес! Шықпасаң жаман болады!

— Айлық бер?

Алты айдан бери «беремен» деп алдап жүрсең?

— Тарқалыңлар!—деди қәҳәрленип Мануилов. Жоғалың деймен!

— Өзиң жоғал!

— Сизлерди қырыў керек,—дең адамлардың үстине қарай мылтық көширди.

— Көзин жоғалтың Мануиловтың!—деп халық гүў басты. Қыраңпыш төбелес қызды. Қозғалаң тапқан халық Мануиловты жастап таслады. Мануилов заводында ислеп атырған ҳәкимлердиң биразы қорыққанынан балықшыларға қосылды, қосылмағанлары жәңжаққа қашты. Қашқанларды изинен қуўып жетип, сулайтып салды.

Онлаған күн балықшылар балық аўлаўға шықпады. Мануилов аўыр жарадар болып өзиниң врачына қараныў менен жатыр. Тоқпақ атадағы полиция отряды ҳеш кимди ҳеш жаққа жибермей қамап қойды. Арадан бир нешше күн өткеннен кейин Шорахан участкасының приставының басқарыўында солдатлар топылып келди. Қозғалаң қызды, халық солдатларға қарсы қырсығып қалды. Бир неше адамларды солдатлар атып өлтирди. Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкир жеңил жарадар болды. Жаў-жарақлы солдатлар қуралсыз халыққа күш бермеди. Қозғалаң басылды.

Демниң арасында Тоқпақ ата тым-тырыс болды. Жеңил жарадар болған Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкир: «Тоқпақ атадағы топылыслар тынбастан даўам

етсин!»—деп досларына түсиндирди. Үшеўин түн ишинде қалың қамыслықтың ишинен Петро-Александровскке шығарып салды, түнниң жарпында өзлери Тоқпақ атаға қайтты.

Грязнов, Бекмурат, Қудайшүкир узақтан қарағанда көзлерине Тоқпақ атадағы жайлардың айналарынан емески жақты жылтырап көринди.—Бүгин ҳәлсизлеў жанған жақты—ертең жайнап-жаснап жанып, Тоқпақ атаның үстинде жулдыздай жарқырасын:—деп үшеўи өрге қарай раўана болды.

Тоғызыншы бап

ТУРМЫС ТОЛҚЫНЫ

Қақаман суўық қарды қатырып таслады. Бир еки күннен кейин көк аспан көк ала темир қурсалғандай көгерди де қалды. Көп узамай-ақ буршақ жаўды. Буршақ жаўған күниң ертеңине қабағын жаўған қара булт күн батысқа жылжыды.

Еки-үш күн баўырын жазған булт тағыда тығынтаянға түскендей баўыры қатая баслады. Ысқырған аяз шуўлаған шағалдай болды да, қара суўық аш қасқырдай улыды.

Қыс қудиретли ҳүкимдарлық сүрди.

Қақаман суўықтан қатқан қар, ериген буршақтың суўы менен тастай қатты. Айнадай жарқыраған муз айдыны мейтиндей болып қалды. Жер бети адам жүргисиз тайғанақ болды.

Суўсыз, отсыз, турған, малларды жайыўға шығарса тайып өлиў былай турсын, шөплөр сүмекленип қатып қалған. Бул муз шөпти мал жей алмайды. Ишиўге суў, жеўге от жоқ. Бир неше он күнге созылған қаман суўықта маллар, ешки-қойлар қырылып қалды.

Падашылар да, шопанлар да, жылқыманлар да қаман суўықтан қыр басына қатып қалған адамларды көргеннен соң «батырлық» қылып майданға шыққанды қойды.

Қызыл шунақ, қақаман қара суўық тек шопан менен падашыларды ғана емес, үйде, жайда жүрген адамларды да аямағандай көринеди. Майданға жүрис қылса ямаса жолға шыққан жолаўшылардың жағасы-

на асылғандай, мурны менен қулақтан айырды. Кимди көрсең я мурнына, я қулағына қолын басып, я шаршы-шүберек пенен таңып киятырғанын көресең.

Усы суўықтың салдарынан Шорахаңа барыў ушын суўықтан қорқып үйине қайтып келген Айзада Айтмураттың ынылдап мынадай қосық жазып отырғанының үстинен шықты.

Дүбелей даўыл үргин үриў,
Сықырлады үйде суўық,
Жабықларды шамал түриў,
Болып қалды қара суўық...

Әмиўдәрья быйыл қатты,
Бул қатқаны жанға батты,
Матрос ҳәм салдаўшылар..
Бир тийинсиз қарап жатты....

— Шайырым, шалқып атырған екенсең? Көптен берли қосық жазған жоқ едим.

— Даўысың да жақсы еди, ҳәзир айтпайсаң..

Сырттан фаэтонға жегилген атлардың мойнына байланған қоңыраўдың сынғырлысы еситилди. Еки солдат кирип келди.

— Сизди Глушановский шақырады.

— Ҳәзирме?

— Аўа, фаэтонға минесиз.

— Әжеп болады!—деди де Маталақтың келгенин билген Айзада оның делосын папкаға салды. Фаэтонға минип Глушановскийге кетти.

Байға да, жарлыға да, саўдагерларге де, быйылғы суўық онай болмады. Әмиўдәрьядан параход та, кемелерде жүре алмай қалды. Гүллән этираптан келетуғын азық-аўқат тасылып алынбай қалды. Сонша кемелер, неше параходлар жүги менен жолда қалды. Булманнан кететуғын шийки затлар сыртқа жиберилмеди. Қайырға шыға алмай, ортада муз бенен қоса қатқан кемелердиң саны көп. Кемеси жүги менен жолда, параходы муз қалада қатып қалған Глушановскийдиң салдаўшылардың, матрослардың қатты қыйын аўҳалындағы қозғаланды баса алмай, не қыларын билмей күйип-писип, келип отырғанының үстине Маталақ кирип келди.

Сәлем берип, бас ийип ийбе менен кирип келген Маталаққа Глушановский жақтырмағандай салқын сәлемлести. Сол ўақытта қабағы қатқан көзиниң алды көгерген, дәпеп шийкил сары жигит рухсатсыз кирип келди. Есиктен кире сала аяғындағы етигин тарс еттирип, қәддин тик тутып, оң қолын қулағының қәўметине апарып честь берип:

— Господин начальник, жаман аўҳал болып қалды. «Царь» параходы музға қатқан еди. Ишиндеги ғәллелер менен затларды талап кетти.

— Кимлер?

— Адамлар, салдаўшылар, матрослар.

— Армия қайда?

— Армия кешигип барды.

— Не ушын?

— Шорахандағы қозғаланды басыў ушын кеткен екен.

— Қатты шара көриңлер!

— Қатты шара көрилди. Атылды, усланды, қамалды. Қозғалаң бастырылды. Халықтан ғәллени, затларды жыйнап алыңлар!

Солдат сарт-сурт аяғын аяғына урып, тағы да честь берди де кетти. Сол ўақта қолында папкасы бар Айзада кирип келди.

Айзаданы көрип Маталақтың төбе шашы тик турды, көзлери аларып шай көрген шөжедей бүристи. Сонда да женислик бергиси келмей дәпиниип.:

— Қатын!—деп бақырды.

— Буныңыз турпайылық: —деди Глушановский ашыў кернегеннен орнынан турып кетип, арман-берман қолын артына қаўсырып кабинетте жүре баслады.

— Мени тюрьмаға қамады. Өлип қала жазлап едим.

— Не ушын?

— Билмеймен.

— Айзада Алламуратовна, не ушын қамадыңыз?

— Господин начальник, бул адам ҳәзирги патшамыздың сизиң тутым, тәртибиңизге пүткиллей қарсы екен.

— Дәлийл?!—деди Глушановский ашығын-анығын билиў ушын.

— Мен сизге бурын жазған едим.

— Алдым. Соны тәкирарлаң, өзи еситсин.

— Сиз Шымбайға барғанда бир неше мың манат ақша ҳәм көп сый сарпай алғансыз. Соның барлығын Таллық пенен Көк өзек, Дәўқара менен Тазқара, қулласы қала менен далаға дағазалап болған. Сизди парахор залым, деп сыртыңыздан сайған.

— Сизлер ҳешқандай мийнет ҳақы алмайсыз. сизлердиң пайыңызды Глушановский алып кетти, —деп қырқ еркек пенен қырқ қатынға ҳешқандай мийнет ҳақы төлемеген. Сол ушын ҳәзирги сизиң сиясатыңызға қарсы, сизиң абыройыңызды түсириў ушын халыққа қозғалаң көтерип ҳийлекерлик ислеген. Қозғаланда халықлар өзин де қоса қуўған. Усы жыныятларды анықлап мен сизиң абыройыңызды сақлаў ушын қамаўға мәжбүр болдым. Сизге рапорт жаздым.

— Дурыс емес!—деп өгиздей өкирди Маталақ.

— Бақырма бунда!—деди жаман көзи менен қараған Глушановский.

— Бақырмай тура алмайман! Өтирик! Жалған!

— Мине мынаў бармағын басып тастыйықлаған протоколы,—деп тюрьмадағы Маталақтың бармағын басқан қағазын Глушановскийге көрсетти.

— Мусылман еки сөйлемейди дедиң ғой?

— Еки... еки...—деп сөйлей алмай қалды Маталақ.

— Ҳақыйқатын айттым, Өтирик сөйлей алмадым.

— Халыққа ма? Шық булманнан!—деп бақырды.

— Әжеп болады!—деп зып берди Маталақ.

— Өзим усыманда турғанда көзин тесип аламан. Бундайларды аяма! Халықтың алатуғынын Мталақтан өндирип бер! Бар, жумысыңа барабер!—деди Глушановский Айзадаға.

— Хош болыңыз!—деп Айзада шығып кетти.

Ғәлле талаў азаннан берги «Царь» параходындағы қозғаланды Тимошенко Кочановлардың басшылығында Қурбан, Бекмуратлар менен Айтмуратлар ислеген еди. Айтмурат қозғалаң қызған ўақта Тимошенко, Кочанов үшеўи қолға түсиў қәўпи туўылғаннан соң тайсалып басқа жаққа кетти де, қозғалаң қыза баслады. Ең ақырында қозғалаңға халық қосылды. Ғәлле менен затларды басып алып, тасып болғаннан кейин кеткен еди. Айтмурат қәўипли қара сезимлерден қутылыў ушын солығын басып, салқын қанлылық пенен қосық жазып отырған еди.

Айзада айланып келсе Кочанов, Тимошенко, Касьяненко, Головяшкин, Димо, Бобровский, Залевский, Андреев, Грязнов, Луценко, Валя, Люба барлығы жыйналған екен. Ашаршылық ҳаққында мәселе қаралды. Бурын ҳәркимниң басында бир ғаўға болса, енди мың ғаўға болды.

Тилли жаў топылыс жасап, талўас урып келсе, ашлық деген тилсиз жаў, түп-тамырыңнан қуртады. Атаны баладан баланы атадан айырады. Бир тислем нан ушын, бир уртлам суў ушын ҳәрким жақты дүнья менен хошласып, жер астынан жай табады. Ашық атаң менен ананды, балаң менен ағаңды тыңламайды.

Пишендей баўланған, ашлықтан өлген адамлар, пландағы шириген қаўын-ғарбыздай теңкейисип жатады.

Адам инсанийатына жақты дүнья жақсы өмир берген. Усы өмир ушын жанталасып киятырған адам ашлық әжелине қарсы гүреске шығады.

Усы ашлықтың дәртинен халықты қутқарыў ушын Кочанов адамлар менен терең пикир алысыў мақсетин де аўлаққа жыйналған еди. Кочанов сөзин баслады.

— Жер жүзлик урыс жәҳәнға от шашады. Тоссаттан болған урыста Россияның халықларының дүркин-дүркин армияларының қанлы майданда үзликсиз қыйралыўы даўам етти. Урыс барлық халықларды аш-әптадалыққа, азап-ақыретке гириптар етти. Халықларды аўыр азап пенен қайғылы қазаға ушыратты. Пүткил Россия, Орта Азия, Закавказье еллери езилип, еңиреўге қарады.

— Мине көзимиз бенен көрип отырмыз. Бизлер жасап атырған қарақалпақ үлкеси де бул апаттан аўлақта қалмай тур. Суўғарылып егилетуғын жерлер жарым-жарты болып қалды. Бул жыл халық ушын қайғы болады. Суўдың қәҳәт болыўы менен егин егилмей ашаршылық, болып отыр. Суўлы жерлерди байлар, болыс, бийлер ийеледи. Езиўшилер елди еңиретип жерлерин тартып алды. Мине усыларға қарсы гүрес алып барыў бизлерге тағыда уллы ўазыйпа жүклейди,—деди күйип-писип Касьяненко.

Айзада:

— Сизлердиң рухсатыңыз бенен менде көрген-билгеним ҳаққында сөйлегим келеди. Касьяненко жолдастың айтқанының барлығы анық. Ҳақыйқатында да аш-

лықтың қушағында әрман менен қырылып атырған халықтың есап-саны жоқ.

Арал теңизинде де астан-кестен болды. Түўилган толқындай келген ашаршылық анаты Аралларды албыратып таслады. Күнликшилерлин, салдаўшылардың балық услаўшы камбағаллардың турмыс тиришилиги қыйынласты. Ашаршылық ап бүйирден нағыз суғып отырған мәҳәллинде байлар балықшылардың бир пуд балығына қырық грамм ун төлесе, Хийўа халығында жүк тасыўшылардың бир пуд жүк тасыўына бир тийин берип отыр. Ол Хожели беклигинде 7590 адамның сексен адамы ғана товардан пеленген кийимге ийе. Олда жыртық, жамалған. Халықлардың қарны-аш, кийими жоқ, жалаңаш. Оның үстине салықтың саны жетпис түрге жетип, жаңа алғын шашағын көтирдекке тақап отыр.

Петро-Александровскте Әмиўдәрья бөлиминиң баслықлары бәркулла өзиниң жеке басының ғамы ушын халықтан аяўсыз пара алады. Сақтыян, Аққамыс, Ақбасты, Таза ҳәм Гөне Бағжап болыслары менен Талдық Нәўпир, Тазқара, Көкөзек, Жаңабазар болысларды Глушановскийге үш жүз мың манат жыйнап берди. Халықтың арасына тығыз барыўымыз керек. Петро-Александровскте отыра бермей тағыда ҳәр жаққа тараў керек Жүк тасылатуғын жағдайдан пайдаланыў лазым.

Мәселени жаңа жуўмақлаған ўақытта күтилмеген жерден Глушановскийдиң шақырыўы бойынша Айзаданы екинши рет алты солдат айдап кетти. Қалғанлары қайғы-уўайым менен қайғырыўдың қара булты астында қалғандай болды.

Афанасий Ильич Кочанов тезлик пенен жолдасларына жән жаққа тараўды буйырды. Ўазыйпа Айзаданы тутқынға ала қойған күнде пүткил халықты Петро-Александровск бөлиминиң баслығы Глушановскийге қарсы қойыў ушын, барлық жердеги жүрекке жақын жигитлер менен жақыннан сөйлесиў еди.

Кочанов жолдаслары менен хошласты, өзи штабтың дилмашы Ержан Кожуров пенен ямаса Балжанов пенен Айзаданың неге шақырылғанын астыртын билиўге кетти.

Кочанов күн батқанда штабтың алдында Ержан

Кожуров пенен ушырасты. Шешек дақлы, қара пәрең, бир көзи қысықлаў, сылынғыр, қара жигит—Ержан өзине пухта еди.

Сырдай далада сары маядай көзге көринип турғанды намақул көрди де, Кочановты қос гүжимниң тасасына алып келди. Сәлемлесип, саўлықты сорасыўдан-ақ:

— Айзаданы неге шақыртты?—деди Кочанов кеўилсизлеў.

— Жаманлық болмаўы керек.

— Сен дилмашлық қылмайсаң ба?

— Өзим орысша билемен, дилмаш керек емес,—деди.

— Сонда да албырап қалар. Сылтаў таўып бар,мен Курбанның үйинде күтемен. Тезлик пенен хабар бер.

Глушановский Айзаданы қыстаўлы тапсырма менен шақырған еди.

— Шымбайда патшаға, ҳәкимлерге қарсы тәртип бузыўшылар көбейип атыр. Арал әтираплары, Майпоз, Урге, Зайыр, Қаратерең менен Дәўқара, Тазқара, Таллық, Көкөзек болыслықларында балықшылар менен дийханлар, ҳәттеки шаруалар арасында да қозғалаңлар көбейип кетти. Бул ҳаққында Шымбай округиниң баслығы Микельджанцқа хат жазып едим, соны да алып кет! Сени жаўдан, душпаннан қорғаў ушын Микельджанцқа қосымша буйрық жазаман. Тәртипсизликке қарсы аянба, қама, штраф сал, ақша жыйна, маған берип жибер!

— Болады!

— Микельджанц қос ат жеккен фоэтон береди. Атқосшы таўып ал!

— Өзимниң өмир жолдасымды атқосшылыққа алыўға рухсат етиңиз.

— Мусылман дәстүринде ҳаял буйрығын еркек орынламайды ғой.

— Мусылманлар: «еркекти бас, ҳаялды мойын» деп есаплайды, мойын қалай бурылса, бас та солай бурылады.

— Жақсы нақыл екен, мейли, сеннен шығып кетпей бурылса болды,—деп қарқылдап күлип жиберди Глушановский,—Хатты алып тезлик пенен Шымбайға жөнеп кетиң.

— Әжеп болады! Сизге үлкен минетдаршылық билдиремен, тақсыр!

Айзада қуўаныш пенен Глушановскийдиң кабинетинен шығыўдан Қурбанның үйине қарай ушты.

Айзада кирип барса, барлық дослары күтип отырған екен. Қуўанышы қойнына сыймаған Айзада барлығын бастан-аяқ айтып берди. Досларының дәртине дәрман алып келгендей, олар да қуўанды. Бирақ, оған ҳәзирше Шымбайға кетпей турыўға кеңес берилди. Айзадаға уллы ойласық пенен өз басшыларынан минетлемелер берилди.

* * *

Мийи айланып, диңкеси қурып азапланған Маталақ Әмийновтың үйине барды. Бойын кроватқа атқан Маталақ маўқы басылғанша өксиди. Әминов пенен Гүлзапыран екеўи зорға дегенде алдастырды. Маталақ Глушановскийден еситкен сөзлерин айтты.—Енди бул дүньяда жүриўимниң кереги болмай қалды. Соңша ат, абырай, даңқ көкке ушты. Айзадаға Глушановский мени түсап, аяғымнан байлап қолымды кисенлеп, қул етип берди. Глушановский құдайдан тапсын, берген дүнья—малым, ақшам күйип кетти,—деп зарлады.

Гүлзапыран да көзине жас төкти. Әминов екеўин де жубатты. Ана бирде Гүлзапыранның айтыўы бойынша Глушановскийди Әминов үйине шақырып, сый—сарпай менен он мың манат ақшаны жипек орамалға түйип сумкасына салған еди. Маталаққа да усы әдис пенен кеште барыўды мәсләҳәт етти. Маталақтың питегене жаны жай тапты.

Ымырт жабылып, қас қарайғанда ҳеш адамға көринбестен Әминов менен Маталақ, Гүлзапыран үшеўи Глушановскийдиң кабинетине кирип барды. Глушановский Гүлзапыранның қолын сүйди, Әминов пенен апақ-шапақ көристи. Маталаққа болса салқынлаў нәзер таслап қойды. Маталақ Глушановскийдиң көз-қарасына түсинди. Буны Әминов дәрриў аңлады да, тезлик пенен сөз баслады.

— Тақсыр Глушановский, мына жасы үлкен мениң қәйин атам екенин билесиз. Анаў күни сизге шийрин аўқатлар писирип, зайыбыңыз бенен құрдас болып

қалған, мына ханумның әкеси. Ол сизге арзы—аўҳалын айта алмапты. Әкемиз мийман болып келгеннен соң Сизди қонаққа мирәт етип келдик.

— Жақында ғана болдық ғой?

— Тойған жерге тоқсан кел!—деген.

— Ағамыздай үйренип қалыппыз, Сизиң менен дәстурханның басында бирге болғымыз келеди, —деди Гүлзапран көзлери ойнақшып.

— Басқа ўақытта.

— Онда атамыздың азы-кем сый-сарпайы...

— Ол не екен?

— Мә! Тақсыр қәрежет етерсиз!

— О—бо... қалай болар екен?

— Сый-сарпай деген сыйласық ғой!

— Берген құдайға да жағыпты, зыяны жоқ, яшы-үлкен бергеннен соң илажы жоқ,—деп Глушановский он мың манатты отырған столының тартпасына салып күлди.

— Рахмет тақсыр, алғаныңызға ырзаман! — деп Маталақ бас ийип, қол қаўсырып ийба етти.

— Өзи қалай еди? Мен түсинбей қалдым.

— Айзаданы яшыўлкен алып қашқан. Үйине алып келген. Айзада сол күни түнде Айтмурат пенен қашып кеткен. Соннан берли бул кисиге азап береди. Сол қатынның үнин өширип бер,—деп сизге келген.

— Түсиндим....—деди Глушановский, еки жағынан да несип еткенин ала берейин. Енди Маталақ пара бердим деп елге айтпас,—деп ойланды.

— Мен ол ҳаялды Шымбайға жибердим. Меннен аўлақ болсын! Пайтын таўып өзлериңиз... Глушановский сөзиниң кейнин жутып жиберди.

— Расын айтып мени қоллағаныңыз ушын елтиңиздиң пайы болсын,—деп тағы бес мың манатты Глушановскийдиң қолына узатты. Глушонавский шыбынширкей жутқан құрбақадай бес мың манатты ғабырғубырлық еттирип алып тағыда столдың қутысына таслап жиберди.

Гүлзапыран мың құбылып, жилўа наз бенен Глушановскийге қолын сүйдирип әкесинен әдеўир кейин шықты.

Булар кетиўден Глушановский тартпаны ашып он-

бес мың манатты үлкен қара портфелине салып атырып:

— Маған десе бир-биреўин жесин, таласын!— деп қойды ишинен.

* * *

Петро-Александровскке барғаннан соң-ақ Люба менен Касьяненко кеўил қосып жаңа өмир дүзиўге бел байлаған еди. Бул ҳаққында барлық жолдаслары менен ойласып, түйилген түйинди бүгин шешти. Сырлы сандық ашылғаннан-ақ отаўдың тұнлигиндей жүрек төриндеги жумбақ журтшылыққа көринип қалды.

Бүгин Александр менен Любаның неке тойы. Бабалардан бурыннан қалған дәстүр бойынша Петро-Александровсктеги 1874-жылы салынған орыс мешитине барып, неке қыйдырып қайтты. Бирге барған барлы жолдаслары да орыстың дәстүр-тәртибин бузбад Лийкин, егер басқа аўыр күн туўған жағдайда бул мешиттен қалай пайдаланыў кереклигин, оның қай өжиресинде қандай зат бар, олардан пайдаланыў жоллары ҳаққында ойларына өзек тапты.

Ширкеўден келген Александр менен Люба Құрбанның үйинде таярланған той дәстүрханының төринде отырды. Олардың оң қапталында Валя, сол қапталында Айзада менен Айтмурат отырды.

Столдың басында Афанасий Ильич Качанов тойды басқарып отыр. Александр менен Любаның жора жолдас, құрбы-құрдаслары келди. Ағайин-туўған, туўысқан, қоңсы-қобалар келди. «Ел дәстүри ерли көтерер» дегендей ел-елшилигин етти. Дослар дәстүр бойынша қолынан келген сый-сарпайын, ақшалай қәрежетин аяған жоқ.

Халықтың ҳүрметине, жора-жолдастың ләззетине бөленген Александр менен Люба неке тойын жақсылап өткерди. Патша ҳәкимлериниң қуўғанына ушырап, жүрген Александр Касьяненко тойдың бундай өтиўине көзи жеткен жоқ еди.

Касьяненконың әскерлер арасындағы пикирлес офицерлери менен солдатлары да келди. Олар Глушановскийге: «бүгин көшеде қараўыллар, патрульлер көп болыўы керек» деген сылтаўы менен алды менен көшелерди өзлери қадағалаў ушын дәлил таўып, ымырт жаўылып, аўыл жатар болғаннан соң Александр менен Любаның тойына келип таң атқанша, тамаша менен отырды. Офицерлер, солдатлар менен жигит-қызлар танца ойнап қосық айтып, ҳәз етип қалды. Таң атар алдында офицерлер менен солдатларды бөлип алып ҳәр қайсысы ҳәр көшеден өтип қазармаға жыйналды.

Тойдың да болып өткенине төрт күн болды. Александр менен Люба қәдимгидей хызмет орынларына барып, жумысқа кирисип кетти. Бир күни Айзада почтаның механиги Михайл Михайлович Тарасов менен келисип, газета-журналлар алды.

«Алға», «Пролетар» деген газеталарда басыла баслаған Карл Маркстың, В. И. Ленинниң мийнетлерин, соларға қоса «Қызыл Жулдыз», «Бахыт», «Шора» (кеңес) газеталарын жыйнап Качанов менен Касьяненколарға әкелип берип ҳәм Айзада өзи де оқып турды. Айзада өзи оқыў менен қатар жолдаслары арқалы да тезлик пенен халыққа үзликсиз таратып турды.

Айзада Айтмурат пенен Құрбанды алып Шораханды көриў мақсетинде кетиўге қолайласып атыр еди, күтилмегенде Ханбийби кирип келди. Көз жасы көл дәрья, бет-аўзынан қан жосыған Ханбийби өзин услай алмай, өксигин баса алмады. Құрбан менен Айтмурат зорға дегенде Ханбийбини жубатып, төрге отырғызды.

— Анажан, не болды?—деди Айзада оны аяғанлықтан кеўили елжиреп.

— Төбемнен таяқ кетпеди. Арқамнан аяқ кетпеди, —деп зорға сөйледи Ханбийби.

— Айт апа, барлығын айт!

— Бурында да қарық емес едим. Әсиресе, әкем өлгели астым жер, үстим тепки, отырсам опақ-турсам сопақ, еситерим сөгис, көргеним қорлық, билгеним зорлық-зомбылық болды,—Мынаған қараң:—деп оң жағы менен сол жағындағы қабырғасын көрсетти. Сай-сай қабырғада этешкирди қыздырып басқан таңба қып-қызыл болып турған еди. Бул аўҳалды көзи менен көрген Айзада, Айтмурат; Құрбанлар Ханбийбини аяғанлықтан көзлерине жас алды.

— Абайлы болыңлар,—деди солығын зорға басқан Ханбийби. —Кешеги келгенде сениң менен жүзлескен Маталақ ушын Глушановский деген мийримсизге Әминов ертип барып, он бес мың манат пара берип кетти.

Шымбайға барғанда Айзаданың көзин жоқ қылың. Меннен аўлақта өлсин деп буйрық берипти, Маталақ кеткеннен соң Глушановский ақшаны алған кеше ғана сизлерди басшыларыңыз бенен қоса қамаққа алыўды, атып, асып жазалаўды буйырды.

Мениң күйеўим сизлерди астыртын аттырыў ушын Глушановскийден еки наган, бир маузер алды. Бундай жаўызлықтың неге кереги бар? дегенимизде Гулзапыран менен екеўи қол-аяғымды байлап, етиме әтөшкир күйдирип басты. Естен таныппан. Мени өлди деп сейисханаға таслапты: Мен ҳәзир ғана есимди жыйнап сизлерге жеттим...

Айзада Қурбанды Қачанов пенен Касьяненкоға жиберип өзлери Қурбанның үйине келди. Ҳаяллар орамалды ҳөллеп, Ханбийбиниң маңлайына басты. Тамырының соғыўын көрди. Аяқ-қолын уўқалады. Қулласы қалам Ханбийбини көргеннен емлеўдиң ҳәрқыйлы жолларын иследи.

Валя, Люба да ҳеш қайсысы да врач емес, лийкни ден саўлық ҳаққындағы китапларды оқығаннан кейин кеселди қалай емлеў кереклиги жөнинде азлап түсиниги бар. Люба дәрриў сүт таўып келип, писирип берди. Пал араластырып көк чай иштирди. Бунан соң Ханбийбиниң қаны жүрип, маңлайынан шып-шып тер шыға баслады. Суўыған денеси ысый баслады. Ханбийби көзин ашты. Валя менен Айзада аяқларын уўқалап отыр.

Афанасий Ильич Качанов, Дмитрий Дмитриевич Головяшкин, Николай Александрович Димо, Тимошенко, Бобровский, Залевский, Грязнов, Шамурат, Қудайшүкир, Каримулла, Палўанияз Рахматулла, Сабырбай Мамытбай улы ҳәр қайсысы ҳәр ўақта кирип келди. Ең соңында ярым ақшамға жақын Қурбан келди.

Неге кешиккени жөнинде бир аўыз бенен: «солдатлардан хабар алдым....—деди. Себеби Мамытбай улы Сабырбайды бурын көрмегени себепли сөз ашпады. Басында солдатларға «егерде анаў-мынўа көтерилис бола қалса, ўәдеге беккем болып, бизлер тәрепимизге шығыўды, тағы да бир мәртебе командир менен солдатларға ескертип қайтты.

Ханбийбиниң айтқан сөзин Айзада келгенлерге анықлап, ашып айтып берди. Ал, Качанов тезлик пенен қарсы ҳәрекетке өтиўди усынды.

— Бизлерди баплаў ушын Әмин бай менен Глушановскийдиң өзи қызғынлы ҳәрекет етип атыр. Сол ушын да Ержан Қожуров пенен бир қатар жигитлерди сақлап, Глушановский кабинетинде отыр,—деди ол.

— Таң атыўға қараса, Айзада сениң группаң кете алмай қалады. Бекмурат, Қурбан, қасына бир неше жигитти ал да, план бойынша ҳәрекетке көш! Қурбан қасына бир неше жигитти ала шықты. Қурбанның қасына қосылған жигитлердиң арасында Сабырбай Мамытбай баласы да кетти.

Қачанов Ханбийбиниң аўҳалының бурынғыдан жақсырақ болғанын билгеннен соң оның менен сөйлескиси келди.

— Сиз Әминбайдың жасырын ислеринен не билесиз?

— Барлығын билемен. Мен билмейтуғын неси бар дейсең?

— Мысал ушын?

— Мениң әкемниң өлими усылар тәрепинен болды. Шорахандағы әкемниң пахта заводын өзлерине алыў ушын әкемди өлтиртти.

— Тағы?

— Сейисхананың артында, қапысы ишки жаққа қараған дигирманхана бар. Дигирманхананың артындағы темир қапылы жайда мылтықлар менен оқлар, алтынлар менен ақшалар тур. Гилти мине, мен урлап алдым. Жума күни Глушановский шаңқай түсте үйге келди. Мен зият екенимди билдим де, қоңсыларға шығып кеттим. Әдети бойынша Гүлзапыран Әминов бир жаққа кетсе, Глушановскийди шақыртып алады. Сусаннинен енди буған аўысты...

Тап усы сапар Гүлзапыранның сақыйлығы тутып кетип, Әминовтың барлық дүньясын—малын, Глушановскийге көрсетип шықты. Мен қоңсылардан келсем, ол өжиреден екеўи шығып киятырған екен. Мәслик пенен бир— бирин жаласып жүрип, есикти қулыплаўды умығып кетти... Менде қулыпты урдым да гилтти алып жасырдым.

— Бизлерди үйиңизге ертип алып бара аласыз ба?

— Барар—ем, лийкин Әминов көрсе мени атады.

— Әминовты бизлер биринши атамыз!

— Онда мейли...

— Жолдаслар, бул исти қалай шешемиз?

— Алды менен тексерип, көрейик,—деди Палўанияз пухта сөйлеп.

Олар мәсләҳәттә мәсиге қамай алмай атырғанда сырттан ҳәктем даўыс еситилди.

— Қолларыңызды көтерин, майданға бирим-бирим шығыңлар! Қоршаўдасызлар?

Качанов қыз-жигитлерге қаршында, аршада турған жаў-жарақларды тезлик пенен үлестирип шықты. Ең соңғы қасық қанымыз қалғанша берилмеймиз!—деп сыбырлады Качанов.

— Шығасызларма, жоқ па?!

— Гилең нашарлар отырмыз, қорқамыз,—деди Айзада.

— Жаў-жарақтан оқ шықса, жайды партлатып жиберемиз.

— Жаў-жарақ жоқ келе берің!

Алдында Әминов баслаған бир-еки бай кирип келди. Әминов Ханбийбини көриўден атыўға оқталғаны сол еди, Айзада Әминовты атып жиберди. Ол аўнап түсти. Жарағы жерге жалп ете қалды. Ишке киргенлер биримлеп оққа ушып турды, сонда да Айзада жорлар биримлеп оққа ушып турды, сонда да Айзада жортаға шарбаяланды:

— Өйбей, ғәрип аналарды аттыңыз ғой! Жәрдемге келегөрің!

— Жәрдемге...

Ал келгенлер ишки бөлмеге жетер-жетпестен сулап атыр.

Айзаданың даўысын еситкенлер бара сала атып атырған екен деп, қалғанлары ишке дүбен кирди. Сырттан келгенлерди иштегилер тағы қырып салды. Аман қалғанлары тым-тырақай қашты. Сарыбай Мамытбай баласы Әминовтың жиберген жансызы болғаны ушын, өтирик сөйлеп, уў ишип, Палўаниязларды ертип кетип, «ишим аўырды» деп жүўериликке кирип, қашып барып, Әминовқа хабар берип, булардың үстине жиберип, өзи кейин қайтқан екен.

Келген бөленің бетин қайтарған Качанов Ханбийбини ертип, өз жигит-қызлары менен бирге Әминовтың үйине кетти. Арақ ишип, бәрре қозының гөшиниң қуўырдағына тойған Гүлзапыран қатты уйқыда екен. Оның өжиресиниң қапысының аўзына жигит қойылды. Қалғанлары өжерини ашты. Жаў-жарақты, дүнья-малды, алтын ақшаны сыпырып алды. Шыбықлыға қарай

Әминовтың еки гүлмыйықлы арбасы жол тартты. Жаў-жарақ жасырып қойылатуғын орынға алып кетти.

— Ал, Ханбийби, жаман атлы болмас ушын штабқа ўай-ўай салып, датлап барасаң. Әминовты өлтириў ушын дүнья-малын тонап кетти!—деп Глушановскийге зарлап барасаң.

Ол сөзсиз Әминов ушын емес, Гүлзапыран ушын келеди. Бизлер усыманда аңлып турамыз.

— Әжеп болады.

— Ханбийби атқа минип шапты. Уллы мәсләҳәттен кейин жалғыз өзи үйине қайтайын деп атырған Глушановскийдиң кабинетине ўай-ўай салған Ханбийби кирип барды.

— Әминовты өлтириўге әкетти. Гүлзапыран зарлап қалды. Дүнья-малын талады. Уай-дат, ўай-дат....!—деп жылады Ханбийби.

— Ырас па? Көрсет маған!

Глушановский Ханбийбини фаэтонға отырғызып алып, Әминовтың үйине шапты. Дәрўазадан кириўден өзине таныс Гүлзапыранның өжиресине өзин урды. Қатты уйықлап атырған Гүлзапыранның үстине бойын таслады..... Ол да апалаққа-жапалақ Глушоновскийди қатты қушақлады.

Глушановскийди аңлып турған Качановлар Гүлзапыран жатқан өжирениң қапысын жулқып ашып, топарласып кирип, әтирапын орап алды.

— Мийриңиз қанған болса турыңыз!

— Что.....?!—деп жалт қарады Глушановский.

— Қолыңызды көтериңиз!

— Ҳақың жоқ. Атып таслайман!—деп маўзерине қолын апармақшы болғанда Айтмурат шалтлық пенен қолын қайырды.

— Ўай-Ўай!—деп шоршып турған Гүлзапыран жалаңаш жатқанынан хабары болмай, еки қолы менен анарын басты.

— Қийиниң, уятсыз!

— Тезлик пенен кийиниң!

— Мени бундай етиўге ҳақыңыз жоқ!

— Бул халықтың буйрығы!

— Қәне, қозғалыңлар, асықпасақ болмайды,—деди Качанов.

Аўзын даўысы шықпастай етип орамал менен ты-

ғып, көзин танып Глушановскийди майданға алып шықты. Дәрья бойына апарғанда Ержан Кожуров жетип келди. Качанов пенен Касьяненко Айзаданы, Айтмуратты шетирек алып шығып, оңаша сөйлести.

— Үш-төрт саат болды, уллы өзгерис болып қалды.

— Ол не?

— Сизлердиң жазған хатыңыздың нәтийжеси болыўы керек. Бас штабтың Азия бөлиминиң баслығы Цеил менен Туркистан генерал губернаторы Мартсонның буйрығы бойынша Әмиўдәрья бөлим баслығы болып полковник В. П. Колосовский келип қалды. Қасында бир топар басшы ҳәм қосшылары бар. Жоқарының буйрығы бойынша Глушановскийдиң үй-ишин менен затларын пароходқа жүкледи. Буйрық болғаннан кейин параходқа солдатлар жүклеп, Глушановскийди таба алмай отыр.

— Босатсақ, бизлерди услап береди ғой?

— Колосовскийдиң сөзине қарағанда Глушановскиниң қатты гүналы болса керек. Буның менен олар сөйлеспейди. Және буның сөзин пәтиўаға алмайды. Глушановскийди таўып параходқа салып жибериўди маған тапсырды. Өзим параходқа мингиземан де ҳешким ге сөйлестирмей жиберемен. Буйрықты параходқа мингизип болып беремен.

— Онда айдаң!

Глушановскийдиң аўзы-мурнының таңыўын алды, көзин жаздырды.

— Егер сес шығарсаң өлесең!—деп ескертти.

— Мени қайда апарасыз?—деп сорады Ержаннан.

— Мен сизди аяп булардан сорап алдым. Өлимнен аман қалдыңыз. Қатыныңа апарып қосаман.

— Штабқа бармайман ба?

— Сизге енди штаб несип етпейди.

Глушановскийдиң бурынғыдан да бетер әпши қуўырылып, еңсеси түсип кетти. Параходқа алып келген Ержан оны параходқа миндирди.

— Өзиңизге мәлим, Глушановскийди тийисли жерине мына отряд пенен тапсырасыз—деди параход капитанына.

— Мынаў сизге тийисли буйрық, Әмиўдәрьяда жүзип баратырып каютада жатып, еринбей, асықпай оқып шығасыз,—деп Ержан Кожуров Глушановскийдиң буйрығын қолына берди.

Пароход тезлик пенен өрге, Чаржаўға қарай жүрип кетти.

* * *

Колосовскийдиң келгенине көп ўақытлар болмай-ақ бул болыс-бийлерге зәбердеслик етип, зорлық-зомбылықты асырды. Халықтың ашлықтан қырылғанына қарамады. Зәҳәрин елге жайған Колосовский бурынғыларынан да өткерди.

Буйрықтан қорыққан болыс—бийлер, ҳәкимлер халықты қан қақсатып, салғырт үстине салғырт салды.

Түркистан генерал-губернаторы Мартсонға, бас штабтың Азия бөлим баслығы Цейлге, Әмиўдәрья бөлим басқарыўшысы В.П. Коловскийге болыс-бийлердиң жағыныў ушын елден жыйнап берген ақшасының өзи алты жүз еки мың манаттан асып кетти.

Азап үстине азап, қорлық үстине қорлық. Салғыртлар аздай, болыс ямаса ҳәмелдар ҳәкимлер жарлылардың үйинде ҳасыл көринсе, басында жақсы бас кийим көринсе, астында ат, қорасында мал көринсе, падасында қой көринсе,—мынаў бизге қолай екен, мынаў бизге жарасады екен, мынаў маған ылайық екен деп сылтаў таўып алып болатуғын болды.

Сонлықтан атты алдап, минбесе, кийимди жасырып киймесе, малды жасырып бақпаса мүмкин болмай қалды.

Колосовскийдиң келиўи менен Хийўа ханы менен Әмиўдәрья арасында экономикалық қатнасықлардың кескинлесиўинен, мийнеткешлер қатты жәбирленди. Тоқпақ ата атаўы ушын Хийўа ханлығы менен Әмиўдәрья бөлими арасында жәнжел басланып, хан пароходында қан төгиспе урыс болды. Халықтың жарлы қатламлары сиясий ҳуқықсыз болды. Бул жәнжеллерде Залевский менен Бобровский рабочийлар, жарлы балықшылар тәрепинде турып, қызғынлы ҳәрекет етти.

Урыс, ашлық, зулымлық, халықтың шыдамын шеги не жеткерди. Патшаға, бай, ҳәкимлерге, ханға қарсы гүрес күн сайын қызды. Адамларда езиўшилерге қарсы сана-сезим күшейди.

Оныншы бап

КИМДИ-КИМ КҮНЛЕР ДЕ

Хожели үстинде қан төгиспенің қара булты дәнип турғандай сезилди. Айтмурат, Касьяненко, Шамурат бүгин алты күннен берли Әўезжан хожаның қасында еди. Булар Хожели пристанында үш күн жүк түсирди. Бүгин алтыншы күн, «айдарлы» кемеге жүк тасыйды. Күндиз дәрья бойында, ал, түн бойы Әўезжанхожаның қасында уллы мәсләҳәтте болады.

Петро-Александровсктен кетерде жасырын революция штабынан, Қачановтан арнаўлы түрде тапсырма алып келген еди. Әмиўдәрья бойында жасаўшы қарақалпақлар, өзбек, түркмен, қазақлардың аўҳалының күн сайын жаман болып баратырғанын, халықтың сыясий жақтан ҳуқықының болмай отырғанлығы себепли, елдиң төменлеп баратырған турмысының кескинлесиўи, күн сайын халықтың ҳүррейин ушырып отырғанлығын Әўезжан хожаға түсиндириў халықты ханға қарсы қойыў мәселесин шешиў тапсырылған еди. Касьяненко, Айтмурат, Шүкирилла келгеннен кейин Әўезжанхожа барлық исенимли адамларын, өзине ылайық сәрдарларын шақырып алды. Булар менен таныстырды. Барлық ойлаған ой, дүзилген планды ортаға салды. Халықты қанлы қурсаўда буннан былайда қалдырыўға болмайды. Ханға қатты топылыс баслаў керек-лигин барлығы мақуллласты. Айтмуратлар исти питирип қайтты.

Әўезжан хожаның басшылығы астында үш мың адам кескинли күнлерге жол баслады. Жерлерди ешеў баҳаны болды. Хийўа ханлығының қанхорлығына көнбеген халық бирден көтерилди. Хожелиден көтерилген жалын Хийўада жарқ ете қалғандай болды. Асфандияр хан албыраўға қарады.

Асфандияр ханның халықтан хан сарайына сулыў қызларды сайлап, зорлық пенен алып кетиўи де усы көтерилистиң қазандай қайнаўына себеп болды.

Хожели халқының көтерилиси ҳаққындағы хабардан қорқып, Хийўа ханы Асфандияр ҳәм патша ҳәкимлери халықты тынышландырыў, Хийўаға қарай топылысы жүрислерди иркиў мақсетинде Хожелиге ўәкиллер жибериўи де тасқын суўдай қайнаған халықтың кегин ирке алмады.

Асфандияр ханның жиберген ўәкиллери тек елшиликке келмей, «алдаўлық пенен тағыда қызлар әкетиўге келген» деген суўық хабар еситилди. Халықтың қозғалаңы жалынланып қызды. Хийўа ханын тахтынан түсириў, феодалларды қуртыў, солай етип Россияның пухарлығына өтиўди көтерилисшилер тийкарғы мақсет етип алды.

Қара лаўылды қақ айырған қыран қүстай қатты ҳүжимге кирген халық ағысын иркиў қыйын еди. Бул қозғалаң дениң арасында Әмиўдәрьяның екі жағасындағы елге тартып кетти.

Әмиўдәрья бөлиминдеги патша ҳәкимлери кескинли күнлердиң басқа түсетуғын гезегинен қорықты.

Әмиўдәрья бөлими баслығы Төрткүл болысы Қазақбайға: «көп аламан болып Хийўаға барғызбайсыз лар!»—деп қатты буйрық берип, жуўапкер екенин, буйрықты орынламаса геллеси кететуғынын айтып қойды.

1916-жылы январь айында патша ҳүкимети Хийўа ханлығын сапластырып, оны Россияға бириктириў исин жаңадан қолға алды.

Бул Түркияның қәўендерлигинде мусылман мәмлекетин дүзиўге урынған татар буржуазиясына ҳәм Жунайдханға оғада унамай қалды. Буны еситкен Жунайдхан да, татар нйшаны Ийсаматдин де буған қарсы үгит жүргизди.

Кескинли күнлердиң қуяшы қызғандай халық ҳүжими күн сайын қыза баслады. Ең әўеле бес жүз, алты жүз адамнан көтерилисшилер кем-кем үш мыңға жетти. Жер үстинде теңиздей толқыған тода-тода адамлар алдыға умтылды. «Я алла! Ханнан қан аламыз. Ханда өшимиз бар, ханды тахтан қулатамыз! Қызларымызды қайтып аламыз! Буннан былай зорлық-зомбыллыққа шыдаўға болмайды!» деген сүренлер менен бақырысқан үш мың адамның даўысы таў-тоғайды, аспан әлемин жаңлатып жиберди.

Хийўа ханы менен Әмиўдәрья бөлими баслығы албыраўға қарады. Көкти қаплаған қара торғайдай жер жүзин қаплап қолларына қурал алып киятырған адамларды көрген, жаңғырған, жүректи жарып киятырған

даўысларды ешиткенлер қорқыўға қаради. Солайда Хийўа ханы менен Әмиўдәрья бөлими басшығын көтерисшилерге:

Онбес-жигирма адамнан ўәкил жиберинлер!—Бизлер солар арқалы тилеклеринизди билейик,—деди.

Буларды көтерисшилер тыңламады.

Көтерисшилердиң анық тыңламаслығына көзи жеткен хан менен Әмиўдәрья бөлим басшығы:

— Үш жүз адамнан отряд қалдырың, солар сизлердиң тилегиңизди шешеди? Басқаларыңыз үйлеринизге тарқаң! Барлық арзыў-әрманларыңыз орынланады,—деди.

Ханға, ҳәкимлерге исенимўден гүдер үзген халық буныда бурынғыдай алдаў деп түсинди.

Жигирмаланшы январь күни полковник Колосовскийдиң әскерлерди таярлап, көтерилисшилерди қурсаў салғандай қоршап алды. Көтерилисшилердиң он бир басшысын өлтирди. Тири қалған басшыларын тутқынға алды. Хожели халқынан жүз мың манат муғдарында контрибуция өндирип алыў белгиленди.

Қолға түскен Әўезжан хожаны хан мойнынан искенже менен қысып қатты қыйнады. Аяғы менен қолына темир шынжыр салдырды. Мойнына аўыр тас байлап қақайтып қойды. Жәлладлар оны гезекме-гезек сабап, азаплап, қыйнар еди.

Жипектен есилген шыжым жип пенен Әўезжанның тилинен байлап, жоқарыға тарттырып асып қойған еди. Жоқарыға қарай тилинен тартылған Әўезжан жети саат урды. Тили қулаш ярым болып шығып кеткендей болып сезилди.

Әўезжан хожа менен қолға түскен көтерилисшилердиң басшылары сондай азап-ақыретке шыдай алмай бирим-бирим жан тапсырған еди.

Әўезжан хожа шыдамлы, мәрт жүрекли, парасатлы болды. Қанша азап-ақырет көрсе де «сизлерге бағындым, ханға қарсы шығып қәте етиппен, кешириң!» —демеди. Бәркулла өз жолын қоллады.

Хожели матам липасына оранды. Ата менен аналар қайғырыўда, ағалар менен апалар зарлаўда, нәрестелер шырлаўда, жаслар жалынлы жүреклеринеги туўлаған толқындай күш-қуўаты халық ушын жумсаўға жай таппай, жабырқаўда. «Күн болмаса кеўилди кир басады. Ай болмаса адамзатта адасады» дегендей күнниң қабақ үйиўи, халықты қолайсыз ҳалда иренжитип жиберди.

— Бул не деген сумлық?!

— Бул. не деген қайғы-ғам?

— Азатлық деп еңиреген ерлер қайда?! Қайда-а?!

Бул 1916-жыл апрель айы еди.

Хожели халқын қан қустырыў ушын Түркистан генерал губернаторы генерал Галкин келди. Хожели көшелери қанға боялды. Көшеде жатқан анаў ески шапан менен тон-шекпенлердиң жуллығы емес, ал, олар адамлардың геўдеси, гүнасызлардың лашы. Галкин менен қосыла дилмашлыққа Хусайын абый, кемени айдап, Галкинниң қан ишкиш, геллекесер солдатларын жүклеп Құрбан менен Бекмурат келди.

Хусайын абый менен Құрбанға, Бекмуратқа Әўезжан хожаны мүмкин болғанынша дарға астырмай аман алып қалыўдың ямаса зинданнан қашырыўдың ўазыйпасы тапсырылған еди. Бул ўазыйпаны үшеўи де жақсы орынлады. Хожелиден Хийўаға оқыўға келген жаслар менен Құрбан, Бекмурат, Хусайын тюрьма қараўылларын өлтирип, Әўезжан хожаны азат етти. Лийкин тюрьмаға нәўбетке баратырған солдатлар булардың қарсы алдынан шықты. Басқа илаж болмады. Қашты, ал Әўезжан хожа да қашыў имканияты жоқ еди. Аяқ-қолы кисенли, Хусайын, Құрбан, Бекмурат қашты. Әўезжан хожаны тағы услап апарып, тюрьмаға тықты.

Құрбан менен Бекмуратты қуўып жүрип, жеткен жеринде бирим-бирим атып өлтирди. Әне анаў жатқан солардың геўдеси. Соларды көрген халықтың қайғы-уўайымы Хожели қаласын матам менен зардың думанынан бөлегендей еди.

Генерал Галкинниң сиясаты, тутымы оғада аўыр болды. Хожели қаласы зилзилаға ушырағандай тымтырыс болды. «Әўезжанхожа менен ҳеш болмаса дарға асқанда соңғы сапар көрисип, дийдарласып, хош аллияр айтысамыз» деп отырған Хожели халқы ол үмиттен де гүдер үзди. Генерал Галкин халықтан қорықты. Әўезжанхожаны асатуғын күни Хожелиде ҳеш кимди үйинен шығармады. Ҳәрбир көшеге әскерлерди тәгип таслады. Хусайынды Галкин минут сайын күни-түни қасынан қалдырмады.

Әўезжанхожа дарға асылды. Желқомда жулқып

кеткендей жел гүў ете қалды. Аққан жулдыз жылт етип жоғалып кетти. Жулқыған жел менен көк жасылдар басларын шайқады. Дарақлардың шақалларындағы жасыл жапырақлар бир-бири менен сыбырласқандай сес шығарды. Галкин армиясын алып, көбден ғайып болды. Әўезжан хожаның асылған гөўдесин халық төмен түсирди. Үлкен ғалы гилемге салып, үйине апарды. Құрбанды, Бекмуратты халық ҳүрметлеп өз қолы менен жерледи.

Азаматларын ардақлаған халық еңиреўи менен даўыс шығарды. Құрбан қорлықлы күнлерде Дилбарға үйленген еди. Дилбардан туўылған баланың атын рехимли болсын деп Раҳим қойған еди. Қайғыға түскен халықтың зарлаған даўысының ишинде шырлаған бир даўыс бул алты жасында атадан айырылған Раҳимниң даўысы еди.

Әўезжан хожа дарға асылды. Жолдаслары менен жерленди.

Халық жүрегинен жалынлап шыққан:

Әўезжан өлипти қайда қоялы,
Ғазийнехананың аўзын ояды,
Қарасына дәл белеўди соялы,
Арзыў-әрман менен өлген Әўезжан—деген қосық мәңгилик болып қалды.

Он биринши бап

ШЫМБАЙ ТАҢ АЛДЫНДА

1916-жыл. Июль айы.

Шаңқай түс. Шыжғырған ыссы.

Тас төбеден шаншылған күнниң шапағы шөлистанға сиңген суўдай тула бойға сиңип атырғандай сезиледи. Жер бети жасылға бөленген. Кегейлиниң суўы мәўиж урып ағып турса да еки жағадағы егин шөлден қуўрап атыр. Керизге құрылған ешек қосқан шығырдың гүзесинен көздиң жасындай тамған суў егис жерлерин тәмийин ете алмады.

Шығыр менен қол сериппе жалшытпай атыр. Барлық суў байдың жерине. Жалғыз көзли Алламурат «Қуўлы көл» диң қол сериппесинде күни-түни тынбайды.

Маталақ Алламуратты қазыкаланлар алдына апарып, зорлық пенен Қуўлы көлдеги салыгершилик жерине өгиздей қосқанына да көп айлар болады. Айзада менен Айтмурат Петро-Александровсктен көп ўақыттан берли келе алмай атыр. Егер келген күнде де Маталақ Айзадаға деген мылтығын оқлап қойыпты.

Шаңқай түсте шып-шып терге түсип, салы суўғарып атырған Алламуратты жығырданы қайнады. Қол сериппени кериздиң рашына қойды. Гүрсинди, көкиреги ндеги кек қайнап кеткендей, Маталақтың сарайына қарай пәтпелектей ушты.

Қолында айбалта. Маталақтың сарайына келип тоқтады. Ҳаплыққанын басты. Кеўлин тоқтатты. Келген мақсетин орынлаў ушын ойланды.

Сарайдың қайсы есиғинен кириў керек?! Алламурат аң-таң болып турғанда тосаттан иштен Толғанай шығып қалды. Қолына айбалта услап турған Алламуратты көрген Толғанай таңланып турып қалды.

— Сизге ким керек?—деди бираздан кейин Толғанай.

— Бай керек?

— Байың ким?

— Маталақ...

— Айтайын,—деп Толғанай айбынды да тезлик пенен бурылып ишке кирди. Алламурат та жалт берип, жылдырымдай Толғанайдың изинше кирди.

— Не керек саған?—деп Маталақ қаймығып кетип өжиреден сыртқа шығып үлгерди.

— Көз керек?

— Қандай көз?

— Сениң көзиң?

— Менин көзим?!

— Көз орнына көз алажақпан!—деп Алламурат айбалтаны қулашлап керилип урайын деп атырғанда артынан мылтықтың даўысы тарс ете қалды. Алламураттың силтеген балтасы қаймығып Маталақтың оң ийнин қаға тийди. Алламураттың:

— Жаўыз!—деўге ғана тили келип аўзы-мурнынан қан кетип, қырылдаўы менен жан тапсырды. Толғанай Маталақты сүйеп, иштеги ақ отаўға киргизди. Өлген Алламуратты Маталақ геллекесерлериниң бирине атқа сүйретип тоғайға апарып таслаўды буйырды. Буйрық сол заматында орынланды.

Ийнине балта тийип азырақ көгерген Маталақ үш күннен кейин орнынан турып кетти. Сәмен жорғаға

минип Қуўлы көлге барды. Шығыр қол сериппе менен салы суўғарып атырған дийханлардың үстине келди.

— Алламурат соқыр көрінбейди ғой?

— Жоқ. Бүгин төрт күн болды.

— Қайда кеткен?

— Сизиң үй жаққа кеткенин биреў көрген екен

Напақа сорайман деп жүрген еди.

— Бизден аларын алып болды.

— Бизлерге неге бермейсиз? Аш отырмыз.

— Мусылман емес екенсиз! Төрт күннен берли жоғалған жасы үлкенди излеттирмегениниз уят болған

— Излеўге көлигимиз жоқ.

Жасы уллыңызға мийириминиз келсе көликти де табыўға болады.

Қуўлы көлдеги халықлардың басына қайғы түсти. Төрт-бес жигит жән-жақтан излеп кетти. Ертеңине тоғайдан Алламураттың өлигин тапты.

Ҳәр үйден бир қысым буўдай, жүўери алып, пул шығарып бир ешки таўып жаназаға сойды. Халықлар Алламуратты жерлеп, қуран оқып тарқасты. Алламураттың өлими Маталаққа деген жек көриўшиликти бурынғыдан да бетер күшейтти.

* * *

Халықтың қыйын аўҳалының үстине 1916-жылы 25-июньда «басқа халықлардың 19 жастан 43-жасқа шекемги ер адамлары урыс болып атырған районларда, қорғаныў қурылысларына, сондай-ақ мәмлекет ушын зәрүрли болған басқа да қорғаныў жумысларына тартыў» ҳаққындағы шыққан пәтшаның буйрығы халықтың тас төбесинен түскен жасылдай болды.

Аўыр аўҳалды сезген Качанов, Луценко, Касьяненко, Айзада Айтмуратлар өз топарлары менен ойласыққа кирген еди.

Ойласықта: ҳеш нәрседен қайтпастан, қандай қыйыншылық болса да қарсы турып, көтерилиске шығыў керек, деген мәсләҳәтке келди.

Түркистан әскерий округи қарақалпақ территориясынан, яғный Петро-Александровсктен жиберилетуғын адамларды екі басқыш пенен тасыў жумысын Әмиўдәрья суў жолы бөлимине тапсырды. Бул жасырын сырды халық билмесе де, Кочанов, Ержан, Әсеи

Әдиев, Балжановлар арқалы билип алған еди. Усы Әмиўдәрья бөлиминде Ержан Кожуровтан сулыў ҳәм қәтесиз жазатуғын адам жоқ еди. Сол ушын тек ғана дилмашлық емес, ал, штабтың гүллән жумысы: яғный жазыў, келген-кеткен хатлардың қандай жасырынлары болса да ҳәммеси оның қолынан өтетуғын еди.

Түркистан әскерий округинен адамларды тасыў Әмиўдәрья флотилиясына тапсырылғанын еситкен Кожуров Кочановқа хабарлаған еди. Кочанов Шымбайға адам әкелиўге жиберилетуғын кемеге әлле қашан капитан етип (дарға) Касьяненконы, оның зайыбы Любаны, Аймуратты жибериўди уйғарды. Тийкарғы ўазыйпа—тылға адам алыўға қарсы халық ишинде көтерилисти қозғаў; бай-ҳәкимлерге, ханға, патшаға қарсы наразылықты күшейтиў.

Усы кеме менен Айзада Алламуратова кетиўи керек. Шымбайда топалаң бола қойған жағдайда сизиң бир ўәкиллиниздиң болмаўы надурыс болады деп Кожуров Кочановтың тапсырыўы менен Колосовскийге усыныс етти. Булманға да тергеўши керек дегенде Кожуров шаққанлық пенен Балжановты усыныс етти. Айзаданы Шымбайға командировкаға жибериў; Балжановты ўақытша Айзаданың орнына тергеўши ўазыйпасын атқарыўға Кожуров приказ жазып, Колосовскийге тезлик пенен қол қойдырды.

Барлық ис планлы болғаны ушын Кочановлар топары исти тағыда қатты қолға алды. Кочанов Айзада менен Касьяненконы, Люба, Валя, Айтмуратты шығарып салыўға барды. Люба, Валяға, Касьяненконы ағайинли Ванюшинлерге таныстырыў «бәлки арнаўлы түрде қонаққа келдик. Баяғы сапар өрттен қорқып айнаны бузып қашқан едик», деп дәлийл тарыўды мәсләҳәт етти. Айдарлы кеме Шымбайға қарай раўана болды.

Петро-Александровскте қалған Худайшүкир Шаниязов, Нурназар Мәўленовлар топарын шөлкемлестирген Кочанов пенен Луценколар қатты ҳүжимге өтти. Ҳәкимлер пара алыўды көбейтиў ушын «ҳәр хожалықтан бир адам бөлип шығарыў керек» деп өз пайдаларына ылайық дағаза етти. Пара бериўге мүмкиншилиги жоқ жарлы пақырлар алды менен жасырын жормалға алынды.

Бир күни түнде Кожуров пенен Балжанов, Әлиевлар Кочанов пенен Луценконың қасына келип, 1916-жылы июльде Төрткүл болысы Қазақбай Әбдикерим улының базар күни Аққамыс ақсақаллығынан полициялардың күши менен полковник Колосовский ушын еки жүз манат, Шорахан участкасына қараслы Шыбықлы аўылынан үш жүз елиў бир манат, Сақтыян аўылынан алты жүз манат, Сарбий аўылынан еки мың манат, Хожажер аўылынан алты жүз манат, Гөне Бағжап аўылынан төрт жүз манат, таза Бағжап аўылынан төрт жүз елли манат, Гөне Әмирабадтан бес жүз манат, Таза Әмирабадтан жети жүз манат, Келтеминардан сегиз жүз манат ақшаны жыйнап берди деп айтты.

1916-жылы 11-июльде тыл жумысына адам алыў ҳаққында патшаның тағыда қосымша указы шықты. «Болыслардағы аўыл басқармаларының хызмет адамлары, оларды қорғаўшы жигитлер, руханыйлар, «ҳүрметли азаматлар», халықтың гейпара қурғын қатламларының тыл жумысына алыныўдан азат етилетуғыны анық, арнаўлы түрде көрсетилди. Бул Указ халыққа дағазаланбады. Халық бул Указдан хабарсыз болса да, «патшаның қосымша көрсетпеси тийкарында ҳәрбир адам басқа адамды жаллап, өз орнына жибере алады» деген хабарды халық ҳәкимлерден ғана еситти.

Нурназар менен Худайшүкир 24-июльде Шорахан участкасындағы Төрткүл болысының Сақтыян аўылы мийнеткешлерине Қазақбай Әбдикерим улынан тыл жумысына кететуғынлардың жормалын бериўди ҳәм тылға кететуғынларды жибергизбеўди талап етти. Қазақбай болысты сабады. Ол полициялардың күши менен халықтан зорға қутылды.

Кочанов пенен Луценколар Хожа жер аўылында 300 ге жақын ҳаялларды ҳәкимлерге қарсы шөлкемлестирди. «Күйеўлеримизди, балаларымызды бермеймиз!»—деп ҳәкимлерге қарсы топылды. Петро-Александровскиниң барлығы жерлеринде де Кочановлар халық көтерилисин баслап жиберди. 29-июль күни халық Сарыбий болысы Садық Баяковты, Бекжап ақсақалы Қурбановты, Сарыбий ақсақалы Зәриповты, Уллыбағ ақсақалы Ибраҳимовты урып өлтирди.

Кочанов бул қозғалаңларда халық көтерилисине актив қатнасқан Сәлменов, Қудайназаров, Ешимбетов, Жаббарбергенов, әсиресе, өзбек қызы Әўез Оразэгамованың қаҳарманлық көрсетип, қурбан болғанын қайғырып, халық көтерилисин қыздырыў кереклигин, уқыплы шөлкемлестириўди болыўын ескертип хат жазды. Петро-Александровск бойынша халық қозғалаңы күн сайын қызды.

Шымбайға барған күни-ақ әкесиниң атылып өлгени, оны «Қуўлы көл» деги халықтың Арыўханның қасына жерленгенин еситкен Айзада қатты қайғырды.

— Қызым, қапамыз, қор-зармыз, жәбриў-жапада жасап атырмыз, лийкин сен қайғыға берилип өзиңди болдыртпа, белиңди беккем буў. Бизиң исенимимиз сенде!—деди орта жасқа барған Сейит.

— Дурыс ата. Бирақ, ҳәзир Шымбайға жетиўим керек.

Айзада Айтжанды мингестирип, жасы үлкенлер менен хошласты. Шымбайға қарай жол тартты. Жаңа ғана жүз адымдай жүргенде аңлып турған Маталақ алдын кес-кеследи.

— Әлиниң майданында ушырастық! Ийманыңды үйире бер!

— Беккем асыл!—деди Айтжанға. Баласы Айзаданың белинен беккем услады.

— Сениң менен еле есап-китабымыз бар, бай!

— Солай ма? Онда.... Маталақ тақымдағы бес атарды алыўға қолайласты. Айзада шалтлық пенен мәўзердиң шүриппесин тартты. Оқ ат үстиндеги Маталаққа тиймей, аттың басына тийди. Ат аўнап түсти. Маталақ ат жығылғанда зәңгилигинен аяғы шықпай, қолындағы наганы да ушып кетти. Демниң арасында көз ушына көринбей кеткен Айзада Шымбайға кирип, Каримулланың үйине кирип бойын таслады.

* * *

Жигирма алтыншы июль.

Шымбайда түн өз ҳүкимин сүрип жүр.

Мәрдикар талайларды зар-гирян етти. Тыл жумысына әкесин де, баласын да алып кетеди. Сонша ызғыған ул-қыз тирилей жетим қалады. Ҳәмме мең-зең болып, матам тутып отыр.

Оның үстине бүгин ишсе, ертеңги үнемин биймәлим. Халықтың аўҳалы усындай күйде болғаны менен Ванюшинлер бүгин Валя менен Любаны, Қасьяненконы қонаққа шақырған. Валя менен Люба Петро-Александровсктен жүк кеме менен келдик деп түсиндирди. Биринши келген күни көрискенде үлкен ағасы Афанасий менен кишкене ағасы Алексей қулап қала жазлады. Көп сырды билген Надежда ҳеш нәрсе билмегендей қушақ ашып, қужықласып көристи.

— Қудайға мың қәтли шүкир, тири екенсиз,—деп еңиреди екеўи де.

— Аға, сен сабағаңнан кейин көп узамай-ақ айнаны бузып қашқан едик. Кишкене бир қайық Петро-Александровскке жүрейик деп турған екен. Екеўимизде жасырынып кирип алдық. Петро-Александровск қаласынан бир-ақ шықтық. Онда Валя турмысқа шықты деп алдаған еди.

Қасьяненко ағайинли Ванюшинлер менен танысып алды. Люба бул отырыспаға байларды шақырмай-ақ қой дегеннен соң тек Корниль, Рудень, Зайдень менен Алексейди ғана шақырды. Арақ ишилди. Қасьяненко өмиринде арақты көп ишпейди. Аз ишсе де сақ ишеди. Афанасий менен Алексей алды менен мәс болды. Оларды Надежда базда басып отырды. Афанасий арақ ишсе бузатуғын әдетин баслады. Қасьяненкоға киси жумсаўға шеберлиги, дүнья тапқышлығын айтып қатты мақтанды.

Оның үстине Қасьяненконы менсинбей, жарлы-жақыбай, бир әйтеўир жигит екен деп масқаралап отырғанын Корниль, Рудень, Зайдень, әсиресе, Алексей жақсы сезди. Қаны қызып, өзин-өзи зорға услап отырған Қасьяненко бирнәрсе деп сала ма деп қорқып отырған қызлардың жаны шығып отыр.

Афанасийдиң жаман қәсийетин сезген Рудень, Зайдень, Корниль, сылтаў таўып кетип қалды. Соның ала Алексей де кетти. Булардың кеткенин Афанасий билген де жоқ. Олар Надя, Валя, Люба менен хошласты да кетти. Ақырында сөзин тыңлаўға жалыққан Қасьяненко бетин бурған еди, Афанасий ушып турып, жағасына жармасты:

— Сен неге мени тыңламайсаң. Сен доңызсаң!

— Кеширесиз... Тыңлап отырман.

— Жоғал! Шық, үйден!

— Ал, кеттик!

— Валя, Люба, Қасьяненко кийинди.

— Люба, сен қаласаң!

— Қалмайман.

— Тоқта, мен сениң өлигиңди өзим көмемен. Орнынан турып, төрги жайдан наган алып шықты.

— Афанасий, тоқта, туўысқаның ғой?

— Туўысқаным душпаным менен кетип баратыр.

— Абайлап сөйле, уят болады, ол күйеў балаң.

— Жоқ, бүгиннен баслап бул душпан. Арашаға түскен ҳаялын:

— Жоғал!—деп оны атып жиберди, Надя дир-дир қатып өлди.

— Жаўыз!—деди Люба шыдамай.

— Мине жаўыз!—деп оны да атты. Любаның маңлайынан тийген оқ еңсесин қақ жарып шықты. Қулаўы менен жан тапсырды.

— Аға емес, Қанхорсаң! Қасьяненкодан бурын Валя ағасына оқ үзди. Афанасий тентиреклеп барып, аўнап түсип, сеспей қатты.

Надяны Люба менен бир қатар жатқарды да, Қасьяненко менен Валя барлық шырақларды өширди. Әллен ўақыт ойланып отырып, жолдасларын ертип келиў ушын жайдан шықты. Қаримулланың үйине келсе, Айзада жоқ екен. Мырығып уйықлап атырған Айтжанды оятыўға мәжбүр болды. Айзадалар «Қуўлы көлге» кетипти. Қашан қайтатуғыны нәмәлим.

— Валя, ҳаўлыққаныңды бас! Деминди ал! Гүрес құрбансыз болмайды.

Екеўи де уллы уўайым, ой, қайғы-зар менен жатқан болды. Көзлерине уйқы келмеди. Валяның көз алдына Афанасийдиң мийримсиз, жабайы, жыртқышлық пенен туўысқан қарындасын, өзиниң өмирлик жолдасы Надежданы да атып өлтиргени, өзиниң де туўысқан ағасын кектиң ғәзеби менен атып, атып өлтиргени көз алдынан кетпеди. Уллы мақсетти абзал билгени менен қаналаслық сезимдей бир нәрсе Валяның жүрегин тырнап уйықлатпады.

* * *

Тап усы түнде кеткен Айзада менен Айтмурат ўәде бойынша Бесжап болыслығына жетти. Халықты

патша хәкимлерине қарсы қозғалаңға көтерди. Онан шығып таң атар алдында Есим болысына да жетип үлгерди. Айтылған ўәде бойынша Худайшүкир барлық халықты таярлаған. Дәўқара менен Көкөзекте, Ақбеткей, Майпозда, Зайыр, Үшсайда, Қызылжарда, Назархан, Хожели, Шоманай, Қоңыратта, Қалылкөл, Соркөлде, Қаратерек, Шөгиркөлде, Қуўлы көлде, Жаңабазарда, Тазқарада барлық жерлерге Қаримулла, Палўанияз, Раҳметулла, Мәўленберген, Дәўлетмурат улы Шамурат тарап кетип, тылға адам алыўға қарсы халық көтерилиселерин баслады.

Тылға адам алыўға қарсы қозғалаңлары патша хәкимлериниң тосқынлықларына күш бермеди. Қозғалаңлар бир-бирине тутасты.

Шымбайдың иши ғаўырласып, дуў-дуў гәп болды. Приставтың тас гербиштен салынған казармасынан баслап қараңғы көшениң иши лыққа толған адам болды. Қараңғы көшедеги дүкан ашып отырған саўдагерлер, бәззазлар, баққаллар, гүлалшы, қаразшы, жуўазшылардың барлығы бирден қырғый тийген шымшықтай дүканларын жаўып, құлып урып, жайларына кирип, иштен есигине тәмби басты.

Аламанлардың қолларында бел, балта кетпен, кепше, пышақ, орақ, таяқ, тағы басқа қураллар менен қуралланған. Түрмехананың аўзы ашылды. Қорлық-зорлықта жатқанлар жуўырыса шығып, аламанға қосылды.

Аламанның көпшилиги ҳаял-қызлар менен кемпирлер еди. Оның үстине: Айтмурат, Каримулла, Палўанияз, Әбдихалық Әбдираманов, Шамурат, Раҳметулла, Дәўлетияр, Худайшүкирлер де ҳаял кийимин кийген. Уллы шаўқым, ғаўырлы, сендей аламан Кегейлиниң бойына қарай шожыды.

Қозғалаңшылар приставтың солдатлар оқ жаўдырды, халық қызған сайын қызды. Аламанға аламан қосылды. Әўелги үш жүздей адам, демниң арасында мыңға жетти. Адамлар казармаға, приставтың жайына жақынласты.

— Адам алмайсаң!
— Алынатуғын адамлардың дизимин бер?
— Жормалды жыртып тасла!
— Халықты азаплағанды қой!
— Теңлик болсын!

— Байға басқаша, жарлыға басқаша қаралмасын!
— Баламызды бермеймиз!
— Ағамызды бермеймиз!

—Байлар менен ҳәкимлердиң өзлери барсын!— деген дуў-дуў гәптиң ғаўырлысы приставтың казармасын басына көтерди. Микельджанц абай-сиясат пенен маузерин қолына алып, казарманың шығар жериндеги минберге шығып қақайып турып алды.

— Үйлериңизге тарқаңлар! Болмаса жазаланасыз!
— Қашпасаңлар атып таслайман!—деген Микельджанцтың ашыўлы даўысынан кейин халық тағы даңқәҳәрге минди. Ҳәкимниң ашыўы да қатты болды. Микельджанц әўеле «ўәкиллер қалдырың, солар арқалы сөйлесейик!—деген ўәдесинен демниң арасында тайып түсти.

— Қайтпасаңлар атаман!
— Қайтпаймыз!
— Өлесизлер!
— Өзиң өлесең!

Микельджанц маўзерден оқ шығарды. Ол оқ көтерилисшилердиң ишиндеги Алламбергенге тийди.

Бул өлим менен азап халықтың қанын әбден қайнатты.

— Қайтпаңлар!—деген қалың халықтың ишинен Айзаданың даўысы шықты.

— Өлим-өлим бир өлим!—деген Айтмураттың даўысы еситилди.

— Кек алыңлар!—деген Қасьяненконың даўысы халықты казармаға кирип барыўға себепкер болды.

Халық казарманы төрт тәрепинен тықсырып барды. Айнасын, есигин сындырды, жасырынған Микельджанцты иштен сүйреп шықты. Ең биринши болып барып ҳаял кийиминдеги Әбдихалық Әбдир—аман улы приставтың жағасынан услады. Халық ҳәкимди урып өлтирди. Микельджанцтың ҳаялы халықтың намысына тийип, сөгип, жарақ алып умтылды. Халық жарағын тартып алып оны да урып өлтирди. Өлигин жапқа атты.

Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги полковник Колосовский Хожелиден келген пәти менен тосаттан Шымбай ҳәдийсесиниң үстинен шығып, жаў-жарақ қолланды. Халықты қорқытты. Қуралсыз халық ләш-

керлерден тартынып үйли-үйине сиқып кетти. Шымбай халқы демниң арасында өзиниң атайы жаўына азатлық ушын дәкки берди. Лийкин полковник Колосовскийдиң ләшкерлери көтерилисшилерди аяўсыз қалық, мийримсизлик пенен излеп таўып алды. Әсиресе Микельджанцтың ҳаялының денесин таўыў ушын көп адамды қыйнады.

Тас казарманың батыс тусындағы Кегейлиниң Тақжапқа сағасынан баслап аяғына шекем қаран шықты. Микельджанцтың ҳаялы усы Тақжапқа тасланған еди. Тақжап ол ўақта Мурат байдың үсти менен Қаракөл, Қаман көлге қуятуғын еди. Ағыстың пәти менен ығып кеткен Микельджанцтың ҳаялының денеси Бессары аўылынан шықты. Буны жүўери суўғарып атырған Узақберген көрген. Ол адамларды шақырды. Алды менен Насурулла большой, Алламурат Аўезов, Қарабас (лақабы) Қосназаров, Ийманбай мурап, Дәўлетияр, Дәўлет Палўан, Әбдимурат, Нарўрызбайларға қосылып жас жигит Қийикбай, Орақбай, Есенлер де келди. Микельджанцтың ҳаялының денесин суўдан шығарып көмди.

«Әўеле баса-бас, кейни қаша-қаш» дегендей қозғалаңға қатнасқанлар ҳәр жаққа тым-тырақай қашты. Колосовскийдиң буйрығы бойынша бурын сүргин болған Мамбетқулов, Таңирбергенова, Шалиймова, Саатбаева, Ақшаева, Искендеров, Аманлық Аймурзаев: тағы басқаларын услап қамады, асты атты.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин Микельджанцтың ҳаялының денесин көмген адамлардың барлығын «Сизлер өлтирип усыманға әкелип көмгенсиз»! деген жала менен қамаққа алды. Айзада тезлик пенен тексериў исин қолға алды. «Булар өлтирмеген, көтерилисте өлген. Булар Микельджанцтың ҳаялының денесин ғарға-қузғынға, ийтлерге жем болмасын деп өлини ҳүрметлеп көмген» деп булардың барлығын ақлап жиберди.

Тылға адамлар алыў қатты даўам етти. Дизимге Айтмурат Атамуратов, Мәўлен Назаров, Худайшүкир Шаниязов та илинди.

1916-жылдың аяғы.

«Айландырған аўырыў алмай қоймас» дегендей көз қырын салып, аш қасқырдай аңлып жүрген Маталақ-

қа оң түсти. Айзада алас-қапаста Үсенжап бойындағы Тазақара волостындағы дийханларға барып қайтпақшы болды. Отыз мың адамның аштан өлип, қырылып атырғанын, Шоқторанғыл менен Буйдалы, Қарабуға, Қоскөпир жақтағы ашлықтан исип, кеўип, қырылып атырғанлардың аўҳалынан хабар алыўды көптен ойлаған еди.

Ымырт жабыларда жети жасар баласы Айтжанды артына мингестирип Шымбайдан шықты. Өмирлик жолдасы тылда жумыс ислеўге мардикарлыққа зорлық пенен кетти. Әкеси Алламурат болса жаўыз Маталақтың қолынан қаза тапты. Сол ушын Айтжанды қалдыратуғын адам таппады. Айтжан бәрқулла анасы Айзада менен жүриўге үйренди.

Шымбайдың шығыс-қубла жағындағы қайшылылар менен Байнияз мақсым аўылы арасындағы алаңда Маталақ Айзаданың алдынан шықты. Айзада наганнан оқ атты.

Ҳәр қыйлы ҳийлекерлик пенен Айзаданың наганының оғы таўсылғанша атысқан болды Айзадада жалғыз-ақ оқ қалды. Баласы Айтжанды аттан түсирди. «Анаў ырашылыққа өскен қалың қаңбаққа жасырын» деди. Маталақлар буның барлығын көрип турды.

Айзаданың оғының таўсылғанын билген Маталақ жигитлерине ат қойың деди. Жигитлер Айзаданы қоршап алды. Қалған жалғыз оқты кимге жумсаўы керек? Өзине ме? Маталаққа ма?

Өзине жумсаса баласы қалады. Маталаққа жумаса, бәри бир өзин оның адамлары өлтиреди. Өзи өлсе баласын тирилей азап-ақырет берип жоян қылады. Усы ойларда турғанда Маталақлар бас салып Айзаданы аттан түсирди. Еки қолын байлады. Айтжан ҳәркимге бир умтылды. Ҳәркимнен тепки, таяқ жеди, жылады, зарлады. Айзаданың еки қолын байлаўы менен атқа тиркеп жаяў айдап кетти.

Жол бойынша тийген қамшыдан Айзаданың арқасы, бет-аўзы тилким-тилким болып қанталасып кетти. Зарлаўы менен көз жасы көл болған Айтжан еле жуўырып-жортып киятыр. Аўыр жатар алдында Айзаданы атқа сүйретиўи менен үйине апарды.

— Бул не?—деди жеркене қараған Толғанай.

— Саған қул әкелдим.

— Буны не қыламан?

— Дигирман тарттырасаң, кели түйгизесең, шығыр айдатасаң маллардың астын тазалатасаң, қулласы отың менен кирип, күлиң менен шығады. Болмаса өледи.

— Өлимнен азат қыл, ағасы?—деди Толғанай.

— Көремиз. Маталақ шығып кетти.

Толғанайдың қасында Айзада қалды. Маталақ кеткен ўақта Айтжан Айзаданың жатқан жерине бойын анасына таслады. Толғанай Айзададан Айтжанды айырмақшы еди, ҳешқандай күши жетпеди.

— Бети-аўзың қан ғой анажан! Өлме анажан!

— Сен өлсең мен қайда қаламан анажан!

— Кел, қушағыма баўырым!—деп Айзада барлық күши менен Айтжанды аймалап қушақлады. Өксип өксип жылады.

— Тур, балам тур, ананды екеўимиз жайлы жерге апарайық,—деди. Оны «жайлы жер» нйтханаға апарып таслады. Толғанай тымсырайып ишке кирип кетти.

Жайына кирген Толғанай барлық малайларына Айзаданы жатқан жеринен қозғамаўды, Периўзаға күнде бир рет жуўынды қуйыўды тапсырды. Маталақтың Айзаданы ақырет-азап пенен өлтириў мақсетине түсинген Толғанай усылай иследи.

Айзаданы әкелген Маталақ сол күни Халмурат бай менен Күлен болыстың тойына кетти. Күлен қартайғанда он алтыншы қатынынан уллы болып, шәрәпти шақырып той берип атыр еди. Той төрт-бес күнге созылады. Гүмбирлеген қырық отаў, қырық қазан, қырық үй қырық жигит хызмет етиўге таяр етилген.

Тойда байраққа ат шабыў, көкпар ойнаў ушын шабандозлар, гүрес тутыныў палўанлар, қошқар урыстырыў, жорға сүриў, аткөншек, дәрўашшылар, масқарапазлар, сазенде гөйенделердиң барлығы жыйналған. Тойдың бас бақсысы Қаржан Қабул улы деген Бердақтың ақлығы екен.

Маталақ Халмурат бай менен қосылып, Шымбай байларын саўдагерлерин, болыс-ақсақалларын ҳәмелдар ҳәкимлерин алып кеткен. Шымбай приставының начальниги Унгибаев усыларды басқарып барды. Шымбайлылардың өзи жигирма отаўға жайғастырылды. Жән-

жақтан келген миймандар қушағына сыйған пенен пада-пада мал айдап келген.

Күлен болыстың қуўанышы қойнына сыймай келген дүнья мал кеўлин көтерип кетти. Той төрт-бес күн емес, онлаған күнге созылды. Маталақ байраққа ат қосты. Жорға сүристи. Халмурат бай менен екеўи дүнья таластырып, өзлерине берилген отаўға бақсы-жыраўды, сазенде-гөйенде, сырнайшы-гернайшы, Хорезмнен келген ойыншы гөззал жанарларды шақыртты. Сөйтип, зорлық-зомбылық пенен алып келинген Айзаданы пүткиллей умытты.

Нйтханада жатқан нйтлерде Айзада менен Айтжанды аяғандай еди. Өзлери булардың қасына бир жақын келтирмей әтирапында бағып жатты. Аўыр таяқтың зарпынан, денеси қызып, жүреги езилип жатырған Айзаданың аңқасы кепкендей болды.

— Суў, балагенем, азаматым, Айтжаным...

— Неўе апажан?

— Бир уртлам суў... Шөлден өлсем де ана үйден сорама, бирақ.

— Бармайман, басқа жаққа бараман.

— Айтжанның қараўылындай нйтлер изине ерди. Қуйрықларын былғаңлатып, аяғына араласып, ойнады. Маталақтың бағын суўғаратуғын шығырына барды. Терең кериз тынық суўға толып тур екен. Әўеле өзи қанғанша ишти. Анасына алып барыўға ҳеш қандай ыдыс таппады. Ҳәттеки, шығыр гүзениң сыңғы да табылмады. Айтжан аўзын толтырып суў алды да, Айзадаға қарай жуўырды. Аўзы менен анасына суў берди. Айзаданың таңлайы кеўип кеткен екен. Айтжанның аўзынан берилген суўды уртында сақлап онан кейин жутты.

— Ыссы суў екен....

— Жоқ, суўық суў, кериздеп алдым.

— Аўзында тасыған, ыссы ләбиңнен айналайын. Қарлығаштың палапанына суў бергениндей Айтжан анасына аўзы менен суў тасып қандырды. Айзадаға суўық суўдың жаққаны соншелли маңлайынан тынық тер ақты. Он еки мүшеси бирден жибисти. Айзада Айтжанға сыбырлап түсиндирди.

— Сен қалаға бар: Палўанняз, Рахметулла, Кәримулла, Шамурат ағаларыңа хабар бер! Мениң

қолға түскенимди айт. Өзиң түнде усыманға ертип кел.

— Сени өлтирип қойса көре алмайман ғой!

— Ондай тәғдирде ырза бол, хош бол баўырым!

Айтжанды аймалап, қушағына қысты. Аналық баўыры ийип кеткен Айзаданың көзинен еркеиз жас парлады.

Әтирапта ҳешким көринбеди. Маталақтың бағының тасасы менен Шымбайға қарай зытты. Сол жуўырыўы менен қояндай секирип баратырғанда алдынан Көнши аўылында Қулен болыстың тойынан киятырған қонхор Маталақлар шықты.

— Қоян қашты, қуўыңлар!—деген Маталақтың сөзинен кейин қасындағы жалпылдақлары Айтжанның әтирапына қоршалап келип услап алды ҳәм әкелип сейисханаға қамады. Айзаданы тюрьмаға салыў ушын Шымбайға алып кетти. Шымбай пристави Үнгибаев Маталақтың жаманлаўы менен қаман таслады.

Шымбай пристави өлгеннен соң Шымбайға пристав болып сайланған Үнгибаев деген жесе тоймайтуғын жеги қурттың өзи еди.

Маталақтың үйинде атасыз, анасыз зарлап қалған Айтжан еркеиз еңиреди. Азап-ақыреттиң барлығын көрди. Тирилей жетим қалған Айтжан қаршадай басынан Маталақтың қозы-ылағын бақты. Маталақтың қазанында май қайнаса да, Айтжанның аўзынан қара тақаннан басқа кетпеди. Асты жер үсти тепки болған жас нәрестениң жатақ жайы ийтхана болды. Түнде бирге жатары ийт, күндиз қозы-ылақ бағысары ийт, сөйлесери ийт, сыйласары ийт болды. Киймни тозды, табаны тесилди. Үстинде ырым-жырым көйлек, путында тек аўы қалған бөз дамбал. Сатаны парша-парша, алақаны қырық жарық, бети-аўзы, ерни шил-пәрше бала қайғы-уўайымның қанлы пәнжесинде қалды.

* * *

Арадан жети ай ўақыт өтти. 1917 жылдың 10 марты.

Петро-Александровсктен Қочанов, Крошилов, Касьяненко, Луценколар Айзададан хабар болмай кеткени ушын Нурназар Мәўленовты Шымбайға жиберген еди. Нурназар келиўи менен Палўаниязды, Каримулла, Раҳметулла, Шамуратты таўып алды. Айзаданың тюрьмаға қамалғанын еситти. Шымбай приставы Үнгибаевтың өзи русша билетуғын болғаны ушын Әсенди дилмашлықтан алып, хаткерлик жумысқа өткизген еди. Гүллән приказлардың, жазыўсызыўлардың барлығы усы Әсенде болады.

Кеше кеште Каримулланың үйинде Айзаданы тюрьмадан шығарыў, Шымбайда көтерилисти баслаў ҳаққында Нурназар Мәўленовтың басшылығы астында план дүзилди.

Халық ертеңине қаланың ҳәр тәрепинен жыйналып толып қалды. Бурынғы Микельджанцтың өлиминен қорыққан полициялар жән-жаққа тым-тырақай қашты. Кими Үйши базарына, кими, Көкши қалаға, кими Ерлепес тоғайының аўылындағы қайшылыларға, құблаға қашты. Халық қызған қазармалық теңнен приставтың кеңесинен Үнгибаевты қуўып шықты. Көтерилистиң кейининен митинг болып, 27-февральда патшаның қулатылғаны айтылды.

Жыйналған халық азатлыққа шыққанын билип, қуўанышын қойнына сыйдыра алмады. Шымбай тюрьмасының темир дәрўазасы ашылды. Тюрьмада темир қурсаўда жатырғанлар менен бирге Айзада да азат болды.

Усы жыйналыста Нурназар Мәўленовтың усыны-сы менен жети адамнан комитет дүзип, Шымбай уч-асткалық комиссарлығына Турман Қаржаўбай улы сайланды.

Шымбай көтерилисинен қорыққан, Үнгибаевтан айрылған Маталақ Халмурат бай менен Зайырдағы Қулен болыстың аўылына қашқан екен. Толғанайды да өзи менен қоса алып кетипти.

Айзада арғымақтың үстинде кекли, жығырданы қыйнап ашыўға минип турғында:

— Апа—Апажан!—деген даўыс шықты. Артына жалт қараса қабыртқасы сай-сай, бети-аўзын кир басқан, жыртық ыштан, үстинде пырым-пырым көйлек, жалбырап жуўырып киятырған Айтжанды көрди.

— Ағам қайда?—деди өксигин басқаннан кейин Айтжан.

— Бизлер ағаңа баратырмыз.

— Мен де бараман.

— Жүрің жолдаслар!—деп Нурназар Мәўленов Шымбайдан Петро-Александровскке раўана болды.

Петро-Александровскке келген күни түнде Айзада баласы Айтжанды алып Құрбанның үйине түсти. Құрбанның өмирлик жолдасы Дильбархан Айзаданы көргеи жоқ еди. Апақ-шапақ көрисип атыр.

Құрбанның баласы Раҳим менен Айтжан бир көрпеде, Дильбархан менен Айзада бир көрпеде уйықлап қалды.

Петро-Александровск революция бесигинде тербелип атырғандай еди.

* * *

Айзаданы көрген Качанов, Крошилов, Касьяненко, Луценколардың аянышлы көз-қараслары. түр-түслеринен сезилип турды. Айзаданы аңлыған жаў, аш қасқыр Маталақтың қолға түсириўи, булар ушын оғада қыйын ҳәм аўыр болды.

Качанов Айзада менен бирге келген Палўанияз, Шамурат Раҳметуллаларга Петро-Александровсктеги болған уллы ўақыяларды ҳәдийселерди, өзгерислерди қысқаша сөйлеп берди.

1917-жылы 6—(19) мартта РСДРП ағзаларының қатнасы менен рабочий-депутатлар совети шәлкемлестирилди. Советке большевиклерден Крашилов, Савицкий жолдаслар сайланды.

— Ал, 7-март күни жети жүз отыз үшинши дружина солдатлары көтерилди.

Революцияға қарсылар Әмиўдәрья бөлими менен биригип, революцияға қарсы шықты.

Халық қозғалды. Көтерилис басланды. Большевиклердиң басшылары Әмиўдәрья бөлими баслығы полковник Завиткевичти ҳәм оның жәрдемшиси капитан Флавицкийди, буларға қоса Петро-Александровск қаласының приставы Амельдековты орынан босатып, тюрьмаға қамады.

Петро-Александровскке Түркстаннан он төрт адам составында комунистлер жиберген еди. Олардың ишинде: Василий Ефимович Крашилов: 1890-жылы туўылған. Москваның үлкен Ярослав мануфактурасының бурынғы рабочийси. 1911-жылдан коммунистлик партияның ағзасы. 1905—1907-жыллардағы биринши рус

хан Қызыл Армиясы қатарларына шақырылған жағдайда әскерий секция кенесине келиўге миннетли деген буйрыққа қол қойды. Әмиўдәрьяның он тәрепи менен гол тәрепи Қаратаўдан Арал теңизине шекем жаўлар менен арыслардай айқасыў мәҳәли қызды.

Қара таўдан аттылған оптың даўысынан Арал теңизи ларзем алғандай болды. Пулеметлердиң оғы жылдырымдай жылтылдады. Таў—таслар унталды. Тоғайларды өрт басты. Баспаналарды, жайларды баспашылар бузды. Дүркин—дүркин маллар баспашылардың қолында кетти. Қызлар менен келиншеклер жесир болды. Гарры менен балалар қула дүзде ботадай бозлады. Қулазыған дала қанға толды. Салқын сарайлы, әлўан көшели қалалар ўас—ўайран болды. Ана баладан, бала анадан айрылды. Ағалар жеңгейлерден, кемпирлер шалынан айра түсти. Жас нәрестелер шуўласты. Кең дүнья тарылып, түзар жоллар байланып, аспан асты аядай болып, кең дүнья көз айнасындай тарылды. Қияң—кести қанлы урыс күн сайын қызды.

Адам қаны, қыршын өмирлер менен қорғалған Нөкис қорғаны тағы да қоршаўда қалды. Бес төбеден бир бөлек. Қатты ағардың сағасы менен Шортанбайдан бир бөлек, Ақмаңғыт пенен Қотан көлден бир бөлек, Сағал көпир менен Таслықтан бир бөлек баспашылар Нөкис қорғанын темир қурсаўдай қысты. Көктен қорғасын жаўды. Сай—саладан суў орнына қан ақты. Нөкистиң тас казармасы қара булт пенен қанлы күнлердиң гүўасындай мүлгиди.

«Верный» катери менен ҳәм қырдан топ пенен қуралланған қызыл әскерлер, Әмиўдәрья бөлиминиң айрықша әскерий комиссары Шайдаков отряды. Сары бий менен Қылшынақтағы, Шаббаз бенен Бийбазардағы, Календерхана менен Шаббаз тоғайындағы, Урысай менен Хожа көлиндеги, Қыпшақ пенен Шылықтағы, Назархан менен Бес төбедеги, Бекбай тоғайы менен Қабақлыдағы ор қазып атырған өмир жаўларын жер менен жексен етип жаў қоршаўын жарып таслап, Қызкеткенниң жағасында тоқтады.

Қызкеткенниң сағасынан Нөкистиң шығыс жағасынан баспашылардың қорғанын бөлген Шайдаков әскери Нөкис қорғанын қорғаўшылар менен қосылды. Қуўатқа-қуўат, күшке-күш, жүрекке-жүрек қосқан олар Нөкиске қатты бекисти. Шайдаков Нөкис қорғаны

горизонының командири Синебюроков, Замыслаев, Николаев, Досназаров, Айзада ҳәм Айтмуратлар менен бирге түни бойы уйықламастан әскерий мәсләҳәтке кирди.

Түнерген аспан таң алдында ғана азырақ ашылды. Шайдаков қалай болған менен Нөкис қоршаўын бузып шығыўдың, оғада аўыр екенин айтты. Атаман Фильчевтиң, Памишевтиң, Парадиевтың, Лукьяновтың, Ханмақсым менен Бала бийдиң Салəниковтың лашкерлериниң еле де бизден еки балки үш есе артық екенин, жаў жарақ пенен толық тəмийинленгенин айтты. Таң атар алдында Нөкистиң арқа жағынан басып кирип киятырған Сальниковтың ləшкерин қалаға киргизбеў ушын Синебюроковтың отрядын атландырды.

Николаев Досназаровтың отрядын Бес төбе тəрепиндеги баспашыларға, Хусайын абый менен Айтмуратты Қатты ағардың жағасы арқалы Шортанбай, Ақманғыт Қотан көлге созылған Балабийдиң ləшкерлерине жиберди. Шайдаковтың өзи бир неше жүз Қызыл əскерлерди алып қалды. Бул резер Синебюроковтың, Николаев пенен Досназаровтың, Хусайын абый менен Айтмуратты, отрядларын зəрүр болса қосымша күш ретинде толықтырыў ҳəм Ашшы көл арқалы қурғақлық тан Сальниковтың ləшкерин қоршаўға алыў ушын керек еди. Сонлықтан өзи де Нөкис қорғанында қалды.

* * *

Арқадан аш қасқырдай қысқыға алған сыран—суўықтың ийиси келгендей болды. Қара үйдиң үзигиниң жыртық жерин таўып алғандай күн анда—санда жалт—жулт етип қысқа пурсатқа көринип кетер еди. Демниң арасында шағалдай шуўлаған самал тына баслады. Тынышлық ҳүкимдарлық сүрди. Шамал менен сыңсып турған Саманбай, Шортанбай, Шағал, Назархан тоғайларының шайқалыўы тынғандай болды.

Нөкис қорғаны айўан-жайўан аўҳалы менен бүгин де түн пердесиниң қушағында еди. Бир майдан батысты қызыл шаппаққа боялған күн батып кетти. «Айдың он беси жақты болса он беси қараңғы» дегендей ай қараңғы еди. Тастай түнек. Нөкис қорғанында жасаўшыларға күн де, түнде бирдей. Себеби, олар қамал жағдайына көнлигип, көзлери үйренип кеткен. Қорған

әтирапындағы орларда тек солдатлар менен командирлер ғана түнги гүзетте.

Күн батып қас қарайғаннан ақ қар жаўды. Қар əўели майдалап жаўса да, жатар алдында биротала уйытқып жаўды. Ярым ақшам аўаман дегенше жер бетин ақ мамық көрпеге бүркеп таслады. Бораған қардың ҳəзирше тоқтайтуғын түри жоқ, аспанның түбелеги тесилгендей. Ашық аланда жүрген маллар енди пана излеп, тоғай, путалықларды ықлай баслады. Маңқыйған түйелер менене анаў—мынаў суўықты писент етпейтуғын жылқылар да өрден—ыққа шапты. Түнги ҳайўанлар менен қуслар тым-тырыс болып уяларына кирди, шақаларына қонды.

Жарпақлап жаўған қар таң атаўға мейил бергенде тағы бурынғыдан бетер уйытқыды. Өр ишинде жатқан солдатлар қарға көмилип көптен берли алынбаған сақал—муртларына сүмелеклеп муз қатты. Мылтықлардың затворлары суўық пенен сиресип, оқдəри ығланды. Бирақ, ҳешким орнын таслап кеткен жоқ. Ҳəзир қорғаныў линиясын таслап кетиў—бул қорғанды бериў, оннан аржағы баспашылардың қанлы қолында өлиў еди.

Таң да атты. Күнде шықты. Сəске болды. Шаңқай түсте болды. Күн аўды. Екинши күни күн батқан да барып қар тынды. Жоллар байланды.

Нөкис қорғанында жасаўшылар қолларына бел, гүрек, сипсе алып қорғаның қорын артты. Орлардың əтирапын тазалады. Күн шығып ыссылық берсе ерип, суў басып кетер деп ордың əтирапларындағы қарды он метрдей ары ысырып таслады. Замысляев бенен Николаевтың қар тыныўдан қорғанды қорып турған солдатлар менен пана излеп тығылған халықты тезлик пенен шөлкемлестирип қарды тазалатқаны оғада жақсы болды.

* * *

Басшысы Айзада Мийирқан, Тазагүл үшеўи 26-декабрь күни түнде Саманбай тоғайы арқалы Шортанбай менен Ақманғыт аўыллары таманға барлаўға жиберилген еди. Нөкистен шығып олар Толыс қыпшақ аўылының усти менен Қотан көлдиң арқа шығыс тəрепин кесип өтип Ақманғыт аўылына келди. Түни менен

аўыл адамлары менен, хабар болса алды менен сентетуғын ҳаял-қызлар менен сөйлести. Көп сырларды билди. Шортанбай тоғайы менен Саманбай тоғайының гүсынан Хожелиин басып атырған баспашылардың муздың қатыўын күтип отырғанлығын, пурсат келсе дәрьядан өтетуғынын анықлады.

Ертеңине күи бата Ақманғыт аўылынан шыққан Айзадалар жолда бораң жаўған қар астында қалды. Қасындағы Мийирқан, Тазагүлге Айзада түи болса жүрейик деди.

— Тоғайда ҳәр қыйлы ҳайўанатлар бар,—деди қоўып еткен Тазагүл.

— Ҳайўаннан да бетер жаў жаман болып отыр—деди Айзада.

— Айзада дурыс айтады. Қолға түссек олар да бизди өлтиреди,—деди Мийирқан Айзаданы мақуллап.

— Қардың мынаў даўысы болса, аванда жолды көмип таслайды—деди Айзада.—Неде болса тәўекел етейик.

— Жүргенимиз мақул.

— «Не десеңде турыпан, бир жудырық урыпан!», менде сизлерге қосылдым,—деди мәртлик менен Тазагүл.

Түни менен жол танабын қуўыртып, Айзада, Мийирқан, Тазагүл таң алдында Саманбай тоғайына кирди. Жолдың сүлдери менен киятырған үшеўи бирден адасып Саманбайға кире тоқтады.

— Дәрьяның бойына шығайық,—дейди Айзада.

— Жолдан биротала айрылып қалмаймыз ба!—деди Мийирқан.

— Қаттыт ағарға шыққақ суўдан кешип өтемиз. Туўры шығамыз—деди Айзада.

— «Жаманда болса қыз жақсы, айланып болсада: жол жақсы» деген,—деди Тазагүл мыйық тартыңқырап сөйлеп.

— Қалай да дәрьяны көрейик.

— «Бир асам майдан қайтпаған жүрегим неден қайтады!» дейсең ғой,—деп күлди Тазагүл.

— «Қақ жегенде жалмапбан, менде сеннен қалмаспан!—деген менде жүрдим,—деди Мийирқан.

Үшеўи бирден дәрьяның жағасына барыў ушын Саманбай тоғайының шетине шыққанда:

— Қызлар, буғынлар!—деди Айзада шалт сөйлеп.

— Үшеўи бирден буғып, дәрья бетке қараса бери қарай дәрьядан өтип киятырған бес-алты қайықты көрди. Қызлар тағы да көтерилип, тоғайдың тасасынан қарады. Қайық бенен киятырған баспашылар екени мәлим болады.

— Кейин қайтың!

— Қайда?!

— Жолымызға барамыз.

— Баспашыларды не қыламыз?

— Олар Саманбайдан шығады ҳәм Қаттағардың үсти менен Нөкиске кирмекши.

— Сөйтип Нөкиске ҳүжим баслайды дең.

— Тезлик бенен хабар бериў керек.

— Жүриңлер! Көп турыўға болмайды!—деди Айзада.

Үш қыз қалың қарды айырып жолға түсти. Тез жүргени соншелли терлери арқасына шықты. Алдында Қатты ағардың музы қаймақласқан сең жүрип, пәтли ағып тур. Абыржы. Қардан из билинеди. Айланып өтиўге пурсат жоқ. Қызлар әри-бери ойланды, қалай өтиў керек? Көпир алыста еди. Уақыт тығыз. Баспашылар ҳә демей келип қалады. Хабар бериў керек, хабар...

— Қызлар шешиниң! деди Айзада.

— Қалай?!—деди Мийирқан менен Тазагүл жалт қарап.

— Мине былай!—деп Айзада тырдай жалаңашланды. Мийирқан менен Тазагүл тезлик бенен шешинди.

— Суўық шығар,—деди Мийирқан жеркенип сөйлеп.

— Жоқ. Суўдың астына от жағып қойыпты,—деди Тазагүл нықыртып. Айзада да ериксиз күлип жиберди.

— Суўық болмақ түўе, темирдей болса да жүзип өтемиз!—деди Айзада.

— «Қорқытқаннан қашпадым, бойымды саған тасладым!» деген мен таярман.

— Кийимлерди жыйнап басларыңызға ораң.

Үшеўи бирден басларына кийимлерин жақсылап түйдеклеп орап тайын болды. Жиплерди мойнынан айландырып белине таңды, бирден суўға түсти. Тезлик бенен жүзип өтти де, шарт—шурт кийине баслады. Қызғын адым атып, қарды қақ айырып, жол жүрип кетти.

Саманбай тоғайынан зорға дегенде өтти. Нөкистиң батыс жағынан қорғанға кирди.

Замысляев, Николоев, Айтмурат, Досназаровлар Айзадаларды қуўаныш бенен қарсы алды. Ыссы жайға апарып, чай, ас—аўқат берди.

— Саманбай тоғайына Хожелиден баспашылар өтти—деди Айзада.

— Қанша?

— Бес-алты қайық бенен тасып тур. Аз емес.

Замысляев бенен Николаев солдатларға тревога берди. Өзи тоқсандай солдат алып, қалғанларын Замысляев бенен Николаевтың қараўында қорғанда қалдырып Синебрюков Саманбай тоғай беттен киятырған баспашыларға қарсы атланды.

Баспашылар көп күттирмеди. Қаттағардың сағассында ақ алдынан шықты.

Қатты ағардың жағасындағы майданлықта урыс қызды. Баспашылар қутырған қасқырдай умтылды. Үсти-үстине тынымсыз ҳүжим етти. Баспашылардың барлық ҳүжим қатты қарсылыққа ушырап кейин қайтарылды. Еки тәрептен де солдатлар, ләшкерлердың лашы саўаш майданында қалды. Синебрюков өз солдатларын қайтпас қаҳарманлық бенен рухландырды. Азанда басланған урыс ярым ақшамға шекем созылды. Басып келген баспашылар жер менен жексен етилди. Қаҳарманлық бенен қайтпаған қызыл командир, жас қыран Синебрюков усы ўақыт душпан оғынан жақты өмир менен мәнги хошласты. Турдыбай Қалбаев, Төре Гүлимбетов, Юлдаш Рустамбетов, Турдыбай Есенбаев, Матвей Шевченко, Иван Пересыпколар қайтпас қаҳарманлық бенен халық азатлығы ушын қан төгиспе урыста қурбан болды.

Жаў жеңилип қашқаннан кейин жалынлы жүрекли жас командир Синебрюковтың ҳәм оның менен бирге қурбан болған солдатларды Нөкистеги казарманың арқасына әкелип жерледи. Қәдирли командирлери менен жаңа—жан солдатлардың жаў қолында қаза таўып, қара жерге араласқанына халықтың жүрегинде көктиң ғәзеби қайнады.

Нөкистиң қалың қорғаны көп айларға шекем өмир менен өмир тирескен қанлы қорғанға айланып халықтың, солдатлардың күши менен баспашылардың есап—сансыз ҳүжимлерин мәрдана қайтарып турды. Жаў

жән—жақтан жан алыў ушын, қан ишиў ушын умтылсада қорғанын қорғаўшылар қәйткенде де алынбас қамал болып Нөкисти көздиң қарашығындай қорғап қалды.

Бирақ, толық жеңиске шекем, Нөкисте совет властының ҳақыйқый арнаўына шекем еле қызыл гвардияшылар көп қанлы ўақыяларды бастан кешириўи, сатқынлықтың, жаўызлықтың адам еситпеген түрлерин көриўи, зәңгилес жаўынгер дослар, әдиўли командирлериниң қурбан болыўының азаплы күнлердиң гуўасы болыўы зәрүр еди.

Усыларды ойлаған Айтмурат «арқасы тутып» қосық жазды.

Ол мынандай еди: .

Шайдаковтың пулеметы,
Жалт—жулт етип жаныпты.
Буны көрген Жунайыдхан,
Еси кетип талыпты.

Жаў жағасы жыртылған соң,
Бири бирден қашыпты.
Әмудәрья бойларына,
Ленин нурлар шашыпты!

Айтмурат усы қосықты Айзадаға оқып берип атырғанда Аллаяр Досназаров бенен Сейтмурат Палўанов тыңлап турған екен. Айзада буларға көзи түскенде күлимсиреп қойды. Ал, Айтмурат қызарып кетти. Досназаров оның арқасынан қақты.

Оғада жақсы, Айтмурат! Жалынлы күнлерди қалдырмай жаз!—деди Аллаяр.

—Жазаман, аға!—деп қуўанды Айтмурат.

— Жүриңлер, атланыс—«ийшан қалаға».! Алдымызда, Шымбай,—деди Аллаяр салдаманлы түрли.

— Жүриңлер, дослар! Тағы да гүреске!—деген Айзаданың даўысы жаңлап шықты.

Арадан өткен сонша жыллар баяғы сада Айзаданы ҳәр тәреплеме шыңлап, ҳақыйқат түсимпаз, жамай жаўлары менен тайсалмай айқасып жүрген, қыйынқыстаў пайытларда өзин тута билетуғын, туўры шешим қабыллай билетуғын ҳақыйқый жаўынгерге айландырған еди. Маталақ пенен Қулбайдан көрген жә-

бир жапасы, биймәўрит өлип кеткен ата—ана, ағайын —туўған кеги, Петро—Александровскиде жер аўдартылған рус большевиклериниң жәрдеми арқасында рус тилин үйрениўи оның усы дәрежеге көтерилиўине себепши болды. Сонлықтан да талай мәртебе қолға түсип, набыт болыў қәўпи дөнген ўақытларда да жаңа дуньяға деген исеним, түскинликке берилмеў оның өлимнен үстем шығыўына жәрдем етти. Еле алдында көп ислер күтип турғанын билмейтуғын ол, Нөкистеги гаризон менен бирге Ийшан қаланы уялаған Хан-мақсым, Бала, бий, Фильчев баспашыларының ордасын талқанлаўға атланды.

Он төртинши бап

ОН ЖАҒАЛЫҚТАҒЫ АТЛАНЫС

1919 жылдың бәҳәр айлары.

Бесиктен жаңа ғана шыққан жас Совет власты екинши бәҳәрин күтип алды. Совет аўқамы тарийхтың алтын менен жазылған жылнамаларына «екн жасар ерке улдай», ел үстине бәҳәр қуяшы қулашын жайды. Жер бети жасыл жамылды. Дәрья—теңизлерде толқынлар туўлады. Тоғайларда ырғалып шайқалған шақалар шытақ таққандай, гүмис жапырақлар менен шылдырлады. Таўлар да туў алыстан қулаш кергендей буўдақ—буўдақ булдырлап көзге ысық көринди. Жер бети жасыл дөнип дарақларға дәрман енип бәҳәр пайызын шақырды.

Жаңлы мақлуқларға жан енди. Қуслар уяға, төрт аяқлы дуз аңлары иннинен шығып, кең далаға көлденең аяқ басты.

Әжайып, өмир қызықлы, қызғынлы күнлер басланды. Дийханлар соқасайманларын, рабочийлар балға-шөккишин, теңизшилер аў—дузақларын таярлап толқынлар менен айқасыўға таярланды. Балықшылар қайығын дүзетти, шаруалар саўынларын жайлаўға шығарды. Қыр қойнында қой-ешкилер, сабатлар да жылқылар, нуў тоғайда түрли қуслар, тақыр майданларды түйелер жайлады. Жазираның қойны, қара жердин қушағы ашылды.

Қой үстинде без торғай жумалаған заман басланды. Халықлардың қуўанышы толықындай туўлады. Еркин дәўир, азат—өмир ҳәмменің кеўлин шад етти. Шақалақ атып күлген даўыслар жер бетин жаңлатып жибергендей болды. Дослық, туўысқанлық, баўыр басқан бирликли өмирдің дәстүрли дәўраны басланды.

Лейкин... Арандай аўзын ашқан, аш қасқырдай шет ел империалистлери жамай жаўлары менен биригип иштен иритки салып атыр единии Контрреволюцияшылар қутырып, жас Совет Россиясына қарсы топлыстың толғағын қыздырды. Айдарҳадай ысқырған генерал Колчактиң көп санлы армиясы усы толғақтың дөретиўши күши болды. Жас Совет Россиясының қубласында Деникиниң, арқа батыстан ант урған, геллекесерлер генерал Юденичтиң адам талаған ҳарам қоллы, шаян аўызлы ақ гвардияшы армиясы топылысқа өтти.

Төрт тәрептен қанлы қара таў көтерген адамхорлар жас совет властының еки жасар нәрестениң «жүрегин жараман» деп топылыс жасады. Арқадан англичан-американ интервентлери менен генерал Миллердиң әскерлкери ҳәрекет етти. Жеги қурттай жабылды. Атаман Дутов бас көтерип және жаңадан әскерий атланысқа қәдем қойды. 1919 жылы март айының басында туў көтерип топылыс баслаған Колчактиң ярым миллионлық армиясы апрельдиң басында Волгаға шекем жетти.

Қәўетерли қан төгиспе күнлердиң қолайсызлығының қара бултын көшириў ушын 1919 жылы 18 марттан 23 мартқа шекем РСДРП ның сегизинши съезди шақырылды. Ҳәр бир коммунистиң ҳәр бир адамның қәлбиринде қайнаған дебдеўдиң ҳәўири усы съезде додаланды.

Совет властын буннан да былай беккемлеў ҳәм ишки және сыртқы контрореволюцияның күшлерин қыйратыў ушын сегизинши съездиң орташа дийханларды бийтәреп етиў сиясатын, рабочий класстың басқарыўшылық ролин сақлап, оның менен беккем аўқамласыў ҳаққындағы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды. Сегизинши съезд әскерий сиясий мәселелерге айрықша, арнаўлы кеўил аўдарды.

Қызыл армиядағы партизаншылыққа, қызбашылыққа қарсы, оның қалдықларын жаңлап шықан «әскерий оппозицияға» шешиўши соққы берди. Турақлы совет қураллы күшлерин буннан былайда бекемлеў,

армия менен флотта коммунистлердиң ролин арттырыў бойынша иләжлар белгиледи.

Партияның сегизинши съездиниң қарарлары пүткил Советлер аўқамы бойынша партия ячейкаларында, комсомол, союз қосшы, уйымларында, бөлимлеринде уллы гүрес, жақсы турмыс, бахытлы өмир ушын жоллама иретинде додаланды, басшылыққа программа етип алынды.

Әмудәрья бөлимниң территориясындағы әскерий басшылар жыйланып мәсләҳәтке көшти. Қызыл Армияның бир жүз отыз төрт адамлық, соның ишинде жетпис адамы жергиликли ҳалықтан,—биринши Ташкент ротасы, Мары барлаўшылар дружинасы, биринши Петро—Александровск ротасы—алпыс әскер, екинши Петро—Александровск ротасы 145 әскер, үшиншн Нөкис ротасы бир жүз еки әскер, биринши қазақ—қырғызлар жүзлиги сексен еки әскер, екинши қазақлар жүзлиги бир жүз алпыс бир әскер, үшиншн Зайыр қазақлар жүзлиги бир жүз сексен еки әскер, қурама батерея токсан әскер, пулемет командасы отыз бес әскер болып ғана шөлкемлескен еди.

Әскердиң саны аз. Көпшилиги әскерий ҳөнерди жаңа көрип атырған, ата—бабасынан бери биринши рет қолына қурал алған, бирақ, қарсылысақан жаўдан, өрлесе таўдан қайтпаған, жас қырандай жигитлер. Қарақалпақ елин қан ишкишлерден қорғаў ушын туўысқанлардың жәрдеми сондай керек еди! Сол ушын Закаспий фронтының штабы Чаржаў темир жол рабочийлары менен жаўынгер интернационалистлерден қуралған еки жүз елиў адамлық отряд болып шығады.

Бурынғы солдат—артеллерист, Чаржаў депутатлары Советиниң ағзасы большевик Наўмов басқарған бул отряд 1919-жылы 12-мартта Төткулге келди.

— Жаўынгерлик жыллардың жылнамасы усылай жазыларма екен?!—деп Айзадаға жалт қараған Айтмураттың келбетине терең ой уялаған еди. Қандай да бир ўақыяларды ядға түсирди ме, бетиниң еки алмасы қызғыш дөнгенде көзлери масаладай жанды, Айтмураттың.

— Жазады—деди Айзада исенимли сөйлеп.

— Жазғай. Тарийх дәстанларының бети оқ пенен тесилмегей.

— Жылнамалар жазылатуғын жылларға бәлким, жаў—жарақ қалмас.

— Мүмкин!—деген ўақыта Қасьяненко асығыс түрде кирип келди.

Айтмурат бенен Айзада орынларынан ушып турды.

— Оттыра бериңиз!—деди Қосьяненко жыллы сөйлеп.

— Хош келипсиз!!!

— Қуўаныш пенен келдим.

— Хош хабар болғай...

— Енди қан төгилмейди. Қанхор, жаўыз Жунайыдхай Совет власты ўәкилинен өз-ара питим жасаўды өтиниш етипти. Буның тийкарғы себеби, Хорезм, Қарақалпақ ҳәм Туркмен мийнеткешлери менен рабочий-дийхан Қызыл Армияның күши қуўаының артып кетиўи.

— Тоқпағы күшли болса кийиз қазық жерге киреди деген,—деди Айтмурат күле шырай берип.

— Тоғызыншы апрельде Хийўа ҳүкимети менен келисим жасалды.

— Оғада жақсы.

— Жақсысы жақсы. Лейкин Жунайыдхан қатты ҳийлекер душпан.

— Айнып кетер дейсиз бе?

— Мүмкин.

— Егер ҳақ нийет пенен усыныс еткен болса ҳақыйқатында келисим жаман емес.

— Оғада дурыс, усы жасалған келисимниң оғада сиясий әҳмийети күшли. Совет Россиясынан Түркстанды бөлип таслаўға көрип атырған таярлықларын дал—дал етти. Былайша айтқанда қан боялған қара туўдың тумлы—туўсы тесилди—деди Қасьяненко. Үшеўи де питимниң болғанын жан—жүрек менен қос қоллап қуўатлады.

— Жүриңиз, мәжилиске барамыз!—деди Қасьяненко.

— Барайық,—деди Айтмурат.

— Бирге барайық,—деп үшеўи қосылып жыйналысқа кетти.

Жыйналыс көпке созылған жоқ. Қасьяненко доклад етти. Ол жыйналғанлара партияның Орайлық Комитети Орта Азия, Қавказ даласындағы, Волга бойындағы қыйын аўқалды жеңиў ушын Шығыс фронттың қуб-

ла группасын Түркстан фронты деп қайта дүзгенин жолдас Фрунзе Түркстан фронты әскерлериниң командующиси болып белгиленгенин, Боранов, Әлиева, ал, соңынан Куйбышев революциялық әскерий Советтиң ағзалары болғанлығын қысқа айтып берди. Барлық әскерий бөлимлерде, қаҳарманлық иселериңизге жеңис тилеймен! Саў-салмат болыңлар,—деп Касьяненко жыйналысқа келгенлерге рухсат етти.

* * *

Ийшан қала әўлесиниң қубла бетинен Мийирқан менен Тазагүлди, Айзаданы мешитке жумсап жиберген Айтмурат, Орын екеў әўлиениң шығыс жағынан барды. Мешитке жүз метрдей қалғанда аттан түсип бедеўлерди бир—бирине байлады. Айтмурат та, Орын да Жунайыдханның нөкерлери не кигйен болса солай кийинген. Басларында ақ териден тигилген силикпе шөгирме. Аяқларында шоқай. Беллеринде қайыс, оған тағылған қосбаўдың қынында пышақ. Белбеўлери—нағыслы етип тоқылған түрме. Атларының ер—сайманы да Жунайыдханның жигитлериниң атындағыдай.

Мешиттиң алдында қублаға қарай қол қаўсырып турған қызыл жүзли, қара шөгирме кийген, шоқ сақаллы, бийдай ирең, сулыўшықтан келген, ийнине көкиреғинен айқара бес атардың оғы дизилген оқшонтай асынған Ханмақсымды көрди. Әдеп—ийба менен қос қолын көксине қойған Орын ҳәм Айтмурат қол қаўсырып сәлем берди. Аман—есенлик сорасты.

— Жол болсын?!

— Әлей болсын!

— Узақтан киятырсыз ба?!

— Ханмақсымның қулағы ербең ете қалды. Бирақ, сынын бузбады. Еки жигитке сын нәзерин тикти. Исенди ме:

— Күтип ғана отырған едик,—деди.—Жүдә күткен едик...

— Бизде асығып киятырғанымыз. Аўыл—алыс, жол—шалғай... Оның үстине қызыллардың талай қыснағынан өтиўимиз керек.

— Хош келипсиз. Дастурханға келиң. Ханымыздың көптен бери атқосшыларысыз бар? Барғанда—келгенде ушыраса қоймаған екенбиз...

— Мен Шәрик ханның улы боламан—деди түркменшеге тили әдеўир төселип қалған Айтмурат. Мынаў Зембешиниң баласы...

— Екеўиңизде Жунайыдханның оң қоллары, тиреги екенсиз.

— Солай, ҳәжымыз,—деди Айтмурат.

— Қәне, шайдан алыңлар!

Үшеўи дәстурханға қарады. Мешитте Ханмақсымнан басқа тири жан жоқ. Орын да, Айтмурат та таң қалды. Ханмақсым екеўин төрге ҳүрмет менен отырғызды.

— Қандай фарман алып келдиңиз?

— Ханымыз менен көптен бери байланысты үзипсиз. Ҳәзирги ләшкерлериңиздиң жағдайынан, уллы Хан бийхабар...

— Дурыс.

— Сол ушын қанша адамы бар екен, олар қайсыманға жайласқан,—деди.

— Бес жүз. Тағы да қосылады. Усы Ийшан қалада.

— Төртқүлге қашан ҳүжим қылады деп те қойды.

— Төртқүлге жақында ҳүжимди баслаймыз, тек буйрық күтиўдемиз.

— Төртқүлге ҳүжим баслаў ушын жолдағы Нөкистен, Назархан, Қыпшақ, Урысай, Бибазар, Қәлендерхана, Шаббаздан қалай өтиўди оғада нәзерде тутсын! —деди ханымыз.

— Әўеле Нөкисти бир күнде басып аламыз. Соннан кейин басқаларын Жунайыдхан менен күш бириктирип қопарамыз,—деди исенимли түрде Ханмақсым.

— Жаў—жарақ ушын, ҳәм ат оты, ләшкерлерге қәрежет жетпей атыр. Усы мәселеде ўәдесин тезлик менен орынласып деп мүкиятлады.

— Ҳәзир Маталақ бай келеди. Барлық қәрежетти соған жыйнап бердик.

Маталақжан бул истен хабардар.

— Оғада жақсы...! деди де Орын менен Айтмурат Маталақтың атын еситкенде, әспресе, ҳәзир келеди дегенине ҳайран қалды. Бирақ, таңланғанын сездирмей дәррўў басқа жол тапты.

— Ханымыздың және бир илтимасы бар еди,— деди Айтмурат.

ла группасын Түркстан фронты деп қайта дүзгенин жолдас Фрунзе Түркстан фронты әскерлериниң командующиси болып белгиленгенин, Боранов, Әлиева, ал, соңынан Куйбышев революциялық әскерий Советтиң ағзалары болғанлығын қысқа айтып берди. Барлық әскерий бөлимлерде, қаҳарманлық иселериңизге жеңис тилеймен! Саў-салмат болыңлар,—деп Касьяненко жыйналысқа келгенлерге рухсат етти.

* * *

Ийшан қала әўлесиниң құбла бетинен Мийирқан менен Тазагүлди, Айзаданы мешитке жумсап жиберген Айтмурат, Орын екеўи әўлиениң шығыс жағынан барды. Мешитке жүз метрдей қалғанда аттан түсип бедеўлерди бир—бирине байлады. Айтмурат та, Орын да Жунайыдханның нөкерлери не кигйен болса солай кийинген. Басларында ақ териден тигилген силикпе шөгирме. Аяқларында шоқай. Беллеринде қайыс, оған тағылған қосбаўдың қынында пышақ. Белбеўлери—нағыслы етип тоқылған түрме. Атларының ер—сайманы да Жунайыдханның жигитлериниң атындағыдай.

Мешиттиң алдында құблаға қарай қол қаўсырып турған қызыл жүзли, қара шөгирме кийген, шоқ сақаллы, бийдай ирең, сулыўшықтан келген, нйнине көкиреғинен айқара бес атардың оғы дизилген оқшонтай асынған Ханмақсымды көрди. Әдеп—ийба менен қос қолын көксине қойған Орын ҳәм Айтмурат қол қаўсырып сәлем берди. Аман—есенлик сорасты.

— Жол болсын?!

— Әлей болсын!

— Узақтан киятырсыз ба?!

— Жунайыдханымыз жиберди.

— Ханмақсымның қулағы ербең ете қалды. Бирақ, сынын бузбады. Еки жигитке сын нәзерин тикти. Исенди ме:

— Күтип ғана отырған едик,—деди.—Жүдә күткен едик...

— Бизде асығып киятырғанымыз. Аўыл—алыс, жол—шалғай... Оның үстине қызыллардың талай қыснағынан өтиўимиз керек.

— Хош келипсиз. Дастурханға келиң. Ханымыздың көптен бери атқосшыларысыз бар? Барғанда—келгенде ушыраса қоймаған екенбиз...

— Мен Шәрриқ ханның улы боламан—деди түркменшеге тили әдеўир төселип қалған Айтмурат. Мынаў Зембешиниң баласы...

— Екеўиниздиң Жунайыдханның оң қоллары, тиреги екенсиз.

— Солай, ҳәжымыз,—деди Айтмурат.

— Қәне, шайдан алыңлар!

Үшеўи дәстурханға қарады. Мешитте Ханмақсымнан басқа тири жан жоқ. Орын да, Айтмурат та таң қалды. Ханмақсым екеўин төрге ҳүрмет менен отырғызды.

— Қандай фарман алып келдиниз?

— Ханымыз менен көптен бери байланысты үзипсиз. Ҳәзирги ләшкерлериниздиң жағдайынан, уллы Хан бийхабар...

— Дурыс.

— Сол ушын қанша адамы бар екен, олар қайсыманға жайласқан,—деди.

— Бес жүз. Тағы да қосылады. Усы Ийшан қалада.

— Төртқүлге қашан ҳүжим қылады деп те қойды.

— Төртқүлге жақында ҳүжимди баслаймыз, тек буйрық күтиўдемиз.

— Төртқүлге ҳүжим баслаў ушын жолдағы Нөкистен, Назархан, Қыпшақ, Урысай, Бибазар, Қәлендерхана, Шаббаздан қалай өтиўди оғада нәзерде тутсын! —деди ханымыз.

— Әўеле Нөкисти бир күнде басып аламыз. Соннан кейин басқаларын Жунайыдхан менен күш бириктирип қопарамыз,—деди исенимли түрде Ханмақсым.

— Жаў—жарақ ушын, ҳәм ат оты, ләшкерлерге қәрежет жетпей атыр. Усы мәселеде ўәдесин тезлик менен орынласып деп мүкиятлады.

— Ҳәзир Маталақ бай келеди. Барлық қәрежетти соған жыйнап бердик.

Маталақжан бул истен хабардар.

— Оғада жақсы...! деди де Орын менен Айтмурат Маталақтың атын есткенде, эспресе, ҳәзир келеди дегенине ҳайран қалды. Бирақ, танланғаның сездирмей дәррўў басқа жол тапты.

— Ханымыздың және бир илтимасы бар еди,— деди Айтмурат.

— Айтыңыз, тыңлайман!

— Ханмақсымжанның әскерлери орнасқан жерлерін көриң. Бизлер Төрткүлди алыўдан Қаратаўдың арқасына өтиўимиз керек. Сол ўақытта сизлер екеўиңиз екі әскерий бөлимди басқарасыз. Ийшан қалада қонбасақ, ҳәзиретимизге дуўа етпесек болмайды. Сол жерлерди өз көзлериңиз бенен көриң деген еди.

— Ол Төрткүлди алғаннан кейин бизлер менен бирге келмес де екен?—деди Хан мақсым әлленеден қәўип өткен адамдай.

— Сизлердиң жигитлериңиз қайтпас қаҳарман болғаны ушын Төрткүлден шығып, Маңғыт, Жыланлы, Хожели арқалы Қоңыратты алып, Мойнақ тәрепинен Шымбайға топылыс жасайды. Соған қатты таярлық көрсин деп тапсырма берди—деди Айтмурат.

— Сизлердиң Ийшан қалаға топланып бас қосып Сальников ҳәм атаман Фильчев менен бириккениңизге Жунайыдхан оғада ырза, гилең қаҳарманларды жыйнаған сизге алғыслар айтып отыр,—деди Орын Хожаниязов Айтмураттың сөзин мақуллап.

— Қонып кетсеңиз болар еди!

— Оған ўақыт қайда?! Нийетимиз иске асса көремиз...

— Ас-аўқат ишиңлер!

— Иштейимиз жоқ. Бизлер жаңағы жерлерди көрейик.

— Мен адам қосайын.

— Әжеп болады.

— Турайық.

Пәтия қылып үшеўи бирден мешиттен шықты.

— Мына азаматларға жигитлердиң жайласқан жерлери менен Ийшан қаланың төрт тәрепин таныстыр,— деди аўызда турған сақшыға.

Ол «қуп» деди.

Сол ўақта Маталақ бенен Бала бий кирип келди. Орын, Айтмуратлар әдеўир жерге барып қалғаны ушын кейинге қайрылмады.

Балабий менен Ханмақсым, Маталақ үшеўи мешитке кирип кетти.

Ханмақсымның қосқан жигити Ханмақсымның әскерлериниң барлық жайғасқан жерин көрсетти. Бул жигитти Айтмурат менен Орын оғада жақсы көрип қалды. Оның үлкен ала көзи қарағанда жалын шашып тургандай көринер еди. Жыллы жүзли, көрген көзге жағымлы, мыйығын тартып күлип турған, иригеўдели, жоталы жигиттиң көз-қарасы, жыллы жүректен сөйлесиўи Айтмурат бенен Орынның кеўлине қоныў қалды.

— Қайдан боласың жигит?,—деп сорады Айтмурат.

— Ийшан қаланың құбла батысындағы Қазаяқлы аўылынан.

— Қазаяқлымысаң?!

— Аўа.

— Дайым болады екенсең, мениң анам қазаяқлының қызы.

— Сизлерди Ханмақсым яўмыт деген еди.

— Яўмыт мына ағаның ағайини!...

— Ханмақсымның қолына қалай түстиң?

— Ийшан қаланың шығысында кеңирек алаң бар.

— Аўа көргенбиз.

— Сол арада буннан бир ай бурын Ханмақсым әскерлерине мылтық аттырып, әскерий машқы қылып атырған екен. Менде тойдан қайттым. Тойда бала палўанларды жығып, қуўанышым қойныма сыймай қнятыр едим. Мылтық атыспаның үстинен шықтым. Бизиң аўылда «Тәпберди ийшан» деген бар еди. Оның баласын Ханмақсым қатарына ертип алды. «Тәпберди ийшан» ның баласы Караматдийин мениң гүресетуғынымды, өз қатарымды жығатуғынымды, аңға шыққанда қырғауылларды ушардан атып түсиретуғынымды жақсы биletуғын еди. Құрдың қасына келдим. Караматдийин мени шақырып Ханмақсымға мақтады. Ханмақсым түр-түсиме қарады да:

— Үш оқ беремен, нышанаға тийгизсең сыйлайман, егер тийгизбей заяласаң бир өгизше бересең деди.

— Болады.

— Үш оқ алдым. Үшеўинде тийгиздим. Мени өзлери болатуғын жерге апарды, мылтық берди. Астыма мына атты берди. Жасым кишкентай болса да өзлериниң қасынан шығармай бирге алып жүр.

— Саған исенеди екен ғой?

— Исенеди. Басқаларға айтпаған сырын меннен жасырмайды.

— Әкең қайда?!

— Аўылда.

— Аты ким?

— Сейт палўан.
— Өзиңниң атың ким?
— Байнияз!
— Демек Байнияз Сейт улы боласаң.
— Аўа,
— Байнияз, большевиклер, қызыл әскерлер жөнинде не хабар билесең?
— Атаман Фильчев, Ханмақсым, Балабийлер большевиклер дегенлер халықтың жаўы. Қызыл әскер дегениң тәжжалдан дерегең, не болса соны жей береди, тонайды» деп түсиндирди.
— Оларды не қылыў керек дейди?
— Ҳәзир оларды қуртыў ушын Арал әймағынан азаматлар менен атларды, жаў-жарақты жыйнап атыр. Нөшан қаладан баслап Нөкис, Назархан, Қаратаў, Шаббаз арқалы Төртқұлдеги большевиклердиң,— қызыл әскердиң штабын аламыз. Шайдаков дегенди өз пулеметы менен өзиң атамыз деп ертең бир күни атланысқа шығыўға таярланып атыр.
— Сенде барасаң ба? деди Орын пикирин билиў ушын.
— Бармайман.
— Неге?
— Анаў күни ағам «қызыл әскерлерге қарсы шықпа, илажың таўып Ханмақсымның қолына қаш» деди.
— Неге?
— Большевиклер бизлерди жақсы көреди. Байзулымлардан бизди азат етеди деди.
— Ханмақсымның қолынан қаңқың келе ме?
— Илажы болса қашар едим...!
— Бизлер көмек берейик бе?
— Қалай көмек бересиз?
— Бизлер менен қосыла қашасаң,
— Қашаман, сизлер менен қайылман.
— Неге олай?
— Сизлерди жақсы көрип қалдым.
— Ханмақсымды да жақсы көресең!
— Оны илажсыз...!
— Қолындасаң ғой.
— Қолында болған менен мени аямайды.
— Неге?

революциясына актив қатнасқан ол бизлерге, халыққа ғамхорлық етип, Ленинниң гүрес жолын оқытпақта.

Иван Николаевич Касьяненко: 1893-жылы туўылған. Бизиң жаўынгерлик гүреслерде жеңисимиздиң шөлкемлестириўшиси ҳәм басшысы.

Өте Тынымбаев—Шаббаз волостының басқарыўшысының бири. Усы быйылдан РСДРП ның ағзасы. Қаҳарман азаматларымыздың бири. Февраль революциясында көтерилис шөлкемлестирилгени ушын пристав тутқынға алдырды. Босатып алдық.

Иван Қасьяненко гезегинде Кочановтың өмир жолын жолдасларына таныстырды.

А. И. Кочанов. 1883-жылы туўылған. 1912-жылы Петро-Александровскке келди. Қарақалпақстан менен Хорезмнен пахта тазалаў заводларында машинист. Үргенчтеги пахта заводында механик болып иследи. 1917-жылдан баслап РСДРП ның ағзасы. Ҳәзир бизиң революцияға актив қатнасып жүрген азаматларымыздың ғамхор басшысы. Қайтпас, дәў жүрек, ағамыз!

Пахта заводының машинисти Иван Савинов 1916-жылдан РСДРП (б) ағзасы. Соған қоса Әсен Айтмов, М. Балжанов, Аллияр Досназров, 1917-жылдан баслап РКП (б) ағзасы: Н. Долгов, О. Сыдықов, Б. Городецкий, К. Вернигоров, А. Дорничев, Н. Турдыбаев, Айзада Алламуратова, Нурназар Мәўленов жолдаслар оғада қаҳарманлық пенен аянбастан, табжылмай гүресип киятыр.

1916-жылғы тылдағы қара жумысқа кеткен 25 мыңнан артық адамның ҳәзир бес мыңнан асламы қайтып келди. Олардың биразы мине ҳәзир бизиң ишимизде отыр. Булар бизлердиң қәдирдан дослары-мыз. Айтмурат Атамуратовтың, Орын Хожаниязовтың, Әбдихалық Абдирамановтың қаҳарманлық хызметин Шымбайда көрдиңиз.

Усыннан кейин, усы жыйналыста РСДРП ағзаларының қатнасыўы менен рабочийлар—депутатлар совети шөлкемлестирилди. Бул советке большевиклерден Крошилов, Савинов сайланды. Муғаллимлер менен медиклердиң профсоюзыда дүзилди.

Арадан көп узамай-ақ октябрь айында партия ячейкасы дүзилди. Петро-Александровсктеги гарнизонда большивиклик ячейканың Крошилов, Савинов, Әмиў-

дәрья флотилиясының матросларынан А. А. Тимошенко, жергиликли халықлардан Әсен Айтимов, Өте Тыныбаев кирди.

Әмиўдәрья бөлиминде дүзилген партия ячейкасы, профсоюз аўқамы менен бирге отырып, Октябрь Социалистлик революциясы ушын гүрести қыздырып жиберди.

Тағыда Шымбайда азатлықты беккемлеў, байларды жер менен жексен етиў ушын Касьяненко, Тынымбаев жолдаслардың басшылығы астында Айзада, Айтмурат, Палўанияз, Шамурат, Нурназар, Каримулла, Раҳметулла Орын Хожаниязов, Аллаяр Досназаровлар жиберилди.

Касьяненко менен Тынымбаевтың, Аллияр Досназаровтың басшылығындағы Шымбайдағы большевиклердиң ўәкиллери менен партия, профсоюз ағзалары қызғын ғажжа-ғаж гүрес баслады.

Самборский бир неше адамлар менен Касьяненколарға қарсы гүресиўге жиберилген еди. Ол Маталақты таўып алып атлылардан ҳәм жаяўлардан ҳүкиметке қарсы топар шөлкемлестирди. Олар сайлаўда тонын аўдарып кийип, комитеттиң составына өткен еди. Және де комитеттиң азық-аўқат секциясын басқарды. Шымбайға келген Самборский Касьяненконы сизлерди азық-аўқат жағын тәмийин-етиўге келдим» деп алдады.

Самборский менен Персудскийлер Шымбайда Үнгибаевты, Петро-Александровский Завиткевичти ҳәм олардың досларын тюрьмадан шығарамыз деп урынған еди.

Самборский Шымбайға келиўи менен Үнгибаевты азат етиў мақсетин жасырын жүргизди. Айзада Аламуратованы тюрьмада кеселлик бар, қамақтағылар қырылып атыр» деп жолатпады.

Ең ақырында Айзадаға Касьяненко Үнгибаев жөниндеги тергеў исин баслаўды буйырды. Бүгин бес күннен берли тергеў иси басланды.

Қубла Арал атаўына жиберилген Тынымбаев, Досназаров, Айтмурат Атамуратовлар Зайкинди, Галкинди, Хорченконы шөлкемлестирип, Аралдың қубла атаўлары, Зайыр, Тербенбесте көтерилис уйымластырды.

Бир күни кеште Үнгибаевтан тергеў алып, қайтып

киятырған Айзаданың алдынан аңлып турған Самборский шығып: «Сизди қорқар деп келдим»—деп Қаншайымның қудығының тусында Айзаданы ирикти. Тасада турған Маталақлар бас салып услап алды. Маталақ Айзаданың аўзына пахта менен тығып алдына өңгерип алып аўылға қарай ат қойды. Шымбайдан шығыўы менен тап «Қуўлы көлдеги» ағайинлериниң алдында ғана көзин жоқ қылайын, әкеси менен шешесиниң қасында бул да жер менен жексен болсын» деген мақсет пенен «Қуўлы көл» ге қарай тартты.

Шымбайдан шығып Ережеп тентектиң аўылының тусына барғанда Қырықтың аўылындағы үйинен киятырған Палўанияз көз ушында бир топар атлылардың дизгин ушына қуйып баратырғанына көзи түсти. Не екенин билмесе де, «бул бир сумлық ғой!»,—деп Шымбайға жеткенше ойланып келди.

Каримулла, Шамурат барлығы да болыслыққарға бөлинип кеткен еди. Бүгин жан-жаққа кеткен Тынымбаев, Досназаровлар келип сайлаў ҳаққында үлкен мәсләҳәт етпекши еди. Күн батқаннан соң ҳәммеси де бирим-бирим Каримулланың үйине жыйналды. Алас-қапаста Самборский де келди.

Ҳәмме таяр. Бирақ, Айзада келмеди. Шақырып келиў ушын Шамурат пенен Раҳметулла тюрьмадағы тергеў үйине барды. Қараўылдан басқа адам жоқ.

Айзада күн батқанда тергеўди тамамлап қайтқан, —деп айтып келди еки жигит.

Жолдас Касьяненко,—деди шыдамсызлық пенен Палўанияз.

— Бағана қалаға киятырып, бир топар атлылардың «Қуўлы көл» ге қарай дизгин ушына қуйып баратырғанын көрип қалдым.

— Маталақлар Айзаданы алып қашқан.

— Тири адамды қалай алып қашады?—деди Самборский ҳийле етип.

— Палўанияз дурыс айтады,—деди Айтмурат шыдамсызлық пенен.

— Атланыў керек,—деди Досназаров қызғынлы.

Касьяненко группасы еки-үш сааттың ишинде жыйналып, Қуўлы көлге қарай қураллы жаўынгерлер жулдыздай ақты.

Қалада «атта жүриўге жарамайман» деп қалған

Самборский Руденьь, Карнель, Зайденьь менен Шымбайдағы байларды, саўдагерлерди тезлик пенен үйлеүй кирип, жыйнап алды. Ең алды менен тюрьманы басып алды. Үнгибаев пенен оның жолдасларын босатты. Оларды жаў-жарақ пенен тәмийин етти ҳәм Көшки қаласындағы үлкен сарайға жыйналды.

Ҳә, демей Қуўлы көлге жетип барған Касьяненконың группасы «Қуўлы көл» диң этирапындағы төбелерден қарады. Ортаға от жағылған. Айзаданың кийимлери шешилген, шашы уўдар-дуўдар, бети-аўзы даладай қан. Отқа өртеўге таярлап атыр. Айзаданың қарсы алдында бир муртлы қолына қуран алып: «калийма шаадат қайтар» деп сөзин тәкирарлап атыр. Айзада еки қолын көкирегине қойып, қалшыйып қатып тур.

Касьяненко буйрық берди:—Жер баўырлап адамлардың артынан барың да, тура сала «урралап» бақырың. Қашқанларын Аллияр, Нурназар үшеўимиз атып түсиремиз. Тезлик пенен қыймылдаң!

Жигитлер жаўынгерлик тапсырманы алғаннан соң тезлик пенен қызғын ҳәрекетке киристи. Атларды тасаға байлады. Оқыранбасын деп аўызларына дорба илди. Маталақлардың этирапына оттың қасына еңбеклеп барып қалды. Маталақ Айзадаға «Калийма шаадат қайтар» дегенине қулақ аспаған соң:

— Отқа таслаңлар!—деди.

Еки жигит көтерип ылақтырмақшы болғанда туў сыртынан «уралаған» сес шықты.

— Қолларыңызды көтериңлер!—деп азаматлар келип қалды.

— Айтмурат!—деди Айзада.

— Айзада! Жаным!—деп Айзаданы қушақлап алды. Сол ўақытта Маталақ есабын таўып атына мине қашты. Сыртынан атқан оқ тиймеди.

— Қанхор қашты!

Айтмурат Маталақты қуўып кетти. Бир қанша ўақыт урыс болды. Айзаданы Қуўлы көллилер жер төлеге апарып кийиндирди. Маталақтың қолға түскен адамларын атып жер менен жексен етти.

Маталақтың кейнинен қуўып кеткен Айтмурат кейнинен жетип қолға түсирди. Қол-аяғын атқа таңып алып келди.

— Өз қолымнан атыўға рухсат етиң!—деди Айзада.

— Ҳүкимет нызамын қолланайық,—деди Касьяненко.

Маталақты атқа терис миндирип Шымбайға алып кетти. Ережеп тентектиң аўылынан өтип, Назар орыстың үйине жақынлаған ўақта «орыс» жуўырыўы менен булардың алдынан шықты.

Ол Үнгибаевтың тюрьмадан [illegible] большевиклерге қарсы отряд дүзгенин а[illegible] Касьяненко буған таңланды. «Қалайда қалаға кирейик» дегенге Назардың жайынан өтип, Қаншайымның қудығының қасындағы майданшаға Касьяненколар кире бергенде Үнгибаевлар топары аңлып жатқан жеринен жән-жақтан оқ ашты.

Касьяненколар шаққанлық пенен майданшаның этирапындағы жайларға тасаланды. Бул пайыттан пайдаланған Маталақ қудықтың қасында қалып қойды. Үнгибаевтың еки жигити Маталақты танып буқақы таслап келди. Маталақты өзлерине қарай сүйреп алып кетти.

Атыспа қызды. Ҳә демей-ақ Касьяненконың топары душпанды қысып барды. Көкши қаласынан айлана барған Досназаров пенен Айтмурат қашып барағырған Үнгибаевты услап алды.

Қазарманың қасында Руденьниң, Кегейлиниң жағасына Карнельдиң, Үйши базарына Зайденьниң өликлери қалып қойған еди. Урыстан кейин халық ҳәр қайсысын ҳәр жаққа сүйреп апарып көмип таслады.

Урыстан кейин ҳеш нәрсе билмеген киси усап, өтиригине ишин услап, ўай-дат салып, «қатты аўырдым» деп Самборский Касьяненконың қасына келди.

— Өзим емлеймен,—деди Айзада. Сөйтти де наганның тепкисин басты. Самборский тентиреклеп барып қулады. Қулаған жеринде жан тапсырды.

— Жолдас Касьяненко, кеширерсиз. Маталаққа мени услап берген, сатқын Самборский,—деди.

— Оғада орынлы иследиңиз!

Сол күни түнде жыйналыс болды. Шымбай участкасының атқарыў комитетиниң составына Аллаяниз Усенов, В. Земцов, Әсен Айтымовлар сайланды. Шымбайда большевиклер партиясының ўәкиллери Касьяненко, Досназаров, Мәўленов, Айзада, Айтмуратлар басшылығында совет власты орнады.

Шымбай түни түнерип бататуғын еди. Бүгин Шымбай таңы Октябрь Социалистлик революциясының мәңги қуяшы менен нурланып атты.

Он екинши бап

ТӨРТКҮЛ КАМАЛЫ

1918-жылдың бәҳәри.

Мейтиндей қатқан муз ериди. Бәҳәрдиң нурлы қуяшы жер баўырын жибитти. Таў, тоғайда түрли түске жасыл липасқа бөлегендей болды.

Қуяшлы күнлер халықтың кеўлин көтерип, дийханлар атыз-арық жап-салмалар менен атыз-шелге араласты. Имканияты барлардың баўыр жазғанлары қызғынлы хызметке киристи.

Түнерген түниң тебиренисине түскендей Төртқүл большевиклери түн уйқысын төрт бөлип мәсләҳәтте отыр. Барлығының ақыл-ҳушы, барлығының мақсети жас совет властының душпанларына соққы берип, ордаларын ойран етиў еди.

Түнги саат төрт болды. Қабинеттиң иши бурқасынлаған түтин менен толды. Сол қолы менен маңлайын қысып ойланып отырған Крошилов бир нәр тапқандай жолдасларына жалт қарады.

Адамлар да оған көз тикти.

— Булманда я анаў я мынаў деп тайсалақлаўда болмайды. Бизлер расын айтыўымыз керек. Жолдас Осиповтың пикирине мен пүткиллей қарсыман.

Америка, Англия, Япония интервенилери арқа ҳәм қубладан, батыс пенен шығыстан, яғный төрт тәрептен топылыў ушын шет шебирлерге армияларын төгип атыр.

Австро-герман, түрк әскерлери Украинаны, Белоруссияны, Балтик бойын және Закавказияның бир

бөлегин басып алып отыр. Ал, Орынбор, Жетисуў, Ферғана, Закаспий фронтлары пайда болып, Орта—Азия менен Қазақстанда тағы да айрықша аўыр аўҳал басланды. Атаман Дутовтың ләшкерлери Түркстанды Россия Совет федерациясынан бөлип тасламақшы болып отыр.

Жунайыдхан Бухара әмири менен бирлесип Шаржаўға топылысқа таярланып атыр. Соңынан Қазалы менен Қызыл Ордаға бағдар алып, атаман Дутовқа қосылмақшы. Көзимизди ашыўымыз керек. Мүлгиўге, қалғыўға ҳақымыз жоқ, жағдайға көз жумсақ жүрегимиз жулынайын деп тур.

Жунайдханның жигирма бес мыңнан аслам ләшкерлери бар. Олар бизди жүндей түтип тасламақшы.

— Сонда не ислемекшисиз,—деди Осипов Крошиловтың сөзин бөлип.

— Бул аўҳал сизди қәўетерлендирмей ме?

— Бир баспашының қолынан не келеди демекшимен.

— Сиз не деп турсыз?—деди Крошилов ашыўлы.

— Халықты қорқытбайық, урыстан зордан қутылған халық тағы да ҳәлекшиликке түспесин деймен.

— Осипон надурыс айтады!—деген даўыслар гүў ете қалды.

— Мен өз пикиримде қаламан!—деп шығайын деп атырған Осиповқа:

— Ҳеш қайда бармайсыз. Отырыңыз!—деди Крошилов.

— Мен большевиклер партиясының ағзасыман. Өз пикиримде исенемен. Ҳеш адам менен гражданлық, партиялық правамды алыўға ҳаққы жоқ.

— Правона қол суққан адам жоқ. Партия ағзасы болсаңыз большевиклер менен бирликте боласыз...!

— Бирликтемен.

— Бирликте болсаңыз, отырыңыз. Ойласамыз.

Осипов түргелген жеринен қайта отырды. Крошилов сөзин даўам етти. Сизлердиң алдыңызда мынадай нәрселерди қойғым келип отыр. Жунайдханның Төртқүльге топылысы бос нәрсе емес. Халықты көтериўимиз керек.

— Жолдас Крошиловтың пикирин қуўатлап қолдаў менен бирге мен, Төрткүлди жаўлардың топылысынан аман алып қалыў ушын алды менен адамлар-

ды. Төртқулдиң төрт тәрепинен қарым қазыўға тезлик менен кирисйў керек. Шляпиниң басшылығында қазақ жүзликлери шөлкемлестирилсин. Бир жүз елиў адамнан кем емес айрықша рота шөлкемлессин. Өз еркн менен Армия қатарына киремен дегенлерге әскерий отрядқа кириўге рухсат етилсин,—деди Әмиўдәрья бөлиминиң айрықша әскерий комиссары Николай Александрович Шайдаков.

Әскерий мәсләҳәт жыйналысы таң атарда тамам болды.

* * *

Хийўаға талсырма менен кеткен Бабажанов, Орын Хожаниязов, Айтмурат Атамуратов ҳәм Айзада сол күни-ақ Хийўаға жетти. Хийўадағы Хорезм қаҳарманларын басқарған Аташов Жунайд бенен Асфандияр ханның ҳәм Англияның адамы Хожаханның жасырын сөйлесиўи ҳаққында толық мағлыўмат алып келиўи керек еди.

Хожахан Хийўаның тар көшелериниң биринде Аташов пенен Сабиратдин базаздың дүканында ушырасып қалды. Аташов Хожаханды, Хожахан Аташовты ушыратыўға қуштар еди. Сабиратдин базаздың өзи Аташов ҳәм жолдаслары менен тил бириктирип, Асфандияр ханға қарсы еди. Сабиратдин Аташов пенен Хожаханның ушырасыўына арнаўлы түрде себеп болды.

— Мырза Аташов сизиң ҳәм сизиң бирадарларыңыз бенен дийдар несип еткенине қуда алдында ырзаман—деди Хожахан еки қолы менен қопа сақалын сыйпап, калийма-шаадат қайтарып.

— Бизде сиз бенен ушырасыўға қуштар едик, Мырза Хожахан—деди Аташов өтиригине.

— Бизге қуштарлығыңыздың себебин билсек...

— Уллы Англиядан қолы бар Аспандияр ханымыз бенен жүрек қосып дийдарлас, дуз тәмек болғаныңыз ушын Хожахан Мырза!

— Дурыс орынлы сөйлеп отырсыз. Уллы Англия Хийўаны қолтығына қысса анаў мынаў арысланлар менен жыртқыш бүркитлерден сақлап қалады.

— Бул бирадарларың ким?

— Мына дәпең қара Орын Хожаниязов, жийеним, —деди өтиригине.

— Бул өзбек пе? Мен индиялық ямаса африкалық шығар деп едим. Ал, мынаў муртлы ким?

— Бабажанов, дайымның үлкен баласы. Мынаў Атамурат улы—туўысқан бөлем болады.

— Барлық ағайинлер бирге шыққан екенсиз...!—деп қәўип еткендей сөйлесиўди даўам еткен Хожахан.

— Адам-адамға дос, жүрек-жүрек менен тамырласқан. Бир-биримизди көрмесек тура алмаймыз. Сизиң менен де, булар менен де дийдарласып қалдым. Қудайы бергенниң қонағы қос келеди дегендей болды.

— Бүгин жума күни базарлап келгенлер,—деди Сабиратдин бир кесе шай усынып Хожаханға. Ол ийбе менен берген шайды ийба менен алды да. Аташовқа усынды. Аташов медиреседен шыққан дүмше моллалардай еки ийилип кесаны алды.

Аташовтың үйинен шығарда Айзаданы Аташовтың елтиси менен Хожаханның бала-шағасынан сыр билиў ушын жибергени жақсы болған екен. Бәлки Хожахан бир нәрселерди сезип жүре ме деп Айтмурат ишинен көп нәрселерди ойлады. Сабиратдиниң ҳаялы Фатиймаханым тандырға май шөрек жабыўға шебер. Бираздан бери Хожаханның Қаншайымы бүгин де нан жаптырыўға алып кетти.

— Бул ағайинлериң не талап қылады?—деди бираздан кейин Хожахан.

Орын Хожаниязов өзим усап палўан. Бабажанов атайы мерген. Айтмуратов хошадәсли. хош ҳаўазлы бақсы.

Жүдә ҳәм жақсы. Қуда берген азаматлар екен. Оның үстине Орын Хожаниязов пенен Бабажанов оғада қызықшы, ойынпаз. Епсинбай Хийўа лазгисине ойнағанда сүйеги жоқ.

— Хош!—деди сөзге қызыққан Хожахан. Бүгин кеште бизиң үйге мирәт етсек ўақтыларыңыз болар ма,—деди көз астынан қарап. Сол ўақта Сабиратдин Аташовқа «болады» деп айт деп ым қақты.

— Бизлерди пирли үйиңизге ылайықлы деп тапсаңыз, сизиң тәберик есигиңизде пешанамыз болғай.

— Сабиратдин, мен Асфандияр ханның, ҳүзиринде болып, оннан соң песин намазын мешитте оқыйман да бараман. Сиз бул мийманларды алып бара бериң. Үйге өзим хабар етемен.

— Хүп болады!

— Жаман жерде ушырасатуғын болдық па,—деди Аташов Хожахан узап кеткен соң:

— Неге?

— Ол ханға кетти. Бәри-бир бизлер барыўымыз керек. Қанжар аламыз ба? деди Айтмурат.

Барған жерде тинтип жибериўи мүмкин. Керек емес.

— Аташов Хийўаның қаласының барлығын көрсетти. Барлығын түсиндирди. Сол ўақытлары тас төселген қараңғы көшени қақ айрып бир фаэтон, ишти толы қыз-жуўан келди де, Маталақ байдың товар дүканының алдында турды. жилўа-наз менен қыз-келиншеклер фаэтоннан түсти.

— Ассалаўма алейкум Ханшайым!—деди дүканшы жигит жыллы шарай менен мыйық тартып!

— Сәлеминиз қабыл!—деди Ханшайым бас ийип, қасындағы қызларда Ханшайымның ҳәрекетин тәкирарлады.

— Маталақжан айтқан екен....

— Әжеп болады. Жигит шалтлық пенен ишке кирди. Бир неше топ хан атлас, ҳәр қыйлы топта турған шайы, бир нешше топ маўыты, жуқа мақпал, ҳәр қыйлы орамал, бәри зарбап жалатқан аяқ кийимлер, әребеклерди. арнаўлы алтын жалатқан қутыларға салған затларды фаэтонға салды. Бас ийип. қаққан қазықтай турып қалды.

Ханның ерке еки қызы, дүканшы сулыў жигитке көз астынан қарағанда жигиттиң де көзи түсип кетти, қуйқасы шым ете қалғандай болды. Хожаханның үш улдан кейинги туўылған егиз қызын бир-биреўинен айырып болмас еди.

Ханшайым менен қызлар минген фаэтон кеткеннен кейин, әллен ўақытта тағы бир фаэтон келди. Оған жегилген төрт ат суўлық шайнап танаўлары ҳарлап киятыр. Әўелги фаэтонға тар көшениң еки жағында отырған баззаз, баққал, дүканшы саўдагерлер орыларынан ушып турып, қол қаўсырып сәлем берген болса, бул фаэтонға да тап сондай етип «қуллық» деп ийилип сәлем берип атыр.

— Бул ким?—деди Орын.

— Бул Маталақ бай. Шымбайлы.

— Билемиз! Еситкенбиз,—деди Айтмурат.

— Бул ханның оң қолының бири. Мынаў дүканда турған бала ханның жийени болады. Ақша—Маталақтан, ҳас мал шөт елден. алтыны менен ҳасылы Астафандияр ханға.

— Бул қайда мийман болады екен?

— Өзиниң келип кететуғын үйи бар.

— Кеште бизлер менен ушырасып қалмай ма.

— Мен қайда. қай ўақта болатуғынын билемен,— деди Аташов.

Булар сөйлесемен дегенше қол қаўсырып Маталақ пенен сәлемлескен, дүканшы дүканға кирип кетти де, алтын жалатқан қутыны алып берди.

— Қанша?—деди Маталақ дүканшы жигитке.

— Жүз мың!

— Айда!—деди Маталақ фаэтоншы жигитке.

— Жүз мың! Сөзи Айтмуратларға анық еситилди. Торы ат тасып-толған пәт пенен қараңғы көшени қақ жарып өтә кетти.

Жума базарынан базаршылар қайта баслады.

Хожахан қуўлық қылып Аташовларды қолға түсириў мақсетинде ғана үйине шақырған еди. Буған Хожаниязовта, Бабажановта, Айтмурат пенен Аташовта түсинип, барлық илажларды ойлап барған еди ымырт жамылып қас қарайғанда төртеўи бирден Хожаханның сарайына кирип барды. Бүгин сарайдың дәрўазасы менен есиги ашық екенине Аташов таңланды.

Ишке кирсе бағқа қарай кететуғын қапыдан шығып Хожаханның тек өзи киятыр. Хожаханның ҳәўлисиниң он гектардай ылай дийўал менен қоршалған. Ал, өжирелер менен жайлардың төрт жағы қалың, қам ылайдан пақса исленип қоршалған.

— Хош келипсиз. қәдирдан мийманлар! Келиң!— деди Хожахан қуўжыңлап, оң қолын көксине қойып.

— Рахмет, күтип алғаныңызға ырзамыз,—деди Аташов.

— Мәрҳәмат! Ишке кириң!

Хожахан мийманлардың алдына түсип дәлиздиң жартысына барғанда озыңқырап тоқтады.

— Былай жүриң,—деп оң жақты силтеди. Мийманлар жүрди.

— Енди былай жүриң!—деп силтеди. Мийманлар дәлизден дәлизге өтти, есиктен есикке өтти. Ең ақырында төрдеги өжиреге барып жетти. Ғалы гилемлер, жипек көрпешелер менен бөленип қалған екен.

Дастурхан толы. Майлы. Шөректен баслап Хорезм халқының барлық ас-аўқат алқасы бар. Сыртқы кийимлери етин қысып турған қуў шеке, қара пәрең, ала көз, бети менен қасларын бояп таслаған биреў келип мийманлардың қолына суў қуйды.

Бул бир әжайып жаңға төртеўи де таң қалды. Еркек дейин десе үстиндеги кийимлери бастан аяқ ҳаял кийимине усайды. Ҳаял дейин десе, қос анары билинбейди. Бармақлары оғада үлкен. Қасына осма қойған, кирпигин ерини, бетин бояғанды көрмеген Айтмуратқа әжептәўир көринди. Ол шай, ас-аўҳатты шарапты әкелди. Барлығын ислеп жүрген өзи. Соннан басқа бирде еркек, бир де ҳаял көзге көринбейди. Аўқат ишилип, әңгимеге кирердиң алдында Хожахан ҳүзир сорап майданға шығып кетти.

— Бул ҳаял ма, еркек пе?—деди шыдамсызлық пенен отырған Айтмурат?

— Ҳаял,—деди Хожаниязов.

— Еркек,—деди Бабажанов.

— Ханлар қатынларын, қызларын еркеклерин қызғанып үй ишиниң хызметине қыз текелерди жумсап қояды. Хожаханның сулыў ҳаялын, еки сулыў қызын көрдиңиз ғой. Соларды қызғанып қыз текени хызметке жумсап қойған.

Хожахан кирип келди, ҳәмме оның жүзине жалт қарады.

— Қәдирли мийманлар, ишип жеп отырыңызлар! деди де Хожахан өз орнына отырды. Кейин сыпайы ғана гәп баслап, сиясатқа көшти.

— Заман алдам-қалдам болып кетти. Большевиклер надан халықты алдап отыр. Сизлер оған қосылмаң. Бизден жаў-жарақ алың. Елиңизге барғанда халыққа большевиклердиң жаман екенин түсиндиресиз-лер. Сизлер әл-ҳәмдилла мусылмансызлар....! Қуда инсанды өзи ушын туўдырады. Адам туўылыўы да, өлими де қуданың қолында.

— Сизлер қуда дарғайында болған Асфандияр ханымызға дарман болыўыңыз керек. Мылтық атыўдан қорықсаңыз Англиядан келген жаў-жарақты Жунайд-ханның Шорахан менен Шаббазды орап, Төртқул кәпирлерине топылыс етейин деп турған ләшкерлерине тасысаңыз да болады.

— Сөзлериңиз қулағымызға жағып баратыр,— деди Орын ҳийлелик пенен.

— Не айтсаңыз, соған қайылмыз,—деди Бабажанов.

— Мына жигит неге үндемейди—деди Хожахан Айтмуратқа тигиле қарап.

— Бул жигит хошәдас, хош ҳаўаз бақсы, өзи мерген, өзи палўан. Бул кәсиптеги адам көп сөйлемейтуғын келеди. Бизлер менен жаны-тани бир. Бизлерден ҳеш қайда шығып кетпейди.

— Хызметиңизге таярман ханымыз,—деп қолын көксине қоя сөйледи Айтмурат.

— Әне, азамат! Көп яшаң!

— Жайхун дәрьясының Шайхаббаз өткелиндеги жағыста, Бийбазардың этирапында, Шаббаз тоғайы менен Бадай тоғайында жатқан Жунайыд ханның ләшкерлерине Маталақ тәрепинен жаў-жарақ апарылады. Ол бүгин түнде жолға раўана болыўы керек. Сизлер соған қосыласыз.

— Қуллық! Әжеп болады. Буйрығыңызды баржай етемиз!—деп төртеўи бирден қосыла сөйледи.

— Сизлерди қудаға, жаў-жарақты сизлерге тапсыраман.

— Инана бериңиз! Әл ҳәмдулла мусылманбыз,— деди төртеўи. Хожахан қуранды бир-бирине сүйдирип маңлайларына тийгизди.

— Рухсат етиңиз!—деп жылмаңлап «қыз теке» кирип келди.

— Не гәп!

— Қаншайымыңыз мийманлар ушын қосықшы таўып кел!,—деди. Соны излеп кетиўге сизден рухсат сорап турман.

— Мына отырған жигит ҳәм хошадәс ҳәм хош ҳаҳаз,—деди Аташов.

— Қарақалпақша айтатуғын шығар?!

— Бәрин келистиреди.

— Оғада жақсы. Алып бар.

— Барыңыз бирадар! Бир мәҳәл тамаша етип бер!

— Әжеп болады.

Айтмурат қыз теке менен кетти.

Аташов ,Хожаниязов, Бабажанов, Хожахан төртеўи өз ойларын ортақласып отыр. Аташовтың илтимасы бойынша «Асфандияр ханда, Хожаханда сени жа-

ман көрмейди. Ушырасқанынызда бизлер ҳаққында мақтап түсиндирип қой» деген менен Сабиратдин Хожахан тың тамырын басып, арқасын уўалағанда. бир-ге шай ишип аўҳатланып отырғанда. бағларында саялап сейил етип жүргенде» большевиклерге қарсы шығыў ушын арысландай айбатлы, пилдей жоталы, қайтпас қаҳармандай Аташов, Бабажанов, Орын Хожаниязов деген мениң туўған туўысқанларым бар. Сол азаматларды қушағымызға қыссаныз қуўатынызға қуўат қосылар еди» деп бурынан түсиндирип қойған еди. Сабиратдинниң бул сөзи Хожаханға мақул түсип. Сабиратдинге бир таныстырып қойын, ондай азаматлар ҳәмме ўақыт бизге де, ханымызға керек болады деп жүргениниң үстине мине жума базар күни ушырасты. Сабиратдин Аташов арқалы Бабажановты, Хожаниязовты, Айзаданы арнаўлы шақырған еди. Крошилов бул ислерден хабардар болғаны ушын арнаўлы тапсырмалар берди.

— Онда турайық,—деди Аташов, рухсат сорап.

— Турың!—деп үшеўин баслаған Хожахан сейханадан еки атты Бабажанов, Хожаниязовқа жетелетти. Екеўин де арбаға жектирди. Жер астынан қазып қойған төледеги жаў-жарақларды еки арбаға жүклете берди.

Хожаханның Ханшайымы менен қызларының үстине кирип барған Айтмураттың өжирелердиң ескилеў жағында Фатиймаханум менен отырған Айзаданы көрип, отырғанларға сыр билдирмеди.

Бул сырды Фатийма билсе де Айзадаға көзин қысып ымлады да басқаға билдирмеди. Чай ишиспеден соң Хожаханның алтын жалатқан дуўтары Айтмуратқа көшти. Арасында сыр ақылыспа да болды.

Өжиреним аўзынан жеткерген сес еситилди. Ханшайым тезликпенен шықты.

Тезирек бақсыны жибер!

— Әжеп болды—деп Ханшайым ишке кирди.

Тезлик пенен Айтмуратты Хожаханның изинен жиберди.

Ол жаў-жарақ жүклеген арбалардың қасына келди. Үстиндеги шапан белиндеги белбеў, басындағы тақыяны көрип барлығы бирден таң қалды. Қуўаныысып қутлы болсын айтты.

— Апаңыз Ханшайым сый-сарпай берипти.

—Аўа, ханымыз ырзаман!

— Қутлы болсын!—деди Хожахан!

— Алдыңызды алла ашсын!—деп Хожахан қолын жайып бетин сыйпады. Ҳәзир кетсе сарайда Айзада қалып қоятуғын болды, бәлки Ханшайым түнде қондырар, ол ўақытта исимиз шатақ болады,—деп Айтмурат Хожаханның қасына жақынлады.

— Ханымыз, бул турыста кетсек бизлерди адым жерде услайды.

— Не қылыў керек? Бул да дурыс,—деди Хожахан.

— Сизиң жайыңызда бир қыз көрдим. Сол қызды кийиндириңиз. Ол мениң келиншегим болса, мен узатып атырған болсам қалай болар екен?.....!

— Оғада дурыс,—деди Аташовлар Айтмураттың ойына түсинип.

— Сыртқы кийимин ғана берсеңиз болады!

— Айтқанды қылар ма екен—деди ойланып Хожахан.

— Сизиң айтқаныңызды қылмайтуғын адам бар ма! Егерде қыз бармайман десе зорлаңқырап айтсаңыз?!

— Болады. Бул пикирлериңиз унады.

Айтмурат Айзаданы ертип келди. Айзада өтирикине сада қыздай. ҳеш нәрседен бий хабардай келди де, Хожаханның алдында ийбе етип турды.

— Қызым мийман болғаныңызға ырзаман—деди Хожахан.—Мына жигитлер менен бир жумысқа барып қайтсаңыз.

— Түндеме?!.....

— Аўа, ҳәзир!

— Таныс емес адамлар менен...! Нашарман ғой...!

— Танысасыз! Болды, гәп тамам!

Айзаданы Хийўа тәртиби бойынша узататуғын қызды қалай кийиндирсе сондай етип кийиндирди. Айтмуратты қасына арбаға отырғызды.

— Маталақ Шаббаз тоғайында турады. Оның қолында азық-аўқатқа деген ақша бар. Сизлер сатып алыўға көмеклесиң! Жаў-жарақты тапсырың. Алдыңызды алла ашсын!—деп Хожахан қара түнде хошласып қалды.

Шаббаз жағасына жеткенде арбалар тоқтады. Жолда булардың алдынан шығып қарсылық көрсеткен адам болмады. Таң жарымында жағыстағылар

өткермеймиз деген еди, Аташов пенен Бабажанов жәнжел шығаратуғын болды. Буған түсинген дарғалар үндеместен ат арбаны жағысқа ылыйықлап қойған үлкен кеме менен өткерди. Шаббаз жағасына өтип болғаннан кейин ойласып алыўға туўра келди.

— Ал ендиги мәселе Маталақта қалды—деди Бабажанов.

Ҳә демей-ақ Шаббаз тоғайына киргеннен кейин Маталақтың өзи бир неше жарақлы адам менен Аташовлардың алдынан шықты. Аташов.

— Маталақ дайы бизлеримиз. Хожахан сизге жиберди,—деди. Бес арба мылтық пенен оқлар жиберди.

— Ўәдесин орынлған екен, Хожамыз!—деп қуўанды Маталақ.

— Сизге сәлем деди. Қолы тийсе тез-тез хабарласып турсын деди.

— Сәламат болсынлар!.....!

— Жағыста жаўға жолықтық. Үш арбаны ар жақта алып қалды—деди Бабажанов.

— Большевиклердиң солдатлары болса керек.

— Көп бе?

— Азғантай.....

— Сизлер тезлик пенен барың, мен өзим жарақларды қабыл етемен,—деди Маталақ қасындағы әскерлерине. Олар шабысып кетти.

— Хожахан қалай?—деди ол.

— Орасан жақсы адам екен. Анлгияға барып оғада көп оқ-жарақ алып келген.

— Еле де әкеледи. Мынаўы жақсы болды. Ертең Төрткүлге топылысты баслайын деп турып едик. Қәне былай қарап бурыңыз. Орын Хожаниязов сол ўақытлары Маталақтың қолынан қатты услап ийнинен асырып тартып урды. Үстине дүрлеп минип аўзына орамал таңды.

— Сес шығарсаң өлесең!

—Пул қайда?

— Аттың үстинде, қоржында.

Қоржыннан жүз мың манатты алды да Айтмурат Айзадаға берди. Маталақтың аўзын сөйлей алмайтуғын етип қайтадан қатты таңды. Еки қолын, еки аяғын шырмап тораңғылға байлады. Тезлик пенен дуўры жолдан, Шаббаздың батыс тәрепинен Төрткүлдиң

жолына шықты. Қыйыншылық пенен Сарыбий арқалы Төрткүлге түсте жетип келди.

Жүз мың манат ақша, еки арба оқ жарақ менен келген Аташов, Бабажанов, Хожаниязов, Атамуратов, Аллямуратовлар Крошиловлерге Хийўадағы көргенбилгенлериниң барлығын қызықлы етип сөйлеп берди.

Бул ҳәдийсе ертеңине-ақ Хожаханға желдей жетип келди. Оның қаны қайнап, көзи уясынан шығып кете жазлады. Еки атлы жиберип Сабиратдин менен Фатийма Ханумды қуўдырып қалды. Екеўиниң де қолын артына байлап Асфандиярдың зинданына таслады. Ханға барлығын бастан аяқ айтты.

Ҳәдийсениң барлығына түсинген Асфандияр хан Сабиратдин менен Фатиймаханумды асып өлтириў жазасына буйырды. Хийўа қаласының ши деминиң арасында шаўқымға толды. Қалаға сырнай, кернай урылды. Жар шақыртты. Ҳә демей-ақ халық жыйналды. Қолына темир кисен салынған Сабиратдин менен Фатиймаханумның басына қара дорба кийгизип қупакүндиз дарға асты.

Халық қара түнге шекем дар астынан кетпеди. Күн батқаннан кейин Сабиратдин менен Фатийма Ханумды қолма-қол көтерип үйине әкелди. Ертеңине елбиригип екеўин жерледи.

Он үшинши бап

ҚАНҒА БОЯЛҒАН ҚОРҒАН

Төрткүлге топылыс жасаған жаўдың жағасы жыртылды. Жунайыдхан қасқырдай қан төгисип, түлкидей таласты. Осипов бенен Коноплевтен айрылғаннан кейин, Төрткүл топылысында қызыл әскерлердиң қатты ҳүжимине төтепки бере алмады. Жунайыдхан бир мың бес жүзден аслам баспашыларын ертип, Әмиўдәрьядан кесип өтти ҳәм нәзери Нөкис қорғаны болды.

Нөкиске баспашылар Қыпшақтан, Қабақлыдан, Хожа елинен, Қоңырат тәрепинен ҳүжим қылды. Нөкисти қорғаўшылар тек қазарманың әтирапында қалды. Булманға жаўлардан қысқы көрип, қанға боялған, үй—жайдан, дүнья—малдан айрылған қарақалпақлар,

өзбеклер, қазақлар, руслар, түркменлер, татарлар, башкуртлар барлығы болып екі мыңнан артық адамлар Нөкис қорғанын паналап атырған еди. Нөкистің құбла шығыс, арқа тәрепи қалың дүт тоғай. Шығыс жағы құмның құшағына кіргенше тоғай менен қорғалап, оннан ары Бестөбенің құмы басланып, Қаратаўға қабақ таслап атыр. Назархан тоғайы Бекбай тоғайына ушласып, Қызкеткеннің сағасынан баслап Қатты ағардың сағасына шекем қалың торанғыл менен жабайы жийде, жиғылдық Шортанбай тоғайына жалғасып, Аймурза өзектің екі бойынан созылған тоғай Әмиўдәрьяның аяғы Зайырға шекем созылған қалың тоғай менен паўқарағай қамыслыққа тутасады.

Тоғайлық топылыс жасаў ушын баспашыларға қолай түсти. Нөкис казармасы менен қорғанында үш жүзден көбирек ғана қызыл әскерлер менен ықтыярлылар бар. Булардың төрт тәрепинен басмашылар қоршады. Нөкис—Төрткүлден, Шымбайдан, Хожелиден байланыстан үзилди. Баспашылар Нөкис қорғанына бирнешше мәрте қатты топылыс жасады. 27—Ноябрьден 1-декабрьге шекем олар Нөкистің тоз—тозын шығарыў ушын ҳәрекет етти. Назарханнан шыққан Замысляев бенен Николаевтың армиясы Қабақлы аўылийеси менен Бекбай тоғайы, Қызкеткеннің сағасынан асып өте алмай қатты қыйыншылыққа түсти.

Замысляев бенен Николаевқа Қызкеткеннің сағасынан Нөкис қорғанына шекем екі бойындағы тоғайды өртетиўге туўра келди. Құбла батыстан шамал болған күни тоғайға от берди. Қызкеткеннің ишинен кеме жүриўге мүмкиншилик табылды. Ең биринши кемеге Николаев, Досназаров, Хасанов ҳәм солдатларды миндирип, қалғанларын басқа кемелерге мингизди. Екі арбаға екі пулеметты орнатып, бир пулеметка Айзада менен өзи, екинши пулеметқа Айтмурат бенен Орын Хожаниязовты отырғызып, базда пулеметтен оқ шашып, Нөкиске қарай ҳүжим баслады. Жол-жөнекей баспашылардың арасын айырып, Нөкисти қорғаўшыларға қатты қыйыншылық менен келип қосылды.

Замысляев бенен Николаевтың жаўынгерлери Нөкисти қорғаўшыларға келген соң, қүўат-күш қосылды. Баспашылардың топылысына қарсы ҳүжим етиў ушын план дүзилди. Нөкис қорғанының ишки ҳәм сыртқы жаўлары жағаласыўдан қайтпады. Ишки жаўлары

ўақытша ҳүкиметтиң адамлары менен әсирлер, меньшевиклердиң ўәкиллери, хан менен әмирлердиң күш алған, жергиликли бай, молла, ийшанлар, жат—жамайдың жалшылақлары жас Совет властын қундағында ақ набыт етиў ушын қарсы қан төгиспе саўашлар баслады. Совет властының беретуғын артықмашлығына түсине алмай атырған халықты, қудайды арага салып алдады. Қорқытын қолына жарақ берди.

Аўдарыспаққа қарсы күшлер қанлы қылышын қолга алды. Аспан астын қапылдырып, «ақырзаман» боладымыш деди. Аржағы Қарақум ийшан, Арал аймағындағы, дәрьяның қуяр жеринде Зайырдан орда тутын алған баспашылар, Жунайдхан менен аўыз бириктирди. Жас Совет властының бирлигин ыдыратыў мақсетинде, аўылда, қалада тосаттан болған қайғылы ҳәдийселерди де «Большевиклерден болды» деп түни менен тынымсыз тимпекеленип өзлери халықты талап, урып, асып, ақырет—азап берип, қызыл әскерлерге аўдарып жала жанты.

Жунайыдханның, Хожаханның, Домогатскийлердиң бүйрығы менен Орынбор фронтындағы ақ қазақ генераллары Дутов бенен Толстовларга жибериў ушын азық-аўқат, от-шөп таярлады. Ураллы байлар, жергиликли ийшан, мақсым—суўпылар арқалы халықлар ишинде «Ташкентте большевиклер қыйратылыптымыш, олар Орынбор фронтында жеңилиске ушырантымыш, солдатлары нан таппай, командирлери жаў-жарақ таппай тым—тырақай қашыптымыш, аўқат—азық таба алмай қурт—құмырысқа, таў—тоғайдан тасбақа, көл дәрьядан құрбақаны алып жейдимиш, жас баллардың қанын ишедимиш, жүкли ҳаяллардың қарнын жарадымыш», деген пасық сөзлер менен мыш—мыш тарапты.

Нөкис гарнизонының Советке қарсы кейиптеги қазақлар жүзлиги Домагатскийдиң жасырын ҳийлекерлик ығыўасына қосылып, әскерий коллегияға бағынбай гарнизонды таслап, қорғаннан шығып кетти. Атаман Фильчев жасырын қашып кетиў менен командованиеге қуралларын тапсырыўдан бас тартты. Ревкомның Төрткүлге шақырғанына да бармады.

Домогатскийдиң оң қолы болған атаман Фильчев, Памишев Парадиев, Лукьянов, Ханмақсым, Балабийлер Ханжунайыдтан қол үзбей бай—батшалардан

ләшкер дүзип қарсылықты күшейтти. Халықты күни—түни қыйнады, талады, тонады. Тахтакөпир, Мойнақ, Шақаман, Ақбеткей, Даўқара, Тербенбес, Таллық, Көк өзек, Талқара, Жаңабазар, Нәўлир болысларында жасаған халықларды қорқытып қуўып, Ийшан қалаға әкелип тықты. Нөкисти қорғаўшылар оғада қыйын аўҳалда қалды. Шубырған ел, бозлаған бала, ызыраған ана, кеўли-қамлы аталар жан-ҳәлетине түскендей Ийшан қалаға «ҳәзирги Халқабад» жуўырды.

Халықтың аўҳалы да жаман болды. Ерикпиз айдалып келгенлер, үй—үскене, дүнья мал, мүликтен айрылғанлар қыйынлық пенен қан жутты. Халық қәрежетсиз, азық-аўқатсыз қалды. Тиелем нан, бир уртлам суў табыў қыйын болды. Қорғанның этираны селдей жаўған оқ, қырылған мал менен толып кетти. Әскерлердиң аўҳалы да жаман болды. Ҳәзир олардың жағдайы тек баспашылар менен урысыўда ғана емес, соған қоса тентирең—телмирген халықларды орналастырыў, азық—аўқат пенен тәмийнлеў де солдатларға жүкленди. Солдатлар өз пайын халыққа бериўге мәжбүр болды.

Әмиўдәрья бөлиминдеги қызыл гвардияшылар баспашылары бул аўҳалды билди.

— Нөкис қорғаны таслап кетилмесин. Ең соңғы мүмкиншиликке шекем қорғалсын, жәрдем, әскерий қураллар, ақша таярланып атыр. Сизлерге жолдағы участка тазаланып болыўдан ақ кешиктирилместен оларды жиберемиз ҳәм әскерлердиң шыққанын сизлерге хабарлаймыз,—деп буйрық берди.

Қызыл әскерлердиң бул жағынан хабардар болған баспашылар бурынғыдан бетер қутырды. Ийшан қалада қанхорлар жатжамайлардан ләшкерлер дүзди. Ханмақсым, Фильчев, Памишев, Аврадиев, Лукьяновлар менен келисип Ийшан қаласының шығыс жағындағы Қос—көпир менен Қуўанның жарма тоғайынан жасырын жай таярлады. Бес жүз адамлық отряд тайын болады. Ат-тон, сарпай, жаў-жарақ пенен тәмийнленди.

Әмиўдәрья бөлиминиң айрықша әскерий комиссары Шайдаков бөлимдеги қурал көтериўге шамасы келетуғын жарамлы барлық гражданларды, феодаллар менен буржуазиялық элементлерге қарсы рабочий—дийхан Қызыл Армиясы қатарларына шақырылған жағдайда әскерий секция кеңесине келиўге миннетли деген буйрыққа қол қойды. Әмиўдәрьяның оң тәрепи менен сол тәрепи Қаратаўдан Арал теңизине шекем жаўлар менен арысландай айқасыў мәҳәли қызды.

Қара таўдан аттылған оптың даўысынан Арал теңизи ларзем алғандай болды. Пулеметлердиң оғы жылдырымдай жылтылдады. Таў—таслар унталды. Тоғайларды өрт басты. Баспаналарды, жайларды баспашылар бузды. Дүркин—дүркин маллар баспашылардың қолында кетти. Қызлар менен келиншеклер жесир болды. Гарры менен балалар қула дүзде ботадай бозлады. Қулазыған дала қанға толды. Салқын сарайлы, әлўан көшели қалалар ўас—ўайран болды. Ана баладан, бала анадан айрылды. Ағалар жеңгейлерден, кемпирлер шалынан айра түсти. Жас нәрестелер шуўласты. Кең дүнья тарылып, гүзар жоллар байланып, аспан асты аядай болып, кең дүнья көз айнасындай тарылды. Қиян—кести қанлы урыс күн сайын қызды.

Адам қаны, қыршын өмирлер менен қорғалған Нөкис қорғаны тағы да қоршаўда қалды. Бес төбеден бир бөлек. Қатты ағардың сағасы менен Шортанбайдан бир бөлек, Ақмаңғыт пенен Қотан көлден бир бөлек, Сағал көпир менен Таслықтан бир бөлек баспашылар Нөкис қорғанын темир қурсаўдай қысты. Көктен қорғасын жаўды. Сай—саладан суў орнына қан ақты. Нөкистиң тас казармасы қара булт пенен қанлы күнлердиң гүўасындай мүлгиди.

«Верный» катери менен ҳәм қырдан топ пенен қураллаңған қызыл әскерлер, Әмиўдәрья бөлиминиң айрықша әскерий комиссары Шайдаков отряды. Сары бий менен Қылшынақтағы, Шаббаз бенен Бийбазардағы, Календерхана менен Шаббаз тоғайындағы, Урысай менен Хожа көлиндеги, Қыпшақ пенен Шылықтағы, Назархан менен Бес төбедеги, Бекбай тоғайы менен Қабақлыдағы ор қазып атырған өмир жаўларын жер менен жексен етип жаў қоршаўын жарып таслап, Қызкеткеннің жағасында тоқтады.

Қызкеткеннің сағасынан Нөкистиң шығыс жағасынан баспашылардың қорғанын бөлген Шайдаков әскери Нөкис қорғанын қорғаўшылар менен қосылды. Қуўат-қа-қуўат, күшке-күш, жүрекке-жүрек қосқан олар Нөкиске қатты бекисти. Шайдаков Нөкис қорғаны

горнизонының командири Синебюроков, Замыслаев, Николаев, Досназаров, Айзада ҳәм Айтмуратлар менен бирге түни бойы уйықламастан әскерий мәселәҳәтке кирди.

Түнерген аспан тан алдында ғана азырақ ашылды. Шайдаков қалай болған менен Нөкис қоршаўын бузып шығыўдың, оғада аўыр екенин айтты. Атаман Фильчевтин, Памишевтин, Парадиевтың, Лукьяновтың, Ханмақсым менен Бала бийдиң Салəниковтың лашкерлериниң еле де бизден еки балки үш есе артық екенин, жаў жарақ пенен толық тəмийинленгенин айтты. Тан атар алдында Нөкистиң арқа жағынан басып кирип кияты рған Сальниковтың ляшкерин қалаға киргизбеў ушын Синебюроковтың отрядын атландырды.

Николаев Досназаровтың отрядын Бес төбе тəрепиндеги баспашыларға, Хусайын абый менен Айтмуратты Қатты ағардың жағасы арқалы Шортанбай, Ақманғыт Қотан көлге созылған Балабийдиң ляшкерлерине жиберди. Шайдаковтың өзи бир неше жүз Қызыл əскерлерди алып қалды. Бул резер Синебюроковтың, Николаев пенен Досназаровтың, Хусайын абый менен Айтмураттың, отрядларын зəрүр болса қосымша күш ретинде толықтырыў ҳəм Ашшы көл арқалы қурғақлық тан Сальниковтың ляшкерин қоршаўға алыў ушын керек еди. Сонлықтан өзи де Нөкис қорғанында қалды.

* * *

Арқадан аш қасқырдай қысқыға алған сыран—суўықтың ийиси келгендей болды. Қара үйдиң үзигиниң жыртық жерин таўып алғандай күн анда—санда жалт—жулт етип қысқа пурсатқа көринип кетер еди. Демниң арасында шағалдай шуўлаған самал тына баслады. Тынышлық ҳүкимдарлық сүрди. Шамал менен сыңсып турған Саманбай, Шортанбай, Шағал, Назархан тоғайларының шайқалыўы тынғандай болды.

Нөкис қорғаны айўан-жайўан аўҳалы менен бүгин де түн пердесиниң қушағында еди. Бир майдан батысты қызыл шаппаққа боялған күн батып кетти. «Айдың он беси жақты болса он беси қараңғы» дегендей ай қараңғы еди. Тастай түнек. Нөкис қорғанында жасаўшыларға күн де, түнде бирдей. Себеби, олар қамал жағдайына көнлигип, көзлери үйренип кеткен. Қорған

əтирапындағы орларда тек солдатлар менен командирлер ғана түнги гүзетте.

Күн батып қас қарайғаннан ақ қар жаўды. Қар əўели майдалап жаўса да, жатар алдында биротала уйытқып жаўды. Ярым ақшам аўаман дегенше жер бетин ақ мамық көрпеге бүркеп таслады. Бораған қардың ҳəзирше тоқтайтуғын түри жоқ, аспанның түбелеги тесилгендей. Ашық аланда жүрген маллар енди пана излеп, тоғай, путалықларды ықлай баслады. Маңқыйған түйелер менене анаў—мынаў суўықты писент етпейтуғын жылқылар да өрден—ыққа шапты. Түнги ҳайўанлар менен қуслар тым-тырыс болып уяларына кирди, шақаларына қонды.

Жарпақлап жаўған қар тан атаўға мейил бергенде тағы бурынғыдан бетер уйытқыды. Өр ишинде жатқан солдатлар қарға көмилип көптен берли алынбаған сақал—муртларына сүмелеклеп муз қатты. Мылтықлардың затворлары суўық пенен сиресип, оқдəри ыралланды. Бирақ, ҳешким орнын таслап кеткен жоқ. Ҳəзир қорғаныў линиясын таслап кетиў—бул қорғанды бериў, онан аржағы баспашылардың қанлы қолында өлиў еди.

Тан да атты. Күнде шықты. Сəске болды. Шаңқай түсте болды. Күн аўды. Екиниши күни күн батқан да барып қар тынды. Жоллар байланды.

Нөкис қорғанында жасаўшылар қолларына бел, гүрек, сипсе алып қорғаның қорын артты. Орлардың əтирапын тазалады. Күн шығып ыссылық берсе ерип, суў басып кетер деп ордың əтирапларындағы қарды он метрдей ары ысырып таслады. Замысляев бенен Николаевтың қар тыныўдан қорғанды қорып турған солдатлар менен пана излеп тығылған халықты тезлик пенен шөлкемлестирип қарды тазалатқаны оғада жақсы болды.

* * *

Басшысы Айзада Мийирқан, Тазагүл үшеўи 26-декабрь күни түнде Саманбай тоғайы арқалы Шортанбай менен Ақманғыт аўыллары таманға барлаўға жиберилген еди. Нөкистен шығып олар Толыс қыпшақ аўылының үсти менен Қотан көлдиң арқа шығыс тəрепин кесип өтип Ақманғыт аўылына келди. Түни менен

аўыл адамлары менен, хабар болса алды менен есите-туғын ҳаял-қызлар менен сөйлести. Көп сырларды билди. Шортанбай тоғайы менен Саманбай тоғайының гүсынан Хожелини басып атырған баспашылардың муздың қатыўын күтип отырғанлығын, пурсат келсе дәрьядан өтетуғынын анықлады.

Ертеңине күн бата Ақманғыт аўылынан шыққан Айзадалар жолда бораң жаўған қар астында қалды. Қасындағы Мийирқан, Тазагүлге Айзада түн болса жүрейик деди.

— Тоғайда ҳәр қыйлы ҳайўанатлар бар,—деди қәўип еткен Тазагүл.

— Ҳайўаннан да бетер жаў жаман болып отыр—деди Айзада.

— Айзада дурыс айтады. Қолға түссек олар да бизди өлтиреди,—деди Мийирқан Айзаданы мақуллап.

— Қардың мынаў даўысы болса, аванда жолды көмип таслайды—деди Айзада.—Неде болса тәўекел етейик.

— Жүргенимиз мақул.

— «Не десеңде турыппан, бир жудырық урыппан!», менде сизлерге қосылдым,—деди мәртлик пенен Тазагүл.

Түни менен жол танабын қуўыртып, Айзада, Мийирқан, Тазагүл таң алдында Саманбай тоғайына кирди. Жолдың сүлдери менен киятырған үшеўи бирден адасып Саманбайға кире тоқтады.

— Дәрьяның бойына шығайық,—дейди Айзада.

— Жолдан биротала айрылып қалмаймыз ба!—деди Мийирқан.

— Қаттыт ағарға шыққақ суўдан кешип өтемиз. Туўры шығамыз—деди Айзада.

— «Жаманда болса қыз жақсы, айланыш болсада: жол жақсы» деген,—деди Тазагүл мыйық тартыңқырап сөйлеп.

— Қалай да дәрьяны көрейик.

— «Бир асам майдан қайтпаған жүрегим неден қайтады!» дейсең ғой,—деп күлди Тазагүл.

— «Қақ жегенде жалмапбан, менде сеннен қалмаспан!—деген менде жүрдим,—деди Мийирқан.

Үшеўи бирден дәрьяның жағасына барыў ушын Саманбай тоғайының шетине шыққанда:

— Қызлар, буғынлар!—деди Айзада шалт сөйлеп.

— Үшеўи бирден буғып, дәрья бетке қараса бери қарай дәрьядан өтип киятырған бес-алты қайықты көрди. Қызлар тағы да көтерилип, тоғайдың тасасынан қарады. Қайық менен киятырған баспашылар екени мәлим болады.

— Кейин қайтың!

— Қайда?!

— Жолымызға барамыз.

— Баспашыларды не қыламыз?

— Олар Саманбайдан шығады ҳәм Қаттағардың үсти менен Нөкиске кирмекши.

— Сөйтип Нөкиске ҳүжим баслайды дең.

— Тезлик менен хабар бериў керек.

— Жүриңлер! Көп турыўға болмайды!—деди Айзада.

Үш қыз қалың қарды айырып жолға түсти. Тез жүргени соншелли терлери арқасына шықты. Алдында Қатты ағардың музы қаймақласқан сең жүрип, пәтли ағып тур. Абыржы. Қардан из билинеди. Айланып өтиўге пурсат жоқ. Қызлар әри-бери ойланды, қалай өтиў керек? Көпир алыста еди. Уақыт тығыз. Баспашылар ҳә демей келип қалады. Хабар бериў керек, хабар...

— Қызлар шешиниң! деди Айзада.

— Қалай?!—деди Мийирқан менен Тазагүл жалт қарап.

— Мине былай!—деп Айзада тырдай жалаңашланды. Мийирқан менен Тазагүл тезлик менен шешинди.

— Суўық шығар,—деди Мийирқан жеркенип сөйлеп.

— Жоқ. Суўдың астына от жағып қойыпты,—деди Тазагүл нықыртып. Айзада да ериксиз күлип жиберди.

— Суўық болмақ түўе, темирдей болса да жүзип өтемиз!—деди Айзада.

— «Қорқытқаннан қашпадым, бойымды сағаң тасладым!» деген мен таярман.

— Кийимлерди жыйнап басларыңызға ораң.

Үшеўи бирден басларына кийимлерин жақсылап түйдеклеп орап тайын болды. Жиплерди мойнынан айландырып белине таңды, бирден суўға түсти. Тезлик менен жүзип өтти де, шарт—шурт кийине баслады. Қызғын адым атып, қарды қақ айырып, жол жүрип кетти.

Саманбай тоғайынан зорға дегенде өтти. Нөкистиң батыс жағынан қорғанға кирди.

Замысляев, Николоев, Айтмурат, Досназаровлар Айзадаларды қуўаныш бенен қарсы алды. Ыссы жайға апарып, чай, ас—аўқат берди.

— Саманбай тоғайына Хожелиден баспашылар өтти—деди Айзада.

— Қанша?

— Бес-алты қайық бенен тасып тур. Аз емес.

Замысляев бенен Николаев солдатларға тревога берди. Өзи тоқсандай солдат алып, қалғанларын Замысляев бенен Николаевтың қараўында қорғанда қалдырып Синебрюков Саманбай тоғай беттен киятырған баспашыларға қарсы атланды.

Баспашылар көп күттирмеди. Қаттағардың сағассында ақ алдынан шықты.

Қатты ағардың жағасындағы майданлықта урыс қызды. Баспашылар қутырған қасқырдай умтылды. Усти-үстине тынымсыз ҳүжим етти. Баспашылардың барлық ҳүжим қатты қарсылыққа ушырап кейин қайтарылды. Еки тәрептен де солдатлар, ләшкерлердың лашы саўаш майданында қалды. Синебрюков өз солдатларын қайтпас қаҳарманлық бенен рухландырды. Азанда басланған урыс ярым ақшамға шекем созылды. Басып келген баспашылар жер менен жексен етилди. Қаҳарманлық бенен қайтпаған қызыл командир, жас қыран Синебрюков усы ўақыт дүшпан оғынан жақты өмир менен мәңги хошласты. Турдыбай Қалбаев, Төре Гүлимбетов, Юлдаш Рустамбетов, Турдыбай Есенбаев, Матвей Шевченко, Иван Пересыпколар қайтпас қаҳарманлық бенен халық азатлығы ушын қан төгиспе урыста қурбан болды.

Жаў жеңилип қашқаннан кейин жалынлы жүрекли жас командир Синебрюковтың ҳәм оның менен бирге қурбан болған солдатларды Нөкистеги казарманың арқасына әкелип жерледи. Қәдирли командирлери менен жаңа—жан солдатлардың жаў қолында қаза таўып, қара жерге араласқанына халықтың жүрегинде көктиң ғәзеби қайнады.

Нөкистиң қалың қорғаны көп айларға шекем өмир менен өмир тирескен қанлы қорғанға айланып халықтың, солдатлардың күши менен баспашылардың есап—сансыз ҳүжимлерин мәрдана қайтарып турды. Жаў

жән—жақтан жан алыў ушын, қан ишиў ушын умтылсада қорғанын қорғаўшылар қәйткенде де алынбас қамал болып Нөкисти көздиң қарашығындай қорғап қалды.

Бирақ, толық жеңиске шекем, Нөкисте совет властының ҳақыйқый арнаўына шекем еле қызыл гвардияшылар көп қанлы ўақыяларды бастан кешириўи, сатқынлықтың, жаўызлықтың адам еситпеген түрлерин көриўи, зәңгилес жаўынгер дослар, әдиўли командирлериниң қурбан болыўының азаплы күнлердиң гуўасы болыўы зәрүр еди.

Усыларды ойлаған Айтмурат «арқасы тутып» қосық жазды.

Ол мынандай еди:

Шайдаковтың пулеметы,
Жалт—жулт етип жаныпты.
Буны көрген Жунайыдхан,
Еси кетип талыпты.

Жаў жағасы жыртылған соң,
Бири бирден қашыпты.
Әмудәрья бойларына,
Ленин нурлар шашыпты!

Айтмурат усы қосықты Айзадаға оқып берип атырғанда Аллаяр Досназаров бенен Сейтмурат Палўанов тыңлап турған екен. Айзада буларға көзи түскенде күлимсиреп қойды. Ал, Айтмурат қызарып кетти. Досназаров оның арқасынан қақты.

Оғада жақсы, Айтмурат! Жалынлы күнлерди қалдырмай жаз!—деди Аллаяр.

—Жазаман, аға!—деп қуўанды Айтмурат.

— Жүриңлер, атланыс—«ийшан қалаға».! Алдымызда, Шымбай,—деди Аллаяр салдаманлы түрли.

— Жүриңлер, дослар! Тағы да гүреске!—деген Айзаданың даўысы жаңлап шықты.

Арадан өткен сонша жыллар баяғы сада Айзаданы ҳәр тәреплеме шыңлап, ҳақыйқат түсимпаз, жамай жаўлары менен тайсалмай айқасып жүрген, қыйынқыстаў пайытларда өзин тута билетуғын, туўры шешим қабыллай билетуғын ҳақыйқый жаўынгерге айландырған еди. Маталақ пенен Қулбайдан көрген жә-

бир жапасы, биймәўрит өлип кеткен ата—ана, ағайын —туўған кеги, Петро—Александровскиде жер аўдарылған рус большевиклериниң жәрдеми арқасында рус тилиң үйрениўи оның усы дәрежеге көтерилиўине себепши болды. Сонлықтан да талай мәртебе қолға түсип, набыт болыў қәўпи дөнген ўақытларда да жаңа дүньяға деген исеним, түскинликке берилмеў оның өлимнен үстем шығыўына жәрдем етти. Еле алдында көп ислер күтип турғанын билмейтуғын ол, Нөкистеги гарнизон менен бирге Ийшан қаланы уялаған Хан-мақсым, Бала, бий, Фильчев баспашыларының ордасын талқанлаўға атланды.

Он тертинши бап

ОН ЖАҒАЛЫҚТАҒЫ АТЛАНЫС

1919 жылдың бәҳәр айлары.

Бесиктен жаңа ғана шыққан жас Совет власты екинши бәҳәрин күтип алды. Совет аўқамы тарийхтың алтын менен жазылған жылнамаларына «еки жасар ерке улдай», ел үстине бәҳәр қуяшы қулашын жайды. Жер бети жасыл жамылды. Дәрья—теңизлерде толқынлар туўылады. Тоғайларда ырғалып шайқалған шақалар шытақ таққандай, гүмис жапырақлар менен шылдырлады. Таўлар да туў алыстан қулаш кергендей буўдақ—буўдақ булдырлап көзге ысық көринди. Жер бети жасыл дөнип дарақларға дәрман енип бәҳәр пайызын шақырды.

Жанлы мақлуқларға жан енди. Қуслар уяға, төрт аяқлы дуз аңлары нинен шығып, кең далаға көлденең аяқ басты.

Әжайып, өмир қызықлы, қызғынлы күнлер басланды. Дийханлар соқасайманларын, рабочийлар балға-шөккишин, теңизшилер аў—дузақларын таярлап толқынлар менен айқасыўға таярланды. Балықшылар қайығын дүзетти, шаруалар саўынларын жайлаўға шығарды. Қыр қойнында қой-ешкилер, сабатлар да жылқылар, нуў тоғайда түрли қуслар, тақыр майданларды түйелер жайлады. Жазираның қойны, қара жердин қушағы ашылды.

Қой үстинде без торғай жумалаған заман басланды. Халықлардың қуўанышы толықындай туўылады. Еркин дәўир, азат—өмир ҳәммениң кеўлин шад етти. Шақалақ атып күлген даўыслар жер бетин жаңлатып жиберлегендей болды. Дослық, туўысқанлық, баўыр басқан бирликли өмирдиң дәстүрли дәўраны басланды.

Лейкин... Арандай аўзын ашқан, аш қасқырдай шет ел империалистлери жамай жаўлары менен биригип иштен притки салып атыр единии Контрреволюцияшылар қутырып, жас Совет Россиясына қарсы топлыстың толғағын қыздырды. Айдарҳадай ысқырған генерал Колчактиң көп санлы армиясы усы толғақтың дөретиўши күши болды. Жас Совет Россиясының қубласында Деникиниң, арқа батыстан ант урған, геллекесерлер генерал Юденичтиң адам талаған ҳарам қоллы, шаян аўызлы ақ гвардияшы армиясы топылысқа өтти.

Төрт тәрептен қанлы қара таў көтерген адамхорлар жас совет властының еки жасар нәрестениң «жүрегин жараман» деп топылыс жасады. Арқадан англичан-американ интервентлери менен генерал Миллердиң әскерлкери ҳәрекет етти. Жеги қурттай жабылды. Атаман Дутов бас көтерип және жаңадан әскерий атланысқа қәдем қойды. 1919 жылы март айының басында туў көтерип топылыс баслаған Колчактиң ярым миллионлық армиясы апрельдиң басында Волгаға шекем жетти.

Қәўетерли қан төгиспе күнлердиң қолайсызлығының қара бултын көшириў ушын 1919 жылы 18 марттан 23 мартқа шекем РСДРП ның сегизинши съезди шақырылды. Ҳәр бир коммунистиң ҳәр бир адамның көкирегинде қайнаған дебдеўдиң ҳәўири усы съезде додаланды.

Совет властын бүннан да былай беккемлеў ҳәм ишки және сыртқы контрореволюцияның күшлерин қыйратыў ушын сегизинши съездиң орташа дийханларды бийтәреп етиў сиясатын, рабочий класстың басқарыўшылық ролин сақлап, оның менен беккем аўқамласыў ҳаққындағы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды. Сегизинши съезд әскерий сиясий мәселелерге айрықша, арнаўлы кеўил аўдарды.

Қызыл армиядағы партизаншылыққа, қызбашылыққа қарсы, оның қалдықларын жаңлап шыққан «әскерий оппозицияға» шешиўши соққы берди. Турақлы совет қураллы күшлерин бүннан былайда бекемлеў,

армия менен флотта коммунистлердиң ролин арттырыў бойынша илаҳлар белгиледи.

Партияның сегизинши съездиниң қарарлары пүткил Советлер аўқамы бойынша партия ячейкаларында, комсомол, союз қосшы, уйымларында, бөлимлеринде уллы гүрес, жақсы турмыс, бахытлы өмир ушын жоллама иретинде додаланды, басшылыққа программа етип алынды.

Әмудәрья бөлимниң территориясындағы әскерий басшылар жыйланып мәсләҳәтке көшти. Қызыл Армияның бир жүз отыз төрт адамлық, соның ишинде жетпис адамы жергиликли ҳалықтан,—биринши Ташкент ротасы, Мары барлаўшылар дружинасы, биринши Петро—Александровск ротасы—алпыс әскер, екинши Петро—Александровск ротасы 145 әскер, үшиншi Нөкис ротасы бир жүз еки әскер, биринши қазақ—қырғызлар жүзлиги сексен еки әскер, екинши қазақлар жүзлиги бир жүз алпыс бир әскер, үшиншi Зайыр қазақлар жүзлиги бир жүз сексен еки әскер, қурама батерея тоқсан әскер, пулемет командасы отыз бес әскер болып ғана шөлкемлескен еди.

Әскердиң саны аз. Көпшилиги әскерий ҳөнерди жаңа көрип атырған, ата—бабасынан бери биринши рет қолына қурал алған, бирақ, қарсылысақан жаўдан, өрлесе таўдан қайтпаған, жас қырандай жигитлер. Қарақалпақ елин қан ишкишлерден қорғаў ушын туўысқанлардың жәрдеми сондай керек еди! Сол ушын Закаспий фронтының штабы Чаржаў темир жол рабочийлары менен жаўынгер интернационалистлерден қуралған еки жүз елиў адамлық отряд болып шығады.

Бурынғы солдат—артеллерист, Чаржаў депутатлары Советиниң ағзасы большевик Наўмов басқарған бул отряд 1919-жылы 12-мартта Төткулге келди.

— Жаўынгерлик жыллардың жылнамасы усылай жазыларма екен?!—деп Айзадаға жалт қараған Айтмураттың келбетине терең ой уялаған еди. Қандай да бир ўақыяларды ядға түсирди ме, бетиниң еки алмасы қызғыш дөнгенде көзлери масаладай жанды, Айтмураттың.

— Жазады—деди Айзада исенимли сөйлеп.

— Жазғай. Тарийх дәстанларының бети оқ пенен тесилмегей.

— Жылнамалар жазылатуғын жылларға бәлким, жаў—жарақ қалмас.

— Мүмкин!—деген ўақыта Қасьяненко асығыс түрде кирип келди.

Айтмурат бенен Айзада орынларынан ушып турды.

— Оттыра бериңиз!—деди Қосьяненко жыллы сөйлеп.

— Хош келипсиз!!!

— Қуўаныш пенен келдим.

— Хош хабар болғай...

— Енди қан төгилмейди. Қанхор, жаўыз Жунайыдхан Совет власты ўәкилинен өз-ара питим жасаўды өтиниш етипти. Буның тийкарғы себеби, Хорезм, Қарақалпақ ҳәм Туркмен мийнеткешлери менен рабочий-дийхан Қызыл Армияның күши қуўаының артып кетиўи.

— Тоқпағы күшли болса кийиз қазық жерге киреди деген,—деди Айтмурат күле шырай берип.

— Тоғызыншы апрельде Хийўа ҳүкимети менен келисим жасалды.

— Оғада жақсы.

— Жақсысы жақсы. Лейкин Жунайыдхан қатты ҳийлекер душпан.

— Айнып кетер дейсиз бе?

— Мүмкин.

— Егер ҳақ нийет пенен усыныс еткен болса ҳақыйқатында келисим жаман емес.

— Оғада дурыс, усы жасалған келисимниң оғада сиясий әҳмийети күшли. Совет Россиясынан Түркстанды бөлип таслаўға көрип атырған таярлықларын дал—дал етти. Былайша айтқанда қан боялған қара туўдың тумлы—тусы тесилди—деди Қасьяненко. Үшеўи де питимниң болғанын жан—жүрек бенен қос қоллап қуўатлады.

— Жүриңиз, мәжилиске барамыз!—деди Қасьяненко.

— Барайық,—деди Айтмурат.

— Бирге барайық,—деп үшеўи қосылып жыйналысқа кетти.

Жыйналыс көпке созылған жоқ. Касьяненко доклад етти. Ол жыйналғанлара партияның Орайлық Комитети Орта Азия, Қавказ даласындағы, Волга бойындағы қыйын аўқалды жеңиў ушын Шығыс фронттың құб-

армия менен флотта коммунистлердиң ролин арттырыў бойынша иләжлар белгиледи.

Партияның сегизинши съездиниң қарарлары пүткил Советлер аўқамы бойынша партия ячейкаларында, комсомол, союз қосшы, уйымларында, бөлимлеринде уллы гүрес, жақсы турмыс, бахытлы өмир ушын жоллама иретинде додаланды, басшылыққа программа етип алынды.

Әмудәрья бөлимниң территориясындағы әскерий басшылар жыйланып мәсләҳәтке көшти. Қызыл Армияның бир жүз отыз төрт адамлық, соның ишинде жетпис адамы жергиликли ҳалықтан,—биринши Ташкент ротасы, Мары барлаўшылар дружинасы, биринши Петро—Александровск ротасы—алпыс әскер, екинши Петро—Александровск ротасы 145 әскер, үшиншн Нөкис ротасы бир жүз еки әскер, биринши қазақ—қырғызлар жүзлиги сексен еки әскер, екиниш қазақлар жүзлиги бир жүз алпыс бир әскер, үшиншн Зайыр қазақлар жүзлиги бир жүз сексен еки әскер, қурама батерея тоқсан әскер, пулемет командасы отыз бес әскер болып ғана шөлкемлескен еди.

Әскердиң саны аз. Көпшилиги әскерий ҳөнерди жаңа көрип атырған, ата—бабасынан бери биринши рет қолына қурал алған, бирақ, қарсылысақан жаўдан, өрлесе таўдан қайтпаған, жас қырандай жигитлер. Қарақалпақ елин қан ишкишлерден қорғаў ушын туўысқанлардың жәрдеми сондай керек еди! Сол ушын Закаспий фронтының штабы Чаржаў темир жол рабочийлары менен жаўынгер интернационалистлерден қуралған еки жүз елиў адамлық отряд болып шығады.

Бурынғы солдат—артеллерист, Чаржаў депутатлары Советиниң ағзасы большевик Наўмов басқарған бул отряд 1919-жылы 12-мартта Төткулге келди.

— Жаўынгерлик жыллардың жылнамасы усылай жазыларма екен?!—деп Айзадаға жалт қараған Айтмураттың келбетине терең ой уялаған еди. Қандай да бир ўақыяларды ядға түсирди ме, бетиниң еки алмасы қызғыш дөнгенде көзлери масаладай жанды, Айтмураттың.

— Жазады—деди Айзада исенимли сөйлеп.

— Жазғай. Тарийх дәстанларының бети оқ пенен тесилмегей.

— Жылнамалар жазылатуғын жылларға бәлким, жаў—жарақ қалмас.

— Мүмкин!—деген ўақыта Касьяненко асығыс түрде кирип келди.

Айтмурат бенен Айзада орынларынан ушып турды.

— Оттыра бериңиз!—деди Қосьяненко жыллы сөйлеп.

— Хош келипсиз!!!

— Қуўаныш пенен келдим.

— Хош хабар болғай...

— Енди қан төгилмейди. Қанхор, жаўыз Жунайыдхан Совет власты ўәкилинен өз-ара питим жасаўды өтиниш етипти. Буның тийкарғы себеби, Хорезм, Қарақалпақ ҳәм Туркмен мийнеткешлери менен рабочий-дийхан Қызыл Армияның күши қуўаының артып кетиўи.

— Тоқпағы күшли болса кийиз қазық жерге киреди деген,—деди Айтмурат күле шырай берип.

— Тоғызыншы апрельде Хийўа ҳүкимети менен келисим жасалды.

— Оғада жақсы.

— Жақсысы жақсы. Лейкин Жунайыдхан қатты ҳийлекер душпан.

— Айнып кетер дейсиз бе?

— Мүмкин.

— Егер ҳақ нийет пенен усыныс еткен болса ҳақыйқатында келисим жаман емес.

— Оғада дурыс, усы жасалған келисимниң оғада сиясий әҳмийети күшли. Совет Россиясынан Түркстанды бөлип таслаўға көрип атырған таярлықларын дал—дал етти. Былайша айтқанда қан боялған қара туўдың тумлы—тусы тесилди—деди Қасьяненко. Үшеўи де питимниң болғанын жан—жүрек менен қос қоллап қуўатлады.

— Жүриңиз, мәжилиске барамыз!—деди Қасьяненко.

— Барайық,—деди Айтмурат.

— Бирге барайық,—деп үшеўи қосылып жыйналысқа кетти.

Жыйналыс көпке созылған жоқ. Касьяненко доклад етти. Ол жыйналғанлара партияның Орайлық Комитети Орта Азия, Кавказ даласындағы, Волга бойындағы қыйын аўқалды жениў ушын Шығыс фронттың қуб-

ла группасын Түркстан фронты деп қайта дүзгенин жолдас Фрунзе Түркстан фронты әскерлериниң командующиси болып белгиленгенин, Боранов, Әлиева, ал, соңынан Куйбышев революциялық әскерий Советтиң ағзалары болғанлығын қысқа айтып берди. Барлық әскерий бөлимлерде, қаҳарманлық иселериңизге жеңис тилеймен! Саў-салмат болыңлар,—деп Касьяненко жыйналысқа келгенлерге рухсат етти.

* * *

Ийшан қала әўлесиниң құбла бетинен Мийирқан менен Тазагүлди, Айзаданы мешитке жумсап жиберген Айтмурат, Орын екеўи әўлениң шығыс жағынан барды. Мешитке жүз метрдей қалғанда аттан түсип бедеўлерди бир—бирине байлады. Айтмурат та, Орын да Жунайыдханның нөкерлери не кигйен болса солай кийинген. Басларында ақ териден тигилген силикпе шөгирме. Аяқларында шоқай. Беллеринде қайыс, оған тағылған қосбаўдың қынында пышақ. Белбеўлери—нағыслы етин тоқылған түрме. Атларының ер—сайманы да Жунайыдханның жигитлериниң атындағыдай.

Мешиттиң алдында құблаға қарай қол қаўсырып турған қызыл жүзли, қара шөгирме кийген, шоқ сақаллы, бийдай ирең, сулыўшықтан келген, ийнине көкирегинен айқара бес атардың оғы дизилген оқшонтай асынған Ханмақсымды көрди. Әдеп—ийба менен қос қолын көксине қойған Орын ҳәм Айтмурат қол қаўсырып сәлем берди. Аман—есенлик сорасты.

— Жол болсын?!

— Әлей болсын!

— Узақтан киятырсыз ба?!

— Жунайыдханымыз жиберди.

— Ханмақсымның қулағы ербең ете қалды. Бирақ, сынын бузбады. Еки жигитке сын нәзерин тикти. Исенди ме:

— Күтип ғана отырған едик,—деди.—Жүдә күткен едик...

— Бизде асығып киятырғанымыз. Аўыл—алыс, жол—шалғай... Оның үстине қызыллардың талай қыснағынан өтиўимиз керек.

— Хош келипсиз. Дастурханға келиң. Ханымыздың көптен бери атқосшыларысыз бар? Барғанда—келгенде ушыраса қоймаған екенбиз...

— Мен Шәрник ханның улы боламан—деди түркменшеге тили әдеўир төселип қалған Айтмурат. Мынаў Зембешниң баласы...

— Екеўиңизде Жунайыдханның оң қоллары, тиреги екенсиз.

— Солай, ҳәжымыз,—деди Айтмурат.

— Қәне, шайдан алыңлар!

Үшеўи дәстурханға қарады. Мешитте Ханмақсымнан басқа тири жан жоқ. Орын да, Айтмурат та таң қалды. Ханмақсым екеўин төрге ҳүрмет менен отырғызды.

— Қандай фарман алып келдиңиз?

— Ханымыз менен көптен бери байланысты үзипсиз. Ҳәзирги ләшкерлериңиздиң жағдайынан, уллы Хан бийхабар...

— Дурыс.

— Сол үшын қанша адамы бар екен, олар қайсыманға жайласқан,—деди.

— Бес жүз. Тағы да қосылады. Усы Ийшан қалада.

— Төрткүлге қашан ҳүжим қылады деп те қойды.

— Төрткүлге жақында ҳүжимди баслаймыз, тек буйрық күтиўдемиз.

— Төрткүлге ҳүжим баслаў үшын жолдағы Нөкистен, Назархан, Қыпшақ, Урысай, Бибазар, Қәлендерхана, Шаббаздан қалай өтиўди оғада нәзерде тутсын!—деди ханымыз.

— Әўеле Нөкисти бир күнде басып аламыз. Соннан кейин басқаларын Жунайыдхан менен күш бириктирип қопарамыз,—деди исенимли түрде Ханмақсым.

— Жаў—жарақ үшын, ҳәм ат оты, ләшкерлерге қәрежет жетпей атыр. Усы мәселеде ўәдесин тезлик менен орынласып деп муқиятлады.

— Ҳәзир Маталақ бай келеди. Барлық қәрежетти соған жыйнап бердик.

Маталақжан бул истен хабардар.

— Оғада жақсы...! деди де Орын менен Айтмурат Маталақтың атын есткенде, әсиресе, ҳәзир келеди дегенине ҳайран қалды. Бирақ, танланғанын сездирмей дәррў басқа жол тапты.

— Ханымыздың және бир илтимасы бар еди,—деди Айтмурат.

— Айтыңыз, тыңлайман!

— Ханмақсымжанның әскерлери орнасқан жерлерин көриң. Бизлер Төрткүлди алыўдан Қаратаўдың арқасына өтиўимиз керек. Сол ўақытта сизлер екеўиңиз еки әскерий бөлимди басқарасыз. Ийшан қалада қонбасақ, ҳәзиретимизге дуўа етпесек болмайды. Сол жерлерди өз көзлериңиз менен көриң деген еди.

— Ол Төрткүлди алғаннан кейин бизлер менен бирге келмес де екен?—деди Хан мақсым әлленеден қәўип өткен адамдай.

— Сизлердиң жигитлериңиз қайтпас қаҳарман болғаны ушын Төрткүлден шығып, Маңғыт, Жыланлы, Хожели арқалы Қоңыратты алып, Мойнақ тәрепинен Шымбайға топылыс жасайды. Соған қатты таярлық көрсин деп тапсырма берди—деди Айтмурат.

— Сизлердиң Ийшан қалаға топланып бас қосып Сальников ҳәм атаман Фильчев менен бириккениңизге Жунайыдхан оғада ырза, гилең қаҳарманларды жыйнаған сизге алғыслар айтып отыр,—деди Орын Хожаниязов Айтмураттың сөзин мақуллап.

— Қонып кетсеңиз болар еди!

— Оған ўақыт қайда?! Нийетимиз иске асса көрермиз...

— Ас-аўқат ишиңлер!

— Иштейимиз жоқ. Бизлер жаңағы жерлерди көрейик.

— Мен адам қосайын.

— Әжеп болады.

— Турайық.

Пәтия қылып үшеўи бирден мешиттен шықты.

— Мына азаматларға жигитлердиң жайласқан жерлери менен Ийшан қаланың төрт тәрепин таныстыр,— деди аўызда турған сақшыға.

Ол «қуп» деди.

Сол ўақта Маталақ бенен Бала бий кирип келди. Орын, Айтмуратлар әдеўир жерге барып қалғаны ушын кейниңе қайрылмады.

Балабий менен Ханмақсым, Маталақ үшеўи мешитке кирип кетти.

Ханмақсымның қосқан жигити Ханмақсымның ләшкерлериниң барлық жайғасқан жерин көрсетти. Бул жигитти Айтмурат бенен Орын оғада жақсы көрип қалды. Оның үлкен ала көзи қарағанда жалын шашып турғандай көринер еди. Жыллы жүзли, көрген көзге жағымлы, мыйығын тартып күлип турған, ири геўдели, жоталы жигиттиң көз-қарасы, жыллы жүректен сөйлесиўи Айтмурат бенен Орынның кеўлине қонып қалды.

— Қайдан боласың жигит?,—деп сорады Айтмурат.

— Ийшан қаланың құбла батысындағы Қазаяқлы аўылынан.

— Қазаяқлымысаң?!

— Аўа.

— Дайым болады екенсең, мениң анам қазаяқлының қызы.

— Сизлерди Ханмақсым яўмыт деген еди.

— Яўмыт мына ағаның ағайини!...

— Ханмақсымның қолына қалай түстиң?

— Ийшан қаланың шығысында кеңирек алаң бар.

— Аўа көргенбиз.

— Сол арада буннан бир ай бурын Ханмақсым ләшкерлерине мылтық аттырып, әскерий машқы қылып атырған екен. Менде тойдан қайттым. Тойда бала палўанларды жығып, қуўанышым қойныма сыймай қиятыр едим. Мылтық атыспаның үстинен шықтым. Бизиң аўылда «Тәпберди ийшан» деген бар еди. Оның баласын Ханмақсым қатарына ертип алды. «Тәпберди ийшан»ның баласы Караматдийин мениң гүресетуғынымды, өз қатарымды жығатуғынымды, аңға шыққанда қырғаўылларды ушардан атып түсиретуғынымды жақсы билетуғын еди. Құрдың қасына келдим. Караматдийин мени шақырып Ханмақсымға мақтады. Ханмақсым түр-түсиме қарады да:

— Үш оқ беремен, нышанаға тийгизсең сыйлайман, егер тийгизбей заяласаң бир өгизше бересең деди.

— Болады.

— Үш оқ алдым. Үшеўинде тийгиздим. Мени өзлери болатуғын жерге апарды, мылтық берди. Астыма мына атты берди. Жасым кишкентай болса да өзлериниң қасынан шығармай бирге алып жүр.

— Саған исенеди екен ғой?

— Исенеди. Басқаларға айтпаған сырын меннен жасырмайды.

— Әкең қайда?!

— Аўылда.

— Аты ким?

— Сейт палўан.
— Өзиңниң атың ким?
— Байнияз!
— Демек Байнияз Сейт улы боласаң.
— Аўа,
— Байнияз, большевиклер, қызыл әскерлер жөнинде не хабар билесең?
— Атаман Фильчев, Ханмақсым, Балабийлер большевиклер дегенлер халықтың жаўы. Қызыл әскер дегенең тәжжалдан дөреген, не болса соны жей береди, тонайды» деп түсиндирди.
— Оларды не қылыў керек лейди?
— Ҳәзир оларды қуртыў ушын Арал аймағынан азаматлар менен атларды, жаў-жарақты жыйнап атыр. Ийшан қаладан баслап Нөкис, Назархан, Қаратаў, Шаббаз арқалы Төртқулдеги большевиклердиң,— қызыл әскердиң штабын аламыз. Шайдаков дегенди өз пулеметы менен өзин атамыз деп ертең бир күни атланысқа шығыўға таярланып атыр.
— Сенде барасаң ба? деди Орын пикирин биліў ушын.
— Бармайман.
— Неге?
— Анаў күни ағам «қызыл әскерлерге қарсы шықпа, илажын таўып Ханмақсымның қолына қаш» деди.
— Неге?
— Большевиклер бизлерди жақсы көреди. Байзулымлардан бизди азат етеди деди.
— Ханмақсымның қолынан қашқын келе ме?
— Илажы болса қашар едим...!
— Бизлер көмек берейик бе?
— Қалай көмек бересиз?
— Бизлер менен қосыла қашасаң,
— Қашаман, сизлер менен қайылман.
— Неге олай?
— Сизлерди жақсы көрип қалдым.
— Ханмақсымды да жақсы көресең!
— Оны илажсыз...!
— Қолындасаң ғой.
— Қолында болған менен мени аямайды.
— Неге?

— Мениң әкемнен де жүз манат өндирип алды.
— Қалай?
— Жаў-жарақ аламыз деп ҳәр үйден жүз манаттан өндирип алды. Бермегенлерди урды, соқты, ескенжеге қыстырды. Мениң әкемде таяқ жеди Араға түсип мен де таяқ жедим. Ҳәр хожалықтан алған ақшаны Маталақ деген байға берди. Атаман Фильчевтиң, Ханмақсымның, Балабийдиң, Памишевтиң, Парадиевтиң, Лукьяновтың, Сальниковтың—улыўма Шымбай болыслары менен байларының атынан Жунайыдханға, оның армиясына жәрдем деди.

Әкеме ара түскен соң Ханмақсым жаман көргеннен кейин мен Караматдийин арқалы басқаша жол менен ҳийлекерлик иследим. Ханмақсымға жағындым. Жолында паяндоз, қолында паекши болдым. Ақырында Ханмақсым маған исенди. Анаў күни ағама жасырынып барған да «Жақында большевиклердиң басшылығы астында қызыл әскерлер байларды, баспашыларды қуртады. Анаў-мынаў гәп болса сен жаў жарақлар менен соларға қосыл» деди.
— Бизлер сол Қызыл Армияның адамларымыз.
— Рас па?!
— Аўа. Ҳақыйқат. Сен сырды жасырмай расын айттың, рахмет!—деди Айтмурат жыллы жырай менен.
— Сизлер ырастан маған инанасызлар ма?
— Инанамыз.
— Мени сизлер өзлериңиз бенен бирге алып кетиң!
— Қайда барасаң?
— Сизлер қайда барсаңыз, мен де сизлер менен...!
— Сен бизлерди жақсы көрген болсаң...
— Жаным менен, мени Ханмақсымнан қутқарың!
— Сен онда бүгин кеште Маталақ байдың ақшаны қайсы жолдан алып кететуғынын анықла. Әўлийеде Айзада. Мийирхан, Тазагүл деген үш қатын бар. Соларды Ханмақсымның үйине апар.
— Болады. Айзада, Мийирхан, Тазагүл дейсиз бе?
— Аўа.
— Олар мени таный ма?!
— Бизлер ҳәзир айтып кетемиз.
— Сизлер қашан келесиз?!
— Ертең Ийшан әўлийениң қубласындағы жылғада боламыз.
— Хош болың ағалар,—маған исене беринг.

— Хош бол!

Айтмурат Орын, Байнияз менен хошласып кетти. Байнияздың бурынғы еситкенлери ақыры ақ орын, бойына сиңип қалғаны ушын Айтмуратлар менен ай-мелескени «жүзикке қас қондырғандай» болды. Байнияз, әкеси Сейит, қыз апасы Жумагүл де Ханмақсымлардың қанхор, халықты тесип соратуғын жеп құртпай жаўыз екенин билетуғын еди. Ханмақсымлар өз қылықыны ушын, «шараятта былай, қуранда олай...» деп өзинше нызам шығарып, халықты сорып, елди еки бүклеп өзин жүргенин гүллан адам билетуғын еди.

Бир сапары Палўанияз, Дәўлетмурат, Рахметулла, Кәриймолла, Таңатар, Өтенияз барлығы союз қосшының жыйналысынан қайтқанда Сейиттиң үйинде мийман болды. Төртқүлде союз қосшыға ағза болыпта қайтқаның, Совет властының халықтики екенин, жерге, суўға мәмлекетке халықтың ийе болатуғынын, халықты қан қақсатып өзин келген атайы жаўларды жер менен жексен етиўге Қызыл Армияға халықтың күш-қуўат болатуғынын түсиндириў ўазыйпасын алып киятырғанын айтқан еди.

Халыққа притки салып, ҳүкиметке қарсы шығып отырған, халықты қорқытып, алдап, қызыл әскерлерге қарсы қурал услатып қойған Фильчев, Ханмақсым, Балабийлерди жоян етип жибериўге халықты гүреске шақырыў керек деген әңгимелерден Байнияз еситкенде барлық жақсылықлар есинде қалған еди. Соңлықтан зейни илгир, ықласы зор Байниязға Айтмурат, Орынлар менен сөйлескенди оғада жақсы көрди. Ақылласатуғын адам тапқанына, сүйеў тапқанына Байнияздың көўли хош болды. Қызыл әскерлерге қосылып, жаўға қарсы жас қырандай шүйлигиўди орасан әўес етти.

Ийшан әўлийесиндеги орнасқан жайына киятырғанда мешиттиң алдында бир шоқ адам көрипди. Байнияз бир нәрседен қәўип еткендей аттың басын қағыңқырап жүристи тезлетти. Жақынлап қараса ортада үш қатын, кийим кеншеклери жыртылған, шашы үўдар-дүўдар, бети аўзы даладай қан, қатты таяқ жегенин көрди. Атын мешиттиң арқа жағына байлай сала тезлик пенен ҳәдийсени қоршап турған қурға келди.

Қоршаўлы халықтың арасынан ақырын қарады. Үш қатынның қарсы алдында Ханмақсым, Балабий, Маталақ қабағынан қар жаўып, қаралай өшип қал-

тырап, қақсап турған екен. Үш қатынның алды менен артында ҳәр қайсысына еки жигиттен—Ханмақсымның жалпылдақлары Орымбет өжет, Жарымбет жермен, Әмет аўыл, Досан дәл-дәл, Қосан қаңқор, Шеримбет шунақ, қолларында қорғасын араластырып өрилген дыр қамшылары менен жемтикке умтылған аш қуўғынлардай дәпинип турған екен. «Айтмуратлардың айтқан Айзадалары усылар емес пе» деген қыял менен адамлардан ақырын сыбырлап сораса баслады.

— Бул не қатынлар?—деди сыбырлап сөйлеген Байнияз.

— Қызыл әскерлердиң жиберген жансызы дейди.

— Оны ким биледи?

— Анаў Маталақ Айзада деген қатынды танып тур.

— Кимлер услапты?

— Әўлийедеги шыйықшы хабар берген.

— Ой ахмақ-ой...! Кимлер услаған?

— Шыйықшы айтқаннан соң Ханмақсым услатқан.

— Неге урып атыр?

— Маталақ сырын айттыраман деп азаплап атыр. Олар сөйлемейди.

— Ағажан бул меним апаларым еди. Қалай қутқараман?—деди жалынып, қасындағы жасырын сөйлесип турған адамына Байнияз.

— Оны өзиниң мәртлигиң, уқыплылығың, азаматлығын биледи.

— Мәртлигиң, уқыплылығың, азаматлығың!—деп тәкирарлады Байнияз ишинен.

Азғана тынып қалған Байнияз, құрдың екиниш жағынан айланып Ханмақсымның жанына барды. Көзинде қан толған Ханмақсым Байнияздың қаяқтан, қалай келгенин аңламай да қалды.

— Хан аға, мен келдим.

— Кетти ме?

— Кетти, сизге сәлем—деди, көп алғыслар айтты.

— Бул қатынларды Халқабад сорамында көрип пе сең?—деди Ханмақсым ақырынлап, аўыр сөйлеп.

— Мен анықлап көре алмай атырман, бети аўзы қан екен...! деди бирден «апаларым» десе қәўип етер деп.

— Ханымыз мынаў қатынды мен жақты таныйтуғынымды тағыда тәкирар етемен. Ҳеш қандай гүўа, гүўалық керек емес. Меним ата душпаным. Демек, ме-

нің ата душпаным сизинде душпаныңыз, атып өлтириў емес, асып өлтириў керек. Халықтың сөзинше, әўлийенин алдындағы тақырлықта асыў керек.

— Дар қайда?!

— Еки ақ теректи көмдирип, ортасына ағаш байлада астыр да тасла.

— Орымбет, Жарымбет, Дофан Қосан, Шеримбет тезлик пенен Маталақжан айтқан майданшага бир дар ағашын орнатың. Халыққа, мусылманларға сатқынлық еткен қатынлар ертең азанда «дар газабы болады» деп жар урғызыңыз!

— Әжеп болады!—деп бесеўи бирден зытып кетти.

— Баҳадыр Байнияз!

— Лаббай!

— Қасына жигитлеринди ал.

— Әжеп!

— Мына қағыслықларды ертең дарға асқанша сақлайсаң. Бизлер Маталақжанды Хан ҳәзиретке узатып саламыз.

— Қайсы жол менен?

— Сағам неге кереги бар?

— Айтайын дегеним, Нөкис бетте қызыллар жүрис басланты дегенди.

— Енди қандай жүриў керек?

— Қызылдың ишки менен Қаратаўға шықсын. Сонан ары Шаббаз жағысынан дәрьяны кесип өтсе, қуба—қуп.

— Жолсыз қалай болады?

— Ақыллы адам жол табады.

— Дурыс! Ал, сен мына қағыслықларды жаздырма. Ҳәр қайсысына ҳәр саат сайын жигирма дүрре урғыз.

— Әжеп болады. Ал, буларды түни менен қайда сақлайман?

— Әўлийедеги бос жайларда.

— Болады.

— Бизлер кеттик. Беккем бол!

Ханмақсым, Маталақ, Балабийлер нөкерлерин алып кетти. Ханмақсымның үйинен ас-аўқат ишип тан назмазын оқып жолға шықпақшы. Ханмақсымның, Балабийдің, әсиресе, Маталақтың кеўили хош. Қойнынқонышы, қоржыны толы ақша. Арқасы Арал, қубласы Қаратаў, шығысы Жаңа дәрья, батысы үстиртти жайлаған қытай, қыпшақ, қоңырат бенен кенегес, маңғыт,

мүйтен елатларында жасаўшы елаттың ҳәр үйинен жүз манаттан, қырық мың хожалықтан төрт жүз мың манатты жыйнап алды. Жүз мың Ханмақсым, елиў мың Балабий, елиў мыңы атаман Фильчев, еки жүз мың Маталақтың қоржынында. Маталақ буның жүз мыңын Жунайыдханға береди.

Хожақулхан менен ўәдеси бойынша егерде хан тахтынан қуласа, большевиклер елге ийелик етсе, сол күннен баслап шығыс мәмлекетлери арқалы Америкаға ямаса Англияға өтип кетиў ҳаққындағы планды орынлаў ушын жүз мың манаттың әлбетте, күш—қуўаты уллы пайда екенин Маталақтың мийинде еле жаңлап тур.

Ханмақсым үйине келгеннен соң, ең биринши адымын елтиси турған өжиреге атты. Жүз мың манатты алтын жалатқан аршаға салдырды. Алтын жалатқан аршаны Ханмақсымның елтиси ашажақ болып қулыпқа гилт салған мәҳәли жаңлаған сес шықты. Аршаның ишинен қызыл алтынның, ҳасыл дүньяның ийиси бурқып шыққандай болды. Ханмақсым дүнья менен алтынның пуўына мәс болып қарнын сыйпап қойды. Елтисине жалт қарап, қуўаныштан маңлайынан сүйгенин билмей де қалды.

— Қәдирли қонақлар келди,—ас-аўқатты тез келтир!—деди де өжиреден ғоддаслаўы менен шығып кетти.

Сарҳаўыз бойында далың болайын,
Гүл жүзиңе қоша қалың болайын!

Ханмақсым қысқы сарайының ишиндеги ҳәўиздиң бойында отырыўға мирәт еткен еди. Мийманларын ҳәўиздиң бойындағы сыпа орнына қойылған, арнаўлы иселенген, айрықша бояўлар менен боятып, нағыс ойдырған ағаш кроватларға отырғызды. Ҳәўиздиң этирапы пискен гербишлер менен төселип, үсти айнадай сыбалған. Ҳәўиздиң этирапы бийик ҳәм боялған темир көзгенеклер менен қоршалған. Көзгенектиң сыртына ҳәр қыйлы гүллер егилген. Ал, ишки жағындағы райхан гүллериниң ийиси аңқып тур.

Ҳәўиздиң төрт мүйешиндеги ақ-сары гүллер басына шөгирме кийгендей, қаратал геллеклери менен көмкерилген ҳәўизге, ҳәўиз бойына сулыў сән берип тур. Ҳә-

ўйзден базда-базда шомып өтип секирип ойнаган майда шабақлардың еркелиги, адам кеўилин өзине еріксиз тартар еди. Кроватларға әўеле палас, оның үстине гилем, гилемниң үстине нағышлы еркеше, еркешениң үстине шайыдан, мақпалдан тигилген көрпешелер төселген. Хәр адамға қустың майда пәринен исленген былқылдақ қос көпшик биреўин басына, биреўин аяғының астына салып дем алыўға қойылған.

Мийманлар мәсесин шешип, отырған жеринде аяқ қолын жуўды. Булар қол жуўар алдында аяқ кийимин жуўыўға үдисленип кеткен. Аяқ қолын жуўынып болғаннан кейин, Маталақ, Балабийге, Балабий Маталаққа қарады. Сол ўақытта Ханмақсым хәўизден айланып, бағқа қарай баратырған еки таўыстың қанатын жайып, көк ала, қызыл жасыл дөнип, аспан әлемин нағыс бенен, сулыўлық бенен безеп киятырмыз дегендей қатарласа жүрип киятырғанына ышқы етип қарап турғанына көзлери түсти.

Тарана, долана кетип баратырған еки таўысты көз қарасы менен узатып салған Ханмақсым мийманларға қарай мыйығын тартып келе берди.

— Таўысларыңыз бизиң таўыстан үлкен екен,—деди Балабий.

— Хан екеўимизге де берген жоқпа еди?

— Аўа, бизге шөжесин, сизге қоразы менен мәкийенин берген шығар,—деди Балабий, бир жағын дәлкек еткиси келип.

— Дурыс шығар, Әйтеўир қоразы мәкийенине қарай исинеди де турады... деп мыйығын тартты. Ханмақсым. Балабийдиң дәлкегине түсинип.

— Биз де таўыстың мәкийенинен айырылдық—деди Маталақ.

— Қоразына «қыз» алып берсең болмай ма?—деди Ханмақсым қарқылдап күлип, Барлығыда қарқылдасып көзлеринен жас шыққанша күлисти.

— Қоразы түўе өзи қыз ала алмай жүр... деди Балабий.

Үшеўи де бурынғыдан бетер қарқылдасып, шыйқылдасып, қатты күлисти. Қарынларын услап, аўнап-аўнап күлисти.

Көп күлкиден кейин үшеўи де тәҳәрат алып намаз оқыды. Намаз оқып болғаннан соң чай менен ас-аўқат, ҳалқастың ҳәр қыйлысы таяр болды. Хызметин жигитлер изме-из ҳәр қыйлы аўқатларды әкелди. Күни менен аш болған Ханмақсым, Балабий, Маталақ ашқасқырдай, аўқатқа ақыл-ҳуўшын бурды.

Түн жарпы аўғанда Ханмақсымлар уйқыға кирди. Байнияз бир досты арқалы булардың уйқыға киргенин билди де, әўлийеге, Айзадалардың қасына барды.

— Сизлер мешиттеги қубладағы жайға барып дем алың, оннан кейин мен уйықлайман,—деди Байнияз, қасындағы жигитлерге.

— Болады!—деп өзлери күни менен тынбай айта жүрген жигитлер мешитке қарай кетти. Атларының ерин алмастан бир-бир баў беде салды да, шешинбестен, жаў-жарағын қасына алып уйықлаўға жатты.

— Не...?—деди де Айзада жалт қарады. Көзлери жайнап кетти.

— Сиз мени таныйсыз ба?

— Таныйман апа!

— Қайдан?

— Мен Сейит палўанның баласыман.

— Солай ма?!

— Азаннан берли апа жигитлердиң көзинше ҳеш нәрсе айта алмадым.

— Бизлердиң қолымызды шеше аласаң ба?

— Шешемен. Сизлерди азат етемен. Байнияз жаңжаққа қарады.

Ҳеш қандай адам, сылдырлаған сес жоқ. Үшеўиниң де қолын шешти.

Қоллары уйып, тула бойы қанталасып қалған Айзада Мийирхан, Тазагүл кек қайнаған жүрегин тоқтата алмай бир-бириң қушақлап кеўили елжиреди.

— Айзада апа! Жыламаң!

— Жыламаймыз, кеўили қурғыр жабығып қалған.

— Айтмурат, Орын сизлерди маған тапсырды. Барлық мағлыўматларды жыйнап алып кетти.

— Бизлер не қыламыз?

— Мен сизлерди жолға шығарып саламан. Тоқтаң турың!—деди де шыйқшының жатқан жайына кетти. Шыйқшы Байнияздың не ислеп, не сөйлеп атырғанынан хабардар еди. Байнияз киятырғаннан өтиригине қорылдап, шыйқшы Байнияздың келгенин билип жатты. Байнияз шыйқшы қатты уйықлап атырған екен деп кейнине қайтты. Байнияз кейнине қайтыўдан шыйқшы

азапта қалып отырған халықларды жаўлардан құт-
қарамыз. Халықтың атайы ҳәм жеркенишли жаўын жер
менен жексен етемиз. Берген антымызды анамыздың
ақ сүтиндей баҳалап, барлық буйрықларыңызды бул-
жытпай бәржай етемиз.

— Орынлаймыз!—деген қатарда турған барлық
солдатлардың бир аўыздан шыққан даўысы гүўлеп
кетти. Бул Досназаровтың берген антын қос-қоллап
мақуллаған, жүрек дүбирлиси менен жаңлап есилген
даўыс болды.

Николаев сөзди Николай Алексеевич Шайдаковқа
берди. Шайдаков, жыллы шырай, жыллы жүз бенен
ныҳ адым менен алдыға еки адым атлады да, қатар
турған турған қаҳарманлардың жүзине сынсыл нәзер
таслады. Оның өткир нәзери ҳәммениң усы пайытта не-
лерди ойлап турғанын оқып турғандай еди. Командир
диң көзинен исенимниң, қаҳарманлық шоғы жаныл
турғандай белгини сезген солдатлардың жүрегинде
жаўынгерлик сезим бурынғыдан да бетер нығайды.

— Мениң қәдирли қаҳарманларым! Қарақалпақ-
стан ҳәм Хорезмниң әййемги заманнан қалған баба
журты, ана жерин туўысқан елиндеги жеги қурт жаў
ызлардан азат ететуғын азаматларым! Барлық ақыл
хуш, үмит, барлық парасатлы қаҳарманлық сизлерди
қолыңызда, демек гүллән азапта қалған халықтың тә
дийри сизлердиң қолыңызда. Ҳәзир Арал аймағында
Әмиўдәрьяның еки жағасында жаўлар емин-еркин
жайлап атыр. Ташаўыз, Хорезм, Гөне Ургениш, Порсы
Хожели Қоңырат, Шымбай, Мойнақ далалары менен
қалаларында нешше мыңлаған шырлаған нәрестелер
қартайғанда қан жутқан ата-аналар, тулымшағы жы
ылмаған қызлар, жаўанлар, бесиктеги нәреста жаўлар
дың жәбиринде, қанлы қақпанында жатыр.

Ата-аналардың, апа-сиңлилердиң көз жасы, ақсо
қаллы аталардың ыңыранған қайғылы сеслери, ана
қолында шынжыр, табаны тилинип, дуз қуйылған аз
матларымыз тек сизлерди күтпекте. Халқымыз. жа
лардың қанлы қақпанында ериксиз тур. Олар ушар
қанат, қонарға қуйрық тилеп отыр. Қанлы қақпан
пыт-шыт ететуғын, туўылған жерди, туўысқан ел
азат қылатуғын, Сизлер!

Жолдаслар! Ҳәзир Шығыс фронтында қаҳарм
Қызыл Армия азаматлық менен уллы жеңиске ерис

киятыр. Қанқор Колчактиң ордасын ойран етти. Қыр-
ық бөлеги шығып қыйратылған әскери шыдамағанлықтан ериксиз еки тәрепке бөлинди. Олар Сибирь менен Туркстанға қарай қаша баслады. Колчактың тумсығы тасқа тийген шортандай қақ айрылды. Ийне жутқан ийттей ҳал дарманынан айрылған, гөне шапандай пырым-пырым болып бөлинген армиясының бир бөлеги генерал Беловқа несип етти. Олар өлер алдындағы өңмениң Түркистанға артты.

Генерал Белов тимискиленип Орта Азиядағы ақ гвардияшылар, баспашылар ҳәм Бухара әмирининң жеги қурт жаўызларына, халықтың жеркенишли жаўы Жунайыдхан ләшкерлерине келип қосылмақшы. Дәмеси—Каспий теңизи арқалы атланыс жасап, дәрманы кетип, диңкеси қурып атырған Деникинге жәрдем қол созбаўшы.

РКП/б/ Орайлық комитети булардың ҳәммесин есапқа алып, Шығыс фронттың қубла группасын—Туркстан фронты етип, қайта шөлкемлестирди. Михаил Васильевич Фрунзе Түркистан фронты әскерлериниң командующиси болып белгиленди.

Фрунзениң атын еситкеннен сап дүзеп турған әскерлер қуўаныш бенен урралап, дуў қол шаппатлады. Буған командирлерде қосылды.

Баўырман халықтың басына бүлдирген салған Бухара әмири, Хийўа ханы ҳәм жамай жаўы болған Жунайыдхан Қызыл Армияға қарсы, Октябрь социалистлик революциясының берген жемисине қарсы, халыққа қарсы, лениншил большевик партиясына қарсы болыў менен күн сайын күш жыйнап урысып атыр.

Арал аймағында аш қасқырдай аңлып жатқан ақ гвардияшылар менен байлар баспашылар Совет Түркистанына қарсы қан төгиў ушын талапланып отыр. Сол ушын бизлер тезлик пенен ҳәзир Ийшан қала, Шымбай, Мойнақ тәрепке атланыўымыз керек.

Шайдаков сөйлеп атырғанда биреў узын—қуйын шаўып келип қалды. Аты қан-сорпа болған. Оны байлай сала казарманың ишине кирди. Жуўырып барыў пәти менен саққа жүгинип отыра қалды. Еки қолын жая албырақлап асығып сөйлей баслады.

— Командир! Маған командир керек!!!

— Не болып қалды?—деди Досназаров шыдамсызлық бенен бир нәрсени сезип.

— Командир! Сиз командир ме?!

— Мине, командир!—деп Досназаров Шайдаковты көрсетти.

— Командир! Жолдас командир!

— Айтыңыз, не болып қалды?—деди тағы Досназаров Шайдаковқа дилмашлық етежақ болып.

— Қайғылы хабар!

— Что?—деди Шайдаков Досназаровқа қарап.

— Қайғылы хабар алып келипти,—деди Досназаров русшалап.

— Айтсын!—деди Шайдаков бирден.

— Айзаданы, Мириханды, Тазагүлди Хан мақсымның әскерлери қоршап қалды. Олар қолға түссе асып өлтиреди. Тезлик пенен атланыў керек!

Досназаров усағын түсирместен барлығын Шайдаковқа түсиндирди. Досназаров пенен Айтмурат түнде ғана Хан мақсым ҳаққында Шайдаковқа кешеги мағлыўматларды әкелген еди. Бул ҳәдийсеге—Айтмураттың жүрегине муз қуйылғандай болды. Төбе шашы тик турып, қуйқасы түршикти. Шайдаков басқа сөзлердиң барлығын тоқтатты.

— Атланыңлар!!—деп буйрық берди.

— Айтмурат Атамуратов, Орын Хожаниязовлар менен бирликте, жолдас Досназаров ең алдында жол басланлар. Сизлер булманның ойлы-шуқырын жақсы билесизлер—деди Шайдаков атына минип болғаннан кейин. Ҳәмме атқа қонды. Хабар әкелген Байнияз буларға қосылды.

Досназаров, Атамуратов, Орын Хожаниязов алдында, барлық әскерлер ғаздай қатарласып киятыр.

* * *

Қазармада қалдырылған әскерлер күндеги әскери тәртип бойынша машқы ислеў менен машқул болды. Нөкис гарнизонына ҳәр күни, ҳәр саат сайын жигитлер келип қосылып, армия қатары күн сайын көбейип баратыр еди. Әсиресе, Нөкиске жақын Ақ маңғыт елатының жигитлери, Бес төбе, Назархан, Бекбай тоғайлары менен ураллылар поселкасындағы ураллы казак жигитлери, Қатты ағардың екн жағасындағы отырған Басар, Толыс кыпшақ урыўларының азаматлары, Шалкөпирдеги, оның аржағында Қазаяқлы, Қәллижа-

ғыстағы өзбек, қазақ аўылының жигитлери он-онлап Армия қатарына қосылыў ушын гарнизон жайласқан Нөкис қорғанына қурдай қатнады. Нөкис гарнизоны толықты. Олар келиўден армия тәртиби бойынша жаўжарақлар менен тәмийин етилип, әскерий машқыға киристи.

Ийшан қаласының құбла жағындағы қалың елге кирген Шайдаковтың әскерлери командадан кейин бирден тоқтады. Досназаров, Атамуратов, Хожаниязов, Сейтов тезлик пенен барлаўға жиберилди. Қалғанларды Шайдаков Досназаровтың берген мәсләҳәти бойынша үшке бөлди. Бири Ийшан қаланың күн-шығысына екиншиси—күн батарына, үшиншиси—құбладан ҳүжимге өтиўге таярланды, үш бөлим үш жаққа таса-таса менен тарады. Үш бөлимде де әскерий қағыйдада сигнал ретиндеги берилетуғын белгилер ҳәммеге иштен белгили еди.

Досназаров, Атамуратов, Хожаниязов, Сейтов тезлик пенен қайтып келди. Айтмураттың тула бойы титиреп, қабағы қатыўлы, көкирегиндеги көктиң ғазабы тула бойын түршиктирип қояр емес. Досназаров Шайдаковқа барлық аўҳалды түсиндирди. Тезлик пенен топылысқа кириспесе болмайтуғынлылғын айтты. Айзаларды асып өлтириўге шығарғанын шатлық пенен тәкирар етти.

Шайдаков бурын кекисилглен тәртип бойынша шақанлық пенен топылыс жасаўға буйрық берди. Үш бөлимде айтылған ўәде бойынша ҳүжимге киристи. Жалтжалт еткен жаўынгерлер жылдырымдай алға басты.

Айзаданы, Мириханды, Тазагүлди қолларын байлап, дар етип дүзеткен үш ағаштың астына әкелип Фильчев, Ханмақсым, Бала бий, Маталақлар дарға асыў алдындағы татарригин көрип атыр.

— Қалийма шаддат қайтар!—деди молла қолына қуранды услап турып.

— Қалийма шадаатты сизлер өлгенде қайтарармыз! —деди Айзада.

— Асыңлар!—деп бақырды қазықалан ашшы дауысы менен.

— Неге аспай турсызлар?—деп бақырды Хан мақсым аўзынан түпириги шашырап.

— Анаў алты жигит неге аўзын ашып тур?—деди Маталақ күйип-писип.

— Аяп турған шығар, өзлерин қосып асың,—деди Бала бий бақырып.

— Асыңлар! Тартыңлар, дардың арқанын—деди қанға жериген топар.

Алты жигит Айзаданы, Мириханды, Тазагүлди үш ағаштың астына алып барды.

Ел мәпи, халықтың азатлыққа шығыўы ушын басын тиккен Айзада менен Айтмурат та бир мәканда онша көп турақлай бермеген соң, олардың баласы Айтжан Қуўлы көлдеги отыз сегиз үйли ағайинлеринде қалған еди.

Алға—далғаў заман Қуўлы көллилерди де Ийшан қала қамалына айдап әкелди. Олардың арасында Айтжан да бар еди.

Ол жыйналғанлар арасынан дарға әкетип баратырған үш ҳаялдың бири—анасы екенин танып:

— Ана, анажаным! —деп жылап жиберди ҳәм қурды жарып шығыў ушын бойын таслады.

— Баўырым Айтжан!—деп талпынды Айзада.

Айзаданың даўысын еситкен халық баланың анаға, ананың балаға ериксиз тасланып, аналық жүректиң ерип турғанын, балалық кеўилдиң елжиреп турғанын көрген халық муздай жаў-жарақлы әскерлерди қыса барып, қурды бузып кете жазлады. Халықтың умтылғанынан тайсалған. Хан мақсым, Бала бий, Фильчев, Маталақ әскерлерин таслап өзлерин сыртқа алды.

— Анажан, сен өлсең менде өлемен!—деди Айтжан.

— Өлмейсең, балам, ағаларың келеди,—деди исенгендей, баланың кеўлин жубатыў ушын Айзада сөйреп турып.

— Анажан! Анажан!,—деп тасланды тағы Айтжан.

— Анасы менен хошлассын!

— Перзентин сүйсин!

— Ақырғы ирет хошлассын!—деп халық даўырық көтерди. Бул даўырықтан қәўипсинген Ханмақсым менен Бала бий, Фильчев, Маталақ өз әскерлериниң арасы менен тасаланып жайдың артына шықты. Ханмақсымның жалпылдақлары.

— Асыңлар!

— Тоқтаң, халайық!

— Сизлерди де атып таслаймыз!—деп сиясат етип турды.

— Қозғалғанларды атып таслаң!—деди узақтан ат-

қа минип атырған Ханмақсым. Әскерлери оқ жаўдырды. Халықтың топалаңы басланды. Әскерлер жаўызлық пенен оқ жаўдырды. Еки оқ Тазагүлге тийди. Ол қаза тапты. Мийирхан менен Айзаданы дарға асайын деп атырғанда Шайдаковтың әскерлери үш жақтан урралап келип қалды. Ханмақсымның әскери тым-тырақай, тум-тусқа қашты. Ханмақсым менен Маталақ Қызылға қарай, Фильчев пенен Бала бий Шымбай жаққа қашты. Шайдаков әскерлери халықтың ортасына кирип қушақласып көрисип халық пенен апақ-шапақ болып қалды. Досназаров, Атамуратов, Хожаниязов, Сейтов, Шайдаковтың буйрығы бойынша Айзаданы жуўындырып, кийиндирип, баласы Айтжан менен көристирди. Айзадаға да, Айтжанға да әскерий кийим берди. Жаў-жарақ, асындырды. Халықлар қайғы-матам менен Тазагүл Алланиязованы жерледи. Ийшан қала урысында қаза тапқан бир неше солдатларды да халықтың қатнасы менен жерледи.

Ийшан қала аталған елат жаўдан мәңги азат болды. Ийшан қала деген ат өзгерип, сол күннен баслап «Халқы абат» деген азатлық атына ийе болды. Халық абатта азатлыққа ийе болған халықлар, баспашыларды жер менен жексен еткеннен соң, ҳәр қайсысы өз еллерине тарады. Қайғы менен қан ишкенлердиң қорлығынан қоныстан айырылған халық қуўаныш пенен қайтадан қонысласты. Ата мәканы, ана журтына, баяғы аўылына қайтты.

* * *

Халық абат азат болған менен жамай жаўларының еле пәти қайтқан жоқ. Олардың түри-түси түнерген түндей, аспаннан оқ, жерден от жаўдырмақшы. Олар Арал аймағында Қарақум, Қызылқум менен Қаратаўдың қушағында, Әмиўдәрьяның еки жағаларында, сайсала, жыраларда, қуўыс-қолтықларда, таса-тасаларда күн көрип, өзлеринше өмир сүрип, уллы мәсләҳәтлерде жүр.

Қанға жерик Жунайдхан, Бухара әмири менен Хийўа ханы, атаман Фильчев, Ханмақсым, Темирали-хан, Бала бий, Маталақ барлығы бириғип, бир-бири менен байланысты күшейтти. Қолға түсер жерден қашқан Ханмақсым менен Маталақ елден жыйнаған бир-

неше мыңлаған манат ақшаны Жунайдханға апарып табыс еткен еди. Әлбетте өзлеринде пысын қургпай пайын алып қалды.

Хан қасындағы Хожақулхан, Хан мақсым, Қарақум ийшаны менен Маталақ, Бухара әмири Сайид Алим менен сөйлесип қайтқанына бүгин үш күн болып еди. Сайид Алимге тапсырылған ақшаға алынатуғын жаўжарақ егер қолға тийсе Әмиўдәрьяның еки бойында қорғасыннан бир неше күн даўамында әжел жамғырын қуйғызыўға болатуғын еди. Сайид Алим менен шәртлесиў бойынша Фильчев—Зайыр, Мойнақты, Шымбайды басып алыўы, Ханмақсым – Халқабад, Нөкис, Назарханды басып алыўы, барлығы қосылғаннан кейин Жунайдханның армиясына биригип Шаббаз, Төрткүл, Шорахан, Чаржаў, Хийўа, Ташаўызды басып алыў ҳәм «Түркистан ушын саўаш баслаўға, Орта Азияны Кенес ҳүкиметинен айрып алыўға қол урысты.

— Бул сөйлеўлерден кейин Ханмақсым, Фильчевлер уллы топылысқа таярлықты күшейтти. Фрунзениң буйрығы бойынша Шайдаков Төрткүлге қайтарылды. Шайдаковтың орнына Төрткүлден Досназаров, Тынымбаев, Өтенияз Бекимбетов бир отрядқа бас болып Халқабадқа келди.

Демниң арасында қара түн жер бетин қушағына қысқандай түнерип кетти. Халқабадтың этирапын қара думан басқандай, тереклер селт етбестен, тысырламастан мүлгип турғандай зордан көринеди. Халқабадтың арқа жағындағы Дәрўаза қум булткa тийип турвандай сезиледи. Түнерген түн. Жулдызлар қырғыйдан қашқан шымшықтай анда-санда булттан жылт-жылт етип көринеди. Ескен шамал жоқ. Үрген ийтиң, шуўлаған шағалдың сести де еситилмейди.

Түн. Қараңғы түн. Ярым ақшамға жақынласа да жатқан елдиң, дуйым журттың уйқысы келер емес. Көпшилик адамлар ой толқынында жүзип жүргендей. Ойы да болар емес. Уйқылаўға жатқанлардың жүрегинде тынышлық жоқ. Көзлери жумылған менен кеўил ояў. Не болар екен?... Урыс қашан питер екен?... Баспашылар қашан қурыр екен? Жайпарахат, жарма-жаўғанымызды ишип, қарнымызды қарт-қарт қасып, еркин жататуғын күнлер қашан келер екен... деген ойлар қыялардан кетпейди. Кеўилдеги кек тоқтап турыўға төтепки бермейди.

1919-жыл, 15-Август.

Замыслаев пенен Николаевтың басшылығында қаҳарман Қызыл отряд Шымбайды азат етиў ушын Халқабадтан жолға шықты. Тастай қараңғы, маңлайға урса белгисиз. Дәрўаза қумнан өткен соң ақ, Аллаяр Досназаров Замыслаев пенен Николаевқа оғада ақырын жүриўди мәсләҳәт етти. Еки этирапындағы қалыңлықлардың баспашылардың уясы деген адамларды сыпсың барлығын, сақ болып жүриў кереклигин түсиндирди. Аллаяр суўлыққа таслап турған атлардың жылаўын тартқаннан кейин, бир-бир оқыранды да, аяқларын санап басқандай жуўаслық пенен жүре баслады.

Тазғара түнерген түн қушағында. Оның этирапы пышық мурны батпайтуғын, қалың дут тоғай. Тазғараға жақынлағанда еки жағы дийўал болып, дийўалдың оңлы-солы да тораңғыллық. Тораңғылға жармаса орап алған түйе сиңир. Булманлардан жер баўырлап жүрмесең тикленип жүриў оғада қыйын. Дийўалдың ишкерисине жүўери егилген. Аллаяр Досназаров, Өтенияз Бекимбетов, Айтмурат Атамуратов үшеўи ядына әлле нелер түсип кетип, усы Тазғарадан қалай өтиў ҳаққында ойласып алыўды мақул көрди.

Аллаяр Досназаров алдында кетип баратырған Николаев пенен қатар жүрди-де, өз пикирин баян етиўге мәжбүр болды.

— Тазғара деген жерге жақынлап қалдық. Егерде булманнан аман өтсек, Шымбайға киргенимиз деп есаплаймыз. Сол ушын булманнан айланып өтсек қалай болар екен?

— Ойласайық,—деди Николаев.

— Азырақ иркилиңлер, жолдаслар!

Николаевтың буйрығынан кейин ҳәмме тоқтады.

— Аттан түсиңлер!—деген буйрықтан еситиўден солдатлар шалтлық пенен атларынан түсти. Ҳәр қайсысы өз атларын жылаўлап услап турды.

— Шымбайға қайсы жол менен барыў керек? Үсенжапты жағалап Ерполат жыраўдың үстинен менен бе ямаса Ибираҳым болыстың аўылынан ба, яки, «Теңге шашқанға» өтип, Айымбет ийшаннан айланған мақул ма? Кегейлини кесе өтип, Мынжыр аўылының үсти менен Шымбайдың қубла—батысынан, я болмаса Аршан Кенегестен ат қою керек пе? Мине усылар ҳаққында көп ойласық болды.

Бул ойласыққа Алланазар Халықназаровта араласты. Өйткени, Қызыл гвардияшыларға ол жаңадан қосылған, негизинде атаман Фильчевтың жиберген жансызы еди.

Ҳәзирги баратырған жолымыз оғада қәўипли шығар, - деди Аллаяр Досназаров.

— Мениң ойымша Шымбай тумсығымыздың астында тур. Туўры жол менен тез жетип барыў керек,—деп суғылысты Алланазар Халықназаров. Ол жақта жолдасларымыз душпанның тырнағында жатырғанда...

— Мен де Аллаярдың сөзин мақуллайман,—деди Өтенияз Бекимбетов.

— Онда Үсен жапты жағалап тартыў керекдағы, Ерполат жыраўдың үсти менен Тазғараны ығырақтан кесип өтейик. Жолы маған жақсы таныс,—деди Сержан Халмуратов.

— Оннанша Қегейлиден өтип Мынжырдың үсти менен барып басып алыў керек,—деди Палўанияз Сейткамалов.

— Мениң ойымша Аршан кебирге шығып, пахта заводы беттен барған мақул,- деди Кариймолла Әбийшов.

— Не болса да асығыў керек, ол жақта жолдасларды набыт етип жибериўи мүмкин,—деди Әсен дилмаш.

Бул сөзлердиң барлығын Аллаяр Досназаров Николлаев пенен Замыслаевқа орысшалап түсиндирип дилмашлық етти.

— Бизлер анаяққа—мынаяққа айланып жүргенше баспашылар дийдилигин ислеп үлгереди, мениң ойымша усы туўры жолдан басыў керек,—деди күйип-писип Алланазар Халықназаров.

— Жолдың айланышы әскери ҳийлекерлик ушын қыйыншылыққа түспейди,—деди Аллаяр Досназаров өз пикиринде турып.

— Ал, өлтирсе мени ақ өлтирсин. Алдында өзим-ақ жүрейин,—деди Алланазар.- Сизлерге ғой жаныңыз қәдирли екен,.

— Мен де бараман,—деди Аллаяр қызып кетип.

Николаевтың буйрығынан кейин Алланазар менен Аллаяр Тазғараның үсти менен қәўип-қәтерди аңлаў ушын барлаўға кетти. Алланазар фильчевшилерге берген ўәдеси бойынша атын қамшылаған киси усап, базда оң қолын көтерип, «мылтық атпаң, бизлер сынаў ушын өтип атырмыз»,—дегендей белги бериў менен киятыр. Ол усы белгини бир неше мәртебе тәкирарласа да, «батыр аңқаў ер—гөдек» дегендей, Досназаров буған итибар бермеди. Қайтып өтерде де жүўериниң арасында, жолдың еки тәрепинде буққы таслап жатырған баспашылар сыр бермеди.

Халықназаров Алланазар жети бабасынан берли бий-болыс, ақсақал болып киятырған адам. Совет ҳүкиметин орнатыў ушын киятырған қызыл әскердиң атайы жаўы. Буны үш күнликте Фильчев бенен Хан мақсым, Бала бий менен келисип, Қызыл армияның ишине жансыз етип жибериўдиң бир жолын ойлап тапты. Есигиндеги дийханы Дәрменбайды қасына ертти. Қолына жарақ берди.

— Мениң ҳәмелдар екенимди ҳәмме биледи. Сениң дийқан екениңди биледи. Бизлер Қызыл әскерлерге қосыламыз. Сен маған гүўа боласаң. Мениң менен қызыл әскерге қосылыўға киятыр дейсең.

Сөйтип екеўимиз оларға араласамыз,—деп изине ертти.

Халқабадқа киргеннен соң оны қаланың әтирапындағы гөне төлеге таслап, өзи адамлардың аңылыўға киреди. Қасындағы дийханын алдастырып қолына бес атар берди.

— Ҳеш кимди киргизбе. Көринсең атып таслайды,—деп төлеге таслап кеткен.

Халқабадтың ишинен жүрип штабты таўып алды. Байлардан, баспашылардан қатты қорлық көрип қашып киятырған адамға усап, еки көзиниң жасы сорғалап жылап барды.

— Ўай-ўай досларым, жәрдем етиң! Мени баспашылар өлтиретуғын болды,—деп зарланды Алланазар Николаевтың алдына барып.

— Қайдағы баспашылар?

— Неге сени олар өлтирежақ болды?—деди Досназаров.

— Мен сизлерге қосылыў ушын киятыр едим. Жолда алдымнан шықты. Атып таслаймыз, большевиклерге қосылмайсаң,—деди. Мен илажын таўып қолларынан жаздырыла қаштым. Биреўи мына жақын жерге шекем қуўып келди де, қаланың айналасындағы гөне төлеге жасырынып қалды.

— Билесең бе?

— Билемен. Жүриң, ертип бараман.

Николаевтың буйрығы бойынша Өтенияз Бекимбетов пенен Палўанияз Сейткамалов, Орын Хожаниязов, Айтмурат Алламуратов, Кариймолла Абишов, Рахматулла тағы да бир-еки солдатты алып кетти. Төлеге жақынлағанда Алланазар «мениң мылтығым жоқ, мени атып таслайды. Анаў гөне төледе жатыр» деп өзи тасада қалды. Өтенияз басқарған отряд барып дийхан Дәрменбайды услап алды. Еки көзин таңып, мылтығын қолынан алып штабқа айдап келди.

— Баспашы?!?... деди Николаев.

— Басмашы...—деп тәкирарлады Дәрменбай оның не деп турғанын түсинбей.

— Атып таслаң!—деди. Дәрменбай тағы түсинбеди.

— Алдыға қарап тур!—деди Өтенияз Бекимбетов. Дәрменбай алдыға жүрди.

— Мени өлтирежақ болып еди, мен атайын,—деп жалынды Алланазар.

— Ким атқанда не?!

— Жоқ мен бир кегимди алайын—деп жалынып ол Дәрменбайдың қолынан алынған өзиниң мылтығы менен командирдиң буйрығын күтпестен ақ Дәрменбайдың арқасынан оқ көширилди. Дәрменбай жан халатта артына айланып, таңып қойған орамалды жулып таслағанда анадай жерге өзине бес атар гөзлеп турған Алланазардың қансыраған көзине дусласты.

— Залым, жаўыз!—деп қулады да жан тапсырды.

— Жаўыз сен едиң. Енди қутылдым. Қызыл Армияға қосылдым, мениң әрманым жоқ. Алғыс болсын, жолдаслар,—деп жалынды емиренип Алланазар.

— Батыр екенсең,—деди кек етип Өтенияз Бекимбетов.

— Душпаннан кек алыўдан басқа мақсет бар ма?

— Бизге қосыласаң ба?—деди Аллаяр Досназаров.

— Өзим сизлерге қосылыў ушын киятырғанда мынаған усаған баспашыларға жолықтым. Соған қоса атаман Фильчевлар менен Ханмақсымлардың әскерлери Сизлер менен урысыў ушын Қайып дарға бетке қарай жүрежақ болып атыр деп еситтим.

— Бизлерге қосылмақшы екен. Базыбир мәселелерди яғный баспашылардың базыбир сырын билетуғын түри бар, деп Николаевқа түсиндирди Әсен Айтымов.

— Қосып алынсын. Мылтық берин,—деди Николаев.

Буйрық бойынша Алланазар Халықназаров солдатларға қосылды. Жаў-жарақ берилди.

— Атланыңлар!—деп буйрық берди Николаев. Барлық адамлар, солдатлар атланды.

— Мен алдында жүрейин, жолды жақсы билемен—деп Алланазар командирден рухсат алды. Алланазар отрядтың алдында Досназаров кейининде, Тазғараға кирди. Тазғарадағы еки дийўалдың жартысынан өткенде, көзиң көрмесин бир астан-кестен урыс басланды. Тым-тырыс турған жер, демниң арасында мылтықтан атылған тутинлер менен бурқып кетти. Оқ-дәриниң ийиси қара думандай сасып кетти. Ҳеш нәрседен хабары болмаған, тексерип көргенде даўыс, жәнжел, гўманлы сес шықпаған соң тынышлық екен ғой деп қара түнди қақ жарып, Тазғараның Шымбайға қарай созылған жолы менен арқайын кирип бара берген еди. Барлаўдағы жалған тынышлық, көзабаға жым-жыртлық, нәмәртлик, теңсиз саўаш, небир ғыршылдаған қызыл жаўынгерлердиң наҳақ қанын суўдай шашты.

Қызыллар дийўаллардың ишине толық кирип болғаннан кейин, Фильчев, Ханмақсым, Балабийдиң нөкерлери дийўалларға жарқанаттай жабысып жатқан еди. Бирден оқ жаўдырды. Дийўалдың еки жағынан гезекме-гезек атылған мылтықтың даўысынан жер жаңғырып кетти. Алқымлап келген айдарҳа алдыратуғын болмады. Қызыл әскерлер қорықпастан, тайсалмастан дийўалдың ишки жағын тасалап дийўалға қарсы қатты ҳүжимге киристи. Еки тәрептен қырғын тийгенлер дийўалдың ши сыртында теңкейисип атыр. Өлиге қарайтуғын, өлген адамлардың лашын жыйнап алатуғын пурсат жоқ. Дийўаллар қызыл қан менен боялды. Тазғараның үстин қара думан қаплағандай болды.

Саўаш өрттиң отындай лаўлады. Жолдың еки бойындағы тораңғыл менен жийделиклер жапырылғандай, жапырақлары шашылып шамал менен уша баслады. Жаў-жарақлардан шыққан тутинлер тутинге тутасты. Сел жаўындай қуйған оқлар боранлы күнге жапырақ-жапырақ қарға мегзес еди. Урыс барған сайын қызды. Найза менен найза, қундақ пенен қундақ, қылыш пенен қылыш соқлығысып жарқылдады, қып-қызыл қанға боялды.

Қолайлы жерге жамбас таслаған баспашылар әдеўир үстемликке ийе еди. Окоптан да, қолайлы тасадан

да жаўлар жылжымастан, жатқан жеринде жаўызлықты күшейтти.—Шыдамағанларын тирилей услап аламыз. Қызыл Армияны қорлаймыз дегенлери қутырғанлық пенен өлген жеткенине қарамай урысып атыр. Замыслаев кейин шегиниўге буйрық берди. Кейин шегиниў деген де орасан қыйын болды. Ызғыған баспашылар төрт тәрепти де ийелеген екен. Солай да болса бир қанша солдатларды қурбан етип, Досназаров отряды қоршаўды бузып шықты. Оларға ере Хусайын абый, Бекимбетов, Мәўленбергенов, Халмуратов, Сейткамалов, Әбишов, Рахматуллла Хожаниязов, Бабажанов ортадағы әскерлерге еки пулеметчикти қалдырды—да, өзлери екиге бөлинип қолма-қол саўаш пенен шығыс пенен батысқа зорға дегенде серпилип шықты. Еки пулеметчик Николаев пенен Замеслаев иште қалған еди. Баспашылардың мергенлери еки пулеметчикти атып түсиргеннен кейин Фильчев нөкерлери Николаев пенен Замеслаевты қоршап алып қолға түсирди.

Кейин шегинген әскерлер тағы да топылысқа тиси батпаған себепли жаў жағасын айналып өтиўди мақсетке муўапық деп таўып, дәслепки топар Қегейлиний сол жерден кесип өтти. Келесиси Сержанның үйиниң үсти менен Қайшылы аўылына шықты. Досназаров төрт бес жигит пенен «Өте сор»дың қасындағы жийделиктиң арасынан баспашылардың жолын аңлады.

Қолға түскен Николаев, Замыслаев ҳәм тағы басқаларды Фильчев, Ханмақсым, Балабий масқаралап қыйнай баслады. Фильчев қасында қаяқтан барғаны нәмәлим Халықназаров Алланазарды көрген Досназаров алданғанын билип ернин тиследи.

— Досназаров дегени бар, басшысы. Енди соны қолға түсирип берейин,—деди Фильчевке жарамсақланып.

— Тезлик пенен бар!

— Ҳәзир оларды да гелле қыламан, жоян қыламан,—деп атына минди Алланазар. Ол Аллияр Досназаровлардың жатқан жерине жақынлағанда Айтмурат Атамуратов шаққанлық пенен Алланазар тусма-тус келгенде аттан аўдарып урып тарпа басты. Аўызына орамал тығып, барлығы бирден қол-аяғын байлады. Жаўды көргенде жаны шыдамайтуғын жеккөриўши Аллаяр Досназаров наганның қундағы менен Алланазардың маңлайына берип кетти.

— Тур орныңнан!—деди ашыўлы даўыс пенен.

— Әжеп!—деп маңлайының аўырғанына қарамастан Алланазар ушып турды.

— Аўзыңдағы орамалды шеш,—деди Айтмуратқа. Ол буйрықты бежерди.

— Ҳә, шешеңди... бизди алдадың ғой..

— Жаным керек болды, ағажан!

— Басқаға жан керек емес пе?—деди Досназаров. —Анаў Тазғарада да бийгүна қаны төгилип лашы қалған жигитлерге не? Оларға жан керек емеспе еди? Сөйле, болмаса тилиңди суўырып аламан!!!

— Керек шығар... деди албырап Алланазар.

— Табанда атып жиберейик, ағажан!—деди қызып Айтмурат.

— Тоқтап тур.

— Қәтелестим. Аға, кеширеғөр, қулың болайын»

— Оны кейин шешемиз...

— Сен ҳәзир ана бийикке шығасаң. Даўысының барынша жан ҳалатта:

— Қызылларға Төрткүлден мәдет күш киятыр! Алдыңғы қоңызақ муртлысы Шайдаков па деймен. Ал, топтың аўзын сизлерге туўрылайды, хан аға!!! - деп бақырасаң.

Алланазар:—Сонша дүнья малым биреўлерге буйырады ғой..

— Онда өзим ақ салаҳаты жанаңызды оқып қоя қояман...

Халықназаров не қыларын билмей, аңы қашып дизелери қалтырап төбешикке көтерилди. Кейин дүрсилдеп жуўырып түсти де, тили гүрмелмей отырып қалды.

— Не болды? Ишиң өтип кетти ме? Болсаң-ә,—деди Досназаров.

— Көзин ойып атыр. Тирилей...

— Кимниң?!

— Орыслардың.

Досназаровтың барлық адамлары ақырын бийикке шықты. Қараса он сегиз адамды атып, лашын төбедей үйиншик етип үйип қойған екендағы, Николаевты тораңғылға байлап он еки мүшесин пуштарлап атырған екен.

— Қолын-аяғын кестиң бе?—деп бақырды Фильчев.

— Аўа!—деди жаллатлар.

— Енди көзин ой, мурнын кес!

— Болады,—деп қолларында өткир пышағы жал-

тырап қан тартып турған жаллатлар Николаевтың көзин ойып, мурнын кести, құлағын тилким-тилким етти. Буларды көрген Досназаров бенен оның қасында турған жолдаслары шыдамады. Бирден ат қояйын десе барлығы бирден қырылады. Илаж таппай, өзлерин қатты услады. Жүрегиндеги ыза-кеги қозып, жығырданы қайнағаны түри-түсинен белгили болды. Бундай жабайылыққа көнбеген Аллаяр Досназаров, Алланазарға қарады-да:

— Бақыр деймен, шеше ғанаңды..! деп тисин қайрады.

— Ўай-ўай қашыңлар! Қызылларға мәдет күш келип жетти. Болар емес, тез-тез қашпасаңлар қырыласыз! Тез қашыңлар!—деп Алланазардың қулындағы таздаўысы атып киятырған қанлы таңды серпилдирди. Тазғарадағы анна, бексыйық, бессары, шериўши ҳәм қаңлы аўыллары бул даўыстан тик аяқтан турды.

Алланазардың даўысын еситкен баспашылар жөн алды-қара барақ дегендей тым-тырақай болып қашты. Көпшилиги Шымбайға қарай тоз-тоз болып топар-топары менен тартты.

— Николаев деген, Замыслаев деген ҳәм оның қасындағы бизиң қәдирли қаҳарманларымыздың өлими сенинен болды. Қызыл әскерлердиң жолына тосқынлық қылдың. Халықтың қаҳарманларының қыршын кеткенине себепши болдың. Халық душпаны иретинде мен сениң менен есапласыўым керек—деген көкирегинде кек қайнаған Аллаяр Досназаров.

— Ағажан ата гөрме, қулың болайын. Гүнамды қаным менен ақлайын—деп жалынды Алланазар.

— Халық душпанларына аяў жоқ. Оқ зая етпей, сени мына қыйсық тораңғылға асыўым керек еди. Әттен, ўақтым жоқ.

Досназаров маўзериниң тепкисин тартты. Жан айбаты менен жоқарыға қарай өрмелеп баратырған Алланазарды Айтмурат та «оқ қалпал тийип қашып баратырған екен» деп бес атары менен тақ еттирип еди, Алланазар урлықшы ийттей сеспей қатты.

Үлкен қайғылы матам менен қурбан болғанларды, еки командир Николаев пенен Замыслаевтың он еки мүшесин жыйнап алып, сол саўаш майданына жерлеп, жаўынгерлер нәйлаж Шымбайға емес ал, Нөкиске қайтыўға мәжбүр болды. Себеби 70—80 адамлық отрядтан

барлығы болып он-онбес адам, оқ-дәрисиз мылтықлар қалған еди. Бир топ, еки пулеметта, қолға түскен қызыл гвардияшыларды баспашылар өзлери менен бирге алып кетти.

— Нөкиске қайтыў керек! Нөкиске!!! Бирден бир жолы—сол. Сол жерден Төрткүлге, Шайдаковқа хабар бериў шәрт.

Ҳәмменің шешими сол болғаны менен Шымбайға, Ханмақсым ҳәм Фильчев пенен сөйлесик жүргизиўге кеткен Христофоров миссиясының тәғдири жүреклерин тырнар еди. Оның составында Айтмурат ҳәм Айзадаға көкиректеги көзин ашыўға себепши болған Қасьяненко да бар болып, оның қыл үстиндеги тәғдири ҳәммеге қәдирли еди.

Нөкисте қарқ болып атырған жоқ еди...

Шымбай 16 комиссарды жақлап матам тутып отыр еди.

Сол күни түнде ийт улып ай тутылып шықты...

Төрткүлге кеткен Шайдаков армиялары менен қайтып келип, Шымбайдағы баспашылар менен ақ гвардияшыларға қарсы ҳүжим баслады. 1919-жылдың 20-августында Фильчевтың отряды саны бес күнниң ишинде бес жүз адамға жетти. Үш пулемет еки топқа ийе болды. Аўылларды аралап, елди алдап адам жыйнап келген Ханмақсым менен Балабийдиң адамлары да еки жүзден асып кетти. Арал аймағындағы аш қасқырдай ашлып турған ақ казаклар менен байларда буларға қосылды. «Мойнақты алсақ Москваның өзи бағынады» деп бай-ийшанды ерткен халықты, Фильчев саўатсыз елди алдап сонша адамларды қасына қосып алған еди.

Тазғарадағы қанлы урыста өзлериниң пайдасына шешилген жетискенликлерден пайдаланған баспашылар ўақытша қызыл әскерлерден басым шықты. Шымбайдың ишки-сырты ғәззаплар менен толып кетти, қала халқы қыйынлық аўҳалда қалды. «Қызыл армияны қуртып тасладық, бизлерге ҳеш бир қарсы жаў төтепки бере алмайды. Халық бурынғы қәлип пенен турмыс кешириўи керек, жаўды жоқ етемиз!» деп баспашылар саўатсыз елдиң басына ғаўға салды.

Шайдаков әскерлери Кегейлиниң бойына, Өтениң қорының этирапына жайғасты. Уллы мәслаҳаттан ке-

йин планлы түрде ҳүжимди баслаўға киристи. Олар Кегейлиден кесип өтип, Шымбайдың батыс жағынан ҳүжим етиўге киристи. Аллаяр Досназаров топары «Дөңгелек там—Қайшылы» аўылының үсти менен Шығысқа қарай жол алды.

Сулыўшықтан келген, сылығыр сары сынлы, жалынлы жигит Палўанияз қызыл гвардияшыларды уллы ҳүрмет ҳәм исеним менен күтип алды. Армияға өз аўылының азаматларын қосты, қарыў-жарақ бергизди. Қырқтың аўылынан шығып, ҳажының сарайына жақынлады. Тақ жаптың көпиринен өте берген жерде, көпирдиң астында өлген адамның денеси көринди. Досназаров өлини суўдан шығарып алыўға буйрық етти. Әскерлер буйрықтан кейин өлини суўдан шығарды. Қараса өзлери барлаўға жиберилген бир қызыл гвардияшының өлиги екен. Адам зорға таныйды, исинип кеткен. Тыңшы болып жиберилгенде қолға түскен. Баспашылар аўыр азап бенен өлтирген. Өлигин жапқа таслаған. Өтейияз Бекимбетов, Ибрайым Бекимбетов, Маўленбергенов, Халмуратов, Атамуратов, Алламуратова, Сейткамалов, Аллания Үсенов, Рахматулла, Кариймолла барлығы ойласып отырып, Шайдаковтың буйрығы бойынша оны жерледи. Барлығы бирден матам қайғысы менен жаўынгер менен хошласты.

Досназаров та, Бекимбетовлар да Шымбайды жақсы билетуғын болғаны менен Палўаниязы, Каримолла, Рахматуллаларға алдында жүгирип жол баслаўды тапсырды. Булар Шымбайдың шығыс жағынан кирип келди: Көкши қаласы көшесинен өте бергенде приставтың жайының алдында урыс басланды. Аңлып жатқан Фильчев әскерлери қатты қарсылық көрсетти. Кейин шегине баслады. Изи қашып жүрип урысты.

Тас жай қолға алынды.

Атаман Фильчев, Бала бий, Ханмақсымлар, Қасьяненко, Христофоров, Өте Тынымбаевлардың көзлерин ойып, мурнын кескен, арқаларына әтөшкирди басқан. Қасьяненко менен Тынымбаев ҳәм басқа комиссардың ҳәр жерде қалған, аяғын, қолын, жыйнап алып қайғы менен матамы менен, уллы ҳүрмет көрсетип, арнаўлы табыт дүзетти. Қайғы-ғамы менен табыттың қасында бас ушында зар жылар, зарлап отырған Любаға қосылып, Шымбай ҳаял-қызлары менен ғаррылары, жас

лары Қасьяненконың матам менен басына жыйналды. Тасалаў жерге апарып қойды.

Кегейлиниң күн батыс жағынан қарсы шыққан баспашыларды қыран-жоян еткен батыр Шайдаковтың әскерлери Шымбайға кирип келди. Кегейлиниң көпиринен өтиў менен Қара ийшанның мешитиниң қасынан, Кепбан базарына келип бир тоқтады. Ҳәзирги Ленин көшесиндеги үлкен сарайдың басына пулеметти орнатты. Пулеметтиң даўысын еситкен Палўаниязы, Рахматулла, Кариймолла, Айзадалар тезлик пенен Шайдаковтың келгенин билип, таса-таса менен Шайдаков армиясына қосылды. Барлық аўҳалды толық билдирди. Қайғырған Шайдаков қызғын кек, жаралы жүреги менен қызғынлы урыс баслады.

Қарсыласқан жаў сарайдың басындағы орнатылған пулемет расчеты—еки жигитти атып ушырып түсирди. Буны сезген Айзада Шайдаковтың буйрығы менен сарайдың басына минди. Ашқасқырдай ҳүжимди күшейтип, жеге қурттай жер сыйпап киятырған баспашылардың үстине пулеметтан оқ жаўдырды. Досназаровтың, Бекимбетовтың басқарған әскерий бөлимлер Шайдаковтың буйрығы бойынша Айзаданың пулеметти тынбастан атыўынан пайдаланып жаўдың бетин қайтарды.

Қызғынлы қан менен пулеметтан оқ жаўдырып атырған Айзадаға оқ тийди. Буны көрип турған Рахматулла сарайдың басына шықты. Пулеметти қолға алды. Палўаниязы менен Кариймолла аўыр жарадар болған Айзаданы сарайдың басынан түсирип, әскерий врачқа көрсетиў ушын көтерип алып кетти. Қойдай қырылған баспашылар жан алды қарабарақ басының аўған жағына қашты. Көпшилиги Фильчевтың басшылығында Аралға қарай бет алды.

Аршан кебир тақырлығына қашқан баспашылар көпшилиги атыз—салма, шелдиң шетинде оқтан ушып түсип сеспей қатып жатты.

Шымбай баспашылардан азат болды. Жарадар болған Айзада сол ийнинен таңдырып врачлар менен киятырғанында күтилмеген жерден қашып баратырған Маталақты көзи шалып қалды.

Қараса Айтмурат қуўып киятырған екен. Қарсы алдынан Айзада шыққанда Маталақ қоршаўда қалған доңыздай гүрк ете қалды. Тағы қашажақ болып еди.

— Тоқта!—деген Айзаданың даўысы жүрегинен тийген оқтай еситилди.

— Атпа, қызым,—деп жалынды Маталақ.

— Енди ата болдың ба, аталыққа жетпегир?!

— Атпа, бар байлығым, алтыным сеники, Айзажан?!..

— Арды алтынға сатып болмайды.

— Айзада!—деген Айтмураттың даўысы еситилди ҳәм Айзаданың қасына жетип келди.

— Айтмурат,—деди Айзада. Оқтан аманесиз ба, шабазым?!

— Өз қолыңнан атшы мынаны күйдирди гой, бул қутырған қасқыр!

— Арзыў-әрманыма бир жетейиниин—деп Айзада жамбасында турған маўзерди алып Маталақтың манлайынан атып жиберди.

Маталақтың мойны еки бүкленип, артына айналып түсти. Сеспестен қатты да, жан тапсырды.

Солай етип, атақлы Маталақ бай, қолынан не келсе қонышынан басқан, кәмбағалдың көз жасынан қанып ишкен, Арыўханды, Айзаданы, нәреste Айтжанды, Айтмуратты, Алламуратты не бир азапқа дуўшар еткен Маталық бай көзлери жумылмастан далада қалды. Сақаллары желбиреп, көмиўсиз қалды.

Айзада менен Айтмурат, врач үшеўи Шайдаковлар жыйланып атырған жерге тезлик менен кетти. Шымбай халқы көшеге толып кеткен еди.

Олар он еки мыңлап қаланың азат етилгенлигине байланыслы митингиге жыйналды. Қуўанған халық улы шадлық пенен үйли-үйине тарқады.

Шымбай азат болған күнинің ертеңине халық таңғыда жыйналды, қайғылы матам жыйналысы ашылды. Аллаяр Досназаров матам митингисинде халықларды әсиресе Шымбай халқын азат етиўде қаҳарманлық пенен қурбан болған Иван Николаевич Касьяненконы, Өте Тынымбаевты тағыда басқа қызыл гвардияшыларды жерлеў мәресиминде хошласыў сөзин айтты.

Шымбай халқы терең қайғырыўшылық пенен қәдирли қаҳарманлар болған Иван Николаевич Касьяненко, Өте Тынымбаев ҳәм басқа да азатлық қурбанларының ҳүрметине бас ийди.

Он бесинши бап

АРАЛДАҒЫ АЙҚАСЫЎЛАР

«Алпыстай атаў бар Арал ишинде,
Қуслар сайрар күндиз бенен кешинде,
Ҳәзир жасым тоқсан бирге қарады
Жүз жыллық тәрийиплер мениң есимде»

Ақсақаллы Арал деймиз—миллион жыллардың гүўасы болғаны ушын. Айдын Арал деймиз—көздиң көлеминдей болса да көк толқынлы теңизге тайлас болғаны ушын. Ақжал Арал деймиз – суўы дузлы, толқыны тайдай туўлағаны ушын. Ақ тосли деймиз—балығы мол, қусы көп, най қамыслы, төрт тәрепинен талўас атып, толқығаны ушын. Арал аймағы деймиз—төрт тәрепи толған ел, қулпы дөнген, көк егислик жерлери болғаны ушын. Әтирапы төбелер менен өркешленип, гөззал түрли реңге бөленген қалың тоғайлар, ишинде жүзген қайық, кеме, пароходлар, жылым салған жанлар, балық аўлаған адамлар, рәҳәтте жасаған халықлардың мақтанышына айналғаны ушын, шығыс пенен қубласы, арқасы менен батысы суў жолынан адамлар қурдай қатнағаны ушын, бир неше мың халықларды аўқат-азықтан тәмийинлегени ушын,—қарақалпақ елиниң жүзиндеги ҳалына мегзес еди ол!

Зайырдың үсти менен Ақ дәрья менен қыпшақ дәрьясының аралығындағы ақ қамысқа малынған атаўлар арқалы қызыл әскерлер Мойнаққа қарай умтылған еди. Мәделиниң бойына ўәде бойынша жыйналған отрядқа Мойнақтағы Қызыл армия отрядының жиберген тыңшысы Фролов барлық жағдайды түсиндирди. Мойнақтағы ақ казакларды баслаған Фильчевтың ләшкери Қутлымурат бай, Иният Ниязов, Сейтназар Пиржаназаровлар усаған халықтың атайы жаўларының мәканына жыйналған еди.

Булар Мойнақ халқына бурыннан азап-ақырет бергени аздай ҳәзирдиң өзинде Большевиклерге қарсы шықпағанлардың көзин ойып, тилин кести, қол-аяғын пуштарлап таслады. Тирилей теңизге атты. Ғаррылардың қулағын кести. Жүкли ҳаяллардың қарнын жарды. Нәрестелерди дийўалға урып өлтирди. Ғаррылардың сақалын, кемпирлердиң шашын қайшыдан өткерди.

Халыққа аўыр азап берди. Жаўызлық пенен қатты жаза қолланды.

Өзлеринше Арал аймағында хожайынлық қылмақшы болғанлар қанхор, жеркенишли жаў болған атаман Фильчевты өзлеринше ҳүкимет қурып, баслық етип сайлады. Ағзалары болып Шишенков, Сильников, Гутаров, Божедомов, Шевелов, Ибрахим Абдуллаев, Ииият Ниязов, Сейтназар Пирназаров, Убайхан Баҳаўатдинов, (Хан мақсым) Балабийлер өз қәлеўинше зан шығарды. Хан Жунейд пенен биригип, Колчак Деникинге күш қосып, Орта Азиядағы кеңес ҳүкиметин қулатыўға план дүзди.

Жунайдхан 1919-жылы 20-августта сөйлесиў ушын Фильчев пенен Ханмақсымға ўәкил жиберген еди. Шығыс жақтан Бухара әмири менен биригип Төрткүлди қолға алыў мақсетинде ақырғы мәртебе ҳүжим қылмақшы еди. Бул аўҳалдан хабары бар Түркстан республикасы әскерий басшылары Ленин атындағы әскерий училищесиниң курсантларын, Волга бойы Татар бригадасынан Корнеев пенен әскерий комиссар Черник басшылығында әскерлер жиберген еди.

Қанлы урыс қызды. Еки тәрепте бир қанша солдатлардан айырылды. Ең ақырында Волга бойы Татар бригадасы, Ташкент Ленин мектебиниң курсантлары Шайдаков пенен Досназаров әскерлерине қосады. Аралдың ақ гвардияшылар ордасы жер менен жексен етилди. Тышқан тесиги мың тиллә болып қалған Фильчев қара басын қорғаў ушын тесик табалмай қаша баслады. Қуйрық жалынан айырылған фильчев теңизге бойын таслайын деп жүрген жеринен Айзада алдынан шықты. Екинши жағынан—қашып киятырған Шишенковты қуўып киятырған Аллаяр Досназаров төртеўи бирден ушырасып қалды. Аллаяр Досназаров Шишенковты дуў—сыйына қаратпастан атып таслады. «Мына қыз не қылады» деген пикир менен мардамсып, жасырынғанын билдирмес ушын турған фильчев пенен Айзада атысты. Айзаданы тығыстырып киятырғанда сыртынан Досназаров.

— Тоқта!—дегени сол еди, қорқып артына жалт қарағаң Фильчевты Айзада да атып таслады. Оқ шалалаў тийген Фильчев орнынан тура Айзадаға тағы умтылған ўағында жуўырып киятырған Айтмурат Фильчевты арқасынан атып жиберди. Фильчев омақазан

атып жығылды, да жан тапсырды. Аллаяр Досназаровтың буйрығы бойынша Айзада менен Айтмурат Мойнаққа басып кириўге жол алғанын отрядқа хабарлаў ушын алға жуўырып кетти.

Қызыл қырсынлар қызыл суўдай бурқасынлап Мойнаққа кирди. Ақгвардияшылардың басшылары жоқ болғаны ушын, ҳәр қайсысы өз басын қорғаўға асықты. Қаланың қумлық көшелериниң биринде Вожедмов пенен Балжанов алысып атыр екен. Оның үстине шығып қалған Хусайын абый «не қылар екен» деп әдеўир қарап турды. Балжанов астында жатқан Божедемовтың үстине шықты. Оны аўдарып таслады. Екеўи де орнынан ушып турды. Божедемов Балжановты атыўға қарағанда Балжанов оны бурылтпай атып жиберди.

Қашып жүрген Шевелов асығып-албырап бир уралының өжиресине кирди. Буны көрип киятырған Досназаров изинен өжиреге жалма-жан кирди. Досназаровтың киргенин көрген Айтмурат та изине ерди. Шевелов пенен Досназаров қатты айқас үстинде де екен. Айтмурат, оның изин ала кирген Орын Хожаниязов пенен Рахматулла Шевеловты услап алып, аяқ-қолын таңып таслады. Көшеге шығарып халық алдында атып өлтирди.

Волга бойындағы Татар бригадасы, Ташкенттеги Ленин мектебиниң курсантлар, отряды, Шайдаков отряды Мойнақты, Арал аймағын жаўлардан азат етти. Волга бойындағы татар бригадасының басшылары менен бир неше жыллардан кейин сағынысып ушырасқан Хусайын Хасанов аўылласлары менен қуўанышқа шақласа көристи. Апақ-шапақ болды.

Хусайын Хасанов 1905-жылы Татарстанның Бүгилмедеген жеринен келген еди. Оннан Казанға келип, большевиклер қатарында Татарстандағы революциялық ҳәрекетлерге қатнасқан. 1906-жылы Төрткүлге келип Ленин идеясындағы большевиклер менен Әмиўдәрья бойындағы басмашылар менен гүресиўде актив хызмет етти. 1918-жылы Төрткүлде партияға кирген. Аўылласларын көрген Хусайын ағай оғада қуўаныш пенен Волга бойы Татар бригадасының жаўынгерлерин Арал теңизи арқалы дослары менен узатып салды.

Арал аймағындағы айқасыўлар қызыл әскерлердиң күши менен баспашыларды набыт етти. Арал да ҳақыйқый, азат өмир сүре баслады.

ХАЛЫҚ ҚУУАНЫШЫ

ЭПИЛОГ ОРНЫНА

1924-жыл, октябрь.

Аллаяр Досназаров. Пүткил союзлық Орайлық атқарыў комитетиниң екинши сессиясында сөз сөйлеп тур.

Усы сессияда Орта Азиядағы миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселеси қаралған еди.

— Әсирлер бойы үстемликтиң, теңсизликтиң тепкисинде көзин аша алмай, тәғдийир қайда айдаса зар еңирел кете берген мениң кишкентай ғана, бираз жүреги кең халқым өзиниң бүгинги күнге, тарийх бетлеринен жоғалмай жеткенине оғада бахтияр. Бул ушын азамат рус халқына, бизлер менен ийин тиресип қарақалпақ жеринде жаңа дүзим орнатыўға ат салысқан оның перзентлерине мында бир рахмет айтады. Ҳәрбир қарақалпақ Ленинге, ол дүзген большевиклер партиясына жүрек сөзлерин айтып сәжде етеди.

— Мен халқымды кишкентай дедим. Ол ене дәрегинде кишкентай емес, тәғдийир сүргинлери оны шилпәрше етип бөлеклеп жиберген. Биз енди усы бөлеклердиң бир жәмленип, өз алдына отаў тигиўин қәлеймиз. Қазақты да, қырғызды да, өзбекти де өзге демеймиз, жатсырамаймыз. Бирақ, қарақалпақ олардың ҳеш биринің тийреси емес, ол-өз алдына аты бар миллет. Оның ана тили, өзине тән үрп-әдети, мәденияты бар. Миллий шегараларды белгилеўде усылар есапқа алынса екен деймен. Халқым мени усының ушын жиберип отыр. Егер усы бүгин мәселе әдил, дурыс шешилмесе, онда бул тарийхтың үлкен қәтеси болады!!!

1924-жыл, октябрьдиң ақыры Чаржоўға шекем поезда келген қарақалпақ делегациясын Төрткүлден келген арнаўлы катер күтип турған екен.

Қарақалпақ халқының сиясий тәғдири ҳаққында Москвада күйип-жанып сөйлеген Аллаяр Досназаров Төрткүлге киятыр. Халықтың алдында отаў тигиў ушын әсирлер бойы өткен арманын өзи менен бирге алып киятыр. Күл рең әскерий кителиниң жоқарғы сәдеплери жаздырылған. Дәрья үстиндеги гүздиң суўық самалы ел азаматының жүзлерин шымшылап қашады, ғайратлы, тик шашларын жулқылап сынап көреди.

Төрткүл жағысында пүткил халық оны күтип алып, алақанында аспанға атты.

— Автономия алып келген Аллаяр Досназаров улы жасасын!

— Большевиклер партиясына, Ленинге рахмет!

— Өз алдымызға отаў тигип, бахтымыз жанатуғын болды...

— Ур-ра!!!

— Сөз, жолдас Аллаяр Досназаровқа! Тынышланыңлар! Ҳаў, ақыры сөзге қонақ берсеңлерши...

— Бул халық қуўанышы Қарақалпақлардың жаңа өмир баянының биринши бети есапланады. Өз алдына отаў тигиў-әййемнен, киятырған арманыңыз еди. Буның ушын қанша қан төгилди, қанша жан берилди. Қырылын, жоқ болыў алдына келдик. Арғы жағын айтпағанда ел деп еңирегени Маман менен Оразан батырлар усы отаўдың орнын белгилеп жүрип ақ шейит болды. Айдос бий, Ериазар бий Амангелди!!! қаншама ат сабылтты. Бул отаў тигилмеди. Кешеги революция, граждандар урысы жылларында қаншама қурбан бердик. Касьяненко, Өте Тынымбаев, Христофоров, Бринкман ҳәм жергиликли халықтың қанша ул-қызлары усы отаўдың керегесин қалап жүрип, жан берди. Буларды айтып атырғанымның себеби, қарақалпақлардың азатлық отаўы мине, қыршынынан қыйылған усындай бирнеше мыңлаған азаматлардың есесине келди. Оның қәдирине жетейик.

Айтмураттың да, Айзаданың да көзлери дөңгеленип, кирпиклерине қуўаныш жаслары қонақлады. «Бийкарға гүреспеген екенбиз».

Досназаров еле сөйлеп тур:

— Үлкен үйге не керек болса кишкене үйге де сол керек. Халықтың қарнын тойдырыўымыз, дийханшылықты көтериўимиз, санаат ошақларын салыўымыз, елдиң санасын оятыўымыз, саўатын ашыўымыз зәрүр. Мәденият, оқыў-билим ошақларына оқымыслы миллий кадрларымызға ийе болыўымыз керек. О-ҳо, жолдаслар, ис көп «Бәриниң илажы болар, тек мына нәрсеге бек болғаймыз:

— Үйде аўыз биршилик болмаса берекет болмайды. Халқын жаманлады демеңлер, усы аўыз биршиликтиң жоқлығы бирдейине маңлайымыздың соры болып келди. Ҳәр урыў көмешине күл тартып, төрт түйир қара-

қалпақты алалағанды қойсын! Усы ўақытқа шекем бөлинип-бөлинип дал-дал болғаның азлық етти ме, халқым?! Әўмет бир күлип қарады, және гелленің ге- шиндей ыдырап, оны қолдан шығарып алмайық, аға йинлер!!!

Қыян-кести ўақыялардан бул күнлерге аман-есен жеткен Айтмурат та, Айзада да, Әсен дилмаш та, басқа орыс большевиклери де Досназаровтың аўыз бирши- ликке шақырыўын мақул гәп деп ойлады.

Бирақ, олардың ҳеш бири арадан жыллар өткеннен соң усы ала аўызлықлар, сырттан сайыўлары, бақта- ласлықлар өзлерин қойдай қосақлап қурбанлыққа шә- лып жиберетуғынын ҳасла сезбес еди....

МАЗМУНЫ

Бириншн бап
Алданғанлар . . . . . .
Екинши бап
Қашқынды қуўғанда . . . . . .
Үшиншн бап
Қозғалаң . . . . . .
Төртиншн бап
Түрмедеги ўайқан . . . . . .
Бесиншн бап
Сақ ғарға сағағынан . . . . . .
Алтыншы бап
Ушқын жалынға айналады . . . . . .
Жетиншн бап
Жекпе-жек . . . . . .
Сегизиншн бап
Аралға түскен ушқын . . . . . .
Тоғызыншы бап
Турмыс толқыны . . . . . .
Оныншы бап
Кимди-ким күнлерде . . . . . .
Он бирипши бап
Шымбай таң алдында . . . . . .
Он екинши бап
Төрткүл қамалы . . . . . .
Он бирипши бап
Қанға боялған қорған . . . . . .
Он төртиншн бап
Оң жағалықтағы атланыс . . . . . .
Он бесиншн бап
Аралдағы айқасыўлар . . . . . .
халық қуўанышы . . . . . .